

New Testament

Haitian Creole Language

Haitian Creole - Bible - New Testament

Matye	3	
Mak	63	
Lik	100	
Jan	165	
Travay apot yo	214	
Women	274	
1 Korentyen	301	
2 Korentyen	328	
Galat	346	
Efezyen	355	
Filipyen	365	
Kolosyen	372	
1 Tesalonisyen	378	
2 Tesalonisyen	385	
1 Timote	389	
2 Timote	397	
Tit	403	
Filemon	406	
Ebre	408	
Jak	428	
1 Pyè	435	
2 Pyè	443	
1 Jan	448	
2 Jan	455	
3 Jan	456	
Jid	458	
Revelasyon	460	

Haitian Creole - Bible - New Testament

Matye

Matye 1

- ¹ Liv sou orijin Jezi Kris, pitit David, pitit Abraam.
- ² Abraam te papa Izaak. Izaak te papa Jakòb. Jakòb te papa Jida ak frè li yo.
- ³ Jida te papa Farès ak Zera. Li te fè yo avèk Tama. Farès te papa Eswòm. Eswòm te papa Aram.
- ⁴ Aram te papa Aminadab. Aminadab te papa Naason. Naason te papa Salmon.
- ⁵ Salmon te papa Bowaz. Li te fè li avèk Rakab. Bowaz te papa Obèd. Li te fè li avèk Rit. Obèd te papa Izayi.
- ⁶ Izayi te papa wa David. Wa David te papa Salomon. Li te fè li avèk madanm Iri a.
- ⁷ Salomon te papa Woboam. Woboam te papa Abiya. Abiya te papa Aza.
- ⁸ Aza te papa Jozafa. Jozafa te papa Joram. Joram te papa Ozyas.
- ⁹ Ozyas te papa Jowatam. Jowatam te papa Akaz. Akaz te papa Ezeekyas.
- ¹⁰ Ezeekyas te papa Manase. Manase te papa Amon. Amon te papa Jozyas.
- ¹¹ Jozyas te papa Jekonya ak frè li yo. Se lè sa a depòtasyon Babilòn nan te fèt.
- ¹² Kounye a, apre depòtasyon Babilòn nan: Jekonya te papa Salatyèl. Salatyèl te papa Zowobabèl.
- ¹³ Zowobabèl te papa Abiyoud. Abiyoud te papa Elyakim. Elyakim te papa Azò.
- ¹⁴ Azò te papa Sadòk. Sadòk te papa Akim. Akim te papa Eliyoud.
- ¹⁵ Eliyoud te papa Eleyaza. Eleyaza te papa Matan. Matan te papa Jakòb.
- ¹⁶ Jakòb te papa Jozèf ki marye ak Mari, manman Jezi, sila yo rele Kris la.
- ¹⁷ Donk, sa fè katòz jenerasyon antou, soti sou Abraam rive sou David; katòz jenerasyon ankò, soti sou David rive sou depòtasyon Babilòn nan; epi, katòz jenerasyon, soti sou depòtasyon Babilòn nan rive sou Kris la.
- ¹⁸ Men kijan Jezi Kris te fèt: Pandan manman li, Mari, te fiyanse avèk Jozèf, anvan menm yo te viv ansanm, twouve Mari vin ansent grasa Lespri Sen an.

¹⁹ Men, Jozèf, mari li a, te yon nonm ki jis. Li pa t vle avili Mari. Alò, li deside divòse avèk li an kachèt.

²⁰ Pandan li t ap reflechi sou bagay sa yo, twouve yon zanj Senyè a parèt sou li, nan yon rèv. Li di: Jozèf, pitit David, pa pè pran Mari lakay ou kòm madanm ou. Paske, se grasa Lespri Sen an l ap pote pitit la.

²¹ L ap akouche yon pitit gason, e yo va rele li Jezi. Paske, se li menm ki va sove pèp li a anba peche yo.

²² Tout sa rive, pou pawòl Senyè a ka akonpli, lè pwofèt la te di:

²³ Gade! Vyèj la ap ansent, epi, l ap akouche, l ap fè yon pitit gason. Yo va rele li Emanyèl. Se yon non ki vle di «Bondye avèk nou».

²⁴ Lè Jozèf leve nan dòmi, li fè sa zanj Senyè a te kòmande l fè a. Li pran madanm li lakay li.

²⁵ Men, li pa t kouche avèk li, pou jis lè Mari akouche premye pititli a. Se te yon gason. Li rele li Jezi.

Matye 2

¹ Jezi te fèt nan Bètleyèm, sou tè Jide, nan epòk Ewòd te wa. Twouve kèk maj ki soti nan zòn Lès rive Jerizalèm.

² Yo di: Kote wa Juif yo ki fèk fèt la? Paske, nou wè zetwal li depi nan zòn Lès, epi, nou vini pou nou adore li.

³ Lè wa Ewòd tandè sa, li te boulvèse, li menm ansanm ak tout moun Jerizalèm.

⁴ Li reyini tout sakrifikatè prensipal yo ak pwofesè lalwa pèp la. Li mande yo kibò Kris la te dwe fèt.

⁵ Yo di li: Se nan Bètleyèm, sou tè Jide! Paske, men sa pwofèt la te ekri:

⁶ Ou menm, Bètleyèm, ki nan peyi Jida, Toutbon vre, ou pa pi piti pami vil prensipal yo nan Jida. Paske, se nan ou menm, yon dirijan ap soti, e se li menm k ap bèje Izrayèl, pèp mwen an.

⁷ Lè sa a, Ewòd rele maj yo an kachèt. Li aprann nan men yo dat egzat zetwal la te parèt.

⁸ Epi, li voye yo Bètleyèm, li di: Ale, pran ransèyman egzat sou timoun nan. Lè nou jwenn li, fè m konnen. Konsa, mwen menm tou, m a al adore li.

⁹ Lè yo fin koute wa a, y ale. Epi, twouve zetwal yo te wè nan Lès la t aprale devan yo, pou jis li rive sou tè kote timoun nan te ye a. Epi, li kanpe.

¹⁰ Lè maj yo wè zetwal la, yo te genyen yon sèl gwo kontantman.

11 E, lè yo antre nan kay la, yo wè timoun nan avèk Mari, manman li. Yo bese pou yo adore li. Epi, yo ouvè kòf trezò yo, yo ofri li lò, lansan, ak lami kòm kado.

12 Apre sa, Bondye avèti yo nan yon rèv, pou yo pa retounen kote Ewòd. Vrèmanvre, yo retounen nan peyi yo sou yon lòt wout.

13 Lè yo fin ale, twouve yon zanj Senyè a parèt sou Jozèf nan yon rèv. Li di: Leve, pran pitit la ak manman li, sove al ann Ejipt. Epi, rete la pou jis mwen pale avèk ou ankò. Paske, Ewòd pral chèche timoun nan pou li tiye li.

14 Jozèf leve vre, li pran timoun nan ak manman li lannuit, epi li pati al ann Ejipt.

15 Li rete la pou jis Ewòd mouri, dekwa pou pawòl Senyè a te ka akonpli, lè pwofèt la te di: Mwen rele pitit mwen an sot ann Ejipt.

16 Alò, lè Ewòd wè se nan betiz maj yo pase l, li fè yon gwo kòlè. Epi, li voye tiye tout tigason nan Bètleyèm ak nan zòn Bètleyèm nan ki te gen dezan oubyen ki te pi piti, dapre dat egzat li te aprann nan men maj yo.

17 Se konsa pawòl pwofèt Jeremi an te akonpli,

18 lè li te di: Moun tandè yon vwa nan Rama, Yon rèl, yon kriye, ak yon gwo anmwe. Se Rachèl k ap kriye pou pitit li yo. E li pa vle pèsonn konsòle l, paske yo pa la ankò.

19 Men, pandan Jozèf ann Ejipt, Ewòd mouri. Twouve yon zanj Senyè a parèt sou Jozèf nan yon rèv.

20 Li di: Leve, pran timoun nan ak manman li, ale nan peyi Izrayèl. Paske, moun ki t ap chèche pran lavi l yo mouri.

21 Jozèf leve vre, li pran timoun nan ak manman li, l ale nan peyi Izrayèl.

22 Men, lè l tandè se Akelayis ki wa Jide nan plas Ewòd, papa li, Jozèf te pè al la. Bondye avèti li nan yon rèv, epi li pati al nan zòn Galile.

23 L al abite nan yon vil yo rele Nazarèt, dekwa pou pawòl pwofèt yo ki di «Y ap rele li Nazareyen» ka akonpli

Matye 3

1 Nan jou sa yo, Jan Batis parèt. Li t ap preche nan dezè Jide a.

2 Li t ap di: Repanti! Paske, wayòm syèl la pre rive.

3 Vrèmanvre, se de Jan Batis, pwofèt Ezayi t ap pale, lè li te di: Vwa yon nonm k ap rele nan dezè a di: Pare chemen an pou Senyè a. Fè ti wout yo dwat pou li.

- ⁴ Jan te genyen yon rad an pwal chamo sou li ak yon sentiwon kui nan ren li. Manje li, se te krikèt ak siwo myèl mawon.
- ⁵ Epi, moun Jerizalèm, moun tout Jide ak moun ki nan tout zòn alantou Jouden an t ap soti vin kote li.
- ⁶ Yo t ap konfese peche yo, epi li t ap batize yo nan Jouden an.
- ⁷ Men, lè li wè anpil Farizyen ak Sadiseyen ap vin batize, li di yo: Ras sèpan! Kilès ki montre nou kòman pou nou chape anba kòlè ki pral vini an.
- ⁸ Donneren fwi repantans merite.
- ⁹ Epi, pa panse nou ka di nan kè nou: «Se Abraam nou genyen kòm papa!» Paske, m ap di nou sa: Bondye kapab fè pitit soti nan wòch sa yo pou Abraam.
- ¹⁰ Okontrè menm, yo deja mete rach nan rasin pyebwa yo. Donk, tout pyebwa ki pa donneren bon fwi, yo koupe yo, epi yo lage yo nan dife.
- ¹¹ Mwen menm, mwen batize nou nan dlo pou nou repanti. Men, moun k ap vini apre m nan, li genyen plis pouvwa pase m. Mwen pa merite pou mwen ta pote sandal li. Li menm, li va batize nou nan Lespri Sen an.
- ¹² Laye l nan men l. L ap byen netwaye glasi ble li. L ap ranmase grenn yo, met nan depo li. Men, l ap boule pay yo nan yon dife ki pa kapab etenn.
- ¹³ Epi, Jezi parèt. Li te soti Galile vin kote Jan bò Jouden an, dekwa pou Jan te ka batize li.
- ¹⁴ Men, Jan eseye anpeche l, li di: Se mwen menm ki bezwen w batize mwen, epi se ou menm k ap vini kote m!
- ¹⁵ Jezi reponn, li di li: Kite sa fèt kounye a. Paske, se konsa pou nou konfòme nou, pou nou akonpli tout sa ki jis. Vrèmanvre, Jan kite li.
- ¹⁶ Lè Jezi fin batize, li monte sot nan dlo a menm lè a. Twouve syèl la ouvè devan li. Epi, li wè Lespri Bondye k ap desann vin sou li tankou yon pìjon.
- ¹⁷ Epi ankò, twouve yon vwa ki soti nan syèl la di: Li menm, li se pitit mwen renmen anpil la. Li fè m plezi anpil.

Matye 4

- ¹ Apre sa, Lespri a mennen Jezi nan dezè a pou djab la ka tante li.
- ² Li pase karant jou, karant nuit ap jene. Apre sa, li vin grangou.
- ³ Tantatè a pwoche kote l, li di: Si ou se Pitit Bondye, di wòch sa yo pou yo tounen pen.

- ⁴ Men, Jezi reponn, li di: Men sa ki ekri: Se pa pen sèlman ki fè moun viv, Men, se chak pawòl ki soti nan bouch Bondye.
- ⁵ Apre sa, djab la pran li al nan vil sent lan, li mete li sou tètanp lan,
- ⁶ epi li di li: Si ou se Pitit Bondye, lage kò w anba. Paske, men sa ki ekri: L ap pase zanj li yo lòd poutèt ou, Epi, yo va pote w nan men, Dekwa pou pye w pa bite sou wòch.
- ⁷ Jezi di li: Men sa ki ekri ankò: Ou pa dwe tante Senyè a, Bondye ou.
- ⁸ Apre sa ankò, djab la mennen Jezi sou yon mòn byen wo, pou l montre l tout wayòm sou latè ansanm ak glwa yo.
- ⁹ Epi, li di: Se tout bagay sa yo m ap ba ou, si ou koube pou w adore mwen.
- ¹⁰ Alò, Jezi di li: Retire w sou mwen, Satan! Paske, men sa ki ekri: Se Senyè a, Bondye ou, pou w adore. E, se li sèl pou w sèvi.
- ¹¹ Apre sa, djab la kite li. Epi, twouve zanj pwoche kote Jezi, epi yo sèvi l.
- ¹² Lè Jezi tande yo arete Jan, li pati al Galile.
- ¹³ Li kite Nazarèt, l al viv Kapènanawòm, bò lanmè a, nan zòn Zabilon ak Neftali.
- ¹⁴ Konsa, pawòl pwofèt Ezayi a akonpli, lè li te di:
- ¹⁵ Peyi Zabilon ak peyi Neftali Sou wout lanmè a, Lòt bò Jouden an, Nan Galile nasyon yo.
- ¹⁶ Pèp ki te chita nan fènwa a Wè yon gwo limyè. E, yon limyè leve Sou moun ki te chita nan peyi ak nan lonbraj lanmò yo.
- ¹⁷ Depi lè sa a, Jezi te kòmanse ap preche. Li t ap di: Repanti! Paske, wayòm syèl la pre rive!
- ¹⁸ Pandan Jezi t ap mache bò lanmè Galile a, li wè de frè. Se te Simon, sa yo rele Pyè a, ak Andre, frè Simon an. Yo t ap voye privye nan lanmè a, paske se pechè pwason yo te ye.
- ¹⁹ Jezi di yo: Suiv mwen! M a fè nou vin pechè lèzòm.
- ²⁰ Menm lè a tou, yo kite filè yo, yo suiv li.
- ²¹ Lè li sot la, li wè de lòt frè. Se te Jak, pitit Zebede a, ak Jan, frè li a. Yo te nan yon kannòt avèk papa yo Zebede. Yo t ap repare filè yo. Li rele yo tou.
- ²² Menm lè a, yo kite ni kannòt la, ni papa yo, epi yo suiv Jezi.
- ²³ Jezi pran pwomennen nan tout Galile. Li t ap anseye nan sinagòg yo, li t ap preche bon nouvèl wayòm nan, epi li t ap geri tout maladi ak tout enfimite ki te genyen pami pèp la.

²⁴ E li te popilè jis nan tout peyi Siri. Epi, yo mennen ba li tout moun k ap souffri, moun ki anba lafliksyon divès maladi ak touman, moun ki gen demon sou yo, moun fou ak moun paralize, epi li te geri yo.

²⁵ E, gwo foul moun ki te soti Dekapolis, Jerizalèm, Jide ak lòt bò Jouden t ap suiv li.

Matye 5

¹ Lè Jezi wè foul la, li monte sou mòn nan, li chita Epi, disip li yo vini kote li.

² Li ouvè bouch li, li pran anseye yo. Li di:

³ Benediksyon pou moun ki pòv nan lespri yo, Paske se pou yo wayòm syèl la ye.

⁴ Benediksyon pou moun k ap kriye, Paske y ap jwenn konsolasyon.

⁵ Benediksyon pou moun ki dou, Paske latè va eritaj yo.

⁶ Benediksyon pou moun ki grangou pou jistis, epi ki swaf li, Paske yo va kontante.

⁷ Benediksyon pou moun ki konn gen pitye pou lòt, Paske yo va gen pitye pou yo.

⁸ Benediksyon pou moun ki gen kè yo pwòp, Paske yo va wè Bondye.

⁹ Benediksyon pou moun ki travay pou lapè, Paske se pitit Bondye yo va rele yo.

¹⁰ Benediksyon pou moun yo pèsekite poutèt jistis, Paske se pou yo wayòm syèl la ye.

¹¹ Se va benediksyon pou nou lè yo va avili nou, lè yo va pèsekite nou, epi lè yo va di tout move pawòl ki pa vre sou nou, tout sa akòz non mwen.

¹² Se pou nou nan lajwa! Se pou nou kontan! Paske, se yon gwo rekonpans nou gen nan syèl la. Vrèmanvre, se konsa moun te pèsekite pwofèt ki te anvan nou yo.

¹³ Se nou ki sèl pou latè. Men, si sèl la ta pèdi gou l, ak kisa pou yo ta sale l. Lè sa a, li pa itil anyen ankò, eksepte jete pou yo jete l deyò epi pou moun pile l anba pye.

¹⁴ Se nou ki limyè lemonn. Yon vil ki bati sou mòn pa kapab kache.

¹⁵ Yo pa limen lanp pou yo mete l anba panye. Okontrè, se sou etajè yo mete l, epi li klere tout moun nan kay la.

¹⁶ Konsa tou, se pou limyè nou an klere devan lèzòm, dekwa pou yo ka wè bon zèv n ap fè yo, epi pou yo ka bay Papa nou ki nan syèl la glwa.

17 Pa panse, mwen vini pou mwen aboli oubyen lalwa oubyen pwofesi yo. Mwen pa vin aboli yo. Okontrè, mwen vin akonpli yo.

18 Vrèmanvre, m ap di nou sa franchman: Toutotan syèl la ak tè a pa disparèt, menm yon yota oubyen yon pwen p ap disparèt nan lalwa, pou jiskaske tout lalwa akonpli.

19 Donk, si yon moun dezobeyi youn nan pi piti nan kòmanman sa yo, epi li anseye lèzòm menm bagay la, ebyen, yo va deklare se li ki pi piti nan wayòm syèl la. Men, moun ki obeyi yo epi ki anseye yo, se li yo va deklare ki gran nan wayòm syèl la.

20 Paske, m ap di nou sa: Si jistis nou an pa depase jistis pwofesè lalwa yo ak Farizyen yo, nou p ap antre nan wayòm syèl la ditou.

21 Nou tandè yo te di zansèt yo: «Pa tiye moun. Yon moun ki tiye yon lòt moun merite jijman!»

22 Ebyen, mwen menm, mwendi nou: Tout moun ki fè kòlè sou frè li san kòz, merite jijman. Yon moun ki di frè li: «Raka2!» li merite jijman Konsèy la. E, si yon moun di frè li: «Moun fou!» li merite al nan dife Jeyèn nan.

23 Donk, si ou vin ofri ofrann ou sou lotèl, epi pandan w la a, ou sonje frè ou gen yon bagay kont ou,

24 ebyen, kite ofrann nan la devan lotèl la, ale, rekonsilye avèk frè w la anvan, epi, lè sa a, w a vin ofri ofrann ou an.

25 Antann ou vit avèk advèsè ou depi ou sou wout avèk li, dekwa pou li pa livre w bay jij, pou jij pa livre w bay lapolis, pou lapolis pa lage w nan prizon.

26 Franchman, m ap di ou sa: Ou p ap soti la ditou, toutotan ou pa peye dènnye lajan an.

27 Nou tandè yo di: «Pa fè adiltè!»

28 Men, mwen menm, m ap di nou sa: Tout moun ki gade yon fi avèk move dezi, ebyen, li deja fè adiltè avèk fi a nan kè li.

29 E, si je w ta lakòz ou chite, rache l, epi jete l lwen w. Paske, pito w ta pèdi youn nan manm ou yo, pase pou se tout kò w yo ta jete nan Jeyèn.

30 Si men dwat ou ta lakòz ou chite, koupe l, jete l lwen w. Paske, pito w ta pèdi youn nan manm ou yo, pase pou se tout kò w yo ta jete nan Jeyèn.

31 Yo di tou: «Si pou w divòse ak madanm ou, se pou w ba li yon papyè divòs.»

32 Men, mwen menm, m ap di nou sa: Yon nonm ki ta divòse ak madanm li, si se pa pou afè imoralite, ebyen, li fè madanm nan fè adiltè. E, moun ki marye ak yon fi divòse, li fè adiltè.

- 33 Epitou, nou tande yo te di zansèt nou yo: «Pa sèman sou manti. Men, kenbe sèman, ou te fè Senyè a.»
- 34 Men, mwen menm, mwen di nou: Pa sèman ditou, ni sou syèl la, paske se twòn Bondye li ye;
- 35 ni sou tè a, paske se machpye l li ye; ni sou Jerizalèm, paske se vil gran wa a li ye.
- 36 Pa menm sèman sou tèt ou, paske ou pa kapab fè yon cheve w vin blan oubyen nwa.
- 37 Lè ou pale, se pou wi ou se wi, se pou non ou se non. Pi plis pase sa, se nan Mechan an sa soti.
- 38 Nou tande yo te di: «Èy pou èy!» epi: «Dan pou dan!»
- 39 Men, mwen menm, mwen di nou: Pa reziste ak moun mechan. Okontrè, si yon moun frape ou sou bò figi dwat, vire lòt bò a ba li tou.
- 40 Si yon moun vle rele w nan tribinal epi li vle pran rad ou, kite chemizèt la pou li tou.
- 41 Si yon moun egzije w fè yon kilomèt, rale de kilomèt avèk li.
- 42 Moun ki mande w, ba li. E, pa vire do w bay moun ki vle prete nan men w.
- 43 Nou tande yo te di: «Renmen pwochen w!» epi: «Rayi lènmi w!»
- 44 Men, mwen menm, mwen di nou: Renmen lènmi nou. Beni moun ki modi nou. Fè byen pou moun ki rayi nou. Epi, priye pou moun ki maltrete nou, pou moun ki pèsekite nou.
- 45 Konsa, nou va pitit Papa nou ki nan syèl la. Paske, li menm, li fè solèy li leve ni sou moun mechan, ni sou bon moun. E, li voye lapli ni sou moun jis, ni sou moun ki pa jis.
- 46 Vrèmanvre, si se moun ki renmen w ou renmen, ki rekonpans w ap genyen? Pèseptè yo fè menm bagay la tou, pa vre?
- 47 E, si se zanmi w sèl ou salye, kisa ou fè ki estwòdinè la a? Pèseptè yo fè menm jan an tou, pa vre?
- 48 Donk, se pou nou total, menm jan Papa nou ki nan syèl la total.

Matye 6

- 1 Fè atansyon pou nou pa fè charite devan lèzòm dekwa pou yo ka wè nou. Si se pa sa, nou p ap gen rekonpans nan men Papa nou ki nan syèl la.

- ² Donk, lè n ap fè charite, pa sonnen twonpèt devan nou, menm jan ipokrit yo konn fè nan sinagòg ak nan lari, dekwa pou lèzòm ka fè lwanj pou yo. Franchman, m ap di nou sa: Yo resevwa rekonpans yo.
- ³ Men, lè n ap fè charite, se pa pou men goch nou konnen sa men dwat la ap fè.
- ⁴ Konsa, charite w la va yon sekrè. E, Papa ou ki wè nan sekrè, li menm, l a remèt ou sa an piblik.
- ⁵ Lè w ap lapriyè, pa fè tankou ipokrit yo. Paske, yo renmen kanpe nan sinagòg ak nan kafou gran chemen ap lapriyè, dekwa pou moun ka wè yo. Franchman, m ap di nou sa: Yo deja gen rekonpans yo.
- ⁶ Men, ou menm, lè w ap lapriyè, antre nan chanm ou, fèmen pòt ou, lapriyè Papa ou ki la, an sekrè. Epi, Papa ou ki wè sa ki sekrè va remèt ou sa an piblik.
- ⁷ Epi, lè n ap lapriyè, pa rablabla tankou payen yo. Paske, yo panse se avèk anpil pawòl, Bondye va rive koute yo.
- ⁸ Donk, pa chèche sanble avèk yo. Paske, Papa nou deja konnen sa nou bezwen, menm anvan nou mande li.
- ⁹ Donk, men kijan pou nou lapriyè: Papa nou ki nan syèl la, Se pou yo kenbe non ou sen.
- ¹⁰ Se pou wayòm ou an rive. Se pou volonte ou fèt, Sou latè menm jan ak nan syèl la!
- ¹¹ Jodi a, ban nou pen pou jounen an.
- ¹² Padone nou pou mal nou fè, Menm jan, nou menm tou, nou padone moun ki fè nou mal.
- ¹³ Pa mennen nou al anba tantasyon. Okontrè, delivre nou anba Mechan an. Paske, dominasyon, pisans ak glwa, Se pou ou yo ye pou letènite. Amèn!
- ¹⁴ Vrèmanvre, si nou padone moun pou fot yo, ebyen, Papa nou ki nan syèl la ap padone nou pou fot nou yo tou.
- ¹⁵ Men, si nou pa padone moun pou fot yo, Papa nou p ap padone nou pou fot nou yo nonplis.
- ¹⁶ E, lè n ap fè jèn, pinga nou parèt tris, tankou ipokrit yo. Paske, yo renmen lage figi yo, dekwa pou moun ka wè y ap fè jèn. Franchman, m ap di nou sa: Yo deja gen rekonpans yo.
- ¹⁷ Men, ou menm, lè w ap fè jèn, vide luil sou tèt ou, epi lave figi w,
- ¹⁸ dekwa pou se pa moun ki wè w ap fè jèn, men, se Papa a ki la an sekrè. E, Papa a ki wè sa ki nan sekrè, l a remèt ou sa.

- 19** Pa anpile trezò pou tèt nou sou latè, kote mit ak wouy ap detui yo, kote vòlè ap kase pou antre vòlè yo.
- 20** Anpile trezò pou tèt nou nan syèl, kote ni mit ni wouy pa ka detui yo, kote vòlè pa ka ni kase antre, ni vòlè yo.
- 21** Paske, kote trezò ou ye, se la kè ou va ye tou.
- 22** Je se lanp kò. Donk, si je ou bon, se tout kò ou k ap nan limyè.
- 23** Men, si je ou pa bon, se tout kò ou k ap nan fènwa. Donk, si limyè ki nan ou a se fènwa, ala gwo fènwa a gwo!
- 24** Pèsonn pa kapab ap sèvi de mèt. Paske, se oubyen li rayi youn epi li renmen lòt la, oubyen li kole sou youn epi li meprize lòt la. Ou pa kapab ap sèvi Bondye ansanm ak Mamon.
- 25** Se poutèt sa mwen di nou: Pa chaje tèt nou pou lavi nou, nan kalkile sa n ap manje ak sa n ap bwè. Pa toumante tèt nou pou kò nou, nan kalkile kijan n ap fè abiye. Lavi pi enpòtan pase manje, e kò pi enpòtan pase rad, pa vre?
- 26** Gade zwazo nan syèl yo. Yo pa ni plante, ni rekòlte, ni rasanble met nan depo. Epoutan, Papa nou ki nan syèl la ba yo manje. Nou vo plis lontan pase yo, pa vre?
- 27** Epitou, kilès nan nou, poutèt l ap chaje tèt li a, ki kapab ajoute menm yon pous sou longè lavi l?
- 28** Epi, konsènan rad, poukisa n ap chaje tèt nou? Obsève kijan flè de lis pouse nan jaden. Yo pa ni travay di, ni trikote.
- 29** Men, m ap di nou sa: Menm Salomon, malgre tout glwa li a, pa t abiye byen menm jan avèk menm youn nan yo.
- 30** Zèb nan jaden la jodi, epi yo jete yo nan fou demen. Si yo menm, Bondye ka dekore yo konsa, l ap fè plis pou nou lontan, moun ti lafwa!
- 31** Donk, pa chaje tèt nou pou n ap di: «Kisa nou va manje?» oubyen, «Kisa nou va bwè?» oubyen, «Kisa nou va mete?»
- 32** Paske, tout bagay sa yo, se payen yo k ap chèche yo. Vrèmanvre, Papa nou ki nan syèl la konnen nou bezwen tout bagay sa yo.
- 33** Men, se pou nou chèche wayòm Bondye a ak jistis li, an premye. Epi, l ap ajoute tout bagay sa yo pou nou.
- 34** Donk, pa chaje tèt nou pou demen, paske, demen va gen touman pa li. Mezi jounen an, mezi tèt chaje li.

Matye 7

- 1** Pa jije, dekwa pou yo ka pa jije nou.

- ² Paske, jan nou jije a, se konsa yo va jije nou tou. E, nan mezi nou mezire a, se nan li y ap mezire pou nou tou.
- ³ Epi, poukisa ou wè pay ki nan je frè w la, epi ou pa remake madriye ki nan je w la.
- ⁴ E, kòman w fè di frè ou: «Kite m retire pay ki nan je w la» alòske, gade: Men yon madriye nan je w?
- ⁵ Ipokrit! Se pou w retire madriye ki nan je w la anvan, epi apre, w a wè klè pou w retire pay la nan je frè w la.
- ⁶ Pa bay chen bagay ki sen. Nonplis tou, pa lage pèl devan kochon, paske y ap pile yo anba pye yo, epi y ap vire, y ap depatcha nou.
- ⁷ Mande, epi yo va ban nou. Chèche, epi nou va jwenn. Frape, epi yo va ouvè pou nou.
- ⁸ Paske, tout moun ki mande, yo resevwa. Moun ki chèche, yo jwenn. E, yo ouvè pou moun ki frape.
- ⁹ Kilès moun pami nou la a, si pitit li ta mande l pen, pou se yon wòch li ta lonje ba li?
- ¹⁰ E, si pitit li ta mande l pwason, pou se yon sèpan li ta lonje ba li?
- ¹¹ Donk, si nou menm, atout nou mechan an, nou konnen pou nou bay timoun nou yo bon bagay, ebyen, se plis toujou pou Papa nou ki nan syèl la: Moun ki mande li, l ap ba yo bon bagay.
- ¹² Donk, tout bagay nou ta vle lèzòm fè pou nou, nou menm, se pou nou fè menm bagay la pou yo tou. Paske, se sa ki lalwa ak pwofesi yo.
- ¹³ Antre nan pòtay etwat la. Paske, lòt pòtay la laj, epi chemen ki mennen moun al peri a gran. E, genyen anpil moun ki antre ladan l.
- ¹⁴ Men, pòtay sa a etwat. Chemen ki mennen moun nan lavi a sentre. E, se yon ti kras moun ki jwenn li.
- ¹⁵ Men, fè atansyon ak fo pwofèt yo. Yo vin sou nou, yo degize an mouton. Men, anndan kè yo, yo se lou devoran.
- ¹⁶ N ap rekonèt yo dapre fwi yo. Moun pa keyi rezen sou pikan, ni figfrans sou bayawonn, pa vre?
- ¹⁷ Konsa tou, tout bon pyebwa donnen bon fwi. Men, move pyebwa donnen move fwi.
- ¹⁸ Bon pyebwa pa kapab donnen move fwi. Move pyebwa pa kapab donnen bon fwi, nonplis.
- ¹⁹ Tout pyebwa ki pa donnen bon fwi, yo koupe yo, epi yo jete yo nan dife.

²⁰ Kifè, se dapre fwi yo, n ap rekonèt yo.

²¹ Se pa tout moun k ap di mwen: «Senyè! Senyè!» k ap antre nan wayòm syèl la, men, se moun ki fè volonte Papa mwen ki nan syèl la.

²² Nan jou sa a, anpil moun va di mwen: «Senyè, Senyè, se nan non ou nou te pwofetize, se nan non ou nou te chase demon, e se nan non ou nou te fè anpil mirak, pa vre?»

²³ Lè sa a, m a deklare yo: Mwen pa t janm konnen nou. Retire nou sou mwen, nou menm moun ki konn fè rebèl!

²⁴ Donk, tout moun ki tandè bagay sa yo m ap di a epi ki fè yo, m ap konpare yo ak yon nonm ki gen bonsans ki bati kay li sou wòch.

²⁵ Epi, lapli tonbe, lavalas desann, van soufle al bat sou kay la. Men, li pa tonbe. Paske, li te bati sou wòch.

²⁶ Men, tout moun ki tandè bagay sa yo m ap di a epi ki pa fè yo, ebyen, yo tankou yon nonm fou ki bati kay li sou sab.

²⁷ Epi, lapli tonbe, lavalas desann, van soufle al bat sou kay la, kay la tonbe, epi se yon gwo devas.

²⁸ Konsa, lè Jezi fin di pawòl sa yo, ansèyman l lan te fè foul moun yo sezi.

²⁹ Paske, se pa tankou pwofesè lalwa yo li t ap anseye yo, men, se tankou yon moun ki gen otorite.

Matye 8

¹ Lè Jezi desann sot sou mòn nan, yon gwo foul moun suiv li.

² Epi, twouve yon nonm ki gen lèp vin koube devan li, li di: Senyè, si ou vle, ou kapab pirifye mwen.

³ Jezi lonje men li, li manyen nonm nan. Li di: Mwen vle! Ou mèt vin pwòp. Menm lè a tou, li pirifye nonm nan anba lèp la.

⁴ Epi, Jezi di li: Veye pou w pa di pèsonn sa. Okontrè, ale, montre sakrifikatè a kò ou, epi ofri ofrann Moyiz kòmande a. Se va yon temwayaj pou yo.

⁵ Pandan Jezi t ap antre Kapènawòm, yon santenye pwoche kote li, li sipliye li,

⁶ li di: Senyè, mwen gen yon sèvitè ki kouche lakay, paralize. Li anba yon touman terib.

⁷ Jezi di li: M ap vin geri li.

⁸ Santenye a reponn, li di: Senyè, mwen pa merite pou w antre anba fetay kay mwen. Men, di yon pawòl sèlman, epi sèvitè m nan va geri.

- ⁹ Paske, mwen menm ki se yon nonm ki anba otorite yon lòt moun, mwen gen sòlda anba otorite pa m tou. E, si m di youn: «Ale!», I ale. Si m di yon lòt: «Vini!», li vini. E, si m di sèvitè mwen: «Fè sa a!», li fè li.
- ¹⁰ Lè Jezi tandè sa, li montre admirasyon li, epi li di moun ki t ap suiv li yo: Franchman, m ap di nou sa! Menm ann Izrayèl, mwen pa jwenn yon gwo lafwa konsa.
- ¹¹ E, m ap di nou sa: Anpil moun ap soti nan zòn Lès ak nan zòn Lwès, y ap vin sou tab nan wayòm syèl la avèk Abraam, avèk Izaak epi avèk Jakòb.
- ¹² Alòske, pitit wayòm nan menm, y ap jete yo nan fènwa deyò a, kote k ap gen rèl ak manje dan.
- ¹³ Epi, Jezi di santenye a: Ou mèt ale. Se pou sa pase pou ou dapre lafwa ou! Nan lè sa a vre, sèvitè li a geri.
- ¹⁴ Lè Jezi rive kay Pyè, li wè bèlmè Pyè a kouche ak lafyèv.
- ¹⁵ Jezi manyen men li, epi lafyèv la kite li. Apre sa, li leve, li sèvi Jezi.
- ¹⁶ Men, nan aswè, yo mennen anpil moun ki genyen demon sou yo bay Jezi. Li chase move lespri yo ak pawòl li, epi li geri tout moun malad yo.
- ¹⁷ Konsa, pawòl pwofèt Ezayi a te akonpl lè I te di: Li pran feblès nou yo. E, li pote fado maladi nou yo.
- ¹⁸ Men, lè Jezi wè yon foul moun toutotou li, li pase lòd al lòt bò dlo a.
- ¹⁹ Epi, yon pwofesè lalwa pwoche, li di Jezi: Mèt, nenpòt kote ou prale, m ap suiv ou.
- ²⁰ Jezi di li: Rena gen twou yo, zwazo nan syèl gen nich yo. Pitit Lòm nan, li menm, li pa gen yon kote pou li poze tèt li.
- ²¹ Yon lòt disip pami disip li yo, di li: Senyè, kite m ale pou m antere papa m anvan.
- ²² Men, Jezi di li: Suiv mwen! Epi, kite mò antere pwòp mò yo.
- ²³ Lè Jezi anbake nan kannòt la, disip yo suiv li.
- ²⁴ Epi, twouve yon gwo tanpèt vin sou lanmè a, ki fè vag yo t ap kouvri kannòt la. Jezi, li menm, t ap dòmi.
- ²⁵ Disip yo pwoche, yo leve li, yo di l: Senyè, sove nou! N ap peri!
- ²⁶ Li di yo: Moun ti lafwa, pouki nou kapon konsa? Apre sa, li leve, li fè van an ak lanmè a obsèvasyon. Epi, yon gwo kalmi vini.
- ²⁷ Mesye yo te sezi. Yo di: Ki kalite moun li ye, ki fè menm van ak lanmè obeyi l la?

²⁸ Lè li rive lòt bò dlo a, nan peyi Gadarenyen yo, de nonm ki te gen demon sou yo soti nan mitan tonm yo, vin kontre ak li. Yo te tèlman sovaj, moun pa t gen kouraj pase sou wout sa a.

²⁹ Epi, twouve yo pran rele, yo di: Jezi, Pitit Bondye a, ou menm avèk nou, nan kisa nou ye ansanm? Èske se vini ou vini isit la pou w toumante nou anvan lè?

³⁰ Pi lwen yo, te genyen yon gwo twoupo kochon ki t ap manje.

³¹ Demon yo sipliye Jezi, yo di: Si w ap chase nou, voye nou al nan twoupo kochon yo.

³² Li di yo: Pati! Demon yo soti vre. Y ale nan twoupo kochon yo. Twouve tout twoupo kochon an degrengole desann falèz la, tonbe nan lanmè a. Epi, yo mouri nan dlo a.

³³ Gadò kochon yo sove. Y al rapòte tout bagay nan vil la, sitou bagay moun ki te gen demon yo.

³⁴ Epi, twouve tout moun nan vil la soti vin rankontre Jezi. Lè yo wè li, yo sipliye li pou li pati sot nan zòn yo a.

Matye 9

¹ Konsa, Jezi anbake nan kannòt la, li travèse, l ale nan peyi pa li.

² Epi, twouve yo pote ba li yon nonm paralize ki te kouche sou yon kabann. Lè Jezi wè lafwa yo, li di nonm paralize a: Pran kouraj, pitit mwen, peche w yo padone.

³ Twouve, kèk pwofesè lalwa pran di nan kè yo: Misye ap denigre Bondye.

⁴ Jezi te konnen sa k nan lide yo. Li di yo: Poukisa nou gen move lide sa yo nan kè nou?

⁵ Vrèmanvre, kisa ki pi fasil? Di: «Peche ou yo padone!», oubyen, di: «Leve, mache!»

⁶ Ebyen, pou nou ka konnen Pitit Lòm nan genyen pouvwa sou latè pou li padone peche... (kounye a, Jezi di nonm paralize a:) Leve, pran kabann ou, al lakay ou!

⁷ Misye leve, l al lakay li.

⁸ Lè foul moun yo wè sa, yo sezi, yo bay Bondye glwa, dèske li bay lèzòm kalite pouvwa sa a.

⁹ Pi lwen, pandan Jezi t ap pase, li wè yon nonm chita devan biwo kontribisyon an. Nonm sa a te rele Matye. Jezi di li: Suiv mwen. Li leve, li suiv Jezi.

- 10** Vin rive yon lè, Jezi te sou tab nan kay la. Epi, twouve anpil pèseptè ak pechè t ap manje ansanm avèk Jezi ak disip li yo.
- 11** Lè Farizyen yo wè sa, yo di disip li yo: Poukisa mèt nou an ap manje epi l ap bwè ansanm avèk pèseptè yo ak pechè yo?
- 12** Jezi tandè sa, li di yo: Se pa moun an sante ki bezwen doktè, men, se moun malad.
- 13** Al aprann sa sa vle di: «Se pitye mwen vle, se pa sakrifis!» Vrèmanvre, se pa moun jis mwen vin rele repanti, men, se pechè.
- 14** Apre sa, disip Jan yo pwoche kote li, yo di: Poukisa nou menm ak Farizyen yo fè jèn anpil, alòske, disip ou yo pa fè jèn?
- 15** Jezi di yo: Gason donè yo pa kapab an dèy toutotan lemarye a la avèk yo, pa vre? Men, gen jou k ap vini, kote yo va wete lemarye a nan mitan yo. Lè sa a, yo va fè jèn.
- 16** E, pèsonn pa janm pyese yon pyès twal nèf sou yon vye rad. Paske, pyès nèf la ap ratresi pati ale ak vye a. Konsa, li vin chire pi mal.
- 17** Nonplis tou, yo pa mete diven nouvo nan vye veso an po. Paske, veso yo ap pete, diven an ap blayi, epi veso yo ap detui. Men, yo mete diven nouvo nan veso nèf. Konsa, tou de konsève ansanm.
- 18** Pandan Jezi t ap di bagay sa yo, twouve yon chèf vin koube devan li, li di li: Pitit fi m nan fèk mouri, vin poze men w sou li, epi l ap viv.
- 19** Jezi leve avèk disip li yo, li suiv chèf la.
- 20** Epi, twouve yon dam, ki te genyen yon pèdisyon san depi douzan, pwoche pa dèyè, li manyen franj rad Jezi.
- 21** Li fè sa paske li t ap di nan kè li: Si mwen manyen rad li sèlman, mwen delivre.
- 22** Men, lè Jezi vire epi li wè dam nan, li di: Pran kouraj, pitit fi mwen. Lafwa w delivre w. Depi menm lè sa a, dam nan geri.
- 23** Lè Jezi rive kay chèf la, li wè jwè flit yo ak foul la ki t ap fè eskandal.
- 24** Alò, li di yo: Nou mèt soti, paske tifi a pa mouri. Se dòmi l ap dòmi. Yo pran ri li.
- 25** Lè yo fin met foul la deyò, li antre, li pran men tifi a, epi tifi a leve.
- 26** Konsa, nouvèl sa a gaye nan tout peyi a.
- 27** Pi lwen, pandan Jezi t ap pase, de avèg pran suiv li. Yo t ap rele, yo t ap di: Pitit David, pitye pou nou!

- ²⁸ Lè li rive nan kay la, de avèg yo pwoche kote li. Jezi di yo: Èske nou kwè, mwen kapab fè sa? Yo di li: Wi, Senyè!
- ²⁹ Konsa, Jezi manyen je yo, li di: Se pou sa fèt pou nou, dapre lafwa nou!
- ³⁰ Epi, je yo ouvri. Jezi byen avèti yo, li di: Veye pou pèsonn pa konn sa.
- ³¹ Yo menm, lè yo soti, yo simaye non li nan tout peyi a.
- ³² Pandan yo t aprale a, twouve kèk moun mennen yon nonm, demon te fè bèbè, bay Jezi.
- ³³ Jezi chase demon an, epi nonm bèbè a pale. Foul moun yo sezi, yo di: Moun pa janm wè anyen konsa ann Izrayèl!
- ³⁴ Farizyen yo, yo menm, yo di: Se grasa chèf demon yo, I ap chase demon.
- ³⁵ Jezi pwomennen nan tout vil ak tout bouk. Li t ap anseye nan sinagòg yo, li t ap preche bon nouvèl wayòm nan, epi li t ap geri tout maladi ak tout enfimite pèp la te genyen.
- ³⁶ Lè Jezi wè foul moun yo, kè I fè I mal pou yo, paske yo te toumante, yo te faya, tankou mouton san bèje.
- ³⁷ Alò, li di disip li yo: Rekòt la anpil, men, kantite travayè yo piti.
- ³⁸ Donk, sipliye mèt rekòt la pou li voye travayè nan rekòt li.

Matye 10

- ¹ Epi, Jezi rele douz disip li yo, li ba yo pouvwa pou yo chase move lespri epi pou yo geri tout maladi ak tout enfimite.
- ² Men non douz apot yo: toudabò, Simon, sa yo rele Pyè a, ak Andre, frè li a; Jak, pitit Zebede a, ak Jan, frè li a;
- ³ Filip ak Batèlmi; Toma ak Matye, pèseptè a; Jak, pitit Alfe a, ak Lebeyis ki te gen ti non Tade;
- ⁴ Simon, Kananeyen an, ak Jida Iskaryòt. Se li menm tou ki te trayi Jezi a.
- ⁵ Se yo douz la, Jezi voye. Li kòmande yo, li di: Pa pran wout al kote lòt nasyon yo. E, pa antre nan vil Samariten yo.
- ⁶ Men, pito nou ale kote mouton pèdi ki kay Izrayèl yo.
- ⁷ Pandan nou prale, preche, di: «Wayòm syèl la pre rive.»
- ⁸ Geri moun malad. Pirifye moun ki gen lèp. Chase demon. Se gratis nou resevwa, se gratis pou nou bay.
- ⁹ Pa pran ni lò, ni ajan, ni lajan nan sentiwon nou,

- 10** ni valiz pou wout la, ni yon dezyèm rad, ni sandal, ni baton. Paske, yon travayè merite manje l.
- 11** Nan nenpòt vil oubyen nan nenpòt bouk nou antre, chèche yon moun ki merite resevwa nou, rete la pou jis nou ale.
- 12** E, lè nou antre nan kay la, salye li.
- 13** Si kay la merite sa, se pou lapè nou an al sou li. Men, si kay la pa merite sa, se pou lapè nou an retounen jwenn nou.
- 14** Si pèsonn pa ni resevwa nou ni koute pawòl nou, lè n ap soti nan kay la oubyen nan vil sa a, souke pousyè nan pye nou.
- 15** Franchman, m ap di nou sa: Nan jou jijman an, sa va pi rèd pou vil sa a pase pou peyi Sodòm ak Gomò.
- 16** Gade! M ap voye nou tankou mouton ki pral nan mitan lou. Donk, se pou nou entèlijan tankou koulèv, epi se pou nou inosan tankou pijon.
- 17** Fè atansyon ak moun. Paske, yo va arete nou mennen devan tribinal. Yo va bat nou nan sinagòg yo.
- 18** Akòz non mwen, yo va mennen nou devan gouvènè ak wa pou nou temwaye devan yo ak devan lòt nasyon yo.
- 19** E, lè yo arete nou, pa chaje tèt nou nan kalkile ni kòman nou pral pale, ni kisa nou pral di. Paske, nan lè sa a menm, Bondye va ban nou sa pou nou di.
- 20** Vrèmanvre, se pa nou menm ki va pale, men, se Lespri Papa nou ki va pale nan nou.
- 21** Men, frè va trayi frè pou fè tiye yo. Papa va fè menm bagay ak pitit. Epi, pitit va revòlte kont paran pou fè tiye yo.
- 22** Non mwen va lakòz tout moun rayi nou. Men, moun ki va sipòte jiska lafen, se yo ki va sove.
- 23** E, lè yo pèsekite nou nan yon vil, sove al nan yon lòt. Paske, m ap di nou sa franchman: Anvan nou fin al nan tout vil ann Izrayèl, Pitit Lòm nan ap vini.
- 24** Yon elèv pa plis pase mèt li; yon sèvitè pa plis pase patwon li.
- 25** Si yon elèv rive tankou mèt li, si yon sèvitè rive tankou patwon li, sa ase pou li. Paske, si yo rele mèt kay la Bèlzeboul, yo va rele moun lakay li plis toujou.
- 26** Donk, pa pè yo. Pa gen anyen ki vwale ki p ap devwale. Nanpwen anyen ki kache ki p ap vin aklè.
- 27** Sa mwen di nou nan fènwa, di li lajounen. E, sa nou tandè nan zòrèy, pwoklame l sou do kay.

- ²⁸ E, pa pè moun k ap tiye kò, men, ki pa kapab tiye nanm. Men, sila ki kapab detui ni nanm ni kò nan Jeyèn nan, se li pito pou nou pè.
- ²⁹ Se de pou yon penich, yo vann ti zwazo, pa vre? Epoutan, pa gen youn nan yo ki tonbe atè, san se pa Papa nou ki vle.
- ³⁰ Alòske, nou menm, menm cheve nan tèt nou, yo tout konte.
- ³¹ Donk, pa pè. Nou vo plis pase anpil ti zwazo.
- ³² Donk, tout moun ki temwaye pou mwen devan lèzòm, mwen menm tou, m ap temwaye pou yo devan Papa mwen ki nan syèl la.
- ³³ E, yon moun ki nye mwen devan lèzòm, mwen menm tou, m ap nye li devan Papa mwen ki nan syèl la.
- ³⁴ Pa sipoze se lapè, mwen vin pote sou latè. Non, se pa lapè, mwen vin pote, se epe.
- ³⁵ Vrèmanvre, mwen vin mete divizyon ant yon nonm ak papa li, ant yon pitit fi ak manman li, ant yon bèlfi ak bèlmè li.
- ³⁶ E, se va pwòp moun lakay yon nonm ki va lènmi li.
- ³⁷ Yon moun ki renmen papa l oubyen manman l plis pase mwen, li pa merite mwen. Yon moun ki renmen pitit gason l oubyen pitit fi l plis pase mwen, li pa merite mwen.
- ³⁸ E, yon moun ki pa pran kwa li epi ki pa suiv mwen, li pa merite mwen.
- ³⁹ Yon moun k ap konsève lavi l, l ap pèdi l. E, yon moun ki pèdi lavi l poutèt mwen menm, l ap rejwenn li.
- ⁴⁰ Moun ki resevwa nou, se mwen yo resevwa. E, moun ki resevwa mwen, se sila ki voye m nan yo resevwa.
- ⁴¹ Moun ki resevwa yon pwofèt paske li se pwofèt, y ap resevwa yon rekonpans pwofèt. E, moun ki resevwa yon moun jis paske li se yon moun jis, y ap resevwa yon rekonpans moun jis.
- ⁴² Si yon moun ta bay youn nan pi piti pami sa yo, menm yon gode dlo fre, poutèt li se yon disip, franchman, m ap di nou sa: Moun sa a p ap pèdi rekonpans li ditou.

Matye 11

- ¹ Konsa, lè Jezi fin bay douz disip li yo lòd, li kite kote l te ye a pou l al anseye ak preche nan vil yo.
- ² Men, pandan Jan nan prizon, li tande travay Jezi yo. Alò, li voye de nan disip li yo

- ³ al di li: Èske ou se sila k ap vini an, oubyen, èske nou dwe tann yon lòt?
- ⁴ Jezi reponn, li di yo: Al rapòte Jan sa nou tandè ak sa nou wè:
- ⁵ Moun avèg ap wè, epi moun bwete ap mache. Moun ki gen lèp ap vin pwòp, epi moun soud ap tandè. Moun mouri ap resisite, epi moun pòv ap tandè bon nouvèl la.
- ⁶ Benediksyon pou moun ki pa chite poutèt mwen.
- ⁷ Lè mesye yo ale, Jezi pran pale ak foul moun yo de Jan. Li di: Kisa nou te al admire nan dezè a? Èske se yon pye wozo, van ap souke?
- ⁸ Osinon, kisa nou te al wè? Èske se yon moun ki abiye ak bèl rad? Gade! Moun ki mete bèl rad yo, se kay wa yo ye.
- ⁹ Donk, kisa nou te al wè? Èske se yon pwofèt? Mwen di nou: Wi! E, li menm plis pase yon pwofèt.
- ¹⁰ Paske, se sou li menm, yo te ekri: Gade! M ap voye mesaj m nan devan ou, Li va pare chemen ou devan ou.
- ¹¹ Franchman, m ap di nou sa: Pami moun ki soti nan vant fi, pa genyen ki leve vin pi gran pase Jan Batis. Alòske, sa ki pi piti nan wayòm syèl la, li pi gran pase Jan.
- ¹² Men, depi nan jou Jan Batis yo, pou jis kounye a, wayòm syèl la ap sibi vyolans. E, se moun vyolan ki fè dappiyanp sou li.
- ¹³ Vrèmanvre, tout pwofesi yo ansanm ak lalwa te pwofetize pou jis Jan parèt.
- ¹⁴ E, si nou vle asepte l, se li menm ki Eli ki te gen pou vini an.
- ¹⁵ Moun ki gen zòrèy pou tandè, tandè!
- ¹⁶ Men, ak kisa mwen ta konpare jenerasyon sa a? Yo tankou timoun ki chita sou plas piblik, youn ap rele lòt,
- ¹⁷ epi y ap di: Nou jwe flit pou nou, men, nou pa danse. Nou chante chante tris pou nou, men, nou pa kriye.
- ¹⁸ Vrèmanvre, Jan vini, li pa manje, li pa bwè. Epi, yo di: «Li gen demon sou li.»
- ¹⁹ Pitit Lòm nan vini, li manje, li bwè. Epi, yo di: «Gade! Se yon nonm saf, yon tafyatè, yon zanmi pèseptè ak pechè li ye.» Men, pitit sajès yo deklare sajès jis.
- ²⁰ Apre sa, Jezi pran repwoche vil kote li te fè pi fò nan mirak li yo, poutèt yo pa t repanti.

²¹ Li di: Malè pou ou, Korazen! Malè pou ou Betsayida! Paske, si mirak ki fèt pami nou yo se nan Tir ak Sidon yo te fèt, tanndat yo ta repanti epi yo ta chita nan sak ak nan sann.

²² Men, m ap di nou sa: Nan jou jijman an, Tir ak Sidon ap pi kapab sipòte pase nou.

²³ Ou menm, Kapènwòm, yo te leve jis nan syèl la, ebyen, se jis nan peyi-mò y ap pimpe w. Paske, si mirak ki fèt pami ou yo, se nan Sodòm yo te fèt, Sodòm t ap la jis jodi a.

²⁴ Men, m ap di nou sa: Nan jou jijman an, peyi Sodòm ap pi kapab sipòte pase nou.

²⁵ Nan epòk sa a, Jezi pran lapawòl, li di: M ap ba ou glwa, Papa, ou menm ki Senyè nan syèl la ak sou tè a, paske ou kache bagay sa yo pou save yo ak entèlijans yo, epi ou revele yo bay timoun.

²⁶ Wi, Papa, sa konsa, paske se sa ki fè ou plezi.

²⁷ Papa mwen remèt tout bagay nan men mwen. Pèsonn pa konnen Pitit la, esepite Papa a. Pèsonn pa konnen Papa a nonplis, esepite Pitit la ak moun Pitit la vle revele sa.

²⁸ Vini jwenn mwen, nou tout ki anba fatig ak fado. Mwen menm, m ap ban nou repo.

²⁹ Asepte jouk mwen sou nou, epi aprann nan men mwen, paske kè m sansib, li dosil. Konsa, n a jwenn repo pou nanm nou.

³⁰ Paske, jouk pa m nan dous, e fado pa m nan lejè.

Matye 12

¹ Nan epòk sa a, yon jou saba, Jezi t ap pase nan chan ble yo. Epi, disip li yo ki te grangou kòmanse rache grap ble pou yo manje.

² Lè Farizyen yo wè sa, yo di li: Gade! Disip ou yo ap fè sa lalwa pa pèmèt moun fè nan jou saba a.

³ Men, li di yo: Èske nou pa li sa David te fè, lè li menm ak moun ki te avèk li yo te grangou a?

⁴ Li antre lakay Bondye, li manje pen sakre yo, alòske, lalwa pa pèmèt ni li menm ni moun ki te avèk li yo manje yo, esepite sakrifikatè sèlman.

⁵ Oubyen, èske nou pa li nan lalwa kòman, nan jou saba, sakrifikatè yo vyole saba nan tanp lan, san yo pa koupab?

⁶ Men, m ap di nou sa: Isit la genyen yon bagay ki pi gran pase tanp lan.

⁷ E, si nou te konnen sa sa vle di: «Se pitye mwen vle, se pa sakrifis» ebyen, nou pa t ap kondane inosan yo.

⁸ Paske, Pitit Lòm nan se Mèt saba a li ye.

⁹ Jezi pati sot la, I ale nan sinagòg yo a.

¹⁰ Twouve te genyen yon nonm men sèch ki te la. Yo poze Jezi yon kesyon pou yo te ka akize Jezi, yo di: Èske lalwa pèmèt yo fè gerizon jou saba?

¹¹ Men, li di yo: Ki moun pami nou la a ki ta gen yon mouton epi, si mouton an ta tonbe nan yon twou jou saba, pou li pa ta pran mouton an epi retire l nan twou a?

¹² Alòske, yon moun vo plis pase yon mouton. Konsa, lalwa pèmèt yo fè byen jou saba.

¹³ Apre sa, Jezi di nonm nan: Lonje men ou. Li lonje li, epi men an geri, li vin bon menm jan ak lòt la.

¹⁴ Men, Farizyen yo soti. Yo monte yon konplo kont Jezi pou yo ka detui li.

¹⁵ Men, Jezi vin konn sa, li retire kò l la. Yon gwo foul moun suiv li. Li geri yo tout.

¹⁶ Epi, li avèti yo pou yo pa fè konnen kilès li ye.

¹⁷ Se te dekwa pou pawòl pwofèt Ezayi a te ka akonpli, lè l te di:

¹⁸ Gade! Men sèvitè mwen chwazi a. Men byenneme m nan. Se nan li, nanm mwen pran plezi. M ap poze Lespri mwen sou li, Epi, l ap anonse nasyon yo jijman mwen.

¹⁹ Li p ap ni plede ni rele. Pèsonn p ap tande vwa li nan lari.

²⁰ Li p ap kase wozo fele, E, li p ap etenn mèch lanp ki prèske mouri, Pou jis li fè jijman gen lavikwa.

²¹ E, se nan non li, nasyon yo va met espwa yo.

²² Apre sa, yo mennen ba li, yon moun ki te gen yon demon sou li epi ki te ni avèg, ni bèbè. Jezi geri li. Konsa, nonm ki te ni avèg, ni bèbè a pale, li wè.

²³ Tout foul moun yo te etone, yo t ap di: Se pa li ki pitit David la, pa vre?

²⁴ Men, lè Farizyen yo tande sa, yo di: Si se pa t grasa Bèlzeboul, chèf demon yo, misye pa t ap chase demon!

²⁵ Jezi li menm ki te konnen refleksyon yo, li di yo: Nenpòt wayòm ki dozado ak pwòp tèt li, l ap tounen yon devas. E, nenpòt vil oubyen nenpòt kay ki dozado ak pwòp tèt yo, yo p ap kanpe.

²⁶ Si Satan ap chase Satan, li dozado ak tèt li, donk, kòman pou wayòm li an fè kanpe?

- ²⁷ E, si mwen menm, se grasa Bèlzeboul m ap chase demon, pitit nou yo, grasa kilès yo chase demon? Se sa ki fè, se yo menm ki va jije nou.
- ²⁸ Men tou, si se grasa Lespri Bondye a m ap chase demon, ebyen, wayòm Bondye a rive sou nou.
- ²⁹ Oubyen tou, kòman yon moun ta kapab antre kay yon vanyan gason pou l piye byen li, san li pa mare vanyan gason an anvan? Se lè l fin fè sa, l ap ka piye kay la.
- ³⁰ Yon moun ki pa avèk mwen, se kont mwen, li ye. E, yon moun ki p ap rasanble avèk mwen, se gaye l ap gaye.
- ³¹ Se poutèt sa, m ap di nou: Bondye ap padone tout peche ak move pawòl lèzòm. Men, Bondye p ap padone lèzòm si se Lespri a yo denigre.
- ³² Si yon moun di yon pawòl kont Pitit Lòm nan, Bondye ap padone li. Men, nenpòt moun ki ta pale kont Lespri Sen an, Bondye p ap padone li ni nan tan kounye a, ni nan tan ki pral vini an.
- ³³ Oubyen ou fè pyebwa a bon, epi fwi l bon tou; oubyen ou fè pyebwa a move, epi fwi l move tou. Paske, yo rekonèt yon pyebwa dapre fwi li.
- ³⁴ Ras sèpan! Jan n move moun, kòman pou nou ta kapab di bon bagay? Paske, se dapre sa ki plen kè, bouch pale.
- ³⁵ Yon moun bon moun, paske li rale bon bagay soti nan depo bon bagay. Yon moun move moun, paske li rale move bagay soti nan depo move bagay.
- ³⁶ E, m ap di nou sa: Jou jijman an, lèzòm ap rann kont pou tout pawòl yo di san reflechi.
- ³⁷ Paske, se dapre pawòl ou, y ap jistifye w; e se dapre pawòl ou, y ap kondane w.
- ³⁸ Apre sa, kèk pwofesè lalwa ak Farizyen reponn, yo di: Mèt, nou ta vle w fè nou wè yon siy.
- ³⁹ Jezi reponn, li di yo: Yon jenerasyon move moun ak moun adiltè ap chèche siy, ebyen, mwen p ap ba li siy, esepite siy pwofèt Jonas la.
- ⁴⁰ Vrèmanvre, menm jan Jonas te fè twa jou, twa nuit nan vant gwo pwason an, Pitit Lòm nan ap fè twa jou, twa nuit, nan zantray latè tou.
- ⁴¹ Jou jenerasyon sa a va nan jijman, mesye Niniv yo va kanpe avèk li, yo va kondane l. Paske, yo menm, yo te repanti apre mesaj Jonas la. Alòske, gade! Men yon moun ki plis pase Jonas isit la!
- ⁴² Jou jenerasyon sa a va nan jijman, rèn ki te sot nan Sid la va leve avèk li, l ap kondane l. Paske, li menm, li te soti nan pwent latè, vin koute sajès Salomon. Alòske, gade! Men yon moun ki plis pase Salomon isit la!

⁴³ Lè yon move lespri soti sou yon moun, li travèse kote ki san dlo, l ap chèche repo, epi li pa jwenn.

⁴⁴ Apre sa, li di: «M ap tounen lakay mwen, kote mwen soti a.» Lè li ale, li jwenn li vid, byen bale epi ann òd.

⁴⁵ Alò, l ale, li pran sèt lòt lespri avè l, ki pi move pase li, epi li antre abite nan kay la. Nan dènye kondisyon sa a, moun nan vin pi mal pase nan premye a. Ebyen, se menm bagay la k ap rive jenerasyon sa a.

⁴⁶ Pandan Jezi t ap pale ak foul la, twouve manman li ak frè li yo te kanpe deyò a. Yo t ap chèche pou pale avèk li.

⁴⁷ Yon moun di li: Gade! Men manman w ak frè w yo kanpe deyò a, y ap chèche pale ak ou.

⁴⁸ Li reponn, li di moun ki te di l sa a: Kilès ki manman mwen? Epi, kilès ki frè mwen?

⁴⁹ Li lonje men l sou disip li yo, li di: Gade! Men manman mwen ak frè mwen!

⁵⁰ Paske, nenpòt moun ki fè volonte Papa mwen ki nan syèl la, li se frè mwen, sè mwen, manman mwen.

Matye 13

¹ Menm jou sa a, Jezi soti nan kay la, l al chita bò lanmè a.

² Yon gwo foul moun te rasanble devan li. Poutèt sa, li monte sou yon kannòt pou li chita. Men, tout foul la te kanpe sou rivaj la.

³ Li pale anpil bagay avèk yo an parabòl. Li di: Vwala se te yon kiltivatè ki soti al simen semans.

⁴ Pandan l ap simen semans lan, kèk grenn tonbe bò wout la. Zwazo vini, yo manje yo.

⁵ Kèk lòt tonbe nan tè wòch, kote ki pa t genyen anpil tè. Yo pouse menm lè a, paske, tè a te san pwofondè.

⁶ Men, lè solèy la leve, yo boule. Kòm yo te san rasin, yo fennen.

⁷ Kèk lòt tonbe nan mitan pikan. Alò, pikan yo pouse, yo toufe yo.

⁸ Kèk lòt ankò tonbe nan bon tè. Yo donnen fwi: Youn donnen san, youn swasant, youn trant.

⁹ Moun ki genyen zòrèy pou tandè, tandè!

¹⁰ Disip li yo pwoche, yo di li: Poukisa se an parabòl, w ap pale ak moun yo?

¹¹ Li reponn, li di yo: Nou menm, Bondye te ban nou okazyon pou nou konnen mistè wayòm syèl la. Men, yo menm, Bondye pa t ba yo l.

- ¹² Paske, moun ki genyen, yo va ba yo, epi y ap nan abondans. Men, moun ki pa genyen, menm sa yo genyen an, y ap pran l nan men yo.
- ¹³ Se poutèt sa, mwen pale avèk yo an parabòl, paske yo gade san yo pa wè, yo koute san yo pa ni tande ni konprann.
- ¹⁴ Konsa, pwofesi Ezayi a akonpli sou yo lè l te di: Nou va koute ak zòrèy nou, men, nou p ap konprann ditou. Nou va gade gade, men, nou p ap wè ditou.
- ¹⁵ Paske, kè pèp sa a vin lou. Yo tande di nan zòrèy yo, Epi, yo fèmen je yo, Dekwa pou yo pa wè ak je yo, Pou yo pa tande ak zòrèy yo, Pou yo pa konprann nan kè yo, Epi pou yo ka pa konvèti. Si se pa t sa, mwen ta geri yo.
- ¹⁶ Men, nou menm, benediksyon pou je nou paske yo wè. Benediksyon pou zòrèy nou paske yo tande.
- ¹⁷ Franchman, m ap di nou sa: Anpil pwofèt ak moun jis te anvi wè sa n ap wè yo, yo te anvi tande sa n ap tande yo, men, yo pa t wè yo, e yo pa t tande yo.
- ¹⁸ Donk, nou menm, koute sans parabòl kiltivatè a:
- ¹⁹ Tout moun ki tande pawòl wayòm nan san yo pa konprann, Mechan an vini, li rache pawòl ki te simen nan kè yo a. Se yo ki te resevwa semans ki te simen bò wout la.
- ²⁰ Tè wòch kote yo te simen l lan, se moun, lè yo tande pawòl la, menm lè a, yo resevwa l ak lajwa.
- ²¹ Men, yo pa gen rasin nan yo menm. Yo la pou yon ti moman. Konsa, lè pawòl la lakòz tribilasyon ak pèsekisyon vini, menm lè a, yo chite.
- ²² Tè pikan kote yo te simen semans lan, se moun ki tande pawòl la, epi tèt-chaje nan lavi sa a ak richès ki twonpe moun, toufe pawòl la. Konsa, li pa donnen.
- ²³ Bon tè kote yo te simen semans lan, se moun ki koute pawòl la epi ki konprann li. Konsa, yo donnen: Youn bay san, youn swasant, youn trant.
- ²⁴ Jezi ba yo yon lòt parabòl. Li di: Wayòm syèl la tankou yon nonm ki simen bon semans nan jaden li.
- ²⁵ Men, pandan moun ap dòmi, lènmi li vini, li simen ble mawon nan mitan ble a, epi l ale.
- ²⁶ Lè flèch yo fleri epi yo donnen, lè sa a tou, ble mawon yo parèt.
- ²⁷ Alò, sèvitè patwon an pwoche, yo di li: Mèt, se bon semans, ou te simen nan jaden an, pa vre? Donk, kòman l fè gen ble mawon?
- ²⁸ Li di yo: Se yon lènmi ki fè sa. Sèvitè yo di li: Donk, èske w ta vle n al rasanble ble mawon yo ansanm?

- ²⁹ Li di: Non, dekwa pou lè n ap rasanble ble mawon yo, nou pa derasinen ble a ansanm avèk yo.
- ³⁰ Kite tou de pouse ansanm pou jis lè rekòt. Epi, nan tan rekòt, m a di moun k ap fè rekòt yo: «Rasanble ble mawon yo anvan, mare yo fè pakèt pou nou boule yo. Men, ble yo, ranmase yo met nan depo mwen.»
- ³¹ Jezi ba yo yon lòt parabòl ankò, li di: Wayòm syèl la sanble ak yon grenn moutad yon nonm pran epi li simen l nan jaden l.
- ³² Li pi piti pase tout semans. Men, lè l pouse, li pi gwo pase plant. Li vin yon pyebwa kote zwazo nan syèl vini, epi yo fè nich sou branch li.
- ³³ Jezi di yo yon lòt parabòl ankò: Wayòm syèl la sanble ak ledven yon dam pran epi li mete ak twa mezi farin, ki fè tout pat la leve.
- ³⁴ Se tout bagay sa yo Jezi te pale ak foul moun yo an parabòl. Dayè, li pa t pale avèk yo san se pa t an parabòl.
- ³⁵ Konsa, pawòl pwofèt la akonpli, kote li te di: M ap ouvri bouch mwen pou m pale an parabòl, M ap deklare bagay ki te kache depi lemonn te kreye.
- ³⁶ Apre sa, Jezi kite foul moun yo, l al nan kay la. Epi, disip li yo pwoche kote li, yo di: Esplike nou parabòl ble mawon nan jaden an.
- ³⁷ Li reponn, li di yo: Moun k ap simen bon semans lan se Pitit Lòm nan.
- ³⁸ Jaden an se lemonn. Bon semans yo menm, se pitit wayòm nan. Ble mawon yo se pitit Mechan an.
- ³⁹ Lènmi ki simen yo a se djab la. Rekòt la se lafen di monn. E, moun k ap rekòlte yo se zanj.
- ⁴⁰ Donk, menm jan yo rasanble ble mawon yo epi yo boule yo nan dife a, se konsa sa ap ye lè lafen di monn rive.
- ⁴¹ Pitit Lòm nan ap voye zanj li yo. Y ap rasanble tout bagay nan wayòm li an k ap lakòz moun chite, y ap rasanble moun k ap fè rebèl.
- ⁴² Epi, y ap lage yo nan founèz dife a. La, ap gen rèl ak manje dan!
- ⁴³ Apre sa, moun ki jis yo ap klere kon solèy nan wayòm Papa yo a. Moun ki gen zòrèy pou tande, tande!
- ⁴⁴ Epi ankò, wayòm syèl la tankou yon ja ki te kache nan yon jaden. Lè yon moun rive jwenn li, li sere l ankò. E, li tèlman kontan, l al vann tout sa l genyen, epi l achte jaden sa a.
- ⁴⁵ Epi ankò, wayòm syèl la tankou yon moun ki yon machann k ap chèche bèl pèl.
- ⁴⁶ Lè l jwenn yon pèl ki gen anpil valè, l al vann tout sa l genyen, epi l achte pèl la.

⁴⁷ Epi ankò, wayòm syèl la tankou yon privye yo voye nan lanmè epi ki ranmase tout kalite pwason.

⁴⁸ Lè l plen, moun yo rale l sou rivaj la, yo chita, yo triye sa k bon yo met nan panyè, epi, yo voye sa k pouri yo jete.

⁴⁹ Se konsa sa ap ye lè lafen di monn rive. Zanj yo ap vini, y ap separe moun mechan yo ak moun jis yo.

⁵⁰ Epi, y ap voye moun mechan yo nan founèz dife a. La, ap gen rèl ak manje dan.

⁵¹ Jezi di yo: Èske nou konprann tout bagay sa yo? Yo di li: Wi, Senyè!

⁵² Epi, li di yo: Se poutèt sa, nenpòt pwofesè lalwa ki vin disip nan wayòm syèl la, li tankou yon mèt kay k ap rale ni bagay nèf, ni bagay ansyen nan depo li, met deyò.

⁵³ Lè Jezi fini ak parabòl sa yo, li wete kò l,

⁵⁴ l ale nan peyi li, epi li anseye moun yo nan sinagòg yo a. Konsa, yo te sezi, yo di: Kote l jwenn sajès sa a ak mirak sa yo?

⁵⁵ Se pa pitit bòs chapant lan? Se pa manman l ki rele Mari a epi frè l yo rele Jak, Joz, Simon, ak Jid la?

⁵⁶ Se pa tout sè l yo ki pami nou la a? Donk, kote l jwenn tout bagay sa yo?

⁵⁷ Li te yon pyè d achopman pou yo. Men, Jezi di yo: Yo respekte yon pwofèt toupatou, esepite nan peyi li ak lakay li.

⁵⁸ Poutèt yo te san lafwa, li pa t fè anpil mirak la.

Matye 14

¹ Nan epòk sa a, Tetrak Ewòd tandè pale de Jezi.

² Li di sèvitè l yo: Se Jan Batis! Se li menm ki resisite pami mò yo. E, se poutèt sa l ap fè mirak sa yo.

³ Vrèmanvre, se Ewòd ki te pran Jan, ki te fè mare l, mete l nan prizon. E, se te poutèt Ewodyas, madanm Filip, frè Ewòd la.

⁴ Paske, Jan te di li: Lalwa pa pèmèt ou marye avèk li.

⁵ Ewòd te vle tiye Jan, men, li te pè foul la, paske yo te rekonèt Jan kòm yon pwofèt.

⁶ Men, lè yo t ap fete fèt Ewòd, pitit fi Ewodyas la danse pami moun yo, li fè Ewòd plezi.

⁷ Konsa, Ewòd sèman, li deklare l ap bay tifi a nenpòt sa l mande.

- ⁸ Men, li menm, sou presyon manman an, li di: Ban mwen tèt Jan Batis, isit la, nan yon kabare.
- ⁹ Wa a te vin tris. Men, poutèt sèman li te fè a epi poutèt envite yo, li kòmande pou yo ba li l.
- ¹⁰ Epi, li voye al koupe tèt Jan nan prizon an.
- ¹¹ Yo pote tèt Jan nan yon kabare, yo bay tifi a li, epi, li menm, li pote l bay manman l.
- ¹² Disip Jan yo vini, yo pran kò a, yo antere l, epi y al rakonte Jezi sa.
- ¹³ Lè Jezi tandè sa, li wete kò l. Li monte yon bato, l ale yon kote apa, nan yon dezè. Foul moun yo tandè sa, yo kite vil yo, yo suiv li apye.
- ¹⁴ Lè Jezi debake, li wè yon gwo foul. Kè l fè l mal pou yo. Epi, li geri moun malad yo.
- ¹⁵ Konsa, aswè rive. Disip li yo pwoche kote li, yo di: Kote sa a se yon dezè. Epitou, lè a deja fin pase. Voye foul moun yo ale. Konsa, lè yo rive nan bouk yo, y a achte pwòp manje yo.
- ¹⁶ Jezi di yo: Yo pa bezwen ale. Se nou menm ki pou ba yo manje.
- ¹⁷ Alò, yo di li: Nou pa gen anyen isit la, esepite senk pen ak de pwason.
- ¹⁸ Li di: Pote yo ban mwen!
- ¹⁹ Li kòmande foul moun yo pou yo chita sou zèb la. Li pran senk pen yo ak de pwason yo, li leve je l nan syèl la, li rann gras, epi li kase pen yo bay disip yo. Disip yo menm bay foul moun yo.
- ²⁰ Tout moun manje, epi yo kontante. Epi, yo pran douz panye plen ak moso ki te rete yo.
- ²¹ Te gen senk mil gason konsa ki te manje, san konte fi ak timoun.
- ²² Menm lè a, Jezi fòse disip yo anbake nan kannòt la pou yo pran devan. Pandan yo t aprale lòt bò a, li menm, li t ap voye foul moun yo ale.
- ²³ Lè l fin voye foul moun yo ale, li monte sou mòn nan poukont li pou li lapriyè. Lè aswè rive, se sèl li menm ki te la.
- ²⁴ Men, kannòt la te deja nan mitan lanmè a. Lanm yo t ap malmennen li, paske, van an te kontrè pou li.
- ²⁵ Vè katriyèm tranch nuit la, Jezi mache sou lanmè a, l al kote yo.
- ²⁶ Lè disip yo wè l ap mache sou lanmè a, yo te boulvèse. Yo di: Se yon lespri! Tèlman yo te pè, yo pran rele.
- ²⁷ Menm lè a, Jezi pale avèk yo, li di: Pran kouraj! Se mwen! Pa pè!

- 28** Men, Pyè reponn li, li di: Senyè, si se ou, kòmande m vin kote w sou dlo a.
- 29** Jezi di: Vini! Pyè desann kannòt la, li mache sou dlo a al kote Jezi.
- 30** Men, lè li wè fòs van an, li te pè. E, kòm li te kòmanse ap koule, li rele, li di: Senyè, sove m!
- 31** Menm lè a, Jezi lonje men l, li pran Pyè, epi li di li: Moun ti lafwa, poukisa ou te doute?
- 32** Yo monte nan kannòt la, epi van an sispann.
- 33** Moun ki te nan kannòt la vin koube devan li. Yo di: An verite, ou se Pitit Bondye!
- 34** Lè yo fin travèse, yo koste nan peyi Jenezarèt.
- 35** Mesye nan kote sa yo rekonèt Jezi. Yo voye nouvèl la toupatou nan tout zòn nan, epi yo mennen tout moun ki malad ba li.
- 36** Yo sipliye li pou yo annik manyen franj rad li. E, tout moun ki te manyen li, te geri.

Matye 15

- 1** Apre sa, pwofesè lalwa yo ak Farizyen yo soti Jerizalèm, vin kote Jezi.
- 2** Yo di: Poukisa disip ou yo ap vyole koutim ansyen yo? Paske, yo pa lave men yo, lè y ap manje manje yo.
- 3** Jezi li menm reponn, li di yo: Nou menm tou, poukisa n ap vyole kòmannman Bondye a pou koutim nou an?
- 4** Paske, Bondye bay kòmannman, li di: «Onore papa w ak manman w» epi: «Moun ki pale mal ak papa li oubyen ak manman li, fòk yo tiye li.»
- 5** Men, nou menm, nou di: «Si yon moun ta di papa li oubyen manman li: Sa pou w ta resevwa nan men m nan, li se yon ofrann pou Bondye ...»
- 6** Konsa, li pa bezwen onore papa li oubyen manman li. Donk, nou anile kòmannman Bondye a pou koutim nou an.
- 7** Ipokrit! Ezayi te byen pwofetize sou nou, lè l te di:
- 8** Se nan bouch yo, pèp sa a pwoche kote mwen, Se ak po bouch yo, yo onore mwen, Men, kè yo byen lwen mwen.
- 9** Adorasyon, yo ban m nan initil, Paske, ansèyman y ap bay yo, se kòmannman lèzòm.
- 10** Epi, Jezi rele foul la, li di yo: Koute, epi konprann!

- 11 Se pa sa ki antre nan bouch yon moun ki sal li. Okontrè! Sa ki soti nan bouch yon moun, se sa ki sal li.
- 12 Apre sa, disip li yo vini, yo di li: Èske w konnen, lè Farizyen yo tande pawòl la, li te yon pyè d achopman pou yo?
- 13 Jezi reponn, li di yo: Tout plant Papa mwen ki nan syèl la pa plante, I ap derasinen yo.
- 14 Pa okipe yo. Yo se avèg k ap mennen avèg. Si yon avèg ap mennen yon lòt avèg, yo tou de ap tonbe nan twou.
- 15 Pyè reponn, li di Jezi: Esplike nou parabòl sa a.
- 16 Jezi di li: Nou menm tou, nou san konprann toujou?
- 17 Èske nou pa konprann sa? Tout bagay ki antre nan bouch, li pase nan vant, epi I al tonbe nan komòd.
- 18 Men, sa ki sot nan bouch, se nan kè li soti. E, se sa ki sal yon moun.
- 19 Paske, move lide, asasinay, adiltè, imoralite, vòl, fo temwayaj, denigre moun, se nan kè moun yo soti.
- 20 Se bagay sa yo ki sal yon moun. Men, manje ak men san lave, sa pa sal yon moun.
- 21 Epi, Jezi soti la, I ale nan zòn Tir ak Sidon.
- 22 Twouve yon dam pran rele ba li. Li te moun menm zòn sa yo, moun Kanaran. Li t ap di: Senyè, Pitit David, pitye pou mwen! Pitit fi m nan genyen yon move demon k ap malmennen I.
- 23 Men, Jezi pa reponn yon mo. Alò, disip li yo pwoche kote li, yo sipliye li, yo di: Voye fi a ale, paske I ap fè eskandal dèyè nou.
- 24 Jezi reponn, li di: Mouton ras Izrayèl ki pèdi yo, se pou yo sèl, yo voye mwen.
- 25 Men, dam nan vini, li koube devan Jezi, li di: Ede m, Senyè!
- 26 Jezi reponn, li di: Li pa bon pou yo pran pen timoun yo pou yo voye bay ti chen.
- 27 Kounye a, dam nan di: Wi, Senyè. Men tou, ti chen manje miyèt ki sot tonbe sou tab mèt yo!
- 28 Konsa, Jezi reponn, li di li: Madanm, ala gran lafwa ou gran! Sa ap rive pou ou jan ou vle I la. E, nan menm lè sa a, pitit fi I la geri.
- 29 Epi, Jezi kite kote sa a, li pase bò lanmè Galile a, li monte sou mòn nan, epi li chita la.

³⁰ Yon gwo foul moun pwoche kote li. Pami yo, te genyen moun k ap bwete, moun avèg, moun bèbè, moun enfim, ak anpil lòt ankò. Yo lage kò yo nan pye Jezi, epi li geri yo.

³¹ Konsa, foul moun yo te sezi, lè yo wè moun bèbè ap pale, moun enfim vin an sante, moun ki t ap bwete ap mache, epi moun avèg wè. Epi, yo bay Bondye Izrayèl la glwa.

³² Jezi rele disip li yo, li di: Kè m fè m mal pou foul la. Paske, depi twa jou yo la avèk mwen, e yo pa gen anyen pou yo manje. Mwen pa vle voye yo ale grangou, dekwa pou yo pa febli nan wout.

³³ Epi, disip li yo di li: Nan yon dezè konsa, kòman nou ta ka jwenn ase pen pou yon foul konsa ka kontante?

³⁴ Jezi di yo: Konbyen pen nou genyen? Yo di: Sèt, ak kèk ti pwason.

³⁵ Li kòmande foul la pou yo chita atè a.

³⁶ Li pran sèt pen yo ak pwason yo, li rann gras, li kase yo, epi li bay disip li yo. Disip yo menm bay foul la.

³⁷ Yo tout manje, e yo te kontante. Epi, yo pran sèt panye plen ak moso ki te rete yo.

³⁸ Te genyen kat mil gason konsa ki te manje, san konte fi ak timoun.

³⁹ Epi, Jezi voye foul moun yo ale, li monte nan kannòt la, I al nan zòn Magdala.

Matye 16

¹ Farizyen yo ak Sadiseyen yo parèt. Pou yo ka tante Jezi, yo mande I montre yo yon siy ki soti nan syèl.

² Men, li reponn, li di yo: Lè aswè rive, nou di: «Jan syèl la wouj la, I ap fè bon tan.»

³ Epi, nan maten, nou di: «Ap gen move tan jodi a, paske syèl la wouj, li kouvri.» Ipokrit, nou konn fè diferans nan jan figi syèl la ye, men, pou siy epòk sa yo, nou pa kapab!

⁴ Yon jenerasyon move moun ak moun adiltè ap chèche siy, ebyen, mwen p ap ba li siy, esepite siy pwofèt Jonas la. Epi, li kite yo, I ale.

⁵ Men, lè disip yo t apral lòt bò dlo a, yo te bliye pran pen.

⁶ Jezi di yo: Veye, fè atansyon ak ledven Farizyen yo ansanm ak ledven Sadiseyen yo.

⁷ Yo menm, yo reflechi nan kè yo, yo di: Se paske nou pa t pran pen!

- ⁸ Men, Jezi te konnen sa. Li di yo: Moun ti lafwa, poukisa n ap reflechi nan kè nou dèskè nou pa t pran pen?
- ⁹ Nou poko konprann toujou? Nou pa sonje senk pen yo pou senk mil moun yo epi kantite panye nou te pran?
- ¹⁰ Nonplis tou, nou pa sonje sèt pen yo pou kat mil moun yo epi kantite ti panye nou te pran?
- ¹¹ Kòman nou fè pa wè se pa de pen m ap pale, lè mwen di nou pou nou fè atansyon ak ledven Farizyen yo epi ak ledven Sadiseyen yo?
- ¹² Apre sa, yo vin konprann se pa t ak ledven pou pen li te di yo fè atansyon an, men, se ak ansèyman Farizyen ak Sadiseyen yo.
- ¹³ Lè Jezi rive nan zòn Sezare Filip, li poze disip li yo yon kesyon. Li di: Kilès lèzòm di mwen ye, mwen menm, Pitit Lòm nan?
- ¹⁴ Yo di: Gen moun ki di Jan Batis. Gen lòt ki di Eli. Lòt moun ankò di Jeremi oubyen youn nan pwofèt yo.
- ¹⁵ Li di yo: Men nou menm, kilès nou di mwen ye?
- ¹⁶ Simon Pyè reponn, li di: Ou se Kris la, Pitit Bondye vivan an.
- ¹⁷ Alò, Jezi reponn, li di li: Benediksyon pou ou, Simon, pitit Jonas. Paske, se pa ni chè ni san ki ba ou revelasyon sa a, men, se Papa mwen ki nan syèl la.
- ¹⁸ E, mwen menm, m ap di ou sa: Se Pyè ou ye. E, se sou wòch sa a, m ap bati Legliz mwen an. E, pòtay peyi-mò p ap gen fòs sou li.
- ¹⁹ M ap ba ou kle wayòm syèl la. Sa w mare sou latè ap mare nan syèl. E, sa w demare sou latè ap demare nan syèl.
- ²⁰ Apre sa, Jezi kòmande disip li yo pou yo pa di pèsonn se li, Jezi, ki Kris la.
- ²¹ Depi lè sa a, Jezi kòmanse ap montre disip li yo fòk li ale Jerizalèm; fòk li souffri anpil bagay nan men ansyen yo, sakrifikatè prensipal yo, ak pwofesè lalwa yo; fòk li mouri; epi, apre twa jou, fòk li resisite.
- ²² Pyè rale Jezi sou kote, li kòmanse ap fè Jezi obsèvasyon. Li di: Mande Bondye padon, Senyè! Sa p ap janm rive w!
- ²³ Jezi vire, li di Pyè: Retire w sou mwen, Satan! Ou se yon pyè d achopman pou mwen. Paske, se pa bagay Bondye w ap panse, men, se bagay lèzòm.
- ²⁴ Apre sa, Jezi di disip li yo: Si yon moun vle mache dèyè m, se pou l nye tèt li, se pou l pran kwa li, epi se pou l suiv mwen.
- ²⁵ Paske, yon moun ki ta vle sove lavi li, l ap pèdi l. Men, yon moun ki ta pèdi lavi li poutèt mwen, l ap jwenn li.

²⁶ Paske tou, ki benefis yon moun ka fè, si li ta genyen lemonn antye epi li ta fè defisi nanm li? Oubyen, ki pri yon moun ta bay pou nanm li?

²⁷ Paske ankò, Pitit Lòm nan pral vini avèk zanj li yo nan glwa Papa a. E, lè sa a, I ap bay chak moun dapre jan yo te aji.

²⁸ Franchman, m ap di nou sa: Kèk nan nou ki kanpe isit la p ap goute lanmò, jis nou wè Pitit Lòm nan vini nan wayòm li an.

Matye 17

¹ Sis jou apre sa, Jezi pran Pyè, Jak, ak Jan, frè Jak la. Li mennen yo poukont yo sou yon mòn byen wo.

² Epi, li transfòme devan yo. Figi I vin klere kon solèy. Rad li vin blan tankou limyè.

³ Epi, twouve se Moyiz ak Eli ki parèt sou yo. Yo t ap pale ak Jezi.

⁴ Men, Pyè reponn, li di Jezi: Mèt, li bon pou nou isit la. Si ou vle, n ap fè twa tant isit la: youn pou ou, youn pou Moyiz, youn pou Eli.

⁵ Pandan I t ap pale a, twouve yon nyaj klere kouvri yo. Epi, twouve yon vwa ki soti nan nyaj la di: Li menm, li se pitit mwen renmen anpil la. Li fè m plezi anpil! Koute li!

⁶ Lè disip li yo tandè sa, yo tonbe sou fas. Yo te pè anpil.

⁷ Alò, Jezi pwoche kote yo, li manyen yo, epi li di: Leve, pa pè.

⁸ Lè yo leve je yo, yo pa wè pèsonn, esepite Jezi sèl.

⁹ Pandan yo t ap desann mòn nan, Jezi kòmande yo, li di: Pa di pèsonn vizyon an pou jis lè Pitit Lòm nan resisite pami mò yo.

¹⁰ Epi, disip yo poze li yon kesyon. Yo di: Donk, poukisa pwofesè lalwa yo di fòk Eli vini anvan an?

¹¹ Jezi reponn, li di yo: Vrèmanvre, Eli ap vini anvan. E, I ap repare tout bagay.

¹² Men, m ap di nou sa: Eli te vini deja, e yo pa rekonèt li. Okontrè, yo fè li sa yo vle. Se konsa tou, Pitit Lòm nan pral soufri anba men yo.

¹³ Lè sa a, disip yo konprann se de Jan Batis li t ap pale yo.

¹⁴ Lè yo rive kote foul la, yon nonm pwoche kote Jezi, li ajenou devan li,

¹⁵ epi li di: Senyè, pitye pou pitit gason m nan! Li gen malkadi, e I ap soufri anpil. Anpil fwa, li tonbe nan dife. Anpil fwa tou, se nan dlo.

¹⁶ Mwen te mennen I bay disip ou yo, men, yo pa t kapab geri I.

- 17** Jezi reponn, li di: Jenerasyon moun san lafwa ak moun pèvèti! Jis kilè m ap rete avèk nou? Jis kilè m ap sipòte nou? Mennen l ban mwen!
- 18** Jezi fè l obsèvasyon, epi demon an soti sou li. E, depi lè sa a, timoun nan geri.
- 19** Apre sa, disip yo pwoche kote Jezi apa, yo di: Poukisa, nou menm, nou pa t kapab chase li?
- 20** Jezi di yo: Paske lafwa nou piti! Vrèmanvre, m ap di nou sa franchman: Si nou gen lafwa gwose yon grenn moutad, nou ka di mòn sa a: «Wete kò w la, al lòt bò!» E, pa gen anyen nou p ap kapab fè.
- 21** Men, san lapriyè ak jèn, anyen pa kapab fè kalite demon sa a soti.
- 22** Pandan yo t ap viv Galile, Jezi di yo: Yo pral livre Pitit Lòm nan, nan men lèzòm.
- 23** Epi, y ap tiye li. E, sou twazyèm jou a, l ap resisite. Sa te fè yo lapenn anpil.
- 24** Lè yo rive Kapènawòm, pèseptè taks de drak yo pwoche kote Pyè, yo di: Kòman? Mèt nou an pa peye taks de drak la?
- 25** Pyè di: Men wi! Epi, lè li antre nan kay la, Jezi pale anvan, li di: Sa w panse, Simon? Wa sou latè, sou kilès yo pran taks oubyen enpo? Sou pwòp pitit yo oubyen sou lòt moun?
- 26** Pyè di li: Sou lòt moun! Jezi di li: Donk, pitit yo egzante, pa vre?
- 27** Men, pou nou pa yon pyè d achopman pou moun sa yo, al nan lanmè a, voye yon zen, epi, premye pwason k mòde a, pran li. Lè w ouvè bouch li, w ap jwenn yon estatè. W a pran li pou w peye pou mwen menm avè w.

Matye 18

- 1** Menm lè sa a, disip yo pwoche kote Jezi, yo di: Kilès ki pi enpòtan nan wayòm syèl la?
- 2** Alò, Jezi rele yon timoun, li mete l nan mitan yo.
- 3** Epi, li di: Franchman, m ap di nou sa: Si nou pa konvèti, si nou pa vin tankou timoun, nou p ap antre nan wayòm syèl la ditou.
- 4** Donk, nenpòt moun ki rabese tèt li pou l tankou timoun sa a, se li ki pi enpòtan nan wayòm syèl la.
- 5** E, si yon moun resevwa yon timoun tankou timoun sa a nan non mwen, se mwen li resevwa.
- 6** Si yon moun ta lakòz youn nan timoun ki kwè nan mwen yo chite, li t ap plis nan avantaj li si se yon wòch moulen yo te pann nan kou l epi yo te neye l nan fon lanmè.

- ⁷ Malè pou lemonn poutèt pyè d achopman! Vrèmanvre, oblije gen pyè d achopman. Men, malè pou moun sa a ki ta lakòz gen pyè d achopman an!
- ⁸ E, si men w oubyen pye w ta lakòz ou chite, koupe yo, epi jete yo lwen w. Pito w antre nan lavi a ak yon men oubyen ak yon pye, pase pou w ta gen tou de men w oubyen tou de pye w, epi pou se nan dife etènèl la yo jete w.
- ⁹ E, si je w ta lakòz ou chite, rache l, epi jete l lwen w. Li pi bon pou w antre nan lavi a ak yon je, pase pou w ta gen tou de je w, epi pou se nan Jeyèn dife a yo jete w.
- ¹⁰ Veye pou nou pa meprize menm youn nan ti piti sa yo. Paske, m ap di nou sa: Zanj pa yo nan syèl la, y ap gade figi Papa mwen nan syèl la tout tan.
- ¹¹ Vrèmanvre, Pitit Lòm nan vin sove sa ki te pèdi.
- ¹² Sa n panse? Si yon nonm ta gen san mouton, epi youn nan yo ta pèdi, èske li p ap kite katrevendiznèf lòt yo sou mòn nan pou l al chèche sa ki pèdi a?
- ¹³ Franchman, m ap di nou sa: Si li jwenn li, l ap pi kontan poutèt mouton sa a, pase pou katrevendiznèf lòt ki pa t pèdi yo.
- ¹⁴ Konsa tou, se pa volonte Papa nou ki nan syèl la, pou menm youn nan ti piti sa yo ta peri.
- ¹⁵ Si frè ou fè peche kont ou, ale, epi reprimande l ant ou menm avè l sèlman. Si li koute, ebyen, ou rejwenn frè ou.
- ¹⁶ Men, si li pa koute, pran youn oubyen de lòt moun avèk ou, dekwa pou tout afè a ka regle sou depozisyon de oubyen twa temwen.
- ¹⁷ Si li refize koute yo, di legliz sa. Men, si li refize koute legliz, ebyen, gade misye tankou yon payen, tankou yon pèseptè.
- ¹⁸ Franchman, m ap di nou sa: Tout sa nou mare sou latè ap mare nan syèl la. E, tout sa nou demare sou latè ap demare nan syèl la.
- ¹⁹ Franchman ankò, m ap di nou sa: Si de nan nou mete nou dakò sou latè sou nenpòt bagay n ap mande Bondye, ebyen, Papa mwen ki nan syèl la ap fè l pou nou.
- ²⁰ Paske, kote de oubyen twa reyini nan non mwen, mwen la nan mitan yo.
- ²¹ Apre sa, Pyè pwoche kote Jezi, li di: Senyè, konbyen fwa yon frè mwen ka peche kont mwen epi pou mwen padone l? Èske se jiska sèt fwa?
- ²² Jezi di li: Se pa jis sou sèt fwa m ap di ou, men, se jis sou swasanndis fwa sèt fwa.
- ²³ Poutèt sa, wayòm syèl la sanble ak yon nonm ki wa, ki te vle fè regleman avèk sèvitè li yo.

- ²⁴ Lè I kòmanse regleman an, yo mennen yon sèvitè ki te dwe di mil talan ba li.
- ²⁵ Kòm li pa t genyen yo pou I remèt, mèt li kòmande pou yo vann ni misye, ni madanm li, ni pitit li, ni tout sa I te genyen, epi pou I remèt dèt la.
- ²⁶ Alò, sèvitè a bese, li koube devan mèt la, li di: Mèt, pran pasyans avèk mwen, epi m ap remèt ou tout bagay.
- ²⁷ Kè mèt sèvitè a fè I mal, li lage misye, epi li anile dèt li a.
- ²⁸ Men, lè sèvitè sa a soti, li jwenn ak yon sèvitè parèy li ki te dwe li san denye. Misye met men sou li, li pran trangle li, li di: Remèt mwen sa w dwe m nan.
- ²⁹ Kounye a, sèvitè parèy li a tonbe nan pye li, li sipliye li, li di: Pran pasyans avèk mwen, epi m ap remèt ou li.
- ³⁰ Men, misye pa t vle. Okontrè, I al fè mete I nan prizon pou jis li remèt sa I te dwe a.
- ³¹ Lè sèvitè parèy li yo wè sa k pase, yo te gen anpil lapenn. Y ale, yo esplike mèt yo tout sa k te pase.
- ³² Apre sa, mèt la fè rele sèvitè a, li di li: Sèvitè mechan! Tout dèt sa a mwen anile pou ou, paske ou te sipliye mwen!
- ³³ Ou te dwe gen pitye pou sèvitè parèy ou a menm jan mwen te gen pitye pou ou a, pa vre?
- ³⁴ Mèt li fè kòlè. Li fè arete misye pou yo bat li, jis li remèt tout sa I te dwe I la.
- ³⁵ Se konsa tou Papa nou ki nan syèl la ap fè nou, si nou chak, nou pa padone fot frè nou ak tout kè nou.

Matye 19

- ¹ Kounye a, lè Jezi fin di pawòl sa yo, li kite Galile, I ale nan zòn Jide, lòt bò Jouden an.
- ² Yon gwo foul moun suiv li. Epi, li geri yo la.
- ³ Farizyen yo pwoche kote li pou yo tante li. Yo di li: Èske lalwa pèmèt yon nonm divòse ak madanm li pou nenpòt ki bagay?
- ⁴ Jezi reponn, li di yo: «O kòmansman, Kreyatè a fè gason ak fi.» Èske nou pa janm li sa?
- ⁵ Epi, li di: «Se poutèt sa, yon nonm va kite papa li ak manman li Pou li ini ak madanm li, Epi, yo tou de va fè yon sèl chè.»

- ⁶ Konsa, yo pa fè de ankò, men, yo fè yon sèl chè. Donk, sa Bondye mete ansanm, pinga pèsounn separe li.
- ⁷ Yo di li: Donk, poukisa Moyiz te kòmande pou yo bay madanm nan yon papyè divòs epi konsa pou divòse avèk li?
- ⁸ Jezi di yo: Se paske nou fè rèd nan kè nou ki fè Moyiz te pèmèt nou divòse ak madanm nou. Men, o kòmansman, sa pa t konsa.
- ⁹ E, m ap di nou sa: Nenpòt moun ki divòse ak madanm li, san se pa akòz imoralite epi ki al marye ak yon lòt fi, ebyen, li fè adiltè. E, moun ki marye ak fi divòse a, li fè adiltè tou.
- ¹⁰ Disip li yo di li: Si se konsa bagay la ye ant yon nonm avèk madanm li, pito l pa marye.
- ¹¹ Men, Jezi di yo: Se pa tout moun ki asepte pawòl sa a, men, se sèlman moun Bondye bay don an.
- ¹² Vrèmanvre, gen kèk enik ki vin enik depi nan vant manman yo. Genyen kèk enik se moun ki fè yo enik. E, genyen kèk enik ki fè tèt yo enik poutèt wayòm syèl la. Moun ki kapab asepte sa, asepte l.
- ¹³ Apre sa, yo mennen kèk timoun bay Jezi pou li te ka poze men sou yo epi pou l te ka priye pou yo. Men, disip yo fè yo obsèvasyon.
- ¹⁴ Jezi di: Kite timoun yo. Pa anpeche yo vin jwenn mwen. Paske, se pou moun ki tankou yo, wayòm syèl la ye.
- ¹⁵ Li poze men sou yo epi li sot la.
- ¹⁶ Twouve yon moun pwoche, epi li di Jezi: Bon mèt, ki bon bagay mwen dwe fè pou m ka gen lavi etènèl?
- ¹⁷ Men, Jezi di li: Poukisa se mwen ou rele «bon» an? Pa gen pèsounn ki bon, esepte youn: Se Bondye! Men, si ou vle antre nan lavi a, kenbe kòmmanman yo.
- ¹⁸ Li di Jezi: Ki kòmmanman? Jezi di: Men yo: Pa tiye moun. Pa fè adiltè. Pa vòlè. Pa fè fo temwayaj.
- ¹⁹ Onore papa ou ak manman ou. Epi, ou va renmen pwochen ou, menm jan ou renmen tèt ou.
- ²⁰ Jennonm nan di Jezi: Depi mwen te pi jèn, m ap obsève tout bagay sa yo. Ki lòt kòmmanman ankò?
- ²¹ Jezi di li: Si ou vle vin total, ale, vann byen w yo pou w bay pòv, epi w ap gen yon trezò nan syèl la. Apre sa, vini, suiv mwen.
- ²² Lè jennonm nan tandè pawòl la, l ale tou tris, paske li te genyen anpil byen.

²³ Jezi, li menm, di disip li yo: Franchman, m ap di nou sa: Li difisil pou yon moun rich antre nan wayòm syèl la.

²⁴ E, m ap di nou ankò: Li pi fasil pou yon chamo pase nan yon je zegui, pase pou yon moun rich antre nan wayòm Bondye a.

²⁵ Lè disip li yo tandè sa, yo te sezi anpil. Yo di: Alò, kilès ki kapab sove?

²⁶ Jezi gade yo, li di yo: Pou lèzòm, sa pa posib. Men, pou Bondye, tout bagay posib.

²⁷ Apre sa, Pyè reponn, li di li: Gade, nou menm, nou kite tout bagay, epi nou suiv ou. Alò, kisa n ap jwenn?

²⁸ Jezi di yo: Franchman, m ap di nou sa: Nou menm ki suiv mwen yo, lè tout bagay refèt, lè Pitit Lòm nan chita sou twòn li nan laglwa, nou menm tou, n ap chita sou douz twòn pou nou jije douz tribi Izrayèl yo.

²⁹ E, nenpòt moun ki kite kay, oubyen frè, oubyen sè, oubyen papa, oubyen manman, oubyen madanm, oubyen pitit, oubyen jaden poutèt mwen, l ap resevwa yo san fwa plis pase sa, epitou l ap eritye lavi etènèl la.

³⁰ Men, anpil moun ki premye va dènye. Epi, dènye yo va premye.

Matye 20

¹ Paske, wayòm syèl la tankou yon nonm ki pwopriyete yon jaden rezen. Li soti bonè nan maten pou li anplwaye travayè nan jaden an.

² Li antann ak yo pou yon denye pou jounen an. Epi, li voye yo nan jaden rezen an.

³ Li soti vè twazyèm è a, epi li wè lòt travayè kanpe sou plas la san fè anyen.

⁴ Li di yo: Nou menm tou, ale nan jaden rezen an, epi m a ban nou sa ki jis. Y ale vre.

⁵ Li soti ankò vè sizyèm è a ak nevyèm è a, li fè menm bagay la.

⁶ Lè l soti vè onzyèm è a, li jwenn lòt travayè ki kanpe. Li di yo: Poukisa nou kanpe tout jounen an san fè anyen?

⁷ Yo di li: Se paske pèsonn pa anplwaye nou. Li di yo: Nou menm tou, ale nan jaden rezen an. Epi, n a resevwa sa ki jis.

⁸ Lè aswè rive, mèt jaden rezen an di administratè l la: Rele travayè yo, epi peye yo salè yo. Kòmanse ak sa k te vin an dènye yo jis ou rive sou sa k te vin an premye yo.

⁹ Travayè onzyèm è yo vini, yo resevwa yon denye.

- ¹⁰ Lè sa k te vin an premye yo vini, yo te kwè yo t ap resevwa plis. Men, yo menm tou, yo resevwa yon denye.
- ¹¹ Lè yo resevwa li, yo pran babye kont pwopriyetè a.
- ¹² Yo di: Yo menm ki vin an dènye a, yo travay inè d tan ase, epi ou peye yo egal egal avèk nou menm ki sipòte chay ak chalè jounen an.
- ¹³ Li reponn, li di youn nan yo: Zanmi, mwen pa fè w enjistis. Se sou yon denye nou te antann nou, pa vre?
- ¹⁴ Ebyen, pran sa k pa w epi ale. Men, mwen vle bay sa ki vin an dènye a menm bagay avèk ou.
- ¹⁵ Èske se lalwa ki pa pèmèt mwen fè sa m vle ak byen mwen? Oubyen, èske se mechanste ki gen nan je ou, dèske mwen se yon bon moun?
- ¹⁶ Konsa tou, dènye yo va premye, epi premye yo va dènye. Paske, Bondye rele anpil moun, men, li pa chwazi anpil.
- ¹⁷ Jezi t ap monte Jerizalèm. Pandan li te sou wout la, li pran douz disip yo apa.
- ¹⁸ Li di yo: Gade! Men n ap monte Jerizalèm. Y ap livre Pitit Lòm nan bay sakrifikatè prensipal yo ak pwofesè lalwa yo. Yo menm, y ap kondane li a mò.
- ¹⁹ Y ap livre li bay nasyon yo pou yo pase l nan betiz, pou yo bat li epi pou yo krisifye li. Men, sou twazyèm jou a, l ap resisite.
- ²⁰ Apre sa, manman pitit Zebede yo pwoche kote Jezi avèk pitit li yo. Li koube, li mande Jezi yon bagay.
- ²¹ Jezi di li: Sa w vle? Li di: Di pou de pitit mwen yo chita youn adwat ou, youn agoch ou, lè w nan wayòm ou an.
- ²² Jezi reponn, li di: Nou pa konnen sa n ap mande la a! Èske nou kapab bwè nan gode mwen pral bwè a, oubyen, èske nou ka batize nan batèm mwen pral batize a? Yo di li: Nou kapab!
- ²³ Li di yo: Vrèmanvre, nou va bwè nan gode m nan. E, nou va batize nan batèm mwen pral batize a. Men, kanta pou chita adwat mwen oubyen agoch mwen, se pa mwen ki pou bay sa. Men, sa la pou moun, Papa mwen te prepare yo a.
- ²⁴ Lè dis yo tande sa, yo vekse akòz de frè yo.
- ²⁵ Men, Jezi rele yo, li di. Nou konnen jan chèf nasyon yo fè diktatè sou yo epi grannèg yo domine sou nasyon yo.
- ²⁶ Men, pou nou menm, sa p ap konsa. Okontrè, moun ki ta vle vin gran nan mitan nou, yo dwe sèvitè nou.
- ²⁷ E, moun ki ta vle vini an premye, yo dwe esklav nou.

²⁸ Konsa tou, Pitit Lòm nan pa t vini pou yo sèvi li, men, pou li sèvi epi pou li bay lavi li pou peye delivrans anpil moun.

²⁹ Lè yo soti Jeriko, yon gwo foul moun suiv Jezi.

³⁰ Epi, twouve de avèg ki te chita bò wout la tandè se Jezi k ap pase. Yo rele, yo di: Senyè, Pitit David, pitye pou nou!

³¹ Men, foul la fè yo obsèvasyon pou yo pe. Men, yo rele pi rèd, yo di: Senyè, Pitit David, pitye pou nou!

³² Jezi rete, li rele yo, epi li di: Sa n vle m fè pou nou?

³³ Yo di li: Senyè, nou ta vle je nou louvri.

³⁴ Kè Jezi fè l mal. Li manyen je yo, epi, menm lè a, je yo louvri, yo suiv Jezi.

Matye 21

¹ Lè yo pwoche Jerizalèm epi yo rive Betfaje, nan direksyon Mòn Oliv, lè sa a, Jezi voye de disip.

² Li di yo: Ale nan bouk ki anfas nou an. Kon n rive, n ap jwenn yon manman bourik mare ak yon jèn bourik avèk li. Demare yo mennen ban mwen.

³ E, si yon moun ta di nou kichòy, di: Senyè a bezwen yo. L ap voye yo tounen tousuit.

⁴ Tout sa rive pou pawòl pwofèt la te ka akonpli, lè l te di:

⁵ Di Siyon, pitit fi m nan: Gade! Men wa w la ap vini kote w. Li dou, li monte yon manman bourik, Epi yon jenn bourik, pitit yon bourik.

⁶ Disip yo ale, yo fè menm sa Jezi te kòmande yo fè a.

⁷ Yo mennen manman bourik la ak jèn bourik la vini. Yo mete rad yo sou bourik yo, epi Jezi chita sou yo.

⁸ Pi fò moun nan foul la blayi rad yo sou wout la. Gen lòt moun ki koupe branch bwa epi ki blayi yo sou wout la.

⁹ Ni foul moun ki te pran devan, ni moun ki t ap suiv dèyè t ap rele. Yo t ap di: Ozana pou Pitit David la! Benediksyon pou moun k ap vini nan non Senyè a! Ozana byen wo nan syèl la!

¹⁰ Lè li antre Jerizalèm, tout vil la te chofe. Moun t ap di: Kilès sa a?

¹¹ Epi, foul la t ap reponn: Se Jezi, pwofèt ki soti Nazarèt la, nan Galile.

¹² Jezi antre nan lakou tanp Bondye a, li chase tout moun ki t ap vann ak moun ki t ap achte nan lakou tanp lan. Li chavire ni tab moun ki t ap chanje lajan, ni chèz moun ki t ap vann pijon.

- ¹³ Epi, li di yo: Men sa ki ekri: «Yo va rele lakay mwen kay lapriyè.» Men, nou menm, nou fè l tounen yon gwòt malfektè.
- ¹⁴ Moun k ap bwete ak moun avèg pwoche kote li nan lakou tanp lan, epi li geri yo.
- ¹⁵ Men, sakrifikatè prensipal yo ak pwofesè lalwa yo vekse, lè yo wè mèvèy li t ap fè epi timoun ki t ap rele nan lakou tanp lan epi ki t ap di: «Ozana pou Pitit David la!»
- ¹⁶ Yo di Jezi: Èske w tande sa y ap di a? Jezi di yo: Wi! Èske nou pa janm li pawòl sa a: «Nan bouch timoun avèk tibebe, ou prepare lwanj ou?»
- ¹⁷ Epi, li kite yo, li soti nan vil la, l al Betani. Se la li pase nuit lan.
- ¹⁸ Men, nan demen maten, pandan li t ap retounen nan vil la, li te grangou.
- ¹⁹ Li wè yon pye figfrans sou wout la, l al bò kote li. Men, li pa t jwenn anyen sou li pase fèy sèlman. Alò, li di li: Apati jodi a, ou p ap janm donner fwi ankò. Menm lè a tou, pye figfrans lan seche.
- ²⁰ Lè disip yo wè sa, yo te sezi. Yo di: Kòman pye figfrans lan fè seche vit konsa?
- ²¹ Jezi reponn, li di yo: Franchman, m ap di nou sa: Si nou gen lafwa epi nou pa doute, se pa sèlman sa k rive figfrans lan n ap ka fè. Okontrè, menm si nou ta di mòn sa a: «Leve, jete tèt ou nan lanmè!» sa va rive vre.
- ²² E, tout sa nou mande ak lafwa nan lapriyè, n ap resevwa l.
- ²³ Lè l rive nan lakou tanp lan, li t ap anseye. Alò, sakrifikatè prensipal yo ak ansyen pami pèp la pwoche kote li. Yo di: Avèk ki otorite w ap fè bagay sa yo? Epitou, kilès ki ba ou otorite sa a?
- ²⁴ Jezi reponn, li di yo: Mwen menm tou, m ap mande nou yon bagay. Si nou di m li, mwen menm tou, m a di nou avèk ki otorite m ap fè bagay sa yo.
- ²⁵ Kote otorite pou batèm Jan an soti? Nan syèl oubyen nan men lèzòm? Yo diskite sou sa youn ak lòt, yo di: Si nou ta di: «Nan syèl », li va di: «Donk, poukisa nou pa t kwè li?»
- ²⁶ Men, si nou ta di: «Nan men lèzòm!» nou gen pou n pè foul la, paske yo tout pran Jan pou yon pwofèt.
- ²⁷ Lè yo reponn Jezi, yo di: Nou pa konnen. Jezi di yo tou: Mwen menm tou, mwen p ap di nou tou ak ki otorite m ap fè bagay sa yo.
- ²⁸ Sa n panse? Vwala se te yon nonm ki te gen de pitit gason. Li pwoche kote premye a, li di: Pitit mwen, jodi a, al travay nan jaden rezen m nan.
- ²⁹ Li reponn, li di: M pa vle! Men, pi ta, li chanje lide, l ale.

- ³⁰ Nonm nan pwoche kote lòt la, li di menm bagay la. Misye reponn, li di: Wi, mè! Epi, li pa ale.
- ³¹ Kilès nan yo de a ki fè volonte papa a? Yo di li: Premye a! Jezi di yo: Franchman, m ap di nou sa: Pèseptè yo ak pwostitiye yo ap pran devan sou nou nan wayòm Bondye a.
- ³² Paske, Jan te vin kote nou pou l montre nou chemen jistis, e nou pa t kwè li. Men, pèseptè yo ak pwostitiye yo te kwè li. Men, nou menm, lè nou wè sa, nou pa repanti epi kwè nan li.
- ³³ Koute yon lòt parabòl: Yon nonm ki te yon pwopriyetè plante yon jaden rezen. Li fèmen l ak yon lantouraj. Li fouye yon basen pou ji rezen an. Li bati yon gerit. Li anfème jaden an ak kiltivatè. Epi, li pati aletranje.
- ³⁴ Lè sezon rekòt la pre rive, li voye sèvitè l yo kote kiltivatè yo pou l ka resevwa rekòt pa l.
- ³⁵ Kiltivatè yo pran sèvitè li yo. Yo bat youn. Yo tiye youn. Epi, yo kalonnen yon lòt wòch.
- ³⁶ Li voye lòt sèvitè ankò, pi plis pase premye fwa a. Men, kiltivatè yo fè yo menm bagay la.
- ³⁷ Apre sa, li voye pitit gason l lan kote yo. Li di: Omwen, yo va respekte pitit gason m nan.
- ³⁸ Men, lè kiltivatè yo wè se pitit gason an, youn di lòt: Se li ki eritye a. Vini! Ann tiye li, epi n ap kenbe eritaj li a.
- ³⁹ Yo pran misye, yo trennen l deyò jaden rezen an, epi yo tiye li.
- ⁴⁰ Donk, lè mè! jaden rezen an vini, kisa l va fè kiltivatè sa yo?
- ⁴¹ Yo di li: Move moun sa yo! L ap detui yo tankou mekan. Epi, l ap anfème jaden rezen an ak lòt kiltivatè ki va remèt li yon pati rekòt la chak sezon.
- ⁴² Jezi di yo: Nou pa janm li Ekriti sa a? «Wòch moun ki t ap bati yo jete a, Se li ki vin wòch prensipal la, wòch kwen an. Sa se travay Senyè a. E, se yon mèvèy nan je nou.»
- ⁴³ Se poutèt sa m ap di nou: Bondye pran wayòm li a nan men nou pou li bay yon nasyon li, yon nasyon k ap donner fwi li yo.
- ⁴⁴ E, moun ki tonbe sou wòch sa a, l ap demantibile. E, lè l tonbe sou yon moun, l ap kraze l tankou poud.
- ⁴⁵ Lè sakrifikatè prensipal yo ak pwofesè lalwa yo tandè parabòl li yo, yo te konnen se pou yo li t ap pale.
- ⁴⁶ Yo t ap chèche arete li. Men, yo te pè foul moun yo, paske, yo menm, yo te pran Jezi pou yon pwofèt.

Matye 22

- 1 Jezi pran lapawòl ankò, li pale ak yo an parabòl.
- 2 Li di: Wayòm syèl la sanble ak yon nonm ki wa, k ap fè nòs pitit gason li.
- 3 Li voye sèvitè l yo rele moun li te envite nan nòs la. Men, yo pa t vle vini.
- 4 Li voye lòt sèvitè ankò. Li di: Di envite yo: «Gade! Resepsyon m nan pare. Mwen tiye bèf ak bèt ki t ap angrese. Tout bagay pare. Vini nan nòs la!»
- 5 Men, envite yo neglije sa. Youn pati al nan jaden li, yon lòt al nan biznis li.
- 6 Rès yo menm kenbe sèvitè l yo, yo avili yo, epi yo tiye yo.
- 7 Lè wa a tande sa, li fè kòlè. Li voye lame l al detui asasen sa yo epi boule vil yo a.
- 8 Apre sa, li di sèvitè l yo: Nòs la pare, men, envite yo pa t merite sa.
- 9 Donk, ale nan tout kafou nan lari a. Epi, envite tout moun nou jwenn nan nòs la.
- 10 Sèvitè yo ale sou wout yo, yo rasanble tout moun yo jwenn, kit se move moun, kit se bon moun. Konsa, resepsyon nòs la te plen moun.
- 11 Lè wa a antre vin admire moun nan resepsyon an, li wè yon nonm ki te la san l pa t abiye ak rad nòs la.
- 12 Wa a di li: Zanmi, kòman w fè antre isit la san rad nòs la? Misye fèmen bouch li!
- 13 Apre sa, wa a di sèvitè yo: Mare pye l ak men l. Pran li, jete l nan fènwa deyò a. La, ap gen rèl ak manje dan.
- 14 Paske, Bondye rele anpil moun, men, li pa chwazi anpil.
- 15 Apre sa, Farizyen yo ale, yo monte yon konplo pou pran Jezi nan pyèj ak pwòp pawòl li.
- 16 Yo voye disip yo ansanm ak Ewodis yo kote li. Yo di: Mèt, nou konnen ou onèt epi ou anseye chemen Bondye a selon laverite. Ou pa pè pèsonn, paske ou pa gade sou figi moun.
- 17 Donk, di nou sa w panse. Wi oubyen non, èske lalwa pèmèt yo peye Seza taks?
- 18 Jezi ki te konnen mekanste yo, li di: Ipokrit, poukisa n ap tante m nan?
- 19 Montre m pyès lajan, yo peye taks la. Yo pote yon denye ba li.
- 20 Epi, li di yo: Sa a se pòtre kilès? Epi, pou kilès yo ekri pawòl sa yo?
- 21 Yo di li: Pou Seza! Apre sa, li di yo: Donk, bay Seza sa ki pou Seza. Bay Bondye sa ki pou Bondye.

- ²² Lè yo tandè sa, yo sezi. Epi, yo kite Jezi, y ale.
- ²³ Menm jou sa a, Sadiseyen yo pwoche kote Jezi. Se yo ki di pa gen rezirèksyon an. Yo poze li yon kesyon,
- ²⁴ yo di: Mèt, Moyiz di: «Si yon nonm ta mouri san li pa gen pitit, frè li dwe marye ak madanm li an. Konsa, li va fè pitit pou defen an.»
- ²⁵ Twouve te genyen sèt frè pami nou. Premye a marye, epi li mouri. Kòm li pa t gen pitit, li kite madanm nan pou frè li.
- ²⁶ Epi, menm bagay la rive ak dezyèm nan, epi twazyèm nan, jis rive sou setyèm nan.
- ²⁷ Apre yo tout mouri, madanm nan mouri tou.
- ²⁸ Donk, jou rezirèksyon an, madanm kilès nan sèt yo l ap ye? Paske, yo tout te pran li pou madanm.
- ²⁹ Jezi reponn, li di yo: N ap twonpe tèt nou. Paske, nou pa konnen ni Lekriti, ni pisans Bondye.
- ³⁰ Vrèmanvre, lè moun resisite, yo p ap ni marye, ni bay fi pou maryaj. Men, yo va tankou zanj Bondye yo ki nan syèl la.
- ³¹ Men, kanta pou rezirèksyon mò yo, èske nou pa konnen sa Bondye di nou?
- ³² Li di: «Mwen se Bondye Abraam, Bondye Izaak, ak Bondye Jakòb.» Bondye pa Bondye moun mouri, men, Bondye moun vivan.
- ³³ Ansèyman Jezi a te fè foul moun ki t ap koute l yo sezi.
- ³⁴ Lè Farizyen yo tandè Jezi te fèmen bouch Sadiseyen yo, yo reyini ansanm.
- ³⁵ Youn nan yo ki yon avoka poze li yon kesyon pou l tante li.
- ³⁶ Li di: Mèt, ki kòmanman nan lalwa ki pi enpòtan?
- ³⁷ Jezi di li: Se «Ou va renmen Bondye, Senyè ou, ak tout kè ou, ak tout nanm ou, ak tout lide ou.»
- ³⁸ Se kòmanman sa a ki premye epi ki pi enpòtan.
- ³⁹ Men dezyèm nan! Li menm jan: «Ou va renmen pwochen ou, menm jan ou renmen tèt ou.»
- ⁴⁰ Se sou de kòmanman sa yo, tout lalwa ak pwofesi yo kanpe.
- ⁴¹ Pandan Farizyen yo te reyini ansanm, Jezi poze yo yon kesyon.
- ⁴² Li di: Sa n panse de Kris la? Pitit kilès li ye? Yo di li: Pitit David.
- ⁴³ Li di yo: Donk, kòman David, sou direksyon Lespri a, fè rele li Senyè?

⁴⁴ Vrèmanvre, li di: Senyè a di Senyè m nan: «Chita adwat mwen, Jis mwen fè lènmi ou yo tounen yon machpye anba pye ou.»

⁴⁵ Donk, si David, li menm, rele li Senyè, kòman li fè pitit David?

⁴⁶ Pèsonn pa t kapab reponn li yon mo. E, depi jou sa a, pèsonn pa t oze poze li kesyon ankò.

Matye 23

¹ Apre sa, Jezi pale avèk fowl moun yo ansanm ak disip li yo.

² Li di: Pwofesè lalwa yo ak Farizyen yo chita nan Chèz Moyiz la.

³ Donk, tout bagay yo di nou fè, fè yo, obsève yo. Men, pa fè travay yo fè. Paske, yo di, men, yo pa fè.

⁴ Vrèmanvre, yo mare chay ki lou epi ki difisil pou moun pote, epi yo mete yo sou zepòl moun. Alòske, yo menm, yo pa vle mete menm dwèt yo pou yo deplase chay sa yo.

⁵ Tout travay y ap fè se pou moun ka admire yo. Konsa, yo fè filaktè yo laj. Yo fè franj rad yo gwo.

⁶ Yo renmen premye plas nan resepsyon, plas devan nan sinagòg,

⁷ onè sou plas piblik; yo renmen pou lèzòm ap rele yo: «Rabi! Rabi!»

⁸ Men, nou menm, pa fè moun rele nou «Rabi!» Paske, se yon sèl Direktè nou genyen, se Kris la. Apre sa, nou tout se frè.

⁹ E, pa rele pèsonn sou latè Papa nou. Paske, se yon sèl Papa nou genyen, se sila ki nan syèl la.

¹⁰ Pa fè yo rele nou Direktè nonplis. Paske, se yon sèl Direktè nou genyen, se Kris la.

¹¹ Moun ki va sèvitè nou, se yo ki va pi enpòtan pami nou.

¹² Men, moun ki leve tèt yo, Bondye ap rabese yo. E, moun ki rabese tèt yo, Bondye ap leve yo.

¹³ Malè pou nou, pwofesè lalwa ak Farizyen! Ipokrit! Paske, nou fèmen pòt wayòm syèl la devan lèzòm. Vrèmanvre, nou menm, nou pa antre. E, moun k ap antre yo, nou pa kite yo antre nonplis.

¹⁴ Malè pou nou, pwofesè lalwa ak Farizyen! Ipokrit! Paske, n ap piye kay vèv yo, epi, kòm pretèks, n ap lapriyè byen long. Poutèt sa, n ap resevwa yon pi gwo kondanasyon.

¹⁵ Malè pou nou, pwofesè lalwa ak Farizyen! Ipokrit! Paske, nou vwayaje toupatou sou lanmè ak sou latè pou nou fè menm yon pwozelit. E, lè nou jwenn youn, nou fè l vin yon pitit Jeyèn de fwa plis pase nou.

¹⁶ Malè pou nou, dirijan avèg! N ap di: «Si yon moun sèmante sou tanp lan, sa pa anyen. Men, si yon moun sèmante sou lò nan tanp lan, sèman an kenbe.»

¹⁷ Moun fou! Moun avèg! Vrèmanvre, kisa ki pi enpòtan? Èske se lò a, oubyen, èske se tanp lan ki sangtifye lò a?

¹⁸ Nou di ankò: «Si yon moun sèmante sou lotèl la, sa pa anyen. Men, si yon moun sèmante sou ofrann ki sou lotèl la, sèman an kenbe.»

¹⁹ Moun fou! Moun avèg! Vrèmanvre, kisa ki pi enpòtan? Èske se ofrann nan, oubyen, èske se lotèl ki sangtifye ofrann nan?

²⁰ Donk, lè yon moun sèmante sou lotèl la, li sèmante ni sou lotèl la, ni sou tout sa ki sou lotèl la.

²¹ E, lè yon moun sèmante sou tanp lan, li sèmante ni sou tanp lan, ni sou sila ki abite nan tanp lan.

²² E, lè yon moun sèmante sou syèl la, li sèmante ni sou twòn Bondye a, ni sou sila ki chita sou twòn nan.

²³ Malè pou nou, pwofesè lalwa ak Farizyen! Ipokrit! Paske, nou peye ladim sou mant, sou lanni, ak sou kanèl, alòske, nou kite bagay ki pi enpòtan nan lalwa, tankou jistis, pitye ak fidelite. Fòk nou fè bagay sa yo tou, san nou pa kite lòt yo.

²⁴ Se gid ki avèg nou ye! Nou p ap bwè yon mouch, men, n ap vale yon chamo.

²⁵ Malè pou nou, pwofesè lalwa ak Farizyen! Ipokrit! Paske, nou netwaye gode ak asyèt sou deyò, alòske, andedan kè nou plen avèk lide vòlè epi avèk mechanste.

²⁶ Farizyen, moun avèg! Netwaye andedan gode ak asyèt la anvan, epi konsa, yo va vin pwòp sou deyò tou.

²⁷ Malè pou nou, pwofesè lalwa ak Farizyen! Ipokrit! Paske, nou tankou kavo yo blanchi. Sou deyò, yo parèt bèl. Men, andedan, yo plen avèk zosman mò ak tout kalite salte.

²⁸ Se konsa nou ye tou. Sou deyò, nou parèt jis devan lèzòm. Men, andedan kè nou plen avèk ipokrizi ak rebelyon.

²⁹ Malè pou nou, pwofesè lalwa ak Farizyen! Ipokrit! Paske, nou bati kavo pwofèt yo, nou dekore tonm moun jis yo,

³⁰ epi nou di: «Si nou te la nan jou zansèt nou yo, nou pa t ap met ansanm avèk yo pou vide san pwofèt yo.»

- ³¹ Konsa, nou se temwen kont pwòp tèt nou, se pitit moun ki te asasinen pwofèt yo nou ye.
- ³² Ebyen, nou menm, fin plen mezi mekanste zansèt nou yo non!
- ³³ Bann koulèv! Ras sèpan! Kòman pou n ta fè chape anba jijman Jeyèn nan!
- ³⁴ Se poutèt sa, gade! M ap voye pwofèt, saj, ak pwofesè lalwa ban nou. Gen kèk nan yo n ap tiye epi n ap krisifye. Epi gen kèk nan yo n ap bat nan sinagòg nou yo epi n ap pèsekite vil apre vil.
- ³⁵ Konsa, soti sou san Abèl, nonm jis la, rive sou san Zakari, pitit Barachi nou te tiye ant tanp lan ak lotèl la, tout san moun jis ki te koule sou latè, se sou kont nou y ap tonbe.
- ³⁶ Franchman, m ap di nou sa: Tout bagay sa yo ap tonbe sou kont jenerasyon sa a.
- ³⁷ Aa Jerizalèm! Jerizalèm! Ou menm k ap tiye pwofèt yo epi k ap kalonnen moun yo voye kote w yo! Konbyen fwa mwen te vle rasanble pitit ou yo ansanm, menm jan ak yon poul ki rasanble pitit pa l anba zèl li. Men, nou pa janm vle.
- ³⁸ Ebyen, gade! Yo abandone kay ou tankou yon dezè.
- ³⁹ Paske, m ap di nou sa: Nou p ap wè mwen ditou pou jis lè pou nou va di: «Benediksyon pou sila k ap vini nan non Senyè a.»

Matye 24

- ¹ Pandan Jezi t ap soti nan lakou tanp lan pou l ale, disip li yo pwoche pou yo montre li bilding tanp lan.
- ² Alò, Jezi di yo: Nou wè tout bagay sa yo, pa vre? Franchman, m ap di nou sa: Pa gen yon wòch k ap rete sou yon lòt wòch pou yo pa jete li atè.
- ³ E, pandan li te chita sou Mòn Oliv, disip yo pwoche kote li apa. Yo di: Di nou kilè tout bagay sa yo ap rive? Epitou, ki siy k ap genyen, lè w ap vini ak lè lafen di monn ap rive?
- ⁴ Jezi reponn, li di yo: Fè atansyon pou pèsonn pa twonpe nou.
- ⁵ Paske, anpil moun va vini sou non mwen. Yo va di: «Se mwen ki Kris la!» Konsa, yo va twonpe anpil moun.
- ⁶ Nou pral tandè gen lagè ak bri lagè. Veye pou nou pa bay kò nou traka. Vrèmanvre, fòk tout bagay sa yo rive. Men, se p ap ko lafen an sa.
- ⁷ Paske, nasyon va leve kont nasyon, wayòm va leve kont wayòm. Ap gen grangou ak epidemi ansanm ak tranblemanntè anpil kote.
- ⁸ Men, tout bagay sa yo, se kòmansman doulè tranche a.

- ⁹ Apre sa, y ap lage nou nan tribilasyon. Y ap tiye nou, epi tout nasyon yo ap rayi nou poutèt non mwen.
- ¹⁰ E, apre sa, anpil moun ap chite, youn ap trayi lòt, youn ap rayi lòt.
- ¹¹ Anpil fo pwofèt ap parèt, epi y ap twonpe anpil moun.
- ¹² E, kòm ap plen rebelyon, lamou anpil moun ap rafredi.
- ¹³ Men, moun ki va sipòte jiska lafen, se yo ki va sove.
- ¹⁴ E, bon nouvèl wayòm sa a ap preche nan lemonn antye pou li sèvi kòm temwayaj bay tout nasyon. Epi, apre sa, lafen an ap rive.
- ¹⁵ Pwofèt Danyèl pale sou Abominasyon-ki-lakòz-devas la. (Alò, se pou moun k ap li a byen konprann.) Donk, lè nou va wè li kanpe nan plas ki sen an,
- ¹⁶ lè sa a, se pou moun ki nan Jide sove al sou mòn yo.
- ¹⁷ Moun ki sou do kay pa dwe desann pran bagay ki lakay yo.
- ¹⁸ E, moun ki nan jaden pa dwe tounen dèyè pou yo pran rad yo.
- ¹⁹ Men, pou fi ki ansent ak sa k ap bay tete nan jou sa yo, adye!
- ²⁰ Priye pou se pa ni nan tan ivè, ni nan jou saba pou n ap sove konsa.
- ²¹ Paske, lè sa a, ap genyen yon gwo tribilasyon. Pa t janm genyen tankou l depi lemonn kòmanse pou jis kounye a. E, p ap janm genyen l ankò.
- ²² E, si Bondye pa t koupe nan kantite jou sa yo, pa gen yon moun ki t ap sove. Men, poutèt moun li te chwazi yo, li koupe nan kantite jou sa yo.
- ²³ Lè sa a, si yon moun ta di nou: «Gade! Men Kris la isit!» oubyen: «Li lòt bò!» pa kwè.
- ²⁴ Paske, fo Kris ak fo pwofèt va parèt. Yo va fè gwo mirak-siy ak mèvèy pou yo twonpe menm moun Bondye chwazi yo, si sa te posib.
- ²⁵ Gade! Mwen di nou sa davans.
- ²⁶ Donk, si yo ta di nou: «Gade! Li nan dezè a!» pa ale. Oubyen: «Gade! Li nan chanm!» pa kwè.
- ²⁷ Paske, menm jan ak zèklè ki soti nan zòn Lès epi ki flache nan zòn Lwès, se konsa sa va ye lè Pitit Lòm nan ap vini.
- ²⁸ Vrèmanvre, kote kadav la va ye, se la votou yo va rasanble.
- ²⁹ E, tousuit apre jou tribilasyon sa yo, Solèy la va vin tou nwa, Lalin nan p ap bay limyè li, Zetwal yo ap tonbe sot nan syèl, Epi, pisans ki nan syèl yo va brannen.

- ³⁰ E, lè sa a, siy Pitit Lòm nan ap parèt nan syèl la. Lè sa a tou, tout tribi sou latè ap kriye, y ap wè Pitit Lòm nan ap vini sou nyaj nan syèl yo, avèk pisans epi avèk anpil glwa.
- ³¹ L ap voye zanj li yo sonnen twonpèt byen fò. Epi, y ap rasanble moun li te chwazi yo nan direksyon kat van yo, soti nan yon pwent syèl la rive nan yon lòt.
- ³² Men, aprann kichòy nan parabòl sa a sou pye figfrans. Lè branch li deja vin mou epi li pouse fèy, nou konnen lete pre vre.
- ³³ Konsa tou, lè nou menm nou va wè tout bagay sa yo, nou mèt konnen li tou pre, li nan papòt la.
- ³⁴ Franchman, m ap di nou sa: Jenerasyon sa a p ap pase ditou jis tout bagay sa yo rive.
- ³⁵ Syèl la ak tè a va pase, men, pawòl mwen yo p ap pase ditou.
- ³⁶ Men, kanta pou ki jou oubyen ki lè, pèsonn pa konnen, pa menm zanj yo ki nan syèl la. Sèl Papa a ki konnen.
- ³⁷ E, menm jan sa te ye nan jou Noe yo, se konsa sa va ye tou, lè Pitit Lòm nan ap vini.
- ³⁸ Vrèmanvre, se va menm jan ak jou anvan delij yo. Moun t ap manje, yo t ap bwè. Yo t ap marye, yo t ap bay pitit fi yo pou maryaj, jis jou Noe antre nan lach la.
- ³⁹ E, yo pa t konnen anyen, jis delij la vini epi li pran yo tout. Ebyen, se va konsa tou, lè Pitit Lòm nan ap vini.
- ⁴⁰ Lè sa a, de moun ka nan yon jaden. Y ap pran youn, y ap kite lòt la.
- ⁴¹ De fi ka ap moulen ansanm nan yon moulen. Y ap pran youn, y ap kite lòt la.
- ⁴² Donk, veye! Paske, nou pa konnen kilè Senyè nou an ap vini.
- ⁴³ Konnen sa byen! Si mèt yon kay te konnen nan ki tranche nuit la, vòlè a t ap vini, li t ap veye, e li pa t ap pèmèt vòlè kase kay li.
- ⁴⁴ Se poutèt sa tou, nou menm, fòk nou pare, paske Pitit Lòm nan ap vini lè nou pa ta panse.
- ⁴⁵ Alò, ki sèvitè ki fidèl epi ki entèlijan pou mèt li ta mete l responsab moun lakay li, pou l ba yo manje nan lè pou yo manje?
- ⁴⁶ Benediksyon pou sèvitè sa a si mèt li vin jwenn li ap fè sa vre!
- ⁴⁷ Franchman, m ap di nou sa: Mèt la ap mete l responsab tout byen l yo.

⁴⁸ Men, si li ta yon move sèvitè ki ta di nan kè li: «Mèt mwen ap pran tan anvan li vini.»

⁴⁹ Epi, li kòmanse bat sèvitè parèy li yo, li kòmanse manje ak bwè avèk tafyatè,

⁵⁰ ebyen, mèl sèvitè sa a va vini yon jou li pa t atann, yon lè li pa t konnen.

⁵¹ Mèt la ap depatcha misye, epi l ap mete pòsyon pa misye a ansanm ak pa moun ipokrit yo. E, la, ap gen rèl ak manje dan.

Matye 25

¹ Lè sa a, wayòm syèl la va sanble ak dis fi vyèj ki pran lanp yo, pou y al rankontre lemarye a.

² Senk nan yo te entèlijan, e senk te san bonsans.

³ Sa ki te san bonsans yo pran lanp yo, men, yo pa t pran luil pa yo.

⁴ Sa ki te entèlijan yo, yo menm, yo pran veso luil pou lanp yo.

⁵ Men, lemarye a t ap mize. Alò, yo tout kabicha, yo dòmi.

⁶ Nan mitan lannuit lan, yon rèl pati: Gade! Men lemarye a ap vini! Soti al rankontre li!

⁷ Lè sa a, tout fi vyèj yo leve, epi yo prepare lanp yo.

⁸ Men, sa ki te san bonsans yo di sa ki te entèlijan yo: Ban nou nan luil nou an, paske lanp nou yo ap etenn.

⁹ Sa ki te entèlijan yo reponn, yo di: Nou pè pou pa ta gen ase ni pou nou menm, ni pou nou, pito n al kay machann yo, n a achte pa nou.

¹⁰ Pandan y al achte a, lemarye a vini. Sa ki te pare yo antre nan nòs la avèk li, epi yo fèmen pòt la.

¹¹ Pi ta, lòt fi vyèj yo vini tou, yo di: Senyè, senyè, louvri pou nou.

¹² Men, li reponn, li di: Franchman, m ap di nou sa: Mwen pa konnen nou.

¹³ Donk, veye! Paske, nou pa konnen ni jou, ni lè Pitit Lòm nan ap vini.

¹⁴ Vrèmanvre, se va tankou yon nonm k ap pati aletranje. Li rele sèvitè li yo, li remèt yo byen li yo.

¹⁵ Li ba yo chak dapre sa kapasite yo ye: Li bay youn senk talan, yon lòt de, epi yon lòt youn. Epi, li pati menm lè a.

¹⁶ Sa ki te resevwa senk talan an al investi yo. Konsa, li fè senk lòt talan.

¹⁷ Se te menm bagay la tou pou sa ki te gen de talan an. Li menm tou, li fè benefis de lòt talan.

- ¹⁸ Sa ki te resevwa yon talan an, li menm, I al fouye yon twou nan tè, epi li sere lajan mèt li a.
- ¹⁹ Lontan apre sa, mèt sèvitè sa yo tounen. Li fè regleman avèk yo.
- ²⁰ Sa ki te resevwa senk talan an pwoche, li pote senk lòt talan yo, li di: Senyè, ou te remèt mwen senk talan, men senk lòt mwen fè kòm benefis sou yo.
- ²¹ Mèt li di li: Trè byen, sèvitè. Ou bon epi ou fidèl. Ou te fidèl nan ti bagay, m ap mete ou responsab gwo bagay. Vin rejwi ak mèt ou.
- ²² Sa ki te resevwa de talan an pwoche tou, li di: Senyè, ou te remèt mwen de talan, men de lòt mwen fè kòm benefis sou yo.
- ²³ Mèt li di li: Trè byen, sèvitè. Ou bon epi ou fidèl. Ou te fidèl nan ti bagay, m ap mete ou responsab gwo bagay. Vin rejwi ak mèt ou.
- ²⁴ Sa ki te resevwa yon sèl talan an pwoche tou. Li di: Senyè, mwen konnen ou se yon nonm ki di. Ou rekòlte kote ou pa t simen, ou ranmase kote ou pa t voye semans.
- ²⁵ Mwen te pè. Donk, m al sere talan w lan anba tè. Men li, pran sa k pou ou a.
- ²⁶ Mèt li reponn, li di li: Sèvitè mechan! Parese! Ou konnen mwen se moun ki rekòlte kote mwen pa simen, epi mwen ranmase kote mwen pa voye semans.
- ²⁷ Donk, fòk ou te mete lajan m nan labank. Konsa, lè m vini, mwen ta rebran sa k pou mwen an, avèk enterè.
- ²⁸ Donk, nou mèt pran talan an nan men misye. Sa ki gen dis talan an, ba li l.
- ²⁹ Paske, chak moun ki genyen, yo va ba li, epi l ap nan abondans. Men, moun ki pa genyen an, menm sa li genyen an, y ap pran l nan men l.
- ³⁰ Epi, sèvitè initil sa a, jete l nan fènwa deyò a. La, ap gen rèl ak manje dan.
- ³¹ Lè Pitit Lòm nan va vini nan glwa li, tout zanj li yo ki sen va avèk li. Lè sa a, l ap chita sou twòn li nan laglwa.
- ³² Epi, tout nasyon yo ap rasanble devan li. L ap separe yo youn avèk lòt, menm jan yon bèje separe mouton avèk kabrit.
- ³³ L ap mete mouton yo adwat li epi kabrit yo agoch li.
- ³⁴ Apre sa, wa a ap di sa ki adwat li yo: Vini, nou menm, Papa m beni yo. Pran eritaj nou an, wayòm ki te prepare pou nou, depi anvan Bondye te kreye lemonn nan.
- ³⁵ Paske, mwen te grangou, epi nou te ban mwen manje. Mwen te swaf, epi nou te ban mwen bwè. Mwen te etranje, epi, nou te ban mwen ladesant.

³⁶ Mwen te toutouni, epi, nou te abiye mwen. Mwen te malad, epi nou te vin vizite mwen. E, mwen te nan prizon, epi nou te vini kote mwen.

³⁷ Lè sa a, moun jis yo ap reponn li, y ap di: Senyè, kilè nou te wè ou grangou epi nou te ba ou manje a? Oubyen, kilè nou te wè ou swaf epi nou te ba ou bwè a?

³⁸ Kilè nou te wè ou etranje epi nou te ba ou ladesant lan? Oubyen, kilè nou te wè ou toutouni epi nou te abiye ou la?

³⁹ Kilè nou te wè ou malad oubyen nan prizon epi nou te ale kote w la?

⁴⁰ Epi, wa a ap reponn, l ap di yo: Franchman, m ap di nou sa: Chak fwa nou te fè bagay sa yo pou youn nan pi piti sa yo pami frè m yo, ebyen, se pou mwen nou te fè yo.

⁴¹ Apre sa, l ap di sa ki agoch li yo tou: Retire nou sou mwen, moun modi! Ale nan dife etènèl ki te prepare pou djab la ansanm avèk zanj li yo.

⁴² Paske, mwen te grangou, epi nou pa t ban mwen manje. Mwen te swaf, epi nou pa t ban mwen bwè.

⁴³ Mwen te etranje, epi nou pa t ban mwen ladesant. Mwen te toutouni, epi nou pa t abiye mwen. Mwen te malad, mwen te nan prizon, epi nou pa t vin vizite mwen.

⁴⁴ Lè sa a, yo menm tou, y ap reponn, y ap di: Senyè, kilè nou te wè ou grangou, oubyen swaf, oubyen tankou yon etranje, oubyen toutouni, oubyen malad, oubyen nan prizon epi nou pa t rann ou sèvis la?

⁴⁵ Lè sa a, l ap reponn yo, l ap di: Franchman, m ap di nou sa: Chak fwa nou pa t fè bagay sa yo pou youn nan pi piti sa yo, se pou mwen nou pa t fè yo.

⁴⁶ Epi, l ap voye moun sa yo al anba chatiman etènèl la. Men, moun jis yo, l ap voye yo al nan lavi etènèl.

Matye 26

¹ Lè Jezi fin di tout pawòl sa yo, li di disip li yo:

² Nou konnen nan de jou, fèt Pak la ap rive, epi y ap livre Pitit Lòm nan pou yo krisifye li.

³ Apre sa, sakrifikatè prensipal yo, pwofesè lalwa yo, ak ansyen pami pèp la reyini nan lakou sakrifikatè an chèf, yo rele Kayif la.

⁴ Yo deside ansanm y ap arete Jezi nan riz, epi y ap tiye li.

⁵ Men, yo di: Fòk se pa pandan fèt la, dekwa pou pèp la pa fè dezòd.

⁶ Jezi, li menm, te Betani, kay Simon ki te gen lèp la.

- ⁷ Pandan li te sou tab, yon dam pwoche kote li ak yon krich ann albat ki te genyen yon pafen ki vann chè. Dam nan vide pafen an sou tèt Jezi.
- ⁸ Lè disip li yo wè sa, yo vekse. Yo di: Pouki gaspiyaj sa a?
- ⁹ Paske, yo ta kapab vann pafen sa a pou anpil kòb, epi yo ta bay pòv li.
- ¹⁰ Jezi te konnen sa. Li di yo: Poukisa n ap nui dam nan konsa? Vrèmanvre, se yon bèl jès li fè avèk mwen.
- ¹¹ Paske, n ap toujou gen pòv yo avèk nou. Men, nou p ap toujou genyen mwen.
- ¹² Vrèmanvre, lè l vide pafen an sou kò mwen, li fè sa pou lè yo va antere mwen.
- ¹³ Franchman, m ap di nou sa: Nenpòt kote nan lemonn antye, yo ta preche bon nouvèl sa a, y ap sonje dam nan pou yo rakonte sa li te fè a.
- ¹⁴ Apre sa, youn nan Douz yo, sa yo rele Jida Iskaryòt la, ale kote sakrifikatè prensipal yo.
- ¹⁵ Li di yo: Kisa nou vle ban mwen pou mwen livre li ban nou? Yo antann avèk li sou trant pyès ann ajan.
- ¹⁶ Depi lè sa a, li pran chèche yon okazyon pou li trayi Jezi.
- ¹⁷ Premye jou fèt Pen San Ledven an, disip yo pwoche kote Jezi, yo di li: Kibò w ta vle nou pare manje Pak la pou ou?
- ¹⁸ Li di: Ale nan vil la kote entèl. Di li: «Mèt la di: Tan mwen pre rive. Se lakay ou m ap fete Pak la avèk disip mwen yo.»
- ¹⁹ Disip yo fè sa Jezi te kòmande yo fè a. Epi, yo pare manje Pak la.
- ²⁰ Lè aswè rive, l al sou tab ak Douz yo.
- ²¹ Pandan yo t ap manje, li di: Franchman, m ap di nou sa: Youn nan nou ap trayi mwen.
- ²² Sa te fè yo tris anpil. Yo chak kòmanse di li: Senyè, èske se mwen menm?
- ²³ Li reponn, li di: Moun ki te mete men l ansanm avèk mwen nan bòl la, se li k ap trayi m nan.
- ²⁴ Pitit Lòm nan prale menm jan sa te ekri sou li a. Men tou, malè pou nonm sa a ki trayi Pitit Lòm nan. Li ta pi bon pou nonm sa a si li pa t janm fèt.
- ²⁵ Jida, li menm, ki t apral trayi li, reponn, li di: Rabi, èske se mwen menm? Jezi di li: Apa w di !!
- ²⁶ Pandan yo t ap manje a, Jezi pran pen. Li beni li. Li kase l bay disip yo. Epi, li di: Pran. Manje. Sa a se kò mwen.

- 27 Li pran gode a tou. Li rann gras. Epi, pandan l ap ba yo li, li di: Nou tout, se pou nou bwè ladan l.
- 28 Paske, sa a se san mwen, san nouvèl alyans ki koule pou anpil moun nan, pou padon peche yo.
- 29 M ap di nou sa: Apati jodi a, mwen p ap bwè fwi rezen an ditou, pou jis jou sa a, lè mwen va bwè youn ki nouvo ansanm avèk nou, nan wayòm Papa m nan.
- 30 Yo chante kantik. Epi, y ale sou Mòn Oliv.
- 31 Apre sa, Jezi di yo: Lannuit sa a, nou tout ap chite akòz mwen menm. Paske, sa ekri konsa: Mwen va frape bèje a, Epi, mouton nan twoupo a va gaye.
- 32 Men, apre mwen resisite, mwen prale Galile anvan nou.
- 33 Pyè reponn, li di li: Menm si yo tout ta chite akòz ou menm, mwen menm, mwen p ap janm chite.
- 34 Jezi di li: Franchman, m ap di ou sa: Lannuit sa a, anvan kòk chante, w ap nye mwen twa fwa.
- 35 Pyè di li: Menm si mwen ta dwe mouri avèk ou, mwen p ap janm nye ou. Tout disip yo di menm bagay la tou.
- 36 Apre sa, Jezi ale yon kote yo rele Jetsemane avèk yo. Epi, li di disip yo: Chita isit la pandan mwen pral lapriyè lòt bò a.
- 37 Li pran Pyè ak de pitit Zebede yo. Epi, li kòmanse gen lapenn ak kè-sere.
- 38 Lè sa a, Jezi di yo: Mwen ta mouri, tank nanm mwen tris. Rete veye isit la avèk mwen.
- 39 Li vanse pi lwen, li koube fas atè pou li lapriyè. Li di: Papa mwen, si sa posib, se pou gode sa a pase lwen mwen. Men, pa fè jan mwen menm, mwen vle, men, jan ou vle.
- 40 Lè li tounen kote disip yo, li jwenn y ap dòmi. Alò, li di Pyè: Donk, ou pa t kapab veye avèk mwen, menm inè d tan?
- 41 Veye, epi, priye, pou nou pa tonbe nan tantasyon. Lespri a vle, men, chè a fèb.
- 42 Jezi ale yon dezyèm fwa ankò, li lapriyè, li di: Papa mwen, si li pa posib pou gode sa a pase lwen mwen san mwen pa bwè l, se pou volonte ou fèt.
- 43 Lè li retounen, li jwenn y ap dòmi ankò. Vrèmanvre, je yo te lou.
- 44 Li kite yo, l al lapriyè ankò yon twazyèm fwa. Li di menm pawòl la.

- ⁴⁵ Apre sa, li vini kote disip li yo, li di yo: N ap dòmi toujou? N ap poze kò nou toujou? Gade! Lè a rive. Yo pral livre Pitit Lòm nan nan men pechè yo.
- ⁴⁶ Leve! Ann ale! Gade! Moun ki trayi m nan ap vini.
- ⁴⁷ Pandan menm, li t ap pale a, twouve Jida, youn nan Douz yo, vini. Li te genyen yon gwo foul avèk li, ki te gen epe ak baton. Yo te soti kote sakrifikatè prensipal yo ak ansyen pami pèp la.
- ⁴⁸ Moun ki t ap trayi Jezi a te ba yo yon siy. Li te di: Moun mwen va bo a, se li menm. Pran li.
- ⁴⁹ Menm lè a tou, li pwoche sou Jezi, li di: Bonswa, Rabi! Epi, li pran bo li.
- ⁵⁰ Men, Jezi di li: Zanmi, poukisa w la a? Apre sa, yo pwoche, yo mete men sou Jezi, yo pran li.
- ⁵¹ Epi, twouve youn nan moun ki te avèk Jezi yo lonje men li, li rale epe li, li frape sèvitè sakrifikatè an chèf la, epi li koupe zòrèy li.
- ⁵² Alò, Jezi di li: Remete epe w la nan plas li. Paske tout moun ki pran epe, se ak epe y ap mouri tou.
- ⁵³ Èske w panse mwen pa ta kapab sipliye Papa mwen kounye a epi li ta ban mwen plis pase douz rejiman zanj?
- ⁵⁴ Donk, lè sa a, kòman pou Lekriti ta akonpli? Paske, yo di: Fòk sa rive konsa!
- ⁵⁵ Nan menm lè sa a, Jezi di foul moun yo: Nou vin arete mwen avèk epe ak baton tankou se dèyè yon malfektè nou ye, pa vre? Se chak jou, mwen te chita avèk nou ap anseye nan lakou tanp lan. E, nou pa t pran mwen.
- ⁵⁶ Men, tout sa rive, dekwa pou Ekriti pwofèt yo ekri yo te ka akonpli. Lè sa a, tout disip yo kite li, yo sove.
- ⁵⁷ Moun ki te pran Jezi yo mennen li kote Kayif, sakrifikatè an chèf la. Se la pwofesè lalwa yo ak ansyen yo te reyini.
- ⁵⁸ Pyè, li menm, t ap suiv li de lwen, jis andedan lakou sakrifikatè an chèf la. Li antre andedan an, li chita avèk polis yo pou l wè jan sa ap fini.
- ⁵⁹ Sakrifikatè prensipal yo, ansyen yo, ak tout Konsèy la t ap chèche fo temwayaj kont Jezi pou yo te ka tiye li.
- ⁶⁰ Men, yo pa t jwenn. Malgre anpil fo temwen te pwoche, yo pa t jwenn. Anfen, de fo temwen pwoche.
- ⁶¹ Yo di: Misye di: «Mwen kapab detui tanp Bondye a epi pou mwen rebati l nan twa jou.»
- ⁶² Alò, sakrifikatè an chèf la kanpe. Li di Jezi: Ou pa reponn anyen? Sa y ap temwaye kont ou konsa?

⁶³ Men, Jezi rete bouch fèmen. Sakrifikatè an chèf la pran lapawòl ankò, li di li: Devan Bondye vivan an, sèmanse pou w di nou si se ou ki Kris la, Pitit Bondye a.

⁶⁴ Jezi di li: Apa ou di l. Plis ankò, m ap di nou sa: Apati jodi a, nou va wè Pitit Lòm nan lè li va chita adwat Pisans lan ak lè l ap vini sou nyaj nan syèl la.

⁶⁵ Lè sa a, sakrifikatè an chèf la chire rad li. Li di: Li denigre Bondye! Poukisa nou bezwen temwen ankò? Gade! Nou sot tande l ap denigre Bondye kounye a la a!

⁶⁶ Sa n panse? Yo reponn, yo di: Li merite lanmò!

⁶⁷ Apre sa, yo krache nan figi l, epi yo ba l kout pwen.

⁶⁸ Lòt moun ba l souflèt, epi yo di: Kris, pwofetize pou nou! Kilès ki frape w?

⁶⁹ Pyè, li menm, te chita nan lakou a. Yon sèvant pwoche kote li, li di: Ou menm tou, ou te avèk Jezi, moun Galile a.

⁷⁰ Men, Pyè nye sa devan yo tout. Li di: Mwen pa konn sa w ap di a.

⁷¹ Epi, li soti al bò pòtay la. Yon lòt wè li, epi li di moun ki te la yo: Misye te avèk Jezi, moun Nazarèt la tou.

⁷² Pyè sèmanse, li nye sa ankò, li di: Mwen pa konnen nonm nan!

⁷³ Pi ta, moun ki te kanpe la yo pwoche, yo di Pyè: An verite, ou se youn nan yo tou, paske jan ou pale a fè yo rekonèt ou.

⁷⁴ Lè sa a, li kòmanse rele malediksyon sou tèt li. Li sèmanse, li di: Mwen pa konnen nonm nan! Menm lè a tou, kòk chante.

⁷⁵ Alò, Pyè sonje pawòl Jezi a, lè li te di li: Anvan kòk chante, w ap nye mwen twa fwa. Li soti deyò a, li kriye avèk anpil lapenn.

Matye 27

¹ Lè maten rive, tout sakrifikatè prensipal yo ak ansyen pami pèp la pran desizyon ansanm kont Jezi pou yo fè tiye li.

² Yo mare l mennen ale. Yo livre l bay gouvènè Pons Pilat.

³ Jida, li menm, ki te trayi Jezi, lè l wè yo kondane Jezi, remò pran l. Li retounen trant pyès ann ajan yo bay sakrifikatè prensipal yo ak ansyen yo.

⁴ Li di: Mwen peche! Paske, se yon san inosan mwen te livre ban nou. Men, yo di: Ki mele nou? Afè k gade w!

⁵ Epi, Jida jete pyès ann ajan yo andedan tanp lan, li rale kò l, l al pann tèt li.

⁶ Sakrifikatè prensipal yo pran pyès ann ajan yo. Yo di: Se pri san. Lalwa pa pèmèt nou mete l nan kès tanp lan.

- ⁷ Yo pran desizyon ansanm, epi yo achte tè bòs potri a avèk lajan an, pou sèvi simityè pou etranje.
- ⁸ Se poutèt sa, pou jis jodi a, yo rele tè sa a «Tè San».
- ⁹ E, lè sa a, pawòl pwofèt Jeremi an te akonpli, kote li te di: Yo pran trant pyès ann ajan yo, Pri pou sila yo te machande a, Sila pitit Izrayèl yo te fè pri sou li a,
- ¹⁰ Epi yo bay yo pou tè bòs potri a. Tout sa, menm jan Senyè a te kòmande m li an.
- ¹¹ Jezi, li menm, konparèt devan gouvènè a. Gouvènè a poze li kesyon, li di: Èske ou se wa Juif yo? Jezi reponn li: Ou di li!
- ¹² Men, lè sakrifikatè prensipal yo ak ansyen yo akize li, li pa reponn anyen.
- ¹³ Alò, Pilat di li: Ou pa tandè tout jan y ap akize w?
- ¹⁴ Men, Jezi pa reponn li, pa menm yon mo. E, sa te fè gouvènè a sezi anpil.
- ¹⁵ Jou fèt, se te abitud gouvènè a pou l lage pou foul la prizonye yo te vle a.
- ¹⁶ Lè sa a, te genyen yon prizonye ki te fè pale de li ki te rele Barabas.
- ¹⁷ Donk, pandan yo reyini ansanm, Pilat di yo: Kilès nou ta vle mwen lage pou nou? Èske se Barabas oubyen Jezi ki rele Kris la?
- ¹⁸ Li di sa paske li te konnen se jalouzi ki te lakòz yo fè arete Jezi.
- ¹⁹ Men, pandan li chita nan tribinal la, madanm li voye di li: Pa mele nan anyen ak nonm jis sa a. Paske, jodi a, mwen fè yon rèv sou li ki toumante m anpil.
- ²⁰ Men, sakrifikatè prensipal yo ak ansyen yo konvenk foul moun yo, dekwa pou yo te mande lage Barabas epi pou Jezi, li menm, te peri.
- ²¹ Men, gouvènè a reponn, li di: Kilès nan yo de a nou ta vle mwen lage pou nou? Yo di: Barabas!
- ²² Pilat di yo: Donk, kisa m ap fè ak Jezi ki rele Kris la? Yo tout reponn li: Se pou yo krisifye li!
- ²³ Gouvènè a di: Ojis, ki mal li fè? Men, yo rele pi rèd, yo di: Se pou yo krisifye li!
- ²⁴ Lè Pilat wè, pase pou l genyen kichòy, okontrè, se dezòd k ap rive pito, li pran dlo, li lave men l devan foul la, li di: Mwen inosan pou san nonm jis sa a. Afè k gade nou!
- ²⁵ Tout pèp la reponn, yo di: San li mèt sou kont nou menm ak pitit nou yo!
- ²⁶ Apre sa, li lage Barabas ba yo. Men, li fè bat Jezi ak raso, epi li livre li pou yo krisifye li.

- 27 Kansa, sòlda gouvènè a eskòte Jezi nan palè gouvènè a, epi tout rejiman an reyini toutotou Jezi.
- 28 Yo dezabiye li, epi yo mete yon rad wouj vyolèt sou li.
- 29 Yo trese yon kouwòn pikan met sou tèt li. Yo mete yon wozo nan men dwat li. Epi, yo ajenou devan li pou yo pase l nan betiz. Yo di: Viv wa Juif yo!
- 30 Yo krache sou li. Yo pran wozo a, yo frape l sou tèt li.
- 31 Lè yo fin pase l nan betiz, yo retire rad la sou li, yo abiye l ak pwòp rad li, epi yo mennen l pou yo krisifye l.
- 32 Pandan y ap soti, yo jwenn yon moun Sirèn ki rele Simon. Yo fòse l pote kwa Jezi a.
- 33 Y ale kote ki rele Gòlgota a, sa vle di: Plas Zotèt.
- 34 La, yo ba li bwè vinèg melanje ak fyèl. Lè l goute l, li pa t vle bwè l.
- 35 Lè yo fin krisifye li, yo fè tirajosò pou yo separe rad li yo, dekwa pou pawòl pwofèt la ka akonpli: Yo separe rad mwen yo youn ak lòt. Yo fè tirajosò sou wòb mwen an.
- 36 Epi, yo chita la pou yo veye li.
- 37 Anlè tèt li, yo mete rezon kondanasyon an. Yo ekri: SILA A SE JEZI, WA JUIF YO.
- 38 Lè sa a tou yo te krisifye de malfektè avèk li: Youn adwat li, youn agoch li.
- 39 Moun ki t ap pase yo t ap denigre li. Yo t ap souke tèt yo,
- 40 epi yo t ap di: Se pa ou menm sa a ki detui tanp lan pou ou bati li nan twa jou a! Ebyen, sove tèt ou! Si se Pitit Bondye ou ye vre, desann sou kwa a.
- 41 Kansa tou, sakrifikatè prensipal yo ansanm ak pwofesè lalwa yo, ansyen yo, ak Farizyen yo t ap pase l nan betiz.
- 42 Yo t ap di: Li sove lòt yo, men, li pa kapab sove tèt li. Si se wa Izrayèl li ye vre, se pou l desann kwa a kounye a, epi n ap kwè nan li.
- 43 Li te mete konfyans li nan Bondye, si Bondye renmen li, se pou l delivre li kounye a. Paske, li di: «Mwen se Pitit Bondye.»
- 44 Malfektè yo te krisifye avè l yo t ap avili l menm jan an tou.
- 45 Depi sizyèm è a pou jis nevyèm è a, te gen fènwa nan tout peyi a.
- 46 Vè nevyèm è a, Jezi rele byen fò, li di: Eloyi, Eloyi, lama sabaktani? (Sa vle di: Bondye mwen, Bondye mwen, poukisa w abandone mwen?)
- 47 Lè kèk nan moun ki te kanpe la yo tandè sa, yo di: Men l ap rele Eli!

- 48 E, menm lè a, youn nan yo kouri, li pran yon eponj, li plen l ak vinèg, li mete l sou yon wozo, epi li bay Jezi bwè.
- 49 Men, rès moun yo di: Tann. Annou wè si Eli ap vin sove l.
- 50 Men, Jezi rele byen fò ankò, epi li lage lespri l.
- 51 Epi, twouve rido tanp lan fann de bò, depi anwo jis anba. Tè a tranble. Wòch fann.
- 52 Tonm louvri. Epi, kò anpil sen ki te mouri resisite.
- 53 Yo soti nan tonm yo apre Jezi te resisite. Yo antre nan vil sent lan, epi yo parèt devan anpil moun.
- 54 Lè santenye a ansanm avèk moun ki t ap veye Jezi yo wè tranblemanntè a ak bagay ki te rive yo, yo te pè anpil. Yo di: An verite, nonm sa a te Pitit Bondye.
- 55 Te gen anpil medam ki te la, yo t ap gade de lwen. Se yo menm ki te suiv Jezi depi Galile pou yo te ka sèvi l la.
- 56 Pami yo, te genyen Mari, moun Magdala; Mari, manman Jak ak Joz; epi manman pitit gason Zebede yo.
- 57 Lè aswè rive, yon nonm rich, yo rele Jozèf, vini. Li te moun Arimate. Li menm tou, li te vin yon disip Jezi.
- 58 Li pwoche kote Pilat, li mande l kò Jezi. Alò, Pilat pase lòd pou yo livre li kò a.
- 59 Jozèf pran kò a, li vlope l nan yon twal len pwòp.
- 60 Epi, li mete l nan yon tonm nèf yo te taye nan wòch pou li. Apre sa, li woule yon gwo wòch devan pòt tonm nan, epi l ale.
- 61 Mari, moun Magdala, ak lòt Mari a te chita la, anfas kavo a.
- 62 Nan demen, ki te jou apre Preparasyon an, sakrifikatè prensipal yo ak Farizyen yo reyini devan Pilat.
- 63 Yo di: Mèt, nou sonje lè demagòg sa a te vivan, li te di: «Apre twa jou, m ap resisite.»
- 64 Donk, pase lòd pou yo veye kavo a jiska twazyèm jou a, dekwa pou disip li yo pa vin vòlè kò a lannuit epi pou yo pa di pèp la: «Li resisite pami mò yo.» Dènye demagoji sa a ta pi rès pase premye a.
- 65 Pilat di yo: Nou gen yon kò sekirite. Al fè veye kavo a jan nou konnen.
- 66 Y ale vre, yo mete sele sou wòch la, yo poste sekirite. Konsa, yo fè veye kavo a.

Matye 28

- ¹ Apre saba a, avanjou, nan premye jou semèn nan, Mari, moun Magdala, avèk lòt Mari a, vin vizite tonm nan.
- ² E, twouve vin genyen yon gwo tranblemanntè. Paske, yon zanj Senyè a desann sot nan syèl, vin woule wòch la devan pòt la, epi li chita sou li.
- ³ Aparans kò li te tankou zèklè. E, rad li te blan kon lanèj.
- ⁴ Gad yo tranble tank yo pè. Yo vin tankou mò.
- ⁵ Zanj lan pran lapawòl, li di medam yo: Nou menm, nou pa bezwen pè. Paske, mwen konnen se Jezi, sila yo te krisifye a, n ap chèche.
- ⁶ Li pa isit la! Paske, menm jan li te di a, li resisite. Vini, gade kote Senyè a te kouche a.
- ⁷ Epi, ale vit kote disip li yo, di yo: Senyè a resisite pami mò yo. Gade! Li prale Galile devan nou. Se la n a wè li. Gade! Se mwen ki di nou sa!
- ⁸ Yo soti nan tonm nan byen vit. Yo te pè, e yo te gen yon gwo kontantman tou. Yo kouri al anonse disip Jezi yo sa.
- ⁹ Pandan menm, yo pral anonse disip li yo sa a, twouve se Jezi ki rankontre avèk yo. Li di: Bonjou! Yo menm, yo pwoche, yo kenbe pye li, yo adore li.
- ¹⁰ Alò, Jezi di yo: Pa pè! Al anonse frè mwen yo nouvèl la, dekwa pou yo ka ale Galile. Se la y ap wè mwen.
- ¹¹ Epi, pandan yo prale a, twouve kèk nan sekirite yo ale nan vil la, yo anonse sakrifikatè prensipal yo tout sa ki te rive.
- ¹² Sakrifikatè prensipal yo reyini ak ansyen yo, yo pran yon desizyon, epi yo bay sòlda yo anpil lajan.
- ¹³ Epi, yo di sòlda yo: Di se disip li yo ki vini lannuit pandan n ap dòmi epi ki vòlè kò a.
- ¹⁴ E, si gouvènè a ta tandè sa, nou menm, n a konvenk li, konsa, n ap pwoteje nou.
- ¹⁵ Sòlda yo pran lajan an, epi, yo fè jan yo te di yo a. E, se pawòl sa a ki simaye pami Juif yo pou jis jodi a.
- ¹⁶ Onz disip yo, yo menm, y ale Galile, sou mòn Jezi te endike yo a.

17 Lè yo wè Jezi, yo adore li. Men, kèk te nan dout.

18 Jezi, li menm, pwoche, li pale avèk yo, li di: Bondye ban mwen tout pouvwa nan syèl ak sou latè.

19 Donk, ale. Fè moun tout nasyon vin disip. Batize yo nan non Papa a, Pitit la, ak Lespri Sen an.

20 Anseye yo pou yo obsève tout sa mwen te kòmande nou yo. Gade! Mwen avèk nou chak jou, pou jis lafen di monn rive. Amèn!

Mak

Mak 1

- 1** Kòmansman levanjil sou Jezi Kris, Pitit Bondye a.
- 2** Menm jan pwofèt yo te ekri a (Gade! M ap voye mesaj m nan devan ou. Li va pare chemen ou devan ou.
- 3** Vwa yon nonm k ap rele nan dezè a di: Pare chemen an pou Senyè a. Fè ti wout yo dwat pou li.)
- 4** se konsa Jan te parèt. Li t ap batize moun nan dezè a. Li t ap preche batèm repantans pou padon peche.
- 5** Vrèmanvre, tout moun peyi Jide ak moun Jerizalèm t ap soti vin kote li. Yo t ap konfese peche yo. Li menm, li t ap batize yo tout nan rivyè Jouden an.
- 6** Jan te abiye an plim chamo, yon sentiwon kui te nan ren li. Epi, li t ap manje krikèt ak siwo myèl mawon.
- 7** Li t ap preche, li t ap di: Yon nonm ki genyen plis pouvwa pase mwen ap vini apre mwen. Mwen pa menm merite pou mwen ta bese demare lasèt sandal li.
- 8** Mwen menm, mwen te batize nou nan dlo. Men, li menm, li va batize nou nan Lespri Sen an.
- 9** Men, vin rive yon lè nan jou sa yo kote Jezi soti Nazarèt, nan Galile, epi Jan batize li nan Jouden an.
- 10** Pandan menm li t ap monte soti nan dlo a, li wè syèl la fann, epi Lespri a desann sou li tankou yon pijon.
- 11** Alò, yon vwa ki soti nan syèl la di: Ou se Pitit mwen renmen anpil la. Ou fè mwen plezi anpil.
- 12** Menm lè a, Lespri a pouse Jezi ale nan dezè a.
- 13** Jezi te la nan dezè a ak bèt mawon yo pandan karant jou. Satan t ap tante li, epi zanj yo t ap sèvi li.
- 14** Men, apre yo te arete Jan, Jezi ale Galile. Li t ap preche bon nouvèl wayòm Bondye a.
- 15** Li t ap di: Tan an rive! Wayòm Bondye a pre rive! Repanti! Kwè nan bon nouvèl la!
- 16** Pandan li t ap mache bò lanmè Galile a, li wè Simon ak Andre, frè Simon an. Yo t ap voye privye nan lanmè a, paske se pechè pwason yo te ye.
- 17** Jezi di yo: Suiv mwen! M a fè nou tounen pechè lèzòm.
- 18** Menm lè a tou, yo kite filè yo, yo suiv li.

- ¹⁹ Lè li vanse pi lwen, li wè Jak, pitit Zebede a, ak Jan, frè l la. Yo menm tou, yo t ap repara filè nan yon kannòt.
- ²⁰ Li rele yo menm lè a. Epi, yo kite papa yo, Zebede, nan kannòt la avèk travayè yo, y ale ak Jezi.
- ²¹ Apre sa, y ale Kapènawòm. Jou saba a, li antre nan sinagòg la. Li kòmanse anseye menm lè a.
- ²² Ansèyman l lan te fè yo sezi, paske se pa tankou pwofesè lalwa yo li te konn anseye yo, men, se tankou yon nonm ki gen otorite.
- ²³⁻²⁴ Te genyen yon nonm nan sinagòg yo a ki te genyen yon move lespri sou li. Li t ap rele, li t ap di: Aa Jezi, moun Nazarèt, nou menm avèk ou, nan kisa nou ye ansanm? Èske ou vini pou w detui nou? Mwen konnen ki moun ou ye: Ou se Sen Bondye a!
- ²⁵ Jezi fè l obsèvasyon, li di l: Silans! Soti sou li!
- ²⁶ Move lespri a sakaje nonm nan, li rele byen fò, epi li soti sou li.
- ²⁷ Tout moun te tèlman sou kè-sote, yo t ap diskite, youn ak lòt. Yo t ap di: Ki bagay sa a? Ki nouvo ansèyman sa a? Paske, li kòmande menm move lespri yo avèk otorite, epi yo obeye li.
- ²⁸ Menm lè a, nouvèl la gaye. Yo t ap pale de li nan tout zòn Galile a.
- ²⁹ Menm lè a tou, yo soti nan sinagòg la, epi y ale ansanm avèk Jak ak Jan lakay Simon ak Andre.
- ³⁰ Men, bèlmè Simon an te kouche ak lafyèv. Menm lè a, yo pale ak Jezi de bèlmè a.
- ³¹ Kounye a, Jezi ale, li pran men bèlmè a, li fè li leve. E, menm lè a, lafyèv la kite li. Epi, bèlmè a sèvi yo.
- ³² Rive nan aswè, apre solèy la te fin kouche, yo t ap mennen tout moun malad ansanm ak moun ki genyen demon sou yo, bay Jezi.
- ³³ Tout vil la te rasanble devan pòt la.
- ³⁴ Jezi geri anpil moun ki te genyen divès kalite maladi epi li chase anpil demon. Men, li pa t kite demon yo pale, paske yo te konnen li.
- ³⁵ Epi, byen bonè, avanjou, Jezi leve, li soti, l ale yon kote apa, epi li kòmanse lapriyè la.
- ³⁶ Alò, Simon ak moun ki te avèk li yo rapousuiv Jezi.
- ³⁷ Lè yo jwenn li, yo di li: Tout moun ap chèche ou.
- ³⁸ Li di yo: Ann ale nan bouk ki tou pre yo pou mwen ka preche la tou. Paske, se pou sa mwen te vini.

- ³⁹ Epi, li preche nan sinagòg ki nan tout Galile a, epi li chase demon.
- ⁴⁰ Yon nonm malad ak lèp vini kote Jezi, li sipliye Jezi, li ajenou devan li, epi li di li: Si ou vle, ou kapab pirifye mwen.
- ⁴¹ Lè sa a, kè Jezi fè l mal. Li lonje men l, li manyen nonm nan, epi li di li: Mwen vle. Ou mèt vin pwòp!
- ⁴² Menm lè li di sa a, lèp la soti sou nonm nan, e li te vin pwòp.
- ⁴³ Jezi byen avèti li, epi li voye l ale menm lè a.
- ⁴⁴ Jezi di li: Pa di pèsonn anyen! Okontrè, ale. Montre sakrifikatè a kò ou. E, kòm ou vin pwòp, ofri yon sakrifis dapre sa Moyiz te kòmande a. Sa va yon temwayaj pou yo.
- ⁴⁵ Men, li menm, lè l ale, li kòmanse anonse sa, li simaye pawòl la. Konsa, Jezi pa t kapab antre nan yon vil an piblik ankò. Men, li rete deyò, kèk kote apa, epi moun soti toupatou vin jwenn li.

Mak 2

- ¹ Apre kèk jou, Jezi te antre Kapènawòm ankò. E, moun yo te tandè li lakay li.
- ² Menm lè a tou, anpil moun te rasanble jiskaske menm devan pòt la pa t gen plas ankò. Jezi, li menm, t ap preche yo pawòl la.
- ³ Kounye a, kat moun pote yon nonm paralize mennen ba li.
- ⁴ Foul la te lakòz yo pa t kapab pwoche pre li. Donk, yo dekouvri pati fetay kote li te ye a. Yo fouye yon twou. Epi, yo pran branka a ak nonm paralize a kouche sou li, yo glise l desann.
- ⁵ Lè Jezi wè lafwa yo, li di nonm paralize a: Pitit mwen, peche w yo padone.
- ⁶⁻⁷ Men, te genyen kèk pwofesè lalwa ki te chita la. Yo t ap reflechi nan kè yo, yo t ap di: Poukisa misye ap denigre Bondye konsa? Kilès ki kapab padone peche? Èske se pa Bondye sèl?
- ⁸ Men, menm lè a, Jezi te konnen nan lespr li se konsa yo t ap reflechi nan kè yo. Li di yo: Poukisa n ap reflechi nan kè nou sou bagay sa yo?
- ⁹ Kisa ki pi fasil? Di nonm paralize a: «Peche w yo padone» oubyen di l: «Leve, pran branka ou, mache»?
- ¹⁰ Men, pou nou kapab konnen Pitit Lòm nan gen pouvwa pou li padone peche sou latè, (Jezi di nonm paralize a:)
- ¹¹ Mwen di ou: Leve, pran branka ou, al lakay ou!
- ¹² Li leve menm lè a, li pran branka li, li soti devan tout moun. Sa te etone tout moun. Yo t ap bay Bondye glwa. Yo t ap di: Nou pa janm wè anyen konsa!

- 13 Jezi soti al bò lanmè a ankò. Tout foul la vin jwenn li. Epi, li t ap anseye yo.
- 14 Pandan li t ap pase, li wè Levi, pitit Alfe a, ki chita nan biwo enpo a. Li di li: Suiv mwen. Li leve, li suiv Jezi.
- 15 Vin rive yon jou, Jezi t ap manje lakay Levi. Anpil pèseptè ak pechè t ap manje ansanm ak Jezi ak disip li yo. Vrèmanvre, yo te anpil, e yo t ap suiv li.
- 16 Pwofesè lalwa yo ak Farizyen yo wè l ap manje avèk pèseptè yo ak pechè yo. Alò, yo di disip li yo: Poukisa l ap manje, l ap bwè ansanm avèk pèseptè yo ak pechè yo?
- 17 Jezi tandè sa, li di yo: Se pa moun an sante ki bezwen doktè, men, se moun malad. E, se pa moun jis, mwen vin rele pou repanti, men, se pechè.
- 18 Disip Jan yo ak disip Farizyen yo t ap fè jèn. Kèk moun vin di Jezi: Poukisa disip Jan yo ak disip Farizyen yo ap fè jèn, alòske, disip ou yo pa fè jèn?
- 19 Jezi di yo: Zanmi lemarye yo pa kapab fè jèn pandan lemarye a la avèk yo, pa vre? Toutotan yo genyen lemarye a avèk yo, yo pa kapab fè jèn.
- 20 Men, gen jou k ap vini, kote yo va wete lemarye a nan mitan yo. Alò, yo va fè jèn nan jou sa yo.
- 21 Pèsonn pa janm koud yon pyès twal nèf sou yon vye rad. Si se ta sa, pyès nèf la t ap ratresi sou vye a pou fè l vin chire pi mal.
- 22 Epitou, pèsonn pa janm mete diven nouvo nan vye veso an po. Si se ta sa, diven nouvo a t ap pete veso a, epi diven an t ap blayi, veso yo t ap detui. Donk, yo mete diven nouvo nan veso nèf.
- 23 Vin rive yon jou saba kote Jezi t ap pase nan chan ble yo. Pandan yo t ap mache, disip li yo kòmanse rache grap ble.
- 24 Alò, Farizyen yo di li: Gade! Poukisa y ap fè sa lalwa pa pèmèt moun fè nan jou saba a?
- 25 Men, li di yo: Èske nou pa t janm li sa David te fè, lè li menm ak moun ki te avèk li yo te nan nesesite epi yo te grangou?
- 26 Lè sa a, Abiyata te sakrifikatè an chèf. David antre lakay Bondye, li manje pen sakre yo, alòske, lalwa pa pèmèt pèsonn ki pa sakrifikatè manje yo. Menm moun ki te avèk li yo, li ba yo tou.
- 27 Li di yo ankò: Se saba a ki te fèt pou lèzòm, se pa t lèzòm ki te fèt pou saba a.
- 28 Donk, menm saba a, Pitit Lòm nan se Mèt li tou.

Mak 3

- 1 Jezi antre nan sinagòg la ankò. Te genyen yon nonm men sèch andedan an.

- ² Alò, yo t ap veye si Jezi t ap geri li nan jou saba a, pou yo te ka akize Jezi.
- ³ Li di nonm men sèch la: Leve, vin nan mitan.
- ⁴ Epi, li di yo: Èske nan jou saba a, lalwa pèmèt yon moun fè sa ki byen oubyen fè sa ki mal, sove lavi moun oubyen tiye moun? Yo rete bouch fèmen.
- ⁵ Li pwomennen je li sou yo tou an kòlè. Sa te fè li lapenn pou jan yo t ap fè rèd nan kè yo. Epi, li di nonm nan: Lonje men w. Li lonje li, epi men an geri, li vin bon menm jan ak lòt la.
- ⁶ Alò Farizyen yo soti. Menm lè a, yo fè yon konplo ak Ewodis yo kont Jezi, pou yo wè kòman yo ka detui li.
- ⁷ Jezi pati al bò lanmè a ak disip li yo. Yon gwo popilas suiv li. Yo te soti Galile, Jide,
- ⁸ Jerizalèm, Idime, lòt bò Jouden an, ak alantou Tir ak Sidon. Se te yon gwo popilas. Lè yo te tandè tout bagay li t ap fè yo, yo te vini kote li.
- ⁹ Li di disip li yo pou yo mete yon ti kannòt apa pou li, dekwa pou foul la pa t kwense li.
- ¹⁰ Li te tèlman geri anpil moun, tout moun ki te genyen yon maladi te tonbe sou li pou yo te ka manyen li.
- ¹¹ E, chak fwa move lespri yo te wè li, yo te tonbe devan li. Yo t ap rele, yo t ap di: Ou se Pitit Bondye a!
- ¹² Men, li te fè yo obsèvasyon, dekwa pou yo pa t fè konnen kilès li ye.
- ¹³ Apre sa, li monte sou yon mòn. Li rele moun li te vle yo. Yo vini kote li.
- ¹⁴ Li chwazi douz nan yo pou yo rete kote li epi pou li voye yo preche,
- ¹⁵ avèk pouvwa pou yo geri maladi epi pou yo chase demon.
- ¹⁶ Konsa, li bay Simon non Pyè.
- ¹⁷ Li bay Jak, pitit Zebede a, ak Jan, frè Jak la, non Bwanègès, sa vle di: Pitit loraj.
- ¹⁸ Epitou, li chwazi Andre, Filip, Batèlmi, Matye, Toma, Jak ki pitit Alfe a, Tade, Simon ki Kananeyen an,
- ¹⁹ epi Jida Iskaryòt; e se li menm ki te trayi Jezi.
- ²⁰ Apre sa, y ale lakay yo. Foul la rasanble ankò, konsa yo pa t menm kapab manje.
- ²¹ Lè fanmi Jezi tandè sa, yo vini pou yo pran li, paske moun t ap di: Li fou!
- ²² E, pwofesè lalwa ki te desann soti Jerizalèm yo t ap di: Li genyen Bèlzeboul sou li! E se grasa chèf demon yo l ap chase demon!

- ²³ Li rele yo, epi li di yo an parabòl: Kòman Satan kapab fè chase Satan?
- ²⁴ Si yon wayòm dozado ak pwòp tèt li, wayòm sa a pa kapab kanpe.
- ²⁵ E, si yon kay dozado ak pwòp tèt li, kay sa a pa kapab kanpe.
- ²⁶ E, si Satan leve kont pwòp tèt li epi li dozado ak pwòp tèt li, li pa kapab kanpe. Okontrè, sa fini pou li.
- ²⁷ Pèsonn pa kapab antre piye byen lakay yon vanyan gason, si li pa mare vanyan gason an anvan. Se lè l fin fè sa, l ap ka piye kay la.
- ²⁸ Franchman, m ap di nou sa: Bondye ap padone peche pitit lèzòm yo. Kèlkeswa jan yo ta denigre li, l ap padone yo.
- ²⁹ Men, si yon moun denigre Lespri Sen an, li p ap janm genyen padon. Okontrè, li koupab anba yon kondanasyon etènèl.
- ³⁰ Jezi te pale konsa, paske yo t ap di: Li genyen yon move lespri sou li.
- ³¹ Kounye a, frè li yo ak manman li vini. Pandan yo kanpe deyò a, yo voye rele li.
- ³² Yon foul te chita toutotou li, yo di li: Gade! Manman w, frè w yo ak sè w yo deyò a. Y ap chèche w.
- ³³ Li reponn yo, li di: Kilès ki manman mwen oubyen frè mwen?
- ³⁴ Li pwomennen je li sou moun ki te chita toutotou li yo, epi li di: Men manman mwen ak frè mwen yo!
- ³⁵ Paske, nenpòt moun ki fè volonte Bondye, li se frè mwen, sè mwen, ak manman mwen.

Mak 4

- ¹ Jezi te kòmanse anseye bò lanmè a ankò. Yon gwo foul te rasanble devan li. Konsa, li monte sou yon kannòt sou lanmè a pou li chita. Men, tout foul la te atè bò lanmè a.
- ² Li t ap anseye yo anpil bagay an parabòl. E, nan ansèyman l lan, li di yo:
- ³ Koute! Vwala se te yon kiltivatè ki soti al simen semans.
- ⁴ Twouve pandan li t ap simen semans yo, yon pati tonbe bò wout la. Zwazo vini, yo manje li.
- ⁵ Yon lòt pati tonbe nan tè wòch, kote ki pa t genyen anpil tè. Li pouse menm lè a, paske tè a te san pwofondè.
- ⁶ Men, lè solèy la leve, li boule. Kòm li te san rasin, li fennen.

- ⁷ Yon lòt pati tonbe nan pikan. Alò, pikan yo pouse, yo toufe li, epi li pa donnen.
- ⁸ Epi, yon lòt pati tonbe nan bon tè. Li monte, li pouse kote yon grenn donnen trant, youn donnen swasant, epi yon lòt donnen san.
- ⁹ Epi, li di: Moun ki genyen zòrèy pou tande, tande!
- ¹⁰ Men, lè li te poukont li, Douz yo ak moun toutotou li yo poze li kesyon sou parabòl la.
- ¹¹ Li di yo: Nou menm, Bondye te ban nou okazyon pou nou konnen mistè wayòm li an. Men, pou moun sa yo, yo menm ki deyò a, tout bagay vini an parabòl.
- ¹² Konsa, Yo va gade gade san yo pa wè, Yo va koute koute san yo pa konprann, Pou yo pa konvèti. Si se pa t sa, Bondye ta padone peche yo.
- ¹³ Li di yo ankò: Nou pa konprann parabòl sa a? Donk, kòman n ap fè konprann tout parabòl yo?
- ¹⁴ Kiltivatè a ap simen pawòl la.
- ¹⁵ Genyen sa yo ki bò wout la, kote li te simen pawòl la. Yo annik tande pawòl la, Satan vini menm lè a, li pran pawòl kiltivatè a te simen nan kè yo a.
- ¹⁶ E, sa yo ki te resevwa semans lan nan tè wòch la, yo se menm bagay. Lè yo tande pawòl la, yo resevwa li menm lè a ak lajwa.
- ¹⁷ Men, yo pa genyen rasin nan yo menm. Yo la pou yon ti moman. Alò, lè pawòl la lakòz tribilasyon ak pèsèkasyon vini, yo chite menm lè a.
- ¹⁸⁻¹⁹ Genyen sa yo tou, ki te resevwa semans lan nan pikan an. Yo se moun ki tande pawòl la, men, tè-chaje lavi a, richès ki twonpe moun, ak lòt anvè antre toufe pawòl la, epi li vin pa donnen.
- ²⁰ Epi, genyen sa yo ki te resevwa semans lan nan bon tè a. Yo menm, yo tande pawòl la, yo resevwa li, epi yon grenn donnen trant, youn donnen swasant, yon lòt donnen san.
- ²¹ Li di yo tou: Yon lanp pa la pou yo mete li anba yon panyè oubyen anba yon kabann, pa vre? Se sou etajè pou yo mete li, pa vre?
- ²² Konsa tou, nanpwen anyen ki kache ki p ap vin aklè. Pa genyen anyen ki sekrè ki p ap vin nan limyè.
- ²³ Si yon moun gen zòrèy pou tande, tande!
- ²⁴ Epi, li di yo: Fè atansyon ak sa n ap tande a. Yo va mezire nou ak mezi nou mezire a. E, yo va mete plis pou nou menm ki tande yo.
- ²⁵ Paske, moun ki genyen, yo va ba yo. E, moun ki pa genyen, menm sa yo genyen an, yo va pran l nan men yo.

- ²⁶ Epi, li di: Men kijan wayòm Bondye a ye: Se tankou yon nonm ki jete grenn nan tè.
- ²⁷ Li dòmi lannuit, li leve lajounen. Epi, grenn nan pran, li pouse, san nonm nan pa konnen kòman.
- ²⁸ Paske, tè a donnen poukont li. Flèch la pouse an premye; apre sa, se grap la; apre sa, grenn vin plen grap la.
- ²⁹ Men, lè grenn nan mi, nonm nan voye sèpèt menm lè a, pask, rekòt la pare.
- ³⁰ Epi, Jezi di: Ak kisa nou ta konpare wayòm Bondye a? Oubyen, nan ki parabòl nou ta mete l'?
- ³¹ Li tankou yon grenn moutad. Lè yo simen l sou tè, li pi piti pase tout semans ki sou latè.
- ³² Men, lè yo fin simen moutad la, li monte, li vin pi gwo pase tout plant. Li fè gwo branch jiskaske zwazo nan syèl kapab fè nich nan lonbraj li.
- ³³ Nan mezi yo te kapab tandè, li te pale pawòl la ak yo nan anpil parabòl tankou sa yo.
- ³⁴ Li pa t pale ak yo san parabòl. Men, lè li te poukont li ak disip li yo, li te esplike yo tout bagay.
- ³⁵ Menm jou sa a, lè aswè rive, li di yo: Annou travèse lòt bò a.
- ³⁶ Lè yo kite foul la, yo tou ale avèk Jezi, paske li te nan kannòt la deja. Men, te genyen lòt ti kannòt avèk li tou.
- ³⁷ Yon gwo van tanpèt leve. Lanm yo t ap frape antre nan kannòt la. Konsa, li te deja ap plen.
- ³⁸ Men Jezi, li menm, t ap dòmi sou zorye a dèyè kannòt la. Yo leve li. Yo di li: Mèt, èske sa pa fè w anyen dèske n ap peri?
- ³⁹ Jezi leve. Li fè van an obsèvasyon, epi li di lanmè a: Silans! Pe! Van an sispann. Yon gwo kalmi vini.
- ⁴⁰ Alò, li di yo: Sa k fè nou kapon konsa? Kòman? Nou pa gen lafwa?
- ⁴¹ Yo te pè yon sèl pè. Youn t ap di lòt: Bon! Kilès li ye ki fè menm van ak lanmè obeyi li?

Mak 5

- ¹ Yo rive lòt bò lanmè a, nan peyi Gadarenyen yo.
- ² Menm lè li soti nan kannòt la, yon nonm ak yon move lespri sou li, soti nan tonm yo vin kontre li.

- ³ Nonm nan te abite nan tonm yo. Pèsonn pa t kapab mare li, pa menm avèk chenn.
- ⁴ Anpil fwa vre yo te mare li ak fè nan pye li epi ak chenn. Men, li te pete chenn yo epi li te kase fè yo. Pèsonn pa t gen ase fòs pou donte li.
- ⁵ Tout tan, lajounen kon lannuit, li t ap rele nan tonm yo ak sou mòn yo epi li t ap kòche kò li ak wòch.
- ⁶ Li wè Jezi de lwen, epi li kouri, li koube devan li,
- ⁷ li rele byen fò, li di: Jezi, Pitit Bondye Trè-Wo a, ou menm avèk mwen, nan kisa nou ye ansanm? Sèman devan Bondye ou p ap toumante mwen.
- ⁸ Li di sa, paske Jezi te di li: Move lespri, soti sou nonm nan.
- ⁹ Jezi mande li: Kijan w rele? Li reponn, li di: Non mwen se rejiman, paske nou anpil.
- ¹⁰ Alò, li sipliye Jezi anpil pou li pa mete li deyò nan zòn nan.
- ¹¹ Te genyen yon gwo twoupo kochon ki t ap manje sou mòn tou pre a.
- ¹² Tout demon yo sipliye Jezi. Yo di li: Voye nou sou kochon yo pou nou ka antre nan yo.
- ¹³ Menm lè a, Jezi pèmèt yo fè sa. Move lespri yo soti, epi yo antre nan kochon yo. Twoupo kochon an degrengole desann falèz la, tonbe nan lanmè a. Te genyen prèske de mil. Yo tout neye nan lanmè a.
- ¹⁴ Gadò kochon yo kouri rapòte sa nan vil la ak nan jaden yo. Konsa, moun yo al wè sa ki te pase.
- ¹⁵ Yo rive kote Jezi. Yo wè menm nonm ki te genyen demon yo sou li a, menm nonm ki te genyen rejiman an sou li a chita, byen abiye, ak tout bonsans li. Yo te pè.
- ¹⁶ Men, moun ki te wè kijan sa te pase pou nonm ki te genyen demon yo sou li a rakonte yo sa. Yo pale yo de kochon yo tou.
- ¹⁷ Epi, yo kòmanse sipliye Jezi pou li kite zòn yo a.
- ¹⁸ Pandan Jezi t ap anbake nan kannòt la, nonm ki te genyen demon sou li a sipliye Jezi pou Jezi kite l rete avèk li.
- ¹⁹ Jezi pa t kite li fè sa, men, Jezi di li: Ale lakay ou kote fanmi ou yo. Anonse yo, tout sa Senyè a te fè pou ou epi kòman li te genyen pitye pou ou.
- ²⁰ Li ale, epi li kòmanse preche nan tout Dekapolis la sa Jezi te fè pou li. Tout moun te sezi.
- ²¹ Jezi travèse nan kannòt la ankò pou l ale lòt bò dlo a. Pandan li te bò lanmè a, yon gwo foul moun rasanble devan li.

- 22** Twouve youn nan chèf sinagòg yo parèt. Se te yon nonm yo te rele Jayiris. Lè li wè Jezi, li tonbe nan pye li.
- 23** Li sipliye l anpil. Li di: Ti pitit fi m nan prèske mouri. Vin poze men sou li pou li kapab geri. Konsa, li va viv.
- 24** Epi, Jezi ale avèk li. Yon gwo foul moun t ap suiv li. Yo t ap kwense li tou.
- 25** Te genyen yon dam ki te genyen yon pèdisyon san depi douzan.
- 26** Li te souffri anpil nan men anpil doktè. Li te depanse tout byen li. Men, anyen pa t ede li. Okontrè menm, li te vin pi mal.
- 27** Lè li te tandè y ap pale de Jezi, li vini nan foul la pa dèyè, li manyen rad Jezi.
- 28** Li fè sa, paske li t ap di: Si mwen kapab manyen menm rad li, mwen delivre!
- 29** Menm lè a, sous san an seche. Li te santi nan kò li li te geri anba touman sa a.
- 30** Menm lè a tou, Jezi te konnen nan li menm te gen yon pisans ki soti sou li. Li vire won nan foul la. Li di: Kilès ki manyen rad mwen an?
- 31** Epi, disip li yo di li: Ou wè foul la ap kwense ou, epi w ap di: «Kilès ki manyen m nan?»
- 32** Li gade toupatou pou li wè fi ki te fè sa a.
- 33** Madanm nan te pè, li t ap tranble. Kòm li te konnen kisa ki te rive l, li vini, li lage kò l devan Jezi, epi li di Jezi tout verite a.
- 34** Men, Jezi di li: Pitit fi mwen, lafwa w delivre w. Ale nan lapè. Ou geri anba touman w lan.
- 35** Jezi t ap pale toujou lè moun ki soti kay chèf sinagòg la vin di: Pitit fi w la mouri. Poukisa pou w deranje Mèt la toujou?
- 36** Men, Jezi tandè pawòl yo t ap di a. Menm lè a, li di chèf sinagòg la: Pa pè! Kwè sèlman!
- 37** Li pa t kite pèsonn suiv li, esepte Pyè, Jak, ak Jan, frè Jak la.
- 38** Lè li rive kay chèf sinagòg la, li wè te genyen eskandal, moun k ap plede kriye epi k ap rele.
- 39** Lè li antre, li di yo: Pouki eskandal sa yo ak kriye sa yo? Timoun nan pa mouri, se dòmi l ap dòmi.
- 40** Yo ri li. Alò, li mete yo tout deyò. Epi, li pran papa timoun nan ak manman timoun nan ansanm ak moun ki te avèk li yo. Li antre kote timoun nan te kouche a.
- 41** Li pran men li, epi li di li: Talita kouri! Sa vle di: «Tifi, mwen di ou: Leve!»

⁴² Menm lè a, tifi a leve mache, paske li te yon timoun douzan. Alò, sa te etone moun yo anpil.

⁴³ Jezi byen kòmande yo pou yo pa kite pèsonn konnen sa. Epi, li di pou yo bay tifi a manje.

Mak 6

¹ Lè Jezi sot la, l ale nan peyi li. Disip li yo suiv li.

² Lè jou saba a rive, li kòmanse anseye nan sinagòg la. Anpil moun te sezi lè yo te tandè li. Yo t ap di: Kote nonm sa a jwenn bagay sa yo? Ki kalite sajès sa a, yo ba li a? Epi tou, kòman fè l ap fè kalite mirak sa yo?

³ Èske se pa bòs chapant lan, pitit Mari a? Èske se pa li ki frè Jak, Joz, Jid, ak Simon an? Epi, se pa sè li yo ki isit la avèk nou an? Donk, li te yon pyè d achopman pou yo.

⁴ Men, Jezi di yo: Yo respekte yon pwofèt toupatou, esepite nan peyi li, nan fanmi li, ak lakay li.

⁵ Li pa t kapab fè okenn mirak kote sa a. Sèlman, li te poze men l sou kèk malad, e li te geri yo.

⁶ Li te sezi, paske yo te san lafwa. Apre sa, li pwomennen anseye nan bouk ki nan vwazinaj la.

⁷ Li rele Douz yo, li pran voye yo de pa de. Li ba yo pouvwa sou move lespri.

⁸ Li kòmande yo pou yo pa pran anyen pou wout la: Ni sak, ni pen, ni lajan nan sentiwon yo, esepite baton yo sèlman.

⁹ Yo te kapab mete sandal, men, pa yon dezyèm rad.

¹⁰ Epi, li di yo: Lè nou antre nan yon kay, rete la jis nou ale.

¹¹ Si genyen moun ki pa ni resevwa nou, ni koute nou, lè nou prale, souke pousyè nan pye nou. Sa va yon temwayaj kont yo. Franchman, m ap di nou sa: Nan jou jijman an, sa va pi rèd pou vil sa a pase pou Sodòm ak Gomò.

¹² Lè yo soti, yo preche, yo di se pou moun repanti.

¹³ Yo chase anpil demon. Yo pase luil sou anpil malad. Konsa, yo geri yo.

¹⁴ Wa Ewòd tandè sa, paske non Jezi te vin popilè. Li di: Jan Batis resisite pami mò yo, se poutèt sa l ap fè mirak sa yo.

¹⁵ Kèk moun t ap di: Se Eli! Kèk lòt moun t ap di: Se yon pwofèt tankou youn nan pwofèt yo!

¹⁶ Lè Ewòd, li menm, tandè sa, li di: Se Jan! Se mwen menm ki te fè koupe tèt li. Li resisite pami mò yo.

- 17 Vrèmanvre, se Ewòd menm ki te voye pran Jan pou fè mare li nan prizon. Se te poutèt Ewodyas ki te madanm Filip, frè Ewòd la. Ewòd te marye avèk li.
- 18 Men, Jan te di Ewòd: Lalwa pa pèmèt ou pran madanm frè ou.
- 19-20 Ewodyas, li menm, te kenbe Jan nan kè. Li te vle tiye Jan. Men, li pa t kapab, paske Ewòd te pè Jan. Ewòd te konnen Jan se yon nonm ki jis epi ki sen. Konsa, li te pwoteje li. Lè li te koute Jan, li te fè anpil bagay. Li te koute li avèk plezi.
- 21 Men, yon jou, okazyon an vini. Jou fèt Ewòd, Ewòd fè yon koudjay pou potanta li yo, pou chèf militè yo, ak pou zotobre Galile yo.
- 22 Pitit fi Ewodyas la antre, li danse, li fè Ewòd ak envite li yo plezi. Wa a di demwazèl la: Mande m sa w vle, m ap ba ou li.
- 23 Li sèman ba li konsa: Nenpòt sa ou ta mande mwen, li te mèt mwatye nan wayòm mwen an, m ap ba ou li.
- 24 Men, li menm, l al di manman li: Kisa m ta mande? Manman an di: Tèt Jan Batis!
- 25 Menm lè a, l ale vit, li mande wa a sa. Li di: Mwen ta vle w ban mwen tèt Jan Batis kounye a nan yon kabare.
- 26 Wa a te vin tris. Men, poutèt sèman li te fè a epi poutèt envite yo, li pa t vle derefize li.
- 27 Menm lè a, wa a voye yon gad ak lòd pou li pote tèt Jan vini. Gad la al koupe tèt Jan nan prizon an.
- 28 Li pote tèt la bay demwazèl la nan yon kabare. Epi, demwazèl la bay manman li tèt la.
- 29 Lè disip Jan yo tande sa, yo vin pran kadav la. Yo mete li nan yon tonm.
- 30 Alò, apot yo rasanble devan Jezi. Yo rapòte tout bagay ba li, ni sa yo te fè, ni sa yo te anseye.
- 31 Apot yo pa t menm genyen okazyon pou yo manje, paske, anpil moun t ap ale vini. Alò, li di yo: Nou menm, vini yon kote apa, poukont nou, pou nou poze yon kadè.
- 32 Donk, y ale nan kannòt la, yon kote apa, poukont yo.
- 33 Anpil moun ki te wè lè yo t ap pati a te rekonèt Jezi. Konsa, yo soti apye nan anpil vil, yo kouri kote a, yo rive anvan. Epi, yo rasanble devan li.
- 34 Donk, lè Jezi debake, li wè yon gwo foul moun. Kè l fè l mal pou yo, paske yo te tankou mouton san bèje. Alò, li te kòmanse anseye yo anpil bagay.
- 35 Li te deja fin ta lè disip li yo vin di: Kote sa a se yon dezè. Epitou, li deja fin ta.

- 36 Voye moun yo ale, paske yo pa genyen anyen pou yo manje. Konsa, lè yo rive nan jaden ak nan bouk ki nan vwazinaj la, y a achte pen pou tèt yo.
- 37 Men, li reponn, li di yo: Se nou menm ki pou ba yo manje. Alò, yo di li: Èske se pou n al achte de san denye pen pou nou ba yo manje?
- 38 Li di yo: Konbyen pen nou genyen? Al wè. Lè yo te konnen konbyen, yo di: Senk pen ak de pwason.
- 39 Epi, li kòmande yo pou yo fè tout moun chita sou zèb vèt la, gwoup pa gwoup.
- 40 Donk, moun yo chita pa ranje san ak ranje senkant.
- 41 Epi Jezi pran senk pen yo ak de pwason yo, li gade anlè nan syèl la, li beni pen yo, epi li kase yo bay disip li yo pou yo te ka sèvi moun yo. Epi, li separe de pwason yo pou yo tout.
- 42 Tout moun te manje, e yo te kontante.
- 43 Epi, yo pran douz ti panye plen moso pen ak pwason.
- 44 Te genyen senk mil gason ki te manje pen.
- 45 Menm lè a, li fòse disip li yo anbake nan kannòt la pou yo pati devan. Pandan yo t aprale lòt bò a, nan Betsayida, li menm, li t ap voye foul la ale.
- 46 Li di yo orevwa. Epi, li monte sou mòn nan pou li lapriye.
- 47 Lè aswè rive, kannòt la te nan mitan lanmè a, men, li menm, li te atè poukont li.
- 48 Li wè yo t ap bat pou yo rame, paske van an te kontrè pou yo. Vè katriyèm franch nuit la, li mache sou lanmè a al kote yo. Li fè kòm si li t ap depase yo.
- 49 Men, lè yo te wè l ap mache sou lanmè a, yo te panse se te yon lespri. Alò, yo rele.
- 50 Yo tout te wè li. Yo te pè. Men, li te pale ak yo, menm lè a. Li di yo: Pran kouraj! Se mwen! Pa pè!
- 51 Li monte kote yo nan kannòt la, epi van an sispann. Sa te etone yo anpil anpil. Yo sezi.
- 52 Sa rive konsa, paske yo pa t konprann mirak pen yo. Epi tou, tèt yo te di.
- 53 Lè yo fin travèse, yo koste nan peyi Jenezarèt.
- 54 Menm lè yo soti nan kannòt la, moun yo rekonèt Jezi.
- 55 Yo kouri toupatou nan zòn nan. Kote yo tandè Jezi ye, se la yo kòmanse pote moun malad sou branka.

⁵⁶ Tout kote I ale, kit se nan bouk, kit se nan vil, kit se nan jaden, kit se nan mache, yo poze malad yo atè, epi yo sipliye li pou yo te ka manyen franj rad li sèlman. E, tout moun ki te manyen I te geri.

Mak 7

¹ Farizyen yo ak kèk pwofesè lalwa ki te soti Jerizalèm rasanble devan Jezi.

² Lè yo wè kèk nan disip li yo ap manje pen ak men yo sal (sa vle di, san lave), yo te akize yo.

³ Vrèmanvre, Farizyen yo ak tout Juif yo te suiv koutim ansyen yo: si yo pa byen lave men yo, yo p ap manje.

⁴ E, lè yo soti nan mache, si yo pa netwaye kò yo, yo p ap manje. Yo te resevwa anpil lòt koutim toujou pou yo suiv, tankou lave gode, lave po, lave veso an bwonz epi lave kabann.

⁵ Epi, Farizyen yo ak pwofesè lalwa yo mande li: Poukisa disip ou yo pa mache dapre koutim ansyen yo? Pouki y ap manje pen ak men yo san lave?

⁶ Men, li reponn yo, li di: Ipokrit! Ezayi te byen pwofetize sou nou, lè I te ekri: Se ak po bouch yo, pèp sa a onore mwen. Men, kè yo byen lwen mwen.

⁷ Adorasyon yo fè pou mwen an initil, Paske, ansèyman y ap bay yo, se kòmanman lèzòm.

⁸ Vrèmanvre, nou kite kòmanman Bondye pou nou suiv koutim lèzòm, tankou lave po ak gode, ak anpil lòt bagay nou fè ki tankou bagay sa yo.

⁹ Li di yo ankò: Ala nou byen refize kòmanman Bondye a pou nou kapab kenbe koutim nou yo!

¹⁰ Paske, Moyiz te di: «Onore papa ou ak manman ou» epi «Moun ki pale mal ak papa li oubyen ak manman li, fòk yo tiye li!»

¹¹ Men, nou menm, nou di: «Si yon nonm ta di papa li oubyen manman li: Sa pou w ta resevwa nan men m nan, li kòban» (sa vle di, li se yon ofrann pou Bondye),

¹² moun sa a pa bezwen fè anyen ankò pou papa l oubyen pou manman l.

¹³ Se konsa tou, nou anile pawòl Bondye a pou koutim nou resevwa yo. Epi, nou fè anpil lòt bagay tankou sa yo.

¹⁴ Apre sa, li rele tout foul la, li di yo: Nou tout, koute mwen! Epi, konprann!

¹⁵ Pa gen anyen ki soti deyò, lè li antre andedan yon moun, pou li ta kapab sal li. Men, bagay ki soti andedan yon moun, se yo ki sal moun sa a.

¹⁶ Si yon moun gen zòrèy pou tande, tande!

- 17 Apre sa, Jezi kite foul la. Li antre nan yon kay. Disip li yo poze li kesyon sou parabòl la.
- 18 Alò, li di yo: Kifè, menm nou menm tou, nou san konprann? Èske nou pa konprann sa? Tout bagay ki soti deyò, lè li antre andedan yon moun, li pa kapab sal li.
- 19 Paske, se pa nan kè li bagay la antre, men, se nan vant li. Epi, bagay la al nan komòd. Se konsa Jezi te deklare tout manje pwòp.
- 20 Li di yo tou: Sa ki soti nan yon moun, se sa ki sal li.
- 21-22 Paske, move lide, adiltè, imoralite, asasinay, vòl, avaris, mechanste, riz, libètinaj, gwo je, denigre moun, ògèy, foli, se andedan youn moun, se nan kè li, yo soti.
- 23 Tout move bagay sa yo soti andedan yon moun, epi yo sal li.
- 24 Lè li te soti la, l' ale nan zòn Tir ak Sidon. Li antre nan yon kay. Li pa t vle pèsonn konnen sa. Men, li pa t kapab kache.
- 25 Paske, yon dam ki te genyen ti pitit fi li ki te genyen yon move lespr sou li te tandè pale de Jezi. Li vin tonbe devan pye Jezi.
- 26 Dam nan te Grèk, ras moun Siri nan Fenisi. Li mande pou Jezi ta chase demon an sou pitit fi li a.
- 27 Men, Jezi di li: Kite timoun yo kontante anvan. Paske, li pa bon pou yo pran pen timoun yo, pou yo voye bay ti chen.
- 28 Men, li menm, li reponn Jezi, li di: Wi, Senyè! Men tou, menm ti chen anba tab manje miyèt, timoun jete.
- 29 Alò, Jezi di li: Poutèt pawòl sa a, ou mèt ale. Demon an soti sou pitit fi w la.
- 30 Lè l' ale lakay li, li jwenn tifi a kouche nan kabann li. Demon an te soti sou li.
- 31 Lè Jezi kite zòn Tir ak Sidon an ankò, l' ale bò lanmè Galile, nan mitan zòn Dekapolis la.
- 32 Yo pote yon nonm ki te soud epi ki te bèbè ba li. Yo sipliye li pou li poze men sou li.
- 33 Li rale nonm nan soti nan foul la. Lè yo te poukont yo, li mete dwèt li nan zòrèy nonm nan, li krache, epi li manyen lang nonm nan.
- 34 Li gade anlè nan syèl la, li plenn, epi li di li: Efata! Sa vle di: Louvri!
- 35 Menm lè a tou, zòrèy nonm nan louvri, lang li demare, li pale kòrèkteman.
- 36 Jezi kòmande yo pou yo pa di pèsonn sa. Men, plis li t ap kòmande yo, se plis toujou yo t ap anonse sa.

³⁷ Yo te tèlman sezi, yo di: Li fè tout bagay byen! Menm moun ki soud, li fè yo tandè! Menm moun ki bèbè li fè yo pale!

Mak 8

¹ Nan menm jou sa yo, foul moun yo te gwo anpil. Men, yo pa t genyen anyen pou yo manje. Jezi rele disip li yo.

² Li di yo: Kè m fè m mal pou foul la. Paske, depi twa jou, yo la a avèk mwen, e yo pa gen anyen pou yo manje.

³ Si mwen voye yo lakay yo grangou, yo va febli nan wout, paske kèk nan yo soti lwen.

⁴ Disip li yo reponn li, yo di: Isit la, nan yon dezè konsa, kòman yon moun ta kapab kontante moun sa yo ak pen,?

⁵ Kounye a, li mande yo: Konbyen pen nou genyen? Yo di: Sèt.

⁶ Li kòmande foul la pou yo chita atè a. Li pran sèt pen yo, li rann gras, li kase yo, epi li bay disip li yo sèvi yo. Konsa, yo sèvi foul la.

⁷ Yo te genyen kèk ti pwason tou, li beni yo. Li di disip yo sèvi pwason yo tou.

⁸ Moun yo manje, e yo kontante. Yo menm ranmase sèt panye plen ak moso ki te rete yo.

⁹ Te genyen prèske kat mil moun ki te manje. Apre sa, li voye yo ale.

¹⁰ Menm lè a, li anbake nan kannòt la avèk disip li yo. Epi, y ale nan zòn Dalmanouta.

¹¹ Alò, Farizyen yo parèt. Yo kòmanse diskite avèk li. Yo mande l yon siy ki soti nan syèl, dekwa pou yo te ka tante li.

¹² Men, Jezi pouse yon soupi nan lespri li. Epi, li di: Poukisa jenerasyon sa a ap chèche siy la? Franchman, m ap di nou sa: Mwen p ap bay jenerasyon sa a siy ditou!

¹³ Li kite yo, li anbake nan kannòt la ankò, l ale lòt bò dlo.

¹⁴ Men, disip yo te bliye pran pen. Yo pa t genyen plis pase yon pen nan kannòt la.

¹⁵ Alò, li kòmande yo, li di: Gade! Fè atansyon ak ledven Farizyen yo ansanm ak ledven Ewòd la.

¹⁶ Youn t ap diskite ak lòt. Yo t ap di: Se paske nou pa genyen pen an wi!

¹⁷ Men, Jezi te konnen sa. Li di yo: Poukisa n ap diskite dèske nou pa genyen pen? Nou poko wè toujou? Nou pa konprann? Èske tèt nou di toujou?

- 18 Èske nou pa gen je pou nou wè? Nou pa gen zòrèy pou nou tande? Epitou, nou pa sonje?
- 19 Lè mwen te kase senk pen yo bay senk mil gason yo, konbyen ti panye nou te plen ak moso nou te ranmase yo? Yo reponn li: Douz!
- 20 Men, lè se te sèt pen yo pou kat mil moun yo, konbyen panye nou te plen ak moso nou te ranmase yo? Yo di li: Sèt.
- 21 Alò, li di yo: Kòman nou fè pa konprann?
- 22 L ale Betsayida. Yo mennen yon avèg ba li. Yo sipliye li pou li manyen avèg la.
- 23 Li pran men avèg la, li mennen li deyò bouk la, li krache nan je li, li poze men sou li, epi li mande li: Èske ou wè kichòy?
- 24 Lè avèg la leve je li, li di: Mwen wè moun, men, mwen wè yo tankou pyebwa k ap pwomennen.
- 25 Alò, Jezi poze men li sou je avèg la ankò. Li fè li gade byen. Epi, avèg la geri, li vin wè tout bagay aklè.
- 26 Lè Jezi voye li lakay li, Jezi di l: Pa antre nan bouk la. Pa menm di pèsoun nan bouk la sa.
- 27 Jezi ale avèk disip li yo nan bouk Sezare Filip yo. Pandan yo sou wout la, li poze disip yo kesyon. Li di yo: Kilès lèzòm di mwen ye?
- 28 Yo reponn li, yo di: «Jan Batis!» Lòt moun di: «Eli!» Lòt moun ankò di: «Youn nan pwofèt yo!»
- 29 Epi, li di yo: Men, nou menm, kilès nou di mwen ye? Alò, Pyè reponn li, li di: Ou se Kris la!
- 30 Li defann yo di pèsoun sa sou li.
- 31 Li kòmanse anseye yo, li di: Fòk Pitit Lòm nan soufri anpil bagay. Fòk ansyen yo, sakrifikatè prensipal yo, ak pwofesè lalwa yo derefize chwazi li. Epi, fòk yo tiye li. Men, apre twa jou, fòk li resisite.
- 32 Li t ap pale pawòl la klè. Men, Pyè rale Jezi sou kote, epi li kòmanse fè Jezi obsèvasyon.
- 33 Men, Jezi vire, li gade disip li yo, epi li fè Pyè obsèvasyon. Li di: Retire w sou mwen, Satan! Paske, se pa bagay Bondye w ap panse, men, se bagay lèzòm.
- 34 Alò, li rele foul la avèk disip li yo, li di yo: Si yon moun vle suiv mwen, fòk li nye pwòp tèt li, fòk li pran kwa li, epi fòk li suiv mwen.
- 35 Paske, moun ki ta vle sove lavi li, l ap pèdi l. Men, moun ki ta pèdi lavi l poutèt mwen ak levanjil la, l ap sove li.

³⁶ Paske tou, ki benefis yon moun ka fè si li ta genyen lemonn antye epi li ta fè defisi nanm li?

³⁷ Oubyen, ki pri yon moun ta bay pou nanm li?

³⁸ Paske ankò, nan jenerasyon adiltè ak peche sa a, si yon moun wont mwen menm ak pawòl mwen yo, ebyen, lè Pitit Lòm nan va vini nan glwa Papa li ak zanj ki sen yo, li va wont moun sa a tou.

Mak 9

¹ Jezi di yo tou: Franchman, m ap di nou sa: Kèk nan nou ki kanpe isit la p ap goute lanmò pou jis nou wè wayòm Bondye a vini avèk pisans.

² Sis jou apre sa, Jezi pran Pyè, Jak ak Jan apa. Li mennen yo poukont yo sou yon mòn byen wo. Epi, li transfòme devan yo.

³ Rad li vin klere byen blan kon lanèj. Pa genyen yon lesivyè sou latè ki kapab lave blan konsa.

⁴ Kounye a, Eli ak Moyiz parèt sou yo. Yo t ap pale ak Jezi.

⁵ Pyè reponn tou, li di Jezi: Rabi, li bon pou nou isit la. Annou fè twa tant: youn pou ou, youn pou Moyiz, youn pou Eli.

⁶ Paske yo te tèlman pè, li pa t konnen sa pou li di.

⁷ Alò, yon nyaj vin kouvri yo. Epi, yon vwa ki soti nan nyaj la di: Li menm, li se Pitit mwen renmen anpil la! Koute li!

⁸ Menm lè a, yo gade toupatou. Yo pa wè pèsonn ankò. Men, se Jezi sèl ki te avèk yo.

⁹ Yo t ap desann soti sou mòn nan. Alò, Jezi kòmande yo pou yo pa rakonte pèsonn sa yo te wè a, pou jis Pitit Lòm nan resisite pami mò yo.

¹⁰ Yo kenbe pawòl la pou yo menm. Men, yo t ap diskite sou sa «resisite pami mò yo» vle di.

¹¹ Epi, yo poze li yon kesyon, yo di: E poukisa pwofesè lalwa yo di fòk Eli vini anvan an?

¹² Li reponn yo, li di: Vrèmanvre, Eli vini anvan. Li repare tout bagay. Epitou, kòman fè bagay sa a te ekri sou Pitit Lòm nan: L ap souffri anpil bagay, epi y ap meprize li?

¹³ Men, m ap di nou plis: Eli te vini, men, yo te fè li sa yo te vle, menm jan sa te ekri sou li a.

¹⁴ Lè li rive kote disip li yo, li wè yon gwo foul moun antoure yo. Kèk pwofesè lalwa t ap diskite avèk yo.

- 15 Menm lè foul la wè li, kè yo tout sote. Yo kouri vin salye li.
- 16 Epi, li poze pwofesè lalwa yo yon kesyon, li di yo: Kisa n ap diskite ak yo la a?
- 17 Yon moun nan foul la reponn li, li di: Mèt, mwen te mennen tigason m nan ba ou. Li genyen yon lespri bèbè sou li.
- 18 Nenpòt kote lespri a pran li, li vòltije l jete. Li kimen, li manje dan l, epi li vin tou rèd. Mwen te di disip ou yo pou yo chase li, men, yo pa t kapab.
- 19 Men, Jezi reponn li, li di l: Jenerasyon moun san lafwa, jis kilè m ap rete avèk nou? Jis kilè m ap sipòte nou? Mennen l ban mwen. Epi, yo mennen tigason an ba li.
- 20 Kou move lespri a wè Jezi, li sakaje tigason an menm lè a. Li tonbe atè a, li woule, li kimen.
- 21 Epi, Jezi mande papa a: Depi konbyen tan sa ap rive li? Li reponn, li di: Depi li te timoun piti.
- 22 Anpil fwa, lespri bèbè a jete li nan dife ak nan dlo pou li ta detui li. Men, si ou kapab fè kichòy, gen pitye pou nou. Ede nou.
- 23 Men, Jezi di li: Kòman «Si ou kapab» la? Kwè! Pou moun ki kwè, tout bagay posib!
- 24 Menm lè a, papa timoun nan rele. Ak dlo nan je, li di: Mwen kwè! O Senyè, ede mwen. Mwen san lafwa!
- 25 Men, lè Jezi wè foul la ap kouri vini, li fè move lespri a obsèvasyon. Li di li: Lespri bèbè, lespri soudè, se mwen menm k ap kòmande ou: Soti sou li! Epitou, pa janm antre sou li ankò!
- 26 Alò, li rele. Li sakaje li anpil epi li soti. Timoun nan vin tankou yon mò. Sa te lakòz anpil moun t ap di: Li mouri!
- 27 Jezi pran men li, li fè li leve, epi tigason an kanpe.
- 28 Yo t ap antre lakay yo poukont yo lè disip li yo mande li: Poukisa, nou menm, nou pa t kapab chase li?
- 29 Li di yo: San lapriyè ak jèn, anyen pa kapab fè kalite lespri sa a soti.
- 30 Lè yo te kite kote sa a, yo pase Galile. Men, li pa t vle pèsonn konnen sa,
- 31 paske li t ap anseye disip li yo, li t ap di yo: Y ap livre Pitit Lòm nan nan men lèzòm. Epi, y ap tiye li. Men, twazyèm jou apre yo tiye l la, l ap resisite.
- 32 Disip yo pa t konprann koze a. Men, yo te pè poze li kesyon.
- 33 Y ale Kapènawòm. Lè li antre nan kay la, li mande yo: Kisa nou t ap diskite, youn ak lòt konsa, sou wout la?

- ³⁴ Men, yo rete bouch fèmen, paske, sou wout la, yo t ap diskite youn ak lòt sou kilès ki pi enpòtan.
- ³⁵ Lè l chita, li rele Douz yo epi li di yo: Si yon moun vle premye, li dwe dènye pou tout moun, epi li dwe sèvitè tout moun.
- ³⁶ Li pran yon timoun, li mete li nan mitan yo, li pran li nan bra li.
- ³⁷ Epi, li di yo: Moun ki resevwa yon timoun tankou sa a nan non mwen, se mwen li resevwa. Konsa tou, moun ki resevwa mwen, se pa mwen li resevwa, men, se moun ki voye m nan.
- ³⁸ Men, Jan reponn li, li di: Mèt, nou te wè yon moun ki p ap suiv nou epi ki ap chase demon nan non ou. Nou te anpeche li, paske li p ap suiv nou.
- ³⁹ Men, Jezi di: Pa anpeche li, paske pèsoun pa kapab fè mirak nan non mwen, epi, tousuit apre, pou li pale mwen mal.
- ⁴⁰ Paske tou, yon moun ki pa kont nou, se pou nou li ye.
- ⁴¹ Paske ankò, si yon moun ta ban nou bwè yon gode dlo nan non mwen, poutèt nou pou Kris, franchman, m ap di nou sa: Li p ap pèdi rekonpans li ditou.
- ⁴² Men, si yon moun ta lakòz youn nan timoun ki kwè nan mwen yo chite, li ta pi bon pou li, si yo ta mete yon wòch moulen nan kou li epi yo jete li nan lanmè.
- ⁴³ Si men ou ta lakòz ou chite, koupe l. Li pi bon pou w antre nan lavi a ak yon men, pase pou w antre ak de men w nan Jeyèn nan, nan dife ki pa kapab etenn nan:
- ⁴⁴ Se kote Vè yo pa mouri, Epi, dife a pa etenn.
- ⁴⁵ Si pye w ta lakòz ou chite, koupe l. Li pi bon pou w antre nan lavi a ak yon pye, pase pou yo ta jete w ak de pye w nan Jeyèn nan, nan dife ki pa kapab etenn nan:
- ⁴⁶ Se kote Vè yo pa mouri, Epi, dife a pa etenn.
- ⁴⁷ Si je w ta lakòz ou chite, rache l. Li pi bon pou w antre nan wayòm Bondye a ak yon je, pase pou yo ta jete w ak de je nan Jeyèn dife a:
- ⁴⁸ Se kote Vè yo pa mouri, Epi, dife a pa etenn.
- ⁴⁹ Paske, dife ap sale tout moun. E, sèl ap sale tout sakrifis.
- ⁵⁰ Sèl bon. Men, si sèl ta vin san sèl, ak kisa n ap sale l ankò? Mete sèl nan nou menm. Viv nan lapè, youn ak lòt.

Mak 10

- 1** Lè Jezi kite kote sa a, li pase lòt bò Jouden an pou l ale nan zòn Jide. Epi, foul yo rasanble devan li ankò. Kòm se te abitud li, li anseye yo ankò.
- 2** Kèk Farizyen parèt. Pou yo tante li, yo mande l si lalwa pèmèt yon nonm divòse ak madanm li.
- 3** Men, li reponn yo, li di: Kisa Moyiz te kòmande nou?
- 4** Yo di li: Moyiz te pèmèt yon nonm ekri yon papye divòs epi divòse.
- 5** Jezi reponn yo, li di: Li te ekri kòmannman sa a pou nou, paske nou t ap fè rèd nan kè nou.
- 6** Men, nan kòmansman kreyasyon an, Bondye te fè gason ak fi.
- 7** Se poutèt sa, yon nonm va kite papa li ak manman li pou li ini ak madanm li.
- 8** Epi, yo tou de va fè yon sèl chè. Konsa, yo pa fè de ankò, men, yo fè yon sèl chè.
- 9** Donk, sa Bondye mete ansanm, pinga yon moun separe li.
- 10** Lè yo rive lakay yo, disip li yo poze li kesyon ankò sou menm bagay la.
- 11** Li di yo: Yon nonm ki ta divòse ak madanm li pou li marye ak yon lòt, li komèt adiltè kont madanm nan.
- 12** Konsa tou, yon madanm ki ta divòse ak mari li pou li marye ak yon lòt, li komèt adiltè.
- 13** Yo t ap mennen timoun bay Jezi pou li manyen yo. Men, disip yo fè moun ki t ap mennen timoun yo obsèvasyon.
- 14** E, lè Jezi wè sa, li fache, li di yo: Kite timoun yo vini jwenn mwen. Pa anpeche yo. Paske, se pou moun ki tankou yo, wayòm Bondye a ye.
- 15** Franchman, m ap di nou sa: Moun ki pa resevwa wayòm Bondye a tankou yon timoun, li p ap antre ladan l ditou.
- 16** Alò, li pran yo nan bra li, li poze men sou yo, li beni yo.
- 17** Pandan Jezi t aprale sou wout li, yon nonm kouri vin ajenou devan li, epi li mande li: Bon mè, kisa mwen dwe fè pou m ka eritye lavi etènèl?
- 18** Men, Jezi di li: Poukisa w rele m «bon»? Pa genyen pèsoun ki bon, esepte Bondye sèl.
- 19** Ou konnen kòmannman yo: Pa fè adiltè; pa tiye moun; pa vòlè; pa fè move temwayaj; pa fè magouy; onore papa ou ak manman ou.
- 20** Nonm nan reponn li, li di: Mèt, depi mwen te pi jèn, m ap obsève tout bagay sa yo.

- ²¹ Jezi gade li, li renmen li, epi li di li: Ou manke yon sèl bagay. Ale, vann tout sa w genyen, epi bay pòv yo lajan an. Lè sa a, ou va genyen yon trezò nan syèl la. Apre sa, vini, pran kwa ou, suiv mwen.
- ²² Lè li tande pawòl la, figi li fennen. L ale byen tris, paske li te genyen anpil byen.
- ²³ Alò, Jezi gade toupatou, li di disip li yo: Ala difisil sa difisil pou moun ki genyen richès antre nan wayòm Bondye a!
- ²⁴ Pawòl li yo te bay disip yo kè-sote. Men, lè Jezi reponn yo ankò, li di yo: Timoun, ala difisil sa difisil pou moun ki mete konfyans yo nan richès antre nan wayòm Bondye a!
- ²⁵ Li pi fasil pou yon chamo pase nan yon je zegui, pase pou yon moun rich antre nan wayòm Bondye a.
- ²⁶ Men, yo te sezi pi rèd. Youn t ap di lòt: Ebyen, kilès ki kapab sove?
- ²⁷ Men, Jezi gade yo, li di: Pou lèzòm, sa pa posib, men, pa pou Bondye. Paske, pou Bondye, tout bagay posib.
- ²⁸ Pyè kòmanse di li: Gade! Nou menm, nou kite tout bagay pou nou suiv ou.
- ²⁹ Men, Jezi reponn, li di: Franchman, m ap di nou sa: Pa genyen moun ki ta kite kay oubyen frè, oubyen sè, oubyen papa, oubyen manman, oubyen madanm, oubyen timoun, oubyen jaden poutèt mwen ak levanjil la,
- ³⁰ pou li pa ta resevwa san fwa plis kay, frè, sè, manman, timoun, jaden, ak pèsekisyon, kounye a, nan tan sa a. Epitou, li va resevwa lavi etènèl nan tan k ap vini an.
- ³¹ Men, anpil moun ki premye va dènye. Epi, dènye yo va premye.
- ³² Yo te sou wout pou yo monte Jerizalèm. Jezi t ap mache devan yo. Yo t ap suiv li ak kè-sote, yo te pè. Epi, Jezi pran Douz yo ankò. Li kòmanse di yo sa ki t ap ral rive l:
- ³³ Gade! Men n ap monte Jerizalèm. Y ap livre Pitit Lòm nan nan men sakrifikatè prensipal yo ak pwofesè lalwa yo. Y ap kondane li amò. Y ap livre li bay nasyon yo.
- ³⁴ Y ap pase l nan betiz. Y ap bat li. Y ap krache sou li. Epi, y ap tiye li. Men, nan twazyèm jou a, l ap resisite.
- ³⁵ Pitit Zebede yo, Jak ak Jan, vini kote li. Yo di: Mèt, nou ta vle w fè sa nou mande w la pou nou.
- ³⁶ Li di yo: Kisa nou vle m fè pou nou?
- ³⁷ Yo di li: Men sa pou w ban nou: Nou ta vle, lè ou nan glwa ou, pou nou chita, youn adwat ou, lòt la agoch ou.

³⁸ Men, Jezi di yo: Nou pa konnen sa n ap mande la a? Èske nou kapab bwè nan gode mwen pral bwè a oubyen batize nan batèm mwen pral batize a?

³⁹ Yo di li: Nou kapab! Epi, Jezi di yo: Vrèmanvre, nou va bwè nan gode mwen pral bwè a. E, nou va batize nan batèm mwen pral batize a.

⁴⁰ Men, kanta pou chita adwat mwen ak agoch mwen, se pa mwen ki pou bay sa. Okontrè, plas sa yo la pou moun Bondye te pare yo a.

⁴¹ Lè dis lòt disip yo tande sa, yo vin vekse akòz Jak ak Jan.

⁴² Men, Jezi rele yo, li di yo: Nou konnen kijan moun yo rekonèt kòm chèf nasyon yo fè diktatè sou nasyon yo epi kijan grannèg yo domine sou nasyon yo.

⁴³ Pou nou menm, sa p ap konsa. Okontrè, moun ki ta vle vin gran nan mitan nou, li va sèvitè nou.

⁴⁴ Moun sa a tou, ki ta vle vini an premye, li va esklav tout moun.

⁴⁵ Paske, Pitit Lòm nan pa t vini pou yo sèvi li, men, pou li sèvi epi pou li bay lavi li pou peye delivrans anpil moun.

⁴⁶ Y ale Jeriko. Pandan li t ap soti Jeriko ak disip li yo epi ak yon gwo foul, te genyen yon avèg ki te chita bò wout la. Se te Batime, pitit Time. Li t ap mande charite.

⁴⁷ Lè li tande se te Jezi, moun Nazarèt, li kòmanse rele. Li di: Jezi, Pitit David, pitye pou mwen!

⁴⁸ Anpil moun t ap fè l obsèvasyon pou li pe. Men, li rele pi rèd: Pitit David, pitye pou mwen!

⁴⁹ Epi, Jezi rete, li fè rele li. Lè yo rele avèg la, yo di li: Pran kouraj. Leve. Men l ap rele w.

⁵⁰ Avèg la voye rad li jete. Li leve vin jwenn Jezi.

⁵¹ Epi, Jezi reponn li, li di: Kisa w vle m fè pou ou? Avèg la di li: Rabi, mwen vle wè ankò.

⁵² Jezi di l: Ale! Lafwa w delivre w! Menm lè a tou, li te wè ankò. Epi, li suiv Jezi sou wout la.

Mak 11

¹ Pandan yo t ap pwoche Jerizalèm, Betfaje, ak Betani, nan direksyon Mòn Oliv, Jezi voye de nan disip li yo.

² Li di yo: Ale nan bouk ki anfas nou an. Kon nou antre ladan l, n ap jwenn yon jèn bourik mare. Pèsonn pa janm monte l. Demare l, mennen l vini.

- ³ Si yon moun ta di nou: «Poukisa n ap fè sa?» di l: «Senyè a bezwen l. L ap voye l tounen tousuit.»
- ⁴ Lè y ale, yo jwenn jèn bourik la mare deyò bò pòt la, sou lari a. Yo demare li.
- ⁵ Te genyen kèk moun ki te kanpe la. Yo di disip yo: Poukisa n ap fè sa a? Apa n ap demare bourik la?
- ⁶ Menm sa Jezi te kòmande yo a, se sa yo reponn. Epi, moun yo kite yo ale.
- ⁷ Lè yo mennen jèn bourik la bay Jezi, yo mete rad yo sou li. Epi, Jezi monte l.
- ⁸ Anpil moun te blayi rad yo sou wout la. Epi, anpil lòt moun te koupe branch bwa pou yo blayi sou wout la.
- ⁹ Ni moun ki t aprale devan, ni moun ki t ap suiv dèyè, t ap rele. Yo t ap di: Ozana! Benediksyon pou moun k ap vini nan non Senyè a!
- ¹⁰ Benediksyon pou wayòm David, papa nou, k ap vini nan non Senyè a! Ozana byen wo nan syèl la!
- ¹¹ Lè Jezi rive Jerizalèm, li antre nan lakou tanp lan. Li pwomennen je li sou tout bagay. Epi, l ale Betani ak Douz yo, paske li te deja fin ta.
- ¹² Nan demen, lè yo t ap soti Betani, li te grangou.
- ¹³ Depi byen lwen, li wè yon pye figfrans ki te gen fèy. L al wè si l posib pou li ta jwenn kichòy ladan l. Men, lè l rive, li pa jwenn anyen pase fèy, paske se pa t sezon fig.
- ¹⁴ Epi, Jezi pran lapawòl, li di pye figfrans lan: Apati jodi a, pèsonn p ap janm manje fwi nan ou ankò. Disip li yo tande sa.
- ¹⁵ Y ale Jerizalèm. Lè Jezi antre nan lakou tanp lan, li chase moun ki t ap vann ak moun ki t ap achte nan lakou tanp lan. Li chavire ni tab moun ki t ap chanje lajan, ni chèz moun ki t ap vann pijon.
- ¹⁶ Epi, li pa t kite pèsonn pote chay travèse lakou tanp lan.
- ¹⁷ Li anseye yo, li di: Èske sa pa ekri: Yo va rele lakay mwen, kay lapriye pou tout nasyon yo? Men, nou menm, nou fè l tounen yon gwòt malfektè.
- ¹⁸ Lè pwofesè lalwa yo ak sakrifikatè prensipal yo tande sa, yo chèche kòman yo ta detui li. Men, yo te pè li, paske ansèyman l lan te fè tout foul la sezi.
- ¹⁹ Lè aswè rive, li soti deyò vil la.
- ²⁰ Nan maten, pandan yo t ap pase, yo wè pye figfrans lan te seche depi nan rasin.
- ²¹ Lè sa a Pyè sonje. Li di Jezi: Rabi, gade! Pye figfrans ou te modi a seche!
- ²² Jezi reponn li, li di: Mete lafwa nou nan Bondye.

²³ Paske, yon moun ka di mòn sa a: «Leve, jete tèt ou nan lanmè!» Franchman, m ap di nou sa: Si li pa doute nan kè li, e, si li kwè sa li di a ap rive, ebyen, sa li di a ap rive pou li vre!

²⁴ Se poutèt sa mwen di nou: Tout bagay nou mande nan lapriyè, kwè nou resevwa l. E, li va pou nou.

²⁵ Lè nou kanpe pou nou lapriyè, si nou genyen kichòy kont yon moun, padone li. Se Konsa Papa nou ki nan syèl la va padone fot nou yo tou.

²⁶ Men, si nou pa padone li, Papa nou ki nan syèl la p ap padone fot nou yo nonplis.

²⁷ Y ale Jerizalèm ankò. Pandan li t ap pwomennen nan lakou tanp lan, sakrifikatè prensipal yo, pwofesè lalwa yo, ak ansyen yo vini kote li.

²⁸ Yo di li: Avèk ki otorite w ap fè bagay sa yo? Epitou, kilès ki ba ou otorite sa a pou w fè bagay sa yo?

²⁹ Men, Jezi reponn yo, li di: Mwen menm tou, m ap mande nou yon bagay. Reponn mwen, e, lè sa a, m a di nou avèk ki otorite m ap fè bagay sa yo.

³⁰ Kote otorite pou batèm Jan an soti? Nan syèl oubyen nan men lèzòm? Reponn mwen!

³¹ Alò, yo diskite sa youn ak lòt. Yo di: Si nou ta di: «Nan syèl!», li va di: «Donk, poukisa nou pa t kwè li?»

³² Men, èske nou ta di: «Nan men lèzòm?...» Yo te pè pèp la, paske tout pèp la te kwè Jan te yon pwofèt toutbon.

³³ Alò yo reponn Jezi, yo di l: Nou pa konnen. Jezi reponn yo tou, li di yo: Mwen p ap di nou nonplis ak ki otorite m ap fè bagay sa yo.

Mak 12

¹ Jezi kòmanse pale avèk yo an parabòl, li di yo: Yon nonm plante yon jaden rezen. Li mete lantouraj toutotou li. Li fouye yon basen pou ji rezen an. Li bati yon gerit. Li anfème kiltivatè jaden an. Epi, li pati al aletranje.

² Lè sezon an rive, li voye yon sèvitè kote kiltivatè yo pou li ka resevwa yon pati rekòt la nan men kiltivatè yo.

³ Men, yo pran sèvitè a, yo bat li. Epi, yo voye l ale de men vid.

⁴ Li voye yon lòt sèvitè kote yo ankò. Sa a, yo kalonnen l wòch, yo kase tèt li. Lè yo fin dezonore li, yo voye l ale.

⁵ Li voye yon lòt ankò. Sa a menm, yo tiye li. Te genyen anpil lòt ankò. Yo bat kèk, yo tiye lòt yo.

- ⁶ Kounye a, li te rete yon pitit gason, li te renmen anpil. Li voye l kote yo tou. Li di: Omwen, yo va respekte pitit gason m nan!
- ⁷ Men, kiltivatè yo, youn di lòt: Sa a se eritye a! Vini. Annou tiye li. Epi, eritaj la va pou nou.
- ⁸ Yo pran li, yo tiye li, epi, yo trennen l al deyò jaden an.
- ⁹ Donk, sa mèt jaden an va fè? Li va vini, li va detui kiltivatè yo, epi li va bay lòt moun jaden an.
- ¹⁰ Èske nou pa menm li Ekriti sa a? Wòch moun k ap bati yo jete a, Se li ki vini wòch prensipal la, wòch kwen an.
- ¹¹ Sa se travay Senyè a. Se yon mèvèy nan je nou.
- ¹² Yo t ap chèche pran Jezi paske yo te konnen se pou yo, li te di parabòl la. Men, yo te pè foul la. Donk, yo kite l, y ale.
- ¹³ Yo voye kèk Farizyen ak kèk Ewodis kote Jezi pou yo ka sènen l nan pawòl li.
- ¹⁴ Lè yo rive, yo di li: Mèt, nou konnen ou onèt. Ou pa pè pèsonn, paske ou pa gade sou figi lèzòm. Men, ou anseye chemen Bondye a dapre laverite. Wi oubyen non, èske lalwa pèmèt yo peye Seza taks? Èske nou dwe peye, oubyen, èske nou pa dwe peye?
- ¹⁵ Men, Jezi te konnen se ipokrit yo ye. Li di yo: Poukisa n ap tante mwen? Pote yon denye ban m wè.
- ¹⁶ Lè yo pote denye a bay Jezi, Jezi di yo: Sa a se pòtre kilès? Epi, pou kilès yo ekri pawòl sa yo? Yo di li: Pou Seza!
- ¹⁷ Li reponn yo, li di: Bay Seza sa ki pou Seza. Bay Bondye sa ki pou Bondye! Li te fè yo sezi.
- ¹⁸ Sadiseyen yo, ki di pa genyen rezirèksyon, vini kote li. Yo poze li yon kesyon.
- ¹⁹ Yo di l: Mèt, men sa Moyiz te ekri pou nou: Si yon frè ta mouri kite madanm li dèyè, san li pa kite pitit, frè li dwe pran madanm nan. Konsa, li va fè pitit pou defen an.
- ²⁰ Vwala se te sèt frè. Premye a pran yon fi pou madanm. Men, li mouri san li pa kite pitit.
- ²¹ Dezyèm nan pran l pou madanm. Li mouri tou. Li pa kite pitit nonplis. Twazyèm nan, menm bagay.
- ²² Konsa, yo sèt pran l pou madanm. Men, yo pa kite pitit. Pou fini tout bagay, madanm nan mouri tou.

- 23** Lè y a resisite jou rezirèksyon an, madanm kilès l ap ye, paske yo sèt te pran l pou madanm?
- 24** Jezi reponn yo, li di: Èske se pa paske nou pa konnen ni Lekriti, ni pisans Bondye ki fè n ap twonpe tèt nou konsa?
- 25** Paske, lè mò yo va resisite, yo p ap ni marye ni bay fi pou maryaj. Men, yo va tankou zanj yo ki nan syèl la.
- 26** Men, kanta pou rezirèksyon mò yo, èske nou pa li nan liv Moyiz la, nan pasaj ki sou touf bwa a, kijan Bondye te pale ak li, epi kòman li te di li: Mwen se Bondye Abraam, Bondye Izaak, ak Bondye Jakòb?
- 27** Bondye pa Bondye moun mouri, men, li se Bondye moun vivan. Donk, n ap twonpe tèt nou anpil.
- 28** Youn nan pwofesè lalwa yo te tandè lè yo t ap diskite a. Lè li wè Jezi te byen reponn yo, li pwoche, li mande Jezi: Nan tout kòmannman yo, kilès ki premye?
- 29** Men, Jezi reponn li, li di: Nan tout kòmannman yo, men premye a: Koute, O Izrayèl! Senyè a, Bondye nou an, Senyè a se youn!
- 30** Ou va renmen Bondye, Senyè w la, ak tout kè ou, ak tout nanm ou, ak tout lide ou, epi ak tout fòs ou. Kòmannman sa a, se li ki premye.
- 31** Men dezyèm nan, li menm jan: Ou va renmen pwochen ou, menm jan ou renmen tèt ou. Pi gran pase de kòmannman sa yo, nanpwen!
- 32-33** Alò, pwofesè lalwa a di li: Se byen, Mèt. Ou di verite, lè ou di: Senyè a se youn; apre li, pa gen lòt ankò; epi, moun dwe renmen li ak tout kè yo, ak tout entelijans yo, ak tout nanm yo, ak tout fòs yo; epitou, yo dwe renmen pwochen yo, menm jan yo renmen tèt yo. Bagay sa yo pi enpòtan pase tout olokos ak tout lòt sakrifis.
- 34** Lè Jezi wè pwofesè lalwa a te reponn avèk sajès, Jezi di li: Ou pa lwen wayòm Bondye a. Konsa, pèsonn pa t oze poze Jezi kesyon ankò.
- 35** Jezi pran lapawòl nan lakou tanp lan. Pandan li t ap anseye, li di: Kòman pwofesè lalwa yo fè di, Kris la se pitit David?
- 36** Paske David li menm te di sou direksyon Lespri Sen an: Senyè a di Senyè m nan: «Chita adwat mwen Jis mwen fè lènmi w yo tounen yon machpye anba pye ou.»
- 37** Donk, si David li menm rele li Senyè, kòman li fè pitit David? Konsa, tout foul la t ap koute l avèk plezi.
- 38** Nan sa li t ap anseye yo, li di yo tou: Fè atansyon ak pwofesè lalwa yo. Yo renmen pwomennen ak wòb long, epi, pou moun salye yo sou plas piblik.
- 39** Yo renmen plas devan nan sinagòg yo ak premye plas nan fèt.

⁴⁰ Y ap piye kay vèv yo, epi, kòm pretèks, y ap lapriyè byen long. Yo gen pou yo resevwa yon pi gwo kondanasyon.

⁴¹ Jezi te chita anfas kès lakolèt la. Li t ap gade kòman moun yo t ap mete lajan nan kès la. Anpil moun rich t ap mete anpil lajan.

⁴² Epi, yon vèv pòv parèt. Li mete de ti pyès ki te gen valè yon kadran.

⁴³ Jezi rele disip li yo, li di yo: Franchman, m ap di nou sa: Vèv pòv sa a mete plis pase tout moun ki mete nan kès la.

⁴⁴ Paske, yo tout mete sa ki te diplis nan richès yo. Men, li menm, li mete tout valè mizè li, tout sa li te genyen pou l viv.

Mak 13

¹ Pandan Jezi t ap soti nan lakou tanp lan, youn nan disip li yo di li: Mèt, gade! Ala de wòch! Ala de bilding!

² Epi Jezi reponn li, li di li: Èske w wè gwo bilding sa yo? Pa gen yon wòch k ap rete sou yon lòt wòch, pou yo pa jete li atè.

³ Pandan li te chita sou Mòn Oliv, anfas tanp lan, Pyè, Jak, Jan, ak Andre pale avèk li apa.

⁴ Yo mande li: Di nou kilè bagay sa yo ap rive epi ki siy ki va parèt, lè tout bagay sa yo pral rive?

⁵ Men, lè Jezi reponn yo, li kòmanse di: Fè atansyon pou pèsonn pa twonpe nou.

⁶ Paske, anpil moun va vini sou non mwen. Yo va di: «Mwen se Kris la!» Konsa, yo va twonpe anpil moun.

⁷ Men, lè nou va tandè lagè ak bri lagè, pa bay kò nou traka. Fòk bagay sa yo rive. Men, se p ap ko lafen an sa.

⁸ Paske, nasyon va leve kont nasyon, wayòm kont wayòm. Va gen tranblemanntè anpil kote. Va gen grangou ak dezòd tou. Bagay sa yo se kòmansman doulè tranche a.

⁹ Men, nou menm, fè atansyon. Paske, yo va livre nou bay konsèy. Yo va bat nou nan sinagòg. Epi, nou va kanpe devan gouvènè ak wa akòz mwen menm, pou nou kapab yon temwayaj pou yo.

¹⁰ Anvan sa, fòk bon nouvèl la preche pami tout nasyon.

¹¹ Men, lè yo va arete nou pou yo mennen n ale, pa ni toumante tèt nou davans pou sa nou va di, ni reflechi nonplis. Okontrè, sa Lespri a va ban nou lè sa a, se sa nou va di. Paske, se pa nou menm ki va pale, men, se Lespri Sen an.

- 12 Men, frè va trayi frè pou fè tiye yo. Papa va fè menm bagay ak pitit. Epi, pitit va revòlte kont paran pou fè tiye yo.
- 13 Non mwen va lakòz tout moun rayi nou. Men, moun ki va pèsevere jiska lafen, se yo ki va sove.
- 14 Pwofèt Danyèl pale sou Abominasyon-ki-lakòz-devas la. (Se pou moun k ap li a konprann.) Lè nou va wè li kanpe kote li pa dwe ye, lè sa a, se pou moun ki nan Jide sove al nan mòn yo.
- 15 E, yon moun ki sou do kay, li pa dwe desann nan kay la. Li pa dwe antre pran anyen lakay li nonplis.
- 16 Epitou, yon moun ki nan jaden pa dwe tounen dèyè pou pran rad li.
- 17 Men, pou fi ki ansent ak sa k ap bay tete nan jou sa yo, adye!
- 18 Priye pou se pa nan tan ivè pou n ap sove konsa.
- 19 Paske, kalite tribilasyon sa a, nan jou sa yo, pa t janm genyen tankou l depi kòmansman kreyasyon Bondye te kreye a, pou jis kounye a. E, p ap genyen l ankò.
- 20 Si Senyè a pa t koupe kantite jou yo, pa gen yon moun ki t ap sove. Men, poutèt moun li te chwazi yo, li koupe kantite jou sa yo.
- 21 Lè sa a, si yon moun di nou: «Gade, men Kris la isit!» oubyen: «Gade, li lòt bò a!», pa kwè.
- 22 Paske, fo Kris ak fo pwofèt va parèt. Yo va fè mirak-siy ak mèvèy pou yo twonpe menm moun Bondye chwazi yo, si sa te posib.
- 23 Men, nou menm, fè atansyon. Gade! Mwen di nou tout bagay davans.
- 24 Men, nan jou sa yo, apre tribilasyon sa a, Solèy la va vin tou nwa. Lalin nan p ap bay limyè li.
- 25 Zetwal yo va tonbe soti nan syèl. Epi, pisans ki nan syèl yo va brannen.
- 26 Lè sa a, yo va wè Pitit Lòm nan vini nan nyaj yo avèk anpil pisans ak glwa.
- 27 Lè sa a, li va voye zanj li yo, e li va rasanble moun li te chwazi yo nan direksyon kat van yo, soti nan pwent latè, rive nan pwent syèl la.
- 28 Kounye a, aprann parabòl sou pye figfrans lan. Lè branch li deja vin mou epi li pouse fèy, nou konnen sezon lete pre rive.
- 29 Konsa tou, lè nou menm, nou va wè bagay sa yo rive, nou mèt konnen li tou pre, li nan papòt la.
- 30 Franchman, m ap di nou sa: Jenerasyon sa a p ap pase ditou, anvan tout bagay sa yo rive.
- 31 Syèl la ak tè a va pase, men, pawòl mwen yo p ap pase ditou.

³² Men, kanta pou ki jou oubyen ki lè, pèsonn pa konnen, pa menm zanj yo ki nan syèl la, pa menm Pitit la, men, sèl Papa a.

³³ Fè atansyon! Veye! Priye! Paske, nou pa konnen kilè lè a va rive.

³⁴ Se tankou yon nonm k ap vwayaje. Li kite kay li. Li bay sèvitè li yo responsablite. Li kite travay pou yo chak. Epi, li kòmande gadyen pòt la pou li veye.

³⁵ Donk, veye! Paske, nou pa konnen kilè mèt kay la ap vini: si se aswè, oubyen a minui, oubyen lè kòk chante, oubyen granmmaten.

³⁶ Pa pito li ta vini sibitman epi li jwenn n ap dòmi!

³⁷ Menm sa mwen di nou an, se li m ap di tout moun: Veye!

Mak 14

¹ Se te de jou anvan fèt Pak ak fèt Pen San Ledven. Sakrifikatè prensipal yo ak pwofesè lalwa yo t ap fè riz pou yo chèche pran Jezi pou yo tiye li.

² Men, yo t ap di: Fòk se pa pandan fèt la, dekwa pou pèp la pa fè dezòd.

³ Jezi te Betani, lakay Simon ki te gen lèp la. Pandan li te sou tab, yon dam vini ak yon krich ann albat, ki te genyen yon bon kalite pafen na ki vann chè ladan l. Dam nan kase krich la. Li vide pafen an sou tèt Jezi.

⁴ Men, te gen kèk moun ki te vekse. Youn t ap di lòt: Poukisa li gaspiye pafen an konsa?

⁵ Paske, yo ta kapab vann li pou plis pase twa san denye epi yo ta bay pòv lajan an. Konsa, yo t ap joure li.

⁶ Men, Jezi di: Kite l trankil! Poukisa n ap nui li konsa? Se yon bèl jès, li fè avèk mwen.

⁷ Paske, n ap toujou genyen pòv yo avèk nou. Nenpòt lè nou vle, nou kapab fè byen pou yo. Men, nou p ap toujou genyen m avèk nou.

⁸ Li fè sa l kapab. Li anbonmen kò mwen davans pou lè yo va antere mwen.

⁹ Franchman, m ap di nou sa: Nenpòt kote nan lemonn antye, yo ta preche bon nouvèl sa a, yo va sonje dam nan pou yo rakonte sa l te fè a.

¹⁰ Epi, Jida Iskaryòt, youn nan Douz yo, ale kote sakrifikatè prensipal yo pou li livre Jezi ba yo.

¹¹ Lè yo tandè sa, yo te kontan. Yo pwomèt pou yo ba li lajan. Kifè, li chèche yon okazyon pou li trayi Jezi.

¹² Se te premye jou fèt Pen-San-Ledven an, jou yo sakrifye mouton pou fèt Pak la. Disip Jezi yo di li: Kibò ou ta vle n al pare manje Pak la pou ou?

- 13 Li voye de nan disip li yo. Li di yo: Ale nan vil la. Yon nonm k ap pote yon krich dlo va kontre avèk nou. Suiv li.
- 14 Epi, kote li antre a, di mèt kay la: Mèt la di: «Kote chanm pou m manje Pak la ak disip mwen yo?»
- 15 Epi, li va montre nou yon gwo chanmòt tou pare, tou meble. Se la nou va pare pou nou.
- 16 Disip li yo ale. Yo antre nan vil la. Yo jwenn tout bagay jan li te di yo a. Epi, yo pare manje Pak la.
- 17 Lè aswè rive, li vini ak Douz yo.
- 18 Pandan yo te sou tab epi yo t ap manje, Jezi di: Franchman, m ap di nou sa: Youn nan nou, youn k ap manje avèk mwen la a, ap trayi mwen.
- 19 Men, yo te kòmanse ap tris. Youn apre lòt, yo kòmanse di: Se pa mwen, pa vre? Epi, yon lòt ankò di: Se pa mwen, pa vre?
- 20 Men, li reponn yo, li di: Se youn nan Douz yo, sa k ap tranpe pen ansanm avèk mwen nan bòl la.
- 21 Pitit Lòm nan prale, menm jan sa te ekri sou li a. Men tou, malè pou nonm sa a ki trayi Pitit Lòm nan! Sa ta pi bon pou nonm sa a si li pa t janm fèt.
- 22 Pandan yo t ap manje, Jezi pran yon pen. Li beni li. Li kase l ba yo. Epi, li di: Pran. Manje. Sa a se kò mwen.
- 23 Li pran gode a tou. Li rann gras. Li ba yo li. Epi, yo tout bwè ladan l.
- 24 Kounye a, li di yo: Sa a se san mwen, san nouvèl alyans ki koule pou anpil moun nan.
- 25 Franchman, m ap di nou sa: Mwen p ap bwè fwi rezen an ditou ankò, pou jis jou sa a, lè mwen va bwè youn ki nouvo, nan wayòm Bondye a.
- 26 Yo chante kantik. Epi, y ale sou Mòn Oliv.
- 27 Jezi di yo: Nuit sa a, nou tout va chite akòz mwen menm. Paske, sa ekri konsa: Mwen va frape bèje a, Epi mouton yo va gaye.
- 28 Men, apre mwen resisite, m aprale Galile anvan nou.
- 29 Men, Pyè di li: Menm si yo tout ta chite, se pa mwen menm!
- 30 Epi, Jezi di li: Franchman, m ap di w sa: Jodi a, nuit sa a, anvan kòk chante de fwa, ou menm, w ap nye mwen twa fwa.
- 31 Men, Pyè pale pi rèd toujou: Menm si mwen ta dwe mouri avèk ou, mwen p ap janm nye w. Yo tout di menm bagay.
- 32 Yo rive yon kote yo rele Jetsemane. Jezi di disip li yo: Chita isit la pandan m ap lapriye.

- 33 Li pran Pyè, Jak, ak Jan avèk li. Li kòmanse gen kè-sote ak kè-sere.
- 34 Epi, li di yo: Mwen ta mouri, tank nanm mwen tris. Rete veye isit la.
- 35 Li vanse pi lwen, li koube fas atè, epi li lapriye pou si sa posib lè a ta pase lwen li.
- 36 Li di: Aba! O Papa! Ou kapab fè tout bagay. Fè gode sa a pase lwen mwen. Men, pa fè sa mwen vle, fè sa ou menm ou vle.
- 37 Lè li tounen, li jwenn y ap dòmi. Epi, li di Pyè: Simon, apa w ap dòmi? Ou pa t kapab veye menm inè d tan?
- 38 Veye epi priye pou nou pa tonbe nan tantasyon. Lespri a vle, men, chè a fèb.
- 39 Li tounen lapriye ankò. Li di menm pawòl yo.
- 40 Lè li retounen, li jwenn y ap dòmi ankò. Vrèmanvre, je yo te lou. Yo pa t konnen kisa pou yo reponn li.
- 41 Li vini yon twazyèm fwa. Li di yo: N ap dòmi toujou? N ap poze kò nou toujou? Se fini! Lè a rive! Gade! Yo pral livre Pitit Lòm nan nan men pechè yo.
- 42 Leve! Ann ale! Gade! Moun ki trayi m nan ap vini.
- 43 Menm lè a tou, pandan menm li t ap pale a, Jida, ki se youn nan Douz yo, parèt. Li te genyen yon gwo foul avèk li, ki te gen epe ak baton. Yo te soti kote sakrifikatè prensipal yo, pwofesè lalwa yo, ak ansyen yo.
- 44 Men, moun ki t ap trayi Jezi a te ba yo yon siy. Li te di: Moun mwen va bo a, se li menm. Pran li, epi mennen l ak prekosyon.
- 45 Menm lè li rive a, li pwoche sou Jezi. Li di li: Rabi! Rabi! Epi, li bo li.
- 46 Konsa, yo mete men sou Jezi. Yo pran li.
- 47 Men, youn nan moun ki te kanpe la yo, rale epe li, li frape sèvitè sakrifikatè an chèf la, li koupe zòrèy li.
- 48 Jezi pran lapawòl, li di yo: Nou vin arete m avèk epe ak baton tankou se dèyè yon alfektè nou ye, pa vre?
- 49 Mwen te avèk nou chak jou, mwen te konn ap anseye nan lakou tanp lan, e nou pa t pran mwen! Men, sa pase konsa pou Ekriti yo ka akonpli.
- 50 Epi, tout disip yo sove kite l.
- 51 Yon jèn gason, ki te vlope kò l nan yon dra sèlman, t ap suiv Jezi. Jèn mesye yo tou pran l.
- 52 Men, li kite dra a nan men yo, li sove toutouni.

- 53 Yo mennen Jezi kote sakrifikatè an chèf la. Epi, tout sakrifikatè prensipal yo, ansyen yo, ak pwofesè lalwa yo reyini avèk li.
- 54 Pyè te suiv li de lwen rive jis nan lakou sakrifikatè an chèf la. Li chita ak polis yo, li t ap chofe kò l bò dife a.
- 55 Sakrifikatè an chèf la ak tout Konsèy la t ap chèche temwayaj kont Jezi, pou yo te ka tiye li. Men, yo pa t jwenn.
- 56 Vrèmanvre, anpil moun te bay fo temwayaj kont li. Men, temwayaj yo te depaman.
- 57 Kèk moun kanpe. Yo bay fo temwayaj kont li.
- 58 Yo di: Nou te tandè l ap di: «M ap detui tanp sa a men moun fè a, epi nan twa jou, m ap bati yon lòt ki p ap fèt ak men moun.»
- 59 Menm sou pwen sa a, temwayaj yo te depaman toujou.
- 60 Epi, sakrifikatè an chèf la kanpe nan mitan. Li poze Jezi kesyon, li di l: Ou pa reponn anyen? Sa y ap temwaye kont ou konsa?
- 61 Men, Jezi rete bouch fèmen. Li pa reponn anyen. Sakrifikatè an chèf la poze l kesyon ankò, li di li: Èske se ou ki Kris la, Pitit Sila ki Beni an?
- 62 Jezi di: Se mwen! Epitou, nou va wè Pitit Lòm nan, lè li va chita adwat Pisans lan, ak lè l ap vini avèk nyaj nan syèl la.
- 63 Sakrifikatè an chèf la chire rad li. Li di: Poukisa nou bezwen temwen ankò?
- 64 Nou tandè li denigre Bondye, ki desizyon nou? Yo tout kondane li. Yo di li merite lanmò.
- 65 Kèk nan yo kòmanse krache sou li, yo kouvri figi li, yo ba li kout pwen, epi yo di li: Pwofetize! Polis yo pran l ak souflèt.
- 66 Pandan Pyè te anba nan lakou a, youn nan sèvant sakrifikatè an chèf la parèt.
- 67 Lè li wè Pyè ap chofe kò li, li gade Pyè byen, li di: Ou menm tou, ou te avèk Jezi, moun Nazarèt la.
- 68 Men, Pyè nye sa, li di: Mwen pa ni konnen sa w ap di a, ni konprann li. Epi, li soti deyò nan baryè a. Lè sa a, kòk chante.
- 69 Lè sèvant lan wè l ankò, li kòmanse di moun ki te kanpe la yo: Li se youn nan yo!
- 70 Men, Pyè nye sa ankò. Pi ta, moun ki te kanpe la yo di Pyè ankò: An verite, ou se youn nan yo, paske, ou se moun Galile. Epitou, nou pale menm jan.
- 71 Men, li kòmanse rele malediksyon sou tèt li. Li sèmante: Mwen pa konnen nonm sa a n ap pale a!

⁷² Menm lè a, kòk chante yon dezyèm fwa. Alò, Pyè sonje pawòl Jezi a, li te di li: «Anvan kòk chante de fwa, w ap nye mwen twa fwa.» Epi, li tonbe kriye.

Mak 15

¹ Nan maten, sakrifikatè prensipal yo pran yon desizyon ansanm ak ansyen yo, ak pwofesè lalwa yo, ak tout Konsèy la. Yo mare Jezi mennen ale. Yo livre l bay Pilat.

² Pilat mande li: Èske ou se wa Juif yo? Jezi reponn li, li di: Ou di li!

³ Sakrifikatè prensipal yo t ap akize li pou anpil bagay.

⁴ Epi Pilat poze l kesyon ankò. Li di: Ou pa reponn anyen? Gade, y ap temwaye yon bann bagay kont ou.

⁵ Men, Jezi pa t reponn anyen ankò. Konsa, Pilat te sezi.

⁶ Jou fèt, nenpòt prizonye moun yo te mande a, Pilat te konn lage l pou yo.

⁷ Te gen yon prizonye yo rele Barabas ki te nan prizon avèk kèk konplote parèy li. Yo te asasinè yon moun nan yon soulèvman.

⁸ Foul la pran rele. Yo kòmanse mande pou Pilat fè menm sa li te toujou fè pou yo a.

⁹ Men, Pilat reponn yo, li di: Èske nou vle mwen lage wa Juif yo pou nou?

¹⁰ Li di sa, paske li te konnen se jalouzi sakrifikatè prensipal yo ki te lakòz yo fè arete Jezi.

¹¹ Men, sakrifikatè prensipal yo te chofe foul la pou yo te fè Pilat lage Barabas pou yo pito.

¹² Pilat reponn ankò, li di yo: Donk, kisa nou vle m fè ak nonm sa a, nou rele Wa Juif yo?

¹³ Yo rele ankò: Krisifye li!

¹⁴ Alò, Pilat di yo: Men, ki mal li fè? Yo rele pi rèd: Krisifye li!

¹⁵ Pilat te vle fè pèp la plezi. Li lage Barabas pou yo. Li fè bat Jezi ak raso. Epi, li livre l pou yo krisifye li.

¹⁶ Sòlda yo mennen li andedan lakou a, sa vle di nan palè gouvènè a. Epi, yo rasanble tout rejiman an.

¹⁷ Yo abiye li an wouj-fonse. Yo trese yon kouwòn pikan mete sou tèt li.

¹⁸ Epi, yo kòmanse salye li: Viv wa Juif yo!

¹⁹ Yo frappe li nan tèt ak yon wozo. Yo krache sou li. Epi, yo ajenou kòm si yo t ap adore li.

- 20 Lè yo fin pase l nan betiz, yo retire rad wouj fonsè a sou li, yo abiye l ak pwòp rad pa l, epi yo mennen l deyò pou yo krisifye li.
- 21 Yon moun Sirèn t ap pase soti andeyò. Se te Simon, papa Aleksann ak Rifis. Yo fòse l pote kwa Jezi a.
- 22 Yo mennen Jezi kote yo rele Gòlgota a. Sa vle di: Plas Zo Tèt.
- 23 Yo ba li bwè diven melanje ak lami. Men, li pa pran.
- 24 Lè yo fin krisifye li, yo separe rad li yo. Yo fè tirajosò pou yo deside kisa yo chak ka pran.
- 25 Lè yo te krisifye l la, se te twazyèm è.
- 26 Men ki pawòl yo te ekri kòm rezon kondanasyon li: WA JUIF YO
- 27 Yo te krisifye de malfektè avèk li: Youn adwat li, youn agoch li.
- 28 Se konsa pawòl ki te ekri a te akonpli lè li te di: Yo mete li nan gwoup moun rebèl.
- 29 Moun ki t ap pase yo t ap denigre li. Yo t ap souke tèt yo, epi yo t ap di: Ahaa! Se pa ou menm sa, ki detui tanp lan pou w bati l nan twa jou a!
- 30 Sove tèt ou! Desann sou kwa a.
- 31 Konsa tou, sakrifikatè prensipal yo ak pwofesè lalwa yo t ap pase l nan betiz. Youn t ap di lòt: Li sove lòt yo, men, li pa kapab sove tèt li.
- 32 Se pou Kris la ki Wa Izrayèl la desann kwa a kounye a pou nou ka wè epi pou nou ka kwè nan li. Menm moun yo te krisifye avèk li yo t ap repwoche li.
- 33 Lè sizyèm è a rive, vin gen fènwa sou tout peyi a, jis nan nevyèm è a.
- 34 Nan nevyèm è a, Jezi rele byen fò. Li di: Eloyi, Eloyi, lama sabaktani? Sa vle di: Bondye mwen, Bondye mwen, poukisa w abandone mwen?
- 35 Lè kèk nan moun ki te kanpe la yo tandè sa, yo di: Men l ap rele Eli!
- 36 Yon moun kouri plen yon eponj ak vinèg. Li mete li sou yon wozo. Li ba li bwè. Epi, li di: Tann. Annou wè si Eli ap vin desann li atè.
- 37 Men, Jezi pouse yon gwo rèl. Epi, li rann dènnye souf li.
- 38 Rido tanp lan fann de bò, depi anwo jis anba.
- 39 Santenye a te kanpe anfas Jezi. Lè li wè kijan Jezi rele epi kijan li rann dènnye souf li, li di: An verite, nonm sa a te Pitit Bondye.
- 40 Te gen kèk medam ki te rete lwen ap gade. Pami yo tou, te genyen Mari, moun Magdala; Mari, manman Ti Jak ak Joz; epi Salome.
- 41 Se yo tou ki te suiv li epi ki te sèvi li lè li te Galile. Te genyen anpil lòt medam ki te monte Jerizalèm avèk li tou.

- ⁴² Aswè te deja fin rive. Epitou, se te Preparasyon, sa vle di: jou lavèy saba a.
- ⁴³ Donk, Jozèf, moun Arimate, ale kareman devan Pilat pou li mande l kò Jezi. Li te yon manm respektab nan Konsèy la. Li menm tou, li t ap tann wayòm Bondye a.
- ⁴⁴ Men, Pilat te sezi tandè Jezi te deja mouri. Li rele santenye a, li mande li si Jezi te mouri lontan.
- ⁴⁵ Lè santenye a fè li konnen ki lè, alò Pilat fè Jozèf kado kadav la.
- ⁴⁶ Jozèf achte twal len. Lè li desann kò a atè, li vlope l nan len an. Li mete li nan yon tonm yo te taye nan wòch. Epi, li woule yon wòch devan pòt tonm nan.
- ⁴⁷ Men, Mari, moun Magdala, ak Mari, manman Joz, t ap gade kibò yo t ap mete li.

Mak 16

- ¹ Lè saba a fini, Mari ki moun Magdala a, Mari ki manman Jak la, ak Salome achte pafen pou yo vin benyen kò a.
- ² Byen bonè, nan premye jou semèn nan, apre solèy leve, y ale nan tonm nan.
- ³ Youn t ap di lòt: Kilès ki va woule wòch la soti devan pòt tonm nan pou nou?
- ⁴ Vrèmanvre, wòch la te gwo anpil. Men, lè yo leve je yo, yo wè yo te deja woule l.
- ⁵ Yo antre nan tonm nan. Yo wè yon jèn gason chita sou bò dwat. Li te abiye ak yon wòb blanch. Kè yo sote anpil.
- ⁶ Men, li di yo: Nou pa bezwen gen kè-sote. N ap chèche Jezi, moun Nazarèt, yo te krisifye a? Li resisite. Li pa isit la. Gade! Men kote yo te mete l la.
- ⁷ Ale. Di disip li yo ak Pyè, l ap monte Galile anvan yo. Se la yo va wè li jan l te di yo a.
- ⁸ Medam yo sove soti nan tonm nan. Yo t ap tranble. Yo te anba sezisman. Yo te tèlman pè, yo pa di pèsonn anyen.
- ⁹ Apre Jezi te resisite granmmaten nan premye jou semèn nan, li parèt devan Mari, moun Magdala. Se sou li, Jezi te chase sèt demon an.
- ¹⁰ Mari al bay moun ki te konn ak Jezi yo nouvèl la. Yo t ap rele. Yo t ap kriye.
- ¹¹ Lè yo tandè Jezi te vivan epi Mari te wè li, yo pa t kwè.

12 Apre sa, te gen de nan yo ki t ap mache pou y ale andeyò. Jezi parèt devan yo, sou yon lòt fòm.

13 Y al bay lòt yo nouvèl la. Men, yo pa t kwè yo nonplis.

14 Pi ta, pandan Onz yo te sou tab, li parèt sou yo. Li repwoche yo dèske yo pa gen lafwa epi dèske yo t ap fè rèd nan kè yo. Vrèmanvre, yo pa t kwè moun ki te wè li apre li te resisite a.

15 Li di yo: Ale nan lemonn antye. Preche tout moun bon nouvèl la.

16 Moun ki kwè epi ki batize, yo va sove. Men, moun ki pa kwè, yo va kondane.

17 Men mirak-siy ki va akonpaye moun ki kwè yo: yo va chase demon nan non mwen. Yo va pale nouvo lang.

18 Yo va kenbe sèpan. E, si yo ta bwè kèk pwazon, li p ap fè yo anyen ditou. Yo va poze men sou moun malad, epi moun yo va geri.

19 Donk, apre Senyè a te fin pale ak yo, li monte nan syèl la. Li chita adwat Bondye.

20 Men, yo menm, y al preche toupatou. Senyè a travay avèk yo. Li sètifye pawòl la grasa mirak-siy ki te akonpaye pawòl la. Amèn!

Lik

Lik 1

- ¹ Vrèmanvre, anpil moun te chèche ekri yon istwa sou evènman ki te akonpli pami nou yo,
- ² dapre jan moun, ki te temwen ak je yo depi o kòmansman epi ki te vin sèvitè pawòl la, te transmèt yo ban nou.
- ³ Alò, mwen menm tou, Sonnekselans Teyofil, apre mwen fin suiv tout bagay depi nan sous yo pou m wè si yo egzat, mwen te panse li bon pou mwen ekri yo ann òd pou ou.
- ⁴ Konsa, ou va konnen bagay yo te anseye ou yo se laverite.
- ⁵ Twouve nan tan Ewòd te wa Jide, te genyen yon sakrifikatè nan gwoup Abiya a ki te rele Zakari. Madanm li te desandan Aawon. Yo te rele l Elizabèt.
- ⁶ Yo tou de te jis devan Bondye. Yo t ap mache san repwòch dapre tout kòmmanman ak tout règ Senyè a.
- ⁷ Men, yo pa t gen pitit, paske Elizabèt pa t kapab fè pitit. E, yo tou de te deja nan laj avanse.
- ⁸ Vin rive yon lè, Zakari te desèvis, paske se te tou pa gwoup li a pou fè sèvis sakrifikatè devan Bondye.
- ⁹ Dapre koutim tirajosò nan sèvis sakrifikatè a, se li menm yo te chwazi pou antre ofri lansan nan tanp Senyè a.
- ¹⁰ Tout foul pèp la t ap lapriyè deyò a nan lè ofrann lansan an.
- ¹¹ Twouve yon zanj Senyè a parèt devan Zakari, li kanpe adwat lotèl lansan an.
- ¹² Lè Zakari wè li, Zakari sote, laperèz tonbe sou li.
- ¹³ Men, zanj lan di li: Zakari, pa pè! Paske, Bondye tande priyè w la. Elizabèt, madanm ou, ap ba ou yon pitit gason. Ou va rele li Jan.
- ¹⁴ L ap fè ou gen lajwa ak kontantman. Epi, lè li fèt, anpil moun ap nan lajwa.
- ¹⁵ Vrèmanvre, li va gran devan Senyè a. Li p ap bwè ni diven, ni bwason. E, depi nan vant manman li, l ap ranpli ak Lespri Sen an.
- ¹⁶ L ap fè anpil nan desandan Izrayèl yo retounen vin jwenn Senyè a, Bondye yo.

- 17** L ap mache devan Senyè a anba menm Lespri ak pisans Eli a pou I fè kè papa retounen dakò ak pitit, pou I fè moun rebèl retounen nan bonsans moun jis, epi pou I pare yon pèp pou Senyè a, yon pèp ki byen dispoze.
- 18** Zakari di zanj lan: Dapre kisa m ap rekonèt sa? Paske, mwen menm, mwen fin granmoun, e madanm mwen nan laj avanse.
- 19** Zanj lan reponn, li di li: Mwen se Gabriyèl, sila ki konn kanpe nan prezans Bondye a. Yo te voye mwen pale avèk ou pou mwen anonse ou bon nouvèl sa a.
- 20** Gade! Paske ou pa kwè nan pawòl mwen yo, pawòl ki gen pou akonpli nan tan pa yo, ebyen, w ap vin bèbè, ou p ap kapab pale pou jis jou bagay sa yo va rive.
- 21** Pèp la, li menm, t ap tann Zakari. Yo te sezi wè li mize nan tanp lan konsa.
- 22** Lè li soti, li pa t kapab pale avèk yo. Se lè sa a yo konprann se yon vizyon li te fè nan tanp lan. Li menm, li t ap fè yo siy, men, li te rete bèbè.
- 23** Twouve lè tan sèvis Zakari a fini, li retounen lakay li.
- 24** Men, apre jou sa yo, Elizabèt, madanm li, vin ansent. Li ret kache pandan senk mwa.
- 25** Li t ap di: Men sa Senyè a fè pou mwen, lè li deside wete dezonè m nan devan lèzòm.
- 26** Men, nan sizyèm mwa a, Bondye voye zanj Gabriyèl nan yon vil Galile, yo rele Nazarèt.
- 27** Li voye I kote yon fi vyèj ki te fiyanse ak yon nonm nan ras David, yo rele Jozèf. E non fi vyèj la se te Mari.
- 28** Zanj lan antre kote li epi li di li: Bonjou, ou menm ki resevwa anpil gras! Senyè a avèk ou. Li beni ou pami tout fi.
- 29** Lè Mari wè sa, pawòl zanj lan twouble l. Li t ap mande tèt li ki kalite salitasyon sa a ye!
- 30** Alò, zanj lan di li: Mari, pa pè! Paske, ou resevwa gras devan Bondye.
- 31** Gade! Ou pral ansent, epi w ap fè yon tigason. W a rele li Jezi.
- 32** Li va gran! Y ap rele li: Pitit Sila ki Trè-Wo a. E, Bondye, Senyè a, va ba li twòn David, papa li.
- 33** L ap domine sou ras Jakòb pou tout tan. E, wayòm li a p ap janm fini.
- 34** Alò, Mari di zanj lan: Kòman sa pral rive, paske mwen poko konn gason?

- 35 Zanj lan reponn, li di li: Lespri Sen an ap vin sou ou, pisans Sila ki Souvren an ap kouvri ou anba lonbraj li. E, sila ki va fèt la, y ap rele li: Sen, Pitit Bondye a.
- 36 Gade! Elizabèt, fanmi ou, atout li granmoun nan, li ansent yon pitit gason. Li menm yo di ki pa t kapab fè pitit la, men li sou sizyèm mwa l.
- 37 Paske, pou Bondye, anyen pa enposib!
- 38 Alò, Mari di: Gade! Se sèvant Senyè a mwen ye. Se pou sa rive m jan ou di a! Epi, zanj lan kite li!
- 39 Nan menm jou sa yo, Mari leve, li prese al nan yon vil nan mòn Jida.
- 40 Li antre kay Zakari, epi, li salye Elizabèt.
- 41 Twouve, lè Elizabèt tande Mari salye l la, timoun nan sote nan vant li, epi Lespri Sen an ranpli Elizabèt.
- 42 Epi, li rele byen fò, li di: Pami tout fi, ala beni Bondye beni ou! Ala beni li beni fwi zantray ou!
- 43 E, kote onè sa a soti pou mwen, Pou se kote mwen, manman Senyè m nan vini?
- 44 Vrèmanvre, gade! Lè ou salye mwen, Vwa ou annik rive nan zòrèy mwen, Epi, tibebe a sote nan vant mwen tèlman li nan lajwa.
- 45 Ala byennere ou byennere, ou menm ki te gen lafwa, Paske, tout sa Senyè a te voye di w yo, yo va akonpli.
- 46 Epi, Mari di:
- 47 Nanm mwen ap montre grandè Senyè a, E, lespri mwen nan lajwa, grasa Bondye, Sovè mwen.
- 48 Paske, li voye je sou sèvant li ki malerèz. Vrèmanvre, gade! Apati jodi a, tout jenerasyon ap di mwen byennerèz!
- 49 Paske, Toupisan an fè gwo bagay pou mwen. Non li Sen!
- 50 Epitou, jenerasyon apre jenerasyon, Pitie li sou tout moun ki gen krentif pou li!
- 51 Li demontre fòs ponyèt li. Moun ki gen lide awogan nan kè yo, li gaye yo.
- 52 Li desann potanta sot sou twòn yo. Men, li leve moun ki san pretansyon.
- 53 Moun ki grangou, li plen yo ak byen. Moun ki rich, li voye y ale san anyen.
- 54 Li okipe pèp Izrayèl la, sèvitè li. Li sonje montre pitie
- 55 Pou Abraam ak desandan li yo pou tout tan, Menm jan li te di zansèt nou yo a.

- 56 Mari rete avèk Elizabèt pandan twa mwa konsa, epi li retounen lakay li.
- 57 Men, tan pou Elizabèt akouche a vin rive: Li fè yon tigason.
- 58 Lè vwazinaj li ak fanmi li yo tandè Senyè a te montre grandè pitye li pou li, yo rejwi ansanm avèk li.
- 59 Se konsa, sou ui jou, yo vini pou yo sikonsi pitit la. Yo t apral rele li Zakari, non papa li.
- 60 Men, manman an reponn, li di: Non! Okontrè, se Jan pou yo rele li!
- 61 Epi, yo di li: Pa gen pèsoun nan fanmi ou ki pote non sa a!
- 62 Epi, yo pran fè papa a siy pou konnen kijan li ta vle rele pitit la.
- 63 Zakari mande yo yon adwaz, epi li ekri pou li di: Se Jan ki non li! Yo tout sezi.
- 64 Menm lè a tou, bouch li louvri, lang li lage. Epi, li pran pale pou l beni non Bondye.
- 65 Laperèz tonbe sou tout moun ki rete alantou yo. E, tout bagay sa yo t ap pale sou tout mòn Jide.
- 66 Tout moun ki te tandè sa, yo t ap kalkile nan kè yo, yo t ap di: Kisa pitit sa a pral ye? Vrèmanvre, fòs men Senyè a te avèk li.
- 67 Zakari, papa li, vin ranpli ak Lespri Sen an. Li pwofetize, li di:
- 68 Benediksyon pou Senyè a, Bondye Izrayèl la! Paske, li sekoure pèp li a, li rachte yo.
- 69 Pami desandans David, sèvitè li, Li fè yon kòn parèt, yon kòn ki pou sove nou.
- 70 Wi, menm jan li te pale sa depi lontan ak bouch pwofèt li yo ki sen,
- 71 Se konsa li sove nou anba lènmi nou yo, Anba men tout moun ki rayi nou yo.
- 72 Li fè li parèt, dekwa pou li ka montre pitye li pou zansèt nou yo, Dekwa pou li ka sonje alyans li an ki sen,
- 73 Sèman li te fè bay Abraam, papa nou an:
- 74 Kòm kwa, lè li fin delivre nou anba men lènmi nou yo, L ap pèmèt nou sèvi l san krent,
- 75 Nan ladwati ak nan jistis, devan li, Chak jou nan lavi nou.
- 76 E, ou menm, ti pitit, se pwofèt Sila ki Trè-Wo a, y ap rele ou. Paske, ou va ale anvan Senyè a pou w ka pare chemen pou li,
- 77 Pou w ka fè pèp li a konnen delivrans, Lè li padone peche yo,

⁷⁸ Grasa afeksyon ak pitye Bondye nou an. E, se grasa yo ki fè solèy leve soti anwo pou li vin sekoure nou,

⁷⁹ Pou li klere moun ki chita nan fènwa ak anba lonbraj lanmò, Epi pou li dirije pye nou nan chemen lapè.

⁸⁰ Kanta pou pitit la, li t ap grandi, lespri li t ap devlope. Se nan dezè ase li te rete, pou jis jou li parèt an piblik devan pèp Izrayèl la.

Lik 2

¹ Men, twouve nan jou sa yo, Seza Ogis fè yon dekrè soti, pou yo fè resansman sou tout latè.

² Premye resansman sa a rive lè Kiriniyis te gouvènè Siri.

³ Kifè, tout moun te al enskri, men, chak moun te ale nan peyi pa yo.

⁴ E, Jozèf ale tou. Li soti nan vil Nazarèt nan Galile, li monte Jide, nan vil David yo rele Bètleyèm nan, paske li te menm fanmi, menm ras ak David.

⁵ L al enskri ansanm ak Mari, fiyanse li, ki te ansent.

⁶ Pandan yo te la, jou pou Mari akouche a rive.

⁷ Li fè premye pitit gason l lan. Li vlope l, epi li mete l kouche nan yon krèch, paske pa t gen plas pou yo nan otèl la.

⁸ Nan menm zòn sa a, te genyen bèje ki t ap pase nuit la deyò pou yo veye twoupo mouton yo.

⁹ Epi, yon zanj Senyè a parèt sou yo. Glwa Senyè a klere toutotou yo. Yo te pè anpil.

¹⁰ Men, zanj lan di yo: Pa pè! Paske, gade! Se yon bon nouvèl m ap anonse nou, yon nouvèl ki va yon gwo kontantman pou tout pèp la:

¹¹ Jodi a, nan vil David la, gen yon Sovè ki fèt pou nou. E, se li ki Kris la, Senyè a.

¹² Men kisa ki va sèvi nou kòm siy: N a jwenn yon tibebe ki vlope epi ki kouche nan yon krèch.

¹³ Menm lè a, yon gwo foul zanj nan lame ki nan syèl la vin jwenn ak zanj lan. Yo t ap fè lwanj Bondye. Yo t ap di:

¹⁴ Glwa pou Bondye anwo nan syèl la! Lapè sou latè! Favè pou lèzòm!

¹⁵ Twouve, lè zanj yo soti kote bèje yo epi y al nan syèl, mesye bèje yo, youn di lòt: Ebyen, ann ale jis Bètleyèm, ann al wè sa ki rive a, sa Senyè a te fè nou konnen an.

- 16 Yo prese ale. Epi, yo jwenn Mari ak Jozèf. E, ti bebe a, li menm, te kouche nan krèch la.
- 17 Lè yo wè li, yo rakonte sa yo te di yo sou pitit la.
- 18 E, tout moun ki te tandè sa bèje yo t ap rakonte yo a te sezi.
- 19 Mari, li menm, kenbe tout bagay sa yo, li t ap repase yo nan kè li.
- 20 Bèje yo menm, retounen. Yo t ap bay Bondye glwa ak lwanj pou tout sa yo te tandè ak tout sa yo te wè. Tout bagay te jan zanj lan te di yo a.
- 21 Uityèm jou a, jou pou yo sikonsi pitit la, vin rive. Lè sa a, yo rele li Jezi, menm non zanj lan te di a anvan pitit la te fòme nan vant.
- 22 Epi, yo pirifye tèt yo jan lwa Moyiz la mande l la. Lè jou sa yo fin pase, yo mennen pitit la Jerizalèm, pou yo prezante l bay Senyè a.
- 23 Sa se dapre sa ki ekri nan lwa Senyè a: Tout pitit gason ki fèt an premye, y a deklare yo konsakre pou Senyè a.
- 24 Yo te la tou pou yo ofri sakrifis lwa Senyè a mande a: Yon pè toutrèl oubyen de jèn pijon.
- 25 Twouve te gen yon nonm nan Jerizalèm yo te rele Simeyon. Nonm sa a te yon moun ki jis epi ki devwe. Li t ap tann konsolasyon pou Izrayèl. E, Lespri Sen an te sou li.
- 26 Lespri Sen an te avèti li davans, li p ap wè lanmò, toutotan li pa wè Kris Senyè a.
- 27 Sou direksyon Lespri a, l ale nan lakou tanp lan. Se konsa paran Jezi, pitit la, t ap antre pou yo fè sa ki te nan koutim lalwa pou Jezi.
- 28 Simeyon, li menm, pran Jezi nan bra li, li beni non Bondye, li di:
- 29 Mèt Souvren, kounye a, ou kite sèvitè w ale nan lapè, menm jan ou te di a.
- 30 Paske, je mwen wè delivrans ou a,
- 31 Delivrans ou te pare devan tout pèp yo.
- 32 Se yon limyè ki va yon revelasyon pou nasyon yo. E, se yon glwa pou pèp ou a, Izrayèl!
- 33 Ni Jozèf ni manman pitit la te sezi tandè bagay Simeyon t ap di sou li yo.
- 34 Simeyon beni yo, epi li di Mari, manman pitit la: Gade! Pitit sa a la pou anpil moun nan Izrayèl ka tonbe oubyen leve, Pou li ka yon siy k ap sibi opozisyon.
- 35 Konsa, Bondye va devwale rezònman ki nan anpil kè. E, pou ou menm tou, yon epe va pèse pwòp nanm ou.

³⁶ Te genyen yon pwofetès ki te la tou. Se te Àn, pitit fi Fànwèl ki te nan tribi Asè a. Àn te nan laj avanse. Li te gen katrevenkatran konsa. Apre maryaj li, li viv setan avèk mari li.

³⁷ Epi, li rete vèv. Li pa t janm kite tanp lan. Lajounen kon lannuit, li t ap sèvi Bondye nan jèn ak lapriyè.

³⁸ Li menm tou, li parèt nan menm lè a. Li t ap rann Senyè a gras, e li t ap pale de li ak tout moun, tout sa ki t ap tann redanmsyon nan Jerizalèm yo.

³⁹ Lè yo te fin akonpli tout bagay jan sa ye nan Iwa Senyè a, yo retounen Galile, nan peyi yo, Nazarèt.

⁴⁰ Timoun nan, li menm, t ap grandi. Li t ap devlope nan lespri li. Li te plen sajès. E, gras Bondye te sou li.

⁴¹ Chak ane, paran Jezi yo te konn al nan fèt Pak Jerizalèm.

⁴² E, lè li te gen douzan, yo monte Jerizalèm, dapre koutim fèt la.

⁴³ Lè jou fèt yo fin pase epi yo t ap retounen, ti Jezi li menm rete Jerizalèm. E, Jozèf ak manman Jezi pa t konnen sa.

⁴⁴ Kòm yo te kwè se avèk lòt vwayajè yo li te ye, y ale. Apre yon jounen sou wout la, yo chèche l pami fanmi ak zanmi yo.

⁴⁵ Men, yo pa jwenn li. Alò, nan chèche li, yo tounen Jerizalèm.

⁴⁶ Se konsa, apre twa jou, yo jwenn li chita nan lakou tanp lan, nan mitan pwofesè lalwa yo. Li t ap koute yo, epi li t ap poze yo kesyon.

⁴⁷ Tout moun ki t ap koute l yo te etone poutèt entèlijans li ak repons li yo.

⁴⁸ Lè paran l wè li, yo sezi. Epi, manman l di li: Pitit mwen, pouki w fè nou sa? Gade! Se ak kè-kase papa w avè m ap chèche ou.

⁴⁹ Li di yo: Pouki nou t ap chèche m nan? Èske nou pa konnen fòk mwen okipe afè Papa mwen?

⁵⁰ Menm yo menm, yo pa t konprann pawòl li t ap di yo a.

⁵¹ Li desann avèk yo al Nazarèt. Li te toujou obeyi yo. Manman an te sere tout bagay sa yo nan kè li.

⁵² Jezi, li menm, t ap devlope nan sajès, nan tay, nan gras, devan Bondye ak devan lèzòm.

Lik 3

¹ Se te nan kenzyèm ane gouvènman Tibè Seza a. Lè sa a, Pons Pilat te gouvènè Jide. Ewòd te Tetrak nan Galile. Filip, frè li a, te Tetrak nan Litire ak nan zòn Trakonit. Lizànyas te Tetrak nan Abilèn.

- ² Epi, Àn ak Kayif te sakrifikatè an chèf. Twouve Jan, pitit gason Zakari a, resevwa revelasyon Bondye nan dezè a.
- ³ Epi, I ale nan tout zòn alantou Jouden yo. Li t ap preche batèm repantans pou padon peche.
- ⁴ E, menm jan sa te ekri nan liv ki gen pawòl pwofèt Ezayi yo, li di: Vwa yon nonm k ap rele nan dezè a di: Pare chemen an pou Senyè a. Fè ti wout yo dwat pou li.
- ⁵ Tout ravin va vin plen. Tout mòn ak tout bit va plati. Sa ki kwochi va vin dwat. Chemen ak douk va vin plat.
- ⁶ Epi, tout moun va wè delivrans Bondye a.
- ⁷ Donk, lè moun yo vini an foul pou fè Jan batize yo, li te konn di yo: Ras sèpan! Kilès ki montre nou kòman pou nou chape anba kòlè ki pral vini an?
- ⁸ Donneren fwi repantans merite. Epi, pa menm kòmanse di nan kè nou: «Se Abraam nou genyen kòm papa.» Paske, m ap di nou sa: Bondye kapab fè pitit soti nan wòch sa yo pou Abraam!
- ⁹ Dayè, yo deja mete rach nan rasin pyebwa yo. Donk, tout pyebwa ki pa donneren bon fwi, yo koupe yo, epi yo lage yo nan dife.
- ¹⁰ Foul moun yo t ap poze li kesyon, yo t ap di: Donk, kisa pou nou fè?
- ¹¹ Li reponn yo, li di: Se pou moun ki gen de rad pataje ak sa ki pa genyen. Se pou moun ki genyen manje fè menm jan an tou.
- ¹² Kèk pèseptè te vin batize tou. Yo di li: Mèt, kisa pou nou fè?
- ¹³ Jan di yo: Pa pran plis taks pase sa yo kòmande nou pran.
- ¹⁴ Kèk sòlda poze li kesyon tou. Yo di: E nou menm, kisa pou nou fè? Li di yo: Pa fè pèsonn abi. Pa akize yo mal nonplis. Epi, kontante nou ak salè nou.
- ¹⁵ Pèp la, li menm, t ap tann. Yo tout t ap reflechi nan kè yo sou Jan. Yo t ap mande si se li ki ta Kris la.
- ¹⁶ Alò, Jan reponn yo tout, li di: Mwen menm, se nan dlo m ap batize nou. Men, yon nonm, ki genyen plis pouvwa pase mwen, ap vini. Mwen pa menm merite pou mwen ta demare lasèt sandal li. Li menm, li va batize nou nan Lespri Sen an ak nan dife.
- ¹⁷ Laye I nan men I. L ap byen netwaye glasi ble li. L ap ranmase grenn yo met nan depo li. Men, I ap boule pay yo nan yon dife ki pa kapab etenn.
- ¹⁸ Jan te konn egzòte pèp la avèk anpil lòt pawòl ankò pandan li t ap anonse yo bon nouvèl la.
- ¹⁹ Men, Jan te reprimande Tetrak Ewòd poutèt Ewodyas, madanm frè I la, epi poutèt tout move bagay Ewòd te fè yo.

- ²⁰ Epi, Ewòd ajoute yon lòt ankò sou tout bagay sa yo lè li fè fèmen Jan nan prizon.
- ²¹ Twouve lè Jan te batize tout pèp la, li batize Jezi tou. E, pandan Jezi t ap lapriyè, syèl la louvri.
- ²² Lespri Sen an desann sou li sou fòm kò yon pìjon. Epi, yon vwa soti nan syèl la, li di: Ou se Pitit mwen renmen anpil la. Ou fè mwen plezi anpil.
- ²³ Lè Jezi kòmanse ministè li, li te gen trantan konsa. Dapre sa yo te kwè, li te pitit Jozèf. Jozèf te pitit Eli.
- ²⁴ Eli te pitit Matat. Matat te pitit Levi. Levi te pitit Mèlki. Mèlki te pitit Janayi. Janayi te pitit Jozèf.
- ²⁵ Jozèf te pitit Matatyas. Matatyas te pitit Amòs. Amòs te pitit Nayim. Nayim te pitit Esli. Esli te pitit Nagayi.
- ²⁶ Nagayi te pitit Mahat. Mahat te pitit Matatyas. Matatyas te pitit Semeyi. Semeyi te pitit Josèch. Josèch te pitit Joda.
- ²⁷ Joda te pitit Jowanan. Jowanan te pitit Resa. Resa te pitit Zowobabèl. Zowobabèl te pitit Salatyèl. Salatyèl te pitit Neri.
- ²⁸ Neri te pitit Mèlki. Mèlki te pitit Adi. Adi te pitit Kozam. Kozam te pitit Èlmodam. Èlmodam te pitit Èr. Èr te pitit Jezi.
- ²⁹ Jezi te pitit Elyezè. Elyezè te pitit Jorim. Jorim te pitit Matat. Matat te pitit Levi.
- ³⁰ Levi te pitit Simeyon. Simeyon te pitit Jida. Jida te pitit Jozèf. Jozèf te pitit Jonam. Jonam te pitit Elyakim.
- ³¹ Elyakim te pitit Meleya. Meleya te pitit Mena. Mena te pitit Matata. Matata te pitit Natan. Natan te pitit David.
- ³² David te pitit Izayi. Izayi te pitit Obèd. Obèd te pitit Bowaz. Bowaz te pitit Salmon. Salmon te pitit Naason.
- ³³ Naason te pitit Aminadab. Aminadab te pitit Aram. Aram te pitit Joram. Joram te pitit Eswòm. Eswòm te pitit Farès. Farès te pitit Jida.
- ³⁴ Jida te pitit Jakòb. Jakòb te pitit Izaak. Izaak te pitit Abraam. Abraam te pitit Tera. Tera te pitit Nakò.
- ³⁵ Nakò te pitit Sewou. Sewou te pitit Rago. Rago te pitit Pelèg. Pelèg te pitit Ebè. Ebè te pitit Sala.
- ³⁶ Sala te pitit Kayinam. Kayinam te pitit Afaksad. Afaksad te pitit Sèm. Sèm te pitit Noye. Noye te pitit Lemèk.
- ³⁷ Lemèk te pitit Matousela. Matousela te pitit Enòk. Enòk te pitit Jarèd. Jarèd te pitit Malaleyèl. Malaleyèl te pitit Kenam.

38 Kenam te pitit Enòs. Enòs te pitit Sèt. Sèt te pitit Adan. Adan te pitit Bondye.

Lik 4

1 Lè Jezi tounen sot nan Jouden an, Lespri Sen an te ranpli li. E, se Lespri a ki t ap dirije li nan dezè a.

2 Pandan karant jou, djab la t ap tante li. Li pa t manje anyen pandan jou sa yo. Men, lè jou sa yo te fin pase, li te grangou.

3 Epi, djab la di li: Si ou se Pitit Bondye, di wòch sa a tounen pen.

4 Men, Jezi reponn li, li di: Men sa ki ekri: Se pa ak pen sèlman pou moun viv, Men, se ak chak pawòl Bondye di.

5 Epi, djab la mennen l sou yon mòn byen wo. Nan yon ti moman, li montre Jezi tout wayòm nan lemonn antye.

6 Epi, djab la di li: M ap ba ou pouvwa sou yo tout ansanm ak glwa ki nan yo. Paske, se mwen yo te bay yo, e mwen ka bay moun mwen vle yo.

7 Donk, ou menm, si w adore mwen, yo tout pou ou.

8 Jezi reponn li, li di: Retire w sou mwen, Satan! Men sa ki ekri: Se Senyè a, Bondye ou, pou w adore. E, se li sèl pou w sèvi.

9 Epi, djab la mennen Jezi Jerizalèm, li mete l sou tèt tanp lan, epi li di li: Si ou se Pitit Bondye, rete isit la, lage kò w anba.

10 Paske, men sa ki ekri: Li va pase zanj li yo lòd poutèt ou, Pou yo ka pwoteje ou.

11 Epi ankò: Yo va pote w nan men, Dekwa pou pye w pa bite sou yon wòch.

12 Jezi reponn, li di li: Pawòl la di: «Ou pa dwe tante Senyè a, Bondye ou.»

13 Lè djab la fin tante Jezi tout jan, li kite l pou jis yon lòt okazyon.

14 Epi, Jezi retounen Galile anba pisans Lespri a. Nan tout zòn alantou yo, yo t ap pale de li.

15 Li t ap anseye nan sinagòg yo, e tout moun t ap ba li glwa.

16 Apre sa, l ale Nazarèt, kote li te grandi a. Kòm se te abitud li, li antre nan sinagòg la jou saba a, epi li kanpe pou l fè lekti.

17 Yo remèt li liv pwofèt Ezayi a. Lè li dewoule liv la, li jwenn kote ki ekri:

18 Lespri Senyè a sou mwen, Paske, li konsakre mwen Pou mwen anonse pòv yo bon nouvèl la. Li voye mwen pou mwen geri moun ki ak chagren nan kè yo, Pou mwen anonse prizonye yo libète, Pou mwen anonse avèg yo, yo ka wè, Pou mwen voye moun ki anba dominasyon yo ale ak libète,

19 Pou mwen anonse ane Senyè a ap fè gras la.

- ²⁰ Epi, li woule liv la, li remèt li bay sekretè a, li chita. Je tout moun nan sinagòg la te fikse sou li.
- ²¹ Epi, li kòmanse di yo: Jodi a, Ekriti sa a akonpli nan tande nou tande l la.
- ²² Yo tout t ap temwaye sou li. Yo te sezi tande pawòl ki t ap soti nan bouch li yo. Se te pawòl ki te plen ak gras. Yo t ap di: Se pa pitit Jozèf la sa?
- ²³ Epi, li di yo: Vrèmanvre, nou va di pwovèb sa a sou mwen: «Doktè, se pou w geri pwòp tèt ou! Tout sa nou te tande w fè Kapènwòm yo, se pou w fè yo isit la tou, nan peyi w!»
- ²⁴ Epi, li di: Franchman, m ap di nou sa: Okenn pwofèt pa janm resevwa bon akèy nan peyi li.
- ²⁵ Se laverite m ap di nou la a: Nan jou Eli yo, lè syèl la te fèmen pandan twazan si mwa a, lè gwo grangou a te sou tout peyi a, te genyen anpil vèv nan Izrayèl.
- ²⁶ E, se pa t kote youn nan yo Bondye te voye Eli, men, se te kote yon dam ki te vèv, nan Sarepta, peyi Sidon.
- ²⁷ Sou pwofèt Elize tou, te genyen anpil moun nan Izrayèl ki te gen lèp. E, se pa t youn nan yo Bondye te pirifye, men, se te Nahaman, yon Siryen.
- ²⁸ Lè yo tande bagay sa yo, kòlè te plen kè yo tout nan sinagòg la.
- ²⁹ Yo leve, yo bouskile l mete deyò vil la, yo mennen l arebò mòn kote vil yo a te bati a pou yo jete l anba.
- ³⁰ Men, li menm, li pase nan mitan yo, l ale.
- ³¹ Apre sa, Jezi desann Kapènwòm, yon vil Galile. Jou saba, li te konn anseye moun yo.
- ³² E, ansèyman l lan te fè yo sezi, paske se avèk otorite li t ap pale.
- ³³ Nan sinagòg la, te genyen yon nonm ki te gen yon demon, yon move lespri, sou li. Li rele byen fò,
- ³⁴ li di: Aa Jezi, moun Nazarèt, nou menm avèk ou, nan kisa nou ye ansanm? Èske w vini pou w detui nou? Nou konnen, ou menm, ki moun ou ye: Ou se Sen Bondye a!
- ³⁵ Jezi fè l obsèvasyon, li di: Silans! Soti sou li! Demon an vòltije nonm nan nan mitan sinagòg la, li soti sou li san li pa fè l anyen mal.
- ³⁶ Kè-sote pran yo tout. Youn t ap pale ansanm ak lòt, yo t ap di: Ki pawòl sa a? Paske, li kòmande menm move lespri yo avèk otorite ak pisans, epi yo soti!
- ³⁷ Konsa, bri kouri sou li tout kote alantou yo.

³⁸ Jezi leve sot nan sinagòg la, I al kay Simon. Bèlmè Simon an t ap soufri anba yon gwo lafyèv. Yo sipliye Jezi pou li.

³⁹ Epi, Jezi panche sou li. Li fè lafyèv la obsèvasyon, epi lafyèv la kite li. Menm lè a, bèlmè a leve, li sèvi yo.

⁴⁰ Men, lè solèy kouche, tout moun ki te gen moun malad ak plizyè kalite maladi t ap mennen yo bay Jezi. Li menm, li poze men sou yo chak, li geri yo.

⁴¹ E, demon t ap soti sou anpil moun tou. Lè konsa, yo rele, yo di: Ou se Kris la, pitit Bondye a! Epi, li fè yo obsèvasyon. Li pa t pèmèt yo pale, paske yo te konnen se li ki Kris la.

⁴² Lè I fè jou, li soti, I al yon kote apa. Foul la t ap chèche li. Y ale jis kote li te ye a. Yo t ap kenbe li pou li pa kite yo.

⁴³ Men, li di yo: Fòk mwen anonse bon nouvèl wayòm Bondye a nan lòt vil yo tou, paske se poutèt sa, yo te voye mwen.

⁴⁴ Konsa, li t ap preche nan sinagòg ki nan Galile yo.

Lik 5

¹ Vin rive yon lè foul la t ap kwense Jezi pou yo koute pawòl Bondye a. Li menm, li te kanpe bò lak Jenezarèt la.

² Epi, li wè de kannòt koste bò lak la. Pechè pwason yo te desann sot ladan yo pou yo lave filè yo.

³ Li anbake nan youn nan kannòt yo ki te pou Simon. Li mande yo fè fon yon ti kras, epi li chita. Pandan I nan kannòt la, li t ap anseye foul la.

⁴ Lè li fin pale, li di Simon: Fè fon, epi jete filè nou pou nou peche.

⁵ Simon reponn, li di Jezi: Mèt, pandan tout nuit la, nou travay di. Men, nou pa pran anyen. Kòm se ou ki pale, ebyen, m ap jete filè a.

⁶ Yo fè sa vre, epi yo sènen yon gwo kantite pwason. Filè yo t ap chire.

⁷ Konsa, yo fè lòt asosye yo ki te nan lòt kannòt la siy pou yo vin ede yo. Yo vini, epi yo tèlman plen kannòt yo, tou de te kòmanse ap koule.

⁸ Lè Simon Pyè wè sa, li lage kò I devan jenou Jezi, li di: Senyè, ale lwen mwen, paske mwen se yon nonm ki nan peche.

⁹ Vrèmanvre, kè-sote te pran ni li menm ni tout moun ki te avèk li yo, poutèt pèch pwason yo te fè a.

¹⁰ Se te menm jan an tou pou de pitit Zebede yo, Jak ak Jan, ki te asosye avèk Simon. Epi, Jezi di Simon: Pa pè! Apati jodi a, se moun w ap peche.

¹¹ Lè yo mennen kannòt yo atè, yo kite tout bagay, yo suiv Jezi.

¹² Vin rive yon lè, Jezi te nan youn nan vil yo. Twouve yon nonm plen ak lèp wè li. Nonm nan tonbe fas atè, epi li sipliye Jezi, li di: Senyè, si ou vle, ou kapab pirifye mwen.

¹³ Jezi lonje men l, li manyen nonm nan. Li di: Mwen vle! Ou mèt vin pwòp! Menm lè a tou, lèp la soti sou nonm nan.

¹⁴ Epi, Jezi ba l lòd pou l pa di pèsonn sa. Li di li: Okontrè, ale. Montre sakrifikatè a kò w. E, kòm ou vin pwòp, ofri yon sakrifis, menm jan Moyiz te kòmande l la. Sa va yon temwayaj pou yo.

¹⁵ Men, nouvel gaye sou li pi plis. Anpil moun t ap vini an foul pou yo koute l epi pou li geri yo anba maladi yo.

¹⁶ E, li menm, li te konn retire kò l pou l al nan dezè a pou li lapriyè.

¹⁷ Vin rive yon jou Jezi t ap anseye. Kèk Farizyen ak pwofesè lalwa te chita la. Yo te soti nan tout bouk Galile ak Jide avèk nan Jerizalèm. E, pisans Senyè a te la pou geri yo.

¹⁸ Twouve kèk mesye t ap pote yon nonm paralize sou yon kabann. Yo t ap chèche antre avèk li pou yo poze l devan Jezi.

¹⁹ Foul la te lakòz yo pa jwenn mwayen pou yo antre avèk li. Alò, yo monte sou do kay la ki te an til, yo desann mesye a ak tout kabann li nan yon twou, rive nan mitan, devan Jezi a.

²⁰ Lè Jezi wè lafwa yo, li di nonm nan: Mesye, peche w yo padone.

²¹ Epi, Farizyen yo ak pwofesè lalwa yo kòmanse reflechi. Yo t ap di: Sa misye ye pou l ap denigre Bondye konsa? Kilès ki kapab padone peche? Èske se pa Bondye sèl?

²² Men, Jezi te konnen refleksyon yo. Li reponn yo, li di: Poukisa n ap reflechi nan kè nou?

²³ Kisa ki pi fasil? Di: «Peche ou yo padone!» oubyen di: «Leve, epi mache!»?

²⁴ Men, pou nou ka konnen Pitit Lòm nan genyen pouvwa sou latè pou li padone peche ... (Jezi di nonm paralize a:) Mwen di ou: Leve! Pran kabann ou, al lakay ou!

²⁵ Menm lè a tou, li leve devan yo, li pran bagay li te konn kouche sou li a. Pandan li t apal lakay li, li t ap bay Bondye glwa.

²⁶ Sezisman pran yo tout. Yo t ap bay Bondye glwa, e laperèz te plen kè yo. Yo t ap di: Nou wè bèl mèvèy jodi a!

²⁷ Apre sa, Jezi soti, li wè yon pèseptè yo rele Levi ki te chita devan biwo kontribisyon an. Li di li: Suiv mwen.

²⁸ Levi kite tout bagay, li leve, li suiv Jezi.

- ²⁹ Levi vin fè yon gwo resepsyon lakay li pou Jezi. E, yon gwo foul, ki te genyen pèseptè ak lòt moun, te chita ansanm avèk yo.
- ³⁰ Pwofesè lalwa yo ak Farizyen yo pran plenyen bay disip li yo. Yo di: Poukisa l ap manje epi l ap bwè ansanm avèk pèseptè yo ak pechè yo?
- ³¹ Jezi reponn, li di yo: Se pa moun an sante ki bezwen doktè, men, se moun malad!
- ³² E, se pa moun jis, mwen vin rele repanti, men se pechè.
- ³³ Men, yo di li: Disip Jan yo fè jèn souvan, e yo fè priyè. Disip Farizyen yo ap fè menm jan an, alòske, disip ou yo ap manje, y ap bwè. Poukisa?
- ³⁴ Jezi di yo: Ou pa kapab fè gasondonè yo fè jèn pandan lemarye a la avèk yo, pa vre?
- ³⁵ Men, gen jou k ap vini, kote yo va wete lemarye a nan mitan yo. Yo va fè jèn nan jou sa yo.
- ³⁶ Li di yo yon parabòl tou: Pèsonn pa janm pyese yon moso rad nèf sou yon vye rad. Si se ta sa, rad nèf la t ap dechire tou. Epitou, moso ki soti nan rad nèf la pa t ap ale avèk vye a.
- ³⁷ E, pèsonn pa janm mete diven nouvo nan vye veso an po. Si se ta sa, diven nouvo a t ap pete veso yo, li t ap blayi. Epi, veso yo t ap detui.
- ³⁸ Donk, yo mete diven nouvo nan veso nèf. Konsa, tou de konsève ansanm.
- ³⁹ Epi ankò, pèsonn pa janm vle diven nouvo, kon l fin bwè diven ansyen. Paske, l ap di: «Ansyen an pi bon!»

Lik 6

- ¹ Twouve yon saba, yo rele dezyèm-premye, Jezi t ap travèse chan ble yo. Epi, disip li yo t ap rache grap ble, yo t ap fwote yo nan men yo, epi yo t ap manje yo.
- ² Alò, kèk Farizyen di yo: Poukisa n ap fè sa lalwa pa pèmèt moun fè nan jou saba a?
- ³ Jezi reponn yo, li di: Èske nou pa menm li sa David te fè lè li menm ak moun ki te avèk li yo te grangou a?
- ⁴ Li antre lakay Bondye, li pran pen sakre yo, li manje. Alòske, se sèl moun ki sakrifkatè, lalwa pèmèt manje yo. Menm moun ki te avèk li yo, li ba yo tou.
- ⁵ Li di yo ankò: Pitit Lòm nan se Mèt saba a tou.
- ⁶ Vin rive yon lòt saba ankò, Jezi antre nan sinagòg la, epi li t ap anseye. Te genyen yon nonm la a ki te gen men dwat li sèch.

- ⁷ Pwofesè lalwa yo ak Farizyen yo t ap veye si Jezi t ap geri li nan jou saba a, dekwa pou yo te ka jwenn yon akizasyon kont Jezi.
- ⁸ Jezi, li menm, te konnen refleksyon yo. Li di nonm ki te gen men l sèch la: Leve! Epi, kanpe nan mitan an. Li leve kanpe vre.
- ⁹ Epi, Jezi di yo: M ap mande nou yon bagay: Èske nan jou saba a lalwa pèmèt yon moun fè sa ki byen oubyen fè sa ki mal, sove lavi oubyen tiye moun?
- ¹⁰ Li pwomennen je li sou yo tout, epi li di nonm nan: Lonje men w! Li fè sa vre, epi men an geri. Men an vin bon menm jan ak lòt la.
- ¹¹ Men, yo menm, kòlè plen kè yo. Youn pran pale ak lòt pou yo wè sa pou yo fè Jezi.
- ¹² Vin rive yon lè nan jou sa yo, Jezi soti al sou yon mòn pou li lapriye. Li pase tout nuit la ap lapriye Bondye.
- ¹³ Lè l fè jou, li rele disip li yo, epi li chwazi douz nan yo. Se yo li rele apot la.
- ¹⁴ Se te Simon, Jezi rele li Pyè a, epi Andre, frè li a; Jak ak Jan; Filip ak Batèlmi;
- ¹⁵ Matye ak Toma; Jak, pitit Alfe a, ak Simon, sa yo rele Zelòt la;
- ¹⁶ Jida, pitit Jak la, ak Jida Iskaryòt ki te tounen trèt la.
- ¹⁷ Li desann avèk yo, epi li rete sou yon platon. Yon foul nan disip li yo ak yon gwo foul moun nan pèp la te vini pou yo koute li epi pou li te ka geri yo anba maladi yo. Yo te soti nan tout Jide, nan Jerizalèm, ak bò lanmè Tir ak Sidon.
- ¹⁸ Li geri moun move lespri t ap toumante yo.
- ¹⁹ Tout foul la t ap chèche manyen li, paske yon pisans ki t ap soti sou li t ap geri yo tout.
- ²⁰ Epi, Jezi leve je li sou disip li yo, li di: Benediksyon pou nou menm ki pòv, Paske, se pou nou wayòm Bondye a ye.
- ²¹ Benediksyon pou nou menm ki grangou kounye a, Paske, nou va kontante. Benediksyon pou nou menm k ap kriye kounye a, Paske, nou va kontan.
- ²² Benediksyon pou nou, lè lèzòm rayi nou, lè yo mete nou deyò, lè yo joure nou epi yo meprize non nou tankou yon move bagay, tou sa poutèt non Pitit Lòm nan.
- ²³ Paske, se menm bagay sa yo zansèt yo te konn fè pwofèt yo. E, nan jou sa a, nou mèt rejwi, nou mèt ponpe ak kontantman. Paske, gade! Gen yon gwo rekonpans pou nou nan syèl la.
- ²⁴ Okontrè, malè pou nou menm ki rich, Paske, nou deja resevwa konsolasyon nou.

- 25 Malè pou nou menm ki kontante, Paske, nou va grangou. Malè pou nou menm ki kontan kounye a, Paske, nou va rele, nou va kriye.
- 26 Malè pou nou, lè lèzòm ap pale byen de nou. Paske, se menm bagay sa yo zansèt yo te konn fè pou fo pwofèt yo.
- 27 Men, pou nou menm k ap koute, m ap di nou sa: Renmen lènmi nou. Fè byen pou moun ki rayi nou.
- 28 Beni moun ki modi nou. Priye pou moun ki maltrete nou.
- 29 Si yon moun ba ou yon souflèt sou yon bò figi, ofri l lòt la tou. E, si yon moun pran rad ou, pa anpeche l pran chemizèt la tou.
- 30 Bay tout moun ki mande w. E, si yon moun pran afè w, pa reklame l.
- 31 Jan nou ta vle pou lèzòm fè avèk nou, nou menm, fè menm jan an avèk yo tou.
- 32 Si nou renmen moun ki renmen nou, ki remèsiman nou merite la a? Paske, pechè yo renmen moun ki renmen yo tou.
- 33 Si nou fè byen pou moun ki fè byen pou nou, ki remèsiman nou merite la a? Paske, pechè yo fè sa tou.
- 34 E, si nou prete moun, nou espere k ap remèt, ki remèsiman nou merite la a? Paske, pechè prete pechè tou, dekwa pou yo remèt egal egal.
- 35 Okontrè, se pou nou renmen lènmi nou. Fè byen, prete moun, san nou pa espere jwenn egal egal. Epi, nou va genyen yon gwo rekonpans, e nou va pitit sila ki Trè-Wo a. Paske, li menm, li bon ni ak engra ni ak mechan yo.
- 36 Donk, se pou nou gen kè-sansib, menm jan Bondye Papa nou gen kè-sansib la.
- 37 Pa jije, epi yo p ap jije nou nonplis. Pa kondane, epi yo p ap kondane nou nonplis. Padone, epi y ap padone nou tou.
- 38 Bay, epi yo va ban nou tou. Y a vide yon bon mezi nan rad nou, byen foule, byen souke, plen ap tonbe. Paske, nan mezi nou mezire a, se ladan l y ap mezire pou nou tou.
- 39 Epi, li di yo parabòl sa a: Yon avèg pa kapab mennen yon lòt avèg, pa vre? Si se ta sa, èske tou de pa t ap tonbe nan twou?
- 40 Yon disip pa plis pase mèt li. Men, tout disip ki byen fòme, y ap menm jan ak mèt yo.
- 41 Poukisa w wè pay ki nan je frè w la, epi ou pa remake madriye ki nan pwòp je w la?

⁴² E, kòman w kapab di frè ou: «Frè, kite m retire pay ki nan je w la!» alòske, ou menm, ou pa wè madriye ki nan je w la? Ipokrit! Se pou w retire madriye ki nan je w la anvan, epi apre, w a wè klè pou w retire pay ki nan je frè w la.

⁴³ Paske, bon pyebwa pa donnen move fwi. Move pyebwa pa donnen bon fwi, nonplis.

⁴⁴ Vrèmanvre, yo rekonèt chak pyebwa dapre pwòp fwi li. Paske, se pa sou pikan, yo ranmase figfrans. E, se pa sou lyann, yo keyi rezen nonplis.

⁴⁵ Yon moun bon moun, paske li rale bon bagay sot nan depo bon bagay ki nan kè li. E, yon moun move moun, paske li rale move bagay sot nan depo move bagay ki nan kè li. Paske, se dapre sa ki plen kè, bouch pale.

⁴⁶ Epitou, poukisa n ap rele m: «Senyè! Senyè!» epi nou pa fè sa mwen di nou fè?

⁴⁷ Tout moun ki vini kote mwen, ki tande sa mwen di, epi ki fè yo, ebyen, mwen pral montre nou tankou kisa yo ye.

⁴⁸ Yo tankou yon nonm k ap bati yon kay. Li fouye, l ale fon, epi li poze fondasyon an sou wòch. Lè dlo desann, lavalas la frape sou kay sa a, men, li pa kapab brannen li, paske yo te bati l sou wòch.

⁴⁹ Men, moun ki tande epi ki pa fè a, li tankou yon nonm ki bati yon kay ra tè, san fondasyon. Lavalas frape sou kay la, e menm lè a tou, li tonbe. Kay sa a tounen yon gwo devas.

Lik 7

¹ Lè Jezi fin di pèp ki t ap tande l la tout pawòl sa yo, l ale Kapènawòm.

² Te genyen yon santenye ki te gen yon sèvitè l ki te enpòtan anpil pou li. Sèvitè a te malad, li te prèt pou l mouri.

³ Lè santenye a tande pale de Jezi, li voye kèk ansyen pami Juif yo kote li pou yo mande l vin geri sèvitè l la.

⁴ Lè yo rive kote Jezi, yo sipliye l san rete. Yo di: Li merite yo fè sa pou li.

⁵ Paske, li renmen nasyon nou an. E, se li ki bati sinagòg la pou nou.

⁶ Jezi ale avèk yo vre. Men, li pa t twò lwen kay la, lè santenye a voye kèk zanmi kote li pou di li: «Senyè, pa deranje w. Paske, mwen pa merite pou w rantre anba fetay kay mwen.

⁷ Se poutèt sa tou, mwen pa t kwè mwen merite pou m ale kote w mwen menm. Men, di yon pawòl, epi sèvitè m nan va geri.

- ⁸ Paske, mwen menm ki se yon nonm yo mete anba otorite yon chèf, mwen gen sòlda anba otorite pa m tou. E, si m di youn: «Ale!» I ale. Si m di yon lòt: «Vini!» li vini. E, si m di sèvitè m nan: «Fè sa a!» li fè l.»
- ⁹ Lè Jezi tandè sa, li montre admirasyon pou santenye a. Li vire anfas foul ki t ap suiv li a, li di: M ap di nou sa: Menm ann Izrayèl mwen pa jwenn yon gwo lafwa konsa.
- ¹⁰ Lè moun, yo te voye yo retounen nan kay la, yo jwenn sèvitè ki te malad la an sante.
- ¹¹ Vin rive yon lè apre sa, Jezi t aprale nan yon vil yo rele Nayin. Anpil nan disip li yo ak yon gwo foul moun t aprale avèk li tou.
- ¹² Men, lè li prèske rive bò pòtay vil la, twouve yo t ap pote yon mò soti al antere. Li te sèl pitit manman l, e manman an te vè. Yon gwo foul moun nan vil la te la avèk manman an tou.
- ¹³ Lè Senyè a wè vè la, kè l fè l mal pou li. Li di li: Pa kriye!
- ¹⁴ Epi, li pwoche, li manyen sèkèy la. Moun ki t ap pote l yo kanpe. Epi, Senyè a di: Jennonm, m ap di ou sa: Leve!
- ¹⁵ Mò a leve vre, li kòmanse pale. Epi, Senyè a remèt li bay manman li.
- ¹⁶ Laperèz pran tout moun. Yo t ap bay Bondye glwa, yo t ap di: Yon gwo pwofèt parèt nan mitan nou! Epi ankò: Bondye vizite pèp li a.
- ¹⁷ Epi, nan tout zòn Jide ak nan tout zòn alantou yo, yo t ap pale de li.
- ¹⁸ Disip Jan yo rapòte tout bagay sa yo bay Jan.
- ¹⁹ Epi, Jan fè rele de nan disip li yo, li voye yo kote Jezi pou yo di l: Èske ou se sila k ap vini an, oubyen, èske nou dwe tann yon lòt?
- ²⁰ Lè mesye yo rive kote Jezi, yo di: Jan Batis voye nou kote w pou nou di w: «Èske ou se sila k ap vini an, oubyen, èske nou dwe tann yon lòt?»
- ²¹ Nan menm lè sa a, Jezi geri anpil moun anba maladi, anba touman, ak anba move lespri. Li pèmèt anpil moun avèg wè.
- ²² Epi, li reponn mesye yo, li di yo: Al rapòte sa nou wè ak sa nou tandè, bay Jan: Moun avèg ap wè. Moun bwete ap mache. Moun ki gen lèp yo ap vin pwòp. Moun soud ap tandè. Moun mouri ap resisite. Moun pòv ap tandè bon nouvèl la.
- ²³ Benediksyon pou moun ki pa chite akòz mwen!
- ²⁴ Lè mesaj Jan yo pati, Jezi kòmanse pale ak foul la de Jan. Li di yo: Kisa nou t al admire nan dezè a? Èske se yon pye wozo van ap souke?
- ²⁵ Si se pa sa, kisa nou t al wè? Èske se yon moun ki abiye ak bèl rad? Gade! Moun ki gen bèl rad yo epi k ap viv alèz yo, se kay wa yo ye.

- 26 Donk, kisa nou t al wè? Èske se yon pwofèt? Mwen di nou: wi! E, li menm plis pase yon pwofèt.
- 27 Se de li menm yo te ekri: Gade! M ap voye mesaj m nan devan ou. Li va pare chemen ou devan ou.
- 28 Vrèmanvre, m ap di nou sa: Pami moun ki soti nan vant fi, pa gen youn ki pi gran pwofèt pase Jan Batis. Alòske, sa ki pi piti nan wayòm Bondye a, li pi gran pase Jan.
- 29 Tout pèp ki te tande l la, yo menm ansanm ak pèseptè kontribisyon yo, nan batize yo te fè Jan batize yo a, yo deklare Bondye jis.
- 30 Men, Farizyen yo ak avoka yo, nan batize yo pa t fè Jan batize yo a, yo refize plan Bondye a pou yo menm.
- 31 Donk, ak kisa mwen ta konpare moun jenerasyon sa a? Tankou kisa yo ye?
- 32 Yo tankou timoun ki chita sou plas piblik, epi youn ap rele lòt, epi y ap di: Nou jwe flit pou ou, men, ou pa danse. Nou chante chante tris pou ou, men, ou pa kriye.
- 33 Vrèmanvre, Jan Batis vini, li pa ni manje pen, ni bwè diven. Epi, nou di: «Li gen demon sou li!»
- 34 Pitit Lòm nan vini, li manje, li bwè. Epi, nou di: «Gade! Se yon nonm saf, yon tafyatè, yon zanmi pèseptè ak pechè li ye!»
- 35 Men, tout pitit sajès deklare sajès jis!
- 36 Youn nan Farizyen yo mande Jezi manje avèk li. Jezi antre kay Farizyen an, l al sou tab.
- 37 Epi, twouve yon fi nan vil la, ki t ap viv nan peche, aprann Jezi te sou tab lakay Farizyen an. Li pote yon krich ann albat plen ak pafen.
- 38 Epi, li kanpe pa dèyè, bò pye Jezi, l ap kriye. Li pran mouye pye Jezi ak dlo nan je l, epi li siye yo ak cheve nan tèt li. Li t ap bo pye Jezi, epi li t ap vide pafen an sou yo.
- 39 Lè Farizyen ki te envite Jezi a wè sa, li di nan kè li: Si se pwofèt misye te ye, li ta konnen kilès k ap manyen l lan epi ki kalite fi li ye. Li ta konnen fi a se yon moun ki nan peche.
- 40 Jezi reponn, li di li: Simon, mwen gen yon bagay pou m di w. Simon di: Pale non, Mèt!
- 41 Li di: Te genyen de moun ki te dwe yon nonm ki konn prete moun kòb. Youn te dwe senk san denye, lòt la te dwe senkant.
- 42 Men, yo pa t genyen dekwa pou yo remèt dèt yo. Alò, nonm nan anile dèt la pou yo tou de. Donk, di m kilès nan yo k ap renmen l plis.

⁴³ Simon reponn, li di: Mwen ta sipoze se sa li anile plis dèt pou li a. Jezi di li: Rezònman w lan kòrèk!

⁴⁴ Epi, li vire kote fi a, li di Simon: Ou wè fi sa a? Mwen rantre lakay ou, ou pa ban mwen dlo pou m lave pye m, alòske, li menm, se ak dlo nan je l li mouye yo, epi se ak cheve nan tèt li, li siye yo.

⁴⁵ Pa menm yon bo ou pa ban mwen, alòske, li menm, depi mwen antre a, li pa janm sispann bo pye m.

⁴⁶ Ou pa vide luil sou tèt mwen, alòske, li menm, se pafen li vide sou pye m.

⁴⁷ M ap di ou sa: Se poutèt sa, anpil peche l yo padone, paske li renmen anpil. Men, yon moun yo padone yon ti kras, li renmen yon ti kras tou.

⁴⁸ Epi, Jezi di fi a: Peche w yo padone!

⁴⁹ Moun ki te sou tab avèk li yo kòmanse di nan kè yo: Kilès misye ye, pou menm peche, l ap padone a!

⁵⁰ Men, Jezi di fi a: Lafwa w sove w. Ale nan lapè!

Lik 8

¹ Vin rive yon lè apre sa, Jezi pran vwayaje vil apre vil, bouk apre bouk. Douz disip li yo te avèk li. Li t ap preche, epi li t ap anonse bon nouvèl wayòm Bondye a.

² Kèk medam li te geri anba move lespri ak maladi te la tou. Se te Mari yo rele Madlèn nan – se sou li sèt demon te soti a –

³ epi Jàn, madanm Chouza, youn nan administratè Ewòd yo; epi Sizàn ak anpil lòt ankò. Se yo ki t ap sèvi Jezi avèk byen yo.

⁴ Yon gwo foul moun vin rasanble. Moun t ap soti nan vil apre vil vin kote Jezi. Alò, li di yo parabòl sa a:

⁵ Yon kiltivatè soti al simen semans. Pandan l ap simen semans yo, yon pati tonbe bò wout la. Pye pile li, epi zwazo nan syèl manje li.

⁶ Yon lòt pati tonbe sou wòch. Kon l pouse, li fennen, paske li pa jwenn imidite.

⁷ Yon lòt pati tonbe nan mitan pikan. Pikan yo pouse ansanm avèk li, yo toufe li.

⁸ Epi, yon lòt pati tonbe nan bon tè. Kon l pouse, li donnen rekòt san fwa plis. Lè Jezi fin di bagay sa yo, li rele, li di: Moun ki gen zòrèy pou tande, tande!

⁹ Disip li yo poze l kesyon, yo di: Sa parabòl sa a vle di?

- 10** Li di: Nou menm, Bondye ban nou okazyon pou nou konnen mistè wayòm li a. Men, se an parabòl, li pale ak rèz lòt moun yo. Konsa, Yo va gade san yo pa wè, Yo va koute san yo pa konprann.
- 11** Men sans parabòl la: Semans lan se pawòl Bondye a.
- 12** Sa ki bò wout yo, se moun ki tande pawòl la, epi djab la vini, li pran pawòl la nan kè yo, dekwa pou yo ka pa kwè, pou yo pa sove.
- 13** Sa ki sou wòch yo se moun ki resevwa pawòl la ak lajwa, lè yo tande li. Men, yo menm, yo pa gen rasin. Yo kwè pou yon tan, epi nan tan eprèv, yo chite.
- 14** Sa ki tonbe nan pikan an se moun ki tande pawòl la, epi lè y ale, tèt-chaje, richès, ak plezi lavi a toufe yo. Konsa, yo pa rive rèk.
- 15** Sa ki nan bon tè a se moun lè yo tande pawòl la, yo kenbe li nan yon kè ki dwat epi ki bon. Konsa, nan pèsevere, yo donnen fwi.
- 16** Pèsonn pa janm limen lanp pou l kouvri l ak yon panye oubyen pou li mete l anba kabann. Okontrè, li mete l sou etajè dekwa pou moun k ap antre ka wè limyè a.
- 17** Konsa tou, nanpwen anyen ki kache ki p ap vin aklè. Nanpwen anyen ki kouvri pou yo pa vin konnen li epi pou li pa vin nan limyè.
- 18** Donk, fè atansyon pou jan n ap tande a. Paske, moun ki genyen, yo va ba yo. E, moun ki pa ta genyen, menm sa yo panse yo genyen an, yo va pran l nan men yo.
- 19** Manman Jezi ak frè Jezi yo vini kote li, men, foul la te lakòz yo pa t kapab rive kote l la.
- 20** Moun pale ak li, yo di li: Men manman w ak frè w yo kanpe deyò a. Yo ta renmen wè w.
- 21** Li reponn, li di yo: Manman mwen ak frè mwen se moun sa yo ki koute pawòl Bondye a epi ki obeyi l.
- 22** Vin rive yon jou, Jezi te anbake ak disip li yo nan yon kannòt. Li di yo: Annou travèse lòt bò lak la. Epi, yo pati.
- 23** Pandan yo t ap navige, dòmi pran Jezi. Epi, yon van tanpèt fonn sou lak la, dlo t ap plen kannòt la. Konsa, yo te an danje.
- 24** Disip yo al leve li, yo di: Mèt, Mèt, n ap peri! Jezi leve, li fè van an ak lanm lanmè yo obsèvasyon. Tanpèt la sispann, epi kalmi vini.
- 25** Epi, li di yo: Kote lafwa nou? Men, yo te pè, yo te sezi. Youn t ap di lòt: Bon! Kilès li ye, ki fè menm van ak dlo, li pase yo lòd, epi yo obeyi l?
- 26** Epi, yo koste nan peyi Gadarenyen yo, vizavi ak Galile.

- 27 Lè Jezi debake atè, yon nonm nan vil la ki te genyen demon sou li depi lontan vin kontre li. Nonm nan pa t mete rad sou li, epi li pa t janm rete nan kay. Se nan tonm, li te rete.
- 28 Lè li wè Jezi, li rele, li lage kò l devan li, epi li di byen fò: Jezi, Pitit Bondye Trè-Woa, ou menm avèk mwen, nan kisa nou ye ansanm? M ap sipliye w: Pa toumante mwen!
- 29 Vrèmanvre, Jezi te kòmande move lespri a pou li soti sou nonm nan. Paske, anpil fwa, lespri a te konn pran li. Lè konsa, yo mare l ak chenn, epi yo sentre pye l ak fè. Men, li te konn kase chenn yo ak fè yo, epi demon an te konn pouse l al nan dezè yo.
- 30 Jezi poze l yon kesyon, li di: Kijan w rele? Nonm nan di: Rejiman! Vrèmanvre, se anpil demon ki te antre sou li.
- 31 Epi, li sipliye Jezi pou li pa pase yo lòd al nan labim.
- 32 Men, te genyen yon gwo twoupo kochon ki t ap manje sou mòn nan. Demon yo sipliye Jezi pou li pèmèt yo antre sou kochon yo. Epi, Jezi pèmèt yo fè sa.
- 33 Demon yo soti sou nonm nan, yo antre nan kochon yo. Twoupo a degrengole desann falèz la al nan lak la. Epi, yo neye.
- 34 Lè gadò kochon yo wè sa ki te pase a, yo kouri rapòte sa nan vil la ak nan jaden yo.
- 35 Konsa, moun yo al wè sa ki te pase. Yo rive kote Jezi, epi yo jwenn nonm demon te soti sou li a abiye, epi li chita nan pye Jezi ak tout bonsans. Yo te pè.
- 36 Men, moun yo te wè bagay la tou, yo rakonte kijan nonm ki te gen demon sou li a te vin geri.
- 37 Konsa, tout moun alantou yo parèt an foul vin mande Jezi pou li kite peyi Gadarenyen yo, paske yon gwo laperèz te pran yo. Jezi, li menm, anbake nan kannòt la, li vire, l ale.
- 38 Nonm ki te genyen demon soti sou li a sipliye Jezi pou li rete ak Jezi. Men, Jezi voye l ale, li di li:
- 39 Retounen lakay ou, epi rakonte tout sa Bondye fè pou ou. Nonm nan pati. Epi, se nan tout vil la li t ap anonse tout sa Jezi te fè pou li.
- 40 Lè Jezi tounen, yon foul resevwa li, paske tout moun yo t ap tann li.
- 41 Epi, twouve yon nonm yo rele Jayiris parèt. Li te yon chèf nan sinagòg la. Li tonbe nan pye Jezi, epi li pran sipliye Jezi pou Jezi vin lakay li.
- 42 Paske, se yon sèl pitit fi Jayiris te genyen. Li te gen douzan, e li te prèske mouri. Pandan Jezi prale a, foul la t ap kwense li.

⁴³ Te genyen yon dam ki te genyen yon pèdisyon san depi douzan. Li te depanse tout byen l nan doktè, men, pèsonn pa t kapab geri li.

⁴⁴ Li parèt pa dèyè, li manyen franj rad Jezi. Menm lè a tou, pèdisyon san an rete.

⁴⁵ Epi, Jezi di: Kilès ki manyen m nan? Tout moun nye se yo menm. Epi, Pyè ansanm ak moun ki te avèk li yo di: Mèt, men foul la ap sentre ou, y ap pouse ou, epi w ap di: Kilès ki manyen m nan?

⁴⁶ Men, Jezi di: Gen yon moun ki manyen mwen, paske mwen konnen yon pisans soti sou mwen.

⁴⁷ Lè dam nan wè yo kenbe l, li t ap tranble. Li vini, li lage kò l devan Jezi, epi li rakonte devan tout pèp la pou ki rezon li te manyen Jezi epi kòman li te geri menm lè a.

⁴⁸ Men, Jezi di li: Pitit fi mwen, pran kouraj! Lafwa w delivre w. Ale nan lapè.

⁴⁹ Jezi t ap pale toujou, lè yon moun ki soti kay chèf sinagòg la vin di li: Pitit fi w la mouri. Pa deranje Mèt la ankò.

⁵⁰ Men, Jezi tandè sa. Li reponn, li di li: Pa pè! Kwè sèlman, epi l ap geri!

⁵¹ Lè Jezi ale nan kay la, li pa kite pèsonn antre avèk li, esepte Pyè, Jan, Jak, epi papa timoun nan ak manman timoun nan.

⁵² Tout moun t ap kriye, yo t ap rele pou timoun nan. Jezi, li menm, di: Pa kriye, li pa mouri. Se dòmi l ap dòmi.

⁵³ Yo pran ri li, paske yo te konnen se mouri timoun nan mouri.

⁵⁴ Jezi mete yo tout deyò. Epi, li pran men timoun nan, li rele, li di: Pitit, leve!

⁵⁵ Lespri timoun nan retounen sou li vre, li leve menm lè a. Jezi pase lòd pou yo ba li manje.

⁵⁶ Paran yo te etone. Men, Jezi kòmande yo pou yo pa di pèsonn sa ki te pase a.

Lik 9

¹ Jezi rele Douz yo, li ba yo pisans ak pouvwa sou tout demon ansanm ak pouvwa pou geri maladi.

² Epi, li voye yo preche wayòm Bondye a epi geri moun malad.

³ Epi, li di yo: Pa pran anyen pou wout la, ni baton, ni sak, ni pen, ni lajan. Nonplis tou, pinga nou gen de rad.

⁴ Nan nenpòt kay nou rantre, rete la. Epi, soti, al nan misyon.

- ⁵ E, si genyen moun ki pa resevwa nou, lè n ap soti nan vil sa a, souke menm pousyè nan pye nou. Sa va yon temwayaj kont yo.
- ⁶ Lè yo soti, yo travèse bouk yo, youn apre lòt. Yo t ap anonse bon nouvèl la, epi, yo t ap geri moun toupato.
- ⁷ Tetrak Ewòd tande tout bagay Jezi fè yo. Li te boulvèse poutèt kèk moun t ap di: «Jan resisite pami mò yo!»
- ⁸ poutèt kèk lòt t ap di: «Se Eli ki parèt!» epi poutèt kèk lòt ankò t ap di: «Se youn nan ansyen pwofèt yo ki resisite!»
- ⁹ Ewòd, li menm, di: Pou Jan, se mwen ki te koupe tèt li. Men, pou nonm m ap tande bagay sa yo sou li a, kilès li ye? Epi, li t ap chèche wè Jezi.
- ¹⁰ Lè apot yo retounen, yo rakonte Jezi tout sa yo te fè. Li pran yo, li retire kò l avèk yo, epi y ale poukont yo yon kote apa nan yon vil yo rele Betsayida.
- ¹¹ Foul moun yo vin konn sa, yo suiv li. Li resevwa yo, li pale ak yo de wayòm Bondye a, epi li geri moun ki te bezwen gerizon.
- ¹² Men, solèy te kòmanse ap kouche. Douz yo pwoche, yo di li: Voye foul la ale. Konsa, lè yo rive nan bouk ak nan jaden ki nan vwazinaj la, y a fè ladesant, epi y a jwenn pwovizyon. Paske, kote nou ye isit la se yon dezè.
- ¹³ Men, Jezi di yo: Se nou menm ki pou ba yo manje. Yo menm, yo di: Amwenske se nou menm k al achte manje pou tou pèp sa a, paske nou pa gen plis pase senk pen ak de pwason.
- ¹⁴ Vrèmanvre, te genyen senk mil gason konsa. Men, Jezi di disip li yo: Fè moun yo chita pa ranje senkant.
- ¹⁵ Yo fè sa konsa vre, yo fè tout moun chita.
- ¹⁶ Lè li pran senk pen yo ak de pwason yo, li gade anlè nan syèl la, li beni yo, li kase yo, epi li bay disip yo sèvi foul la.
- ¹⁷ Yo manje, e yo tout te kontante. E, moso ki te rete yo rive plen douz ti panye.
- ¹⁸ Vin rive yon lè, Jezi t ap lapriyè apa. Disip li yo te avèk li. Li poze yo yon kesyon, li di: Kilès, foul moun yo di mwen ye?
- ¹⁹ Yo reponn, yo di: «Jan Batis!» Men, gen lòt moun ki di: «Eli!» Epi, lòt moun ankò di: «Youn nan pwofèt lontan yo ki resisite.»
- ²⁰ Li di yo: Men, nou menm, kilès nou di mwen ye? Alò, Pyè reponn, li di: Kris Bondye a!
- ²¹ Lè sa a, Jezi pase yo yon lòd, li kòmande yo pou yo pa di pèsonn sa.

- 22** Li di yo: Fòk Pitit Lòm nan soufri anpil bagay. Fòk ansyen yo, sakrifikatè prensipal yo, ak pwofesè lalwa yo derefize chwazi li. Fòk yo tiye li. Epi, nan twa jou, fòk li resisite.
- 23** Epi, li di yo tout: Si yon moun vle mache dèyè m, fòk li nye pwòp tèt li, fòk li pran kwa li chak jou, epi fòk li suiv mwen.
- 24** Paske, moun ki ta vle sove lavi yo, y ap pèdi li. Men, moun ki ta pèdi lavi yo poutèt mwen, y ap sove li.
- 25** Paske tou, ki benefis yon nonm ka fè, si li ta genyen lemonn antye, epi pou li ta fè pèd oubyen defisi pwòp tèt li?
- 26** Paske ankò, si yon moun wont mwen menm ak pawòl mwen yo, ebyen, lè Pitit Lòm nan va vini nan glwa Papa li ak zanj ki sen yo, li va wont moun sa a tou.
- 27** M ap di nou sa franchman: Kèk nan nou ki kanpe isit la p ap goute lanmò, jis nou wè wayòm Bondye a.
- 28** Men sa ki vin rive ui jou konsa apre koze sa a: Jezi pran Pyè, Jan ak Jak, li monte mòn nan al lapriyè.
- 29** Se konsa, pandan l ap lapriyè a, aparans figi l chanje, epi rad li vin klere tou blan.
- 30** Epi, twouve de zòm t ap pale avèk li: se te Moyiz ak Eli.
- 31** Yo te parèt ak tout glwa yo, epi yo t ap pale de lanmò Jezi. Se sa li t apral akonpli nan Jerizalèm.
- 32** Men, je ni Pyè ni moun ki te avèk li yo te lou ak dòmi. Men, lè yo fin leve nèt, yo wè Jezi nan glwa li ansanm ak de zòm ki te avèk li yo.
- 33** Se konsa, pandan mesye yo t ap kite Jezi, Pyè di li: Mèt, li bon pou nou isit la. Annou fè twa tant: youn pou ou, youn pou Moyiz, epi, youn pou Eli. Alòske, Pyè pa t menm konnen sa l t ap di a.
- 34** Pandan li t ap di bagay sa yo, yon nyaj vin kouvri yo. E, pandan mesye yo t ap antre nan nyaj la, yo menm, yo te pè.
- 35** Epi, yon vwa ki soti nan nyaj la di: Li menm, li se Pitit mwen renmen anpil la! Koute li!
- 36** Pandan vwa a t ap pale, yo wè se Jezi sèl ki la. Yo fè silans. E, nan epòk sa a, yo pa rakonte pèsoun anyen nan sa yo te wè a.
- 37** Nan demen, lè yo desann sot sou mòn nan, men sa ki rive: Yon gwo foul moun vin rankontre li.
- 38** Epi, twouve yon nonm rele nan mitan foul la, li di: Mèt, m ap sipliye w pou w gade tigason m nan pou mwen, paske se li ki sèl pitit mwen.

- 39 Gade! Se yon lespri ki pran li, epi, menm lè a, li pran rele. Lespri a sakaje li, li fè l kimen, epi, lè li fin kraze li, se ak traka pou li pati sot sou li.
- 40 Mwen sipliye disip ou yo pou yo te ka chase li, men, yo pa t kapab.
- 41 Jezi reponn, li di: Jenerasyon moun san lafwa ak moun pèvèti! Jis kilè m ap rete avèk nou epi pou m ap sipòte nou? Mennen tigason an isit.
- 42 Pandan l ap pwoche, demon an vòltije l atè, li sakaje l. Men, Jezi fè move lespri a obsèvasyon, li geri timoun nan, epi li remèt li bay papa l.
- 43 Grandè Bondye te fè tout moun sezi. E, pandan yo ret ap admire tout sa Jezi te fè yo,
- 44 Jezi di disip li yo: Nou menm, peze pawòl sa yo fon nan zòrèy nou. Paske, yo pral livre Pitit Lòm nan nan men lèzòm.
- 45 Men, yo pa t konnen sans pawòl la; sans la te vwale pou yo. Donk, yo pa t konprann li. Epitou, yo te pè poze l kesyon sou pawòl la.
- 46 Yon diskisyon pete pami yo sou kilès nan yo ki pi enpòtan.
- 47 Lè Jezi wè kisa yo t ap reflechi nan kè yo, li pran yon timoun, li mete l kote li,
- 48 epi li di yo: Moun ki resevwa timoun sa a nan non mwen, se mwen li resevwa. Konsa tou, moun ki resevwa mwen, se moun ki voye m nan li resevwa. Paske, moun ki pi ba pami nou tout la a, se li ki va enpòtan.
- 49 Men, Jan reponn, li di: Mèt, nou te wè yon nonm ap chase demon nan non w. Nou te anpeche li, paske li p ap suiv avèk nou.
- 50 Men, Jezi di li: Pa anpeche li. Paske, yon moun ki pa kont nou, se pou nou li ye.
- 51 Twouve jou yo t ap pwoche sou lè pou Jezi monte nan syèl la. Men sa ki vin rive: Li mete tèt li dwat pou l ale Jerizalèm.
- 52 Epi, li voye mesaj devan li. Y ale, yo antre nan yon bouk nan Samari pou yo fè preparasyon pou li.
- 53 Men, yo pa resevwa li, paske li te mete tèt li dwat pou l ale Jerizalèm.
- 54 Lè Jak ak Jan, de nan disip li yo, wè sa, yo di: Senyè, èske ou vle nou di pou dife desann sot nan syèl la epi kankannen yo, menm jan Eli te fè a?
- 55 Jezi vire, li fè yo obsèvasyon, li di: Nou pa konnen anba ki kalite lespri nou ye la a!
- 56 Paske, Pitit Lòm nan pa t vini pou li detui nanm, men, pou li sove nanm. Epi, y ale nan yon lòt bouk.

⁵⁷ Konsa, pandan yo t aprale sou wout la, yon moun di Jezi: Senyè, nenpòt kote ou prale, m ap suiv ou.

⁵⁸ Jezi di li: Rena gen twou yo, zwazo nan syèl gen nich yo. Pitit Lòm nan, li menm, li pa gen yon kote pou li poze tèt li.

⁵⁹ Li di yon lòt: Suiv mwen! Men, li di: Senyè, kite m ale pou mwen antere papa m anvan.

⁶⁰ Jezi di li: Kite mò antere pwòp mò yo. Men, ou menm, al anonse wayòm Bondye a.

⁶¹ Epi, yon lòt ankò di li: Senyè, m ap suiv ou. Men, anvan sa, kite m al di moun lakay mwen yo orevwa.

⁶² Men, Jezi di li: Nenpòt moun ki mete men nan yon chari epi k ap gade dèyè, li pa prepare pou wayòm Bondye.

Lik 10

¹ Apre bagay sa yo, Senyè a chwazi swasanndis lòt disip. Li voye yo de pa de devan li al nan chak vil ak nan chak kote li t apral ale.

² Alò, li pran di yo: Rekòt la anpil, men, kantite travayè yo piti. Donk, sipliye mèt rekòt la, pou li voye travayè nan rekòt li.

³ Ale! Gade, mwen voye nou tankou ti mouton ki pral nan mitan lou.

⁴ Pa pote ni bous, ni valiz, ni sapat. Epi, pa salye pèsonn sou wout la.

⁵ Nan nenpòt kay nou antre, premye bagay pou nou di se: «Lapè avèk kay sa a!»

⁶ Si gen pitit lapè la a, ebyen, lapè nou an ap poze sou li. Osinon, l ap tounen jwenn nou.

⁷ Rete nan kay sa a. Manje, bwè sa yo ban nou, paske travayè a merite salè li. Pa pwomennen nan kay, youn apre lòt.

⁸ E, nan nenpòt vil nou antre epi ki resevwa nou, manje sa yo mete devan nou.

⁹ Geri malad ki nan vil la, epi di moun yo: «Wayòm Bondye a rive kote nou!»

¹⁰ E, nan nenpòt vil nou antre epi ki pa resevwa nou, soti al sou plas yo, epi di:

¹¹ «Menm pousyè nan vil nou an ki kole sou nou an, n ap souke l sou nou. Sèlman, konnen sa byen: Wayòm Bondye a te rive kote nou!»

¹² M ap di nou sa: Nan jou jijman sa a, Sodòm ap pi ka sipòte pase vil sa a!

- 13 Malè pou ou, Korazen! Malè pou ou, Betsayida! Paske, si mirak ki fèt pami nou yo se nan Tir ak Sidon yo te fèt, tanndat yo te repanti epi yo te chita nan sak ak nan sann.
- 14 Men, jou jijman an, Tir ak Sidon ap pi ka sipòte pase nou.
- 15 Ou menm, Kapènwòm, yo te leve nan syèl la, ebyen, se jis nan peyi-mò y ap pimpe w.
- 16 Nou menm disip yo, moun ki koute nou, se mwen yo koute. Moun ki meprize nou, se mwen yo meprize. E, moun ki meprize mwen, se sila ki voye m nan, yo meprize.
- 17 Swasanndis disip yo tounen avèk kontantman. Yo di: Senyè, grasa non ou, menm demon yo soumèt devan nou.
- 18 Men Jezi di yo: Mwen te wè Satan tonbe sot nan syèl la tankou yon zèklè!
- 19 Gade! Mwen ban nou pouvwa pou nou mache sou sèpan ak sou eskòpyon ak sou tout pisans lènmi an, san anyen mal pa rive nou.
- 20 Men, se pa poutèt move lespri yo soumèt devan nou an, pou nou kontan. Okontrè, se pou nou kontan paske non nou ekri nan syèl la.
- 21 Nan menm lè sa a, Jezi te nan lajwa, grasa Lespri a. Li di: M ap ba ou glwa, Papa, ou menm ki Senyè nan syèl la ak sou tè a, paske ou kache bagay sa yo pou save yo ak entèlijans yo, epi ou revele yo bay timoun. Wi, Papa, sa konsa paske se sa ki fè ou plezi.
- 22 Epi, li vire kote disip li yo, li di: Papa mwen remèt tout bagay nan men mwen. Pèsonn pa konnen kilès Pitit la ye, esepte Papa a. E, pèsonn pa konnen kilès Papa a ye, esepte Pitit la ak moun Pitit la vle revele sa.
- 23 Li vire ankò kote disip yo, li di yo apa: Benediksyon pou je ki wè sa n ap wè a.
- 24 Paske, m ap di nou sa: Anpil pwofèt ak wa te vle wè sa n ap wè a, e yo pa t wè li. Yo te vle tandè sa n ap tandè a, e yo pa t tandè li.
- 25 Epi, twouve yon avoka leve. Pou li ka teste Jezi, li di: Mèt, kisa pou mwen fè pou mwen ka eritye lavi etènèl?
- 26 Men Jezi di li: Kisa ki ekri nan lalwa? Kijan, ou menm, ou li l?
- 27 Li reponn, li di: «Ou va renmen Bondye, Senyè w la, ak tout kè ou, ak tout nanm ou, ak tout fòs ou, epi ak tout lide ou.» Epitou: «Ou va renmen pwochen ou, menm jan ou renmen tèt ou.»
- 28 Jezi di li: Repons ou a kòrèk. Fè konsa, epi w a viv.
- 29 Men, li menm, li te vle parèt jis, li di Jezi: E kilès ki pwochen mwen?

³⁰ Jezi reponn, li di: Vwala se te yon nonm ki te sot Jerizalèm, epi ki t ap desann al Jeriko. Epi, li tonbe nan mitan zenglendo. Yo dechèpiye li, yo we li anba kou, epi yo pati kite l demi mò.

³¹ Pa chans konsa, yon sakrifikatè t ap desann sou menm wout sa a. Lè li wè nonm nan, li pase lòt bò.

³² Yon Levit, ki rive kote a, fè menm jan an tou: lè li wè nonm nan, li pase lòt bò.

³³ Men, yon Samariten, ki t ap vwayaje, rive kote nonm nan. E, lè li wè li, kè l fè l mal.

³⁴ Li pwoche. Li vide luil ak diven sou blese l yo, li panse yo. Epi, li fè l monte sou pwòp bèt li a, li mennen li nan yon otèl, epi li pran swen li.

³⁵ Nan demen, lè l aprale, li rale de denye bay administratè otèl la, epi li di li: Pran swen misye. Tout sa w ta depanse anplis, lè m tounen, m a remèt ou li.

³⁶ Donk, pami twa moun sa yo, dapre ou menm, kilès ki te pwochen nonm ki te tonbe nan mitan zenglendo yo.

³⁷ Avoka a di: Se sa ki te gen pitye pou li a! Donk, Jezi di li: Ale! Ou menm tou, fè menm jan an!

³⁸ Vin rive yon lè, pandan yo te sou wout yo, Jezi antre nan yon bouk. Epi, yon fi ki rele Mat resevwa l lakay li.

³⁹ Mat te gen yon sè l yo rele Mari ki te la tou. Li chita nan pye Jezi, li t ap koute pawòl li yo.

⁴⁰ Mat, li menm, te okipe anpil nan sèvi. Li parèt, li di: Senyè, èske sa pa fè w anyen dèske sè m nan kite se sèl mwen menm k ap sèvi. Di li vin ede m non!

⁴¹ Jezi reponn, li di li: Mat, Mat! W ap chaje tèt ou, w ap bay kò w traka pou yon bann bagay.

⁴² Alòske, se yon sèl bagay ki nesesè. Mari, li menm, chwazi bon pati a. E, yo p ap janm wete l nan men l.

Lik 11

¹ Vin rive yon lè, Jezi t ap lapriyè yon kote. Lè l fini, youn nan disip li yo di li: Senyè, montre nou priye menm jan Jan te montre disip li yo.

² Li di yo: Lè n ap lapriyè, se pou nou di: «Papa nou ki nan syèl la, Se pou yo kenbe non ou sen, Se pou wayòm ou an rive, Se pou volonte ou fèt sou latè, Menm jan ak nan syèl la.

³ Tou le jou, ban nou pen pou jounen an.

- ⁴ Padone peche nou yo, Paske, nou padone tout moun ki fè nou mal. Pa mennen nou al anba tantasyon. Okontrè, delivre nou anba Mechan an.»
- ⁵ Epi, li di yo: Sipoze youn nan nou ta ale kote yon zanmi l lannuit, epi li ta di li: «Zanmi, prete mwen twa pen.
- ⁶ Paske, yon zanmi ki sot nan yon vwayaj vini lakay mwen. E, mwen pa gen anyen pou mwen sèvi li.»
- ⁷ Èske zanmi an t ap rete andedan an pou li reponn li, pou l di: «Pa deranje mwen. Pòt la deja fèmen, e ni mwen ni timoun mwen yo, nou nan kabann. Mwen pa kapab leve al ba ou anyen?»
- ⁸ M ap di nou sa: Menm si li pa ta leve ba li yo malgre se zanmi l li ye, men, poutèt se deranje zanmi an deranje l la, l ap leve ba li tout sa l bezwen.
- ⁹ Mwen menm, m ap di nou sa: Mande, epi yo va ban nou. Chèche, epi nou va jwenn. Frape, epi yo va ouvè pou nou.
- ¹⁰ Paske, tout moun ki mande, yo resevwa. Moun ki chèche, yo jwenn. E, yo va ouvè pou moun ki frape.
- ¹¹ Kilès papa pami nou la a ki ta gen yon pitit li ki mande l pen, epi pou se yon wòch li ta lonje ba li? Oubyen, pou pitit la ta mande l pwason, epi pou olye de pwason, se yon sèpan li ta lonje ba li?
- ¹² Oubyen ankò, si li ta mande l yon ze, epi pou se yon eskòpyon papa a ta lonje ba li?
- ¹³ Donk, si nou menm, atout nou mechan an, nou konnen pou nou bay timoun nou yo bon bagay, ebyen, se plis toujou pou Papa ki nan syèl la: Moun ki mande li Lespri Sen an, l ap ba yo l.
- ¹⁴ Epi, Jezi vin ap chase yon demon. Se te yon lespri bèbè. Lè demon an vin soti, bèbè a pale, epi tout foul moun yo te sezi.
- ¹⁵ Men, youn nan yo di: Se grasa Bèlzeboul, chèf demon yo, l ap chase demon.
- ¹⁶ E, lòt moun ankò t ap mande l yon siy ki soti nan syèl, dekwa pou yo te ka tante li.
- ¹⁷ Jezi, ki te konnen sa ki te nan lide yo, di yo: Nenpòt wayòm ki nan divizyon ak pwòp tèt li, l ap disparèt, epi kay ap tonbe youn sou lòt.
- ¹⁸ E, kòm nou di se grasa Bèlzeboul m ap chase demon, alò, si Satan nan divizyon ak tèt li tou, kòman pou wayòm li a fè kanpe?
- ¹⁹ E, si mwen menm, se grasa Bèlzeboul m ap chase demon, pitit nou yo, grasa kisa yo chase demon? Se sa k fè se yo menm ki va jije nou!

- ²⁰ Men tou, si se grasa pisans dwèt Bondye m ap chase demon, ebyen, wayòm Bondye a rive sou nou.
- ²¹ Lè yon vanyan gason byen ame ap veye pwòp palè li, byen li yo an sekirite.
- ²² Men, si youn ki pi vanyan pase misye vini, epi li gen laviktwà sou misye, ebyen, l ap pran zam misye te mete konfyans li ladan yo a, epi l ap separe sa li piye yo.
- ²³ Yon moun ki pa avèk mwen, se kont mwen li ye. E, yon moun ki p ap rasanble avèk mwen, se gaye l ap gaye.
- ²⁴ Lè yon move lespri soti sou yon moun, li travèse kote ki san dlo, l ap chèche repo. E, lè li pa jwenn, li di: M ap tounen lakay mwen, kote mwen te soti a.
- ²⁵ Lè l ale, li jwenn kay la ann òd epi byen bale.
- ²⁶ Epi, l ale, li pran sèt lespri ki pi move pase l, epi l al abite nan kay la. Nan dènye kondisyon sa a, moun nan vin pi mal pase nan premye a.
- ²⁷ Pandan Jezi t ap di bagay sa yo, men sa ki rive: Yon dam nan foul la leve vwa li, epi li di: Benediksyon pou vant ki te pote w la ak tete ou te tete yo!
- ²⁸ Jezi, li menm, di: Wi, men benediksyon sitou pou moun ki tandè pawòl Bondye a epi ki obsève li!
- ²⁹ Foul moun yo t ap ogmante. Jezi pran di yo: Jenerasyon sa a se yon move jenerasyon. L ap chèche yon siy, ebyen, mwen p ap ba li okenn siy, esepte siy pwofèt Jonas la.
- ³⁰ Vrèmanvre, menm jan Jonas te yon siy pou moun Niniv, se konsa Pitit Lòm nan va yon siy pou moun jenerasyon sa a.
- ³¹ Jou mesye jenerasyon sa a va nan jijman, rèn ki te sot nan Sid la va leve, e li va kondane yo. Paske, li menm, li te soti nan pwent latè, vin koute sajès Salomon an. Alòske, gade! Isit la, gen plis pase Salomon.
- ³² Jou jenerasyon sa a va nan jijman, mesye Niniv yo va kanpe, e yo va kondane li. Paske, yo menm, yo te repanti apre mesaj Jonas la. Alòske, gade! Isit la, gen plis pase Jonas.
- ³³ Moun pa limen lanp pou yo mete l nan yon kachèt oubyen anba yon bwaso. Okontrè, se sou etajè yo mete li, dekwa pou moun k ap antre ka wè limyè a.
- ³⁴ Je se lanp kò. Donk, lè ou gen bon je, tout kò w nan limyè tou. Men, lè je w pa bon, kò w nan fènwa tou.
- ³⁵ Donk, veye pou limyè ki nan ou a pa fènwa.
- ³⁶ Donk, si tout kò w se limyè, san okenn pati pa fènwa, ebyen, li va tou limen, menm jan ak lè yon lanp ap klere limyè l sou ou.
- ³⁷ Lè Jezi fin pale, yon Farizyen envite l manje avèk li. Li antre, l al sou tab.

- 38** Farizyen an te sezi wè Jezi pa t lave men l anvan l manje.
- 39** Men, Senyè a di li: Kounye a, nou menm Farizyen, nou netwaye gode ak plat sou deyò, alòske andedan kè nou plen ak lide vòlè avèk mechainste.
- 40** Moun sòt! Sila ki fè deyò a, èske li pa fè andedan an tou?
- 41** Fè charite ak sa ki andedan nou pito, epi gade: Konsa, tout bagay ap pwòp pou nou.
- 42** Men, malè pou nou, Farizyen! Paske, nou peye ladim sou rekòt mant, rekòt ri , ak sou tout lòt legim, alòske nou pase sou jistis ak lamou Bondye. Se bagay sa yo nou dwe fè, san nou pa kite lòt yo.
- 43** Malè pou nou, Farizyen! Paske, nou renmen plas devan nan sinagòg ak onè sou plas piblik.
- 44** Malè pou nou, pwofesè lalwa ak Farizyen! Ipokrit! Nou tankou yon tonm moun pa wè epi yo mache sou li san yo pa konnen.
- 45** Youn nan avoka yo reponn, li di Jezi: Mèt, lè ou di bagay sa yo, se nou menm tou w ap avili.
- 46** Epi, Jezi di: Nou menm tou, avoka, malè pou nou! Paske, nou chaje lèzòm anba chay byen lou, epi nou menm, menm ak yon dwèt, nou pa touche chay sa yo.
- 47** Malè pou nou! Paske, nou bati tonm pwofèt yo, e se zansèt nou yo ki te tiye yo.
- 48** Konsa, nou se temwen travay zansèt nou yo fè yo, epi nou dakò ak yo. Paske, se yo menm ki tiye pwofèt yo, e se nou menm ki bati tonm pou yo.
- 49** E, se poutèt sa tou, sajès Bondye di: M ap voye pwofèt ak apot ba yo. Gen nan yo y ap tiye, epi gen nan yo y ap pèsekite.
- 50** Poutèt sa, san tout pwofèt ki te koule depi Bondye te kreye lemonn, se sou kont jenerasyon sa a y ap ye:
- 51** Wi, soti sou san Abèl, rive sou san Zakari yo te tiye ant lotèl la ak kay tanp lan, m ap di nou sa, se sou kont jenerasyon sa a y ap ye.
- 52** Malè pou nou, avoka! Paske, nou pran kle lakonesans. Nou menm, nou pa antre. E, moun k ap antre, nou anpeche yo.
- 53** Lè Jezi fin di bagay sa yo, pwofesè lalwa yo ak Farizyen yo kòmanse montre gwo rayisab pou li. Yo t ap fè l pale sou anpil bagay.
- 54** Yo tann pyèj pou li, pou yo chèche kenbe l nan kèk bagay ki soti nan bouch li, dekwa pou yo te ka akize l.

Lik 12

- ¹ Nan menm moman sa a, yon foul plizyè milye moun te rasanble jiskaske youn t ap mache sou lòt. Jezi kòmanse pale ak disip li yo an premye. Li di: Fè atansyon ak ledven Farizyen yo, ki se ipokrizi.
- ² Men, pa gen anyen ki kouvri ki p ap devwale. Nanpwen anyen ki kache ki p ap vin aklè.
- ³ Paske, tout sa nou di nan fènwa, moun ap tandè l lajounen. E, sa nou pale nan zòrèy andedan chanm, moun ap kanpe sou do kay pou yo pibliye l.
- ⁴ Zanmi m yo, m ap di nou sa: Pa pè moun k ap tiye kò a epi apre ki pa kapab fè plis pase sa.
- ⁵ M apral montre nou kilès pou nou pè: Nou dwe pè sila ki ka tiye kò a epi, apre sa, ki gen pouvwa pou li jete l nan Jeyèn. Wi, mwen di nou, se li menm, nou dwe pè.
- ⁶ Se senk ti zwazo yo vann pou de penich, pa vre? Epoutan, pa gen youn nan yo Bondye bliye.
- ⁷ Okontrè, menm cheve nan tèt nou, yo tout konte. Donk, pa pè! Nou vo plis pase anpil ti zwazo.
- ⁸ E, m ap di nou sa: Tout moun ki temwaye pou mwen devan lèzòm, Pitit Lòm nan ap temwaye pou yo tou, devan zanj Bondye yo.
- ⁹ E, moun ki nye mwen devan lèzòm, m ap nye li devan zanj Bondye yo tou.
- ¹⁰ Nenpòt moun ki di yon pawòl kont Pitit Lòm nan, Bondye ap padone li. Men, si se Lespri Sen an li denigre, Bondye p ap padone li.
- ¹¹ E, lè yo mennen nou devan sinagòg, devan dirijan, ak devan otorite, pa chaje tèt nou nan kalkile kòman oubyen kisa nou pral reponn pou nou defann tèt nou, oubyen kisa nou pral di.
- ¹² Paske, lè sa a, Lespri Sen an va montre nou kisa nou dwe di.
- ¹³ Yon moun nan foul la di Jezi: Mèt! Di frè m nan, pou li separe eritaj nou an avèk mwen.
- ¹⁴ Jezi di li: Mesye, kilès ki mete m responsab pou m jije oubyen pou m separe pou nou?
- ¹⁵ Epi, li di yo: Fè atansyon epi veye pou nou pa fè ava. Paske, lavi yon moun pa depann de byen l, menm si yo te anpil.
- ¹⁶ Konsa, Jezi rakonte yo yon parabòl. Li di: Jaden yon nonm rich te donner anpil.
- ¹⁷ Misye reflechi nan kè l, li di: «Kisa m pral fè? Paske, mwen pa gen kote pou mwen rasanble rekòt mwen an.»

- 18** Epi, li di: «Men sa m ap fè: M ap kraze depo mwen yo, m ap bati lòt ki pi gwo, epi m ap rasanble tout rekòt mwen yo ak byen mwen yo ladan yo.
- 19** Apre sa, m ap di nanm mwen: Nanm mwen, ou gen anpil byen sere pou anpil ane. Ou mèt poze, manje, bwè, jwi.»
- 20** Men, Bondye di misye: «Moun sòt! Lannuit sa a menm, m ap reklame nanm ou. E, tout bagay ou pare yo, pou kilès y ap ye?»
- 21** Se konsa sa ye pou moun k ap anpile richès pou tèt li epi ki pa rich pou Bondye.
- 22** Men, Jezi di disip li yo: Se poutèt sa m ap di nou: Pa chaje tèt nou ni pou lavi nou, nan kalkile kisa n ap manje, ni pou kò nou, nan kalkile kijan n ap fè abiye.
- 23** Lavi pi enpòtan pase manje, e kò pi enpòtan pase rad.
- 24** Egzamine kòbo yo: Yo pa ni plante, ni rekòlte. Yo pa gen ni chanm, ni depo. Epoutan, Bondye ba yo manje. E, nou menm, nou vo plis lontan pase zwazo!
- 25** Epitou, kilès nan nou, poutèt l ap chaje tèt li a, ki kapab ajoute menm yon pous sou longè lavi l?
- 26** Donk, si sa ki tou piti a, nou pa kapab fè l, poukisa n ap chaje tèt nou pou rès yo?
- 27** Egzamine kijan flè lis pouse. Yo pa ni travay di, ni trikote. Men, m ap di nou sa: Menm Salomon, malgre tout glwa l la, li pa t abiye byen menm jan avèk menm youn nan yo.
- 28** Zèb nan jaden la jodi, epi yo jete yo nan fou demen. Si yo menm, Bondye ka dekore yo konsa, l a fè plis pou nou toujou, bann moun ti lafwa.
- 29** Nou menm, se pa pou n ap plede chèche sa pou n manje oubyen sa pou n bwè. Epitou, se pa pou n nan kè-sote.
- 30** Paske, tout bagay sa yo, se payen nan lemonn yo k ap chèche yo. Men, pou nou menm, Papa a konnen nou bezwen bagay sa yo.
- 31** Okontrè, chèche wayòm Bondye a, epi Bondye ap ajoute bagay sa yo sou sa pou nou.
- 32** Ti twoupo, pa pè! Paske, se te tout plezi Papa nou, pou li ban nou wayòm nan.
- 33** Vann byen nou, epi fè charite. Bay tèt nou bous ki p ap vin vye, sa vle di, yon richès nan syèl la ki p ap janm fini. La, vòlè pa ka pwoche kote l, e mit pa ka detui l nonplis.
- 34** Vrèmanvre, kote richès ou ye, se la kè w ap ye tou.
- 35** Nou menm, se pou ren nou tou mare, pou lanp nou tou limen,

- 36 tankou moun k ap tann lè mèt yo ap tounen sot nan nòs. Konsa, lè li vini epi li frape, menm lè a, yo ouvri pou li.
- 37 Benediksyon pou sèvitè sa yo, paske lè mèt yo vini, li jwenn y ap veye. Franchman, m ap di nou sa: L ap mare ren li, l ap mete yo sou tab, epi l ap pase sèvi yo.
- 38 Kit li ta tounen vè dezyèm tranch nuit lan, kit se ta vè twazyèm tranch la, se va yon benediksyon pou sèvitè sa yo, si li jwenn y ap veye.
- 39 Konnen sa byen! Si mèt yon kay te konnen kilè vòlè ap vini, li ta ret ap veye, epi li pa t ap kite yo kase kay li.
- 40 Donk, nou menm, se pou nou toujou pare, paske Pitit Lòm nan ap vini yon lè nou pa atann.
- 41 Pyè di Jezi: Senyè, èske se pou nou w ap di parabòl sa a oubyen pou tout moun?
- 42 Men, Senyè a di li: Ki administratè ki fidèl epi ki entèlijan mèt la ap mete responsab moun lakay li yo, pou l ba yo manje nan lè pou yo manje?
- 43 Benediksyon pou sèvitè sa a, si mèt li vin jwenn l ap fè sa vre!
- 44 Franchman, m ap di nou sa: Mèt la ap mete l responsab tout byen l yo.
- 45 Men, sipoze sèvitè a ta di nan kè l: «Mèt la ap pran tan anvan li vini» epi li ta kòmanse bat sèvitè yo ak sèvant yo, li ta manje, li ta bwè, epi li ta sou!
- 46 Ebyen, mèt sèvitè sa a va vini yon jou li pa atann, yon lè li pa konnen. Mèt la ap depatcha misye, epi l ap mete pòsyon pa misye ansanm ak pa moun ki pa fidèl yo.
- 47 Men, sèvitè ki te konnen volonte mèt li a epi ki pa t ni pare anyen, ni fè volonte mèt li a, ebyen, li menm, y ap bat li anpil.
- 48 Alòske, sèvitè ki pa t konnen volonte mèt li a epi ki fè bagay ki merite kou, li menm, y ap bat li mwens. Tout moun, yo bay anpil, yo reklame anpil nan men yo. E, moun yo remèt anpil, yo mande yo anpil!
- 49 Se dife mwen vin lage sou latè. E, kisa pou mwen vle ankò, si li deja limen?
- 50 Men, gen yon batèm pou mwen resevwa. Ala yon lapenn pou mwen, toutotan li poko akonpli.
- 51 Èske nou panse se lapè mwen vin bay sou latè? Mwen di nou non! Okontrè, se divizyon!
- 52 Paske, apati jodi a, senk moun ap nan yon sèl kay, e y ap nan divizyon twa kont de epi de kont twa.

53 Papa ap nan divizyon ak pitit gason. Epi, pitit gason ap nan divizyon ak papa. Manman ap nan divizyon ak pitit fi. Epi, pitit fi ap nan divizyon ak manman. Bèlmè ap nan divizyon ak bèlfi. Epi, bèlfi ap nan divizyon ak bèlmè.

54 Epi, Jezi t ap di fowl moun yo tou: Lè nou wè nyaj leve kote solèy kouche, menm lè a, nou di: «Lapli pral vini!» Epi, sa rive konsa vre.

55 E, lè se van Sid k ap soufle, nou di: «Li pral fè cho!» Epi, sa rive.

56 Ipokrit! Nou konn kijan pou nou egzamine eta latè ak eta syèl la, kòman nou fè pa ka egzamine epòk sa a?

57 Epitou, poukisa nou pa deside sa ki jis poukont nou?

58 Vrèmanvre, pandan ou pral devan majistra avèk advèsè ou, fè efò pou w ranje sa avèk li nan wout, dekwa pou li pa trennen w devan jij, epi pou jij pa livre w bay lapolis, epi pou lapolis pa jete w nan prizon.

59 M ap di ou sa: Ou p ap soti la a, toutotan ou pa peye menm dènnye pyès la.

Lik 13

1 Nan menm epòk sa a, kèk moun vin rakonte Jezi jan Pilat te melanje san kèk Galileyen ak san sakrifis yo t ap fè.

2 Jezi reponn, li di yo: Poutèt Galileyen sa yo soufri konsa, èske nou panse se yo ki te pi gwo pechè pase tout Galileyen?

3 Mwen di nou non! Okontrè, si nou pa repanti, nou tout ap peri tou.

4 Oubyen, dizuit moun, miray gerit Siloye te tiye, lè li te tonbe sou yo a, èske nou panse se yo menm ki pi koupab pase tout moun ki abite Jerizalèm?

5 Mwen di nou non! Okontrè, si nou pa repanti, nou tout ap peri tou!

6 Epi, Jezi rakonte yo parabòl sa a: Vwala se te yon moun ki te plante yon pye figfrans nan jaden rezen li. Li vin chèche fig ladan l, men, li pa jwenn.

7 Epi, li di jeran jaden an: «Gade! Depi twazan m ap vin chèche fig sou pye figfrans sa a, epi mwen pa jwenn. Koupe l! Poukisa menm, pou l ap fè tè a pa itil anyen!»

8 Men, jeran an reponn, li di li: Mèt, kite l fè ane sa a ankò. Pandan tan sa a, m ap fouye toutotou l, epi m ap mete fimye.

9 Konsa, si li donnent fig, se byen! Osinon, apre sa, w a koupe l.

10 Yon jou saba, Jezi t ap anseye nan youn nan sinagòg yo.

11 Epi, twouve te genyen yon dam yon lespri te fè enfim depi dizuitan. Li te kokobe, li pa t kapab kanpe dwat ditou.

12 Lè Jezi wè li, li rele l, epi li di l: Madanm, ou delivre! Ou pa enfim ankò!

- ¹³ Epi, Jezi poze men sou li, e, menm lè a tou, dam nan kanpe dwat, epi li pran bay Bondye glwa.
- ¹⁴ Chèf sinagòg la, li menm, te vekse dèske se jou saba Jezi t ap geri moun. Li reponn, li di foud la: Gen sis jou pou moun travay. Donk, se nan jou sa yo pou nou vin fè yo geri nou, men, se pa nan jou saba a.
- ¹⁵ Epi, Senyè a reponn li, li di: Ipokrit! Jou saba a, èske nou chak la a pa demare bèf nou oubyen bourik nou nan manje pou nou mennen yo al bwè dlo?
- ¹⁶ Alòske dam sa a, yon pitit fi Abraam Satan te mare depi dizuitan, mwen pa ta dwe demare chenn li an nan jou saba a, pa vre?
- ¹⁷ Pandan li t ap di bagay sa yo, li fè tout lènmi li yo wont. E, tout foud la t ap rejwi poutèt tout mèvèy Jezi t ap fè yo.
- ¹⁸ Epi, li di yo: Ak kisa wayòm Bondye a sanble? Ak kisa mwen ta konpare l?
- ¹⁹ Li sanble ak yon grenn moutad yon nonm pran epi li jete nan pwòp jaden li. Epi, grenn moutad la pouse, li vin yon gwo pyebwa, jiskaske zwazo nan syèl fè nich sou branch li.
- ²⁰ Jezi di ankò: Ak kisa mwen ta konpare wayòm Bondye a?
- ²¹ Li tankou ledven yon dam pran epi li mete nan twa mezi farin pou fè tout pat la leve.
- ²² Pandan Jezi t ap fè yon vwayaj Jerizalèm, li t ap anseye nan vil ak nan bouk li t ap travèse yo.
- ²³ Epi, yon moun di li: Senyè, èske se yon ti kras moun ki sove?
- ²⁴ Men, li di yo: Lite pou nou antre nan pòtay etwat la. Paske, m ap di nou sa: Anpil moun va chèche antre ladan l, e yo p ap kapab.
- ²⁵ Lè mèt kay la leve fèmen pòt la, n a kòmanse kanpe deyò a, n a frape pòt la, epi n a di: «Senyè, Senyè! Ouvri pou nou!» Li menm, l a reponn, l a di nou: «Mwen pa konnen kote nou soti.»
- ²⁶ Lè sa a, n a kòmanse di: «Nou te manje, nou te bwè devan w. E, se nan lari vil nou yo, ou te anseye!»
- ²⁷ Men, l a di: «M ap di nou sa: Mwen pa konnen kote nou soti. Soti sou mwen, nou tout, moun k ap fè sa ki pa jis.»
- ²⁸ La, va genyen rèl ak manje dan. Paske lè sa a, n a wè Abraam, Izaak, ak Jakòb, ak tout pwofèt yo nan wayòm Bondye a, alòske, nou menm, yo va jete nou deyò.
- ²⁹ Epitou, moun ap soti nan Lès ak nan Lwès, nan Nò ak nan Sid, epi y ap chita sou tab nan wayòm Bondye a.

- 30** Gade! Sa ki dènye, se yo k ap premye. E, sa ki premye, se yo k ap dènye.
- 31** Menm jou sa a, kèk Farizyen vin di Jezi: Ale! Soti isit la, paske Ewòd vle tiye ou.
- 32** Epi, li di yo: Al di rena sa a konsa: Gade! m ap chase demon, m ap fè gerizon jodi a ak demen, epi twazyèm jou a m ap fini.
- 33** Men, fòk mwen mache jodi a, demen, ak apre demen. Paske, se pa posib pou se deyò Jerizalèm yon pwofèt peri!
- 34** Aa Jerizalèm! Jerizalèm! Ou menm k ap tiye pwofèt yo epi k ap kalonnen moun yo voye kote w yo! Konbyen fwa mwen te vle rasanble pitit ou yo ansanm, menm jan ak yon poul ki rasanble pitit pa l anba zèl li. Men, nou pa janm vle.
- 35** Ebyen, gade! Yo kite kay ou tankou yon dezè. E, m ap di nou sa: Nou p ap wè m ditou, jis lè a va vini pou nou di: «Benediksyon pou sila k ap vini nan non Senyè a!»

Lik 14

- 1** Vin rive yon jou saba kote Jezi te al manje kay youn nan chèf pami Farizyen yo. Yo t ap veye li.
- 2** Twouve yon nonm ki te soufri anflamasyon te devan li.
- 3** Jezi pran lapawòl, li pale ak avoka yo ak Farizyen yo, li di: Èske lalwa pèmèt yo fè gerizon jou saba a?
- 4** Yo pa reponn. Kounye a, li pran nonm nan, li geri li, epi li voye l ale.
- 5** Apre sa, li reponn yo, li di: Kilès nan nou ki ta gen pitit li oubyen bèf li ki ta tonbe nan yon pi yon jou saba epi ki pa ta retire l menm lè a?
- 6** Yo pa t kapab reponn li sou sa.
- 7** Lè Jezi remake moun yo te envite yo t ap chwazi plas devan, li di yo yon parabol.
- 8** Li di yo: Lè moun envite ou nan nòs, pa al chita nan plas devan, dekwa pou si yo te envite yon moun ki pi enpòtan pase w,
- 9** pou moun ki te envite ni ou menm ni li menm nan pa di ou: «Bay moun sa a plas la!» Lè sa a, w apral pran plas dèyè a tou wont.
- 10** Lè yo envite w, okontrè, al chita nan plas dèyè, pou lè moun ki envite w la ta vini, li ka di w: «Zanmi, vin pi devan.» Lè sa a, se va yon glwa pou ou, devan tout moun ki chita sou tab avèk ou yo.
- 11** Paske, tout moun ki leve tèt yo, Bondye ap rabese yo. Men, moun ki rabese tèt yo, Bondye ap leve yo.

- ¹² Epi, li di moun ki te envite l la tou: Lè w ap fè dine oubyen resepsyon, pa envite ni zanmi w, ni frè w, ni fanmi w, ni vwazen ki rich, dekwa pou, yo menm tou, yo pa envite w kòm kwa pou yo ka remèt ou sa.
- ¹³ Lè w ap fè fèt, okontrè, envite pòv, moun enfim, moun k ap bwete, moun avèg.
- ¹⁴ Se va yon benediksyon pou ou, paske yo pa genyen pou yo ta remèt ou sa. Vrèmanvre, lè moun jis yo resisite, Bondye a remèt ou sa.
- ¹⁵ Men, lè youn nan moun ki te sou tab la tandè bagay sa yo, li di Jezi: Ala yon benediksyon pou moun ki va manje dine nan wayòm Bondye a!
- ¹⁶ Jezi, li menm, di li: Vwala se te yon nonm ki te fè yon gwo resepsyon, epi li te envite anpil moun.
- ¹⁷ Lè lè resepsyon an rive, li voye yon sèvitè l al di envite yo: «Vini, paske tout bagay deja pare.»
- ¹⁸ Yo tout pran eskize tèt yo menm jan an. Premye a di li: «Mwen fèk achte yon tè, e mwen bezwen soti al wè l. Tanpri, eskize m.»
- ¹⁹ Yon lòt di: «Mwen fèk achte senk pè bèf, e mwen pral eseye yo. Tanpri, eskize m.»
- ²⁰ Yon lòt ankò di: «Mwen fèk marye ak madanm mwen, e se poutèt sa mwen pa kapab vini.»
- ²¹ Sèvitè a retounen al rapòte bagay yo bay mèl li. Lè sa a, mèl kay la fè kòlè. Li di sèvitè l la: «Ale tousuit sou plas vil la ak nan lari nan vil la. Epi, mennen ni pòv, ni enfim, ni moun k ap bwete, ni moun avèg isit la.»
- ²² Apre sa, sèvitè a di: «Mèt, menm jan ou te kòmande a, se konsa sa fèt, e gen plas toujou.»
- ²³ Epi, mèl la di sèvitè a: «Ale sou wout yo ak bò lantouraj yo, epi konvenk moun yo antre, dekwa pou kay mwen ka plen.
- ²⁴ Paske, m ap di nou sa: Pami mesye mwen te envite yo, pa gen youn menm k ap goute nan resepsyon m nan.»
- ²⁵ Yon gwo foul moun t ap mache avèk Jezi. Li vire, li di yo:
- ²⁶ Si yon moun ap vini jwenn mwen epi li pa rayi papa li ak manman li, madanm li ak pitit li, frè li ak sè li, e menm pwòp lavi li, ebyen, li pa kapab vin disip mwen.
- ²⁷ E, nenpòt moun ki pa pote kwa li epi ki pa suiv mwen, li pa kapab vin disip mwen.
- ²⁸ Vrèmanvre, kilès nan nou ki ta vle bati yon gerit epi ki pa ta chita kalkile depans lan anvan, pou wè si li genyen ase pou li fini l?

²⁹ Se dekwa pou li pa al nan poze fondasyon epi, lè li pa kapab fini, pou tout moun k ap gade pa kòmanse pase l nan betiz pou yo di:

³⁰ «Nonm sa a kòmanse bati, epi li pa kapab fini!»

³¹ Oubyen, ki wa, anvan l al nan lagè avèk yon lòt, pa chita reflechi pou l wè si avèk di mil òm, li kapab kontre lòt la k ap vini kont li avèk ven mil?

³² Osinon, pandan lòt la byen lwen toujou, wa a ap voye yon delegasyon pou li mande fè lapè.

³³ Donk, se konsa li ye pou nou chak: Si yon moun pa renonse ak pwòp byen li, ebyen, li pa kapab vin disip mwen.

³⁴ Sèl se yon bon bagay! Men, si sèl ta pèdi gou l, ak kisa nou ka fè l sale ankò?

³⁵ Paske, li pa bon ni pou tè ni pou fimye. Donk, se deyò pou yo jete l. Moun ki gen zòrèy pou tande, tande!

Lik 15

¹ Tout pèseptè ak pechè t ap pwoche kote Jezi pou yo koute li.

² Farizyen yo ak pwofesè lalwa yo pran plenyen! Yo di: Misye ap resevwa pechè, epi l ap manje avèk yo.

³ Men, Jezi rakonte yo parabòl sa a.

⁴ Li di: Kilès nan mesye pami nou yo ki ta gen san mouton, ki ta pèdi youn ladan yo, epi pou li pa ta kite katrevendiznèf lòt yo nan dezè a, pou l al dèyè sa ki te pèdi a, jis li jwenn li?

⁵ E, lè li jwenn li, se ak lajwa li mete l sou zepòl li.

⁶ Epi, l ale lakay li, li rele zanmi li ak vwazen li, li di yo: «Rejwi ansanm avèk mwen, paske mwen jwenn mouton ki te pèdi a.»

⁷ M ap di nou sa: Se konsa ap gen plis jwa nan syèl la pou yon sèl pechè ki repanti, pase pou katrevendiznèf moun jis ki pa bezwen repantans.

⁸ Oubyen tou, kilès fi ki ta gen dis drak lajan, ki ta pèdi yon drak, epi, pou li pa ta limen lanp, bale kay, chèche toupato, jis li jwenn li?

⁹ E, lè li jwenn li, li rele zanmi li ak vwazen li, li di: «Rejwi ansanm avèk mwen, paske mwen jwenn drak ki te pèdi a.»

¹⁰ Konsa tou, m ap di nou sa: Gen lajwa devan zanj Bondye yo poutèt yon pechè ki repanti.

¹¹ Jezi di ankò: Vwala se te yon nonm ki te gen de pitit gason.

- 12 Pi jèn nan di papa a: «Papa, ban mwen pòsyon pa m nan nan byen nou yo.» Papa a separe byen an ba yo vre.
- 13 Pa twò lontan apre sa, pitit gason ki pi jèn nan ranmase tout afè l, li pati al nan yon peyi byen lwen. Epi, li gaspiye byen l lan nan viv nan banbòch.
- 14 Lè l fin depanse tout byen an, yon gwo grangou vini sou tout peyi a. Kifè, misye kòmanse nan nesesite.
- 15 Konsa, l al asosye ak youn nan sitwayen nan peyi a, ki voye misye al gade kochon nan jaden li.
- 16 Li te anvi plen vant li ak po gous kochon yo t ap manje yo. Men, pèsonn pa t ba li.
- 17 Lè l reprann tèt li, li di: «Valè ouvriye kay papa mwen ki gen manje ann abondans epi, mwen menm, pou m ap peri anba grangou!
- 18 M ap leve al kote papa m epi m ap di li: Papa, mwen peche kont Bondye nan syèl epi kont ou menm.
- 19 Mwen pa merite pou yo rele m pitit ou ankò. Ou mèt trete m tankou youn nan ouvriye w yo.»
- 20 Li leve vre, l al kote papa li. Men, li te byen lwen toujou lè papa a wè li. Kè papa a fè l mal, li kouri, li pase bra nan kou l, epi li bo li.
- 21 Men, pitit la di li: «Papa, mwen peche kont Bondye nan syèl la epi kont ou menm. Mwen pa merite pou yo rele m pitit ou ankò.»
- 22 Men, papa a di sèvitè l yo: «Pote pi bèl rad la, epi abiye l avèk li. Mete yon bag nan dwèt li ak sandal nan pye li.
- 23 Mennen towò k ap angrese a, tiye li, epi annou manje, annou fete!
- 24 Paske, pitit gason mwen sa a te mouri, men, li vin vivan ankò. Li te pèdi, men, mwen jwenn li.» Epi, yo kòmanse fete.
- 25 Men, pi gran gason l lan te nan jaden. Pandan l ap vini epi l ap pwoche pre kay la, li tandè mizik ak dans.
- 26 Li rele youn nan sèvitè yo, li mande l sa k genyen.
- 27 Sèvitè a di li: «Se frè w la ki vini, epi papa w fè tiye towò ki t ap angrese a, paske li rejwenn misye sennesòf.»
- 28 Gran frè a fè kòlè, li pa t vle antre. Donk, papa a soti al sipliye l antre.
- 29 Men, li reponn papa a, li di: «Gade! Tanndat m ap sèvi w san mwen pa janm dezobeyi lòd ou, e mwen menm, pa yon ti kabrit ou pa janm ban mwen pou mwen ta fete avèk zanmi m yo.

³⁰ Alòske, pitit gason w sa a ki gaspiye byen ou avèk pwostitiye , li annik vini, epi se pou li ou tiye towò ki t ap angrese a!»

³¹ Men, Papa a di li: «Pitit mwen, ou toujou avèk mwen, e tout sa ki pou mwen se pou ou.

³² Men, fòk nou te fete, fòk nou te rejwi. Paske, frè ou sa a te mouri, men, li vin vivan ankò. Li te pèdi, men, mwen jwenn li.

Lik 16

¹ Epi, Jezi di disip li yo tou: Vwala se te yon nonm rich ki te genyen yon administratè. Yo denonse administratè a ba li, kòmkiwa l ap gaspiye byen l yo.

² Li rele administratè a, li di li: «Poukisa m ap tande sa m ap tande sou ou yo? Rann mwen kont sou jan w ap administre, paske ou p ap kapab kontinye administre ankò.»

³ Administratè a di tèt li: «Men patwon m pral retire m kòm administratè l, kisa m pral fè? Mwen pa gen fòs pou mwen travay tè. E, mwen wont mande!

⁴ Ebyen, mwen konn sa m ap fè pou moun ka resevwa m lakay yo lè li revoke m kòm administratè.»

⁵ Epi, li rele chak moun ki te dwe patwon li yo. Li di premye a: «Konbyen w dwe patwon m?»

⁶ Li di li: «San kin luil.» Misye di li: «Pran resi ou, chita vit, epi ekri senkant!»

⁷ Li di yon lòt: «E ou menm, konbyen w dwe?» Lòt la di: «San barik ble.» Misye di li: «Pran resi ou, epi ekri katreven!»

⁸ Patwon an fè administratè malonèt la konpliman, poutèt li aji ak entelijans. Vrèmanvre, moun monn sa a aji avèk plis entelijans avèk pwòp lemonn yo, pase moun ki nan limyè a.

⁹ Mwen menm tou, men sa m ap di nou: Fè zanmi pou tèt nou, grasa richès malonèt. Konsa, lè nou tonbe, y a resevwa nou nan tant ki la pou letènite yo.

¹⁰ Yon moun ki fidèl nan sa ki piti anpil, l a fidèl nan sa ki gwo tou. E, yon moun ki malonèt nan sa ki piti anpil, l a malonèt tou nan sa ki gwo.

¹¹ Vrèmanvre, si ak richès malonèt, nou pa t fidèl, atò, kilès ki pral fè nou konfyans ak vrè byen an?

¹² E, si ak bagay lòt moun, nou pa fidèl, kilès ki pral ban nou bagay pa nou?

¹³ Okenn sèvitè pa kapab ap sèvi de mèt. Paske, se oubyen l ap rayi youn epi li renmen lòt la, oubyen li kole sou youn epi li meprize lòt la. Nou pa kapab ap sèvi ni Bondye ni Mamon ansanm!

- 14** Farizyen yo ki renmen lajan, yo menm tou, yo t ap koute tout bagay sa yo. Epi, yo pran pase Jezi nan betiz.
- 15** Men, li di yo: Nou menm, nou se moun k ap chèche parèt jis devan lèzòm. Men, Bondye konnen kè nou! Paske, bagay lèzòm egzalte, se abominasyon sa ye devan Bondye.
- 16** Anvan Jan te vini, se te Lalwa ak Pwofesi yo. Men, depi lè sa a, se bon nouvèl wayòm Bondye a y ap anonse. E, se chak moun k ap bat pou yo antre ladan l.
- 17** Li pi fasil pou syèl la ak tè a disparèt, pase pou yon zing nan lalwa pèdi.
- 18** Lè yon moun divòse ak madanm li epi li marye ak yon lòt, li fè adiltè. Lè yon nonm divòse ak yon fi, nenpòt moun ki marye ak fi a, li fè adiltè.
- 19** Vwala se te yon nonm rich ki te konn abiye avèk twal pou ak len fen. Chak jou, li t ap jwi an gran jan.
- 20** Bò pòtay kay li a, te genyen yon pòv yo rele Laza ki te konn kouche, kouvri ak maleng.
- 21** Li te anvi plen vant li ak miyèt ki t ap tonbe sot sou tab nonm rich la. Okontrè, menm chen te konn vin niche maleng li yo.
- 22** Pòv la vin mouri. Zanj pote l al nan prezans Abraam. Epi, nonm rich la mouri tou. Yo antere li.
- 23** Pandan l anba touman nan peyi-mò, li leve je l epi li wè Abraam byen lwen ansanm ak Laza nan prezans li.
- 24** Misye rele, li di: «Papa Abraam, pitye pou mwen! Voye Laza tranpe pwent dwèt li nan dlo vin rafrech lang mwen. Paske, m ap souffri nan flanm sa a.»
- 25** Men, Abraam di li: «Pitit mwen, sonje pandan lavi w, ou te resevwa tout byen w, alòske Laza, li menm, se malè li te resevwa. Kounye a, li nan konsolasyon isit la, epi ou menm, ou nan souffrans.
- 26** Anplis tout sa, genyen yon gwo labim ki etabli ant nou menm avèk ou. Konsa, ni moun ki ta vle travèse sot isit la al kote w la, ni sa ki ta vle janbe sot lòt bò a vin kote nou an, yo p ap kapab.»
- 27** Men, misye di: «Ebyen, papa, men sa m ap mande w: Voye Laza lakay papa mwen.
- 28** Konsa, l a temwaye bay senk frè mwen genyen yo, dekwa pou, yo menm tou, yo pa vin nan touman sa a, isit la.»
- 29** Abraam di li: «Yo gen Moyiz ak Pwofèt yo, se pou yo koute yo!»
- 30** Misye di: «Non, papa Abraam. Okontrè, si yon mò ta al kote yo, y ap repanti.»

31 Abraam di li: «Si yo pa koute Moyiz ak Pwofèt yo, menm si yon mò ta resisite, sa p ap konvenk yo nonplis.»

Lik 17

1 Epi, Jezi di disip li yo: Li pa posib pou okazyon pa rive pou moun chite. Men, malè pou moun ki lakòz li rive a!

2 Li ta pi bon pou li, si se yon wòch moulen yo te mare nan kou l epi yo pimpe l nan lanmè, pase pou se chite li ta lakòz youn nan ti piti sa yo chite.

3 Fè atansyon ak tèt nou. E, si frè w peche kont ou, fè l obsèvasyon. Si li repanti, padone l.

4 Si nan yon jounen, li peche sèt fwa kont ou epi li retounen sèt fwa nan jounen an vin di ou: «Mwen repanti!» ebyen, padone l.

5 Apot yo di Senyè a: Ogmante lafwa nou!

6 Men, Senyè a di: Si nou te gen yon lafwa gwose yon grenn moutad, nou ta mèt di pye sikomò sa a: «Derasinen tèt ou! Al plante tèt ou nan lanmè!» l ap obeyi w!

7 Si youn nan nou gen yon sèvitè k ap plante oubyen k ap pran swen twoupo, lè sèvitè a vini sot nan jaden, èske l ap di sèvitè a konsa: «Vin sou tab»?

8 Okontrè, l ap di: «Pare bagay pou m manje. Epi, mare ren w pou w sèvi m, jiskaske mwen fin manje epi mwen fin bwè. Apre sa, ou menm, w a manje, w a bwè!» Èske se pa sa?

9 Èske l ap gen rekonesans pou sèvitè sa a, paske li fè sa li te kòmande l la? Mwen pa panse sa.

10 Se konsa tou pou nou menm! Lè nou fin fè tout sa yo kòmande nou fè, di: «Nou se sèvitè initil. Se sèlman sa nou te dwe fè nou fè!»

11 Vin rive yon lè Jezi t ap ral Jerizalèm. Li t ap pase ant Samari ak Galile.

12 Pandan li t ap antre nan yon bouk, dis gason ki gen lèp konte ak li. Yo kanpe lwen li.

13 Epi, yo leve vwa yo, yo di: Jezi, Mèt, pitye pou nou!

14 Lè Jezi wè yo, li di yo: Ale. Montre sakrifikatè yo kò nou. Pandan yo prale a, sètzwouve yo vin pwòp!

15 Men, gen youn nan yo, lè li wè li geri, li retounen. Epi, li pran bay Bondye glwa byen fò.

16 Li lage kò l fas atè nan pye Jezi pou li di l mèsi. Misye, se yon Samariten li te ye.

- 17 Men, Jezi reponn, li di li: Se yo dis ki te vin pwòp, pa vre? Lòt nèf yo, kote yo?
- 18 Apre etranje sa a, nou pa jwenn yo youn tounen vin bay Bondye glwa, pa vre?
- 19 Epi, Jezi di Samariten an: Ebyen, leve! Ale! Lafwa w delivre w!
- 20 Farizyen yo mande Jezi kilè wayòm Bondye a ap vini. Li reponn yo, li di: Wayòm Bondye a p ap vini yon jan moun ka egzamine l.
- 21 Nonplis tou, moun p ap ka di: «Gade! Men li isit!» oubyen: «Gade! Men li lòt bò!» Paske, gade: Wayòm Bondye a nan mitan nou!
- 22 Epi, Jezi di disip li yo: Gen jou k ap vini, kote n ap anvè menm youn nan jou Pitit Lòm yo, men, nou p ap wè l.
- 23 Epi, yo va di nou: «Gade! Men li isit!» oubyen: «Gade! Men li lòt bò!» Lè sa a, pa ni ale, ni rapousuiv!
- 24 Paske, menm jan ak zèklè ki flache nan yon kwen syèl la epi ki klere tout syèl la, se konsa Pitit Lòm nan ap ye nan jou li a.
- 25 Men, anvan sa, fòk li soufri anpil, epi fòk jenerasyon sa a derefize chwazi l.
- 26 E, menm jan sa te ye nan jou Noe yo, se konsa sa ap ye nan jou Pitit Lòm yo.
- 27 Moun t ap manje, yo t ap bwè. Yo t ap marye, yo t ap bay fi yo pou maryaj, jis jou Noe antre nan lach la. Epi, delij la vini, li detui yo tout.
- 28 Se va menm jan ak sa ki te rive nan jou Lòt yo tou. Moun t ap manje, yo t ap bwè. Yo t ap achte, yo t ap vann. Yo t ap plante, epi yo t ap bati.
- 29 Men, jou Lòt soti nan Sodòm nan, yon lapli dife ak souf sot nan syèl la, li detui yo tout.
- 30 Se konsa sa ap ye nan jou Pitit Lòm nan ap parèt la.
- 31 Nan jou sa a, yon moun ki sou do kay epi ki gen afè l andedan kay la pa dwe desann al pran yo. Pou yon moun ki nan jaden, se menm bagay la. Li pa dwe tounen dèyè.
- 32 Sonje madanm Lòt la!
- 33 Konsa, moun ki ta chèche sove lavi yo, y ap pèdi l. E, moun ki ta pèdi lavi yo, y ap konsève l.
- 34 M ap di nou sa: Nan nuit sa a, de moun ap sou menm kabann, y ap pran youn, y ap kite lòt la.
- 35 De fi ap moulen ansanm, y ap pran youn, y ap kite lòt la.
- 36 De moun ka nan jaden, y ap pran youn, y ap kite lòt la.

³⁷ Alò, disip yo reponn, yo di Jezi: Se va kibò, Senyè? Li di yo: Kote kadav la va ye a, se la votou yo va rasanble.

Lik 18

¹ Jezi di yo yon parabòl tou, pou montre yo dwe toujou lapriyè epi yo pa dwe janm lage.

² Li di: Vwala se te yon jij nan yon vil. Li pa t gen ni krentif pou Bondye ni respè pou lèzòm.

³ Men, te genyen yon vèv nan vil sa a ki te konn vin di li: Rann mwen jistis kont advèsè m nan!

⁴ Pandan lontan, jij la pa t vle. Men, apre sa, li di tèt li: Menm si mwen pa gen ni krentif pou Bondye ni respè pou lèzòm,

⁵ poutèt vèv sa a tounen yon nuizans pou mwen, fòk mwen rann li jistis. Osinon, nan vini konsa, finalman, l ap fini avèk mwen.

⁶ Epi, Senyè a di: Tande sa jij malonèt la di!

⁷ E Bondye, li menm? Moun li chwazi yo ap rele ba li lajounen kon lannuit. Malgre li pran pasyans pou l tire revanj pou yo, èske li p ap tire revanj pou yo?

⁸ M ap di nou sa: Sanzatann, l ap tire revanj pou yo! Men, lè Pitit Lòm nan vini, èske l ap jwenn lafwa sou latè?

⁹ Jezi di lòt parabòl sa a pou moun k ap konvenk tèt yo, yo se moun jis epi k ap meprize lòt moun.

¹⁰ Li di: De zòm monte nan tanp lan al lapriyè. Youn te yon Farizyen. Lòt la te yon pèseptè.

¹¹ Farizyen an kanpe, li t ap lapriyè konsa nan kè li: «O Bondye, mwen rann ou gras dèske mwen pa tankou rès lòt moun yo ki vòlè, ki malonèt, ki adiltè, ni tou, tankou pèseptè sa a.

¹² Mwen fè jèn de fwa chak semèn. Mwen bay ladim sou tout sa mwen resevwa.»

¹³ Pèseptè a, li menm, te kanpe lwen. Menm je l, li pa t vle leve nan syèl. Okontrè, li t ap frape lestomak li, li t ap di: «Bondye, pitye pou mwen! Se pechè mwen ye.»

¹⁴ Jezi di: M ap di nou sa: Se misye pito ki desann lakay li ak jistis Bondye sou li, pase lòt la. Paske, tout moun ki leve tèt yo, Bondye ap rabese yo. Men, moun ki rabese tèt yo, Bondye ap leve yo.

¹⁵ Moun t ap mennen menm tibebe bay Jezi pou li manyen yo. Men, lè disip yo wè sa, yo fè moun yo obsèvasyon.

- 16 Jezi fè rele yo, li di: Kite timoun yo vini jwenn mwen. Epi, pa anpeche yo. Paske, se pou moun ki tankou yo, wayòm Bondye a ye.
- 17 Franchman, m ap di nou sa: Moun ki pa resevwa wayòm Bondye a tankou yon timoun, li p ap antre ladan l ditou.
- 18 Yon chèf poze Jezi yon kesyon, li di: Bon Mèt, kisa mwen dwe fè pou m ka eritye lavi etènèl la?
- 19 Men, Jezi di li: Poukisa se mwen ou rele «bon» an? Pa genyen pèsonn ki bon, esepite Bondye sèl.
- 20 Ou konnen kòmanman yo: Pa fè adiltè. Pa tiye moun. Pa vòlè. Pa fè move temwayaj. Onore papa ou ak manman ou.
- 21 Misye di: Depi mwen jèn, m ap obsève tout bagay sa yo!
- 22 Lè Jezi tande sa, li di li: Gen yon sèl bagay ki rete w ankò : Vann tout sa w genyen. Epi, bay pòv yo. Lè sa a, ou va genyen yon trezò nan syèl la. Apre sa, suiv mwen.
- 23 Lè li tande sa, li vin tris anpil. Paske, li te rich anpil.
- 24 Men, lè Jezi wè jan l vin tris, li di: Ala difisil sa difisil pou moun ki genyen richès antre nan wayòm Bondye a!
- 25 Li pi fasil pou yon chamo pase nan yon je zegui, pase pou yon moun rich antre nan wayòm Bondye a.
- 26 Moun ki t ap koute yo di: Ebyen, kilès ki kapab sove?
- 27 Li di yo: Bagay ki pa posib pou lèzòm, yo posib pou Bondye.
- 28 Pyè di: Gade! Nou menm, nou kite tout bagay pou nou suiv ou.
- 29 Jezi di yo: Franchman, m ap di nou sa: Pa genyen moun ki ta kite kay, oubyen paran, oubyen frè, oubyen madanm, oubyen pitit poutèt wayòm Bondye a,
- 30 pou li pa ta resevwa plis pase sa, nan tan kounye a. Epitou, nan tan k ap vini an, l ap resevwa lavi etènèl.
- 31 Jezi pran Douz yo apa, li di yo: Gade! Men n ap monte Jerizalèm. E, bagay pwofèt yo te ekri sou Pitit Lòm nan, yo tout ap akonpli.
- 32 Vrèmanvre, y ap lage l bay nasyon yo, y ap pase l nan betiz, y ap avili l, epi y ap krache sou li.
- 33 Lè yo fin bat li, y ap tiye l. Men, sou twazyèm jou a, l ap resisite.
- 34 Douz yo pa t konprann anyen nan sa. Sans mo yo te kache pou yo. Yo pa t menm konnen sa l te vle di.

³⁵ Vin rive yon lè li t ap pwoche bò Jeriko. Yon avèg te chita ap mande bò wout la.

³⁶ Li tandè yon foul k ap pase, epi, li mande sa ki genyen.

³⁷ Yo rapòte ba li se Jezi, moun Nazarèt, k ap pase.

³⁸ Avèg la rele, li di: Jezi, Pitit David, pitye pou mwen!

³⁹ Moun ki t aprale devan yo fè li obsèvasyon pou li pe. Men, li rele pi rèd toujou: Pitit David, pitye pou mwen!

⁴⁰ Jezi rete, li pase lòd pou yo mennen avèg la ba li. Lè li pwoche, Jezi poze l yon kesyon.

⁴¹ Jezi di: Kisa w vle m fè pou ou? Li di: Senyè, mwen vle wè ankò.

⁴² Jezi di li: Ou mèt wè! Lafwa w delivre w!

⁴³ Menm lè a tou, li wè ankò. Li pran suiv Jezi. Li t ap bay Bondye glwa. Lè pèp la wè sa, yo tout fè lwanj Bondye.

Lik 19

¹ Lè Jezi antre Jeriko, li t ap travèse ale.

² Men, twouve te genyen yon nonm la a yo rele Zache. Li te yon chèf pèseptè e li te rich.

³ Li t ap chèche wè kilès Jezi ye, men, foul la te lakòz li pa t kapab, paske li te yon nonm ti tay.

⁴ Konsa, li kouri al devan, li monte yon pye sikomò pou li te ka wè Jezi, paske Jezi t apral pase la.

⁵ Lè Jezi rive bò la, li leve je l, li wè Zache, epi li di li: Zache, prese desann, paske jodi a, fòk se lakay ou mwen fè ladesant.

⁶ Zache prese desann, epi li resevwa Jezi ak lajwa.

⁷ Lè moun yo wè sa, yo tout pran plenyen, yo di: Apa se kay yon pechè li antre fè ladesant!

⁸ Zache, li menm, kanpe, li di Senyè a: Senyè, gade! M ap bay pòv mwatye byen m yo. E, si mwen te fè magouy sou tèt yon moun, m ap remèt li kat fwa lavalè.

⁹ Jezi di li: Jodi a, delivrans antre nan kay sa a. Paske, misye se pitit Abraam li ye tou.

¹⁰ Vrèmanvre, Pitit Lòm nan vini pou chèche epi pou sove sa ki te pèdi.

- 11 Pandan moun yo t ap koute bagay sa yo, Jezi kontinye, li di yon parabòl poutèt moun yo te panse paske Jezi te tou pre Jerizalèm nan, wayòm Bondye a t ap ral parèt tousuit.
- 12 Donk, li di: Vwala se te yon nonm gran fanmi ki te ale nan yon peyi byen lwen. Li t al resevwa pouvwa pou li wa, epi pou li retounen.
- 13 Li rele dis nan sèvitè li yo, li ba yo dis min, epi li di yo: «Fè komès avèk lajan sa a pou jis mwen retounen.»
- 14 Men, sitwayen peyi l yo te rayi li. Yo voye yon delegasyon dèyè l al di: «Nou pa vle misye kòm wa sou nou!»
- 15 Sa ki vin rive, lè misye fin resevwa pouvwa pou li wa a, li retounen. Li di pou yo rele tout sèvitè li te bay lajan yo ba li, dekwa pou li ka konnen kijan yo te fè komès avèk li.
- 16 Premye a parèt, li di: «Monwa, min ou an rapòte dis min.»
- 17 Li di li: «Trè byen! Ou se yon bon sèvitè. Kòm ou te fidèl nan yon ti bagay, m ap ba ou pouvwa sou dis vil.»
- 18 Dezyèm nan vini, li di: «Monwa, min ou an fè senk min.»
- 19 Li di misye tou: «Ou menm tou, etabli pouvwa w sou senk vil.»
- 20 Yon lòt vini, li di: «Monwa, gade! Men min ou an. Mwen te sere l nan yon mouchwa.
- 21 Paske ou se yon nonm ki sevè, mwen te pè w. Ou pran sa ou pa mete. Ou rekòlte sa ou pa plante.»
- 22 Li di li: «Sèvitè mechan! Se ak pwòp bouch ou m ap jije w. Ou konnen mwen se yon nonm sevè k ap pran sa li pa mete epi k ap rekòlte sa li pa plante.
- 23 E poukisa ou pa t bay lajan m nan labank? Epi, mwen menm, mwen ta retire l ak enterè, lè mwen tounen.»
- 24 Li di moun ki te avèk li yo: «Pran min nan nan men l, bay moun ki gen dis min nan li.»
- 25 Yo di li: «Monwa, li gen dis min deja!»
- 26 «Vrèmanvre, m ap di nou sa: Chak moun ki genyen, yo va ba li. Men, moun ki pa genyen an, menm sa li genyen an, yo va pran l nan men l.
- 27 Epitou, lènmi mwen yo ki pa t vle mwen vin wa sou yo a, mennen yo isit la, epi tiye yo devan m nan.»
- 28 Lè Jezi fin di bagay sa yo, li pran devan, li monte Jerizalèm.

- 29 Vin rive kote li t ap pwoche bò Betfaje ak Betani nan direksyon mòn, yo rele Mòn Oliv la. Jezi voye de nan disip li yo.
- 30 Li di yo: Ale nan bouk ki anfas la. Lè nou antre ladan l, n ap jwenn yon jèn bourik mare. Pèsonn pa janm monte l. Demare l mennen vini.
- 31 Si yon moun ta di nou: «Poukisa n ap demare l?» men kisa nou va di l: «Senyè a bezwen l.»
- 32 Lè moun Jezi te voye yo ale, yo jwenn bagay yo jan l te di yo a.
- 33 Lè y ap demare jèn bourik la, mèl li yo di yo: Poukisa n ap demare bourik la?
- 34 Yo menm, yo di: Senyè a bezwen l.
- 35 Epi, yo mennen l bay Jezi. Yo voye rad yo sou jèn bourik la, yo fè Jezi monte l.
- 36 E tout pandan Jezi t aprale, moun yo t ap blayi rad yo sou wout la.
- 37 Li te deja ap pwoche bò pant Mòn Oliv la lè tout foul disip li yo kòmanse rejwi; yo t ap fè lwanj Bondye byen fò, pou tout mirak yo te wè yo.
- 38 Yo t ap di: Benediksyon pou wa k ap vini nan non Senyè a! Lapè nan syèl la! Epi, glwa byen wo nan syèl la!
- 39 Kèk nan Farizyen yo te nan foul la, yo di Jezi: Mèt, fè disip ou yo obsèvasyon!
- 40 Li reponn yo, li di: M ap di nou sa: Si yo menm, yo pe, se wòch yo k ap rele!
- 41 Kòm Jezi t ap pwoche, lè li wè vil la, li kriye pou li.
- 42 Li di: Si jodi a omwen, ou menm tou, ou te konnen bagay ki la pou lapè ou ...! Twouve kounye a, se kache yo kache devan je w.
- 43 Poutèt sa, gen jou k ap vini sou ou, kote lènmi w yo ap mete barikad toutotou w, y ap ansèkle w, y ap kwense w toupatou,
- 44 epi y ap kraze w nèt ansanm ak pitit ou yo ki nan ou. Yo p ap kite yon wòch sou yon lòt nan mitan w. Tou sa, paske ou pa t rekonèt lè ou te resevwa vizit la.
- 45 Jezi vin antre nan lakou tanp lan, li chase ni moun ki t ap vann nan lakou a ni moun ki t ap achte yo.
- 46 Li di yo: Men sa ki ekri: «Kay mwen se yon kay pou lapriyè.» Men, nou menm, nou fè l tounen yon gwòt malfektè.
- 47 Li t ap anseye nan lakou tanp lan chak jou. Sakrifikatè prensipal yo ak pwofesè lalwa yo ansanm ak lidè pèp yo t ap chèche detui li.

⁴⁸ Men, yo pa t jwenn fason pou yo te fè sa, paske tout pèp la te pann nan bouch li, ap koute l.

Lik 20

¹ Vin rive yon lè nan youn nan jou sa yo, Jezi t ap anseye pèp la, li t ap anonse bon nouvèl la nan lakou tanp lan. Sakrifikatè prensipal yo, pwofesè lalwa yo, ak ansyen yo parèt.

² Yo pale ak Jezi, yo di l: Di nou avèk ki otorite w ap fè bagay sa yo! Oubyen tou, kilès ki ba ou otorite sa a?

³ Men, Jezi reponn yo, li di: Mwen menm tou, m ap mande nou yon bagay. Di mwen tou:

⁴ Kote otorite pou batèm Jan an soti? Nan syèl oubyen nan men lèzòm?

⁵ Epi, yo diskite sa youn ak lòt. Yo di: Si nou ta di: «Nan syèl!» li va di: «Poukisa nou pa t kwè li?»

⁶ Men, si nou ta di: «Nan men lèzòm!» tout pèp la ap tiye nou anba wòch, paske yo gen konfyans, Jan te yon pwofèt.

⁷ Alò, yo reponn, yo di yo pa konnen kibò otorite pou batèm nan soti.

⁸ Epi, Jezi di yo: Mwen p ap di nou ak ki otorite m ap fè bagay sa yo nonplis.

⁹ Li kòmanse ap di pèp la parabòl sa a: Yon nonm plante yon jaden rezen. Li anfème kiltivatè li. Epi, li pati al fè lontan aletranje.

¹⁰ Lè sezon an rive, li voye yon sèvitè kote kiltivatè yo pou yo ka ba li yon pati nan rekòt rezen an. Men, kiltivatè yo bat sèvitè a, yo voye l ale de men vid.

¹¹ Epi, li voye yon lòt sèvitè ankò. Sa a tou, yo bat li, yo dezonore li, yo voye l ale de men vid.

¹² Epi, li voye yon twazyèm ankò. Li menm tou, yo blese l epi yo mete l deyò.

¹³ Lè sa a, mèt jaden an di: «Kisa m ap fè? M ap voye pitit gason m nan, sa mwen renmen anpil la. Petèt, lè yo wè se li, y a respekte l.»

¹⁴ Men, lè kiltivatè yo wè se pitit gason an, yo diskite sa youn ak lòt, yo di: «Se li ki eritye a! Vini! Annou tiye l. Epi, eritaj la va vin pou nou.»

¹⁵ Yo trennen l al deyò jaden an. Epi, yo tiye l. Kounye a, kisa pou mèt jaden an fè yo?

¹⁶ Li va vini, li va detui kiltivatè sa yo, epi li va bay lòt moun jaden an. Men, lè yo tande sa, yo di: Non, jamè!

¹⁷ Jezi, li menm, gade yo fiks, li di: Donk, kisa pawòl sa a ki te ekri a vle di? Wòch moun ki t ap bati yo jete a, Se li ki vin wòch prensipal la, wòch kwen an.

- 18 Tout moun ki tonbe sou wòch sa a, y ap demantibile. E, lè l tonbe sou yon moun, l ap kraze l tankou poud.
- 19 Sakrifikatè prensipal yo ak pwofesè lalwa yo t ap chèche mete men sou Jezi nan menm lè sa a. Men, yo te pè, paske yo te konnen se pou yo li te di parabol sa a.
- 20 Nan veye veye, yo voye kèk espyon ki fè tèt yo pase pou moun jis, dekwa pou yo te ka pran li nan pyèj ak pawòl li. Konsa, yo ta livre l anba pouvwa ak otorite gouvènè a.
- 21 Yo poze l yon kesyon, yo di: Mèt, nou konnen tout sa ou di ak sa ou anseye kòrèk. Epitou, ou pa nan achte figi. Men, ou anseye chemen Bondye a dapre laverite.
- 22 Wi oubyen non, èske lalwa pèmèt yo peye Seza taks?
- 23 Men, Jezi remake se sou riz yo ye, li di yo: Poukisa n ap tante m konsa?
- 24 Montre m yon denye! Sa a se pòtre kilès? Epi, pou kilès yo ekri pawòl sa yo?
- 25 Alò, li di yo: Ebyen, bay Seza sa ki pou Seza. Bay Bondye sa ki pou Bondye!
- 26 Yo pa t kapab pran l nan pyèj ak pawòl li devan pèp la. Repons li an te tèlman fè yo sezi, yo pe.
- 27 Kèk nan Sadiseyen yo parèt. Se yo ki di pa genyen rezirèksyon an. Yo poze Jezi yon kesyon.
- 28 Yo di: Mèt, men sa Moyiz te ekri pou nou: Si yon frè ki gen madanm ta mouri, si li ta mouri san pitit, frè li dwe pran madanm nan. Konsa, li va fè pitit pou defen an.
- 29 Vwala se te sèt frè. Premye a pran yon fi pou madanm, li mouri san pitit.
- 30 Dezyèm nan pran l pou madanm, epi menm bagay la rive: li mouri san pitit.
- 31 Twazyèm nan pran l pou madanm tou. Se te menm bagay pou tou le sèt: san yo pa kite pitit, yo mouri.
- 32 Finalman, madanm nan mouri tou.
- 33 Donk, jou rezirèksyon an, madanm kilès li va ye, paske yo sèt te pran l pou madanm?
- 34 Jezi reponn yo, li di: Moun nan monn sa a ap marye, epi y ap bay fi pou maryaj.
- 35 Men, moun ki merite pou yo rive nan lòt monn nan epi pou yo resisite pami mò yo, yo menm, yo p ap ni marye, ni bay fi pou maryaj.

- ³⁶ Paske tou, yo p ap kapab mouri ankò. Vrèmanvre, se tankou zanj y ap ye. E, se pitit Bondye y ap ye, paske se resisite y ap resisite.
- ³⁷ Kanta pou afè mò ap resisite a, se Moyiz, li menm, ki aprann nou sa nan pasaj sou touf bwa a. Li di: «Senyè a se Bondye Abraam, Bondye Izaak, ak Bondye Jakòb.»
- ³⁸ Kifè, Bondye pa Bondye moun mouri, men, li se Bondye moun vivan. Paske, pou li menm, yo tout vivan.
- ³⁹ Kèk pwofesè lalwa reponn, yo di: Mèt, ou byen di!
- ⁴⁰ Epi, yo pa t oze poze l okenn kesyon ankò.
- ⁴¹ Men, Jezi di yo: Kòman yo fè di: Kris la se pitit David?
- ⁴² David, li menm, di nan Liv Sòm yo: Senyè a di Senyè mwen: «Chita adwat mwen
- ⁴³ Jis mwen fè lènmi ou yo tounen yon machpye anba pye ou.»
- ⁴⁴ Donk, si David rele li Senyè, kòman li fè pitit David?
- ⁴⁵ Pandan tout pèp la t ap koute li, Jezi di disip li yo:
- ⁴⁶ Fè atansyon ak pwofesè lalwa yo. Yo vle pwomennen ak wòb long, yo renmen resevwa onè sou plas piblik; yo renmen resevwa plas devan nan sinagòg, ak premye plas nan fèt.
- ⁴⁷ Y ap piye kay vèv yo, epi, kòm pretèks, y ap lapriye byen long. Yo gen pou yo resevwa yon pi gwo kondanasyon.

Lik 21

- ¹ Jezi leve je l, li wè moun rich k ap mete ofrann yo nan kès lakolèt la.
- ² Li wè yon vèv tou, yon malerèz, ki mete de ti pyès ladan l.
- ³ Epi, Jezi di: M ap di nou sa franchman: Vèv sa a, malerèz sa a, mete plis pase tout moun.
- ⁴ Paske, yo tout, se sa ki diplis nan richès yo, yo mete nan ofrann Bondye a. Men, li menm, li mete mizè li, tout sa li te genyen pou l viv.
- ⁵ Kèk moun t ap pale de kòman tanp lan te dekore ak bèl wòch epi ak bagay moun te bay nan ofrann yo.
- ⁶ Alò, Jezi di: Bagay sa yo n ap admire yo, genyen jou k ap vini kote yon wòch p ap rete sou yon lòt wòch pou yo pa jete l atè.
- ⁷ Men, yo poze l kesyon, yo di l: Mèt, donk kilè bagay sa yo ap rive? Epitou, ki siy k ap parèt, lè bagay sa yo pral rive?

- ⁸ Men, li di yo: Fè atansyon pou yo pa twonpe nou. Paske, anpil moun va vini sou non mwen. Yo va di: «Mwen se Kris la!» epi: «Tan an rive!» Lè sa a, pa suiv yo.
- ⁹ Men, lè nou va tandè gen lagè ak dezòd, pa tranble. Paske, fòk bagay sa yo rive anvan. Men, lafen an p ap rive tousuit.
- ¹⁰ Lè sa a, Jezi di yo: Nasyon va leve kont nasyon, wayòm va leve kont wayòm.
- ¹¹ Ap gen gwo tranblemanntè plizyè kote, ap gen grangou ak epidemi, epi ap gen bagay terib ak gwo siy nan syèl la.
- ¹² Men, anvan tout bagay sa yo, yo va mete men sou nou, yo va pèsekite nou. Yo va arete nou mennen nan sinagòg ak nan prizon. Yo va mennen nou devan wa ak gouvènè poutèt non mwen.
- ¹³ Men, sa va yon okazyon pou nou temwaye.
- ¹⁴ Donk, mete sa byen nan tèt nou: Pa reflechi davans sou jan pou nou defann tèt nou.
- ¹⁵ Paske, mwen menm, m a ban nou yon bouch ak yon sajès, dekwa pou okenn nan advèsè nou yo pa kapab ni kenbe tèt ak nou ni demanti nou.
- ¹⁶ Men tou, menm paran, fanmi, zanmi, ak frè ap trayi nou. E, yo va fè tiye anpil nan nou.
- ¹⁷ Non mwen va lakòz anpil moun rayi nou.
- ¹⁸ Men, menm yon branch cheve nan tèt nou p ap pèdi!
- ¹⁹ Nan pèsevere, n a sove lavi nou!
- ²⁰ Lè nou va wè lame ansèkle Jerizalèm, lè sa a, konnen lè a rive pou yo devaste Jerizalèm.
- ²¹ Lè sa a tou, se pou moun ki nan Jide sove al nan mòn yo; e se pou moun ki nan mitan Jerizalèm pati. E, moun ki nan jaden, se pa pou y al antre nan vil la.
- ²² Paske, jou sa yo se va jou revanj, kote tout sa ki ekri yo ap akonpli.
- ²³ Men, pou fi ki ansent epi pou sa yo k ap bay tete nan jou sa yo, adye! Paske, va gen gwo detrès nan peyi a, va gen kòlè kont pèp sa a.
- ²⁴ Y ap tonbe frèt anba kout epe. Y ap depòte yo pami tout nasyon. Pou Jerizalèm menm, se pilonnen nasyon ap pilonnen l pou jis lè tan nasyon yo fin akonpli.
- ²⁵ Ap gen siy nan solèy la, nan lalin nan ak nan zetwal yo. Sou latè menm, nasyon yo ap nan touman tank kè yo ap sou biskèt devan bri lanmè a ak bri lanm li yo.

- ²⁶ Lèzòm ap mouri anba kè-sote ak laperèz devan sa ki pral rive yo sou latè. Paske, pisans nan syèl yo ap brannen.
- ²⁷ E, lè sa a, yo va wè Pitit Lòm nan vini nan yon nyaj avèk pisans epi avèk anpil glwa.
- ²⁸ E, lè bagay sa yo kòmanse rive, ebyen, nou mèt kanpe, leve tèt nou! Paske, redanmsyon nou an pre rive
- ²⁹ Epi, li di yo yon parabòl: Gade pye figfrans oubyen tout pyebwa.
- ³⁰ Depi yo kòmanse boujonnen, nou ka gade, e n ap rekonèt poukont nou lete a deja tou pre.
- ³¹ Konsa tou, nou menm, lè nou wè bagay sa yo rive, nou mèt konnen wayòm Bondye a tou pre.
- ³² Franchman, m ap di nou sa: Jenerasyon sa a p ap pase ditou jis tout bagay sa yo rive.
- ³³ Syèl la ak tè a va pase, men, pawòl mwen yo p ap pase ditou.
- ³⁴ Men, fè atansyon ak tèt nou, dekwa pou kè nou pa vin lou anba banbòch, bwason, ak tèt-chaje lavi a, epitou, pou jou sa a pa pantan sou nou sanzatan.
- ³⁵ Paske, se tankou yon pèlen, jou sa a ap vini sou tout moun ki abite toupatou sou latè.
- ³⁶ Donk, se pou n ap veye tout tan, se pou n ap lapriyè, dekwa pou nou ka gen fòs pou n chape anba tout bagay ki pral rive yo, epitou, pou nou ka ret kanpe devan Pitit Lòm nan.
- ³⁷ Lajounen, Jezi te nan lakou tanp lan, ap anseye. Men, leswa, li te konn al pase nuit sou mòn, yo rele Mòn Oliv la.
- ³⁸ E, tout pèp la te konn leve bonè al kote li nan lakou tanp lan pou koute li.

Lik 22

- ¹ Fèt Pen-san-ledven, fèt Pak la, t ap pwoche.
- ² Sakrifikatè prensipal yo ak pwofesè lalwa yo t ap chèche kòman pou yo ta tiye Jezi. Paske, yo te pè pèp la.
- ³ Twouve Satan antre nan Jida yo rele Iskaryòt la, youn nan gwoup douz la.
- ⁴ L al diskite ansanm ak sakrifikatè prensipal yo avèk lapolis tanp lan sou fason li ta livre Jezi ba yo.
- ⁵ Yo te kontan. Yo dakò pou yo ba li lajan.

- ⁶ Li asepte, epi li pran chèche yon okazyon pou li livre Jezi ba yo dèyè do foul la.
- ⁷ Jou Pen-San-Ledven an, menm jou yo dwe sakrifye mouton pou fèt Pak la, rive.
- ⁸ Jezi voye Pyè ak Jan, li di yo: Ale pare manje Pak la pou nou ka manje.
- ⁹ Yo di li: Kibò ou ta vle nou pare l?
- ¹⁰ Li di yo: Gade! Lè nou antre nan vil la, yon nonm k ap pote yon krich dlo ap rankontre nou. Suiv li jis nan kay kote li va antre a.
- ¹¹ Epi, nou va di mèt kay la: Mèt la voye di ou: «Kote chanm pou mwen ak disip mwen yo manje Pak la?»
- ¹² Epi, misye ap montre nou yon gwo chanmòt tou meble. Se la nou va pare l.
- ¹³ Yo pati, yo jwenn tout bagay jan Jezi te di yo a. Epi, yo pare manje Pak la.
- ¹⁴ Lè lè a rive, Jezi ale sou tab. Douz apot yo te avèk li.
- ¹⁵ Epi, li di yo: Ala anvi mwen te anvi manje Pak sa a avèk nou anvan mwen soufri!
- ¹⁶ Paske, m ap di nou sa: Mwen p ap manje ladan l ditou ankò, pou jis lè li akonpli nan wayòm Bondye a.
- ¹⁷ Epi, li pran yon gode, li rann gras, li di: Pran sa a, separe l ant nou menm.
- ¹⁸ Paske, m ap di nou sa: Mwen p ap bwè rezen ditou pou jis lè wayòm Bondye a vini.
- ¹⁹ Epi, li pran yon pen, li rann gras, epi li kase l ba yo. Li di: Sa a se kò mwen, kò mwen bay pou nou an. Toujou fè sa pou nou sonje mwen.
- ²⁰ Lè yo fin manje, li fè menm jan an tou avèk gode a. Li di: Gode sa a se nouvèl alyans lan nan san mwen, san ki koule pou nou an.
- ²¹ Men, gade! Moun k ap trayi m nan, li gen men l sou tab la ansanm avèk mwen.
- ²² Pitit Lòm nan prale jan Bondye te deside l la. Men, malè pou nonm sa a ki trayi Pitit Lòm nan!
- ²³ Epi, youn kòmanse ap mande lòt kilès nan yo ki pral fè bagay sa a.
- ²⁴ Vin rive yon lè yon diskisyon leve pami disip yo sou kilès nan yo, yo panse ki pi enpòtan.
- ²⁵ Men, Jezi di yo: Wa nasyon yo fè diktatè sou yo. E, moun ki gen otorite sou nasyon yo rele tèt yo byenfetè.

- 26** Men, pou nou menm, se pa konsa. Okontrè, moun ki enpòtan vre pami nou an, se pou l tankou moun ki pi piti a. E, moun k ap dirije a, se pou li tankou moun k ap sèvi a.
- 27** Paske, kilès ki pi enpòtan vre? Moun ki sou tab la oubyen moun k ap sèvi a? Se moun ki sou tab la, pa vre? Alòske, mwen menm, mwen la pami nou, tankou moun k ap sèvi a.
- 28** Nou menm, nou se moun ki pèsevere avèk mwen nan eprèv mwen yo.
- 29** E, mwen menm, menm jan Papa mwen te remèt mwen wayòm nan, m ap remèt nou li tou.
- 30** Konsa, nou va manje, nou va bwè sou tab avèk mwen, nan wayòm mwen an. Epi, nou va chita sou douz twòn pou nou jije douz tribi Izrayèl yo.
- 31** Epi, Senyè a di: Simon, Simon, gade! Satan mande pèmisyon pou li vannen nou tout tankou ble.
- 32** Men, mwen priye pou ou, dekwa pou lafwa w pa fayi. E, ou menm, lè ou repanti, fòtifye frè w yo.
- 33** Pyè di li: Senyè, mwen pare pou mwen ale avèk ou, jis nan prizon, jis nan lanmò menm.
- 34** Jezi di: Pyè, m ap di w sa: Kòk p ap gentan chante jodi a pou w pa nye ou konnen mwen, pandan twa fwa.
- 35** Li di yo ankò: Lè mwen te voye nou san bous, ni valiz, ni sandal la, èske nou te janm manke anyen? Yo di: Non!
- 36** Donk, li di yo: Okontrè, kounye a, moun ki gen bous, se pou l pran l. Se pou l pran valiz tou! E, moun ki pa gen epe, li mèl vann rad li pou l achte yon epe.
- 37** Paske, m ap di nou sa: Sa ki te ekri a, fòk li akonpli nan mwen. Men sa ki te ekri: Yo te konsidere li se youn pami moun rebèl yo. Vrèmanvre, bagay ki konsène m yo, yo prèske bout.
- 38** Yo di: Senyè, gade! Men de epe! Li di yo: Ase!
- 39** Epi, li pati, l ale sou Mòn Oliv, jan l te abitye fè a. Disip li yo suiv li.
- 40** Lè yo rive kote a, li di yo: Priye pou nou pa tonbe nan tantasyon.
- 41** Epi, l ale lwen yo, sou distans yon kout wòch konsa. Li mete ajenou, li pran lapriyè.
- 42** Li di: Papa, si ou vle fè gode sa a pase lwen mwen... Men, se pa volonte m, se volonte w, ki pou fèt!
- 43** Epi, yon zanj parèt sot nan syèl vin fòtifye li.

- 44 Malgre li te nan lagoni, li t ap pèsiste priye. Syè li vin tankou gout san k ap tonbe atè.
- 45 Lè li leve sot lapriyè, l ale kote disip yo, li jwenn y ap dòmi tank yo tris.
- 46 Li di yo: Apa n ap dòmi? Leve priye pou nou pa tonbe nan tantasyon.
- 47 Pandan li t ap pale a, yon foul parèt. Epi, nonm yo rele Jida a, youn nan Douz yo, t ap mache devan yo. Li pwoche sou Jezi pou li bo l.
- 48 Men, Jezi di li: Jida, apa se ak yon bo, w ap trayi Pitit Lòm nan?
- 49 Lè moun ki te avèk Jezi yo wè sa ki t apral rive, yo di li: Senyè, èske nou dwe frape yo ak kout epe?
- 50 Epi, youn nan yo frape sèvitè sakrifikatè an chèf la, li koupe zòrèy dwat li.
- 51 Alò, Jezi pran lapawòl, li di: Kite sa la! Epi, li pran zòrèy la, li geri l.
- 52 Jezi di sakrifikatè prensipal yo, kòmandan gad tanp yo, ak ansyen yo ki te vini dèyè l yo: Nou vini avèk epe epi avèk baton tankou se dèyè yon malfektè nou ye!
- 53 Mwen te avèk nou chak jou nan lakou tanp lan, e nou pa t janm mete men sou mwen. Men, se lè pa nou an sa, kote fènwa sou pouvwa!
- 54 Men, yo arete li mennen ale. Yo kondi li lakay sakrifikatè an chèf la. Pyè, li menm, t ap suiv de lwen.
- 55 Yo limen yon dife nan mitan lakou a, epi yo chita ansanm. Pyè chita nan mitan yo.
- 56 Yon sèvant ki wè Pyè chita bò dife a, fikse je l sou li, li di: Misye te avèk yo tou!
- 57 Men, Pyè nye Jezi, li di: Madanm, mwen pa konnen mesye a!
- 58 Tousuit apre, yon lòt moun ki wè li, di: Ou se youn nan yo tou! Men, Pyè di: Mesye, se pa mwen menm!
- 59 Apre inè d tan konsa te pase, yon lòt moun ankò pèsiste, li di: Se vre! Misye te avèk yo vre, paske se moun Galile li ye tou.
- 60 Men, Pyè di: Mesye, mwen pa konnen sa w ap di a! Menm lè a tou, pandan li t ap pale, kòk chante.
- 61 Epi, Senyè a vire, li gade Pyè. Alò, Pyè sonje pawòl Senyè a, kòman li te di li: «Anvan kòk chante, w ap nye mwen twa fwa.»
- 62 Lè sa a, Pyè soti deyò a, li kriye ak anpil lapenn.
- 63 Mesye ki t ap veye Jezi yo pran pase Jezi nan betiz. Yo bat li.

⁶⁴ Yo kouvri figi I, yo frape I nan figi, epi yo poze I kesyon. Yo di: Pwofetize! Kilès ki frape w?

⁶⁵ Epi, yo t ap di I anpil lòt bagay pou yo denigre I.

⁶⁶ Lè li jou, ansyen pami pèp la, sakrifikatè prensipal yo ak pwofesè lalwa yo reyini. Epi, yo fè mennen Jezi devan Konsèy yo a.

⁶⁷ Yo di li: Si se ou ki Kris la, di nou non! Jezi di yo: Si mwen di nou, nou p ap vle kwè.

⁶⁸ E, si mwen poze nou kesyon, nou p ap ni reponn mwen, ni lage mwen.

⁶⁹ Depi kounye a, Pitit Lòm nan ap chita adwat pisans Bondye.

⁷⁰ Yo tout di li: Donk, se ou ki Pitit Bondye a? Li di yo: Nou menm, nou di se sa mwen ye!

⁷¹ Lè sa a, yo di: Poukisa nou bezwen temwayaj ankò. Paske, nou menm, nou tande I nan pwòp bouch li.

Lik 23

¹ Yo leve, yo tout ansanm, yo mennen Jezi devan Pilat.

² Epi, yo pran akize li, yo di: Nou jwenn nonm sa a ap eksite nasyon nou an revòlte, I ap anpeche yo bay Seza enpo, epi I ap plede di se li ki Kris, se li ki wa.

³ Pilat, li menm, poze Jezi kesyon, li di: Èske ou se wa Juif yo? Jezi reponn li, li di: Ou di li!

⁴ Epi, Pilat di sakrifikatè prensipal yo, ak foul moun yo: Mwen pa jwenn anyen mal nan nonm nan!

⁵ Men, yo pèsiste ap di: L ap monte tèt foul la. Epi, se nan tout Jide I ap anseye konsa, kòmanse depi nan Galile rive isit la.

⁶ Lè Pilat tande mo Galile a, li mande: Èske nonm sa a se moun Galile?

⁷ Li aprann Jezi se moun zòn ki anba otorite Ewòd. E, pandan jou sa yo, Ewòd te Jerizalèm. Donk, Pilat retounen Jezi ba li.

⁸ Lè Ewòd wè Jezi, li te kontan anpil. Vrèmanvre, depi lontan li te anvi wè Jezi poutèt tout sa li te tande sou Jezi yo. E, li te espere wè Jezi fè kèk mirak-siy.

⁹ Li poze Jezi anpil kesyon. Men, Jezi, li menm, pa t reponn li anyen.

¹⁰ Sakrifikatè prensipal yo ak pwofesè lalwa yo te kanpe, yo t ap akize Jezi avèk fòs.

¹¹ Ewòd ansanm avèk gad li yo meprize li. Yo pase I nan betiz. Yo mete yon rad klere sou li, epi yo retounen I bay Pilat.

- 12 E, jou sa a, Pilat ak Ewòd vin zanmi youn ak lòt. Jis lè sa a, se lènmi yo te ye.
- 13 Epi, Pilat reyini sakrifikatè prensipal yo, chèf yo, ak pèp la.
- 14 Li di yo: Nou mennen nonm sa a ban mwen, kòm kwa I ap monte tèt pèp la. Gade! Se mwen menm ki egzamine I devan nou. Mwen pa jwenn nonm nan koupab pou anyen nan sa n ap akize I yo.
- 15 Ewòd nonplis! Paske, mwen te voye nou kote li. Epitou, gade! Misye pa fè anyen ki merite lanmò.
- 16 Donk, m ap fè kale I, epi m ap lage I.
- 17 Kòm Pilat te oblije lage yon prizonnye pou yo jou fèt la,
- 18 yo pran rele ansanm, yo di: Tiye misye! Lage Barabas pou nou pito.
- 19 Yo te mete Barabas nan prizon poutèt yon soulèvman ki te fèt nan vil la epi poutèt yon asasinay.
- 20 Donk, Pilat pale avèk yo ankò paske li te vle lage Jezi.
- 21 Men, yo rele, yo di: Krisifye !! Krisifye !!
- 22 Pou yon twazyèm fwa, li di yo: Ebyen, ki mal li fè? Mwen pa jwenn anyen li fè ki merite lanmò. Donk, m ap fè kale I, epi m ap lage I.
- 23 Men, yo pèsiste rele pi fò toujou. Yo mande pou yo fè krisifye I. Yo menm ak sakrifikatè prensipal yo tèlman rele, yo pran fòs sou Pilat.
- 24 Konsa, Pilat deklare se sa yo mande a k ap fèt.
- 25 Li lage nonm yo te mete nan prizon pou soulèvman ak asasinay la, paske se pou li yo te mande. Pou Jezi, li menm, Pilat livre I dapre volonte yo.
- 26 Pandan yo t ap mennen Jezi ale, yo pran Simon, yon moun Sirèn. Li t ap vin sot andeyò. Yo chaje kwa a sou li pou li pote I dèyè Jezi.
- 27 Yon gwo foul moun ak yon bann medam t ap suiv Jezi. Medam yo t ap frape lestomak yo, epi yo t ap rele pou li.
- 28 Men, Jezi vire. Li di yo: Pitit fi Jerizalèm yo, pa kriye pou mwen! Okontrè, kriye pou tèt nou epi pou pitit nou yo.
- 29 Paske, gade! Gen jou k ap vini, kote moun va di: «Benediksyon pou fi ki pa kapab fè pitit, pou vant ki pa janm ansent, pou tete ki pa janm bay lèt.»
- 30 Lè sa a, y ap pran di mòn yo: Tonbe sou nou! Epi, y ap di montay yo: Kouvri nou!
- 31 Paske, si se sa yo fè bwa vèt, kisa k ap rive bwa sèch menm?

- 32 Yo te mennen de lòt moun pou yo tiye yo ansanm avèk Jezi tou; se te de malfektè.
- 33 Lè yo rive kote yo rele Zotèt la, se la yo krisifye Jezi, li menm ansanm ak malfektè yo: youn adwat, lòt la agoch.
- 34 Men, Jezi di: Papa, padone yo, paske yo pa konnen sa y ap fè. Yo fè tirajosò, yo separe rad li.
- 35 Pèp la, li menm, te kanpe ap gade. E chèf yo te ansanm avèk yo tou nan pase Jezi nan rizib. Yo t ap di: Si se li ki Kris la, sila Bondye chwazi a, kòm li sove lòt yo, se pou l sove tèt li tou.
- 36 Sòlda yo t ap pase l nan betiz tou. Yo pwoche, yo ofri li vinèg,
- 37 epi yo di: Si ou se wa Juif yo, sove tèt ou!
- 38 Pi wo tèt li, yo te ekri yon pankat tou. Mo yo te ni an Grèk, ni an Laten, ni ann Ebre: Sila a se wa Juif yo.
- 39 Youn nan malfektè ki te pandye yo t ap denigre Jezi, li t ap di: Si ou se Kris la, sove tèt ou, epi sove nou!
- 40 Men, lòt la reponn, li fè misye obsèvasyon. Li di: Menm krentif ou pa genyen pou Bondye, ou menm ki anba menm kondanasyon an!
- 41 Pou nou menm, se jistis! Vrèmanvre, nou resevwa sa zak nou yo merite. Men, li menm, li pa fè anyen ki mal!
- 42 Epi, li di Jezi: Senyè, lè ou vini nan wayòm ou an, sonje m.
- 43 Jezi di li: Franchman, m ap di ou sa: Jodi a, w ap avèk mwen nan Paradi!
- 44 Li te vè sizyèm è a konsa. Epi, vin gen fènwa sou tout peyi a jis nan nevyèm è a.
- 45 Solèy la kache. Rido tanp lan fann nan mitan.
- 46 Epi, Jezi rele byen fò, li di: Papa, mwen remèt lespri mwen nan men ou! Lè l fin di bagay sa yo, li rann dènye souf li.
- 47 Lè santenye a wè sa ki te rive a, li bay Bondye glwa, li di: Reyèlman vre, misye te yon nonm ki jis.
- 48 Tout foul moun ki te vin asiste espektak sa a wè sa ki pase a. Tout pandan yo t ap vire ale, yo t ap bat lestomak yo.
- 49 Moun ki te konnen Jezi yo ansanm ak medam ki te suiv li depi nan Galile yo, yo tout te kanpe lwen, yo t ap gade bagay sa yo.
- 50 Twouve tou, te genyen yon manm Konsèy la yo rele Jozèf. Li te bon moun, li te yon moun jis.

⁵¹ Misye li menm pa t dakò avèk desizyon ak zak Konsèy la. Li te moun Arimate, yon vil Jide. E, li menm tou, li t ap tann wayòm Bondye a.

⁵² L ale kote Pilat, li mande l kò Jezi.

⁵³ Apre sa, li desann kò a atè, li vlope l nan twal len, epi li mete l nan yon tonm yo te taye nan wòch. Pèsonn pa t janm antere ladan l.

⁵⁴ Se te jou Preparasyon, e Saba a t apral kòmanse.

⁵⁵ Kèk medam suiv Jozèf. Se menm medam sa yo ki te soti Galile avèk Jezi. Yo gade tonm nan epi kijan moun yo te mete kò Jezi.

⁵⁶ Epi, yo retounen al prepare pafen ak lami. Men, yo repoze nan jou Saba a, dapre kòmanman an.

Lik 24

¹ Men, premye jou semèn nan, byen bonè, medam yo ak kèk lòt moun ki te avèk yo ale nan tonm nan. Yo te pote pafen, yo te prepare a.

² Epi, yo jwenn yo te deja woule wòch la sot devan tonm nan.

³ Lè yo antre, yo pa jwenn kò Senyè Jezi.

⁴ Bagay la t ap boulvèse yo. Epi konsa, twouve de zòm parèt devan yo ak rad klere sou yo.

⁵ Laperèz pran moun yo. Yo bese tèt yo atè. Epi, mesye yo di yo: Pouki n ap chèche pami mò yo sila ki vivan an?

⁶ Li pa isit la. Okontrè, li resisite! Sonje kijan li te pale avèk nou lè li te Galile a.

⁷ Li te di: «Fòk yo livre Pitit Lòm nan nan men pechè yo. Fòk yo krisifye li. Epi, nan twa jou, fòk li resisite!»

⁸ Konsa, yo vin sonje pawòl Jezi yo.

⁹ Lè medam yo retounen sot nan tonm nan, yo rapòte tout bagay bay Onz yo ak tout lòt moun yo.

¹⁰ Medam ki te di apot yo bagay sa yo se te Mari, moun Magdala; Jàn; Mari, manman Jak; ak rès medam ki te avèk yo a.

¹¹ Men, apot yo pa t kwè yo. Dapre yo menm, pawòl medam yo te parèt tankou koze san sans.

- ¹² Men, Pyè, li menm, leve, li kouri al nan tonm nan, li koube, li wè twal len yo rasanble poukont yo. Epi, I ale lakay li anba sezisman, akòz sa ki te pase a.
- ¹³ Epi, twouve menm jou sa a, de nan disip yo t aprale nan yon bouk yo rele Emayis. Distan ant li menm ak Jerizalèm se te swasant estad.
- ¹⁴ Disip yo t ap koze youn ak lòt sou tout bagay sa yo ki te sot pase a.
- ¹⁵ Pandan yo t ap koze epi yo t ap diskite, vin rive yon lè kote Jezi li menm pwoche vin mache ansanm avèk yo.
- ¹⁶ Se kòm si yon bagay te jennen je yo ki fè yo pa t rekonèt li.
- ¹⁷ Epi, li di yo: Ki pawòl n ap pale youn ak lòt pandan n ap mache a, ki fè nou tris konsa?
- ¹⁸ Youn nan yo ki rele Kleopas reponn, li di li: Èske ou se sèl moun k ap vizite Jerizalèm epi ki pa ta konnen bagay ki pase nan jou sa yo?
- ¹⁹ Li di yo: Ki bagay? Yo di li: Bagay ki rive Jezi moun Nazarèt la! Ni devan Bondye ni devan tout pèp la, li te vin yon pwofèt ki pisan nan travay li ak nan pawòl li.
- ²⁰ Sakrifikatè prensipal yo ak chèf nou yo livre I pou yo kondane I amò. Epi, yo krisifye I.
- ²¹ Nou menm, nou te espere se li menm ki t apral rachte Izrayèl. Men, ak tout sa, jodi a fè twa jou depi bagay sa yo pase!
- ²² Men tou, gen kèk nan medam ki pami nou yo ki etone nou. Yo te ale nan tonm nan byen bonè.
- ²³ Lè yo pa jwenn kò a, yo vin di nou yo wè zanj ki parèt epi ki di yo Jezi vivan.
- ²⁴ Kèk nan moun ki avèk nou yo ale nan tonm nan, yo jwenn bagay yo menm jan medam yo te di yo I la. Men, yo pa wè Jezi.
- ²⁵ Li menm, li di yo: Ala nou sòt! Ala kè nou lou pou nou kwè tout sa pwofèt yo te pale yo!
- ²⁶ Èske Kris la pa t gen pou li souffri konsa anvan li antre nan glwa li?
- ²⁷ Epi, li kòmanse depi nan Moyiz ak tout pwofèt yo, rive nan tout Lekriti, li esplike yo bagay ki pale de li yo.

- ²⁸ Yo t ap pwoche sou bouk kote yo t aprale a. Sanble Jezi, li menm, t aprale pi lwen.
- ²⁹ Yo pèsiste ak li. Yo di: Rete avèk nou. Li fin aswè, epi solèy kouche! Epi, li antre pou rete avèk yo.
- ³⁰ Vin rive yon lè kote li sou tab avèk yo. Li pran pen an, li rann gras, epi li kase l, li ba yo.
- ³¹ La menm, je yo louvri, yo rekonèt li. Epi, li menm, li disparèt devan yo.
- ³² Youn di lòt: Lè li t ap pale avèk nou sou wout la, lè li t ap louvri Lekriti ban nou an, kè nou t ap boule nou, pa vre?
- ³³ Nan menm lè sa a, yo leve, yo retounen Jerizalèm. Epi, yo jwenn Onz yo reyini ansanm ak tout moun ki te avèk yo a.
- ³⁴ Yo di de disip yo: Senyè a resisite vre! Pyè wè li!
- ³⁵ Epi, yo rakonte yo sa ki te rive sou wout la epi kòman yo vin rekonèt Jezi lè li te kase pen an.
- ³⁶ Pandan yo t ap di bagay sa yo, Jezi parèt nan mitan yo. Li di yo: Lapè avèk nou!
- ³⁷ Yo pran tranble, yo vin pè. Yo te panse se yon lespri yo t ap gade.
- ³⁸ Li di yo: Poukisa nou boulvèse konsa? Pouki se refleksyon sa yo k ap monte nan kè nou?
- ³⁹ Gade men mwen ak pye mwen. Se mwen menm! Manyen mwen, gade mwen, paske yon lespri pa gen ni chè ni zo, menm jan nou wè mwen genyen an.
- ⁴⁰ Pandan l t ap di sa, li montre yo men li ak pye li.
- ⁴¹ Nan kontantman yo, yo pa t kwè toujou, yo te anba sezisman. Alò, Jezi di yo: Èske nou genyen manje la a?
- ⁴² Yo ba li yon moso pwason boukannen ak yon gato myèl.
- ⁴³ Li pran yo, li manje yo devan disip yo.
- ⁴⁴ Epi, li di yo: Bagay sa yo se pawòl mwen te konn ap di nou yo lè mwen te avèk nou toujou a: Tout bagay ki ekri de mwen nan Iwa Moyiz la, nan liv pwofèt yo, ak nan Sòm yo, fòk yo te akonpli!

- ⁴⁵ Apre sa, li ouvri lespri yo pou yo te ka konprann Lekriti.
- ⁴⁶ Li di yo: Se konsa sa te ekri. E, konsa tou, fòk Kris la te souffri. Fòk li te resisite pami mò yo sou twa jou.
- ⁴⁷ Fòk yo preche repantans ak padon peche bay tout nasyon yo grasa non li, kòmanse sou Jerizalèm.
- ⁴⁸ Se nou menm ki temwen bagay sa yo.
- ⁴⁹ Epi, gade! M a voye sa Papa mwen te pwomèt la sou nou. Men, se pou nou rete nan vil Jerizalèm jiskaske pisans ki sot anwo a vlope nou!
- ⁵⁰ Apre sa, li mennen yo al jis Betani. Epi, li leve men li, li beni yo.
- ⁵¹ E, pandan l ap beni yo a, vin rive kote li separe ak yo epi li monte nan syèl.
- ⁵² Yo menm, lè yo fin adore li, yo retounen Jerizalèm ak gwo kontantman.
- ⁵³ Yo te nan tanp lan tout tan pou yo fè lwanj epi pou yo beni Bondye. Amèn!

Jan

Jan 1

- ¹ O kòmansman, Pawòl la te la, e Pawòl la te avèk Bondye, e Pawòl la te Bondye.
- ² Pawòl la te avèk Bondye o kòmansman.
- ³ Se grasa li, tout bagay te vin egziste. E, nan bagay ki te vin egziste yo, pa menm youn te vin egziste san li.
- ⁴ Se nan li lavi te ye. E, lavi a te limyè lèzòm.
- ⁵ Limyè a klere nan fènwa. Men, fènwa a pa t resevwa li.
- ⁶ Yon nonm ki te rele Jan parèt. Se Bondye ki te voye li.
- ⁷ Li te vini kòm temwen pou li te ka temaye sou limyè a, epitou pou tout moun te ka kwè grasa li.
- ⁸ Se pa li menm ki te limyè a. Men, li te vini pou li te ka temwaye sou limyè a.
- ⁹ Se limyè sa a ki te vrè limyè a. Lè li vini nan lemonn, li klere tout moun.
- ¹⁰ Li te nan lemonn. Se grasa li, lemonn te vin egziste. Men, lemonn pa t konnen li.
- ¹¹ Li vini lakay li, e pwòp moun li yo pa t resevwa li.
- ¹² Men, tout sa ki te resevwa li yo epi ki te kwè nan non li yo, li ba yo pouvwa pou yo vin pitit Bondye.
- ¹³ E, sa pa t rive ni dapre san, ni dapre volonte lachè, ni dapre volonte gason. Men, se nan Bondye, yo te pran nesans.
- ¹⁴ Pawòl la vin tounen chè. Li te abite pami nou. Li te plen avèk gras ak verite. E, nou te wè glwa li, yon glwa tankou glwa yon sèl Pitit ki soti kote Papa a.
- ¹⁵ Jan te temwaye sou li. Li te rele, li te di: Se de li menm, mwen t ap pale, lè m te di: «Moun k ap vini apre m nan pi enpòtan pase m. Paske, li te la anvan m.»
- ¹⁶ Nou tout, nou te resevwa nan abondans li a: Se gras sou gras!
- ¹⁷ Bondye sèvi ak Moyiz pou li bay lalwa. Men, gras ak verite vini ak Jezi Kris.
- ¹⁸ Pèsonn pa janm wè Bondye. Yon sèl Pitit la, li menm ki kòtakòt ak Papa a, se li ki esplike Bondye.
- ¹⁹ Men temwayaj Jan te bay, lè Juif Jerizalèm yo te voye sakrifikatè ak Levit kote li pou yo mande li: Ou menm, kilès ou ye?

- 20** Li te deklare sa, li pa t nye li. Li te deklare pou l di: Se pa mwen menm ki Kris la!
- 21** Epi, yo mande li: Alò, kisa w ye? Èske ou se Eli? Li di: Mwen pa Eli! Yo di li: Èske ou se pwofèt la? Li reponn, li di: Non!
- 22** Alò, yo di li: Kilès ou ye? Di nou pou nou kapab bay moun ki voye nou yo yon repons. Kisa ou di de tèt ou?
- 23** Jan di: Menm jan pwofèt Ezayi te di a, Mwen se vwa yon nonm k ap rele nan dezè a: Fè chemen an dwat pou Senyè a!
- 24** Moun, yo te voye yo, se Farizyen yo te ye.
- 25** Yo poze l yon kesyon, yo di li: Si ou pa ni Kris la, ni Eli, ni pwofèt la, alò, poukisa w ap batize moun?
- 26** Jan reponn yo, li di: Mwen menm, mwen batize moun nan dlo. Men, pami nou la a, genyen yon moun nou pa konnen.
- 27** Se li menm ki vini apre m nan epi ki vin pi enpòtan pase m nan. Mwen pa menm merite pou mwen ta demare lasèt sandal li.
- 28** Bagay sa yo te pase nan Betani, lòt bò Jouden an. Se la Jan t ap batize moun.
- 29** Nan demen, Jan wè Jezi ki t ap vin jwenn li. Jan di: Gade! Men Ti Mouton Bondye a! Se li menm ki wete peche lemonn nan.
- 30** Se de li menm, mwen t ap pale lè mwen te di: «Gen yon nonm k ap vini apre m. Li pi enpòtan pase m, paske li te la anvan m.»
- 31** Mwen menm, mwen pa t konnen li. Men, mwen te vin batize moun nan dlo, dekwa pou Bondye te ka fè Izrayèl konnen li.
- 32** Epi, Jan bay temwayaj sa a, li di: Mwen te wè Lespri a desann soti nan syèl la tankou yon pijon. Epi, li rete sou li.
- 33** Mwen menm, mwen pa t konnen li. Men, sila ki te voye m batize moun nan dlo a, se li menm ki te di mwen: «Ou va wè Lespri a desann, epi li va rete sou yon moun. Se li menm ki batize moun nan Lespri Sen an.»
- 34** Mwen te wè li. E, mwen te bay temwayaj sa a: «Se li menm ki Pitit Bondye a!»
- 35** Nan demen ankò, Jan te kanpe ak de nan disip li yo.
- 36** Pandan li t ap gade Jezi ki t ap pase, li di: Gade! Men Ti Mouton Bondye a!
- 37** De disip li yo te tande lè li pale a. Alò, yo suiv Jezi.
- 38** Men, Jezi vire gade yo k ap suiv li. Li di yo: Sa n ap chèche? Yo di li: Rabi, kibò w rete? (Lè yo tradui mo Rabi a, li vle di «Mèt».)

³⁹ Li di yo: Vini, epi nou va wè. Y ale, yo wè kibò li rete. Epi, yo rete avèk li pandan jou sa a. Se te vè dizyèm è a.

⁴⁰ Andre, frè Simon Pyè a, te youn nan de disip ki te tandè pawòl Jan an epi ki te suiv Jezi.

⁴¹ Se li menm an premye ki jwenn pwòp frè li a, Simon, epi ki di li: Nou jwenn Mesi a! (Mo Mesi a vle di «Kris».)

⁴² Epi, li mennen Simon kote Jezi. Jezi gade Simon epi li di: Ou se Simon, pitit Jonas. Yo va rele w Sefas. (Mo Sefas la vle di «wòch».)

⁴³ Nan demen, Jezi te vle ale Galile. Li jwenn Filip epi li di li: Suiv mwen!

⁴⁴ Men, Filip te moun Betsayida, peyi Andre ak Pyè.

⁴⁵ Filip jwenn Natanayèl epi li di li: Nonm, Moyiz te ekri sou li nan lalwa a, nonm pwofèt yo te pale a, nou jwenn li. Se Jezi, pitit gason Jozèf la. Li se moun Nazarèt.

⁴⁶ Alò, Natanayèl di li: Nazarèt! Ki bon bagay ki kapab soti la? Filip di li: Vin wè!

⁴⁷ Pandan Jezi wè Natanayèl ap vini kote li, li di de li: Gade! Men yon Izrayelyen vre ki san riz!

⁴⁸ Natanayèl di li: Kote w konnen mwen? Epi, Jezi reponn, li di li: Anvan Filip te rele w, lè ou te anba pye figfrans lan, mwen te deja wè w.

⁴⁹ Natanayèl reponn, li di li: Rabi, ou se Pitit Bondye! Ou se wa pèp Izrayèl la.

⁵⁰ Epi, Jezi reponn, li di li: Paske mwen di w mwen te wè w anba figfrans lan, ou kwè, pa vre? Ou va wè pi gwo bagay pase sa.

⁵¹ Jezi di li ankò: Franchman, franchman, m ap di nou sa: Apati jodi a, nou va wè syèl la ouvri, epi zanj Bondye ap monte desann sou Pitit Lòm nan.

Jan 2

¹ Twa jou apre sa, te genyen yon maryaj nan Kana ki nan Galile. Manman Jezi te la.

² Yo te envite Jezi nan maryaj la tou, li menm ansanm ak disip li yo.

³ Lè diven an fini, manman Jezi di li: Yo pa gen diven!

⁴ Jezi di li: Madanm, mwen menm avèk ou, nan kisa nou ye ansanm? Lè m nan poko rive.

⁵ Manman Jezi di sèvitè yo: Tout sa li di nou fè, fè li.

⁶ Alò, te gen sis ja an wòch ki te kanpe la pou sèvi dapre jan Juif yo pirifye tèt yo. Yo te kenbe de oubyen twa mezi konsa.

- ⁷ Jezi di sèvitè yo: Plen ja yo dlo. Epi, yo plen yo ra bouch.
- ⁸ Li di yo ankò: Kounye a, tire enpe, epi pote bay chèf kanbiz la. Epi, yo pote ba li.
- ⁹ Chèf kanbiz la pa t konnen kote dlo ki tounen diven an te soti. Men, sèvitè yo, ki te tire dlo a, te konnen. Alò, lè chèf kanbiz la goute li, li rele lemarye a.
- ¹⁰ Li di li: Tout moun, se diven siperyè yo sèvi anvan. Epi, lè moun sou, se lè sa a yo sèvi diven enferyè. Men, ou menm, ou te sere diven siperyè a pou sèvi kounye a.
- ¹¹ Se sa Jezi te fè nan Kana, nan Galile, kòm kòmansman mirak-siy li yo. Li montre glwa li, epi disip li yo kwè nan li.
- ¹² Apre sa, li desann Kapènawòm, li menm ansanm ak manman li, frè li yo ak disip li yo. Men, yo pa t rete la pou anpil jou.
- ¹³ Fèt Pak JuifJuif yo te pre rive. Epi, Jezi monte Jerizalèm.
- ¹⁴ Li jwenn moun nan lakou tanp lan ki t ap vann bèf, mouton ak pijon, ansanm ak moun ki te chita ap chanje lajan.
- ¹⁵ Alò, li fè yon fwèt kòd. Li mete tout moun deyò nan lakou tanp lan, ni mouton, ni bèf. Li blayi lajan moun ki t ap chanje kòb yo atè, epi li chavire tab yo.
- ¹⁶ Li di moun ki t ap vann pijon yo: Wete bagay sa yo la a. Pa fè kay Papa m nan tounen yon kay biznis.
- ¹⁷ Epi, disip yo sonje sa ki te ekri a: Jalouzi mwen pou kay ou a va manje kè mwen.
- ¹⁸ Donk, Juif yo reponn, yo di li: Ki mirak-siy ou montre nou pou w ap fè bagay sa yo?
- ¹⁹ Jezi reponn tou, li di yo: Kraze tanp sa a, epi m ap bati l nan twa jou.
- ²⁰ Donk, Juif yo di: Se nan karannsizan, yo te bati tanp sa a, epi ou menm, ou va bati l nan twa jou?
- ²¹ Alòske tanp Jezi t ap pale a se te kò li.
- ²² Se sa k fè, lè Jezi resisite pami mò yo, disip li yo te sonje li te di sa. Konsa, yo te kwè nan Ekriti a ak nan pawòl Jezi te di a.
- ²³ Pandan Jezi te Jerizalèm pou fèt Pak la, anpil moun te wè mirak-siy li te fè yo. Donk, yo te kwè nan non li.
- ²⁴ Men, Jezi, li menm, pou tèt pa li, li pa t kwè yo. Paske, li te konnen yo tout.
- ²⁵ Epitou, li pa t bezwen pèsonn temwaye ba li sou yon nonm, paske li te konnen kisa ki nan lòm.

Jan 3

- 1** Men, te genyen yon nonm pami Farizyen yo ki te rele Nikodèm. Li te youn nan chèf Juif yo.
- 2** Nonm sa a vini kote Jezi lannuit, epi li di Jezi: Rabi, nou konnen ou se yon pwofesè ki soti kote Bondye. Paske, pèsonn pa kapab fè tout mirak-siy w ap fè yo si Bondye pa avèk li.
- 3** Jezi reponn, li di li: Franchman, franchman, m ap di ou sa: Si yon moun pa fèt yon lòt fwa, li pa kapab wè wayòm Bondye a.
- 4** Nikodèm di li: Kòman yon nonm ki granmoun ka fè fèt ankò? Li pa kapab antre nan vant manman li yon dezyèm fwa epi pou li fèt ankò, pa vre?
- 5** Jezi reponn, li di: Franchman, franchman, m ap di ou sa: Si yon moun pa fèt nan dlo ak nan Lespri, li pa kapab antre nan wayòm Bondye a.
- 6** Sa ki fèt grasa chè, li se chè. E, sa ki fèt grasa Lespri, li se lespri.
- 7** Pa sezi dèske mwen te di ou: Fòk nou fèt yon lòt fwa ankò!
- 8** Van an souffle kote li vle. Ou tandè bri li, men, ou pa konnen ni kote li soti, ni kote li prale. Tout moun ki fèt grasa Lespri a, yo menm jan.
- 9** Nikodèm reponn, li di: Kòman bagay sa yo kapab fèt?
- 10** Jezi reponn, li di li: Se ou ki pwofesè pèp Izrayèl la, epi ou pa konnen bagay sa yo?
- 11** Franchman, franchman, m ap di ou sa: Nou pale de sa nou konnen. Nou temwaye sou sa nou te wè, men, ou menm ak lòt moun yo, nou pa resevwa temwayaj nou an.
- 12** Si mwen pale nou de sa ki sou latè epi nou pa kwè, kòman n ap fè kwè, lè mwen pale nou de sa ki nan syèl la?
- 13** Pèsonn pa janm monte nan syèl la, esepte moun ki desann soti nan syèl la, sa vle di, Pitit Lòm nan ki nan syèl la.
- 14** E, menm jan Moyiz te leve sèpan an anlè nan dezè a, konsa tou, fòk yo leve Pitit Lòm nan anlè,
- 15** dekwa pou tout moun ki kwè nan li pa peri, men, pou yo genyen lavi etènèl.
- 16** Paske, Bondye te tèlman renmen lemonn, li bay sèl Pitit gason l lan, dekwa pou tout moun ki kwè nan li pa peri, men pou yo genyen lavi etènèl.
- 17** Vrèmanvre, se pa t pou jije lemonn, Bondye te voye Pitit li a nan lemonn, men, se pou li te ka sove lemonn grasa Pitit la.
- 18** Yon moun ki kwè nan Pitit la, Bondye pa jije li. Men, yon moun ki pa kwè nan li, Bondye deja jije li, paske li pa kwè nan non sèl Pitit Bondye a.

- ¹⁹ Men sa jijman an ye: Sèke limyè a vini nan lemonn, men, lèzòm renmen fènwa a plis pase limyè a, paske travay y ap fè yo pa bon.
- ²⁰ Vrèmanvre, yon moun k ap fè mal, li rayi limyè a. Li pa vini kote limyè a nonplis, dekwa pou yo pa demontre kisa zèv li yo ye.
- ²¹ Men, moun k ap fè sa verite a di, li vini kote limyè a, dekwa pou limyè a ka revele se nan Bondye zèv li yo te fèt.
- ²² Apre sa, Jezi ale nan peyi Jide ak disip li yo. Li rete la kèk tan ak yo, epi li t ap batize moun.
- ²³ Men, Jan t ap batize moun tou nan Enon, tou pre Salim, paske te gen anpil dlo la. Epi tou, moun t ap vini, e li t ap batize yo.
- ²⁴ Lè sa a, yo pa t ko mete Jan nan prizon.
- ²⁵ Alò, yon diskisyon leve ant disip Jan yo ak yon Juif, sou kesyon pirifikasyon.
- ²⁶ Y ale kote Jan, yo di li: Rabi, nonm ki te avèk ou lòt bò Jouden an, sa ou te temwaye sou li a, gade l ap batize moun, epi tout moun pral jwenn li!
- ²⁷ Jan reponn, li di: Yon nonm pa kapab resevwa anyen, si se pa syèl la ki ba li l.
- ²⁸ Nou menm, nou se temwen, lè mwen te di: Se pa mwen menm ki Kris la. Men, Bondye te voye m anvan l.
- ²⁹ Moun ki gen lamarye a se lemarye. Men, zanmi lemarye a ki kanpe ap koute li kontan anpil akòz vwa lemarye a. Donk, lajwa sa a mwen genyen an, li total.
- ³⁰ Li menm, fòk li fleri, men, mwen menm, fòk mwen fennen.
- ³¹ Moun ki soti anwo a, li pi enpòtan pase tout moun. Moun ki soti nan latè, li pou latè, epi li pale dapre latè. Moun ki soti nan syèl la, li pi enpòtan pase tout moun.
- ³² Li temwaye sou sa li wè epi sou sa li tandè. Men, pèsonn pa resevwa temwayaj li a.
- ³³ Moun ki resevwa temwayaj li a sètifye: Bondye di laverite.
- ³⁴ Vrèmanvre, sila Bondye voye a pale pawòl Bondye. Paske, Bondye pa bay Lespri a ak mezi.
- ³⁵ Papa a renmen Pitit la, e li remèt tout bagay nan men l.
- ³⁶ Moun ki kwè nan Pitit la, yo gen lavi etènèl. Men, yon moun ki pa mete konfyans yo nan Pitit la, yo p ap wè lavi. Okontrè, kòlè Bondye rete sou yo.

Jan 4

- ¹ Farizyen yo tandé Jezi t ap fè plis disip pase Jan, epi li t ap batize plis moun pase l.
- ² Alò, se pa t Jezi, li menm, ki t ap batize moun yo vre, men, se te disip li yo.
- ³ Donk, lè Senyè a konnen sa, li kite Jide, l ale Galile.
- ⁴ Men, fòk li te pase nan Samari.
- ⁵ Donk, li rive nan yon vil Samari yo rele Sika. Se te tou pre tè Jakòb te bay Jozèf, pitit gason l lan.
- ⁶ Se la tou, sous Jakòb la te ye. Vwayaj la te fatigue Jezi. Alò, li tou chita bò sous la. Se te sizyèm è konsa.
- ⁷ Yon dam ki moun Samari vin tire dlo. Jezi di li: Ban mwen bwè enpe!
- ⁸ Sa rive, paske disip li yo te al achte manje nan vil la.
- ⁹ Alò, dam ki moun Samari a di li: Ou menm, ou se Juif. Kòman fè se mwen menm ki yon moun Samari, w ap mande dlo pou w bwè? Vrèmanvre, Juif pa gen rapò avèk Samariten.
- ¹⁰ Jezi reponn, li di li: Si ou te konnen kado Bondye bay la epi ki moun k ap di ou ba li dlo pou l bwè a, se ou menm ki ta mande l. Lè sa a, li t ap ba ou dlo lavi a.
- ¹¹ Dam nan di Jezi: Mesye, menm yon bokit ou pa genyen, epitou, pi a fon. Alò, kibò ou gen dlo lavi sa a?
- ¹² Papa nou Jakòb te ban nou pi a. Ni li menm, ni pitit gason li yo, ni bèt li yo te bwè ladan l. Ou pa pi enpòtan pase l, pa vre?
- ¹³ Jezi reponn, li di li: Tout moun ki bwè dlo sa a, yo va swaf ankò.
- ¹⁴ Men, moun ki bwè nan dlo, mwen menm, mwen va ba yo a, yo p ap janm swaf ditou. Okontrè, dlo mwen va ba yo a va tounen yon sous nan yo k ap ponpe dlo pou lavi etènèl.
- ¹⁵ Dam nan di Jezi: Mesye, ban mwen nan dlo sa a, non! Konsa, mwen p ap swaf, epi mwen p ap vin tire dlo isit la, nonplis.
- ¹⁶ Jezi di li: Ale lakay ou, rele mari w, epi tounen isit la ankò.
- ¹⁷ Dam nan reponn, li di: Mwen pa gen mari. Jezi di li: Ou byen fèt di ou pa gen mari.
- ¹⁸ Paske, ou pase senk mari deja. Epi, sa w genyen kounye a, se pa mari w. Donk, sa w di a se laverite.
- ¹⁹ Dam nan di li: Mesye, mwen wè ou se yon pwofèt.
- ²⁰ Zansèt nou yo te adore Bondye sou mòn sa a. E, ou menm ak lòt moun yo, nou di se Jerizalèm ki plas kote moun dwe adore.

- 21 Jezi di li: Madanm, kwè mwen: Gen yon lè k ap vini, se p ap ni sou mòn sa a, ni Jerizalèm, nou va adore Papa a.
- 22 Nou menm, moun Samari, nou pa konnen sa n ap adore a. Nou menm Juif yo, nou adore sa nou konnen. Paske, delivrans lan se pami Juif yo li soti.
- 23 Men, gen yon lè k ap vini, e kounye a se lè a menm, vrè moun k ap adore yo, yo va adore Papa a nan lespri ak nan laverite. Paske, se moun konsa, Papa a ap chèche pou adore li.
- 24 Bondye se Lespri. Moun k ap adore l yo, fòk yo adore li nan lespri ak nan laverite.
- 25 Dam nan di Jezi: Nou konnen Mesi a, sila yo rele Kris la, l ap vini. Lè l vini, li va anonse nou tout bagay.
- 26 Jezi di li: Mwen menm k ap pale avèk w la, mwen se Kris la.
- 27 Menm lè sa a, disip Jezi yo parèt. Yo te sezi wè l ap pale ak yon fi. Men tou, pèsonn pa t di li ni «Kisa ou vle?» ni «Kisa w ap pale ak li?»
- 28 Epi, dam nan kite ja dlo l la. Li kouri al nan vil la.
- 29 Epi, li di moun yo: Vin wè yon nonm ki di m tout sa mwen konn fè. Èske se pa li menm ki ta Kris la?
- 30 Yo kite vil la pou yo vini kote Jezi.
- 31 Men, pandan lè sa a, disip Jezi yo t ap siplye li, yo t ap di: Rabi, manje, non!
- 32 Men, li di yo: Mwen gen manje pou mwen manje. Nou pa konnen anyen sou sa.
- 33 Alò, disip yo pale youn ak lòt, yo di: Pèsonn pa pote manje ba li, pa vre?
- 34 Jezi di yo: Manje pa mwen se fè volonte moun ki voye m nan ak fini travay li a.
- 35 «Kat mwa ankò, epi rekòt la ap vini!» Se sa nou di, pa vre? Ebyen, gade! M ap di nou sa: Leve je nou! Gade jaden yo! Paske, yo deja blanch pou rekòt la.
- 36 Moun k ap rekòlte a resevwa salè. L ap rasanble rekòt pou lavi etènèl, dekwa pou ni moun k ap simen, ni moun k ap rekòlte kapab kontan ansanm.
- 37 Vrèmanvre, sa pwovèb la di a se verite: Yon moun simen, yon lòt rekòlte.
- 38 Mwen te voye nou rekòlte sa nou menm, nou pa t travay di pou yo. Lòt moun te travay di, epi nou menm, nou antre nan rekòt yo.
- 39 Men, nan vil sa a, anpil Samariten kwè nan li poutèt pawòl sa a dam nan te temwaye a: Li di mwen tout sa mwen konn fè.

⁴⁰ Donk, lè moun Samari yo rive, yo siplye Jezi pou li te ka rete avèk yo. Epi, li rete la pou de jou.

⁴¹ Konsa, plis moun vin kwè toujou poutèt pwòp pawòl li.

⁴² Epi, yo di dam nan: Se pa poutèt sa w te di a, nou kwè ankò. Paske, nou te tandè li nou menm. Epi, nou konnen se li menm vre ki Kris la, Sovè lemonn nan.

⁴³ Men, apre de jou sa yo, li kite kote a, l ale Galile.

⁴⁴ Paske, Jezi, li menm, te deklare: Yon pwofèt pa gen onè nan pwòp peyi l.

⁴⁵ Donk, lè l ale Galile, moun Galile yo byen resevwa li. Paske, yo menm tou, yo te Jerizalèm nan fèt la. Yo te wè tout sa li te fè nan fèt la.

⁴⁶ Epi, Jezi ale Kana nan Galile ankò. Se la li te fè dlo tounen diven an. Te gen yon ofisye wa a ki te gen pitit gason li malad Kapènwòm.

⁴⁷ Lè ofisye a tandè Jezi te soti Jide vini Galile, li menm, l ale kote Jezi. Li mande l pou l desann al geri pitit gason l lan pou li. Paske, pitit gason an te prèt pou l mouri.

⁴⁸ Alò, Jezi di li: Si nou pa wè mirak-siy ak mèvèy, nou p ap kwè ditou, pa vre?

⁴⁹ Ofisye wa a di li: Senyè, desann non, anvan pitit mwen an mouri.

⁵⁰ Jezi di li: Ou mèt ale. Pitit gason w lan ap viv. Nonm nan kwè pawòl Jezi te di l la, l ale.

⁵¹ Men, li te deja ap desann, lè sèvitè li yo kontre ak li. Yo anonse l nouvèl la. Yo di l: Pitit ou a ap viv!

⁵² Epi, li mande yo kilè pitit la te refè. Yo di li: Yè, nan setyèm è a, lafyèv la tonbe.

⁵³ Epi, Papa a rekonèt se nan menm lè sa a Jezi te di li: «Pitit gason w lan ap viv!» Konsa, ni li menm ni tout moun lakay li te kwè.

⁵⁴ Sa a te yon mirak-siy ankò; se dezyèm Jezi te fè, lè li te soti Jide, vini Galile.

Jan 5

¹ Apre bagay sa yo, youn nan fèt Juif yo te rive. Alò, Jezi monte Jerizalèm.

² Men, bò Pòtay Mouton nan Jerizalèm, te genyen yon basen ak senk galeri. Nan lang Ebre, yo te rele li Betesda.

³ Yon bann moun malad, moun avèg, moun k ap bwete, moun paralize, yo tout te kouche sou galeri sa yo. Yo t ap tann dlo a fè toubiyon.

- ⁴ Vrèmanvre, yon zanj te desann nan basen an tanzantan pou li brase dlo a. Donk, apre li fin brase dlo a, moun ki antre ladan l an premye a, kèlkeswa maladi li te genyen, li te geri.
- ⁵ Te gen yon nonm la a ki te gen yon maladi sou li depi trantuitan.
- ⁶ Jezi wè l kouche la, e li te konnen nonm nan te konsa depi lontan deja, li di li: Èske w vle geri?
- ⁷ Malad la reponn li, li di: Senyè, lè zanj lan brase dlo a, mwen pa gen yon moun ki pou ta lage m nan basen an. Men, lè mwen menm, mwen prale, yon lòt gentan desann anvan m.
- ⁸ Jezi di li: Leve! Pran branka w! Epi, mache!
- ⁹ Menm lè a tou, nonm nan geri. Li pran branka li, li mache. Men, jou sa a se te jou saba.
- ¹⁰ Donk, Juif yo di nonm ki te geri a: Jodi a se saba. Lalwa pa pèmèt ou pote branka!
- ¹¹ Li reponn yo, li di: Nonm ki te geri m nan, se li menm ki te di mwen: «Pran branka w! Epi, mache!»
- ¹² Epi, yo mande l: Ki nonm sa a ki te di ou «Pran branka w, epi mache!» a?
- ¹³ Men, nonm ki te geri a pa t konnen kilès Jezi te ye. Paske, kote a te gen yon foul, Jezi te disparèt nan foul la.
- ¹⁴ Apre bagay sa yo, Jezi jwenn li nan lakou tanp lan. Jezi di li: Gade! Ou geri, pa vre? Pa peche ankò, dekwa pou yon bagay ki pi mal pa rive w.
- ¹⁵ Nonm nan al anonse Juif yo se Jezi ki te geri l.
- ¹⁶ Poutèt sa, Juif yo t ap pèsekite Jezi. Yo t ap chèche tiye l tou, paske li fè bagay sa yo jou saba.
- ¹⁷ Men, Jezi reponn yo, li di: Papa mwen ap travay jis kounye a. Mwen menm tou, m ap travay.
- ¹⁸ Alò, poutèt sa, Juif yo t ap chèche plis toujou pou yo tiye li. Se pa t paske li te vyole saba a sèlman, men, paske li te di Bondye se pwòp Papa l tou. Konsa, li te fè tèt li egal ak Bondye.
- ¹⁹ Donk, Jezi reponn, li di: Franchman, franchman, m ap di nou sa: Pitit la pa kapab fè anyen poukont li. Li fè sa li wè Papa a fè. Paske, tout sa Papa a fè, Pitit la fè yo menm jan an tou.
- ²⁰ Paske ankò, Papa a renmen Pitit la, epi li montre Pitit la tout sa l ap fè. Li va montre Pitit la pi gwo travay pase sa, dekwa pou nou ka sezi.
- ²¹ Paske tou, menm jan Papa a resisite mò yo epi li ba yo lavi, se konsa tou, Pitit la bay moun li vle lavi.

- ²² Anfen, paske se pa menm Papa a ki jije moun. Men, li remèt tout jijman nan men Pitit la.
- ²³ Konsa, tout moun va onore Pitit la, menm jan yo onore Papa a ki voye Pitit la. Yon moun ki pa onore Pitit la, li pa onore Papa ki voye l la nonplis.
- ²⁴ Franchman, franchman, m ap di nou sa: Yon moun ki tande pawòl mwen epi ki kwè nan moun ki voye m nan, li gen lavi etènèl. Epitou, li pa prale nan jijman. Okontrè, li soti nan lanmò ale nan lavi.
- ²⁵ Franchman, franchman, m ap di nou sa: Lè a ap vini, e se kounye a menm, lè mò yo va tande vwa Pitit Bondye a. E, moun ki tande, yo va viv.
- ²⁶ Paske, menm jan Papa a gen lavi nan li menm, se konsa li pèmèt Pitit la gen lavi nan li menm tou.
- ²⁷ Epitou, li bay Pitit la pouvwa fè jijman, paske se li ki Pitit Lòm nan.
- ²⁸ Pa sezi pou sa. Paske, gen yon lè k ap vini, tout moun ki nan tonm va tande vwa Pitit la,
- ²⁹ epi yo va soti: Sa ki fè byen va resisite pou lavi. Sa ki fè mal va resisite pou jijman.
- ³⁰ Mwen menm, mwen pa kapab fè anyen poukont mwen. Jan mwen tande, se konsa mwen jije. Jijman m nan jis, paske mwen p ap chèche fè volonte pa mwen. Okontrè, m ap chèche fè volonte Papa ki voye m nan.
- ³¹ Si se mwen menm ki temwaye pou tèt mwen, temwayaj la pa laverite.
- ³² Men, se yon lòt moun ki temwaye pou mwen. E, mwen konnen temwayaj li bay sou mwen an se laverite.
- ³³ Nou menm, nou te voye kote Jan. Li te temwaye sou verite a.
- ³⁴ Men, mwen menm, se pa temwayaj yon nonm, mwen resevwa. Okontrè, mwen di bagay sa yo pou nou ka sove.
- ³⁵ Jan, li menm, te yon lanp k ap boule, k ap klere. Nou menm, nou te dakò rejwi yon kadè nan limyè l la.
- ³⁶ Men, mwen menm, mwen genyen yon pi gran temwayaj pase pa Jan an. Paske, Papa a ban mwen travay pou mwen ka fini yo. Menm travay sa yo m ap fè a, yo temwaye pou mwen pou montre se Papa a ki te voye mwen!
- ³⁷ E, Papa ki voye m nan, li menm, li temwaye pou mwen. Nou pa janm ni tande vwa li, ni wè fòm li.
- ³⁸ Pawòl li a pa rete nan kè nou, paske nou pa kwè nan sila li te voye a.
- ³⁹ N ap egzamine Lekriti paske nou panse sa ban nou lavi etènèl, alòske, se li menm ki temwen pou mwen.

- ⁴⁰ Epi, nou pa vle vini jwenn mwen pou nou kapab gen lavi!
- ⁴¹ Mwen pa resevwa glwa nan men lèzòm.
- ⁴² Men, mwen konnen nou: nou pa gen lamou Bondye nan kè nou.
- ⁴³ Mwen menm, mwen vini sou non Papa mwen, men, nou pa resevwa mwen. Si yon lòt moun ta vini sou pwòp non pa li, se li menm nou ta resevwa.
- ⁴⁴ Nou menm k ap resevwa glwa, youn nan men lòt, nou menm ki p ap chèche glwa ki soti kote sèl Bondye ki egziste a, kòman pou nou ta kapab kwè vre!
- ⁴⁵ Pa panse se mwen menm ki va akize nou devan Papa a. Genyen yon moun k ap akize nou: Se Moyiz! Se nan li menm, nou mete espwa nou.
- ⁴⁶ Vrèmanvre, si nou te kwè nan Moyiz, nou ta kwè nan mwen tou. Paske, se sou mwen, li te ekri.
- ⁴⁷ Men, si nou pa kwè nan bagay li te ekri yo, kòman nou va fè kwè nan bagay m ap di yo!

Jan 6

- ¹ Apre bagay sa yo, Jezi ale lòt bò Lanmè Galile, ki se Lanmè Tiberyad tou.
- ² Yon gwo foul moun t ap suiv li, paske yo te wè mirak-siy li t ap fè sou malad yo.
- ³ Jezi monte sou mòn nan, li chita la ak disip li yo.
- ⁴ Men, Pak, fèt Juif yo, te vanse rive.
- ⁵ Donk, lè Jezi leve je l, li wè yon gwo foul moun k ap vin jwenn li. Li di Filip: Kibò nou ta achte pen pou moun sa yo ka manje?
- ⁶ Men, Jezi te di sa, pou li te teste Filip, paske Jezi, li menm, te konnen sa li t apral fè.
- ⁷ Filip reponn li, li di: De san denye pen p ap sifi pou chak moun pami yo ta jwenn yon bouche.
- ⁸ Youn nan disip yo, Andre, frè Simon Pyè a, di li:
- ⁹ Genyen yon tigason isit la ki genyen senk pen lòj ak de pwason. Men, kisa yo ka fè pou tout moun sa yo?
- ¹⁰ Alò, Jezi di: Fè moun yo chita. Te genyen anpil zèb kote sa a. Donk, yo chita. Kantite gason yo te rive senk mil.
- ¹¹ Jezi pran pen yo. Li rann gras. Li bay disip yo. Epi, disip yo bay moun ki te chita yo kantite yo te vle. Pou pwason yo, se te menm bagay tou.

- 12 Men, lè moun yo te kontante, Jezi di disip li yo: Rasanble moso ki rete yo, dekwa pou anyen pa pèdi.
- 13 Donk, yo rasanble yo. Yo plen douz ti panye ak moso senk pen lòj yo. Se sa moun ki te manje yo te kite.
- 14 Donk, lè moun yo wè mirak-siy Jezi te fè a, yo di: Sa a vre, se Pwofèt la ki vini nan lemonn.
- 15 Jezi te konnen, yo t apral vin pran l pou yo fè l wa, donk, li rale kò l, l al sou mòn nan, li menm sèl.
- 16 Men, lè aswè rive, disip li yo desann bò lanmè a.
- 17 Yo anbake nan kannòt la pou y ale Kapènwòm, lòt bò lanmè a. Li te deja fè nwa, epi Jezi pa t ko vin jwenn yo.
- 18 Lanmè a t ap monte, paske yon gwo van t ap soufle.
- 19 Yo te rame ant vennsenk ak trant estad konsa. Epi, yo wè Jezi ki t ap mache sou lanmè a, li t ap pwoche bò kannòt la. Yo te pè!
- 20 Men, Jezi di yo: Se mwen menm! Nou pa bezwen pè!
- 21 Kounye a, yo vin vle pran li nan kannòt la. Epi, menm lè a, kannòt la rive atè, kote yo t aprale a.
- 22 Nan demen, foul ki te rete lòt bò lanmè a wè pa t gen lòt kannòt ki te la, esepite yon sèl. Se ladan l disip yo te anbake a. Epi, Jezi pa t ale ansanm ak disip li yo nan ti kannòt la, se disip yo sèl ki te ale.
- 23 Men, gen lòt ti bato ki te vini, soti Tiberyad. Se te tou pre kote moun yo te manje, apre Senyè a te rann gras pou pen an.
- 24 Donk, lè foul la wè ni Jezi ni disip li yo pa t la, yo menm, yo anbake nan kannòt yo, epi y ale Kapènwòm. Yo t ap chèche Jezi.
- 25 Lè yo jwenn li lòt bò lanmè a, yo di li: Rabi, depi kilè w te rive isit la?
- 26 Jezi reponn, li di yo: Franchman, franchman, m ap di nou sa: Se pa paske nou wè mirak-siy ki fè n ap chèche mwen. Okontrè, se paske nou te manje nan pen yo epi nou te kontante.
- 27 Pa travay pou manje k ap gate a. Okontrè, travay pou manje k ap konsève pou lavi etènèl la. Se li menm, Pitit Lòm nan va ban nou. Paske, se sou Pitit la, Bondye Papa a poze so li.
- 28 Epi, yo di li: Kisa nou dwe fè pou nou kapab fè travay Bondye yo?
- 29 Jezi reponn, li di yo: Men sa ki travay Bondye a: Se kwè nan sila li voye a.
- 30 Donk, yo di li: Ebyen, ki mirak-siy, ou menm, ou fè, pou nou wè epi pou nou kwè nan ou? Ki travay ou fè?

- 31 Zansèt nou yo, yo te manje lamàn nan dezè a. Se konsa sa ekri: Bondye ba yo manje pen ki soti nan syèl la.
- 32 Alò, Jezi di yo: Franchman, franchman, m ap di nou sa: Se pa t Moyiz ki te ban nou pen ki soti nan syèl la. Okontrè, se Papa mwen ki ban nou vrè pen ki soti nan syèl la.
- 33 Paske, pen Bondye a, se moun ki desann soti nan syèl la epi ki bay lemonn lavi a.
- 34 Alò, yo di li: Senyè, toujou ban nou pen sa a.
- 35 Men, Jezi di yo: Pen ki bay lavi a se mwen menm! Moun ki vin jwenn mwen p ap grangou ditou. Moun ki kwè nan mwen tou p ap janm swaf ditou.
- 36 Okontrè, mwen te di nou: Malgre nou te wè mwen, nou pa kwè.
- 37 Tout sa Papa a ban mwen yo, y ap vini jwenn mwen. E, moun ki vin jwenn mwen, mwen p ap mete yo deyò ditou.
- 38 Paske, mwen pa t desann soti nan syèl la pou mwen fè volonte pa mwen, men, pou mwen fè volonte sila ki te voye m nan.
- 39 Men sa volonte Papa ki voye m nan ye: Se pou mwen pa kite pèsonn pèdi nan tout sa li ban mwen yo, epi se pou mwen resisite yo nan dènye jou a.
- 40 Vrèmanvre, se sa ki volonte sila ki voye m nan: Se pou moun ki wè Pitit la epi ki kwè nan li ka genyen lavi etènèl. Epi, mwen menm, mwen va resisite moun sa a nan dènye jou a.
- 41 Konsa, JuifJuif yo t ap plenyen kont Jezi, paske li te di: Pen ki desann soti nan syèl la se mwen menm.
- 42 Epi, yo t ap di: Èske se pa li ki Jezi, pitit Jozèf la? Nou konnen papa I ak manman I, pa vre? Donk, kòman, li menm, li fè di «Mwen te desann soti nan syèl» la?
- 43 Men, Jezi reponn, li di yo: Sispann plenyen youn bay lòt!
- 44 Pèsonn pa kapab vin jwenn mwen, si Papa ki voye m nan pa rale li. Epi, mwen menm, mwen va resisite I nan dènye jou a.
- 45 Men sa ki ekri nan pwofesi yo: Bondye va anseye tout moun. Donk, tout moun ki koute Papa a epi ki aprann nan men li, yo vini jwenn mwen.
- 46 Sa pa vle di yon moun janm wè Papa a. Esepte moun ki kote Bondye a! Li menm, li wè Papa a.
- 47 Franchman, franchman, m ap di nou sa: Moun ki kwè nan mwen yo, yo genyen lavi etènèl.
- 48 Mwen se pen ki bay lavi a.

- 49 Zansèt nou yo te manje lamàn nan dezè a. Epi, yo mouri.
- 50 Genyen yon pen ki desann soti nan syèl la. Moun ki manje ladan l, yo p ap mouri. Men li:
- 51 Se mwen menm! Mwen se pen ki bay lavi a, pen ki desann soti nan syèl la! Si yon moun manje nan pen sa a, l ap viv pou letènite. Men tou, pen mwen menm, mwen va ba li a, se chè mwen. Se sa, mwen menm, mwen va bay pou lemonn ka genyen lavi.
- 52 Donk, JuifJuif yo t ap diskite youn ak lòt, yo t ap di: Kòman li kapab fè ban nou manje chè l la?
- 53 Alò, Jezi di yo: Franchman, franchman, m ap di nou sa: Si nou pa manje chè Pitit Lòm nan epi nou pa bwè san li, nou pa genyen lavi nan nou menm.
- 54 Yon moun ki manje chè mwen epi ki bwè san mwen, li genyen lavi etènèl. Epi, mwen menm, mwen va resisite l nan dènye jou a.
- 55 Paske, chè mwen se yon manje vre. E, san mwen se yon bwason vre.
- 56 Yon moun ki manje chè mwen epi ki bwè san mwen, li rete nan mwen. Epi, mwen rete nan li.
- 57 Papa a ki vivan te voye mwen, epi mwen viv nan Papa a. Se menm jan an tou, moun ki manje m nan, li va viv nan mwen.
- 58 Se sa ki pen ki soti nan syèl la. Li pa tankou lamàn, zansèt nou yo te manje a epi, apre sa, yo mouri a. Men, yon moun ki manje pen sa a, l ap viv pou letènite.
- 59 Jezi te di bagay sa yo pandan li t ap anseye nan sinagòg Kapènawòm nan.
- 60 Konsa, lè disip yo te tande li, anpil nan yo di: Pawòl sa a di! Kilès ki kapab koute l?
- 61 Men, Jezi te konnen nan li menm, disip li yo t ap plenyen sou sa. Li di yo: Pawòl sa a ap lakòz nou chite, pa vre?
- 62 E si nou ta wè Pitit Lòm nan monte kote li te ye anvan an menm?
- 63 Se Lespri a ki bay lavi. Chè a pa vo anyen. Pawòl, mwen menm, m ap di nou yo, yo se lespri, yo se lavi.
- 64 Men, genyen kèk moun pami nou ki pa kwè! Vrèmanvre, depi o kòmansman, Jezi te konnen moun ki pa kwè yo ak moun ki t apral trayi l la.
- 65 Li di ankò: Se poutèt sa mwen te di nou: «Pèsonn pa kapab vini jwenn mwen si Papa mwen pa ba li pouvwa.»
- 66 Depi lè sa a, anpil nan disip li yo fè bak. Yo pa t mache avèk li ankò.
- 67 Donk, Jezi di Douz yo: Nou menm, èske nou pa vle ale tou?

68 Alò, Simon Pyè reponn li, li di: Senyè, ki moun pou n al jwenn? Ou genyen pawòl lavi etènèl.

69 E, nou menm, nou kwè e nou konnen ou se Kris la, Pitit Bondye vivan an!

70 Jezi reponn yo, li di: Nou menm Douz yo, èske se pa mwen menm ki te chwazi nou? E, youn nan nou se yon djab!

71 Jezi te di sa sou Jida, pitit Simon Iskaryòt la. Vrèmanvre, li menm, youn nan Douz yo, li t apral trayi Jezi.

Jan 7

1 Apre bagay sa yo, Jezi t ap vwayaje nan Galile. Li pa t vle vwayaje nan Jide, paske Juif yo t ap chèche tiye li.

2 Men, fèt Juif yo, fèt Tabènak, te pre rive.

3 Konsa, frè li yo di li: Kite isit, ale nan Jide pou disip ou yo ka wè travay w ap fè yo.

4 Paske, yon moun k ap chèche popilè, li pa fè anyen an sekre. Si w ap fè bagay sa yo, parèt tèt ou devan lemonn.

5 Vrèmanvre, menm frè li yo pa t kwè nan li.

6 Donk, Jezi di yo: Lè pa mwen poko rive. Men, lè pa nou toujou la.

7 Lemonn pa kapab rayi nou. Men, li rayi mwen, paske mwen menm, mwen temwaye kont li, travay l ap fè yo pa bon!

8 Nou menm, nou mèt monte nan fèt la, paske lè mwen poko rive.

9 Lè li fin di yo bagay sa yo, li rete Galile.

10 Men, apre frè li yo monte nan fèt la, li menm tou, li monte. Se pa t an piblik, men, se te an sekre.

11 Konsa, Juif yo t ap chèche l nan fèt la. Yo t ap di: Kote li?

12 Te genyen anpil pale sou li nan foul la. Kèk moun t ap di: Li se yon bon moun! Kèk lòt t ap di: Non! Okontrè, l ap twonpe foul la.

13 Men, pèsonn pa t pale de li an piblik, paske yo te pè Juif yo.

14 Nan mitan fèt la, Jezi monte nan lakou tanp lan, li t ap anseye.

15 Juif yo te sezi. Yo di: Kòman nonm sa a fè gen konesans sa yo, alòske li pa t fè etid?

16 Alò, Jezi reponn yo, li di: Ansèyman m nan pa soti nan mwen menm. Men, se nan sila ki voye m nan li soti.

- 17 Si yon moun vle fè volonte Bondye, li va konnen si ansèyman sa a soti nan Bondye, oubyen si se dapre pwòp tèt mwen m ap pale.
- 18 Yon moun k ap pale dapre tèt li, se pwòp glwa li l ap chèche. Men, moun k ap chèche glwa moun ki voye l la, li onèt. Pa genyen anyen nan li ki pa jis.
- 19 Moyiz te ban nou lalwa, pa vre? E, pa gen youn nan nou ki obeyi li! Poukisa n ap chèche tiye mwen?
- 20 Foul la reponn, li di: Ou genyen demon sou ou! Kilès k ap chèche tiye w la?
- 21 Jezi reponn tou, li di yo: Yon sèl travay mwen fè, epi, nou tout sezi.
- 22 Se poutèt sa, Moyiz te ban nou sikonsizyon, e menm nan jou saba, nou sikonsi gason. (Alò, se pa t Moyiz, men se te zansèt nou yo ki te bay sikonsizyon an.)
- 23 Pou yo ka pa vyole lwa Moyiz la, gason resevwa sikonsizyon jou saba. Donk, poukisa nou an kòlè kont mwen, poutèt mwen geri yon nonm toutantye, jou saba a.
- 24 Pa jije sou aparans. Men, jije dapre jijman ki jis.
- 25 Konsa, kèk nan moun Jerizalèm yo di: Se pa li menm y ap chèche tiye a?
- 26 Epi, gade! L ap pale an piblik, epi yo pa di l anyen. Ou kwè se vre chèf yo ta rekonèt se li menm ki Kris la vre?
- 27 Okontrè! Nou konnen kote nonm sa a soti. Men, lè Kris la vini, pèsonn p ap konnen kote l soti.
- 28 Konsa, pandan Jezi t ap anseye nan lakou tanp lan, li rele, li di: Nou konnen mwen. Nou konnen kote mwen soti tou. Se pa dapre mwen menm, mwen vini. Okontrè, sila ki voye m nan, li reyèl. Nou menm, nou pa konnen li.
- 29 Mwen menm, mwen konnen li, paske se kote li mwen soti, e se li menm ki voye mwen.
- 30 Lè sa a, yo t ap chèche arete li. Men, pèsonn pa t mete men sou li, paske lè li pa t ko rive.
- 31 Men tou, anpil moun nan foul la te kwè nan li. Yo t ap di: Lè Kris la vini, li p ap fè plis mirak-siy pase sa nonm sa a fè yo, pa vre?
- 32 Farizyen yo tandè foul la ap pale bagay sa yo sou Jezi. Epi, Farizyen yo ak sakrifikatè prensipal yo voye polis arete li.
- 33 Donk, Jezi di: Mwen avèk nou pou yon ti moman ankò. Epi, mwen prale jwenn sila ki te voye m nan.
- 34 Nou va chèche mwen, nou p ap jwenn mwen. Epi, nou p ap kapab vini kote mwen ye a.

- 35 Konsa, Juif yo pale youn ak lòt, yo di: Kibò li prale, pou nou pa jwenn li an? Li pa prale nan dyaspora pami Grèk yo epi pou l anseye Grèk yo, pa vre?
- 36 Li di: «Nou va chèche mwen, nou p ap jwenn mwen. Epi, nou p ap kapab vini kote mwen ye a.» Kisa pawòl sa a ye la a?
- 37 Nan dènye jou a, gran jou fèt la, Jezi kanpe. Li rele, li di: Si yon moun swaf, se pou li vini jwenn mwen. Epi, se pou li bwè!
- 38 Yon moun ki kwè nan mwen, menm jan Lekriti di l la, rivyè dlo vivan va koule soti nan zantray li.
- 39 Jezi te di sa konsènan Lespri a. Se li menm moun ki kwè nan Jezi yo t apral resevwa. Vrèmanvre, Lespri Sen an pa t ko la, paske Bondye pa t ko glorifye Jezi.
- 40 Donk, anpil moun nan foul la, lè yo te tandè pawòl la, yo t ap di: Nonm sa a, se Pwofèt la vre!
- 41 Lòt moun t ap di: Se li menm ki Kris la! Lòt moun ankò t ap di: Kris la, se pa moun Galile li ye, pa vre?
- 42 Èske Lekriti pa di: Kris la va nan fanmi David, li va soti Bètleyèm, nan vil kote David te ye a?
- 43 Donk, te genyen divizyon nan foul la poutèt Jezi.
- 44 Kèk nan yo te vle arete li. Men, pèsonn pa t mete men sou li.
- 45 Donk, polis yo ale kote Farizyen yo ak sakrifikatè prensipal yo. Yo menm, yo di polis yo: Poukisa nou pa t mennen li?
- 46 Polis yo reponn, yo di: Pa genyen yon nonm ki janm pale tankou nonm sa a!
- 47 Donk, Farizyen yo reponn, yo di: Èske nou menm tou, li rive twonpe nou?
- 48 Pa gen youn nan chèf yo oubyen nan Farizyen yo ki kwè nan li, pa vre?
- 49 Men, foul moun sa yo, ki pa konnen lalwa, modi!
- 50 Nikodèm, sa ki te ale kote Jezi lannuit la, li te youn nan gwoup la.
- 51 Li di yo: Lwa nou an pa pote jijman sou yon nonm, ni anvan li tandè nonm nan, ni anvan li konnen sa li fè, pa vre?
- 52 Yo reponn, yo di li: Èske se pa moun Galile ou ye tou? Egzamine pou w wè. Pwofèt pa soti Galile!
- 53 Epi, chak moun ale lakay yo.

Jan 8

- 1 Jezi ale sou Mòn Oliv.

- ² Men, granmmaten, l ale nan lakou tanp lan ankò. Tout pèp la vini jwenn li. Li chita, epi li anseye yo.
- ³ Alò, pwofesè lalwa yo ak Farizyen yo mennen yon dam ba li, youn yo te bare nan adiltè. Yo mete dam nan nan mitan.
- ⁴ Epi, yo di Jezi: Mèt, nou kenbe dam sa a nan zak adiltè.
- ⁵ Alò, nan lalwa, Moyiz kòmande pou yo tiye yon dam konsa anba wòch. Donk, ou menm, sa w di sou li?
- ⁶ Yo te di sa paske yo t ap tante Jezi pou yo te ka jwenn yon akizasyon kont li. Men, Jezi koube, li pran ekri atè a ak dwèt li.
- ⁷ Men, paske yo kontinye mande l sa, li drese kò li, li di yo: Moun pami nou la a ki san peche, se li menm an premye ki pou kalonnen dam nan wòch.
- ⁸ Epi, Jezi koube ankò. Li kontinye ekri atè a.
- ⁹ Men, lè moun yo tandè sa, konsyans yo repwoche yo. Yo soti youn pa youn, kòmanse sou granmoun rive sou dènye moun. Epi, yo kite Jezi poukont li ak dam nan nan mitan.
- ¹⁰ Alò, lè Jezi drese kò li, se sèl dam nan li wè. Li di: Madanm, kote moun ki t ap akize w yo? Pèsonn pa kondane ou, pa vre?
- ¹¹ Li di: Pèsonn, Senyè! Jezi di li: Mwen pa kondane w nonplis. Ale! Epi, apati jodi a, pa peche ankò!
- ¹² Donk, Jezi pale avèk yo ankò. Li di: Mwen se limyè lemonn. Yon moun ki suiv mwen, li p ap mache nan fènwa ditou. Okontrè, li va genyen limyè lavi.
- ¹³ Epi, Farizyen yo di li: W ap temwaye pou tèt ou, temwayaj ou a pa laverite.
- ¹⁴ Jezi reponn, li di yo: Menm si mwen temwaye pou tèt mwen, temwayaj mwen an se laverite. Paske, mwen konnen kote mwen soti ak kote mwen prale. Men, nou menm, nou pa konnen ni kote mwen soti ni kote mwen prale.
- ¹⁵ Nou menm, nou jije dapre lachè. Mwen menm, mwen pa jije pèsonn.
- ¹⁶ E, menm si mwen menm, mwen jije, jijman m nan se laverite. Paske, mwen pa poukont mwen. Okontrè, mwen avèk Papa ki voye m nan.
- ¹⁷ E, nan lwa nou an, sa ekri: Temwayaj de zòm se laverite.
- ¹⁸ Mwen temwaye pou tèt mwen. Epi, Papa ki voye m nan temwaye pou mwen.
- ¹⁹ Donk, yo di li: Kote papa ou? Jezi reponn, li di: Nou pa konnen ni mwen ni Papa mwen. Si nou te konnen mwen, nou ta konnen Papa mwen tou.
- ²⁰ Jezi te di pawòl sa yo kote labank ye a, nan lakou tanp lan. Se la li t ap anseye. Pèsonn pa t arete li, paske lè li pa t ko rive.

- 21** Donk, Jezi di yo ankò: Mwen prale. Epi, nou va chèche mwen. Epi, nou va mouri nan peche nou yo. Kote mwen prale a, nou menm, nou pa kapab al la.
- 22** Epi, Juif yo di: Se pa tiye li pral tiye tèt li? Paske, li di: «Kote mwen prale a, nou menm, nou pa kapab al la.»
- 23** Li di yo: Nou menm, nou se moun isiba. Mwen menm, mwen se moun anwo. Nou menm, nou se moun monn sa a. Mwen menm, mwen pa moun monn sa a.
- 24** Donk, mwen di nou: Nou va mouri nan peche nou yo. Paske, si nou pa kwè mwen se mwen menm, nou va mouri nan peche nou yo.
- 25** Epi, yo di li: Kilès ou ye, ou menm? Jezi reponn yo: Menm sa m ap di nou depi o kòmansman an!
- 26** Mwen genyen anpil bagay pou m di sou nou epi pou m jije nan nou. Men, moun ki voye m nan, li onèt. Bagay mwen tandè kote li yo, se yo menm, mwen di nan lemonn.
- 27** Juif yo pa t konnen se de Papa a li t ap pale ak yo.
- 28** Donk, Jezi di yo: Lè nou va leve Pitit Lòm nan anlè, nou va konnen lè sa a mwen se mwen menm, epi, mwen pa fè anyen poukont mwen! Okontrè, menm jan Papa mwen te anseye m nan, se menm jan an mwen di bagay sa yo.
- 29** Sila ki voye m nan, li avèk mwen. Papa a pa kite mwen sèl. Paske, mwen toujou fè sa ki fè li plezi.
- 30** Pandan Jezi t ap pale bagay sa yo, anpil moun vin kwè nan li.
- 31** Donk, Jezi di Juif ki te kwè nan li yo: Si nou menm, nou rete nan pawòl mwen, nou va disip mwen vre.
- 32** Nou va konnen verite a. Epi, verite a va libere nou.
- 33** Yo reponn li, yo di: Nou se fanmi Abraam. Nou pa janm esklav pèsonn. Kòman w fè di nou va vin lib la?
- 34** Jezi reponn yo, li di: Franchman, franchman, m ap di nou sa: Tout moun k ap fè peche, yo se esklav peche.
- 35** Men, esklav la pa rete nan kay la pou tout tan. Pitit la rete pou tout tan.
- 36** Donk, si Pitit la libere nou, nou va lib vre!
- 37** Mwen konnen nou se ras Abraam. Men, n ap chèche tiye mwen, paske pawòl mwen pa jwenn plas nan nou.
- 38** Mwen menm, mwen pale sa mwen wè kote Papa mwen. Alò, nou menm tou, nou fè sa nou wè kote papa nou.

- ³⁹ Yo reponn, yo di li: Se Abraam ki papa nou. Jezi di yo: Si nou te pitit Abraam, se travay Abraam nou ta fè.
- ⁴⁰ Epoutan, mwen menm ki se yon nonm k ap di nou verite mwen tandè kote Bondye a, kounye a, n ap chèche tiye mwen! Sa a, Abraam pa t fè l.
- ⁴¹ Nou menm, n ap fè travay papa nou! Donk, yo di li: Nou pa t fèt nan imoralite, nou menm. Nou genyen yon sèl papa: Se Bondye!
- ⁴² Donk, Jezi di yo: Si se Bondye ki te Papa nou, nou ta renmen mwen. Paske, se nan Bondye mwen soti, epi mwen vini. Epitou, mwen pa t vini dapre mwen menm, se li menm ki voye mwen.
- ⁴³ Poukisa nou pa konprann sa m ap di a? Se paske nou pa kapab koute pawòl mwen.
- ⁴⁴ Nou menm, se nan papa nou, djab la, nou soti. Epi, se dezi papa nou, nou vle fè. Depi o kòmansman, li te yon asasen. Epi, laverite pa rete nan li, paske pa genyen laverite nan li. Lè li bay manti, se dapre pwòp tèt li, li pale. Paske, li se yon mantè. Epi, li se papa manti.
- ⁴⁵ Men, mwen menm, paske mwen di laverite, nou pa kwè mwen.
- ⁴⁶ Kilès nan nou ki kapab demontre mwen peche? Men, si mwen di laverite, poukisa nou menm, nou pa kwè mwen?
- ⁴⁷ Moun ki moun Bondye koute pawòl Bondye. Men poukisa nou menm nou pa koute: Se paske nou pa soti nan Bondye!
- ⁴⁸ Donk, Juif yo reponn, yo di li: Nou te byen fèt di ou se Samariten epi ou gen demon sou ou, pa vre?
- ⁴⁹ Jezi reponn, li di: Mwen pa gen demon sou mwen. Okontrè, mwen onore Papa mwen, epi nou menm, nou dezonore mwen.
- ⁵⁰ Men, mwen p ap chèche glwa pou tèt mwen. Genyen yon moun k ap chèche li pou mwen epi k ap jije.
- ⁵¹ Franchman, franchman, m ap di nou sa: Si yon moun kenbe pawòl mwen, li p ap janm wè lanmò ditou.
- ⁵² Donk, Juif yo di li: Kounye a, nou konnen ou gen demon sou ou! Abraam mouri. Pwofèt yo mouri tou. Epi, ou menm, ou di: «Si yon moun kenbe pawòl mwen, li p ap goute lanmò ditou!»
- ⁵³ Ou pa pi enpòtan pase papa nou Abraam ki mouri a, pa vre? Pwofèt yo tou, yo mouri. Pou kilès w ap fè tèt ou pase la a?
- ⁵⁴ Jezi reponn, li di: Si mwen bay tèt mwen glwa, glwa m nan pa anyen. Papa mwen, nou di ki se Bondye nou an, se li menm ki ban mwen glwa.

⁵⁵ Nou pa konnen li. Men, mwen menm, mwen konnen li. Si mwen ta di mwen pa konnen li, mwen ta yon mantè tankou nou. Okontrè, mwen konnen li. Epi, mwen kenbe pawòl li.

⁵⁶ Papa nou Abraam te fremi ak lajwa poutèt li te ka wè jou m nan. Li te wè li, epi li te kontan.

⁵⁷ Donk, Juif yo di li: Ou poko menm gen senkant, epi ou te wè Abraam?

⁵⁸ Jezi di yo: Franchman, franchman, m ap di nou sa: Anvan Abraam te egziste, mwen se mwen menm.

⁵⁹ Donk, yo pran wòch pou yo kalonnen li. Men, Jezi kache. Epi, li pase nan mitan yo, li soti nan lakou tanp lan. E, se konsa li pati.

Jan 9

¹ Pandan Jezi t ap pase, li wè yon nonm ki te fèt tou avèg.

² Disip li yo poze l yon kesyon, yo di: Rabi, kilès ki te peche, ki fè nonm sa a fèt tou avèg la? Èske se li menm oubyen paran li?

³ Jezi reponn, li di: Se pa akòz li menm oubyen paran li te peche, men, se pou Bondye kapab montre travay li nan nonm nan!

⁴ Pandan li jou, fòk mwen fè travay sila ki voye m nan. Lannuit ap vini. Lè sa a, pèsonn p ap kapab travay.

⁵ Lè mwen nan lemonn, mwen se limyè lemonn.

⁶ Apre li fin di bagay sa yo, li krache atè, li fè labou ak krache a, epi li pase labou a sou je avèg la.

⁷ Li di li: Al lave je w nan Basen Siloye a. (Mo sa a vle di: Moun yo te voye a.) Alò, avèg la ale, li lave je li. Lè li tounen, li wè.

⁸ Donk, vwazen l yo ak moun ki te konn wè li avèg anvan sa yo di: Se li menm ki te konn chita ap mande a, pa vre?

⁹ Kèk moun di: Se li menm! Men, kèk lòt di: Li sanble ak li! Li menm, li di: Se mwen menm!

¹⁰ Donk, yo di li: Kòman je w fè louvri?

¹¹ Li reponn, li di: Yon nonm yo rele Jezi fè labou, li pase l sou je mwen, epi li di mwen: «Ale nan Basen Siloye a, lave je w!» Mwen ale, e lè mwen lave yo, mwen wè.

¹² Donk, yo di li: Kote li? Li reponn: Mwen pa konnen.

¹³ Yo mennen nonm ki te avèg la bay Farizyen yo.

¹⁴ Lè Jezi te fè labou a epi li te ouvri je nonm nan, se te yon jou saba.

- 15** Donk, Farizyen yo tou, yo t ap mande avèg la ankò, kòman li te fè wè. Li di yo: Li pase labou sou je m, mwen lave yo, epi mwen wè.
- 16** Epi, kèk nan Farizyen yo di: Kòman yon nonm k ap peche ta kapab fè mirak-siy sa yo? Konsa, te gen divizyon pami yo.
- 17** Yo di avèg la ankò: Ou menm, kisa ou di de li, poutèt li ouvri je w la? Li di yo: Li se yon pwofèt.
- 18** Vrèmanvre, anvan Juif yo te rele paran nonm ki te vin kapab wè a, Juif yo pa t kwè li te yon avèg ki vin wè vre.
- 19** Men, yo mande paran yo, yo di: Èske nonm sa a se pitit, nou di ki te fèt avèg la? Alò, kòman li fè wè kounye a?
- 20** Men, paran yo reponn, yo di: Nou konnen li se pitit nou an. Nou konnen li te fèt avèg.
- 21** Men, kijan li fè wè kounye a? Nou pa konnen! Oubyen, kijan je l fè louvri? Nou pa konnen! Li gen laj, mande l. L a pale pou tèt li.
- 22** Paran li yo te di bagay sa yo, paske yo te pè Juif yo. Vrèmanvre, Juif yo te deja dakò, si yon moun ta deklare Jezi se Kris, pou yo mete l deyò nan sinagòg la.
- 23** Se poutèt sa, paran l yo te di: Li gen laj, mande l!
- 24** Donk, yo rele nonm ki te avèg la yon dezyèm fwa. Yo di li: Bay Bondye glwa! Nou konnen nonm sa a se yon pechè!
- 25** Epi, li reponn, li di: Si li se pechè, mwen pa konnen. Men, sèl sa mwen konnen, sèke mwen te avèg. Kounye a, mwen wè!
- 26** Yo di li ankò: Kisa l fè w? Kijan l fè ouvri je w?
- 27** Li reponn yo, li di: Mwen te deja di nou, epi nou pa t koute. Poukisa nou vle tande l ankò? Nou pa ta vle vin disip li tou, pa vre?
- 28** Yo joure li. Yo di: Se ou menm ki disip li. Men, nou menm, nou se disip Moyiz.
- 29** Nou konnen Bondye te pale ak Moyiz. Men, nonm sa a, nou pa konnen kote l soti.
- 30** Nonm nan reponn, li di yo: Vrèmanvre, gen yon mèvèy nan sa. Nou pa konnen kote l soti? Epoutan, li louvri je m!
- 31** Alòske, nou konnen Bondye pa koute pechè. Okontrè, si yon moun gen krentif pou li epi li fè volonte l, ebyen, li koute moun sa a.
- 32** Depi lemonn egziste, pèsonn pa janm tande yo ouvri je yon moun ki fèt tou avèg.

- ³³ Si se pa t kote Bondye, nonm sa a te soti, li pa t ap kapab fè anyen.
- ³⁴ Yo reponn, yo di li: Ou fèt toutantye nan peche. Epi, se ou menm k ap anseye nou? Konsa, yo mete l deyò.
- ³⁵ Jezi tandè yo te mete nonm nan deyò. Lè li jwenn li, li di li: Èske w kwè nan Pitit Bondye a?
- ³⁶ Li reponn, li di: Senyè, kilès li ye? Di mwen pou mwen ka kwè nan li.
- ³⁷ Men, Jezi di li: Ou wè li. Se li menm k ap pale avèk ou la a!
- ³⁸ Epi, li di: Senyè, mwen kwè! Epi, li adore Jezi.
- ³⁹ Jezi di: Mwen vini nan monn sa a pou yon jijman, dekwa pou moun ki pa wè ka wè, epi pou moun ki wè ka vin avèg.
- ⁴⁰ Kèk nan Farizyen ki te kote l yo tandè sa. Epi, yo di: Nou pa avèg tou, pa vre?
- ⁴¹ Jezi di yo: Si nou te avèg, nou pa ta gen peche. Men, kounye a, n ap di: «Nou wè!» Donk, peche nou rete!

Jan 10

- ¹ Franchman, franchman, m ap di nou sa: Si yon moun pa pase nan pòt la pou li antre nan pak mouton yo, si okontrè li monte yon lòt kote, moun sa a se yon vòlè ak yon piyajè.
- ² Men, moun ki antre nan pòt la, se li ki bèje mouton yo.
- ³ Gadyen an ouvè pou li. Epi, mouton yo tandè vwa li. Li rele pwòp mouton l yo dapre non yo. Epi, li mennen yo deyò.
- ⁴ Lè li fin fè pwòp mouton l yo soti, li mache devan yo. Epi, mouton yo suiv li, paske yo konnen vwa li.
- ⁵ Yo p ap suiv yon etranje ditou. Okontrè, y ap kouri pou li, paske yo pa konnen vwa etranje.
- ⁶ Jezi di yo pwovèb sa a. Men, yo pa t konnen de kisa li t ap pale yo.
- ⁷ Donk, Jezi di yo ankò: Franchman, franchman, m ap di nou sa: Se mwen ki pòt mouton yo.
- ⁸ Tout sa ki te vini anvan m yo, se vòlè ak piyajè yo ye. Men, mouton yo pa t koute yo.
- ⁹ Mwen se pòt la. Si yon moun pase nan mwen pou li antre, l ap sove. L ap antre soti. Epi, l ap jwenn patiraj.
- ¹⁰ Vòlè vini sèlman pou yo vòlè, pou yo tiye, pou yo detui. Mwen menm, mwen vini pou mouton yo ka genyen lavi epi pou yo ka genyen l ann abondans.

- 11 Mwen se bon bèje a. Bon bèje a bay lavi l pou mouton yo.
- 12 Men, anplwaye a pa bèje a, mouton yo pa pou li. Lè li wè lou a ap vini, li kite mouton yo, li kouri. Epi, lou a rape mouton yo, li gaye yo.
- 13 Anplwaye a kouri, paske se anplwaye li ye. Li pa chaje tèt li pou mouton yo.
- 14 Mwen menm, mwen se bon bèje a. Mwen konnen sa ki pou mwen yo, epi sa ki pou mwen yo konnen mwen.
- 15 Konsa tou, Papa a konnen mwen, e mwen menm, mwen konnen Papa a. Epitou, mwen bay lavi mwen pou mouton yo.
- 16 Mwen genyen lòt mouton ki pa nan pak sa a. Fòk mwen mennen yo. Yo va tande vwa mwen. Epi, va genyen yon sèl twoupo, yon sèl bèje.
- 17 Se poutèt sa Papa mwen renmen mwen: Mwen bay lavi mwen, dekwa pou mwen ka pran li ankò.
- 18 Pèsonn pa pran li nan men mwen. Okontrè, se mwen menm ki bay li. Mwen genyen pouvwa pou mwen bay li. Mwen genyen pouvwa pou mwen pran li ankò. Se kòmmanman sa a, mwen te resevwa nan men Papa mwen.
- 19 Donk, te genyen divizyon ankò pami Juif yo poutèt pawòl sa yo.
- 20 Anpil nan yo t ap di: Poukisa n ap koute li? Li genyen demon sou li! Li fou!
- 21 Lòt moun t ap di: Sa yo se pa pawòl moun ki gen demon sou yo. Yon demon pa kapab ouvri je yon avèg, pa vre?
- 22 Fèt Dedikas te rive nan Jerizalèm. Se te ivè.
- 23 Jezi t ap mache sou Galeri Salomon an, nan lakou tanp lan.
- 24 Epi, Juif yo antoure li, yo di li: Pou jis kilè w ap kenbe kè nou sou biskèt? Si ou se Kris la, di nou sa kareman!
- 25 Jezi reponn yo, li di: Mwen di nou, epi nou pa kwè. Travay m ap fè nan non Papa m yo, se yo menm k ap temwaye pou mwen.
- 26 Men, menm jan mwen te di nou an, nou menm, nou pa kwè, paske nou pa pami mouton m yo.
- 27 Mouton m yo tande vwa mwen. Mwen konnen yo. Epi, yo suiv mwen.
- 28 Mwen ba yo lavi etènèl, yo p ap janm peri ditou. E, pèsonn p ap rape yo nan men mwen.
- 29 Se Papa mwen ki ban mwen yo. Li pi gran pase tout moun. E, pèsonn pa kapab rape yo nan men Papa mwen.
- 30 Mwen menm ak Papa mwen, nou se youn.
- 31 Donk, Juif yo ranmase wòch ankò pou yo tiye li.

- ³² Jezi reponn yo, li di: Mwen montre nou anpil bon travay ki soti kote Papa a. Pou kilès nan yo nou vle tiye m ak wòch la?
- ³³ Juif yo reponn li, yo di: Se pa pou yon bon travay n ap tiye w ak wòch. Okontrè, se poutèt ou denigre Bondye. Paske, ou menm ki se yon moun, ou fè tèt ou pase pou Bondye.
- ³⁴ Jezi reponn yo, li di: Men sa ki ekri nan lwa nou an: «Mwen di: Nou se bondye!» Èske se pa vre?
- ³⁵ Moun ki resevwa Pawòl Bondye a, li di yo se bondye. E, Lekriti pa kapab defèt.
- ³⁶ Si se sa, poukisa, poutèt mwen di: «Mwen se Pitit Bondye», nou menm, n ap di: «W ap denigre Bondye»? Alòske, mwen se moun Bondye konsakre epi li voye nan lemonn nan.
- ³⁷ Si mwen pa fè travay Papa m yo, pa kwè nan mwen.
- ³⁸ Men, si mwen fè yo, menm si nou pa ta kwè nan mwen, kwè nan travay yo. Konsa, nou va konnen epi nou va kwè, Papa a nan mwen, epi mwen menm, mwen nan li.
- ³⁹ Donk, yo t ap chèche arete l ankò. Men, li chape nan men yo.
- ⁴⁰ L ale lòt bò Jouden an ankò, menm kote Jan te batize moun o kòmansman an. Epi, li rete la.
- ⁴¹ Anpil moun ale jwenn li, yo di: Jan pa t fè okenn mirak-siy. Men, tout sa Jan te di de nonm sa a se laverite!
- ⁴² La a, anpil moun te kwè nan li.

Jan 11

- ¹ Te genyen yon moun ki te malad. Se te Laza. Li te moun Betani, vil Mari ak Mat, sè Mari a.
- ² Se Mari ki te vide pafen sou Senyè a epi ki te siye pye Senyè a ak cheve l la. E, se frè li, Laza, ki te malad.
- ³ Epi, sè yo voye kote Jezi, yo di: Senyè, men moun ou renmen an malad!
- ⁴ Men, lè Jezi tande sa, li di: Maladi sa a pa la pou lanmò. Okontrè, li la pou glwa Bondye. Konsa, Bondye va glorifye Pitit li a nan maladi a.
- ⁵ Jezi te renmen ni Mat, ni sè l la, ni Laza.
- ⁶ Donk, lè li tande Laza malad, li rete de jou ankò kote li te ye a.
- ⁷ Apre sa, li di disip li yo: Ann ale Jide ankò!

- ⁸ Disip yo di li: Rabi, se kounye a Juif yo t ap chèche tiye w ak wòch, epi ou prale la ankò?
- ⁹ Jezi reponn, li di: Genyen douz è nan jounen an, pa vre? Si yon moun mache lajounen, li p ap bite, paske li wè limyè monn sa a.
- ¹⁰ Men, si yon moun mache lannuit, l ap bite. Paske, limyè a pa nan li.
- ¹¹ Apre li fin di bagay sa yo, li di yo ankò: Zanmi nou an Laza ap dòmi. Men, ann ale pou nou ka leve li.
- ¹² Donk, disip li yo di: Senyè, si l ap dòmi, li va geri.
- ¹³ Jezi t ap pale de lanmò Laza. Men, yo menm, yo te panse se de dòmi repoze, Jezi t ap pale.
- ¹⁴ Donk, lè sa a, Jezi di yo aklè: Laza mouri!
- ¹⁵ Poutèt nou menm, mwen kontan mwen pa t la, dekwa pou nou kapab kwè. Men, ann ale jwenn li.
- ¹⁶ Donk, Toma, sa yo rele Jimo a, li di disip parèy li yo: Ann ale, nou menm tou, pou nou ka mouri avèk li.
- ¹⁷ Donk, lè Jezi rive, li jwenn Laza te deja nan tonm depi kat jou.
- ¹⁸ Men, Betani te tou pre Jerizalèm. Distans la se te kenz estad konsa.
- ¹⁹ Anpil nan Juif yo te al jwenn moun ki kote Mat ak Mari yo pou yo te ka konsole yo poutèt frè yo a.
- ²⁰ Donk, lè Mat tande Jezi ap vini, l al rankontre li. Mari, li menm, rete chita nan kay la.
- ²¹ Epi, Mat di Jezi: Senyè, si ou te la, frè m nan pa t ap mouri.
- ²² Okontrè, menm kounye a, mwen konnen tout sa w mande Bondye, Bondye ap ba ou li.
- ²³ Jezi di li: Frè w la ap resisite.
- ²⁴ Mat di li: Mwen konnen l ap resisite nan rezirèksyon ki nan dènye jou a.
- ²⁵ Jezi di li: Mwen se rezirèksyon an. Mwen se lavi a. Yon moun ki kwè nan mwen, menm si l ta mouri, li va viv.
- ²⁶ Epitou, moun k ap viv epi ki kwè nan mwen, li p ap janm mouri ditou. Èske w kwè sa?
- ²⁷ Li di li: Wi, Senyè. Mwen kwè se ou menm ki Kris la, Pitit Bondye a, sila ki vini nan lemonn nan.
- ²⁸ Lè Mat fin di bagay sa yo, l ale. Li rele Mari, sè l la. Li di li an sekre: Mèt la vini! Men l ap rele w!

- 29 Lè Mari tande sa, li leve byen vit, l ale kote Jezi.
- 30 Jezi pa t ko antre nan vil la, men, li te menm kote Mat te rankontre l la.
- 31 Juif yo te nan kay la ak Mari, yo t ap konsole li. Donk, lè yo wè l leve ale byen vit, yo suiv li. Yo di: Li pral kriye bò tonm nan.
- 32 Epi, Mari rive kote Jezi te ye a. Lè l wè Jezi, li tonbe nan pye l. Li di li: Senyè, si ou te la, frè m nan pa t ap mouri.
- 33 Donk, li t ap kriye. Juif ki te vini avèk li yo t ap kriye tou. Lè Jezi wè sa, li twouble nan lespr li, li fremi nan kè li.
- 34 Epi, li di: Ki kote nou mete l? Yo di li: Senyè, vin wè.
- 35 Jezi kriye.
- 36 Donk, Juif yo di: Gade kòman li te renmen li!
- 37 Men, kèk nan yo di: Li te ouvri je avèg la, li ta kapab fè dekwa pou Laza pa t mouri tou, pa vre?
- 38 Donk, Jezi twouble nan lespr l ankò. Epi, l ale bò tonm nan. Se te yon gwòt. Yo te mete yon wòch sou li.
- 39 Jezi di: Wete wòch la. Mat, sè mò a, di li: Senyè, li gen odè deja. Paske, sa fè kat jou!
- 40 Jezi di li: Èske mwen pa t di w, si ou kwè, ou va wè glwa Bondye?
- 41 Donk, yo wete wòch ki te kote mò a te ye a. Jezi leve je l anlè. Li di: Papa, mwen rann ou gras, paske ou koute mwen.
- 42 Mwen menm, mwen konnen ou toujou koute mwen. Men, mwen pale poutèt foul ki kanpe la a, pou yo ka kwè se ou menm ki voye mwen.
- 43 Lè li fin di bagay sa yo, li rele byen fò: Laza, soti deyò!
- 44 Epi, mò a soti. Ni pye li ni men li te mare ak bandaj. Figi li te vlope nan yon mouchwa. Jezi di yo: Demare li. Epi, kite l ale.
- 45 Donk, nan Juif ki te ale kote Mari yo epi ki te wè bagay Jezi te fè yo, anpil te kwè nan li.
- 46 Men, kèk nan yo ale kote Farizyen yo pou yo di yo bagay Jezi te fè yo.
- 47 Alò, sakrifikatè an chèf la ak Farizyen yo reyini Konsèy la. Yo di: Kisa n ap fè? Paske, nonm sa a ap fè anpil mirak-siy!
- 48 Si nou kite l konsa, anpil moun ap kwè nan li. Epi, Women yo ap vini, y ap detui ni plas nou an, ni nasyon nou an.
- 49 Men, Kayif, ki se youn nan yo, te sakrifikatè an chèf nan ane sa a. Li di yo: Nou pa konnen anyen.

- 50** Nou pa konsidere li nan avantaj nou, si yon sèl moun te mouri pou pèp la, pase pou tout pèp la ta peri?
- 51** Se pa t dapre li menm, li te di sa. Okontrè, paske li te sakrifikatè an chèf nan ane sa a, li t ap pwofetize Jezi t apral mouri pou nasyon an.
- 52** Se pa t pou nasyon an sèlman, men tou, se te pou l te ka rasanble pitit Bondye ki gaye yo, pou yo fè yon sèl kò.
- 53** Donk, depi jou sa a, Konsèy la deside y ap tiye Jezi.
- 54** Epi, Jezi pa t mache an piblik pami Juif yo ankò. Okontrè, li soti la, l ale an pwovens, tou pre dezè a. Se te nan yon vil, yo rele Efrayim. Se la tou, li rete ak disip li yo.
- 55** Fèt Pak Juif yo te pre rive. Anpil moun soti an pwovens, yo monte Jerizalèm anvan Pak la pou yo te kapab pirifye tèt yo.
- 56** Donk, yo t ap chèche Jezi. Yo te kanpe nan lakou tanp lan, youn t ap di lòt: Sa n panse? Èske li p ap vini nan fèt la ditou?
- 57** Men, sakrifikatè prensipal yo ak Farizyen yo te bay lòd sa a: Si yon moun konnen kibò Jezi ye, se pou l rapòte sa, pou yo ka arete Jezi!

Jan 12

- 1** Sis jou anvan Pak la, Jezi ale Betani, kote Laza te ye a. Se li menm ki te mouri epi Jezi te resisite l la.
- 2** Donk, la a, yo pare soupe pou li. Mari t ap sèvi. Laza, li menm, te sou tab ak Jezi.
- 3** Epi, Mari pran yon lit bon kalite pafen na, ki vann chè. Li vide l sou pye Jezi. Epi, li siye pye Jezi ak cheve li. Sant pafen an plen kay la.
- 4** Men, youn nan disip Jezi yo pran lapawòl. Se te sa ki t apral trayi Jezi a, Jida Iskaryòt, pitit Simon an.
- 5** Li di: Poukisa yo pa t vann pafen sa a pou twa san denye, epi yo ta bay pòv lajan an?
- 6** Li pa t di sa paske li t ap chaje tèt li pou pòv yo, men, paske li te yon vòlè. Se li ki te kenbe kès la. Li te konn bwote sa yo te mete ladan l.
- 7** Donk, Jezi di: Kite l trankil! Li te sere pafen an pou antèman mwen.
- 8** Paske, n ap toujou genyen pòv yo avèk nou. Men, nou p ap toujou genyen mwen.
- 9** Epi, yon gwo foul moun pami Juif yo te konnen Jezi te la, yo vini. Se pa t pou yo te ka wè Jezi sèlman, men, se te pou Laza tou. Se li menm Jezi te resisite pami mò yo.

- 10 Alò, sakrifikatè prensipal yo deside pou yo tiye Laza tou.
- 11 Paske, se poutèt li menm, anpil Juif t ap kite yo, epi yo t ap kwè nan Jezi.
- 12 Nan demen, gwo foul moun ki te vini nan fèt la tandè Jezi ap vini Jerizalèm.
- 13 Lè sa a, yo pran branch palmis, y ale rankontre li. Yo t ap rele: Ozana! Beniswa sila k ap vini nan non Senyè a, Wa Izrayèl la!
- 14 Jezi jwenn yon jèn bourik, li chita sou li. Se konsa sa te ekri:
- 15 Siyon, pitit fi mwen, pa pè! Gade! Wa w la ap vini! Li chita sou pitit yon manman bourik.
- 16 Anvan sa, disip li yo pa t konprann bagay sa yo. Men, lè Bondye glorifye Jezi, se lè sa a yo sonje bagay sa yo te ekri sou li. Yo sonje tou, moun yo te fè bagay sa yo pou li.
- 17 Epitou, lè Jezi te rele Laza soti nan tonm nan, lè li te resisite l pami mò yo, te genyen yon foul moun avèk li. Yo t ap temwaye.
- 18 Se poutèt sa tou, foul la te rankontre Jezi, paske yo te tandè afè mirak-siy li te fè a.
- 19 Donk, Farizyen yo, youn di lòt: Nou wè nou pa benefisye anyen! Gade! Lemonn antye ap suiv li.
- 20 Nan moun ki te monte pou adore nan fèt la, te genyen kèk Grèk.
- 21 Y al kote Filip, ki te moun Betsayida, nan Galile. Yo mande l, yo di: Mesye, nou vle wè Jezi.
- 22 Filip al di Andre sa. Andre ansanm ak Filip al di Jezi sa.
- 23 Men, Jezi reponn yo, li di: Lè a rive pou Bondye glorifye Pitit Lòm nan.
- 24 Franchman, franchman, m ap di nou sa: Si grenn ble ki tonbe nan tè a pa mouri, li rete poukont li. Men, si li mouri, li donnen anpil.
- 25 Moun ki renmen lavi yo, yo va pèdi l. Moun ki rayi lavi yo nan monn sa a, yo va konsève l pou lavi etènèl.
- 26 Si yon moun ap sèvi mwen, se pou l suiv mwen. Kote, mwen menm, mwen ye, se la sèvitè mwen va ye tou. Epitou, si yon moun sèvi mwen, Papa mwen va onore li.
- 27 Kounye a, nanm mwen ap fremi. Kisa mwen ta di? Èske se: «Papa, sove m anba lè sa a?» Okontrè! Se poutèt sa mwen te vini, jis nan lè sa a.
- 28 Papa, glorifye non ou! Epi, yon vwa ki soti nan syèl la di: Mwen te glorifye li. M ap glorifye li ankò.
- 29 Donk, foul ki te kanpe la a te tandè sa. Yo di se te yon kout loraj. Lòt moun t ap di: Se yon zanj ki pale ak li!

- ³⁰ Jezi reponn, li di: Se pa poutèt mwen menm, vwa a vini, men, se poutèt nou menm.
- ³¹ Jijman monn sa a se kounye a. Bondye va mete chèf monn sa a deyò kounye a.
- ³² E, mwen menm, lè yo va leve m kite tè, mwen va rale tout moun sou mwen.
- ³³ Li te di sa, pou l montre nan ki lanmò, li t apral mouri.
- ³⁴ Foul la reponn li, yo di: Nan lalwa, nou menm, nou tandè Kris la ap la pou letènite. Kòman, ou menm, ou fè di: «Fòk yo leve Pitit Lòm nan anlè?» Kilès ki Pitit Lòm sa a?
- ³⁵ Donk, Jezi di yo: Limyè a avèk nou pou yon ti moman. Pandan nou genyen limyè a, mache pou fènwa pa bare nou. Moun k ap mache nan fènwa pa konnen kote yo prale.
- ³⁶ Pandan nou genyen limyè a, kwè nan limyè a pou nou kapab vin pitit limyè. Lè Jezi fin di bagay sa yo, l ale. Li kache pou moun yo.
- ³⁷ Malgre kantite mirak-siy li te fè devan yo, yo pa t kwè nan li.
- ³⁸ Se te pou pawòl pwofèt Ezayi a te ka akonpli. Li te di: Senyè, kilès ki kwè nan mesaj nou an? Bay kilès Senyè a revele fòs ponyèt li?
- ³⁹ Se poutèt sa, yo pa t kapab kwè. Paske, Ezayi di ankò:
- ⁴⁰ Li fè yo avèg, Li fè yo fè rès nan kè yo Pou yo ka pa wè nan je yo, Pou yo ka pa konprann nan kè yo, Pou yo ka pa konvèti, Epi, pou mwen ka pa geri yo!
- ⁴¹ Ezayi te di bagay sa yo, lè li te wè glwa Senyè a ak lè li te pale de Senyè a.
- ⁴² Malgre sa, anpil te kwè nan li, menm pami chèf yo. Men, poutèt Farizyen yo, yo pa t deklare sa, dekwa pou yo pa t mete yo deyò nan sinagòg la.
- ⁴³ Vrèmanvre, yo te renmen lwanj lèzòm plis pase lwanj Bondye.
- ⁴⁴ Jezi rele, li di: Moun ki kwè nan mwen, se pa nan mwen yo kwè, men, se nan moun ki voye m nan.
- ⁴⁵ Moun ki wè mwen, se moun ki voye m nan yo wè.
- ⁴⁶ Mwen se limyè. Mwen te vini nan lemonn pou moun ki kwè nan mwen pa rete nan fènwa a.
- ⁴⁷ E, si yon moun ta koute pawòl mwen yo epi li pa ta kwè, se pa mwen menm k ap jije li. Paske, mwen pa t vini pou mwen jije lemonn, men, pou mwen te ka sove lemonn.
- ⁴⁸ Yon moun ki meprize mwen epi ki pa resevwa pawòl mwen yo, li genyen jij li. Pawòl mwen te pale a, se li menm ki va jije li nan dènye jou a.

⁴⁹ Paske, mwen pa t pale dapre mwen menm. Men, Papa ki voye m nan, se li menm ki kòmande mwen sa mwen dwe di ak sa mwen dwe pale.

⁵⁰ E, mwen konnen kòmannman li a se lavi etènèl. Donk, se sa mwen menm, mwen pale! Jan Papa mwen te di mwen, se konsa mwen pale!

Jan 13

¹ Men, anvan fèt Pak la, kòm Jezi te konnen lè l te rive pou li kite monn sa a pou li ale jwenn Papa a, e kòm li te renmen pwòp moun li yo ki te nan monn nan, li renmen yo jiska lafen.

² Pandan yo t ap manje, Djab la te deja mete nan kè Jida, pitit Simon Iskaryòt la, pou li trayi Jezi.

³ E, Jezi te konnen Papa a te remèt tout bagay nan men li. Li te konnen li te soti kote Bondye epi li t aprale kote Bondye.

⁴ Donk, li leve kite manje a, li retire rad li. Epi, li pran yon sèvyèt, li mare nan ren li.

⁵ Apre sa, li mete dlo nan yon kivèt. Li kòmanse lave pye disip li yo. Epi, li siye yo ak sèvyèt ki te mare nan ren l lan.

⁶ Alò, li rive sou Simon Pyè ki di li: Ou menm, Senyè, w ap lave pye mwen?

⁷ Jezi reponn, li di li: Kounye a, ou pa konprann sa m ap fè a. Men, apre sa, w a konprann.

⁸ Pyè di li: Jamè! Ou p ap lave pye mwen ditou! Jezi reponn li, li di: Si mwen pa lave w, ou p ap pran pa avèk mwen!

⁹ Simon Pyè di li: Senyè, se pa pye mwen sèlman! Okontrè, lave men mwen ak tèt mwen tou!

¹⁰ Jezi di li: Yon moun ki benyen pa bezwen lave plis pase pye l. Men, tout kò li pwòp. Nou menm tou, nou pwòp. Men, se pa nou tout.

¹¹ Vrèmanvre, li te konnen moun ki t ap trayi l la, se poutèt sa li di «se pa nou tout ki pwòp!»

¹² Donk, lè li fin lave pye yo, li mete rad li. L al sou tab ankò. Li di yo: Èske nou konprann sa mwen sot fè pou nou an?

¹³ Nou rele mwen: «Mèt! Senyè!» Nou byen di. Vrèmanvre, se sa mwen ye.

¹⁴ Donk, si mwen menm ki Senyè a epi ki Mèt la, mwen lave pye nou, nou menm tou, nou youn dwe lave pye lòt.

¹⁵ Mwen ban nou yon egzanp pou, nou menm, nou fè menm jan, mwen menm, mwen te fè pou nou an.

- 16 Franchman, franchman, m ap di nou sa: Yon esklav pa pi enpòtan pase mèt li. Yon apot pa pi enpòtan pase moun ki voye l la, nonplis.
- 17 Si nou konnen bagay sa yo, depi nou fè yo, nou byennere.
- 18 Se pa de nou tout m ap pale. Mwen konnen moun mwen chwazi yo. Men, mwen di sa pou Ekriti sa a ka akonpli: Moun k ap manje pen avè m nan, Li leve talon li kont mwen!
- 19 Depi kounye a m ap pale nou anvan sa rive, dekwa pou lè sa rive, nou ka kwè mwen se mwen menm!
- 20 Franchman, franchman, m ap di nou sa: Yon moun ki resevwa nenpòt moun mwen voye, se mwen menm li resevwa. Men, yon moun ki resevwa mwen, se sila ki voye m nan li resevwa.
- 21 Lè Jezi fin di bagay sa yo, lespri li fremit. Li bay temwayaj, li di: Franchman, franchman, m ap di nou sa: Youn nan nou ap trayi mwen!
- 22 Donk, disip yo, youn t ap gade lòt. Yo t ap mande tèt yo de kilès l ap pale.
- 23 Youn nan disip Jezi yo te panche sou lestomak li. Se li menm Jezi te renmen an.
- 24 Donk, Simon Pyè fè li yon siy pou li mande Jezi moun l ap pale a, se kilès li ta ye.
- 25 Disip la panche sou lestomak Jezi, li di li: Senyè, se kilès?
- 26 Jezi reponn, li di: M ap tranpe yon moso pen. Moun mwen bay li a, se li menm! Li tranpe moso pen an, li bay Jida li, pitit Simon Iskaryòt la.
- 27 Apre moso pen sa a, Satan antre nan Jida. Donk, Jezi di li: Sa w ap fè a, fè l vit!
- 28 Nan moun ki te sou tab yo, pèsonn pa t konnen sa Jezi te di l.
- 29 Paske, yo t ap panse Jezi te di l: «Al achte sa nou bezwen pou fèt la.» oubyen: «Bay pòv yo kichòy!» Vrèmanvre, se Jida ki te kenbe kès la.
- 30 Donk, li pran miyèt la, li soti menm lè a. Men, se te lannuit!
- 31 Lè Jida soti, Jezi di: Kounye a, Bondye glorifye Pitit Lòm nan, epi Bondye jwenn glwa nan li.
- 32 Si Bondye jwenn glwa nan li, Bondye va glorifye Pitit la nan li menm tou. E, Bondye va glorifye l tousuit.
- 33 Timoun, m ap avèk nou pou yon ti moman. Nou va chèche mwen, e menm sa mwen te di Juif yo, se sa m ap di nou kounye a tou: Kote mwen prale a, nou menm, nou pa kapab al la!

³⁴ M ap ban nou yon nouvo kòmannman: Se pou nou youn renmen lòt. Menm jan mwen te renmen nou an, nou menm tou, se pou nou youn renmen lòt.

³⁵ Si nou gen lamou youn pou lòt, se konsa tout moun va konnen se disip mwen nou ye.

³⁶ Simon Pyè di li: Senyè, kote w prale? Jezi reponn li, li di: Kounye a, ou pa kapab suiv mwen kote m prale a. Men, pi ta, ou va suiv mwen.

³⁷ Pyè di li: Senyè, poukisa mwen pa kapab suiv ou kounye a? M a bay lavi mwen pou ou.

³⁸ Jezi reponn li, li di: Ou va bay lavi ou pou mwen! Franchman, franchman, m ap di ou sa: Anvan kòk chante, w ap nye mwen twa fwa.

Jan 14

¹ Anyen pa dwe toumante kè nou. Kwè nan Bondye, kwè nan mwen tou!

² Lakay Papa mwen, genyen anpil chanm. Si se pa t sa, mwen ta di nou. Mwen pral pare yon plas pou nou.

³ Si mwen ale, epi mwen pare yon plas pou nou, m ap tounen ankò. Epi, mwen va pran nou avèk mwen. Konsa, kote mwen ye, nou va la tou.

⁴ Nou konnen kote mwen prale. Nou konnen chemen an tou.

⁵ Toma di li: Senyè, nou pa menm konnen kote w prale, kòman pou n ta kapab konnen chemen an?

⁶ Jezi di li: Mwen se chemen an, mwen se verite a, mwen se lavi a. Pèsonn pa ka ale kote Papa a, si li pa pase pa mwen menm.

⁷ Si nou te konnen mwen, nou ta konnen Papa mwen tou. E, depi kounye a, nou konnen li. Nou wè li tou.

⁸ Filip di li: Senyè, montre nou Papa a. Epi, sa va ase pou nou.

⁹ Jezi di li: Depi tan w avèk mwen, Filip, epi ou pa konnen mwen? Yon moun ki wè mwen, li wè Papa a! Kòman w fè di: «Montre nou Papa a!»

¹⁰ Ou kwè mwen nan Papa a epi Papa a nan mwen, pa vre? Pawòl m ap pale nou yo, se pa dapre mwen menm, m ap pale yo. Men, Papa a ki rete nan mwen, se li menm k ap fè travay yo.

¹¹ Kwè mwen, paske mwen nan Papa a, e Papa a nan mwen! Osinon, kwè mwen poutèt travay sa yo.

¹² Franchman, franchman, m ap di nou sa: Moun ki kwè nan mwen an, li va fè travay m ap fè yo. E, li va fè pi gwo travay pase sa yo, paske mwen menm, mwen prale kote Papa a.

- 13 Tout sa nou mande nan non mwen, mwen va fè li pou Papa a ka resevwa glwa nan Pitit la.
- 14 Si nou mande yon bagay nan non mwen, mwen va fè li.
- 15 Si nou renmen mwen, obeyi kòmanman mwen yo.
- 16 Epi, mwen menm, mwen va priye Papa a. Li va ban nou yon lòt Avoka ki va rete avèk nou pou letènite: Lespri verite a.
- 17 Lemonn pa kapab resevwa li, paske lemonn pa ni wè li ni konnen li. Men, nou menm, nou konnen li. Paske, li rete avèk nou, epi li va nan nou.
- 18 Mwen p ap kite nou tankou òfelen. M ap vin jwenn nou.
- 19 Nan yon ti moman, lemonn p ap wè mwen ankò. Men, nou menm, nou va wè mwen, paske m ap viv, epi nou menm tou, nou va viv.
- 20 Nan jou sa a, nou va konnen mwen nan Papa a, nou nan mwen, epi, mwen nan nou.
- 21 Yon moun ki genyen kòmanman mwen yo epi ki obeyi yo, se moun sa a ki renmen mwen. E, yon moun ki renmen mwen, Papa mwen va renmen l tou. Mwen menm tou, mwen va renmen li. Epi, mwen va fè li wè mwen.
- 22 Jida, ki pa Jida Iskaryòt la, di li: Senyè, sa k rive ki fè se pa lemonn, men, se nou menm, ou pral fè wè w la?
- 23 Jezi reponn, li di li: Si yon moun renmen mwen, li va obeyi pawòl mwen. Papa mwen va renmen li tou. Nou va vini jwenn li, epi nou va abite avèk li.
- 24 Yon moun ki pa renmen mwen, li pa obeyi pawòl mwen. E, pawòl n ap koute a, se pa pawòl mwen, men, se pawòl Papa ki voye m nan.
- 25 Pandan mwen la avèk nou, mwen pale bagay sa yo ak nou.
- 26 Men, Papa a ap voye Avoka a, Lespri Sen an, nan non mwen. Se li menm ki va anseye nou tout bagay. Epi, li va fè nou sonje tout bagay mwen te di nou yo.
- 27 Mwen kite lapè pou nou. Mwen ban nou lapè mwen. Mwen pa ban nou li, menm jan monn nan bay li. Anyen pa dwe ni toumante kè nou ni kraponnen kè nou!
- 28 Nou te tandè lè mwen te di nou: «Mwen prale epi m ap vin jwenn nou» an. Si nou te renmen mwen, nou ta kontan dèske mwen di: «Mwen prale jwenn Papa a.» Paske, Papa a pi enpòtan pase mwen.
- 29 Mwen pale nou kounye a anvan sa rive, se pou lè sa rive, nou ka kwè.
- 30 Mwen p ap pale anpil avèk nou ankò. Paske, chèf lemonn nan vini. E, li pa genyen anyen nan mwen.

³¹ Okontrè, tou sa se pou lemonn ka konnen, mwen renmen Papa a. Epitou, jan Papa a kòmande mwen, se konsa mwen fè. Leve! Ann ale!

Jan 15

- ¹ Mwen menm, mwen se vrè pye rezen an. Papa mwen se kiltivatè a.
- ² Chak branch nan mwen ki pa donneren fwi, li dekiye li. Men, chak branch ki donneren fwi, li pwòpte li pou li ka donneren plis fwi.
- ³ Grasa pawòl mwen di nou yo, nou menm, nou deja pwòp.
- ⁴ Rete nan mwen, mwen va rete nan nou. Menm jan branch lan pa kapab donneren fwi si li pa rete nan pye rezen an, se konsa nou p ap kapab tou, si nou pa rete nan mwen.
- ⁵ Mwen se pye rezen an. Nou menm, nou se branch yo. Sa ki rete nan mwen an epi mwen rete nan li a, li donneren anpil fwi. Paske, san mwen menm, nou pa kapab fè anyen.
- ⁶ Si yon moun pa rete nan mwen, yo jete li tankou branch lan. Epi, li seche. Yo rasanble branch yo. Yo jete yo nan dife. Epi, yo boule yo.
- ⁷ Si nou rete nan mwen epi pawòl mwen rete nan nou, nou mèl mande sa nou vle. Epi, Bondye ap fè li pou nou.
- ⁸ Lè nou donneren anpil fwi, sa bay Papa mwen glwa. Epitou, nou va vin disip mwen.
- ⁹ Menm jan Papa mwen renmen m nan, se konsa mwen renmen nou tou. Rete nan lamou mwen.
- ¹⁰ Mwen te obeyi kòmannman Papa m yo, epi mwen rete nan lamou li. Se menm jan an tou, si nou obeyi kòmannman m yo, nou va rete nan lamou mwen.
- ¹¹ Mwen di nou bagay sa yo dekwa pou lajwa mwen ka rete nan nou, epi, pou lajwa nou ka total.
- ¹² Men kòmannman m nan: Se pou nou youn renmen lòt, menm jan mwen renmen nou an.
- ¹³ Pèsonn pa genyen pi gran lamou pase lè yon moun bay lavi li pou zanmi li.
- ¹⁴ Nou menm, si nou fè sa mwen kòmande nou yo, nou se zanmi mwen.
- ¹⁵ Mwen pa rele nou sèvitè ankò. Paske, yon sèvitè pa konnen sa mèl li ap fè. Men, mwen rele nou zanmi. Paske, tout sa mwen tande kote Papa a, mwen fè nou konnen yo!
- ¹⁶ Se pa nou menm ki te chwazi mwen. Okontrè, se mwen menm ki te chwazi nou epi ki te etabli nou, dekwa pou nou ka ale, pou nou ka donneren fwi, epi

pou fwi nou yo ka rete. Konsa, chak sa nou mande Papa a nan non mwen, li va ban nou li.

¹⁷ Mwen kòmande nou bagay sa yo, dekwa pou nou youn ka renmen lòt.

¹⁸ Si lemonn rayi nou, nou dwe konnen, yo te rayi mwen anvan nou.

¹⁹ Si nou te pou lemonn, lemonn ta zanmi sa ki pou li. Men poukisa lemonn rayi nou: Se paske nou pa pou lemonn. Men, se mwen menm ki te chwazi nou nan lemonn.

²⁰ Sonje pawòl mwen te di nou an: Yon sèvitè pa pi enpòtan pase mèt li. Si yo pèsekite mwen, yo va pèsekite nou tou. Si yo obeyi pawòl mwen, yo va obeyi pawòl nou tou.

²¹ Okontrè, yo va fè nou tout bagay sa yo, poutèt non mwen. Paske, yo pa konnen moun ki voye m nan.

²² Si mwen pa t vini epi mwen pa t pale yo, yo pa ta gen peche. Men, kounye a, yo pa gen eskiz pou peche yo.

²³ Yon moun ki rayi mwen, li rayi Papa m tou.

²⁴ Mwen fè travay okenn lòt moun pa fè nan mitan yo. Si se pa t sa, yo pa ta gen peche. Men, kounye a, yo wè, epi yo rayi ni mwen menm, ni Papa mwen.

²⁵ Men, sa se dekwa pou pawòl ki te ekri nan Iwa yo a ka akonpli: Yo rayi mwen san rezon.

²⁶ Men, lè Avoka a vini, li va temwaye pou mwen. Se li menm m ap voye soti kote Papa a. Li se Lespri verite ki soti kote Papa a.

²⁷ Men, nou menm tou, nou va temwaye. Paske, nou avèk mwen depi o kòmansman.

Jan 16

¹ Mwen di nou bagay sa yo pou nou pa chite.

² Yo va mete nou deyò nan sinagòg. Yon lè menm va vini, kote nenpòt moun ki tiye nou, li va panse se sèvis Bondye l ap fè.

³ E, yo va fè bagay sa yo paske yo pa konnen ni Papa a, ni mwen menm.

⁴ Mwen di nou bagay sa yo, se pou lè lè a rive, nou ka sonje se mwen menm ki te di nou sa. Men, mwen pa t di nou bagay sa yo depi o kòmansman, paske mwen te la avèk nou.

⁵ Twouve kounye a, mwen prale jwenn moun ki te voye m nan. E, pèsonn nan nou pa mande mwen: «Kote w prale?»

⁶ Okontrè, paske mwen di nou bagay sa yo, lapenn plen kè nou!

- ⁷ Men, m ap di nou laverite. Li nan avantaj nou pou mwen ale. Vrèmanvre, si mwen pa ale, Avoka a p ap vini jwenn nou. Men, si mwen ale, m ap voye li pou nou.
- ⁸ E, li menm, lè li vini, li va demontre lemonn, yo koupab nan kesyon peche, nan kesyon jistis, ak nan kesyon jijman.
- ⁹ Nan kesyon peche a, se va paske yo pa kwè nan mwen.
- ¹⁰ Nan kesyon jistis la, se va paske mwen prale jwenn Papa a epi nou p ap wè mwen ankò.
- ¹¹ Nan kesyon jijman an, se va paske Bondye deja jije Chèf monn sa a.
- ¹² Mwen genyen anpil bagay pou mwen di nou toujou. Men, nou pa kapab kenbe yo kounye a.
- ¹³ Men, Lespri verite a, li menm, lè li vini, li va dirije nou nan tout verite a. Vrèmanvre, se pa dapre li menm, li va pale, men, se tout sa li tandè, li va pale. Epi, li va anonse nou bagay ki va rive yo.
- ¹⁴ Se li menm ki va ban mwen glwa. Paske, li va pran nan sa ki pou mwen, epi li va anonse nou li.
- ¹⁵ Tout sa Papa a genyen se pou mwen. Se poutèt sa, mwen di Lespri verite a va pran nan sa ki pou mwen, epi li va anonse nou li.
- ¹⁶ Apre yon ti moman, nou p ap wè mwen. Epi, yon ti moman ankò, n ap wè mwen. Paske, mwen prale jwenn Papa a.
- ¹⁷ Donk, kèk nan disip li yo, youn di lòt: Li di nou: «Apre yon ti moman, nou p ap wè mwen. Epi, yon ti moman ankò, n ap wè mwen.» Li di tou: «Mwen prale jwenn Papa a.» Kisa sa vle di?
- ¹⁸ Alò, yo di: «Ti moman» li di a, kisa li vle di? Nou pa konnen sa l ap di a.
- ¹⁹ Donk, Jezi te konnen yo te vle poze li kesyon. Li di yo: Mwen te di: «Apre yon ti moman, nou p ap wè mwen. Epi, yon ti moman ankò, n ap wè mwen.» Èske se sou sa, nou youn ap poze lòt kesyon?
- ²⁰ Franchman, franchman, m ap di nou sa: Nou menm, nou va rele anmwe, nou va kriye, epi lemonn va nan lajwa. Nou va nan lapenn, men, lapenn nou an va tounen lajwa.
- ²¹ Lè yon fi gen tranche, li nan lapenn, paske lè li rive. Men, lè li akouche, li fè timoun nan, li pa sonje tribilasyon an ankò. Paske, li kontan yon moun fèt sou latè.
- ²² Donk, nou menm tou, nou gen lapenn kounye a. Men, mwen va wè nou ankò. Epi, kè nou va gen lajwa. E, pèsoun p ap kapab wete lajwa sa a nan kè nou.

- ²³ Nan jou sa a, nou p ap poze mwen okenn kesyon. Franchman, franchman, m ap di nou sa: Tout sa nou mande Papa a nan non mwen, l ap ban nou li.
- ²⁴ Anvan kounye a, nou pa t mande anyen nan non mwen. Mande, epi n ap resevwa. Konsa, lajwa nou va total.
- ²⁵ Mwen di nou bagay sa yo an pwovèb. Men, yon lè ap vini, lè sa a, mwen p ap pale ak nou an pwovèb ankò. Okontrè, se aklè mwen va anonse nou bagay sou Papa a.
- ²⁶ Nan jou sa a, nou va mande nan non mwen. E, mwen pa di se mwen menm ki va mande Papa a pou nou.
- ²⁷ Vrèmanvre, Papa a, li menm, li renmen nou, paske nou menm, nou renmen mwen. Epitou, nou kwè se kote Bondye, mwen soti.
- ²⁸ Mwen soti kote Papa a, epi mwen vini nan lemonn. M ap kite lemonn, epi m aprale kote Papa a ankò.
- ²⁹ Disip li yo di li: Gade! Kounye a, w ap pale aklè. Ou pa pale an pwovèb.
- ³⁰ Se kounye a nou konnen, ou konnen tout bagay, epi ou pa bezwen pèsonn poze ou kesyon. Konsa, nou kwè se kote Bondye ou soti.
- ³¹ Jezi reponn yo, li di: Se kounye a nou kwè?
- ³² Gade! Gen yon lè k ap vini, kounye a menm, li deja rive, lè nou chak ap gaye kote pa nou, epi n ap kite mwen sèl. Men, mwen pa tou sèl. Paske, Papa a avèk mwen.
- ³³ Mwen di nou bagay sa yo pou nou ka genyen lapè nan mwen. Nou va jwenn anpil tribilasyon nan lemonn. Men, pran kouraj. Mwen deja gen laviktwa sou lemonn.

Jan 17

- ¹ Jezi di bagay sa yo. Epi, li leve je li anlè nan syèl la, li di: Papa, lè a rive. Glorifye Pitit ou a, pou Pitit ou a ka glorifye w tou.
- ² Fè sa, menm jan ou te ba li pouvwa sou tout moun, dekwa pou tout moun ou ba li yo, li ka ba yo lavi etènèl.
- ³ Men sa ki lavi etènèl la: Se konnen ou menm, sèl vrè Bondye a, ak Jezi Kris, sila ou voye a.
- ⁴ Mwen ba ou glwa sou latè. Mwen fini travay ou te ban mwen fè a.
- ⁵ Kounye a, Papa, glorifye mwen nan prezans ou. Ban mwen glwa, mwen te genyen avèk ou, depi anvan lemonn te egziste a.
- ⁶ Moun ou te ban mwen pami moun lemonn yo, mwen montre yo non ou. Se pou ou yo te ye. Men, ou te ban mwen yo. Epi, yo obeyi pawòl ou.

- ⁷ Kounye a, yo konnen tout sa ou te ban mwen yo, se kote ou yo soti.
- ⁸ Paske, mwen ba yo pawòl ou te ban m nan. Yo resevwa li. Yo konnen se kote ou mwen soti vre. Yo kwè se ou menm ki voye mwen.
- ⁹ Se pou yo menm m ap priye. Mwen pa priye pou lemonn, men, pou sa ou ban mwen yo. Paske, se pou ou yo ye.
- ¹⁰ Tout sa ki pou mwen, se pou ou. Sa ki pou ou tou, se pou mwen. Epi, mwen resevwa glwa nan yo.
- ¹¹ Mwen pa nan monn nan ankò. Yo menm, yo nan monn nan. Men, mwen menm, m ap vini jwenn ou. Papa, ou menm ki sen, sa ou ban mwen yo, kenbe yo nan non ou. Konsa, yo va fè youn, menm jan nou ye a.
- ¹² Lè mwen te avèk yo nan monn nan, mwen te kenbe yo nan non ou. Mwen te pwoteje sa ou te ban mwen yo. Okenn nan yo pa pèdi, esepite nonm ki te pou peri a. E, sa rive pou Lekriti te ka akonpli.
- ¹³ Men, kounye a, m ap vini jwenn ou. Mwen di bagay sa yo nan lemonn, dekwa pou lajwa, mwen genyen an, ka total nan yo.
- ¹⁴ Mwen ba yo pawòl ou a. Yo pa moun lemonn, menm jan mwen menm, mwen pa moun lemonn. Poutèt sa, lemonn rayi yo.
- ¹⁵ Mwen pa mande w pou w wete yo nan lemonn. Men, pwoteje yo anba Mechan an.
- ¹⁶ Menm jan, mwen menm, mwen pa moun lemonn, yo menm tou, yo pa moun lemonn.
- ¹⁷ Konsakre yo nan verite w la. Pawòl ou a se verite.
- ¹⁸ Menm jan ou te voye mwen nan lemonn nan, mwen menm tou, mwen voye yo nan lemonn.
- ¹⁹ Se poutèt yo, mwen konsakre tèt mwen. Konsa, ou va konsakre yo tou, nan laverite.
- ²⁰ Se pa pou yo sèlman m ap priye, men tou, se pou tout moun ki va kwè nan mwen grasa mesaj yo.
- ²¹ Konsa, menm jan ou menm, Papa, ou nan mwen, epi mwen menm, mwen nan ou, yo tout, yo va fè yon sèl. Konsa tou, yo va fè yon sèl nan nou, pou lemonn ka kwè se ou menm ki te voye m.
- ²² Mwen te ba yo glwa, ou te ban m nan, dekwa pou yo ka fè yon sèl, menm jan nou fè yon sèl la.
- ²³ Mwen nan yo, e ou nan mwen. Konsa, yo va fin fè yon sèl nèt. E, konsa tou, lemonn va konnen se ou menm ki te voye mwen, epi ou renmen yo, menm jan ou renmen m nan.

²⁴ Papa, mwen ta vle kote mwen ye, pou moun ou ban mwen yo, yo menm tou, yo la avèk mwen. Konsa, yo va wè glwa, ou te ban m nan. Paske, ou te renmen mwen depi anvan ou te kreye lemonn.

²⁵ Papa, ou menm ki jis, menm si lemonn pa t konnen ou, men, mwen menm, mwen te konnen ou. Yo menm tou, yo te rekonèt se ou menm ki te voye mwen.

²⁶ Mwen te fè yo konnen non ou, e mwen va fè yo konnen li, dekwa pou lamou ou te genyen pou mwen an ka nan yo, epi pou mwen menm, mwen ka nan yo.

Jan 18

¹ Lè Jezi fin di bagay sa yo, li soti al lòt bò Ravin Sedwon ak disip li yo. Te genyen yon jaden la. Li menm ak disip li yo antre ladan l.

² Jida, ki t apral trayi li, te konnen kote a tou, paske Jezi te vin la plizyè fwa ak disip li yo.

³ Donk, Jida pran yon rejiman ansanm ak polis sakrifikatè prensipal yo ak Farizyen yo. Li ale la avèk tòch, lanp, ak zam.

⁴ Alò, Jezi te konnen tout sa ki t apral rive li. Li pwoche, li di yo: Kilès n ap chèche?

⁵ Yo reponn li, yo di: Jezi, moun Nazarèt! Jezi di yo: Se mwen menm! Men, Jida, ki t ap trayi li, te kanpe avèk yo tou.

⁶ Alò, lè li di yo «Se mwen menm!» yo fè bak. Yo tonbe atè.

⁷ Donk, Jezi mande yo ankò: Kilès n ap chèche? Yo di: Jezi, moun Nazarèt!

⁸ Jezi reponn, li di: Mwen di nou se mwen menm! Donk, si se mwen n ap chèche, kite sa yo ale.

⁹ Tout sa, se dekwa pou pawòl li te di a te ka akonpli. Li te di: Mwen pa pèdi okenn nan moun ou te ban mwen yo.

¹⁰ Alò, Simon Pyè te genyen yon epe. Li rale li, li frape sèvitè sakrifikatè an chèf la, li koupe zòrèy dwat li. Non sèvitè a se te Malkis.

¹¹ Donk, Jezi di Pyè: Met epe w la nan fouwo li. Papa a ban mwen gode sa a, mwen dwe bwè li, pa vre?

¹² Alò, rejiman an, kòmandan an ansanm ak polis Juif yo arete Jezi. Yo mare li.

¹³ Epi, yo mennen li kote Àn an premye. Paske, Àn te bòpè Kayif ki te sakrifikatè an chèf nan ane sa a.

¹⁴ Se Kayif ki te bay Juif yo konsèy sa a: Se nan avantaj nou si yon sèl moun peri pou pèp la.

- 15 Simon Pyè ak yon lòt disip te suiv Jezi. Sakrifikatè an chèf la te konnen disip sa a. Li menm, li suiv Jezi andedan lakou sakrifikatè an chèf la.
- 16 Men, Pyè, li menm, te kanpe deyò nan baryè a. Donk, lè disip sakrifikatè an chèf la konnen an soti, li pale ak fi ki t ap veye baryè a. Epi, li fè Pyè antre.
- 17 Alò, sèvant ki t ap veye baryè a di: Ou menm tou, ou se youn nan disip nonm sa a, pa vre? Pyè di: Se pa mwen menm!
- 18 Li te fè frèt. Sèvitè yo ak polis yo te kanpe bò yon dife chabon yo te fè. Yo t ap chofe kò yo. Men, Pyè te kanpe avèk yo, li t ap chofe kò l tou.
- 19 Alò, sakrifikatè an chèf la poze Jezi kesyon sou disip li yo ak ansèyman l lan.
- 20 Jezi reponn li, li di: Mwen te anseye moun yo an piblik. Se nan sinagòg, nan lakou tanp lan, kote Juif yo rasanble, se la mwen te toujou anseye. Mwen pa t di anyen an sekre.
- 21 Poukisa se mwen menm w ap mande? Mande moun ki t ap koute yo kisa mwen te di yo. Gade! Yo menm, yo konnen kisa mwen te di.
- 22 Pandan Jezi ap di bagay sa yo, youn nan polis ki te kanpe kote l yo ba li yon souflèt. Epi, li di: Se konsa ou reponn sakrifikatè an chèf la?
- 23 Jezi reponn li, li di: Si mwen mal pale, temwaye kisa ki mal la. Men, si mwen byen pale, poukisa w ap frape m nan?
- 24 Àn voye Jezi tou mare bay Kayif, sakrifikatè an chèf la.
- 25 Simon Pyè, li menm, te kanpe, li t ap chofe kò l. Donk, yo di li: Ou menm tou, ou se youn nan disip li yo, pa vre? Alò, li nye sa, li di: Se pa mwen menm!
- 26 Youn nan sèvitè sakrifikatè an chèf la, youn ki fanmi ak nonm Pyè te koupe zòrèy li a, di: Se ou menm, mwen te wè avèk li nan jaden an, pa vre?
- 27 Alò, Pyè nye sa ankò. Menm lè a tou, kòk chante.
- 28 Soti kote Kayif, yo mennen Jezi nan palè gouvènè a. Se te granmmaten. Yo pa t antre nan palè a yo menm pou yo pa t sal tèt yo dapre lalwa. Konsa, yo te ka manje manje Pak la.
- 29 Donk, Pilat soti al kote yo, li di: Ki plent nou pote kont nonm sa a?
- 30 Yo reponn, yo di li: Si li pa t yon malfektè, nou pa ta livre li ba ou.
- 31 Apre sa, Pilat di yo: Pran li nou menm, epi jije li dapre lwa nou an. Alò Juif yo di Pilat: Yo pa pèmèt nou tiye pèsonn.
- 32 Sa rive dekwa pou pawòl Jezi te di a te ka akonpli, lè li te montre nan ki kalite lanmò li t apral mouri.

33 Donk, Pilat antre nan palè a ankò. Li rele Jezi, li di li: Èske se ou menm ki wa Juif yo?

34 Jezi reponn li, li di: Èske w ap di sa dapre ou menm, oubyen, èske se lòt moun ki di w sa sou mwen?

35 Pilat reponn, li di: Mwen menm, èske mwen se Juif? Se pèp ou a ak sakrifikatè prensipal yo ki livre ou ban mwen. Kisa ou te fè?

36 Jezi reponn, li di: Wayòm mwen an, se pa nan monn sa a li soti. Si wayòm mwen an te soti nan monn sa a, polis pa mwen ta lite pou yo pa livre mwen bay Juif yo. Men, kounye a, wayòm mwen an pa soti anba isit.

37 Alò, Pilat di li: Donk, ou se wa? Jezi reponn, li di: Ou menm, ou di mwen se wa! Men poukisa mwen te fèt, men poukisa mwen te vini nan lemonn: se pou mwen te ka temwaye verite a. Tout moun ki moun verite a, yo koute vwa mwen.

38 Pilat di li: Kisa ki verite a? Lè li fin di sa, li soti al kote Juif yo ankò. Li di yo: Mwen pa jwenn anyen mal nan li.

39 Men, se koutim nou pou mwen lage yon moun pou nou pandan Pak la. Donk, èske nou ta vle mwen lage wa Juif yo pou nou?

40 Alò, yo tout pran rele ankò, yo di: Se pa li menm! Okontrè, ban nou Barabas! Alòske, Barabas te yon piyajè.

Jan 19

1 Donk, lè sa a, Pilat pran Jezi, li fè bat li.

2 Sòlda yo trese yon kouwòn pikan, yo mete l sou tèt Jezi. Yo vlope Jezi nan yon rad wouj-vyolèt.

3 Yo di: «Bonjou, wa Juif yo!» Epi, yo ba li souflèt.

4 Alò, Pilat soti deyò a ankò, li di yo: Gade! Mwen mennen li deyò a, se pou nou ka konnen, mwen pa jwenn anyen mal nan li.

5 Donk, Jezi soti deyò a, kouwòn pikan an ak rad wouj-vyolèt la te sou li. Epi, Pilat di yo: Gade! Men nonm nan!

6 Donk, lè sakrifikatè prensipal yo ak polis yo wè li, yo pran rele, yo di: Krisifye li! Krisifye li! Pilat di yo: Pran li, nou menm, epi krisifye li. Paske, mwen menm, mwen pa jwenn anyen mal nan li.

7 Juif yo reponn li, yo di: Nou menm, nou genyen yon lwa. E, dapre lwa sa a, fòk li mouri. Paske, li fè tèt li pase pou Pitit Bondye.

8 Donk, lè Pilat tande pawòl sa a, li te pi pè toujou.

- ⁹ Li antre nan palè a ankò, li di Jezi: Kote w soti? Men, Jezi pa t ba li okenn repons.
- ¹⁰ Donk, Pilat di Jezi: Se avèk mwen, ou p ap pale a? Ou pa konnen, mwen gen pouvwa pou mwen krisifye ou, epi mwen gen pouvwa pou mwen lage ou?
- ¹¹ Jezi reponn, li di: Ou pa ta genyen okenn pouvwa sou mwen, si se pa t Bondye anlè a ki te ba ou li. Se poutèt sa, moun ki livre mwen ba ou a, li fè yon pi gwo peche toujou.
- ¹² Depi lè sa a, Pilat t ap chèche lage li. Men, Juif yo rele, yo di: Si ou lage li, ou pa zanmi Seza! Tout moun ki fè tèt li wa, se kont Seza l ap pale.
- ¹³ Donk, lè Pilat tandè sa, li mennen Jezi deyò a. Li chita nan tribinal la. (Se plas yo rele Glasi a. Men, ann Ebre, se Gabata.)
- ¹⁴ Se te jou preparasyon pou Pak la. Li te nan sizyèm è a konsa. Epi, Pilat di Juif yo: Gade! Men wa nou an!
- ¹⁵ Men, yo pran rele: Tiye li! Tiye li! Krisifye li! Pilat di yo: Wa nou an pou mwen krisifye a? Sakrifikatè prensipal yo reponn, yo di: Apre Seza, nou pa genyen lòt wa!
- ¹⁶ Donk, lè sa a, Pilat livre li ba yo, pou yo krisifye li. Yo pran Jezi, yo mennen l ale.
- ¹⁷ Li pote kwa li, li soti ale kote yo rele Plas Zotèt la. Ann Ebre, se Gòlgota.
- ¹⁸ Se la yo krisifye li, li menm ansanm avèk de lòt: Youn chak bò, Jezi nan mitan.
- ¹⁹ Men, Pilat te fè yon pankat tou. Li mete li sou kwa a. Li te ekri sou li: JEZI, MOUN NAZARÈT, WA JUIF YO!
- ²⁰ Anpil nan Juif yo te li pankat la, paske plas kote yo te krisifye Jezi a te tou pre vil la. Epitou, pankat la te ekri nan lang Ebre, nan lang Grèk, avèk nan lang Latèn.
- ²¹ Alò, sakrifikatè prensipal Juif yo di Pilat: Pa ekri: «Wa Juif Yo.» Okontrè, ekri: «Nonm sa a di li se wa Juif yo!»
- ²² Pilat reponn yo, li di: Sa mwen ekri a, mwen ekri l nèt!
- ²³ Lè sòlda yo fin krisifye Jezi, yo pran rad li. Yo fè li fè kat pati: Yon pati pou chak sòlda! Yo pran chemizèt li tou. Men, chemizèt la te san kouti. Li te trikote toutantye depi anwo.
- ²⁴ Donk, youn di lòt: Annou pa chire li. Okontrè, annou fè tirajosò pou n wè pou ki moun li va ye. Tout sa se dekwa pou Lekriti te kapab akonpli, kote li di: Yo separe rad mwen yo antre yo. Yo fè tirajosò sou wòb mwen an. Donk, se bagay sa yo menm sòlda yo te fè.

- 25** Men, manman Jezi; sè manman I lan; Mari, madanm Kleopas; ak Mari, moun Magdala, te kanpe sou kote kwa Jezi a.
- 26** Alò, Jezi wè disip li te renmen an kanpe kote manman an. Li di manman li: Madanm, gade! Men pitit ou!
- 27** Li di disip la: Gade! Men manman ou! E, depi lè sa a, disip la pran manman an lakay li.
- 28** Apre sa, Jezi wè tout bagay te deja fin akonpli. E, pou Ekriti a te ka akonpli, li di: Mwen swaf!
- 29** Alò, te genyen yon bòl plen vinèg ki te la. Yo tranpe yon eponj nan vinèg la, yo mete li sou yon gòl izòp. Epi, yo pwoche li bò bouch li.
- 30** Alò, lè Jezi pran vinèg la, li di: Se fini! Epi, li bese tèt li, li remèt lespri li.
- 31** Se te jou preparasyon saba a. E, saba sa a te yon gran jou. Alò, pou kò yo pa t rete sou kwa a pandan saba a, Juif yo mande Pilat pou li kase janm moun yo epi desann kò yo.
- 32** Alò, sòlda yo ale. Yo kase janm ni premye nonm nan, ni lòt nonm yo te krisifye ak Jezi a.
- 33** Men, lè yo rive sou Jezi, yo wè li te deja mouri. Alò, yo pa kase janm li.
- 34** Okontrè, youn nan sòlda yo pèse bò kòt Jezi ak yon lans. Menm lè a, san ak dlo soti.
- 35** Se moun ki te wè I la k ap temwaye. E, temwayaj li a se laverite. Li menm, li konnen I ap di laverite pou, nou menm, nou ka kwè.
- 36** Vrèmanvre, sa rive pou Ekriti sa a ka akonpli: Yon zo I p ap kase!
- 37** Yon lòt kote, Lekriti di ankò: Yo va gade moun yo pèse a!
- 38** Apre bagay sa yo, Jozèf, moun Arimate, mande Pilat pèmisyon pou li pran kò Jezi. Pilat pèmèt li sa. Alò, I ale, li pran kò Jezi. Jozèf te yon disip Jezi, men, se te an sekre, paske li te pè Juif yo.
- 39** Nikodèm te vini tou. Se li menm, ki te ale kote Jezi lannuit anvan sa. Li pote prèske san liv yon melanj lami ak lalwa.
- 40** Alò, yo pran kò Jezi. Yo bande li ak twal len avèk pafen an. Se konsa koutim antèman Juif yo ye.
- 41** Nan plas kote yo te krisifye Jezi a, te genyen yon jaden. Nan jaden an, te genyen yon tonm nèf. Yo pa t janm mete pèsounn ladan I.
- 42** Donk, se la yo mete Jezi, paske se te jou Juif yo t ap prepare pou saba a, epi tonm nan te tou pre.

Jan 20

- ¹ Men, premye jou semèn nan, Mari moun Magdala ale nan tonm nan bonè. Li te fènwa toujou. Li wè yo te wete wòch la devan tonm nan.
- ² Alò, li kouri, l ale kote Simon Pyè ak lòt disip Jezi renmen an. Li di yo: Yo pran Senyè a nan tonm nan. Nou pa konnen kote yo mete li.
- ³ Alò, Pyè soti ak lòt disip la. Yo kouri nan tonm nan.
- ⁴ Tou de te kouri ansanm. Men, lòt disip la kouri pi vit pase Pyè, li rive nan tonm nan an premye.
- ⁵ Li bese, li wè twal len yo la. Men, li pa antre.
- ⁶ Alò, Simon Pyè, ki t ap suiv li, rive. Li antre nan tonm nan. Li wè pil twal len yo.
- ⁷ Men, mouchwa ki te sou tèt Jezi a pa t ansanm avèk pil twal len yo. Okontrè, li te vlope yon kote apa.
- ⁸ Donk, lè sa a, lòt disip la antre tou. Se li menm ki te rive bò tonm nan an premye a. Li wè, e li kwè!
- ⁹ Vrèmanvre, yo pa t ko konprann Ekriti a ki di: Fòk Jezi resisite pami mò yo.
- ¹⁰ Donk, disip yo ale lakay yo ankò.
- ¹¹ Men, Mari kanpe bò tonm nan. Li t ap kriye deyò a. Pandan li t ap kriye a, li bese gade nan tonm nan.
- ¹² Li wè de zanj an blan ki chita. Youn nan tèt, lòt la nan pye kote kò Jezi te ye a.
- ¹³ Yo di li: Madanm, poukisa w ap kriye? Li di yo: Se paske yo pran Senyè m nan, epi mwen pa konnen kote yo mete li.
- ¹⁴ Lè li fin di bagay sa yo, li vire won. Li wè Jezi kanpe. Men, li pa t konnen se te Jezi.
- ¹⁵ Jezi di li: Madanm, poukisa w ap kriye? Kisa w ap chèche? Mari, li menm, te panse se te jeran an. Li di li: Mesye, si se ou menm ki retire li, di mwen kote ou mete li, mwen va al pran li.
- ¹⁶ Jezi di li: Mari! Li vire, li di Jezi: Rabouni! --Sa vle di: Mèt!
- ¹⁷ Jezi di li: Pa kenbe mwen, paske, mwen poko monte kote Papa mwen. Men, ale kote frè mwen yo, di yo mwen di: «M ap monte kote Papa mwen, Papa nou tou, kote Bondye mwen, Bondye nou tou.»
- ¹⁸ Mari, moun Magdala, ale. Li anonse disip yo ni jan li te wè Senyè a ni bagay Senyè a te di l yo.

- ¹⁹ Se te nan aswè, menm premye jou semèn nan. Paske, disip yo te pè Juif yo, yo te fèmen pòt kote yo te reyini an. Jezi vini nan mitan yo, li di yo: Lapè avèk nou!
- ²⁰ Lè li fin di sa, li montre yo men li ak bò kòt li. Alò, lè disip yo wè se te Senyè a, yo te kontan.
- ²¹ Donk, Jezi di yo ankò: Lapè avèk nou! Menm jan Papa a te voye m nan, se konsa mwen menm, mwen voye nou.
- ²² Lè li fin di sa, li souffle. Li di yo: Resevwa Lespri Sen!
- ²³ Si nou padone peche yon moun, Bondye va padone yo tou. Si nou kenbe peche yon moun, Bondye va kenbe yo tou.
- ²⁴ Men, gen youn nan Douz yo ki pa t la avèk yo lè Jezi te vini an. Se te Toma, sa ki rele Jimo a.
- ²⁵ Donk, lòt yo di li: Nou wè Senyè a! Men, li menm, li di yo: Si mwen pa wè mak klou yo nan men li, si mwen pa mete dwèt mwen nan mak klou yo, si mwen pa mete men mwen bò kòt li, mwen p ap kwè ditou.
- ²⁶ Epi, ui jou apre sa, disip Jezi yo te andedan kay la ankò. Pòt yo te fèmen, e Toma te avèk yo. Jezi vini, li kanpe nan mitan yo. Epi, li di: Lapè avèk nou!
- ²⁷ Apre sa, li di Toma: Lonje dwèt ou isit la, santi men mwen! Lonje men ou, mete li bò kòt mwen. Epi, sispann doute! Okontrè, kwè!
- ²⁸ Toma reponn, li di li: Senyè mwen! Bondye mwen!
- ²⁹ Jezi di li: Paske ou wè mwen, ou kwè! Moun ki pa wè epi ki kwè, yo byennere!
- ³⁰ Vrèmanvre, Jezi te fè anpil lòt mirak-siy ankò devan disip li yo. Yo pa ekri nan liv sa a.
- ³¹ Men, yo ekri sa yo, se pou nou ka kwè Jezi se Kris la, Pitit Bondye a, epitou, pou lè nou kwè a, nou ka gen lavi nan non li.

Jan 21

- ¹ Apre bagay sa yo, Jezi te parèt ankò devan disip yo. Se te bò Lanmè Tiberyad. Men kijan li te parèt:
- ² Simon Pyè; Toma, sa yo rele Jimo a; Natanayèl, moun Kana, nan Galile; ak de pitit Zebede yo, te la ansanm ak de lòt nan disip yo.
- ³ Simon Pyè di yo: Mwen pral lapèch! Yo di li: Nou menm tou, nou prale avèk ou. Y ale, yo anbake nan kannòt la menm lè a. Men, nan nuit sa a, yo pa t kenbe anyen.

⁴ Jou te deja ap louvri, lè Jezi parèt bò lanmè a. Men, disip yo pa t konnen se te Jezi.

⁵ Alò, Jezi di yo: Timoun, nou pa gen manje, pa vre? Yo reponn li, yo di: Non!

⁶ Li di yo: Voye filè a adwat kannòt la, nou va jwenn. Vrèmanvre, yo voye filè a. Men, li te tèlman plen ak pwason, yo pa t kapab rale l ankò.

⁷ Alò, disip Jezi te renmen an di Pyè: Se Senyè a! Simon Pyè te toutouni. Alò, lè li tande se te Senyè a, li mete rad sou li, li lage kò l nan lanmè a.

⁸ Lòt disip yo vini nan ti kannòt la. Yo rale filè pwason an, paske yo pa t lwen tè, men, yo te de san koude konsa.

⁹ Alò, lè yo debake atè, yo wè pen, yon dife limen ak pwason sou li.

¹⁰ Jezi di yo: Pote kèk nan pwason nou fèk kenbe yo.

¹¹ Simon Pyè anbake, li rale filè a atè. Ladan li, te genyen sansenkanntwa gwo pwason. Malgre yo te anpil, filè a pa t chire.

¹² Jezi di yo: Vin manje! Pèsonn nan disip yo pa t oze mande li: Ki moun ou ye? Yo te konnen se te Senyè a!

¹³ Alò, Jezi vini, li pran pen, li ba yo. Li fè menm jan an ak pwason an tou.

¹⁴ Depi Jezi te resisite pami mò yo, sa a se te deja twazyèm fwa li parèt devan disip yo.

¹⁵ Lè yo fin manje, Jezi di Simon Pyè: Simon, pitit Jonas, èske ou renmen mwen plis pase sa yo? Li di li: Wi, Senyè! Ou konnen mwen renmen ou. Jezi di li: Bay ti mouton mwen yo manje.

¹⁶ Yon dezyèm fwa, Jezi di Pyè ankò: Simon, pitit Jonas, èske ou renmen mwen? Li di li: Wi, Senyè! Ou konnen mwen renmen ou! Jezi di li: Pran swen mouton mwen yo.

¹⁷ Jezi di li yon twazyèm fwa: Simon, pitit Jonas, èske ou renmen mwen? Pyè te tris dèske Jezi te di li yon twazyèm fwa: Èske ou renmen mwen? Li di Jezi: Senyè, ou konnen tout bagay. Ou konnen mwen renmen ou! Jezi di li: Bay mouton mwen yo manje!

¹⁸ Franchman, franchman, m ap di ou sa: Lè ou te jèn, ou te mare senti ou poukont ou, epi ou mache al kote ou vle. Men, lè ou va granmoun, ou va lonje men ou, epi se yon lòt moun ki va mare senti ou. E, li va mennen ou kote ou pa vle.

19 Jezi di sa pou li montre ak ki kalite lanmò Pyè t apral bay Bondye glwa. Lè li fin pale konsa, li di Pyè: Suiv mwen!

20 Men, Pyè vire, li wè disip Jezi renmen an ap suiv yo. Se li menm ki te panche sou lestomak Jezi epi ki te di «Senyè, kilès k ap trayi w la?»

21 Lè Pyè wè li, Pyè di Jezi: Senyè, e li menm?

22 Jezi di li: Si mwen ta vle li rete jis lè mwen vini, kisa sa fè w? Ou menm, suiv mwen!

23 Donk, pawòl sa a gaye pami frè yo: Disip sa a p ap mouri! Men, Jezi pa t di li p ap mouri. Okontrè, li te di: «Si mwen ta vle li rete jis lè mwen vini, kisa sa fè w?»

24 Se disip sa a k ap temwaye bagay sa yo epi ki te ekri yo. E, nou konnen temwayaj li a se laverite.

25 Jezi te fè anpil lòt bagay ankò. Si yo ta ekri yo youn pa youn, mwen pa kwè menm lemonn antye ta ka kenbe liv yo ta ekri yo. Amèn!

Travay apot yo

Travay apot yo 1

- ¹ Teyofil, vrèmanvre, mwen te fè premye liv la sou tout travay Jezi yo ak sou ansèyman li yo, depi jou li te kòmanse a,
- ² pou jis jou li te monte nan syèl la. Grasa Lespri Sen an, li bay apot li te chwazi yo lòd, epi li monte.
- ³ Apre li te fin soufri, se devan yo menm tou, li te prezante tèt li, e avèk anpil prèv li te montre li vivan. Yo te wè li pandan karant jou: Li t ap pale sou bagay ki konsène wayòm Bondye a.
- ⁴ Pandan yo te reyini ansanm, li kòmande yo pou yo pa kite Jerizalèm, men, pou yo tann sa Papa a te pwomèt la. Li di yo: Se sa nou te tandè mwen di a.
- ⁵ Vrèmanvre, Jan te batize moun nan dlo. Men, nan kèk jou ankò, nou menm, nou va resevwa batèm nan Lespri Sen an.
- ⁶ Donk, lè yo te reyini ansanm nan, yo t ap poze li kesyon. Yo t ap di li: Senyè, èske se nan tan sa a ou va etabli wayòm nan pou Izrayèl ankò?
- ⁷ Li di yo: Afè konnen tan ak dat, sa pa pou nou! Se Papa a ki fikse yo avèk pwòp otorite li.
- ⁸ Okontrè, lè Lespri Sen an va vini sou nou, nou va resevwa pisans, epi nou va temwen pou mwen nan Jerizalèm, nan tout Jide, nan Samari, rive jis nan pwent latè.
- ⁹ Lè li fin di sa, pandan yo t ap gade a menm, li monte nan syèl. Yon nyaj pati ak li devan je yo.
- ¹⁰ Pandan li t aprale, je yo te fikse nan syèl la. Epi, twouve de zòm ki te abiye an blan te kanpe devan yo.
- ¹¹ Epi, li di: Nou menm Galileyen, pouki nou kanpe ap gade syèl la konsa? Jezi sa a ki monte nan syèl kite nou an, menm jan nou wè li ale nan syèl la, se konsa l ap vini tou.
- ¹² Apre sa, yo kite kote yo rele Mòn Oliv la, tou pre Jerizalèm, distans yon chemen saba konsa, epi yo tounen Jerizalèm.
- ¹³ Lè yo antre, yo monte nan chanmòt kote yo te rete a. Se te Pyè, Jan, Jak ak Andre, Filip ak Toma, Batèmi ak Matye, Jak pitit Alfe ak Simon ki te Zelòt la, ak Jid pitit Jak.
- ¹⁴ Yo tout, nan tèt ansanm, yo t ap pèsèvere nan lapriyè ak nan siplikasyon. Medam yo, Mari ki manman Jezi, ak frè Jezi yo te avèk yo tou.
- ¹⁵ Menm jou sa yo, yon foul ki te genyen sanven moun konsa te la ansanm. Pyè kanpe nan mitan disip sa yo.

¹⁶ Li di: Nou menm, frè mwen yo, fòk Ekriti sa a te akonpli, kote nan bouch David, Lespri Sen an te pale davans sou Jida ki te gide moun ki te arete Jezi yo.

¹⁷ Vrèmanvre, yo te konte Jida kòm youn nan nou. E, li te resevwa yon pòsyon nan ministè sa a.

¹⁸ Donk, nonm sa a achte yon tè ak lajan zak enjistis la. Li tonbe fas anba. Li fann nan mitan. Epi, tout zantray li vide.

¹⁹ Tout moun Jerizalèm vin konnen sa, ki fè menm nan pwòp lang yo, yo rele tè a Akèldama. Sa vle di, Tè San.

²⁰ Vrèmanvre, sa ekri nan Liv Sòm: Se pou kay li vin yon savann, Pou pèsoun pa abite ladan !! Epi ankò: Se pou yon lòt pran ministè a!

²¹⁻²² Donk, fòk yon moun vin temwen avèk nou sou rezirèksyon Senyè Jezi. Se va youn nan mesye sa yo ki te akonpaye nou, tout tan Senyè Jezi t ap ale vini pami nou, kòmanse lè batèm Jan an jis nan jou Jezi te monte kite nou an.

²³ Yo prezante de moun: Se te Jozèf yo rele Basabas, alyas Jistis, avèk Matyas.

²⁴ Epi, yo priye, yo di: Senyè, ou menm ki konnen kè tout moun, pami de moun sa yo, montre nou youn ou chwazi.

²⁵ Konsa, nan ministè ak apostola sa a, li va pran pòsyon Jida te kite pou l te ale pwòp kote pa l la.

²⁶ Yo fè tirajosò pou yo. Matyas soti nan tiraj la. Epi, yo ajoute li sou onz apot yo.

Travay apot yo 2

¹ Lè jou Pannkòt la rive, yo tout, yo te menm kote a, tèt ansanm.

² Sibitman, yon bri soti nan syèl la tankou yon gwo van k ap soufle. Epi, bri a plen tout kay kote yo te chita a.

³ Yo wè lang tankou lang dife ki separe youn ak lòt. Epi, youn poze sou yo chak.

⁴ Alò, Lespri Sen an ranpli yo tout. Epi, yo kòmanse pale lòt lang, dapre jan Lespri a te ba yo pale.

⁵ Te genyen Juif ki soti nan tout nasyon anba syèl la, ki abite Jerizalèm. Se te moun devwe.

⁶ Lè bri a fèt, foul la rasanble. Yo te an boulvès, paske yo chak t ap tandè moun yo pale nan pwòp lang pa yo.

- ⁷ Yo te etone. Yo te sezi. Youn t ap di lòt: Gade! Tout moun k ap pale la a, yo se moun Galile, pa vre?
- ⁸ Kòman nou fè tande yo nan lang pa nou chak, nan lang kote nou te fèt la?
- ⁹ Nou menm, Pat, Mèd, Elamit, ak moun ki abite Mezopotami, Jide ak Kapadòs, Pon ak Azi,
- ¹⁰ nou menm moun Friji ak Panfili, Ejip ak zòn Libi tou pre Sirèn, vizitè ki soti Wòm, ni Juif ni Pwozelit,
- ¹¹ Kretwa ak Arab, nou tout, nou tande y ap pale mèvèy Bondye nan lang pa nou.
- ¹² Yo tout te etone. Yo te boulvèse. Youn t ap di lòt: Kisa sa vle di?
- ¹³ Men, lòt moun t ap moke yo. Yo t ap di: Moun sa yo sou, yo anba diven!
- ¹⁴ Alò, Pyè kanpe avèk Onz yo. Li leve vwa li. Epi, li di moun yo: Nou menm Juif yo ak tout moun ki abite Jerizalèm, nou konnen sa byen! Koute pawòl mwen!
- ¹⁵ Paske, moun sa yo pa sou, jan nou sipoze a. Paske, se twazyèm è nan jounen an li ye.
- ¹⁶ Okontrè, se bagay sa a pwofèt Jowèl t ap pale a,
- ¹⁷ lè li te di: Bondye di: «Men sa ki va rive nan dènye jou yo: Mwen va vide nan Lespri mwen sou tout moun. Pitit gason ak pitit fi nou yo va pwofetize. Jennonm nou yo va fè vizyon. Granmoun nou yo va fè rèv.
- ¹⁸ Nan jou sa yo, mwen va vide Lespri mwen, Menm sou sèvitè m yo ak sou sèvant mwen yo. Epi, yo va pwofetize.
- ¹⁹ Mwen va fè mèvèy anwo nan syèl, Epi mirak-siy anba sou latè: Se va san, dife ak yon nyaj lafimen!
- ²⁰ Solèy la va tounen fènwa. Lalin nan va tounen san. Mwen va fè sa anvan jou Senyè a, Gran jou a, jou mèvèy la!
- ²¹ Lè sa a, tout moun ki rele non Senyè a, y ap sove!»
- ²² Nou menm Izrayelyen, koute pawòl sa yo: Jezi, moun Nazarèt, se yon nonm Bondye te demontre devan nou. Vrèmanvre, menm jan nou menm, nou konnen an, Bondye te fè mirak, mèvèy, ak mirak-siy avèk li, nan mitan nou.
- ²³ Dapre plan Bondye te deside epi dapre konnesans li te genyen davans, yo te trayi nonm sa a. Lè nou te pran li, nou sèvi ak men moun rebèl pou nou kloure li sou yon kwa. Nou tiye li.
- ²⁴ Men, Bondye resisite li. Bondye delivre li anba doulè lanmò. Paske, li pa t posib pou lanmò te kenbe li.

- ²⁵ Vrèmanvre, men sa David di de li: Mwen te wè Senyè a tout tan devan mwen, Paske, li adwat mwen pou mwen pa brannen.
- ²⁶ Se poutèt sa, kè mwen kontan, Lang mwen nan lajwa, E, menm kò mwen va repoze avèk espwa.
- ²⁷ Paske, ou p ap abandone nanm mwen nan peyi-mò. Ou p ap pèmèt sen w lan
- ²⁸ Ou te fè mwen konnen chemen lavi. Ak prezans ou, ou va plen mwen ak lajwa.
- ²⁹ Nou menm, frè mwen yo, mwen ka di nou sa franchman sou patriyach David. Li te mouri, li te antere. Menm tonm li pami nou jis jodi a.
- ³⁰ Li te yon pwofèt. Donk, dapre sèman Bondye te fè ba li, David te konnen Bondye t ap resisite Kris la, ki se youn nan desandan l yo dapre lachè, pou li fè li chita sou twòn David la.
- ³¹ Li te wè rezirèksyon Kris la davans. Alò, li te pale konsa: Bondye p ap kite nanm li nan peyi-mò. Kò li p ap tounen pouriti nonplis.
- ³² Se Jezi sa a Bondye te resisite a. Nou tout, nou temwen sa!
- ³³ Donk, li monte al adwat Bondye. Li resevwa Lespri Sen an, ki se pwomès la, nan men Papa a. Epi, li vide sa nou menm n ap ni wè, ni koute kounye a.
- ³⁴ Vrèmanvre, se pa t David ki te monte nan syèl la. Men, se li menm ki di: Senyè a di Senyè m nan: «Chita adwat mwen,
- ³⁵ Jis mwen fè lènmi w yo tounen yon machpye anba pye w.»
- ³⁶ Donk, tout fanmi Izrayèl la dwe konnen sa: Jezi sa a nou te krisifye a, Bondye fè li ni Senyè, ni Kris!
- ³⁷ Lè yo tandè sa, kè yo boulvèse. Yo di Pyè ak lòt apot yo: Nou menm, frè nou yo, kisa pou nou fè?
- ³⁸ Pyè di yo: Se pou nou repanti, epi se pou nou chak batize nan non Jezi Kris, pou padon peche nou yo. Epi, nou va resevwa Lespri Sen an kòm kado.
- ³⁹ Paske, se pou nou pwomès la ye, se pou pitit nou ak pou tout moun ki lwen yo, tout moun Senyè a, Bondye nou an, va rele.
- ⁴⁰ Epi, li t ap plede avèk yo ak anpil lòt pawòl ankò, li t ap egzòte yo, li t ap di: Sove tèt nou nan mitan jenerasyon moun kòwonpi sa yo!
- ⁴¹ Alò, yo batize moun ki te kontan asepte pawòl Pyè a. Jou sa a, Bondye ajoute twa mil moun konsa sou gwoup la.
- ⁴² Yo t ap pèsevere nan ansèyman apot yo, nan kominyon fratènèl, nan kase pen, ak nan lapriyè.

- ⁴³ Krentif antre nan tout nanm. Epi, apot yo t ap fè anpil mèvèy ak mirak-siy.
- ⁴⁴ Tout moun ki te kwè te ansanm. Yo te sèvi ansanm nan tout bagay.
- ⁴⁵ Yo te konn vann pwopriyete ak byen, epi yo te konn separe lavant lan bay tout moun ki te nan bezwen.
- ⁴⁶ Chak jou, yo t ap pèsevere nan tèt ansanm nan lakou tanp lan; yo t ap kase pen, kay apre kay; yo t ap manje ansanm ak kontantman, san pretansyon nan kè yo.
- ⁴⁷ Yo t ap fè lwanj Bondye, epi tout pèp la te apresye yo. Epiou, chak jou, Senyè a t ap ajoute moun ki sove yo nan legliz la.

Travay apot yo 3

- ¹ Pyè ak Jan t ap monte ansanm nan tanp lan vè lè lapriyè nevyèm è a.
- ² Kèk moun t ap pote yon nonm ki te enfim depi nan vant manman li. Chak jou, yo te konn mete nonm sa a bò pòtay tanp lan ki rele Bèl Pòtay la pou li te ka mande moun k ap pase nan lakou tanp lan charite.
- ³ Lè li wè Pyè ak Jan apral antre nan lakou tanp lan, li mande yo charite.
- ⁴ Pyè ak Jan fikse je yo sou li. Pyè di: Gade nou!
- ⁵ Men, li menm, li t ap obsève yo, li te espere l ap resevwa kichòy nan men yo.
- ⁶ Men, Pyè di: Mwen pa gen ajan ak lò. Men, sa mwen genyen an, se li menm m ap ba ou. Nan non Jezi Kris ki moun Nazarèt, leve epi mache!
- ⁷ Pyè pran men dwat li, li leve li. Menm lè a tou, pye li ak jwenti yo vin fèm.
- ⁸ Li vòltije kanpe, epi li mache. Li antre nan lakou tanp lan avèk yo. Li t ap mache, li t ap ponpe, li t ap fè lwanj Bondye.
- ⁹ Tout pèp la te wè li ap mache, ap fè lwanj Bondye.
- ¹⁰ Yo te rekonèt se li menm ki te konn chita bò Bèl Pòtay tanp lan pou li mande charite. Devan sa ki te rive l la, kè-sote ak sezisman te plen kè yo.
- ¹¹ E, kòm nonm enfim ki te geri a t ap kole sou Pyè ak Jan, tout foul la kouri kote yo sou galeri yo rele Galeri Salomon an. Yo te anba sezisman.
- ¹² Lè Pyè wè sa, li reponn foul la, li di: Nou menm Izrayelyen, pouki nou sezi pou sa a? Osinon, pouki n ap gade nou, kòm si se pwòp pisans oubyen pwòp devosyon nou, ki fè nonm nan mache?
- ¹³ Bondye Abraam, Bondye Izaak, ak Bondye Jakòb la, Bondye zansèt nou yo glorifye Sèvitè li Jezi. Se li menm, nou te fè arete a, e se li nou te nye devan Pilat lè Pilat te deside lage l la.

- ¹⁴ Nou menm, nou nye sila ki sen an epi ki jis la. Nou mande pou yo fè yon nonm asasen gras pou nou.
- ¹⁵ Men, nou tiye Prens lavi a, sila Bondye resisite a. E, nou menm, nou temwen sa.
- ¹⁶ Se grasa lafwa nan non li, e se non li, ki fè nonm sa a vin fèm. Nou wè nonm nan, nou konnen li. Se lafwa nan Jezi ki ba li gerizon total sa a devan nou tout.
- ¹⁷ Kounye a, frè mwen yo, mwen konnen nou menm ansanm avèk chèf nou yo, nou te aji konsa, paske nou pa t konnen.
- ¹⁸ Men, se konsa Bondye akonpli sa li te anonse davans nan bouch tout pwofèt li yo. Sa vle di, fòk Kris la te soufri.
- ¹⁹ Donk, repanti! Konvèti pou Bondye ka efase peche nou yo! Konsa, Senyè a va fè tan soulajman an vini.
- ²⁰ Epitou, li va voye sila li te chwazi pou nou davans lan: Jezi Kris!
- ²¹ Vrèmanvre, se li menm ki dwe rete nan syèl la pou jis nan tan tout bagay va retabli. Depi lontan, Bondye te pale bagay sa yo nan bouch tout pwofèt li yo ki sen.
- ²² Paske, vrèmanvre, Moyiz te di zansèt nou yo: «Senyè a, Bondye nou an, va fè yon pwofèt tankou m parèt nan mitan frè nou yo. Nou dwe koute li nan tout sa li va di nou.
- ²³ E, konsa, tout moun ki pa ta koute pwofèt sa a, yo va detui yo nèt nan mitan pèp la.»
- ²⁴ Men, tout pwofèt ki te pale yo, depi Samyèl, pase sou lòt apre li yo, yo tout te anonse jou sa yo davans tou.
- ²⁵ Bondye te di Abraam: «Nan desandans ou, Bondye va beni tout fanmi sou latè.» Alò, nou menm, nou se eritye ni pwofèt yo, ni alyans Bondye te fè avèk zansèt nou yo.
- ²⁶ Lè Bondye te fè Sèvitè li Jezi parèt, se nou menm an premye li te voye l bay, pou Jezi te ka beni nou, pou li te ka detounen nou chak nan mechanste nou yo.

Travay apot yo 4

- ¹ Pandan yo t ap pale ak pèp la, sakrifikatè yo, kòmandan tanp lan ak Sadiseyen yo rive sou yo.
- ² Yo te fache anpil paske Pyè ak Jan t ap anseye pèp la, epi paske yo t ap anonse: Nan Jezi, mò resisite.

- ³ Yo mete men sou yo. Kòm li te deja aswè, yo mete yo nan prizon pou demen.
- ⁴ Men, pami moun ki te koute pawòl la, anpil te kwè. E, kantite gason yo te rive senk mil konsa.
- ⁵ Nan demen, men sa ki vin rive: Chèf yo, ansyen yo, ak pwofesè lalwa yo te reyini ansanm Jerizalèm.
- ⁶ An, ki te sakrifikatè an chèf la, Kayif, Jan, Aleksann, ak tout moun nan fanmi sakrifikatè an chèf la te la tou.
- ⁷ Yo mete Pyè ak Jan nan mitan, epi yo mande yo: Grasa pisans kilès oubyen nan non kilès nou te fè bagay sa a?
- ⁸ Alò, Lespri Sen ranpli Pyè, epi Pyè di yo: Chèf pèp la! Ansyen nan Izrayèl!
- ⁹ Jodi a, poutèt yon byen ki fèt pou yon nonm enfim, y ap poze nou kesyon, y ap di: «Kòman li fè geri?»
- ¹⁰ Si se sa, se pou nou tout ak tout pèp Izrayèl la konnen sa: Se nan non Jezi Kris, moun Nazarèt! Nou menm, nou te krisifye li. Bondye resisite li pami mò yo. Se nan non sa a nonm sa a kanpe an sante devan nou an.
- ¹¹ Jezi se Wòch, nou menm, moun k ap bati yo, nou te jete a, Epi ki vin wòch prensipal la, Wòch kwen an.
- ¹² E, pa genyen okenn lòt ki pou sove nou. Vrèmanvre, anba syèl la, Bondye pa bay lèzòm okenn lòt non ki dwe sove nou.
- ¹³ Lè yo wè konfyans Pyè ak Jan, epi lè yo konprann yo se moun òdinè, moun ki san enstriksyon, yo sezi. Yo rekonèt Pyè ak Jan te avèk Jezi.
- ¹⁴ Men, lè yo wè nonm ki te geri a kanpe kote Pyè ak Jan, yo pa t genyen okenn replik.
- ¹⁵ Alò, yo pase lòd pou apot yo kite reyinyon Konsèy la. Epi, yo diskite afè a youn ak lòt
- ¹⁶ Yo di: Kisa nou va fè nonm sa yo? Paske, vrèmanvre, yo te fè yon mirak-siy toutbon. E, sa klè pou tout moun Jerizalèm. Nou pa kapab nye li.
- ¹⁷ Men, pou bagay la pa gaye plis pami pèp la, annou avèti yo avèk menas, pou yo pa pale ak pèsonn ankò nan non sa a.
- ¹⁸ Yo rele Pyè ak Jan. Yo pase yo lòd pou yo pa janm ni pale, ni anseye nan non Jezi.
- ¹⁹ Men, Pyè ak Jan reponn yo, yo di: Si li jis devan Bondye pou moun koute nou pito pase Bondye, se nou ki pou jije sa.
- ²⁰ Paske, nou menm, nou pa kapab pa pale de bagay nou te wè yo ak sa nou te tande yo.

- 21** Yo menase Pyè ak Jan ankò, epi yo lage yo. Akòz pèp la, yo pa t jwenn fason pou yo pini yo, paske tout moun t ap bay Bondye glwa pou sa ki te rive a.
- 22** Vrèmanvre, nonm yo te geri ak mirak-siy sa a te genyen plis pase karantan.
- 23** Men, apre yo lage yo, Pyè ak Jan al jwenn lòt frè yo, epi yo rakonte tout sa sakrifikatè prensipal yo ak ansyen yo te di yo.
- 24** Lè yo tandè sa, nan tèt ansanm, yo leve vwa yo bay Bondye. Yo di: Mèt Souvren, se ou ki Bondye. Se ou ki fè syèl la, tè a, lanmè a, ak tout sa ki ladan yo.
- 25** Se ou ki te pale nan bouch David, sèvitè ou, lè li te di: Poukisa nasyon yo ap ajite tèt yo? Pouki pèp yo ap fè plan initil?
- 26** Wa sou latè kanpe. Chèf yo reyini ansanm kont Senyè a Epi kont Kris li a.
- 27** Paske, ou konsakre sèvitè ou, Jezi, ki sen. Men, an verite, ni Ewòd, ni Pons Pilat, ansanm ak nasyon yo ak pèp Izrayèl la, yo tout reyini kont li.
- 28** Yo fè tout sa men w avèk plan w te deside davans ki pou rive.
- 29** Kounye a, Senyè, gade menas y ap fè. Bay sèvitè ou yo mwayen pou yo pale pawòl ou a avèk yon konfyans total.
- 30** Lonje men w pou ka genyen gerizon, mirak-siy, ak mèvèy nan non sèvitè ou, Jezi, ki sen.
- 31** Lè yo fin lapriyè, kote yo te reyini an tranble. Lespri Sen ranpli yo tout. Yo t ap pale pawòl Bondye a avèk konfyans.
- 32** Foul moun ki te kwè yo te fè yon sèl kè, yon sèl nanm. Pèsonn pa t di, byen li se te pou li sèl. Okontrè, yo te genyen tout bagay ansanm.
- 33** E avèk gwo pisans, apot yo t ap temwaye Senyè Jezi te resisite. Yon gwo gras te sou yo tout.
- 34** Vrèmanvre, menm youn nan yo pa t nan nesesite. Paske, tout moun ki te pwopriyetè jaden oubyen kay, yo te konn vann yo, epi yo te konn pote lajan lavan lan.
- 35** Yo te konn depoze li devan pye apot yo, epi yo te konn separe li bay chak moun ki te nan bezwen.
- 36** Konsa, Jozèf te posede yon jaden. Se li apot yo te rele Banabas la. Sa vle di «Konsolatè». Li te yon Levit, moun Chip.
- 37** Li vann jaden l lan, li pote lajan an, li depoze l devan pye apot yo.

Travay apot yo 5

- ¹ Men, te genyen yon nonm yo rele Ananyas avèk madanm li Safira. Li vann yon pwopriyete.
- ² Ananyas antann avèk madanm li, li kenbe nan lajan an. Epi, li pote yon pati al depoze devan pye apot yo.
- ³ Men, Pyè di: Ananyas, Satan plen kè ou, jis ou bay Lespri Sen an manti epi ou kenbe nan lajan jaden an pou tèt pa w. Poukisa?
- ⁴ Lè jaden an te rete la, li te rete pou ou, pa vre? E, lè ou te vann li, ou te gen pouvwa sou lajan an, pa vre? Pouki ou te mete yon plan konsa nan kè ou? Se pa lèzòm ou bay manti, men, se Bondye!
- ⁵ Lè Ananyas tandè pawòl sa yo, li tonbe. Li rann dènye souf li. Yon gwo sezisman pran tout moun ki te tandè bagay sa yo.
- ⁶ Alò, jèn gason yo leve, yo vlope kò a, epi yo pote l al antere.
- ⁷ Sa k vin rive sèke prèske twazè d tan apre, san madanm Ananyas pa konnen sa ki te pase, li antre tou.
- ⁸ Pyè pran lapawòl, li di li: Di m si se tèl pri ou te vann jaden an! Li di: Wi! Se tèl pri!
- ⁹ Alò, Pyè di li: Pouki nou antann pou nou tante Lespri Senyè a? Gade! Moun ki te antere mari w yo, pye yo nan papòt la. Y ap pote w ale tou.
- ¹⁰ Menm lè a, li tonbe devan pye Pyè. Li rann dènye souf li. Lè jèn gason yo vini, yo jwenn li mouri. Yo pote l al antere bò kot mari l.
- ¹¹ Yon gwo sezisman tonbe sou tout legliz la ak sou tout moun ki te tandè bagay sa yo.
- ¹² Anpil mirak-siy ak mèvèy t ap fèt pami pèp la anba men apot yo. E, yo tout, nan tèl ansanm, yo te konn sou Galeri Salomon.
- ¹³ Men, pèsonn pami rès moun yo pa t oze asosye avèk yo. Men, pèp la t ap fè lwanj pou yo.
- ¹⁴ Foul fi ak gason ki te kwè nan Senyè a t ap ogmante plis toujou.
- ¹⁵ Konsa, moun pote malad yo nan lari. Yo mete yo sou matla ak branka, dekwa lè Pyè pase, pou menm lonbraj li ta poze sou youn nan yo.
- ¹⁶ Foul moun ki te soti menm nan vil ki nan alantou yo te rasanble nan Jerizalèm. Yo pote moun malad ak moun move lespri ap toumante. E, yo tout geri.
- ¹⁷ Men, sakrifikatè an chèf la leve ak tout moun ki te avèk li yo, sa vle di pati Sadiseyen yo. Jalouzi te plen kè yo.
- ¹⁸ Yo mete men sou apot yo, epi yo fèmen yo nan prizon piblik la.

- ¹⁹ Men, pandan nuit la, yon zanj Senyè a ouvri pòt prizon an, li mennen yo deyò.
- ²⁰ Epi, li di yo: Ale! Kanpe nan lakou tanp lan, epi di pèp la tout pawòl Lavi sa a!
- ²¹ Lè yo tandè sa, yo antre nan lakou tanp lan granmmaten, epi yo pran anseye. Men, sakrifikatè an chèf la ak moun li yo parèt. Yo reyini Konsèy la ansanm ak tout Asanble Ansyen nan pèp Izrayèl la, epi yo voye chèche apot yo nan prizon an.
- ²² Lè polis yo parèt nan prizon an, yo pa jwenn apot yo. Alò, yo tounen anonse sa.
- ²³ Yo di: Vrèmanvre, nou jwenn prizon an fèmen ak tout sekirite li, epi nou jwenn gad yo kanpe devan pòt yo. Men, lè nou ouvri pòt yo, nou pa jwenn pèsonn andedan an.
- ²⁴ Lè sakrifikatè an chèf la, kòmandan tanp lan ak sakrifikatè prensipal yo tandè pawòl sa yo, yo te boulvèse poutèt apot yo; yo t ap mande kijan sa ap tounen.
- ²⁵ Men, yon moun parèt, li di yo: Gade! Men mesye nou te fèmen nan prizon yo kanpe nan lakou tanp lan. Y ap anseye pèp la.
- ²⁶ Alò, kòmandan an ale avèk polis yo. Yo mennen apot yo san vyolans. Paske, yo te pè pou pèp la pa t kalonnen yo wòch.
- ²⁷ Yo mennen yo al konparèt devan Konsèy la. Epi, sakrifikatè an chèf la poze yo kesyon.
- ²⁸ Li di: Èske yo pa t pase nou lòd pou nou pa anseye nan non sa a? Gade! Nou plen Jerizalèm avèk ansèyman nou an. Epi, se sou nou menm nou vle mennen kondanasyon pou san nonm sa a!
- ²⁹ Men, Pyè ak lòt apot yo reponn, yo di: Fòk moun obeyi Bondye pito pase lèzòm.
- ³⁰ Bondye zansèt nou yo te resisite Jezi, sila nou te tiye lè nou te pann li sou bwa a.
- ³¹ Se li menm, Bondye leve met adwat li kòm Prens ak Sovè. Konsa, li va pèmèt Izrayèl jwenn repantans ak padon peche.
- ³² Nou se temwen li nan afè sa yo. E, Lespri Sen, Bondye bay moun ki obeyi l yo, se temwen tou!
- ³³ Men, lè yo tandè sa, yo fin dechennen. Yo deside pou yo tiye apot yo.
- ³⁴ Men, yon moun nan Konsèy la leve. Se te yon Farizyen yo rele Gamalyèl. Li te yon pwofesè lalwa tout pèp la respekte. Li pase lòd pou yo fè apot yo soti yon ti moman.

³⁵ Epi, li di yo: Nou menm Izrayelyen, fè atansyon ak tèt nou pou sa nou pral fè ak mesye sa yo.

³⁶ Paske, nan jou ki pase yo, Tedas te kanpe. Li te panse li se yon bagay. Men, yo tiye li. Prèske kat san zòm te asosye avèk li. Mezi moun ki te mete konfyans nan li yo, men yo tout gaye, yo pa rive fè anyen.

³⁷ Apre mesye sa yo, pandan resansman an, Jida, moun Galile, kanpe. Li rale anpil moun dèyè li. Men, li menm tou, li peri. E, tout moun ki te mete konfyans nan li yo gaye.

³⁸ Kounye a, m ap di nou sa: Rete lwen mesye sa yo! Kite yo trankil! Vrèmanvre, si plan sa a oubyen travay sa a se nan lèzòm li soti, li va kraze.

³⁹ Men, si se nan Bondye li soti, nou pa kapab kraze l. Osinon, nou ka twouve tèt nou nan lagè ak Bondye tou.

⁴⁰ Li rive konvenk yo. Epi, yo rele apot yo, yo bat yo, yo pase yo lòd pou yo pa pale nan non Jezi, epi yo lage yo.

⁴¹ Pou apot yo menm, lè yo soti devan Konsèy la, yo te kontan dèske Bondye te fè yo onè pou yo sibi dezonè poutèt non Jezi.

⁴² Chak jou, nan lakou tanp lan, epi kay apre kay, yo pa t sispann ni anseye, ni anonse bon nouvèl sa a: Jezi se Kris la!

Travay apot yo 6

¹ Men, nan jou sa yo, pandan kantite disip yo t ap ogmante, Juif dyaspora yo kòmanse plenyen kont Ebre yo. Vrèmanvre, moun ki separe manje chak jou yo te neglije vèv dyaspora yo.

² Alò, Douz yo reyini gwoup disip yo. Yo di: Li pa bon pou nou kite pawòl Bondye a pou nou sèvi tab.

³ Donk, frè nou yo, chèche sèt gason pami nou ki genyen bon repitasyon, ki plen ak Lespri Sen epi ak sajès. Nou va mete yo responsab sèvis sa a.

⁴ Men, nou menm, nou va pèsevere nan lapriyè ak nan sèvis pawòl la.

⁵ Dapre tout gwoup la, pawòl sa a te bon. Alò, yo chwazi Etyèn, yon nonm ki plen ak lafwa ak Lespri Sen, epi Filip, Pwokò, Nikanò, Timon, Pamenas, ak Nikola ki se yon pwozelit, moun Antyòch.

⁶ Yo fè yo konparèt devan apot yo. Apot yo priye, epi yo poze men sou tèt yo.

⁷ Pawòl Bondye a grandi. Kantite disip yo ogmante anpil nan Jerizalèm. Menm pami sakrifikatè yo, anpil t ap obeyi lafwa a.

⁸ E, Etyèn te plen ak lafwa ak pisans. Li t ap fè gwo mèvèy ak mirak-siy pami pèp la.

⁹ Men, yon diskisyon leve ant Etyèn ak kèk moun. Yo te moun Sinagòg yo rele Sinagòg Ansyen Esklav la, pami moun Sirèn ak moun Aleksandri, moun Silisi ak moun Azi.

¹⁰ E, yo pa t kapab reziste ni devan sajès li, ni devan Lespri ki te pèmèt li pale a.

¹¹ Alò, yo peye kèk moun pou di: Nou te tandè l ap denigre Moyiz ak Bondye.

¹² Yo chofe pèp la, ansyen yo, ak pwofesè lalwa yo. Yo fonsè sou Etyèn, yo pran li, yo mennen li devan Konsèy la.

¹³ Epi, yo mennen fo temwen ki di: Nonm sa a pa sispann di mo pou denigre kay sakre sa a ak lalwa.

¹⁴ Vrèmanvre, nou tandè li di konsa: Jezi, moun Nazarèt sa a, va detui kay sa a, epi li va chanje koutim Moyiz te ban nou yo.

¹⁵ Tout moun ki te chita nan Konsèy la fikse je yo sou Etyèn. Yo wè figi li tankou figi yon zanj.

Travay apot yo 7

¹ Alò, sakrifikatè an chèf la di: Èske se konsa bagay yo ye vre?

² Men, Etyèn di: Nou menm, frè mwen yo ak papa mwen yo, koute! Lè papa nou Abraam te Mezopotami, anvan li te abite Karan, Bondye, ki se laglwa a, te parèt devan li.

³ Epi, li te di li: «Kite peyi ou ak fanmi ou. Ale nan peyi mwen va montre w la.»

⁴ Alò, Abraam soti nan peyi Kaldeyen yo, l al abite Karan. Apre lanmò papa li, Bondye fè li vin abite nan peyi n ap viv kounye a.

⁵ Nan peyi sa a, Bondye pa t ba li okenn eritaj, pa menm youn ki gwosè pla pye li. Men, malgre Abraam pa t genyen pitit, Bondye te pwomèt pou li fè li posede peyi a, li menm avèk desandan l apre li.

⁶ Men kijan Bondye te pale ak li: «Desandan w yo va etranje nan yon peyi etranje. Yo va fè yo esklav. Yo va maltrete yo pandan kat san zan.»

⁷ Epi, Bondye di: «Nasyon ki ta fè yo esklav la, se mwen ki va jije li! Apre sa, yo va soti. Epi, yo va adore mwen nan peyi isit.»

⁸ Li bay Abraam alyans sikonsizyon an. Konsa, uityèm jou apre Izaak te fèt, Abraam sikonsi li. Izaak, li menm, vin sikonsi Jakòb. Epi, Jakòb vin sikonsi douz patriyach yo.

⁹ Patriyach yo te jalou sò Jozèf. Yo vann li pou yo mennen li ann Ejip. Men, Bondye te avèk li.

- 10** Bondye retire li nan tout tribilasyon li yo. Li ba li gras ak sajès devan Farawon, wa Ejip la. Epi, Farawon mete li premye minis sou peyi Ejip ak sou tout palè li.
- 11** Grangou tonbe sou tout peyi Ejip ak peyi Kanaran. Se te yon gwo tribilasyon. Zansèt nou yo pa t kapab jwenn manje.
- 12** Men, lè Jakòb tandè te genyen manje ann Ejip, li voye zansèt nou yo yon premye fwa.
- 13** Dezyèm fwa a, Jozèf fè frè li yo rekonèt li. Epi, Farawon an fè konesans fanmi Jozèf.
- 14** Alò, Jozèf voye chèche papa li Jakòb ak tout fanmi li. Se te swasann kenz moun.
- 15** Jakòb desann ann Ejip. Apre sa, ni li menm, ni zansèt nou yo mouri.
- 16** Yo pote yo Sichèm. Yo mete yo nan tonm Abraam nan. Se tonm li te achte pou yon valè lajan nan men pitit Amò yo ki se moun Sichèm.
- 17** Konsa, tan an t ap pwoche pou Bondye te akonpli pwomès li te sèman bay Abraam nan. Pèp la te ogmante ann Ejip.
- 18** Li te vin anpil, jis lè yon lòt wa parèt. Li menm, li pa t konnen Jozèf.
- 19** Li fè riz ak ras nou an. Li maltrete zansèt nou yo. Li fè yo abandone tibebe yo pou yo ka pa viv.
- 20** Se nan tan sa a Moyiz te fèt. Devan Bondye, li te bèl. Pandan twa mwa, yo pran swen li lakay papa li.
- 21** Men, lè yo te abandone li, pitit fi Farawon an pran li. Li elve Moyiz tankou pitit li.
- 22** Yo enstui Moyiz nan tout syans Ejipsyen yo. Li te pisan nan pawòl li yo ak nan travay li yo.
- 23** Laj Moyiz vin rive karant lane. Alò, sa vin nan kè li pou li vizite frè li yo, pitit Izrayèl yo.
- 24** Se konsa li wè yo t ap maltrete youn nan yo. Li pran defans li. Epi, pou Moyiz tire revanj nonm yo t ap maltrete a, li tiye Ejipsyen an.
- 25** Li te kwè frè li yo ta konprann se avèk li menm, Bondye t ap ba yo delivrans. Men, yo pa t konprann sa.
- 26** Lè li parèt nan demen, yo t ap batay. Li eseye rekonsilye yo nan lapè. Li di: «Mesye, se frè nou ye! Pouki nou youn ap maltrete lòt?»
- 27** Men, sa ki t ap maltrete pwochen l lan pouse Moyiz sou kote. Li di: «Kilès ki mete ou chèf ak jij sou nou?»

- 28 Èske ou vle tiye mwen, menm jan ou te tiye Ejipsyen an yè a?»
- 29 Lè Moyiz tande pawòl sa a, li sove. Li tounen etranje nan peyi Madyan. La, li fè de tigason.
- 30 Karantan pase. Epi, nan dezè bò Mòn Sinayi a, yon zanj Senyè a parèt devan Moyiz. Se te nan yon flanm dife, nan yon touf bwa.
- 31 Moyiz gade, epi vizyon an fè li sezi. Lè li pwoche pou li obsève l, vwa Senyè a pale avèk li konsa:
- 32 «Mwen se Bondye zansèt ou yo: Bondye Abraam, Bondye Izaak, Bondye Jakòb.» Moyiz, li menm, t ap tranble. Li pa t oze gade.
- 33 Men, Senyè a di li: «Demare sandal yo nan pye ou. Paske, kote ou kanpe a se yon tè ki sen.
- 34 Mwen byen wè tray pèp mwen an ann Ejip. Mwen tande plenn yo. E, mwen desann pou m retire yo ladan l. Kounye a, vini! M ap voye ou ann Ejip.»
- 35 Se Moyiz sa a yo te nye lè yo te di: «Kilès ki mete ou chèf ak jij?» Se li menm, Bondye te voye kòm chèf, kòm liberatè, avèk konkou zanj ki te parèt devan li nan touf bwa a.
- 36 Se li menm ki te fè yo soti lè l te fè mèvèy ak mirak-siy nan peyi Ejip, nan lanmè Wouj la, epi pandan karantan nan dezè a.
- 37 Se menm Moyiz sa a ki te di pitit Izrayèl yo: «Pami frè nou yo, Senyè a, Bondye nou an, va leve yon pwofèt tankou mwen.»
- 38 Se Moyiz sa a ki te nan asanble nan dezè a. Li te avèk Zanj ki te pale avèk li sou Mòn Sinayi a epi avèk zansèt nou yo. Se li ki te resevwa pawòl vivan pou li ba nou yo.
- 39 Se li zansèt nou yo pa t vle obeyi a. Okontrè, yo pouse li sou kote. Yo vire kè yo sou peyi Ejip.
- 40 Yo di Aawon: «Fè yon bondye pou nou ki pou mache devan nou. Paske, kanta pou Moyiz ki te fè nou soti nan peyi Ejip la, nou pa konnen sa li devni.»
- 41 Pandan jou sa yo, yo fè yon bèf. Yo pote sakrifis devan zidòl la. Yo selebre travay men yo te fè.
- 42 Men, Bondye vire kite yo, epi li lage yo pou yo sèvi lame syèl yo, menm jan sa ekri nan liv Pwofèt yo: Ras Izrayèl, pandan karantan nan dezè a, Nou pa t ofri m bèt ak sakrifis, pa vre?
- 43 Nou te pote tabènak pou Molòk Ak zetwal bondye nou an, Ranfan. Se zidòl sa yo nou te fè, pou nou adore. Konsa, m ap egzile nou pi lwen pase Babilòn.
- 44 Tabènak Temwayaj la te avèk zansèt nou yo nan dezè a, jan Sila ki te pale avèk Moyiz la te kòmande Moyiz pou Moyiz fè li dapre modèl Moyiz te wè a.

⁴⁵ E, se li zansèt nou yo te resevwa tou. Sou Jozye, yo mennen li nan peyi yo te pran nan men nasyon Bondye te chase devan zansèt nou yo. E li te la jis nan tan David.

⁴⁶ David, li menm, jwenn gras devan Bondye. Alò, li mande pou li jwenn yon kay pou Bondye Jakòb la.

⁴⁷ E, se Salomon ki te bati yon kay pou Bondye.

⁴⁸ Men, Sila a ki Trè-Wo a pa abite nan tanp lèzòm. Se menm jan pwofèt la te di a:

⁴⁹ Senyè a di: «Syèl la se twòn mwen. Epi, tè a se yon machpye anba pye mwen. Ki kalite kay nou ta ka bati pou mwen? Oubyen, ki kote mwen ta ka repoze?

⁵⁰ Èske se pa mwen menm ki fè tout bagay sa yo?»

⁵¹ Moun tèt di! Moun kè ak zòrèy ki pa sikonsi! Nou toujou ap reziste ak Lespri Sen an. Menm jan zansèt nou yo te ye a, se konsa nou ye tou.

⁵²⁻⁵³ Kilès nan pwofèt yo zansèt nou yo pa t pèsekite? Yo tiye moun ki te anonse davans, sila ki jis la ap vini. Epi, nou menm, kounye a, nou trayi li. Nou tounen asasen li, nou menm ki te resevwa lalwa sou lòd zanj. E, nou pa obsève li.

⁵⁴ Lè yo tandè bagay sa yo, yo dechennen nan kè yo. Yo t ap manje dan sou Etyèn.

⁵⁵ Men, Lespri Sen te ranpli li. Li fikse je li nan syèl la. Li wè glwa Bondye epi li wè Jezi ki kanpe adwat Bondye.

⁵⁶ Li di: Gade! Mwen wè syèl la ouvè. Men Pitit Lòm nan kanpe adwat Bondye!

⁵⁷ Men, yo rele byen fò. Yo bouche zòrèy yo. Epi, yo tout ansanm, yo fonce sou Etyèn.

⁵⁸ Yo trennen li al deyò vil la, epi yo kalonnen li wòch. Temwen yo poze rad yo bò pye yon jennonm yo rele Sòl.

⁵⁹ Pandan yo t ap kalonnen Etyèn wòch, li menm, li t ap lapriyè. Li t ap di: Senyè Jezi, resevwa Lespri mwen!

⁶⁰ Li mete ajenou. Li rele byen fò: Senyè! Pa mete peche sa a sou kont yo! Lè l fin di sa, li dòmi.

Travay apot yo 8

¹ Men, Sòl te konplis nan lanmò Etyèn nan. Jou sa a, yon gwo pèsekisyon kòmanse kont legliz Jerizalèm nan. Tout fidèl yo gaye nan zòn Jide ak Samari, esepite apot yo.

- ² Kèk gason devwe fè antèman Etyèn. Yo kriye anpil pou li.
- ³ Sòl, li menm, t ap ravaje legliz la. Li antre nan kay apre kay, li trennen ni gason ni fi al lage nan prizon.
- ⁴ Donk, moun ki te gaye yo ale toupatou. Yo t ap anonse bon nouvèl pawòl la.
- ⁵ Filip, li menm, desann nan yon vil nan Samari, epi li preche moun yo Kris.
- ⁶ Foul moun yo tandè bagay Filip t ap di yo. Epi, lè yo wè mirak-siy li t ap fè yo, yo tout ansanm, yo resevwa bagay li t ap di yo.
- ⁷ Vrèmanvre, anpil nan moun yo te genyen move lespri ki t ap soti sou yo avèk gwo rèl. Anpil moun paralize ak moun enfim te geri tou.
- ⁸ Te genyen yon gwo kontantman nan vil sa a.
- ⁹ Men, anvan sa, yon nonm yo rele Simon te konn fè maji nan vil la. Li te konn etone pèp Samari. Li t ap di li se yon nonm ki gran!
- ¹⁰ Ni piti ni gran te koute li. Yo t ap di: Sila a se Gran Pisans Bondye a!
- ¹¹ Yo te koute li, paske li t ap etone yo ak maji l yo pandan lontan.
- ¹² Men, lè Filip vin anonse bon nouvèl la sou wayòm Bondye a ak sou non Jezi Kris, yo kwè li. Epi, ni gason ni fi batize.
- ¹³ Menm Simon, li menm, te kwè tou! Li te batize, epi li t ap pèsevere ak Filip. E, lè li te wè mirak ak mirak-siy ki t ap fèt yo, li te etone.
- ¹⁴ Apot yo menm, ki nan Jerizalèm, te tandè moun Samari te resevwa pawòl Bondye a. Alò, yo voye Pyè ak Jan kote yo.
- ¹⁵ Lè Pyè ak Jan desann, yo priye pou moun yo, dekwa pou yo te ka resevwa Lespri Sen an.
- ¹⁶ Vrèmanvre, li pa t ko desann sou okenn nan yo. Men, se sèlman batize yo te batize yo nan non Jezi Kris.
- ¹⁷ Alò, apot yo poze men sou moun yo. E, moun yo te resevwa Lespri Sen an.
- ¹⁸ Lè Simon wè moun te resevwa Lespri Sen lè apot yo te poze men sou yo, li ofri apot yo lajan.
- ¹⁹ Li di yo: Ban mwen pouvwa sa a tou, dekwa pou lè mwen ta poze men sou yon moun, pou li ta resevwa Lespri Sen an tou.
- ²⁰ Men, Pyè di li: Se pou lajan w lan peri ansanm avèk ou! Paske, ou kwè ou ka achte kado Bondye a ak lajan.
- ²¹ Pa genyen ni pati, ni pòsyon pou ou nan afè sa a. Paske, kè ou pa dwat devan Bondye!

- ²² Donk, repanti anba malfezans ou a. Sipliye Bondye! Si sa posib, li va padone w pou lide ki nan kè w la.
- ²³ Paske, mwen wè fyèl anmè anpwazonnen ou epi enjistis anchennen ou.
- ²⁴ Men, Simon reponn, li di: Nou menm, sipliye Senyè a pou mwen, pou anyen nan sa nou di yo pa rive m.
- ²⁵ Lè yo fin byen temwaye epi yo fin pale pawòl Senyè a, yo retounen Jerizalèm. Epi, yo tou anonse bon nouvèl la nan anpil bouk Samari.
- ²⁶ Men, yon zanj Senyè a pale ak Filip, li di: Leve. Ale nan direksyon Sid, sou wout ki desann soti Jerizalèm al Gaza a. Se yon dezè.
- ²⁷ Li leve vre, l ale. Epi, twouve yon nonm ki moun Etyopi te la. Li te yon enik epi li te yon ofisye pisan sou Kandas, rènen Etyopi. Se li ki te administratè tout richès rènen nan. Li te ale Jerizalèm pou li adore.
- ²⁸ Kounye a, li t ap retounen. Li te chita nan cha li, epi li t ap li nan pwofèt Ezayi.
- ²⁹ Men, Lespri a di Filip: Pwoche! Jwenn avèk cha sa a.
- ³⁰ Filip kouri pwoche, li tande nonm nan ap li nan pwofèt Ezayi. Li di li: Èske ou byen konprann sa w ap li a?
- ³¹ Etyopyen an di: Kòman pou mwen ta kapab konprann, san pèsoun pa gide m? Epi, li envite Filip monte chita kote li.
- ³² Men ki pasaj Lekriti li t ap li: Yo te mennen li ale labatwa tankou yon ti mouton. E, menm jan yon ti mouton ret bèbè devan moun k ap tonn li an, Konsa tou, li pa t louvri bouch li.
- ³³ Nan mitan imilyasyon li, Yo refize li jijman. E, kilès ki va rakonte sou jenerasyon li a? Paske, yo koupe lavi li sou latè.
- ³⁴ Enik la reponn Filip, li di: Tanpri, sou kilès pwofèt la ap di bagay sa a? Èske se sou li menm oubyen sou yon lòt moun?
- ³⁵ Men, Filip louvri bouch li. Epi, li kòmanse ak Ekriti sa a pou li anonse nonm nan bon nouvèl la sou Jezi.
- ³⁶ Pandan yo t aprale sou wout la, yo rive bò yon dlo. Epi, Enik la di: Gade! Men dlo! Kisa ki pou anpeche m batize?
- ³⁷ Filip di li: Si ou kwè ak tout kè ou, sa posib! Men, li reponn, li di: Mwen kwè Jezi Kris se Pitit Bondye a.
- ³⁸ Li pase lòd pou yo rete cha a. Yo tou de desann nan dlo a, ni Filip, ni Enik la. Epi, Filip batize l.
- ³⁹ Lè yo monte sot nan dlo a, Lespri Senyè a fè Filip disparèt. Enik la pa t ka wè l ankò. Li kontinye wout li ak kè kontan.

⁴⁰ Filip, li menm, twouve l nan Azòt. Nan tout vil li pase, li anonse yo bon nouvèl la, jis li rive Sezare.

Travay apot yo 9

¹ Pou Sòl, li menm, tout lè sa a, lide li te sou menase disip Senyè yo epi tiye yo. L ale kote sakrifikatè an chèf la.

² Li mande li lèt pou sinagòg Damas yo. Konsa, nenpòt moun li ta jwenn ki patizan Chemen an, pou li ta mare yo mennen Jerizalèm, kit se te gason kit se te fi.

³ Men, pandan li t aprale, sa ki rive li tou pre Damas sèke sibitman, yon limyè soti nan syèl la flache toutotou li.

⁴ Li tonbe atè a, epi, li tande yon vwa ki di li: Sòl! Sòl! Poukisa w ap pèsekite m konsa?

⁵ Alò, Sòl di: Kilès ou ye, Senyè? Men, Senyè a di: Mwen se Jezi, moun w ap pèsekite a. Si w ap tire pye kont zepon, sa va rèd pou ou.

⁶ Sòl t ap tranble, li te gen kè-sote. Alò, li di: Senyè, kisa ou ta vle m fè? Senyè a di li: Leve! Antre nan vil la. Epi, yon moun va di w sa ou dwe fè.

⁷ Mesye ki t ap vwayaje avèk li yo rete bèbè. Yo tande vwa a, men, yo pa wè pèsonn.

⁸ Sòl, li menm, leve atè a. Malgre je l te louveri, li pa t ka wè anyen. Alò, yo kenbe men li, yo mennen li Damas.

⁹ Li pase twa jou san li pa wè. Li pa t ni manje, ni bwè.

¹⁰ Nan Damas, te genyen yon disip yo rele Ananyas. Nan yon vizyon, Senyè a di li: Ananyas! Li di: Men mwen, Senyè!

¹¹ Epi, Senyè a di li: Leve. Ale lakay Jida nan ri yo rele Ri Dwat la. Chèche yon moun ki rele Sòl, moun Tas. Paske, gade! L ap priye!

¹² Nan yon vizyon, li wè yon nonm yo rele Ananyas ki vini poze men sou li pou li ka wè.

¹³ Men, Ananyas reponn, li di: Senyè, mwen tande anpil moun pale de nonm sa a. Kalite mal li fè sen ou yo nan Jerizalèm!

¹⁴ E, isit la, sakrifikatè prensipal yo ba li pouvwa pou li mare tout moun ki envoke non ou.

¹⁵ Men, Senyè a di li: Ale! Paske, li se yon zouti mwen chwazi pou li ka pote non mwen devan nasyon, devan wa, epi devan desandan Izrayèl yo.

¹⁶ Paske, mwen va montre li kalite bagay li dwe souffri pou non mwen.

- 17 Ananyas ale vre, li antre nan kay la, li poze men sou Sòl. Epi, li di: Frè Sòl, Senyè a ki te parèt devan w sou wout la lè w t ap vini an, se li ki voye mwen pou w ka wè epi pou Lespri Sen an ka ranpli w.
- 18 Menm lè a, se tankou se kal pwason ki tonbe soti nan je li. Epi, li wè ankò. Li leve, epi yo batize li.
- 19 Li manje, epi li jwenn fòs li. Sòl pase kèk jou avèk disip yo nan Damas.
- 20 Menm lè a tou, li pran preche Kris nan sinagòg yo, li t ap di: Se li menm ki Pitit Bondye a!
- 21 E, tout moun ki te tande li, te etone. Yo t ap di: Se li menm ki t ap detui moun nan Jerizalèm ki envoke non sa a, pa vre? E, se poutèt sa li vini isit la, pou li ka mare yo mennen devan sakrifikatè an chèf la.
- 22 Men, Sòl t ap vin gen plis pisans. Li t ap mete Juif ki abite nan Damas yo an boulvès. Vrèmanvre, li t ap demontre se Jezi ki Kris la.
- 23 Plizyè jou pase konsa. Epi, Juif yo vin fè konplo pou yo tiye Sòl.
- 24 Men, Sòl vin konnen konplo yo a. Lajounen kon lannuit, yo t ap veye pòtay yo pou yo ka tiye li.
- 25 Men, disip yo pran li lannuit, yo glise li desann sou miray la nan yon panyè.
- 26 Lè Sòl rive Jerizalèm, li eseye asosye tèt li avèk disip yo. Men, yo tout te pè li. Yo pa t kwè se yon disip li te ye vre.
- 27 Men, Banabas pran li, li mennen li bay apot yo, epi li rakonte yo kòman Sòl te wè Senyè a sou wout la, kòman Senyè a te pale avèk li, epi kòman li te pale avèk konfyans nan non Jezi nan Damas.
- 28 Donk, li te avèk yo. Li t ap ale vini nan Jerizalèm, epi li t ap pale avèk konfyans nan non Senyè Jezi.
- 29 Li pale, li diskite avèk Juif dyaspora yo. Men, yo t ap chèche tiye li.
- 30 Alò, lè frè yo vin konnen sa, yo mennen li Sezare, epi yo fè l pati al Tas.
- 31 Se konsa legliz yo te genyen lapè nan tout Jide, nan Galile, ak nan Samari. Yo t ap devlope, yo t ap mache ak krentif pou Senyè a, epi yo t ap ogmante grasa ankourajman Lespri Sen an.
- 32 Sa ki vin rive sèke pandan Pyè t ap vizite yo tout, li tou vizite sen ki abite Lid yo.
- 33 Nan Lid, li jwenn yon nonm paralize yo rele Ene. Depi uitan, li te kouche sou yon kabann.
- 34 Pyè di li: Ene, Jezi Kris geri w. Leve! Ranje kabann ou poukont ou! Ene leve menm lè a.

- ³⁵ Tout moun ki abite Lid ak Sawon te wè li. Epi, yo konvèti nan Senyè a.
- ³⁶ Te genyen yon disip nan Joep yo rele Tabita. Lè yo tradui non sa a, li vle di Dòkas. Se yon dam ki te plen lavi li avèk bon zèv ak charite li te konn fè.
- ³⁷ Sa ki vin rive pandan jou sa yo, Tabita tonbe malad, li mouri. Alò, yo benyen li, epi yo mete li nan chanmòt la.
- ³⁸ Lid te tou pre Joep. Alò, lè disip yo tandè se la Pyè te ye, yo voye de zòm al sipliye l vini kote yo san mize.
- ³⁹ Pyè leve, l ale avèk yo. Lè li rive, yo mennen li nan chanmòt la. Epi, tout vè yo kanpe kote li ak dlo nan je. Yo t ap montre li chemizèt ak rad Dòkas te fè, lè li te avèk yo.
- ⁴⁰ Pyè fè yo tout soti. Li mete l ajenou pou li lapriyè. Epi, li vire kote kò a, li di: Tabita, leve! Vrèmanvre, li louvri je li. Lè li wè Pyè, li chita.
- ⁴¹ Pyè ba li men, li fè l leve. Epi, li rele sen yo ak vè yo, li remèt li ba yo vivan.
- ⁴² Tout moun Joep vin konnen sa. E, anpil moun te kwè nan Senyè a.
- ⁴³ Se konsa, Pyè pase plizyè jou Joep, kay yon bòs tanè ki rele Simon.

Travay apot yo 10

- ¹ Te genyen yon nonm nan Sezare yo te rele Kònèy. Li te santenye yon batayon yo rele Batayon Italyen.
- ² Se te yon moun ki gen devosyon. E, li menm ansanm ak tout moun lakay li, yo te gen krentif pou Bondye. Li te konn fè pèp la anpil charite, epi se tout tan, li t ap lapriyè Bondye.
- ³ Yon jou, vè nevyèm è a konsa, li wè yon zanj Bondye aklè nan yon vizyon. Zanj lan vini kote li, epi li di li: Kònèy!
- ⁴ Alò, li fikse je li sou zanj lan. Laperèz pran li. Li di: Kisa, Senyè? Zanj lan di li: Priyè w yo ak zèv charite w yo monte devan Bondye tankou yon souvni.
- ⁵ Kounye a, voye kèk gason Joep al chèche Simon ki rele Pyè a.
- ⁶ Li fè ladesant kay Simon, bòs tanè ki gen kay li bòdmè a.
- ⁷ Lè zanj ki t ap pale avèk Kònèy la pati, Kònèy rele de sèvitè avèk yon sòlda devwe, youn nan sa ki te toujou o sèvis li yo.
- ⁸ Li esplike yo tout bagay, epi li voye yo Joep.
- ⁹ Yo vwayaje nan demen. Vè sizyèm è a konsa, yo te tou pre Joep. Menm lè sa a, Pyè, li menm, te monte lapriyè sou do kay la.
- ¹⁰ Li vin grangou, li te vle manje. Pandan yo t ap pare manje pou li, li tonbe nan yon transpò.

- 11** Li wè syèl la louvri. Epi, yon bagay tankou yon gwo dra ki mare nan kat pwent t ap desann sou li, vin poze sou tè a.
- 12** Nan bagay sa a, te genyen tout kalite bèt kat-pye ki sou latè, bèt mawon, bèt ki trennen, ak zwazo nan syèl.
- 13** Epi, yon vwa di li: Pyè, leve! Tiye! Manje!
- 14** Men, Pyè di: Jamè, Senyè. Paske, mwen pa janm manje anyen ki sal oubyen ki pa pwòp.
- 15** Vwa a di li yon dezyèm fwa ankò: Sa Bondye konsidere ki pwòp, ou menm, pa konsidere li sal.
- 16** Sa rive twa fwa. Epi, bagay la monte nan syèl la ankò.
- 17** Pandan Pyè te pèdi nan chèche sans vizyon li te fè a, twouve mesye, Kònèy te voye yo parèt devan baryè a. Yo te mande direksyon kay Simon.
- 18** Alò, yo rele mande si se la Simon ki rele Pyè a fè ladesant.
- 19** Pyè t ap reflechi sou vizyon an toujou, lè Lespri a di li: Gade! Men twa zòm ap chèche w.
- 20** Donk, Leve! Desann! Pati avèk yo san diskite. Paske, se mwen menm ki voye yo.
- 21** Pyè desann kote mesye yo vre. Li di: Gade! Mwen se moun n ap chèche a. Ki rezon ki mennen nou isit la?
- 22** Yo di: Se santenye Kònèy. Li se yon nonm jis, ki gen krentif pou Bondye. Tout nasyon Juif la bay bon temwayaj sou li. Yon zanj sen ba li revelasyon pou li fè ou vini lakay li epi pou li koute pawòl ou.
- 23** Pyè envite yo antre fè ladesant. Men, nan demen, l ale avèk yo. Kèk frè nan Jope te ale ansanm avèk yo tou.
- 24** Yo rive Sezare nan apre demen. Kònèy, li menm, t ap tann yo. Li te reyini fanmi li ak bon zanmi li yo.
- 25** Lè Pyè vini pou li antre, Kònèy al rankontre li, li tonbe nan pye li pou li adore li.
- 26** Men, Pyè fè li leve. Li di: Leve! Se moun mwen ye tou.
- 27** Pandan yo t ap koze konsa, Pyè antre. Li jwenn anpil moun te deja reyini.
- 28** Li di yo: Nou menm, nou konnen kòman yo defann pou yon nonm Juif vizite moun lòt nasyon oubyen pou li asosye avèk yo. Men, mwen menm, Bondye montre mwen pou mwen pa di pèsonn ni sal, ni pa pwòp.
- 29** Se poutèt sa, lè nou te voye chèche m nan, mwen te vini san diskisyon. Donk m ap mande nou pou ki rezon nou voye chèche m.

- 30** Alò, Kònèy di: Sa fè kat jou, vè lè konsa, mwen te lakay mwen nan jèn ak nan lapriyè nevyèm è a. Epi, twouve yon nonm ak rad klere te kanpe devan mwen.
- 31** Li di: «Kònèy! Bondye koute priyè ou epi li sonje zèv charite ou yo.
- 32** Donk, voye moun al Jope rele Simon ki rele Pyè a. Li fè ladesant kay Simon, bòs tanè ki bòdmè a. Lè li vini, li va pale avèk ou.»
- 33** Se poutèt sa, menm lè a tou, mwen voye kote ou. E, ou byen fèt vini. Donk, kounye a, nou tout, nou la devan Bondye pou nou koute tout sa Bondye te kòmande w pou w te di nou.
- 34** Pyè louvri bouch li, epi li di: An verite, mwen rekonèt Bondye pa nan patipri.
- 35** Okontrè, nan tout nasyon, si yon moun genyen krentif pou Bondye epi si li fè sa ki jis, Bondye asepte li.
- 36** Li te voye pawòl la bay desandan Izrayèl yo. Li anonse bon nouvèl lapè nan Jezi Kris, ki se Senyè sou tout moun.
- 37-38** Nou menm, nou deja konnen istwa ki rive nan tout Jide a. Bondye te konsakre Jezi, moun Nazarèt, avèk Lespri Sen an ak pisans. Jezi kòmanse nan Galile apre batèm Jan te preche a, l ale toupatou ap fè byen, ap geri tout moun djab la t ap eksplwate. Paske, Bondye te avèk Jezi.
- 39** E, nou menm, nou se temwen tout bagay li te fè ni nan zòn Jide, ni nan Jerizalèm. Epi, yo pann li sou yon bwa. Se konsa yo tiye li.
- 40** Twa jou apre, Bondye resisite li, epi li pèmèt li parèt an piblik.
- 41** Se pa t devan tout pèp la li te parèt. Men, se te devan nou menm, temwen Bondye te chwazi davans yo, ki te manje e ki te bwè avèk li apre li te resisite pami mò yo.
- 42** Epi, Jezi te kòmande nou pou nou preche pèp la, pou nou deklare se li menm Bondye chwazi pou jije moun vivan ak moun mouri.
- 43** Men sa tout pwofèt yo temwaye sou li: Tout moun ki kwè nan li, yo resevwa padon pou peche yo nan non li.
- 44** Pandan Pyè t ap di mo sa yo, Lespri Sen an tonbe sou tout moun ki t ap koute pawòl la.
- 45** Fidèl sikonsi ki te vini avèk Pyè yo, yo tout te etone, dèske Bondye te vide Lespri Sen an kòm kado sou lòt nasyon yo tou.
- 46** Vrèmanvre, fidèl yo te tande y ap pale an lang, yo t ap fè lwanj Bondye.
- 47** Alò, Pyè reponn, li di: Moun sa yo resevwa Lespri Sen an menm jan avèk nou, pèsonn pa kapab refize pou yo batize yo nan dlo, pa vre?

⁴⁸ Li pase lòd pou yo batize yo nan non Senyè a. Apre sa, yo mande l rete avèk yo pou kèk jou.

Travay apot yo 11

¹ Apot yo ak frè yo toupatou nan Jide tande lòt nasyon yo resevwa pawòl Bondye a.

² Alò, lè Pyè monte Jerizalèm, moun sikonsi yo diskite avèk li.

³ Yo di: Apa w antre kay moun ki pa sikonsi epi ou manje avèk yo!

⁴ Men, Pyè kòmanse depi o kòmansman, li esplike yo bagay yo, youn apre lòt.

⁵ Li di: Mwen te nan vil Jope, mwen t ap lapriyè. Mwen tonbe nan yon transpò, epi mwen wè yon bagay k ap desann nan yon vizyon. Li te tankou yon gwo dra yo kenbe nan kat pwent pou yo glise l anba soti nan syèl la. Epi, li rive jis bò kote m.

⁶ Lè mwen byen gade ladan l, mwen wè bèt kat-pye ki sou latè, bèt mawon, bèt ki trennen, ak zwazo nan syèl.

⁷ Epi, mwen tande yon vwa ki di m: Pyè, leve! Tiye! Manje!

⁸ Men, mwen di: Jamè Senyè! Paske, anyen ki sal oubyen ki pa pwòp pa janm antre nan bouch mwen.

⁹ Vwa a reponn yon dezyèm fwa depi nan syèl la, li di: Sa Bondye konsidere ki pwòp, ou menm, pa konsidere li sal.

¹⁰ Sa rive twa fwa. Epi, tout bagay monte nan syèl la ankò.

¹¹ Epi, menm lè a, twouve twa zòm parèt devan kay kote mwen te ye a. Se yon moun Sezare ki te voye yo kote mwen.

¹² Lespri a di mwen pou mwen ale ansanm avèk yo san diskite. Men sis frè sa yo! Yo te ale avèk mwen tou. Nou antre lakay nonm nan.

¹³ Epi, li rakonte nou kòman li te wè yon zanj kanpe lakay li. Zanj lan te di li: Voye moun Jope al chèche Simon ki rele Pyè a.

¹⁴ Li va di ou pawòl ki va pèmèt ou menm ak tout moun lakay ou sove.

¹⁵ Menm lè mwen kòmanse pale a, Lespri Sen an desann sou yo, menm jan li te desann sou nou tou o kòmansman.

¹⁶ Se lè sa a mwen sonje pawòl Senyè a, lè li te di: «Jan te batize moun nan dlo, men, nou menm, yo va batize nou nan Lespri Sen an.»

¹⁷ Donk, kado Bondye ba yo a egal ak sa li te ban nou lè nou te kwè nan Senyè Jezi Kris la. Si se konsa, kilès mwen ye pou mwen te kapab anpeche Bondye aji?

- 18** Lè yo tandè sa, yo ret trankil. Men, yo bay Bondye glwa. Yo di: Vrèmanvre, Bondye pèmèt menm lòt nasyon yo gen repantans ki bay lavi a.
- 19** Kanta pou moun ki te gaye poutèt pèsekisyon ki te kòmanse lè afè Etyèn nan, y ale jis Fenisi, Chip, ak Antyòch. Yo pa t anonse pèsonn pawòl la, esepite Juif yo sèlman.
- 20** Men, te genyen kèk moun pami yo ki te moun Chip ak Sirèn. Yo menm, lè yo antre Antyòch, yo pale ak Grèk yo tou, yo anonse yo bon nouvèl la sou Senyè Jezi.
- 21** Senyè a te mete men li sou yo. Yon gwo kantite moun vin kwè. Yo konvèti nan Senyè a.
- 22** Nouvèl la rive nan zòrèy moun legliz Jerizalèm nan. Epi, yo voye Banabas pou li travèse al jis Antyòch.
- 23** Lè l rive, li wè gras Bondye, e li te kontan. Li ankouraje yo tout, pou yo deside nan kè yo pou yo rete fidèl ak Senyè a.
- 24** Banabas fè sa paske li te yon nonm ki bon, ki ranpli ak Lespri Sen ansham ak lafwa. E, yon gwo foul moun te vin ajoute sou moun Senyè a.
- 25** Apre sa, Banabas ale Tas pou li chèche Sòl.
- 26** Lè li jwenn Sòl, li mennen li Antyòch. Se konsa pandan tout yon ane yo te reyini avèk legliz la, e yo te anseye anpil moun. Premye kote yo rele disip yo kretyen, se te Antyòch.
- 27** Nan menm jou sa yo, kèk pwofèt ki te soti Jerizalèm desann Antyòch.
- 28** Te genyen youn nan yo ki rele Agabis. Li leve, li fè konnen yon gwo grangou t apral vin sou tout latè, dapre Lespri a. Vrèmanvre, grangou a rive sou Klod Seza.
- 29** Disip yo deside pou yo ede frè ki abite Jide yo. Yo chak te dwe voye sa yo kapab.
- 30** Se sa menm yo fè. Pou voye èd la bay ansyen yo, disip yo remèt li nan men Banabas ak Sòl.

Travay apot yo 12

- 1** Men, nan menm epòk sa a, wa Ewòd mete men sou kèk moun nan Legliz pou li maltrete yo.
- 2** Se konsa li tiye Jak ki frè Jan an avèk epe.
- 3** Lè li wè sa fè Juif yo plezi, li ajoute arestasyon Pyè sou sa tou. Sa pase pandan jou san ledven yo.

- ⁴ Lè I arete Pyè, li mete I nan prizon anba siveyans kat eskwad, yo chak avèk kat sòlda. Plan Ewòd se te pou li fè Pyè konparèt devan pèp la apre fèt Pak la.
- ⁵ Donk, yon bò, yo te kenbe Pyè nan prizon, yon lòt bò, Legliz t ap priye Bondye pou li san rete.
- ⁶ Men, menm nuit anvan jou pou Ewòd ta fè I konparèt la, Pyè t ap dòmi nan mitan de sòlda. De chenn te mare li. Te gen gad devan pòt la ki t ap veye prizon an.
- ⁷ Epi, twouve yon zanj Senyè a parèt. Yon limyè klere kacho a. Zanj lan frape Pyè bò kòt li pou li reveye li, epi li di: Leve vit! Epi, chenn yo sot tonbe nan men Pyè.
- ⁸ Zanj lan di li: Mete sentiwon ou, epi mare sandal ou. Pyè fè sa konsa. Epi, zanj lan di li: Mete rad sou ou, epi suiv mwen!
- ⁹ Pyè suiv li al deyò a, men, li pa t konnen si sa zanj lan t ap fè a te reyèl. Okontrè, li te panse se yon vizyon li t ap fè.
- ¹⁰ Yo pase yon premye gad, epi yon dezyèm gad. Lè yo rive devan pòtay an fè ki bay sou vil la, pòtay la louvri poukont li devan yo. Yo soti, e menm lè yo fin mache longè premye riyèl la, zanj lan disparèt devan Pyè.
- ¹¹ Lè Pyè vin rekonèt tèt li, li di: Kounye a, mwen konnen se reyèl. Se Senyè a ki te voye zanj li a, epi li retire m anba men Ewòd epi anba tout bagay pèp Juif la t ap tann yo.
- ¹² Lè li reflechi sou sa, I ale kay Mari, manman Jan ki rele Mak la. Anpil moun te reyini la, yo t ap lapriyè.
- ¹³ Li frape nan pòt baryè a. Yon sèvant yo rele Wod vin reponn.
- ¹⁴ Li rekonèt vwa Pyè. Epi, nan kontan Wod kontan, li pa louvri pòtay la, men, li kouri al anonse moun yo, Pyè kanpe devan pòtay la.
- ¹⁵ Yo di li: Ou genlè fòl! Men, li menm, li pèsiste ap di se vre. Alò, yo di: Genlè se zanj li.
- ¹⁶ Pyè, li menm, te kontinye ap frape. Lè yo ouvri pòtay la, yo etone lè yo wè se te li menm.
- ¹⁷ Men, li fè yo siy ak men li pou yo pe. Li rakonte yo kòman Senyè a te fè li soti nan prizon an. Epi, li di: Anonse Jak ak lòt frè yo sa. Epi, li soti, I al yon lòt kote.
- ¹⁸ Lè I vin jou, se pa t nan ti tèt chaje sòlda yo te ye pou yo konnen sa Pyè devni.
- ¹⁹ Ewòd fè chèche li, yo pa jwenn li. Alò, li kesyone gad yo, epi li bay lòd tiye yo. Apre sa, Pyè soti Jide, li desann al rete Sezare.

²⁰ Ewòd te an kòlè kont Tiryen yo ak Sidonyen yo. Men, ak tèt-ansanm, yo rive kote li. Yo konvenk Blastis, ki se yon ofisye ki okipe chanm wa a, epi yo chèche fè lapè, paske se peyi wa a ki te bay peyi pa yo manje.

²¹ Nan jou yo te fikse a, Ewòd abiye ak wòb wa li, li chita sou twòn nan, epi li fè yon diskou ba yo.

²² Pèp la, li menm, t ap rele: Sa a se vwa yon bondye. Se pa vwa yon nonm!

²³ Menm lè a tou, yon zanj Senyè a frape Ewòd, paske se pa t Bondye li te bay glwa. Vè manje li jis li rann dènye souf li.

²⁴ Men, pawòl Bondye a t ap grandi, li t ap gaye.

²⁵ Lè Banabas ak Sòl fin akonpli misyon yo, yo pati kite Jerizalèm. Yo pran Jan ki rele Mak la avèk yo.

Travay apot yo 13

¹ Nan Legliz Antyòch la, te genyen kèk pwofèt ak kèk anseyan: Se te Banabas, Simeyon ki rele Ti Nwa, ak Lisiyis ki moun Sirèn, epi Manayèn ki te leve avèk Tetrak Ewòd, epi Sòl.

² Pandan yo t ap fè sèvis pou Senyè a epi pandan yo t ap fè jèn, Lespri Sen an di: Bon! Mwen rele Banabas ak Sòl pou yon travay. Mete yo apa pou mwen poutèt sa.

³ Donk, apre jèn ak lapriyè, yo poze men sou yo de a, epi yo kite yo pati.

⁴ Alò, yo menm Lespri Sen an te voye a desann Selisi. Lè yo sot Selisi, yo pran bato pou y al Chip.

⁵ Lè yo rive Salamin, yo preche pawòl Bondye a nan sinagòg Juif yo. Epitou, yo te genyen Jan kòm sekretè.

⁶ Yo travèse tout zile a jis yo rive Pafòs. La a, yo jwenn yon Juif ki rele Bajezi. Bajezi te yon majisyen, yon fo pwofèt.

⁷ Li te avèk gouvènè Sèjiyis Polis, ki te yon nonm lespri. Gouvènè a te fè rele Banabas ak Sòl. Li menm, li t ap chèche koute pawòl Bondye a.

⁸ Men, Elimas, majisyen an (paske se sa non li vle di) t ap anpeche yo. Li t ap chèche detounen gouvènè a sou chemen lafwa.

⁹ Men, Sòl (ki se Pòl tou) te ranpli avèk Lespri Sen. Li fikse je l sou Elimas.

¹⁰ Li di: Pitit djab! Lèmi tout sa ki jis! Ou plen avèk tout kalite riz ak magouy! Èske w p ap sispann kwochi chemen Senyè a ki se yon chemen ki dwat?

¹¹ Ebyen, kounye a, gade! Senyè a mete men sou ou. W ap avèg, ou p ap wè solèy la pandan yon tan. Menm lè a tou, yon nyaj ak fènwa tonbe sou li. Se moun li t ap chèche adwat agoch pou pran men li.

- ¹² Alò, lè gouvènè a wè sa ki te rive a, li kwè. Ansèyman sou Senyè a te fè li sezi anpil.
- ¹³ Pòl ak konpayon li yo pran bato nan Pafòs, y ale Pèj ki nan Panfili. Jan, li menm, kite yo pou li retounen Jerizalèm.
- ¹⁴ Men, yo menm, lè yo travèse soti Pèj, yo rive Antyòch, sa ki nan Pisidi a. Jou saba a, yo antre nan sinagòg la, epi yo chita.
- ¹⁵ Apre lekti nan lalwa ak nan liv pwofèt yo fin fèt, chèf yo nan sinagòg la voye di yo: Nou menm, frè nou yo, si nou genyen yon pawòl nan kè nou pou ankouraje pèp la, nou mèt pale!
- ¹⁶ Pòl kanpe. Li fè siy ak men li, epi li di: Nou menm Izrayelyen ak moun ki genyen krentif pou Bondye, koute!
- ¹⁷ Bondye pèp sa a te chwazi zansèt nou yo. Li beni yo lè yo te etranje nan peyi Ejip. Epi, li fè yo soti la ak fòs ponyèt li.
- ¹⁸ Li sipòte yo pandan prèske karantan nan dezè a.
- ¹⁹ Li detui sèt nasyon Nan peyi Kanaran, epi li separe peyi a bay zansèt yo.
- ²⁰ Apre sa, jis sou pwofèt Samyèl, se jij li te ba yo pou prèske katsansenkantan.
- ²¹ Lè sa a, yo mande yon wa. Epi, Bondye ba yo yon nonm tribi Benjamin pandan karantan: Se te Sayil, pitit Kis.
- ²² Lè li retire Sayil, se David li mete wa sou yo. Se sou li menm tou, Bondye bay temwayaj sa a: «Mwen jwenn David, pitit Izayi a. Li se yon nonm dapre kè mwen. Li va fè tout volonte mwen.»
- ²³ E, se nan desandans David, jan Bondye te pwomèt li a, Bondye leve yon Sovè pou Izrayèl: Se Jezi!
- ²⁴ Anvan Jezi te parèt, Jan t ap preche yon batèm repantans bay pèp Izrayèl la.
- ²⁵ Men, lè Jan t ap fin akonpli misyon li, li di: «Kisa nou kwè mwen ye? Ebyen, se pa sa, mwen menm, mwen ye. Okontrè, gade! Sila mwen pa merite pou mwen demare sandal nan pye l la, l ap vini apre mwen.»
- ²⁶ Nou menm, frè mwen yo, pitit ras Abraam ak moun pami nou ki genyen krentif pou Bondye, se pou nou yo voye mesaj delivrans sa a.
- ²⁷ Vrèmanvre, moun ki abite Jerizalèm ak chèf yo pa t rekonèt Jezi. Men, lè yo te jije Jezi, yo akonpli pawòl pwofèt yo, pawòl yo li chak saba a.
- ²⁸ E, malgre yo pa t jwenn anyen nan li ki merite lanmò, yo mande Pilat pou fè tiye li.

- ²⁹ Lè yo fin akonpli tout sa ki te ekri sou li yo, yo desann li sot sou bwa a, yo mete li nan yon tonm.
- ³⁰ Men, Bondye resisite li pami mò yo.
- ³¹ Epi, pandan plizyè jou, moun ki te monte Jerizalèm soti Galile avèk li yo, yo te wè li. E, se yo menm ki temwen pou li devan pèp la.
- ³²⁻³³ E, nou menm, n ap anonse nou bon nouvèl la, sèke pwomès Bondye te fè zansèt nou yo, se pou nou menm, pitit yo, li akonpli l, lè li te resisite Jezi. E, se sa tou ki te nan dezyèm Sòm nan: Ou se pitit mwen. Mwen menm, jodi a, mwen ba ou nesans.
- ³⁴ Men, kanta pou resisite Bondye resisite li pami mò yo pou li pa ta janm wè pouriti a, men kijan li pale de sa: Mwen va ba ou bagay sakre ki te pou David yo, Bagay ki asire yo.
- ³⁵ Epi, yon lòt kote li di tou: Ou p ap pèmèt Sen w lan tounen pouriti.
- ³⁶ Vrèmanvre, David li menm, apre li te sèvi plan Bondye nan pwòp jenerasyon li, li te dòmi, yo te antere li avèk zansèt li yo, epi li te tounen pouriti.
- ³⁷ Men, sila Bondye te resisite a, li menm, li pa tounen pouriti.
- ³⁸ Donk nou menm, frè mwen yo, se pou nou konnen sa: Se grasa li menm yo preche nou padon pou peche.
- ³⁹ E, chak moun ki kwè nan Jezi, li jistifye yo anba tout bagay lwa Moyiz la pa t kapab jistifye nou yo.
- ⁴⁰ Donk, fè atansyon pou bagay sa a ki pale nan liv Pwofèt yo pa rive nou:
- ⁴¹ ,Mokè, gade non! Pran sezisman, epi disparèt! Paske, travay, mwen menm, M ap fè pandan jou nou yo, Se yon travay nou pa t ap kwè, Menm si yon moun ta rakonte nou li.
- ⁴² Pandan Juif yo t ap soti nan sinagòg la, moun lòt nasyon yo mande pou yo ta repete pawòl sa yo pou yo nan pwochen saba a.
- ⁴³ Men, lè Sinagòg la lage, anpil Juif ak pwozelit devwe suiv Pòl ak Banabas. Yo menm, yo konvenk yo pou yo rete fèm nan gras Bondye a.
- ⁴⁴ Pwochen saba a, prèske tout vil la te reyini pou yo tande pawòl Bondye a.
- ⁴⁵ Men, lè Juif yo wè foul la, jalouzi plen kè yo. Yo fè opozisyon ak sa Pòl t ap di yo. Yo t ap fè l opozisyon epi yo denigre l.
- ⁴⁶ Men, Pòl ak Banabas reponn avèk asirans. Yo di: Li te nesesè pou se ak nou menm, an premye, nou pale pawòl Bondye a. Men, nou pouse li sou kote. Epi, se nou menm ki jije, nou pa merite lavi etènèl la. Pliske se konsa, ebyen, gade! Nou vire sou bò lòt nasyon yo.

⁴⁷ Paske, men kijan Senyè a te kòmande nou sa: Mwen etabli ou pou w vin yon limyè pou nasyon yo, Pou w vin yon delivrans, jis nan dènye pwent latè.

⁴⁸ Lè moun lòt nasyon yo tandè sa, yo te kontan, yo t ap fè lwanj pawòl Senyè a. E, tout sa Bondye te chwazi pou lavi etènèl yo, yo tout te kwè.

⁴⁹ Pawòl Senyè a t ap gaye nan tout peyi a.

⁵⁰ Men, Juif yo pran tèt ni medam devwe ki nan lelit la, ni notab nan vil la, epi yo monte yon pèsekisyon kont Pòl ak Banabas. Yo mete yo deyò nan zòn yo a.

⁵¹ Men, Pòl ak Banabas souke pousyè nan pye yo sou yo, epi y ale Ikòn.

⁵² E, lajwa ak Lespri Sen an te ranpli kè disip yo.

Travay apot yo 14

¹ Men, sa ki rive nan Ikòn sèke yo antre ansanm nan sinagòg Juif yo, epi yo pale yon jan ki fè yon gwo kantite Juif ak Grèk vin kwè.

² Men, Juif ki pa t kwè yo mete rayisab nan kè moun lòt nasyon yo, epi yo sòlve yo kont frè yo.

³ Donk, yon bò, Pòl ak Banabas rete yon bon tan nan Ikòn, yo preche avèk asirans nan Senyè a; Senyè a li menm demontre mesaj gras li; li pèmèt mirak-siy ak mèvèy fèt anba men yo.

⁴ Yon lòt bò, popilasyon vil la te divize: Yon pati te pou Juif yo, yon lòt pati te pou apot yo.

⁵ Men, yon mouvman kòmanse pami moun lòt nasyon yo ak Juif yo, ansanm avèk chèf yo, pou yo maltrete apot yo epi pou yo tiye yo anba wòch.

⁶ Lè, yo menm, yo konprann sa, yo chape ale nan vil Lis ak nan vil Dèb ki nan Likawoni, ansanm ak nan vil ki alantou yo.

⁷ La, yo kontinye anonse bon nouvèl la.

⁸ Nan Lis, te genyen yon nonm ki te chita, ki te enfim nan pye. Depi nan vant manman li, li te paralize. E, li pa t janm mache.

⁹⁻¹⁰ Li tandè Pòl ap pale. Pòl, li menm, fikse je sou li. E, lè li wè nonm nan te genyen lafwa pou li geri, li di li byen fò: Leve dwat sou pye w! Nonm nan vòltije kanpe, epi li pran mache!

¹¹ Lè foul la wè sa Pòl te fè a, yo leve vwa yo, epi yo di nan lang Likawoni: Bondye yo tounen moun, epi yo desann kote nou!

¹² Yo rele Banabas Zeyis. E, paske se Pòl ki te pote pawòl la, yo rele li Èmès.

13 Prèt estati Zeyis ki nan antre vil yo a mennen towò bès ak kolye flè devan pòtay la. Li menm ansanm avèk fòl la te vle ofri sakrifis.

14-15 Men, lè apot yo, Banabas ak Pòl, tandè sa, yo chire rad sou yo, yo vare nan fòl la, epi yo pran rele. Yo di: Mesye! Poukisa n ap fè bagay sa yo? Nou tou de, nou se moun menm jan avèk nou. Se bon nouvèl la n ap anonse nou dekwa pou nou ka kite bagay vid sa yo epi pou nou ka tounen jwenn Bondye vivan an. Se li ki fè syèl la, tè a, lanmè a, ak tout sa ki nan yo.

16 Nan jenerasyon ki pase yo, li te kite tout nasyon yo mache nan pwòp chemen yo.

17 Malgre sa, li pa t kite tèt li san temwen: Li te fè byen. Li te ban nou lapli soti nan syèl la ak sezon rekòt. Li te plen kè nou avèk manje ak lajwa.

18 E, malgre Pòl ak Banabas di bagay sa yo, se avèk traka yo anpeche fòl la ofri sakrifis ba yo.

19 Men, kèk Juif soti Antyòch ak Ikòn. Yo konvenk fòl la, epi yo kalonnen Pòl wòch. Lè yo panse li mouri, yo trennen li deyò vil la.

20 Men, disip yo antoure li, li leve, li antre nan vil la. Epi, nan demen, l ale Dèb avèk Banabas.

21 Yo anonse bon nouvèl la nan vil sa a. Yo fè anpil disip. Apre sa, yo retounen Lis, Ikòn ak Antyòch.

22 Yo t ap fòtifye nanm disip yo. Yo t ap ankouraje yo rete fèm nan lafwa. Epi, yo t ap di yo: Fòk se avèk anpil tribilasyon pou nou antre nan wayòm Bondye a.

23 Yo chwazi ansyen pou chak legliz. Apre lapriyè avèk jèn, yo remèt yo nan men Senyè a. Se nan li yo te kwè.

24 Apre sa, yo travèse Pisidi, y ale Panfili.

25 Lè yo fin preche pawòl la nan Pèj, yo desann Atali.

26 Se la, yo pran bato pou Antyòch. E, se nan Antyòch yo te remèt yo bay gras Bondye, pou travay yo te sot akonpli a.

27 Lè yo rive, yo reyini legliz la. Yo rakonte tout sa Bondye te fè avèk yo, epi yo di: Li ouvè yon pòt lafwa pou lòt nasyon yo.

28 Epi, yo rete lontan avèk disip yo

Travay apot yo 15

1 Kèk moun ki te desann sot Jide t ap anseye frè yo konsa: Si nou pa sikonsi dapre koutim Moyiz la, nou p ap kapab sove.

- ² Se pa t ti kabal ak diskisyon Pòl ak Banabas te genyen avèk yo! Alò, yo decide pou Pòl, Banabas ak kèk lòt pami yo monte Jerizalèm, al devan apot yo ak ansyen yo avèk kesyon an.
- ³ Donk, legliz voye yo ale. Lè yo travèse Fenisi ak Samari, yo rakonte kòman moun lòt nasyon yo te konvèti. Sa te bay tout frè yo yon gwo kontantman.
- ⁴ E, lè yo rive Jerizalèm, legliz, apot yo ak ansyen yo resevwa yo. Epi, yo rakonte tout sa Bondye te fè avèk yo.
- ⁵ Men, kèk kwayan ki te nan pati Farizyen yo leve. Yo di: Fòk payen yo sikonsi! Fòk yo resevwa lòd pou yo obsève lwa Moyiz la!
- ⁶ Apot yo ak ansyen yo reyini pou yo egzamine pawòl sa a.
- ⁷ Men, vin gen gwo diskisyon. Lè sa a, Pyè leve, li di yo: Nou menm, frè mwen yo, nou konnen, depi nan premye jou yo, Bondye te chwazi pami nou pou se nan bouch mwen moun lòt nasyon yo tande pawòl levanjil la pou yo ka kwè.
- ⁸ E, Bondye ki konnen kè moun, li te temwen pou yo, paske li ba yo Lespri Sen an tou, menm jan avèk nou.
- ⁹ Epitou, li pa t fè okenn diferans ant nou menm avèk yo menm, paske se dapre lafwa yo, li pirifye kè yo.
- ¹⁰ Donk, kounye a, poukisa nou tante Bondye, jis pou nou mete yon jouk nan kou disip yo, yon jouk ni zansèt nou yo, ni nou menm pa t ka pote?
- ¹¹ Okontrè, se dapre gras Senyè Jezi, nou gen konfyans nou sove, menm jan avèk yo.
- ¹² Konsa, tout foul la pe. Epi, yo koute Banabas ak Pòl k ap rakonte kantite mirak-siy ak mèvèy Bondye te fè avèk yo pami moun lòt nasyon yo.
- ¹³ Lè yo fin pale, Jak reponn, li di:
- ¹⁴ Nou menm, frè mwen yo, koute mwen. Simon rakonte kòman, pou premye fwa, Bondye vizite moun lòt nasyon yo pou li chwazi yon pèp pami yo, ki pote non li.
- ¹⁵ Pawòl pwofèt yo dakò sou sa. Se konsa sa ekri:
- ¹⁶ Apre bagay sa yo, mwen va retounen, Epi, mwen va rebati tant David la ki te tonbe. Mwen va rebati debri yo, E, mwen va repare yo.
- ¹⁷ Konsa rès lèzòm va chèche Senyè a Ansanm ak tout nasyon yo tou, nasyon, yo envoke non mwen sou yo. Se deklarasyon Senyè a, li menm ki fè tout bagay sa yo!
- ¹⁸ Depi letènite, Bondye konnen tout travay li yo!
- ¹⁹ Se poutèt sa, dapre jijman pa mwen, se pa pou nou fè sa difisil pou moun lòt nasyon yo ki konvèti nan Bondye.

- 20 Okontrè, se pou nou ekri yo pou yo egzante tèt yo nan koripsyon zidòl, nan imoralite, nan bèt yo trangle epi nan san.
- 21 Paske, depi ansyen jenerasyon yo, genyen moun k ap preche lwa Moyiz la nan chak vil. Vrèmanvre, yo li l chak saba nan sinagòg yo.
- 22 Alò, apot yo, ansyen yo, avèk tout legliz la, te panse li bon pou yo chwazi kèk gason pami yo epi pou yo voye yo Antyòch ansanm avèk Pòl ak Banabas. Yo chwazi Jid ki rele Basabas ak Silas. Mesye sa yo te dirijan pami frè yo.
- 23 Epi, yo remèt yo lèt sa a nan men: Apot yo, ansyen yo, ak frè yo. Frè pami lòt nasyon yo ki nan Antyòch, nan Siri, ak nan Silisi, bonjou!
- 24 Nou tandè genyen kèk moun pami nou ki pati al twouble nou ak diskou, san nou pa ba yo lòd. Y ap boulvèse nanm nou, y ap di pou nou sikonsi epi pou nou obsève lwa Moyiz la.
- 25 Kòm se konsa, apre nou te rive dakò, men sa nou panse ki bon: Se chwazi kèk gason pou nou voye kote nou ansanm avèk byenneme nou yo, Banabas ak Pòl.
- 26 Mesye sa yo bay lavi yo pou non Senyè nou an, Jezi Kris.
- 27 Donk, nou voye Jid ak Silas. Yo menm tou, yo va anonse nou menm bagay yo nan bouch.
- 28 Vrèmanvre, Lespri Sen an ansanm avèk nou menm, nou pa panse li bon pou yo poze okenn chay sou nou ki plis pase sa ki nesesè yo. Men yo:
- 29 Egzante tèt nou nan bagay yo te sakrifye bay zidòl, nan san, nan bèt yo trangle, epi nan imoralite. Si nou kenbe tèt nou lwen bagay sa yo, nou va byen fè. Pote nou byen.
- 30 Donk yo menm, lè yo te ranvwaye yo, y ale Antyòch, yo reyini asanble a, epi yo remèt lèt la.
- 31 Lè yo li lèt la, yo te kontan poutèt ankourajman an.
- 32 Jid ak Silas ki te pwofèt, yo menm tou, yo ankouraje frè yo, yo fòtifye yo avèk anpil pawòl.
- 33 Men, yo fè sa pou yon tan. Epi, frè yo ranvwaye yo kote apot yo avèk lapè.
- 34 Men, Silas te panse li bon pou li menm, li te rete la.
- 35 Pòl ak Banabas, yo menm, pase kèk jou Antyòch. Yo menm ansanm ak anpil lòt moun t ap anseye, epi yo t ap anonse bon nouvèl pawòl Senyè a.
- 36 Apre kèk jou, Pòl di Banabas: Bon! Annou retounen nan tout vil kote nou te preche pawòl Senyè a pou nou vizite frè nou yo, pou nou wè kijan yo ye.
- 37 Banabas te vle mennen Jan tou, Jan ki rele Mak la.

³⁸ Men, Pòl pa t panse li bon pou yo pran moun ki te kite yo depi Panfili a, epi ki pa t ale avèk yo nan travay la.

³⁹ Donk, diskisyon pete jiskaske youn separe ak lòt. Banabas pran Mak, epi li pati al Chip nan bato.

⁴⁰ Pòl, li menm, chwazi Silas. Frè yo remèt Pòl nan gras Bondye. Epi, li pati.

⁴¹ Pandan l ap travèse Siri ak Silisi, li fòtifye legliz yo.

Travay apot yo 16

¹ Epi, Pòl rive Dèb ak Lis. Twouve te genyen yon disip yo rele Timote ki te la. Li te pitit yon dam Juif ki te yon kwayan. Men, papa li te Grèk.

² Frè nan Lis ak frè nan Ikòn yo te bay bon temwayaj sou li.

³ Pòl te vle mennen Timote avèk li. Alò, li pran li. Li fè sikonsi l poutèt Juif ki te kote sa yo. Vrèmanvre, yo tout te konnen papa li te Grèk.

⁴ Men, lè y ap travèse vil yo, desizyon apot yo ak ansyen yo te pran Jerizalèm yo, yo transmèt yo bay moun yo, pou moun yo ka obsève yo.

⁵ Donk, legliz yo t ap vin fèm nan lafwa. Epi, kantite kwayan yo t ap ogmante, jou apre jou.

⁶ Yo travèse zòn Friji ak Galasi. Men, Lespri Sen an te anpeche yo pale pawòl la ann Azi.

⁷ Lè yo rive pre Mizi, yo eseye ale Bitini. Men, Lespri a pa t pèmèt yo sa.

⁸ Alò, yo pase bò Mizi, yo desann Twowas.

⁹ Lannuit la, Pòl fè yon vizyon. Yon nonm Masedwàn te kanpe ap sipliye li. Li t ap di: Vin ede nou nan Masedwàn!

¹⁰ Apre Pòl te fè vizyon an, nou chèche al Masedwàn menm lè a. Nou deside se Senyè a ki t ap rele nou pou nou te anonse yo bon nouvèl la.

¹¹ Donk, lè nou pran bato Twowas, nou ale Samotras tou dwat. Nan demen, nou ale Neyapolis.

¹² Soti la, nou ale Filip, yon koloni ki te premye vil nan depatman Masedwàn nan. E, nan vil sa a, nou pase kèk jou.

¹³ Jou saba a, nou soti deyò vil la, bò yon rivyè. Se la nou sipoze te genyen yon kote yo lapriyè. Epi, nou chita pale avèk medam ki te reyini yo.

¹⁴ E, te genyen yon dam yo rele Lidi ki t ap koute. Se te yon machann twal pou, moun vil Tiyati. Li te genyen devosyon pou Bondye. Senyè a ouvri kè li pou li te resevwa sa Pòl t ap di yo.

- 15 Lè li te fin batize ansanm avèk fanmi li, li sipliye nou. Li di: Si nou konsidere mwen kwè nan Senyè a vre, vin fè ladesant lakay mwen. Epi, li pèsiste konsa avèk nou.
- 16 Men, sa ki vin rive sèke lè nou t aprale kote yo lapriyè a, yon sèvant ki te genyen lespri Piton kontre avèk nou. Lè li pwofetize, li te rapòte mèti li yo anpil lajan.
- 17 Li pran suiv ni nou menm, ni Pòl. Li t ap rele, li t ap di: Mesye sa yo se sèvitè Bondye Trè-Wo a. Y ap anonse nou chemen delivrans.
- 18 Pandan plizyè jou, se sa li t ap fè. Men, Pòl vin bouke. Li vire, li di lespri a: Nan non Jezi Kris, mwen kòmande w pou w soti sou li! Epi, li soti menm lè a.
- 19 Men, lè mèti li yo wè espwa lajan yo a pati, yo mete men sou Pòl ak Silas. Yo trennen yo devan otorite yo sou plas piblik la.
- 20 Epi, yo mennen yo devan majistra yo, yo di: Mesye sa yo ap twouble vil nou an. Se Juif yo ye.
- 21 E nou menm ki Women, y ap preche nou koutim lalwa pa pèmèt pou nou ni resevwa, ni pratike.
- 22 Foul la leve kont yo tou. Majistra yo chire rad sou mesye yo, epi yo bay lòd mete baton sou yo.
- 23 Lè yo fin we yo anba anpil kou, yo mete yo nan prizon, epi yo bay gad la lòd pou li kenbe yo sou siveyans.
- 24 Lè gad la resevwa lòd sa a, li mete yo nan fon prizon an, epi li fèmen pye yo nan sèp.
- 25 Men, vè minui, Pòl ak Silas t ap lapriyè, yo t ap chante lwanj Bondye, e prizonye yo menm t ap koute yo.
- 26 Sibitman, yon gwo tranblemanntè pase, ki fè menm fondasyon prizon an brannen. Tout pòt ouvri menm lè a. Epi, chenn tout moun lage.
- 27 Gad la reveye. Lè li wè pòt prizon an ouvè, li rale epe li, li t apral tiye tèt li paske li te panse prizonye yo te sove.
- 28 Men, Pòl rele byen fò, li di: Pa fè tèt ou anyen mal! Paske, nou tout nou la!
- 29 Alò, gad la mande limyè, li vare andedan an, epi li lage kò l devan Pòl ak Silas, tou ap tranble.
- 30 Li mennen yo deyò a, epi li di: Mesye, kisa mwen dwe fè pou mwen ka sove?
- 31 Men, yo di: Kwè nan Senyè Jezi Kris, e ou va sove, ou menm ak fanmi w.
- 32 Epi, yo anonse li pawòl Senyè a, li menm ak tout moun lakay li.

³³ Nan menm lè sa a, lannuit la, gad la pran yo, li lave blese yo, epi, tousuit apre, li menm ak tout fanmi li batize.

³⁴ Epi, li mennen yo lakay li. Li pare yon tab manje. Epi, li rejwi ansanm ak tout fanmi li dèske li te kwè nan Bondye.

³⁵ Men, lè jou louvri, majistra yo voye polis vin di: «Lage mesye sa yo.»

³⁶ Gad la rapòte pawòl yo bay Pòl konsa: Majistra yo voye lage nou. Donk, kounye a, soti. Ale nan lapè.

³⁷ Men, Pòl di yo: Yo bat nou an piblik san nou pa t kondane, alòske se sitwayen Women nou ye. Yo mete nou nan prizon. Epi, kounye a, se an kachèt y ap mete nou deyò? Men non! Okontrè, se yo menm ki pou vin eskòte nou sot deyò.

³⁸ Polis yo rapòte mesaj yo a bay majistra yo. Lè yo tandè se Women mesye yo ye, yo pè.

³⁹ Yo vin sipliye mesye yo, yo eskòte yo sot deyò, epi yo mande yo pou yo kite vil la.

⁴⁰ Men, lè yo soti nan prizon an, y ale kote Lidi a. Lè yo wè frè yo, yo ankouraje yo, epi yo pati.

Travay apot yo 17

¹ Yo pase Anfipolis ak Apoloni, yo rive Tesalonik kote Juif yo te genyen yon sinagòg.

² Menm jan Pòl te abitye fè a, li antre kote yo. E, pandan twa saba, li diskite avèk yo sou Lekriti.

³ Li t ap esplike epi li t ap demontre fòk Kris la te soufri, epitou, fòk li te resisite pami mò yo. Epi, li di: Jezi m ap anonse nou an, se li menm ki Kris la.

⁴ Sa te konvenk kèk nan yo ansanm ak anpil Grèk devwe epi ak plizyè medam nan lelit la. Konsa, yo vin asosye yo avèk Pòl ak Silas.

⁵ Men, Juif ki pa kwè yo te jalou. Alò, yo pran kèk gason mechan pami voryen yo, yo fè yon foul, epi yo twouble vil la. Lè yo debake kay Jazon, yo chèche Pòl ak Silas pou yo mennen yo devan pèp la.

⁶⁻⁷ Men, yo pa jwenn yo. Alò, yo trennen Jazon ak kèk frè devan otorite yo. Epi, yo pran rele konsa: Mesye sa yo mete lemonn antye tèt anba. Men yo vin isit la tou. E, Jazon resevwa yo! Yo tout ap aji kont dekrè Seza a. Y ap di genyen yon lòt wa, se Jezi!

⁸ Lè foul la ak otorite yo tandè sa, yo te boulvèse.

⁹ Yo pran yon amann nan men Jazon ak rès moun yo, epi yo lage yo.

- 10 Menm lè a, frè yo voye Pòl ak Silas al Bere lannuit. Lè yo rive, y ale nan sinagòg Juif yo.
- 11 Juif sa yo te pi debyen pase Juif Tesalonik yo: Yo resevwa pawòl la avèk tout bon dispozisyon. Epi, yo egzamine Lekriti jou apre jou pou wè si se konsa pawòl yo ye vre.
- 12 Donk, anpil nan yo vin kwè, ni pami medam Grèk yo nan lelit la, ni pami anpil nan mesye yo.
- 13 An menm tan, Juif Tesalonik yo vin konnen Pòl t ap anonse pawòl Bondye a nan Bere tou. Alò, yo vin chofe foul nan Bere yo tou.
- 14 Donk, menm lè a, frè yo fè Pòl ale bò lanmè a. Silas ak Timote, yo menm, rete la.
- 15 Moun ki te eskòte Pòl yo mennen li jis Atèn. Yo resevwa lòd nan men li pou Silas ak Timote vin jwenn li tousuit. Epi, yo pati.
- 16 Men, pandan Pòl t ap tann yo Atèn, li wè vil la te plen ak zidòl. Sa boulvèse lespri li.
- 17 Donk, li pran diskite nan sinagòg la avèk Juif yo ak moun devwe yo. Tou le jou, li t ap diskite sou plas piblik la avèk moun ki te rasanble yo.
- 18 Twouve, kèk filozòf Epikiryen ak Estoyisyen vin diskite avèk li tou. Gen kèk nan yo ki t ap di: Kisa paladò sa a vle di la a? Men, paske li t ap anonse bon nouvèl la sou Jezi ak sou rezirèksyon an, lòt yo t ap di: Genlè li se predikatè kèk bondye etranje!
- 19 Yo pran li, yo mennen li nan Areyopaj la, epi yo di: Èske nou ta kapab konnen ki nouvo ansèyman sa a w ap anonse a?
- 20 Paske, w ap anonse kèk bagay dwòl nan zòrèy nou. Donk, nou ta renmen konnen sa bagay sa yo vle di.
- 21 Vrèmanvre, tout Atenyen ak etranje ki abite Atèn pa t genyen lòt plezi pase bay nouvèl epi koute nouvèl.
- 22 Alò, Pòl kanpe nan mitan Areyopaj la. Li di: Nou menm nan Atèn, mwen wè kòman nou fidèl anpil nan relijyon nan tout bagay.
- 23 Vrèmanvre, nan pwomennen obsève bagay nou adore yo, mwen te menm wè yon lotèl avèk dedikas sa a: **POU YON BONDYE NOU PA KONNEN Ebyen**, sila n ap adore san nou pa konnen l lan, se li menm m ap anonse nou.
- 24 Li fè lemonn ak tout sa ki ladan l. Se li menm ki Senyè sou syèl la ak sou tè a. Bondye sa a pa abite nan tanp lèzòm fè.
- 25 Se pa men lèzòm ki sèvi li nonplis, kòmsi li ta bezwen yon bagay. Se li menm ki bay tout sa ki vivan lavi ak souf ansanm ak tout bagay.

- ²⁶ Li fè moun tout nasyon soti nan yon sèl san, pou yo ka abite sou tout tè sou latè. Li chwazi ni tan li fikse pou yo, ni lizyè bitasyon yo.
- ²⁷ Epitou, li fè yo pou yo ka chèche Senyè a, pou wè si petèt nan tatonnen, yo ta jwenn li. Alòske, li pa lwen okenn nan nou.
- ²⁸ Paske, se li ki ban nou lavi, mouvman ak egzistans. Se sa kèk nan powèt nou yo di tou: «Vrèmanvre, se desandans li nou ye.»
- ²⁹ Donk, si se desandans Bondye nou ye, nou pa dwe konsidere Bondye tankou yon imaj ladrès ak lide lèzòm fè ak lò, ak ajan oubyen ak wòch.
- ³⁰ Ebyen, tan inyorans sa a, Bondye pase sou li. Men, kounye a, I ap anonse tout moun toupitou pou yo repanti.
- ³¹ Paske, li fikse jou li pral jije lemonn avèk jistis, grasa nonm li te chwazi a. E, li bay tout moun prèv la, lè li te resisite I pami mò yo.
- ³² Lè yo tandè pawòl mò resisite a, kèk moun ri. Men, kèk lòt di: Nou va koute w ap pale sou sa yon lòt fwa.
- ³³ Se konsa Pòl soti pami yo.
- ³⁴ Kèk nan mesye yo vin kwè, yo pèsevere avèk Pòl. Pami yo, te genyen Deni, yon manm Areyopaj la, ak yon dam yo rele Damaris, ak lòt moun ansanm avèk yo.

Travay apot yo 18

- ¹ Apre sa, Pòl pati kite Atèn. L ale Korent.
- ² Li jwenn yon juif yo rele Akilas, ras moun Pon. Li te fèk rive soti Itali avèk madanm li Prisil, paske Klod te pase yon dekrè pou tout Juif kite Wòm. Pòl ale kote yo.
- ³ Kòm yo te genyen menm metye, li rete travay avèk yo. Vrèmanvre, metye yo se te fè tant.
- ⁴ Men, chak saba, Pòl t ap diskite nan sinagòg la. Li t ap konvenk ni Juif ni Grèk.
- ⁵ Men, lè Silas ak Timote desann soti Masedwàn, Lespri a pouse Pòl. Konsa, li t ap demontre devan Juif yo se Jezi ki Kris la.
- ⁶ Men, kòm Juif yo t ap fè opozisyon epi yo t ap denigre yo, alò, Pòl souke rad li, epi li di yo: San nou sou pwòp tèt nou! Mwen menm, mwen pa responsab. Depi kounye a, se kote lòt nasyon yo mwen prale.
- ⁷ Lè li pati sot la, I ale kay yon nonm yo rele Jistis. Jistis te gen devosyon pou Bondye. E, kay li te kole avèk sinagòg la.

- ⁸ Chèf sinagòg la se te Krispis. Li menm ak tout fanmi li vin kwè nan Senyè a. Lè Korentyen yo te koute Pòl, anpil nan yo te kwè, epi yo te batize.
- ⁹ Nan yon vizyon pandan lannuit, Senyè a di Pòl: Pa pè! Okontrè, pale san rete!
- ¹⁰ Paske, se mwen menm ki avèk ou. E, pèsounn p ap mete men sou ou pou fè w mal. Paske, genyen yon gwo pèp nan vil sa a ki pou mwen.
- ¹¹ Konsa, Pòl rete ennan si mwa ap anseye yo pawòl Bondye a.
- ¹² Men, pandan Galyon te gouvènè Akayi, Juif yo mete ansanm, yo atake Pòl. Yo mennen li tribinal.
- ¹³ Epi, yo di: Nonm sa a ap pran tèt moun, pou yo devwe pou Bondye yon fason ki kont lalwa.
- ¹⁴ Pandan Pòl t apral ouvri bouch li, Galyon di Juif yo: Juif, si vrèmanvre se te pou yon krim oubyen pou yon move zak, ebyen, avèk rezon, mwen ta koute plent nou yo.
- ¹⁵ Men, si se pou yon kesyon sou yon pawòl oubyen sou yon non oubyen sou pwòp lwa nou, se nou menm, sa gade. Mwen menm, mwen pa vle sèvi jij nan bagay sa yo.
- ¹⁶ Epi, li fè yo soti devan tribinal la.
- ¹⁷ Alò, Grèk yo pran Sostèn, chèf sinagòg la, yo bat li devan tribinal la. E, se pa t mele Galyon sa!
- ¹⁸ Pòl, li menm, te rete la pou kèk tan ankò. Apre sa, li di frè yo orevwa. Epi, li menm ansanm avèk Prisil ak Akilas, yo pran bato pou Siri. Li te kale tèt li depi lè l te pase Sankre, poutèt yon ve li te fè.
- ¹⁹ Kounye a, yo rive Efèz. Epi, li depoze konpayon li yo, men, li menm, li antre diskite avèk Juif yo nan sinagòg la.
- ²⁰ Yo mande li pou li pase plis tan avèk yo. Men, li pa t dakò.
- ²¹ Okontrè, li di yo orevwa, epi li di: Fòk mwen pase pwochen fèt la Jerizalèm kanmenm. Men, si Bondye vle, m ap tounen kote nou ankò. Epi, li pran bato Efèz.
- ²² Lè li debake Sezare, li monte al salye legliz la. Epi, li desann Antyòch.
- ²³ Li pase kèk tan la, epi, li pati. Li travèse zòn Galasi ak Friji youn apre lòt. Li t ap fòtifye tout disip yo.
- ²⁴ Yon Juif yo rele Apolòs, moun Aleksandri, te vini Efèz. Se te yon nonm ki te pale byen epi ki te fò nan Lekriti.

²⁵ Li te aprann chemen Senyè a, li t ap pale avèk yon lespri ki cho, li t ap anseye sou Senyè a kòrèkteman. Epoutan, se batèm Jan an sèlman li te konnen.

²⁶ Li kòmanse pale avèk asirans nan sinagòg la. Men, lè Akilas ak Prisil tande li, yo pran li, epi yo esplike li chemen Bondye a yon jan ki pi kòrèk toujou.

²⁷ Li vin deside travèse Akayi. Frè yo ankouraje li. Epi, yo ekri yon lèt pou disip yo ka resevwa li. Lè li rive, li ede tout moun ki te kwè nan gras Bondye yo anpil.

²⁸ Vrèmanvre, se avèk fòs li t ap konvenk Juif yo an piblik. Li t ap demontre, dapre Lekriti, se Jezi ki Kris la.

Travay apot yo 19

¹ Pandan Apolòs te Korent, sa ki vin rive, Pòl travèse zòn sou wotè pou l ale Efèz. Li rankontre avèk kèk disip.

² Li di yo: Lè nou te kwè a, èske nou te resevwa Lespri Sen? Men, yo di li: Okontrè, nou pa t menm tande te genyen yon Lespri Sen!

³ Alò, Pòl di yo: Donk, ki kalite batèm nou te resevwa? Yo di: Batèm Jan an!

⁴ Pòl di: Lè Jan te batize moun, se te yon batèm repantans. Li t ap di pèp la pou yo kwè nan sila ki t ap vini apre l la, sa vle di, nan Jezi Kris.

⁵ Lè yo fin tande sa, yo resevwa batèm nan non Senyè Jezi.

⁶ Epi, lè Pòl poze men sou yo, Lespri Sen an vini sou yo. Yo pale an lang. Yo pwofetize.

⁷ Antou, te genyen douz gason konsa.

⁸ Pòl antre nan sinagòg la. Li preche avèk asirans. Pandan twa mwa, li t ap diskite avèk moun yo, epi li t ap konvenk yo sou bagay ki konsène wayòm Bondye a.

⁹ Men, kèk nan yo t ap fè rèd nan kè yo. Yo pa t kwè. Yo pale Chemen an mal devan foul la. Lè sa a, Pòl soti pami yo. Li mete disip yo apa. Jou apre jou, li t ap diskite nan lekòl Tiranis la.

¹⁰ Sa kontinye pandan dezan. Se konsa moun ki abite Azi yo, ni Juif, ni Grèk, yo tout tande pawòl Senyè Jezi a.

¹¹ Bondye t ap fè mirak estwòdinè avèk men Pòl.

¹² Konsa tou, yo te konn pote mouchwa oubyen twal ki te touche kò Pòl bay malad yo. Epi, maladi kite yo, move lespri soti sou yo.

- ¹³ Men, pami Juif ki t ap mache chase demon yo, genyen kèk ki eseye nonmen non Senyè Jezi sou moun ki te genyen move lespri. Yo di: N ap kòmande nou nan non Jezi Pòl ap preche a!
- ¹⁴ Moun ki t ap fè sa a se te sèt pitit Seva yo, youn nan Juif ki te sakrifikatè prensipal yo.
- ¹⁵ Alò, move lespri a reponn, li di: Mwen konnen Jezi, e mwen rekonèt Pòl. Men, nou menm, kilès nou ye?
- ¹⁶ Epi, nonm ki te genyen move lespri a vare sou yo. Li metrize yo, li malmennen yo chak. Nan konsa, yo pati sot nan kay la toutouni, plen ak blese.
- ¹⁷ Ni Juif, ni Grèk ki rete Efèz, yo tout vin konnen bagay la. Laperèz tonbe sou yo tout. E, grandè non Senyè Jezi parèt.
- ¹⁸ Anpil nan moun ki te kwè yo vini. Yo avwe zak yo, yo deklare yo.
- ¹⁹ Anpil nan moun ki te fè maji yo vini avèk liv yo tou. Yo boule yo devan tout moun. Lè yo regle, yo jwenn pri liv yo rive senkant mil pyès ann ajan.
- ²⁰ Se konsa pawòl Senyè a t ap gaye avèk fòs epi li t ap domine.
- ²¹ Lè bagay sa yo fin pase, Pòl deside pou l ale Jerizalèm, pou li tou travèse Masedwàn avèk Akayi, dapre direksyon Lespri a. Epi, li di: Lè m soti Jerizalèm, fòk mwen wè Wòm tou.
- ²² Li voye de nan moun ki t ap ede l yo Masedwàn. Se te Timote ak Eras. Li menm, li rete yon ti tan ann Azi.
- ²³ Nan epòk sa a, se pa ti dezòd ki rive poutèt Chemen an!
- ²⁴ Vrèmanvre, te genyen yon òfèv yo rele Demetriyis ki te konn fè ti tanp Atemis ann ajan. Se pa ti benefis sa te rapòte ouvriye yo!
- ²⁵ Li rasanble yo ansanm avèk moun menm metye a. Li di: Mesye, nou konnen se biznis sa a ki richès nou.
- ²⁶ Nou wè e nou tandè se pa nan Efèz sèlman nonm Pòl la ap konvenk gwo foul pou li detounen yo. Okontrè, se prèske nan tout Azi l ap di konsa: «Sa lèzòm fè se pa bondye yo ye vre!»
- ²⁷ Danje ki genyen an, se pa sèlman avili yo ka avili metye nou an, men tou, se tanp gran deyès Atemis la, yo ka konsidere kòm anyen. Epitou, yo ka detui grandè li, alòske se li menm, moun nan tout Azi ak nan lemonn antye adore.
- ²⁸ Lè yo tandè sa, yo fin debòde. Yo t ap rele: Ala gran Atemis Efezyen yo gran!

²⁹ Boulvès la plen tout vil la. Yo tout ansanm, yo trennen Gayis avèk Aristak ki se moun Masedwàn epi ki se konpayon Pòl nan vwayaj la. Yo kouri al nan estad la.

³⁰ Pòl deside pou li parèt devan pèp la. Men, disip yo pa t kite l fè sa.

³¹ Kèk nan otorite ann Azi yo, ki te zanmi li, voye kote li tou. Yo sipliye li pou li pa al bay tèt li nan estad la.

³² Asanble a, li menm, te an boulvès. Yon bò, yo t ap rele yon bagay. Yon lòt bò, se te yon lòt bagay. Pi fò nan yo pa t menm konnen pou ki rezon yo te reyini.

³³ Alò, yo mennen Aleksann soti nan foul la. Juif yo menm t ap pouse li devan. Aleksann fè pèp la siy ak men li. Li te vle defann tèt li.

³⁴ Men, lè yo rekonèt se Juif li ye, yo tout fè yon sèl vwa. Pandan dezèdtan, yo t ap rele: Ala gran Atemis Efezyen yo gran!

³⁵ Men, prepoze a kalme foul la, epi li di: Nou menm nan Efèz, vil Efèz se pwotektè tanp gran deyès Atemis ak estati li a ki soti nan syèl. Ki moun ki pa konnen sa?.

³⁶ Kòm pèsonn pa ka nye sa, ebyen fòk nou kalme nou, epi fòk nou pa fè anyen ak tèt cho.

³⁷ Nou mennen mesye sa yo isit la, alòske, yo pa piyè tanp, e yo pa denigre deyès nou an nonplis.

³⁸ Si, vrèmanvre, Demetriyis ak ouvriye li yo genyen kèk plent kont yon moun, ebyen, tribinal ouvè, pwokonsil yo la. Se pou youn pote plent kont lòt.

³⁹ Men, si se yon lòt bagay n ap chèche, ebyen, yo va regle sa nan asanble lalwa prevwa a.

⁴⁰ Apre afè jodi a, yo san lè akize nou pou yo di nou fè kabal. Paske, pa genyen okenn rezon nou ta kapab bay, pou nou esplike rasanbleman sa a.

⁴¹ Lè li fin di bagay sa yo, li voye foul la ale.

Travay apot yo 20

¹ Lè kabal la sispann, Pòl fè rele disip yo. Li salye yo, epi li pati pou l al Masedwàn.

² Lè l ap travèse zòn sa a, li egzòte moun yo avèk anpil pawòl, epi l al an Grès.

³ Li pase twa mwa la. Etan li t apral pran bato pou Siri, Juif yo monte yon konplo kont li. Alò, li deside retounen pase Masedwàn.

- ⁴ Moun ki te akonpaye li jis ann Azi yo, se te Sopatè, moun Bere; Aristak avèk Segon, moun Tesalonik; Gayis, moun Dèb; ak Timote; epi Tichik ak Twofim, moun Azi.
- ⁵ Yo menm, y ale devan, epi yo tann nou Twowas.
- ⁶ Men, nou menm, apre jou Pen-san-Ledven yo, nou pran bato Filip. E, nan senk jou, nou rive kote yo Twowas. Nou pase sèt jou la.
- ⁷ Men, nan premye jou semèn nan, disip yo te reyini pou kase pen. Kòm Pòl t apral pati nan demen, li t ap preche moun yo. Li kontinye mesaj la jiska minui.
- ⁸ Te genyen anpil lanp nan chanmòt kote nou te reyini an.
- ⁹ Twouve yon jennonm yo rele Etich te chita nan fenèt la. Yon gwo dòmi t ap pati avèk li. E, kòm Pòl t ap preche long, dòmi pran Etich. Li soti nan twazyèm etaj la, li tonbe anba. Se kadav li yo ranmase.
- ¹⁰ Men, Pòl desann. Li panche sou li. Li pran Etich nan bra li. Epi, li di: Pa panike! Paske, nanm li sou li!
- ¹¹ Lè Pòl remonte, li kase pen, li manje. Epi, li preche anpil tan ankò, jis li jou. Apre sa, li pati.
- ¹² Men, yo mennen l ale vivan. Se pa ti ankouraje sa te ankouraje yo.
- ¹³ Pou nou menm, nou pran devan abò bato a. Nou navige rive Asòs. Se la nou t apral pran Pòl abò a. Li te ranje sa konsa, paske li menm se pa tè li t aprale.
- ¹⁴ Lè li rankontre nou Asòs, nou pran li abò a, nou ale Mitilèn.
- ¹⁵ Soti la, nou navige, jis nou rive vizavi Kiyòs nan demen. Jou apre a, nou koste Samòs. Nou rete Twojil, epi, nan demen, nou ale Milè.
- ¹⁶ Pou Pòl te ka pa pèdi tan ann Azi, li te deside pase devan Efèz san rete. Paske, li t ap prese pou wè si li te kapab Jerizalèm pou jou Pannkòt la.
- ¹⁷ Men, etan li Milè, li voye moun al Efèz pou fè rele ansyen yo ki nan Legliz la.
- ¹⁸ Lè yo vini kote li, li di yo: Nou menm, depi premye jou mwen te mete pye ann Azi, nou konnen kòman mwen te ye avèk nou nan tout tan sa a.
- ¹⁹ Mwen sèvi Senyè a avèk tout imilite mwen, avèk dlo nan je, epi nan mitan eprèv konplo Juif yo te fè mwen sibi.
- ²⁰ Nou konnen kòman mwen pa t kache anyen. An piblik epi de kay an kay, mwen anonse nou epi mwen anseye nou tout bagay ki pou byen nou.
- ²¹ Ni pou Juif ni pou Grèk, mwen pwoklame repantans nan Bondye ak lafwa nan Senyè nou an, Jezi Kris.

- ²² Kounye a, gade! Lespri a mare mwen pou mwen ale Jerizalèm. Mwen pa konnen sa ki pral rive mwen la.
- ²³ Sèlman, vil apre vil, Lespri Sen an deklare mwen, kòd avèk tribilasyon ap tann mwen.
- ²⁴ Okontrè, mwen pa pran sa pou anyen. Epitou, depi mwen fini kous mwen an avèk lajwa, depi mwen fini ministè mwen resevwa nan men Senyè Jezi a pou mwen deklare bon nouvèl gras Bondye a, pou mwen menm, lavi mwen pa gen valè.
- ²⁵ Kounye a, gade! Mwen te mache preche wayòm Bondye a pami nou. Nou tout, mwen konnen nou p ap wè figi mwen ankò.
- ²⁶ Donk, mwen pran nou kòm temwen jounen jodi a: Mwen pa responsab pou san pèsoun moun.
- ²⁷ Paske, mwen te anonse nou tout plan Bondye a, san kache anyen.
- ²⁸ Poutèt sa, fè atansyon ak tèt nou epi ak tout twoupo a. Se sou li Lespri Sen an etabli nou kòm evèk pou nou pran swen legliz Bondye a, legliz li te achte ak pwòp san li.
- ²⁹ Paske, mwen konnen sa: Apre mwen pati, yon bann lou mechan ap antre pami nou. E, yo p ap menaje twoupo a.
- ³⁰ Menm pami nou, ap genyen moun ki leve pou yo pale pawòl kwochi dekwa pou yo ka rale disip yo dèyè yo.
- ³¹ Donk, veye! Sonje kòman pandan twazan, lajounen kon lannuit, avèk dlo nan je, mwen pa t sispann avèti nou chak.
- ³² Kounye a, frè mwen yo, mwen remèt nou bay Bondye ak pawòl gras li. Se pawòl sa a ki kapab edifye nou epi ki ka ban nou yon eritaj pami tout moun Bondye sangtifye yo.
- ³³ Mwen pa t anvi ni ajan, ni lò, ni rad pèsoun.
- ³⁴ Nou menm, nou konnen se men sa yo ki te ede ni mwen menm, ni moun ki te avèk mwen yo, nan nesesite nou yo.
- ³⁵ Nan tout bagay, mwen montre nou sa: Lè nou travay di konsa, fòk nou ede moun fèb yo, epi fòk nou sonje pawòl Senyè Jezi yo. Se li menm ki te di: Genyen plis benediksyon nan bay pase nan resevwa.
- ³⁶ Lè Pòl fin di bagay sa yo, li mete ajenou avèk yo tout. Li priye.
- ³⁷ Yo tout t ap kriye anpil. Yo pase men nan kou Pòl. Yo pran bo li.
- ³⁸ Pou yo, pi gwo lapenn nan, se pawòl li te di a: Yo pa pral wè figi li ankò! Apre sa, yo akonpaye li nan bato a.

Travay apot yo 21

- ¹ Lè nou kite yo, nou pran bato, nou ale Kòs tou dwat. Nan demen, nou ale Wòd. Soti la, nou ale Patara.
- ² Nou anbake abò yon bato nou jwenn ki t ap travèse al Fenisi, epi nou pati.
- ³ Lè zile Chip parèt agoch, nou pase li, epi, nou fè kap pou Siri. Nou koste Ti, paske se la bato a te genyen pou li debake chay li.
- ⁴ Nou pase sèt jou avèk disip nou te jwenn la yo. Lespri a pouse yo di Pòl pa monte Jerizalèm.
- ⁵ Men, lè jou yo te pase, nou soti pou nou ale. Yo tout ansanm avèk madanm yo ak pitit yo akonpaye nou rive deyò nan vil la. Epi, nou ajenou sou rivaj la, nou priye.
- ⁶ Apre sa, nou youn di lòt orevwa. Nou anbake nan bato a. Yo menm, y ale lakay yo.
- ⁷ Men, nou menm, lè nou fini vwayaj la, nou soti Ti, n ale Tolemays. Nou salye frè yo, epi nou pase yon jou avèk yo.
- ⁸ Men, nan demen, moun ki pati avèk Pòl yo ale Sezare. Yo antre kay evanjelis Filip, ki te youn nan gwoup Sèt la. Se la nou fè ladesant.
- ⁹ E, nonm sa a te genyen kat pitit fi vyèj ki te konn pwofetize.
- ¹⁰ Nou pase plizyè jou la. Sètalo, yon pwofèt yo rele Agabis desann soti Jide.
- ¹¹ Li vini kote nou. Li pran sentiwon Pòl. Li mare ni pye li ni men li, epi li di: Men sa Lespri Sen an di: «Nonm ki mèt sentiwon sa a, se konsa Juif yo va mare li Jerizalèm. Epi, yo va livre li nan men moun lòt nasyon yo.»
- ¹² Lè nou tandè sa, ni nou menm, ni moun zòn nan, nou sipliye Pòl pou li pa monte Jerizalèm.
- ¹³ Pòl, li menm, reponn, li di: Sa n ap fè konsa? Apa n ap kriye epi n ap twouble lespri mwen! Paske, pou mwen menm, se pa sèlman mare mwen pare pou yo mare m, okontrè menm, se mouri mwen pare pou mwen mouri Jerizalèm poutèt non Senyè Jezi.
- ¹⁴ Kòm nou pa t rive konvenk li, nou fè silans. Epi, nou di: Se pou volonte Senyè a fèt!
- ¹⁵ Apre jou sa yo, nou pare afè nou, epi nou monte Jerizalèm.
- ¹⁶ Kèk nan disip Sezare yo ale avèk nou tou. Yo mennen nou kay yon sèten Nason, yon ansyen disip ki te moun Chip. Se la nou fè ladesant.
- ¹⁷ Lè nou rive Jerizalèm, se avèk lajwa, frè yo resevwa nou.
- ¹⁸ Nan demen, Pòl ale kote Jak avèk nou. Tout ansyen yo te reyini la tou.

- ¹⁹ Pòl salye yo, epi li rakonte youn apre lòt tout sa Bondye te fè nan ministè li pami lòt nasyon yo.
- ²⁰ Lè yo tandè sa, yo bay Senyè a glwa, epi yo di Pòl: Frè nou, ou wè konbyen milye Juif ki kwè. E, yo tout zeze pou lalwa.
- ²¹ Men sa yo aprann yo sou ou: W ap anseye tout Juif ki pami lòt nasyon yo pou yo abandone Moyiz, paske w ap di pou yo pa ni sikonsi pitit yo, ni mache dapre koutim zansèt yo.
- ²² Donk, kisa ki dwe fèt? Kanmenm, fòk popilasyon an rasanble, paske y ap konnen ou vini.
- ²³ Donk, fè sa nou pral di w la. Genyen kat gason avèk nou la a ki te fè yon ve.
- ²⁴ Pran yo. Pirifye ni ou menm ni yo menm. Epi, peye pou yo, pou yo kapab fè kale tèt yo. Konsa, tout moun va konnen pa gen anyen ki vre nan sa yo te aprann yo sou ou a. Men, okontrè, ou mache nan lòd, e ou menm tou, ou obsève lalwa.
- ²⁵ Men, kanta pou kwayan pami lòt nasyon yo, nou menm, nou ekri yo. Nou deside pou yo pa obsève anyen konsa. Men, se sèlman kenbe yo dwe kenbe tèt yo lwen bagay yo te sakrifye bay zidòl, san, bèt yo trangle, avèk imoralite.
- ²⁶ Alò, Pòl pran mesye yo. Nan demen, li pirifye ni li menm, ni yo menm. Epi, li antre nan tanp lan pou l anonse sou konbyen jou pou pirifikasyon an fini anvan yo prezante ofrann nan pou yo chak.
- ²⁷ Sèt jou yo te prèske pase lè Juif ki sot ann Azi yo wè Pòl nan lakou tanp lan. Yo lage tout foul la nan boulvès. Yo mete men sou li.
- ²⁸ Epi, yo kòmanse rele: Nou menm nan Izrayèl, sekou! Se nonm sa a k ap anseye tout moun toupatou bagay ki kont pèp la, ki kont lalwa, epi ki kont plas sa a. Menm moun ki pa Juif, li mennen yo nan lakou tanp lan. Epi, li pwofane plas sa a ki sen.
- ²⁹ Paske, yo te wè Twofim, moun Efèz, nan vil la avèk Pòl, yo sipoze Pòl te mennen li nan lakou tanp lan.
- ³⁰ Tout vil la vin bwouye. Pèp la t ap kouri toupatou. Yo mete men sou Pòl. Yo trennen li deyò sot nan lakou tanp lan. Menm lè a tou, yo fèmen pòtay yo.
- ³¹ Pandan yo t ap chèche tiye li, rapò sa a monte kote kòmandan batayon an: Tout Jerizalèm an boulvès!
- ³² Tousuit, li pran sòlda ak santenye avèk li. Li kouri desann sou pèp la. E, lè yo menm, yo wè kòmandan an avèk sòlda yo, yo sispann bat Pòl.
- ³³ Alò, kòmandan an pwoche. Li fè mete men sou Pòl. Li pase lòd pou yo mare Pòl avèk de chenn. Epi, li mande ki moun Pòl ye epi kisa li te fè.

³⁴ Men, yon pati nan foul la t ap rele yon bagay, yon lòt pati, yon lòt bagay. Briganday la te lakòz li pa t kapab konnen verite a. Alò, li pase lòd pou yo mennen Pòl nan kazèn nan.

³⁵ Men, lè li rive sou eskalye a, foul la te tèlman brital, se pote sòlda yo pote Pòl.

³⁶ Mas pèp la t ap suiv li, epi yo t ap rele: Tiye !!

³⁷ Pandan Pòl t apral antre nan kazèn nan, li di kòmandan an: Èske lalwa pèmèt mwen pale avèk ou? Li reponn: Apa ou pale Grèk!

³⁸ Donk, se pa ou menm ki Ejipsyen an! Tou lòt jou la a, li fè yon revolisyon. Epi, l ale nan dezè a avèk kat mil asasen.

³⁹ Men, Pòl di: Mwen menm, se Juif mwen ye. Mwen se sitwayen Tas, nan Silisi, yon vil ki pa san valè. Tanpri, pèmèt mwen pale avèk pèp la.

⁴⁰ Lè li pèmèt Pòl pale, Pòl kanpe sou eskalye a. Li fè pèp la siy ak men li. Vin genyen yon gwo silans. Lè sa a, li pale nan lang Ebre.

Travay apot yo 22

¹ Li di: Nou menm, frè mwen yo ak papa mwen yo, koute sa m ap di nou kounye a pou mwen defann tèt mwen.

² Lè yo tande se nan lang Ebre l ap pale avèk yo, yo ret trankil plis toujou.

³ Epi, Pòl di: Mwen menm, se Juif mwen ye. Mwen fèt Tas, nan Silisi. Men, se nan vil isit, nan pye Gamalyèl, mwen te elve. Li enstui mwen kòrèkteman nan lwa zansèt yo. E, menm jan nou tout nou ye jodi a, se konsa mwen te zele pou Bondye. Mwen pèsekite moun Chemen sa a jis nan lanmò. Ni fi, ni gason, mwen mare yo lage nan prizon.

⁵ E, sakrifikatè an chèf la ansanm ak tout ansyen yo ka sèvi m temwen pou sa. Se nan men yo mwen te resevwa lèt pou frè Juif yo. Epi, m ale Damas pou mwen mare moun Chemen an ki Damas tou, mennen yo Jerizalèm pou fè pini yo.

⁶ Men, sa ki vin rive sèke pandan mwen t ap vwayaje vè midi konsa epi mwen t ap pwoche Damas, sibitman, yon gwo limyè soti nan syèl la vin flache toutotou mwen.

⁷ Mwen tonbe atè, epi mwen tande yon vwa ki di mwen: «Sò! Sò! Poukisa w ap pèsekite mwen?»

⁸ Men, mwen menm, mwen reponn, mwen di: «Kilès ou ye, Senyè?» Epi, li di mwen: «Mwen se Jezi, moun Nazarèt, moun w ap pèsekite a.»

⁹ Moun ki te avèk mwen yo te wè limyè a, e yo te pè. Men, yo pa t tande vwa ki t ap pale avèk mwen an.

- 10 Mwen di: «Senyè, kisa mwen va fè?» Senyè a di mwen: «Leve, ale Damas. La, yon moun va di ou tout sa m te deside pou w fè.»
- 11 Fòs limyè sa a te lakòz mwen pa t kapab wè. Alò, konpayon mwen yo kenbe men mwen. Konsa, mwen rive Damas.
- 12 Men, te genyen yon nonm ki devwe dapre lalwa, yo te rele Ananyas. Tout Juif ki abite Damas te bay bon temwayaj sou li.
- 13 Li vini kote mwen, li kanpe, epi li di: «Frè Sòl! Wè!» E, menm lè a, mwen wè li.
- 14 Epi, li di: «Bondye zansèt nou yo chwazi ou pou w konnen volonte li, pou w wè sila ki jis la, epi pou w tande pawòl nan bouch li.
- 15 Paske, devan tout moun, ou va yon temwen pou li sou sa ou te wè ak sa ou te tande.
- 16 Kounye a menm, sa w ap tann? Leve, fè yo batize w, epi envoke non Senyè a pou l ka lave w anba peche w yo.»
- 17 Men, sa ki vin rive, lè mwen retounen Jerizalèm, etan mwen t ap lapriyè nan lakou tanp lan, mwen fè yon vizyon.
- 18 Mwen wè Senyè a k ap di mwen: «Fè vit. Soti Jerizalèm tousuit! Paske, yo p ap resevwa sa w ap temwaye sou mwen an.»
- 19 Alò, mwen di: «Senyè, yo menm, yo konnen se mwen ki te konn pase sinagòg apre sinagòg, pou arete moun ki kwè nan ou yo epi pou bat yo.
- 20 Menm lè yo te vide san Etyèn, temwen w lan, se mwen menm ki te kanpe, ki te konplis lanmò li; e se mwen menm ki te veye rad moun ki t ap tiye l yo.»
- 21 Alò, Senyè a di mwen: «Ale! M ap voye w lwen, kote lòt nasyon yo!»
- 22 Yo koute li jis li rive sou mo sa a. Epi, yo leve vwa yo, yo di: Elimine nonm sa a sou latè! Vrèmanvre, li pa merite viv!
- 23 Yo rele. Yo jete rad yo. Yo voye pousyè anlè.
- 24 Alò, kòmandan an pase lòd pou yo antre avèk Pòl nan kazèn nan. Epi, li di pou yo poze li kesyon anba fwèt pou li te kapab konnen pou ki rezon y ap rele dèyè Pòl konsa.
- 25 Men, pandan yo t ap mare Pòl avèk lanyè, li di santenye ki te kanpe la a: Èske lalwa pèmèt yo bat yon sitwayen Women ki pa kondane?
- 26 Lè santenye a tande sa, li pote mesaj la bay kòmandan an. Li di: Gade! Kisa w pral fè? Paske, se yon sitwayen Women nonm sa a ye?
- 27 Kòmandan an, li menm, ale kote Pòl, li di: Di mwen! Èske ou se yon sitwayen Women? Pòl di: Wi!

²⁸ Alò, kòmandan an reponn, li di: Mwen menm, se avèk anpil lajan mwen achte dwa sitwayen sa a! Men, Pòl di: Alòske, mwen menm, mwen fèt avèk li?

²⁹ Donk, menm lè a, moun ki t apral poze l kesyon yo demake. Lè kòmandan an vin konnen se sitwayen Women Pòl te ye, li menm tou, li te pè, paske li te fè mare Pòl.

³⁰ Men, li te vle konnen verite a sou rezon ki fè Juif yo t ap akize Pòl. Alò, nan demen, li fè lage chenn Pòl yo, li pase lòd pou sakrifikatè prensipal yo ak tout Konsèy la vini, epi li desann ak Pòl, li mete li nan mitan yo.

Travay apot yo 23

¹ Alò, Pòl fikse je li sou Konsèy la, li di: Frè mwen yo, se avèk tout bon konsyans, mwen toujou viv devan Bondye pou jis jodi a.

² Men, Ananyas, sakrifikatè an chèf la, pase moun ki te kanpe kote l yo lòd frape Pòl sou bouch.

³ Alò, Pòl di li: Miray blanchi, Bondye pral frape w! Ou chita pou w jije mwen dapre lalwa, epi w ap vyole lalwa nan pase lòd pou yo frape mwen?

⁴ Moun ki te kanpe la yo di: Se sakrifikatè an chèf Bondye a w ap joure a?

⁵ Pòl di: Frè mwen yo, mwen pa t konnen se te li ki sakrifikatè an chèf la. Paske, men sa ki ekri: «Pa pale yon dirijan pèp ou mal»

⁶ Men, Pòl te konnen yon pati nan Konsèy la te Sadiseyen, lòt pati a te Farizyen. Alò, li rete nan mitan Konsèy la, li rele: Nou menm, frè mwen yo, mwen se Farizyen, pitit Farizyen. E, se poutèt esperans ak rezirèksyon mò yo, y ap jije mwen.

⁷ Lè li di sa, yon kabal leve ant Farizyen ak Sadiseyen. Asanble a vin divize.

⁸ Paske, yon bò, Sadiseyen yo di ni rezirèksyon, ni zanj, ni lespri pa egziste. Yon lòt bò, Farizyen yo deklare yo tout egziste.

⁹ Yon gwo diskisyon leve. Pwofesè lalwa ki nan pati Farizyen yo kanpe. Yo kòmanse diskite. Yo di: Nou pa jwenn anyen mal nan nonm sa a. E si se yon lespri oubyen yon zanj ki te pale avèk li? Annou pa antre nan lagè avèk Bondye.

¹⁰ Men, kabal la t ap chofe. Lè sa a, kòmandan an te pè pou yo pa t depatcha Pòl. Li pase lòd pou sòlda yo desann pami yo, pran Pòl, epi mennen li nan kazèn nan.

¹¹ Nan nuit apre a, Senyè a parèt devan Pòl. Li di: Pran kouraj, Pòl! Paske, menm jan ou te temwaye pou mwen nan Jerizalèm, konsa tou, fòk ou temwaye nan Wòm.

- 12 Lè l fè jou, kèk nan Juif yo fè yon konbinezon. Yo sèmanste sou tèt yo, yo di yo p ap ni manje, ni bwè, toutotan yo pa tiye Pòl.
- 13 Te genyen plis pase karant moun ki te fè konplo a.
- 14 Y al kote sakrifikatè prensipal yo ak ansyen yo epi yo di: Nou sèmanste pou yon madichon tonbe sou nou si nou goute anyen anvan nou tiye Pòl.
- 15 Donk, kounye a, se pou nou menm avèk Konsèy la fè kòmandan an yon rapò, kòmsi se ka Pòl la nou pral egzamine yon jan ki pi kòrèk. Konsa, demen, li va mennen Pòl desann. Epi, nou menm, anvan Pòl pwoche, n ap pare pou nou tiye li.
- 16 Men, pitit sè Pòl la tandè pale de pyèj la. Li pran chemen kazèn nan, li antre anonse Pòl sa.
- 17 Pòl, li menm, rele youn nan santenye yo. Li di: Mennen jennonm sa a kote kòmandan an, paske li genyen yon bagay pou li anonse li.
- 18 Donk, santenye a pran jennonm nan vre, li mennen li kote kòmandan an, epi li di: Prizonye Pòl rele mwen. Li mande pou mwen mennen jennonm sa a kote ou, paske li genyen yon bagay pou li pale avèk ou.
- 19 Kòmandan an pran men jennonm nan, l ale yon kote apa, epi li mande li: Kisa w genyen pou w anonse mwen?
- 20 Li di li konsa: Juif yo ranje kò yo pou yo mande w desann avèk Pòl nan Konsèy la demen, kòmsi se ka li yo pral egzamine yon jan ki pi kòrèk.
- 21 Donk, ou menm, pa kite yo konvenk ou. Paske, plis pase karant gason pami yo pare yon pyèj. Yo sèmanste sou tèt yo pou yo pa ni manje, ni bwè, toutotan yo pa tiye Pòl. Kounye a, yo pare. Se pwomès la sèlman y ap tann ou fè yo.
- 22 Alò, kòmandan an pase jennonm nan lòd sa a: Pa rakonte pèsoun bagay ou rapòte ban mwen yo! Apre sa, li voye jennonm nan ale.
- 23 Epi, li rele de nan santenye yo. Li di: Pare de san sòlda, swasanndis kavalye, avèk de san lansye. Vè twazyèm è lannuit la, yo va ale Sezare.
- 24 Sele bèt pou Pòl monte tou. Konsa, yo va mennen li sennesòf kote gouvènè Feliks.
- 25 Epi, li ekri yon lèt konsa:
- 26 Klod Lizyas Sonnekselans gouvènè Feliks, bonjou!
- 27 Nonm sa a, Juif yo te arete l, epi yo t apral tiye li. Se lè sa a, mwen parèt avèk sòlda yo, mwen retire l anba men yo, paske mwen te aprann se sitwayen Women li ye.
- 28 Kòm mwen te vle konnen pou ki rezon yo akize li, mwen desann avèk li devan Konsèy yo a.

²⁹ Epi, mwen jwenn se pou kesyon ki konsène lwa yo a, yo akize li, men, se pa t okenn akizasyon ki te merite ni lanmò, ni chenn.

³⁰ Lè yo aprann mwen Juif yo pare yon konplo kont nonm nan, mwen voye l kote w menm lè a. Epi, mwen pase moun ki t ap akize l yo lòd pou yo di ou sa yo genyen avèk li. Orevwa.

³¹ Donk, sòlda yo pran Pòl vre. Lannuit la menm, yo mennen li Antipatris, dapre lòd yo te pase yo a.

³² Men, nan demen, yo kite kavalye yo ale avèk li. Epi, yo retounen nan kazèn nan.

³³ Lè kavalye yo rive Sezare, yo remèt gouvènè a lèt la, epi yo prezante Pòl devan li.

³⁴⁻³⁵ Alò, gouvènè a li lèt la, epi li mande nan ki pwovens Pòl moun. Lè li aprann se te Silisi, li di: M a genyen odyans pou ou, lè moun ki akize w yo va rive tou. Epi, li pase lòd kenbe Pòl nan palè Ewòd la.

Travay apot yo 24

¹ Apre senk jou, Ananyas, ki te sakrifikatè an chèf la, avèk ansyen yo, epi yon avoka, yo rele Tètalis, desann. Yo fè gouvènè a yon rapò kont Pòl.

²⁻³ Yo fè rele Pòl. Epi, Tètalis kòmanse akizasyon an, li di: Sonnekselans Feliks, nou jwi anpil lapè grasa ou. Poutèt ou konn prevwa, ou pote chanjman pou nasyon sa a tout jan epi toupatou. Nou asepte sa avèk anpil remèsiman.

⁴ Men, mwen pa ta vle deranje ou twòp. Konsa, m ap sipliye ou, nan bonte ou, pou w koute ti bout diskou nou an.

⁵ Twouve nou jwenn nonm sa a se yon pès, yon moun k ap leve kabal pami Juif yo nan lemonn antye, yon chèf gwoup Nazareyen yo.

⁶ Menm tanp lan, li eseye pwofane li. Nou arete l. E, nou te vle jije l dapre lwa pa nou.

⁷ Men, kòmandan Lizyas vini avèk vyolans, li rape l nan men nou.

⁸ Epi, li pase moun ki t ap akize l yo lòd pou y ale kote ou. Donk, lè ou egzamine li, w a kapab aprann tout bagay, nou menm, n ap akize l yo.

⁹ Tout Juif yo te dakò tou. Yo deklare se konsa bagay yo ye vre.

¹⁰ Lè gouvènè a fè Pòl siy pou li pale, Pòl reponn, li di: Mwen konnen se ou ki jij nasyon sa a depi plizyè ane. Donk, se avèk konfyans m ap defann kòz mwen.

¹¹ Ou kapab verifye sa: Pa genyen plis pase douz jou, depi mwen monte Jerizalèm pou mwen adore.

- ¹² E, ni nan tanp lan, ni nan sinagòg yo, ni nan vil la, yo pa t jwenn mwen ap diskite ak moun oubyen ap soulve foul.
- ¹³ E, bagay y ap akize m yo kounye a, yo pa kapab pwouve yo, nonplis.
- ¹⁴ Men, m ap rekonèt sa devan ou: Dapre Chemen, yo menm, yo rele «yon bann» nan, se konsa mwen sèvi Bondye zansèt nou yo. Vrèmanvre, mwen kwè tout sa ki ekri nan lalwa a ak nan liv pwofèt yo.
- ¹⁵ Esperans mwen genyen nan Bondye a, se li tou, yo menm, y ap tann; sèke: Tout mò pral resisite, ni sa ki jis, ni sa ki pa jis.
- ¹⁶ Se poutèt sa, mwen menm tou, m ap fòse pou mwen toujou genyen yon konsyans ki san repwòch ni devan Bondye, ni devan lèzòm.
- ¹⁷ Apre plizyè ane deyò, mwen te vini pou mwen fè zèv pou nasyon m nan epi pou mwen fè ofrann.
- ¹⁸ Se konsa, kèk Juif ki sot ann Azi jwenn mwen ap pirifye tèt mwen nan tanp lan, san foul, san briganday nonplis.
- ¹⁹ Si yo genyen yon bagay avèk mwen, fòk se yo menm ki pou ta la epi ki pou ta akize mwen.
- ²⁰ Osinon, se pou moun sa yo di, yo menm, de ki krim yo te jwenn mwen koupab, lè mwen te kanpe devan Konsèy la.
- ²¹ Amwenske se ta sèlman akòz lè mwen te pami yo a, mwen te fè deklarasyon sa a: «Se poutèt rezirèksyon mò yo y ap jije mwen devan nou jodi a!»
- ²² Lè Feliks tandè sa, li ranvwaye yo, paske li te konnen kòrèkteman sa ki konsène Chemen an. Li di: Lè kòmandan Lizyas desann, m a egzamine ka nou an.
- ²³ Li pase santenye a lòd pou li kenbe Pòl toujou, men, avèk plis libète, epitou pou li pa anpeche okenn nan moun Pòl yo rann Pòl sèvis oubyen vizite li.
- ²⁴ Kèk jou apre, Feliks vini avèk madanm li Drisiy ki te yon Juif. Li voye chèche Pòl, epi li kòmanse koute l ap pale sou lafwa nan Kris.
- ²⁵ Men, lè prèch li a vire sou jistis, disiplin moral ak jijman ki pral vini, Feliks vin pè. Li reponn, li di: Pou kounye a, ou mèt ale. Lè mwen jwenn yon okazyon, m a fè rele w.
- ²⁶ Epitou, li te espere Pòl t ap ba li lajan pou li te ka lage li. Donk, se tout tan li te konn voye chèche Pòl pou Pòl koze avèk li.
- ²⁷ Dezan pase konsa, jis Pòsiyis Festis ranplase Feliks. E, kòm Feliks te vle fè Juif yo yon favè, li kite Pòl nan chenn.

Travay apot yo 25

- ¹ Donk, twa jou apre Festis rive nan pwovens lan, li kite Sezare, li monte Jerizalèm.
- ² Sakrifikatè prensipal yo ak notab Juif yo fè l yon rapò kont Pòl.
- ³ Yo sipliye li, yo mande li yon favè sou tèt Pòl, dekwa pou li ka voye Pòl Jerizalèm. Men, yo te pare yon pyèj pou yo tiye Pòl nan chemen.
- ⁴ Donk, Festis reponn yo kòm kwa li dwe kenbe Pòl Sezare, men, se li menm ki pral ale tousuit.
- ⁵ Epi, li di: Moun pami yo ki kapab, se pou yo desann avèk mwen. E, si genyen yon bagay mal nan nonm nan, se pou yo akize li.
- ⁶ Festis pase plis pase dis jou pami yo. Apre sa, li desann Sezare. Nan demen, li chita nan tribinal la. Li pase lòd pou yo mennen Pòl.
- ⁷ Lè Pòl vini, Juif ki te desann soti Jerizalèm yo antoure li, epi yo pote anpil akizasyon grav kont li. Men, yo pa t kapab pwouve yo.
- ⁸ Pòl defann tèt li konsa: Mwen pa fè peche ni kont Iwa Juif yo, ni kont tanp lan, ni kont Seza.
- ⁹ Men, kòm Festis te vle fè Juif yo yon favè, li reponn Pòl, li di: Èske w vle monte Jerizalèm pou yo jije kòz la devan mwen la a?
- ¹⁰ Men, Pòl di: Se devan tribinal Seza mwen kanpe, fòk se la yo jije mwen. Mwen pa fè Juif yo anyen mal. Ou menm tou, ou konnen sa trè byen.
- ¹¹ Vrèmanvre, si mwen fè mal, si mwen fè yon bagay ki merite lanmò, ebyen, mwen pa refize mouri. Men tou, si pa genyen anyen ki vre nan sa y ap akize mwen pou yo a, ebyen, pèsoun pa kapab lage mwen nan men yo. Se devan Seza pou mwen konparèt!
- ¹² Alò, Festis pale sa avèk Konsèy li a, epi li reponn, li di: Se devan Seza pou w konparèt? Ebyen, se devan Seza ou prale!
- ¹³ Kèk jou pase, epi wa Agripa avèk Berenis rive Sezare pou yo salye Festis.
- ¹⁴ Men, kòm yo pase plizyè jou la, Festis mete ka Pòl la devan wa a. Li di: Genyen yon nonm, Feliks kite nan prizon.
- ¹⁵ Lè mwen te Jerizalèm, sakrifikatè prensipal yo ak ansyen pami juif yo te fè yon rapò kont li. Yo te mande kondanasyon li.
- ¹⁶ Mwen reponn yo, mwen di: «Se pa koutim Women yo pou yo lage yon akize al peri, toutotan li pa kontre fasafas ak moun k ap akize l yo epi san l pa jwenn okazyon pou l defann tèt li kont akizasyon an.»
- ¹⁷ Donk, yo vini ansanm isit la. Nan demen, san pèdi tan, mwen chita nan tribinal la. Mwen pase lòd pou yo mennen nonm nan.

¹⁸ Lè moun ki t ap akize l yo kanpe, yo pa pote okenn nan akizasyon mwen te sipoze yo.

¹⁹ Men, sa yo te genyen kont li a, se te sou kèk kesyon nan pwòp relijyon yo ak sou yon sèten Jezi ki mouri epi Pòl di ki vivan.

²⁰ Pou mwen menm, diskisyon sa a te chaje tèt mwen. Alò, mwen di Pòl si li ta vle ale Jerizalèm pou yo jije kòz li a la.

²¹ Men, Pòl mande pou yo kenbe li, jis li konparèt devan Samajeste pou desizyon li. Alò, mwen pase lòd pou yo kenbe li, jis mwen voye li devan Seza.

²² Agripa di Festis: Mwen menm tou, mwen vle tandè nonm sa a. Festis di li: Demen, ou va tandè li!

²³ Nan demen vre, Agripa ak Berenis vini avèk yon gwo kòtèj. Yo antre nan sal odyans lan ansanm avèk kòmandan yo ak gwo zotobre nan vil la. Epi, Festis pase lòd pou yo mennen Pòl.

²⁴ Alò, Festis di: Gade nonm sa a! Wa Agripa ak tout moun ki la avèk nou yo, se pou li menm, tout foul Juif yo ap pote mwen plent, ni Jerizalèm ni isit la. Y ap rele di fòk li pa viv ankò.

²⁵ Alòske, dapre sa mwen menm, mwen konprann, li pa fè anyen ki merite lanmò. Kòm li menm, li vle konparèt devan Samajeste, mwen deside voye li.

²⁶ Mwen pa jwenn anyen ki vre pou mwen ta ekri Samajeste sou misye. Se poutèt sa, mwen fè mennen li devan nou, sitou devan ou menm, wa Agripa. Konsa, lè nou fin egzamine li, m a jwenn yon bagay pou mwen ekri.

²⁷ Pou mwen, vrèmanvre, mwen pa panse sa fè sans, pou mwen ta espedye yon prizonye, san mwen pa esplike ki akizasyon yo fè kont li.

Travay apot yo 26

¹ Agripa di Pòl: Ou mèt defann tèt ou! Alò, Pòl lonje men li, epi li kòmanse defann tèt li konsa:

² Wa Agripa, mwen konsidere se yon benediksyon pou mwen, dèske se devan ou, jodi a, mwen pral defann tèt mwen, pou tout bagay Juif yo akize m yo.

³ Sitou ou se yon save nan tout bagay ki konsène Juif yo, kit se koutim yo, kit se diskisyon yo. Donk, m ap sipliye w pou w koute mwen avèk pasyans.

⁴ Vrèmanvre, tout Juif yo konnen kijan mwen viv pami pèp mwen an nan Jerizalèm, depi o kòmansman, lè mwen te jèn gason.

⁵ Si yo ta vle temwaye, yo konnen mwen lontan ase, pou yo ta temwaye: Mwen te viv tankou Farizyen, gwoup ki pi difisil nan relijyon nou an.

- ⁶ Kounye a, se poutèt esperans Bondye te pwomèt zansèt nou yo mwen kanpe nan jijman.
- ⁷ Se esperans sa a douz tribi nou yo espere jwenn, lè y ap sèvi Bondye san rete, lajounen kon lannuit. Wa Agripa, se poutèt esperans sa a, Juif yo akize mwen.
- ⁸ Poukisa nou konsidere li enposib pou Bondye resisite mò?
- ⁹ Vrèmanvre, menm mwen menm, mwen te panse mwen dwe fè anpil opozisyon kont non Jezi, moun Nazarèt.
- ¹⁰ E, se sa mwen fè nan Jerizalèm. Lè mwen resevwa otorizasyon nan men sakrifikatè prensipal yo, mwen fèmen anpil nan sen yo nan prizon. E, lè yo t ap tiye yo, mwen vote wi.
- ¹¹ Nan tout sinagòg yo, anpil fwa, mwen fòse yo denigre Bondye pou mwen te ka pini yo. Mwen te tèlman an kòlè kont yo, mwen menm pèsekite yo, jis nan peyi etranje.
- ¹² Se nan konsa, mwen t apral Damas avèk otorizasyon, ak pèmision sakrifikatè prensipal yo.
- ¹³ Monwa, mwen te nan wout vè midi, lè mwen wè yon limyè ki soti nan syèl la vin flache toutotou mwen menm ansanm ak moun ki t ap vwayaje avèk mwen yo. Li te pi klere pase solèy la.
- ¹⁴ Nou tout tonbe atè. Epi, mwen tandè yon vwa pale avèk mwen. Li di nan lang Ebre: «Sò! Sò! Poukisa w ap pèsekite mwen? Si w ap tire pye kont zepon, sa va rèd pou ou.»
- ¹⁵ Men, mwen di: «Kilès ou ye, Senyè?» Li di: «Mwen se Jezi, moun w ap pèsekite a.
- ¹⁶ Men, leve kanpe sou pye ou. Paske, men poukisa mwen parèt devan ou: Se pou mwen ka pran ou kòm sèvitè epi kòm temwen ni pou sa ou deja wè, ni pou sa mwen va montre ou.
- ¹⁷ Mwen retire w pami pèp la ak nasyon yo. M ap voye ou kote yo.
- ¹⁸ Ou va ouvri je yo. Konsa, yo va tounen sot nan fènwa ale nan limyè, sot anba pouvwa Satan al jwenn Bondye. Konsa tou, yo va resevwa padon pou peche yo ak yon eritaj pami moun mwen sangtifye poutèt yo gen lafwa nan mwen.»
- ¹⁹ Donk, wa Agripa, mwen pa t dezobeyi vizyon ki soti nan syèl la.
- ²⁰ Okontrè, kòmanse avèk moun Damas ak moun Jerizalèm, rive nan tout zòn Jide, epi pami lòt nasyon yo, mwen anonse moun yo dwe repanti, yo dwe konvèti nan Bondye, epi yo dwe fè travay ki demontre yo repanti.

- ²¹ Se poutèt bagay sa yo, Juif yo te arete m nan tanp lan epi yo t ap eseye tiye m nan.
- ²² Men, mwen jwenn konkou Bondye ki fè mwen kanpe jis jodi a pou mwen temwaye devan ni piti, ni gran. E, mwen pa di anyen plis pase bagay ni pwofèt yo, ni Moyiz te di ki t ap ral rive.
- ²³ Sa vle di, Kris la dwe souffri. Epi, lè li menm an premye, li resisite pami mò yo, li dwe anonse limyè ni pou pèp sa a, ni pou lòt nasyon yo.
- ²⁴ Men, pandan Pòl t ap defann tèt li konsa, Festis di byen fò: Ou fou, Pòl! Anpil konesans fè w fou!
- ²⁵ Men, Pòl di: Sonnekselans Festis, mwen pa fou. Okontrè, se laverite ak pawòl bonsans m ap pale la a.
- ²⁶ Paske, Wa a konnen bagay sa yo. E, m ap pale yo kareman devan li. Vrèmanvre, mwen gen konfyans okenn ladan yo pa kache pou li, paske se pa t an kachèt sa te pase.
- ²⁷ Wa Agripa, èske ou kwè pwofèt yo? Mwen konnen ou kwè.
- ²⁸ Agripa di Pòl: Talè konsa, w a konvenk mwen pou w fè m vin kretyen!
- ²⁹ Alò, Pòl di: Kit se talè konsa, kit se nan anpil tan, mwen priye Bondye pou se pa ou menm sèlman, men, pou se tout moun k ap koute m jodi a ki vin menm jan mwen ye a, men, san chenn sa yo.
- ³⁰ Lè Pòl fin di bagay sa yo, wa a leve ansanm ak gouvènè a ak Berenis epi ak tout moun ki te chita avèk yo.
- ³¹ Pandan yo t aprale, youn t ap pale ak lòt. Yo di: Nonm sa a pa fè anyen ki merite lanmò oubyen chenn.
- ³² Agripa, li menm, di Festis: Si nonm sa a pa t mande konparèt devan Seza, yo ta kapab lage li.

Travay apot yo 27

- ¹ Men, lè yo deside pou nou pran bato pou Itali, yo remèt ni Pòl, ni kèk lòt prizonye bay yon santenye yo rele Jiliyis ki manm lame Samajeste a.
- ² Nou monte abò yon bato Adramit ki t ap ral fè lakòt ann Azi, epi nou pati. Aristak, yon Masedonyen ki moun Tesalonik, te avèk nou.
- ³ Nan demen, nou koste Sidon. Kòm Jiliyis te montre bon kè pou Pòl, li pèmèt Pòl al jwenn zanmi l yo pou yo pran swen li.
- ⁴ Lè nou soti la, nou loveye sou kòt Chip, paske van an te kontrè.
- ⁵ Apre sa, nou travèse lanmè Silisi ak Panfili, epi nou rive Mira ki nan Lisi.

- ⁶ La, santenye a jwenn yon bato Aleksandri ki t ap fè kap pou Itali. Li fè nou anbake ladan l.
- ⁷ Pandan plizyè jou, nou vwayaje dousman. Apre anpil traka, nou rive devan Nid. Kòm van an te anpeche nou koste, nou loveye sou kòt Krèt nan direksyon Salmone.
- ⁸ Avèk traka ankò, nou lonje kòt la. Epi, nou rive yon kote yo rele Bonpò. Se tou pre vil Laze.
- ⁹ Anpil tan pase. E, te deja gen danje pou vwayaj la, paske menm tan jèn nan te deja pase. Alò, Pòl avèti yo.
- ¹⁰ Li di: Mesye, mwen wè pral genyen dega ak anpil pèd nan vwayaj la. E, se pa pou chay yo ak bato a sèlman; okontrè, se ka menm pou lavi nou tou.
- ¹¹ Men, santenye a pito kite kapten ak amatè batiman an konvenk li, pase l koute sa Pòl di yo.
- ¹² E, kòm pò a pa t bon pou yo pase ivè, alò, pi fò moun bay konsèy kite l, pou wè si yo te kapab rive Feniks pou yo pase ivè a. Feniks se yon pò nan Krèt. Li bay fas siwa nòwa.
- ¹³ E, lè yon ti van Sid vin souffle, yo panse plan yo a ap mache. Alò, yo leve lank. Yo lonje kòt Krèt.
- ¹⁴ Pa lontan apre sa, yon van tanpèt yo rele Erakilon desann sot sou zile a.
- ¹⁵ Li pimpe bato a. E, kòm bato a pa t kapab kenbe tèt ak van an, nou kite li bwote nou.
- ¹⁶ Lè nou pase bò yon zile, yo rele Kloda, se avèk traka nou resi kontwòle kannòt la.
- ¹⁷ Finalman, yo ise l abò a. Epi, yo sèvi ak mwayen yo pou yo sentre bato a. Yo te pè pou yo pa t al chwe sou pwent sab Lasit la, alò, yo desann vwal yo. E, se konsa van an t ap bwote yo.
- ¹⁸ Men, tanpèt la te brital avèk nou. Alò, nan demen, nou jete chay nan dlo.
- ¹⁹ Twazyèm jou a menm, nou jete aparèy bato a ak pwòp men nou.
- ²⁰ Pandan plizyè jou, ni solèy, ni zetwal pa t parèt. E, se pa t ti tanpèt ki t ap souffle. Finalman, nou pèdi tout espwa sove.
- ²¹ Yo rete san manje pandan lontan. Epi, Pòl kanpe pami yo, li di: Mesye, fòk nou te koute mwen. Bato a pa t dwe kite Krèt. Konsa, nou ta evite dega ak pèd sa yo.
- ²² Men, kounye a, m ap di nou pran kouraj. Paske, pèsonn nan nou p ap pèdi lavi li. Se bato a sèlman n ap pèdi.

- ²³ Paske, lannuit la, yon zanj kanpe kote mwen. Se te zanj Bondye ki Mèt mwen an, Bondye m ap sèvi a.
- ²⁴ Li di: «Pòl, pa pè! Fòk ou konparèt devan Seza. Epi, gade! Bondye ba w tout moun k ap vwayaje avèk ou yo kòm favè.»
- ²⁵ Se poutèt sa, mesye, pran kouraj. Paske, mwen kwè sa nan Bondye: Jan li di mwen an, se konsa sa va ye vre.
- ²⁶ Men tou, fòk nou chwe sou yon zile.
- ²⁷ Van an t ap bwote nou sou lanmè Adriya a lè katòzyèm nuit la rive. Men, vè minui, maren yo sispèk yo t ap pwoche bò kèk tè.
- ²⁸ Lè yo voye sonn, yo jwenn ven bras. Yo vanse pi lwen, epi yo voye sonn ankò. Yo jwenn kenz bras.
- ²⁹ Nou te pè pou nou pa t al chwe sou resif. Alò, yo lage kat lank pa dèyè bato a nan espwa jou va louvri.
- ³⁰ Maren yo menm t ap chèche chape kite bato a. Yo desann kannòt la nan dlo, kòmsi se lank yo t apral lage sou devan bato a.
- ³¹ Alò, Pòl di santenye a ak sòlda yo: Si mesye sa yo pa rete nan bato a, nou menm, nou p ap kapab sove.
- ³² Donk, sòlda yo koupe kòd kannòt la, yo kite l ale.
- ³³ Jis jou te prèske rive, Pòl t ap ankouraje yo tout, pou yo manje yon bagay. Li di: Jodi a fè katòz jou, nou rete ap tann san manje, san nou pa pran anyen.
- ³⁴ Se poutèt sa, m ap ankouraje nou pou nou manje yon bagay, paske se pou pwòp delivrans nou li va bon. Vrèmanvre, pèsonn nan nou p ap pèdi yon grenn cheve nan tèt li.
- ³⁵ Lè li fin di sa, li pran pen, li rann Bondye gras devan yo tout, li kase li, epi li kòmanse manje.
- ³⁶ Konsa, yo tout pran kouraj. Yo menm tou, yo manje yon bagay.
- ³⁷ Antou, nou te de san swasanssèz moun nan bato a.
- ³⁸ E, lè moun yo te kontante, yo jete rès ble a nan lanmè pou fè bato a pi lejè.
- ³⁹ Lè l fè jou, yo pa t rekonèt tè a, men, yo wè yon ans ki te genyen yon plaj. Alò, yo fè plan pou yo dirije bato a la, si yo kapab.
- ⁴⁰ Yo demare lank yo, yo kite yo nan lanmè a. E, an menm tan, yo lage kòd gouvènay yo. Yo ise fòk la ovan, epi yo pran direksyon plaj la.
- ⁴¹ Men, yo tonbe yon kote ki nan mitan de kouran. Yo fè bato a chwe. Konsa, devan an rete kole san bouje. Men, dèyè a menm t ap demantibile anba fòs lanm yo.

⁴² Sòlda yo fè yon plan pou yo tiye prizonnye yo, dekwa pou yo youn pa sove alanaj.

⁴³ Santenye a, li menm, te vle chape Pòl. Konsa, li anpeche yo suiv plan yo a. Li pase moun ki kapab naje yo lòd lage kò yo nan dlo an premye epi fè tè.

⁴⁴ Rès moun yo menm va ale sou moso planch oubyen sou kèk bagay ki soti nan bato a. Sa pase konsa vre. Tout moun yo rive atè sennesòf.

Travay apot yo 28

¹ Lè yo te fin chape, yo aprann se Malta yo rele zile a.

² Abitan yo resevwa nou avèk yon jantiyès estwòdinè. Vrèmanvre, poutèt lapli ki t ap tonbe a, poutèt fredri a tou, yo resevwa nou bò yon dife yo te limen.

³ Pòl, li menm, ranmase yon kantite bwa, li lage nan dife a. Yon sèpan soti nan chalè a, li vin vlope nan men li.

⁴ Lè abitan yo wè bèt la pann nan men li, youn di lòt: Toutbon vre, nonm sa a se yon asasen. Li fin chape anba lanmè a, epi Jistis pa pèmèt li viv.

⁵ Men, Pòl souke bèt la lage nan dife a, epi li pa soufri anyen mal.

⁶ Yo menm, yo t ap atann Pòl t apral anfle oubyen li t apral tonbe mouri frèt. Men, lè yo tann lontan epi yo pa wè anyen dwòl rive li, yo chanje lide. Yo di Pòl se yon bondye.

⁷ Gouvènè zile a, yon nonm yo rele Pibliyis, te genyen tè nan zòn sa a. Li resevwa nou tankou zanmi, e li ban nou ladesant pandan twa jou.

⁸ Twouve papa Pibliyis te kouche malad avèk lafyèv ak dyare. Pòl antre kote li, li priye, li poze men sou li, epi papa a geri.

⁹ Lè sa rive, lòt moun malad nan zile a vini tou, e yo menm tou, yo geri.

¹⁰ Yo ban nou anpil onè. E, lè n ap anbake, yo mete tout sa nou te bezwen abò bato a.

¹¹ Apre twa mwa, nou anbake nan yon bato Aleksandri ki te make avèk foto frè Jimo yo. Li te pase ivè a nan zile a.

¹² Lè nou koste Sirakiz, nou pase twa jou la.

¹³ Soti la, nou lonje kòt la jis nou rive Rejyo. Nan demen, yon ti van Sid leve; ki fè, sou dezyèm jou a, nou rive Pouzòl.

¹⁴ La, nou jwenn kèk frè ki sipliye nou rete avèk yo pandan sèt jou. Se konsa nou ale Wòm.

¹⁵ Lè frè nan vil la tande pale de nou, yo soti vin rankontre nou jis Mache Apiyis ak Twa Restoran. Lè Pòl wè yo, li rann Bondye gras. Konsa, li pran kouraj.

¹⁶ Lè nou rive Wòm, santenye a remèt prizonye yo bay kòmandan an. Men, yo pèmèt Pòl rete poukont li avèk sòlda ki t ap veye l la.

¹⁷ Apre twa jou, twouve Pòl fè rele moun ki chèf pami Juif yo. Lè yo rasanble, li di yo: Nou menm, frè mwen yo, san mwen pa fè anyen kont ni pèp nou an, ni koutim zansèt nou yo, yo livre mwen nan men Women Jerizalèm yo kòm yon prizonye.

¹⁸ Lè yo menm, yo egzamine mwen, yo te vle lage mwen, paske pa t gen anyen nan mwen ki te merite lanmò.

¹⁹ Se paske Juif yo te fè opozisyon ki fè mwen te oblije mande pou m konparèt devan Seza. Men, se pa paske genyen kèk akizasyon pou mwen pote kont nasyon m nan.

²⁰ Alò, se pou rezon sa a mwen te mande pou mwen wè nou epi pou mwen pale avèk nou. Paske, se poutèt esperans Izrayèl la ki fè mwen mare nan chenn sa yo.

²¹ Yo di li: Nou menm, nou pa resevwa okenn lèt soti Jide sou ou. E, nonplis tou, pa genyen pèsonn nan frè yo ki vin rapòte oubyen ki vin pale kèk bagay mal sou ou.

²² Men, nou panse li bon pou nou koute ou sou sa ou panse. Vrèmanvre, pou relijyon sa a, nou menm, nou konnen se toupatou y ap fè li opozisyon.

²³ Yo fikse yon jou pou li. Lè yo vini lakay li, yo te anpil. Nan espikasyon li yo, li temwaye sou wayòm Bondye a. Depi nan maten rive nan aswè, li eseye konvenk yo sou tout sa ki konsène Jezi, ni nan lwa Moyiz la, ni nan liv pwofèt yo.

²⁴ Sa li t ap di yo te rive konvenk kèk nan yo, men, kèk lòt menm pa t kwè.

²⁵ Kòm yo t ap pati san youn pa t dakò ak lòt, Pòl di yo yon pawòl: Lespri Sen an te byen pale avèk zansèt nou yo, lè li te di ak bouch pwofèt Ezayi:

²⁶ Ale kote pèp sa a, epi di li: «Nou va koute koute, e nou p ap konprann ditou. Nou va gade gade, e nou p ap wè ditou.

27 Paske, kè pèp sa a vin lou, Yo tandé di nan zòrèy, E, yo fèmen je yo. Si se pa t konsa, yo ta wè nan je yo, Yo ta tandé nan zòrèy yo, Yo ta konprann nan kè yo, yo ta konvèti; Epi, mwen ta geri yo.»

28 Ebyen, se pou nou konnen se bay lòt nasyon yo Bondye voye delivrans li a. E, yo menm, yo va koute.

29 Lè Pòl fin di bagay sa yo, Juif yo ale. Te genyen anpil diskisyon pami yo.

30 Pòl, li menm, rete de ane antye nan yon kay li te lwe. Tout moun ki vini kote li, li resevwa yo.

31 Li preche wayòm Bondye a. E, avèk tout asirans, san anpechman, li anseye tout sa ki konsène Senyè Jezi Kris.

Women

Women 1

- 1** Pòl, sèvitè Jezi Kris, Jezi rele pou vin apot epi li mete apa pou levanjil Bondye a,
- 2** levanjil Bondye te fè pwofèt li yo pwomèt davans nan Ekriti Sent yo.
- 3** Levanjil sa a pale de Pitit li a. Dapre lachè, li te fèt nan desandans David.
- 4** Dapre Lespri sangtifikasyon an, resisite li te resisite pami mò a deklare avèk pisans se Pitit Bondye, Jezi Kris, Senyè nou an, ye.
- 5** Se grasa li menm, nou resevwa ni gras, ni fonksyon apot la, dekwa pou moun tout nasyon ka obeye nan lafwa pou glwa non li.
- 6** E se pami yo nou ye tou, nou menm Jezi Kris te rele yo.
- 7** Nou tout byenneme Bondye yo ki nan Wòm, nou menm li rele pou vin sen, se pou gras ak lapè ki soti nan Bondye Papa nou ak nan Senyè Jezi Kris avèk nou!
- 8** Premyèman, mwen rann Bondye m nan gras pou nou tout, nan non Jezi Kris, paske lemonn antye ap pale de lafwa nou.
- 9** Vrèmanvre, Bondye m ap sèvi avèk lespri mwen nan levanjil Pitit li a, li se temwen m: Se san rete m ap nonmen non nou.
- 10** Se tout tan m ap mande nan lapriyè mwen si, kounye a anfen, gen yon jan nan volonte Bondye pou m resi ale lakay nou.
- 11** Vrèmanvre, mwen anvi wè nou anpil, pou mwen ka pataje kèk don esprityèl avèk nou, dekwa pou nou ka fèm.
- 12** Sa vle di, lè m ta pami nou, ni lafwa nou, ni lafwa mwen, youn avèk lòt, ta jwenn ankourajman ansanm.
- 13** Frè mwen yo, mwen pa ta vle nou pa konnen se plizyè fwa mwen te planifye pou m ale lakay nou. Konsa, mwen ta jwenn kèk fwi pami nou, menm jan mwen jwenn pami lòt nasyon yo. Men, mwen te gen anpechman pou jis kounye a.
- 14** Mwen gen yon dèt, ni pou Grèk ni pou etranje, ni pou moun save ni pou moun sòt.
- 15** Se sa ki fè, kanta pou mwen menm, mwen pare pou mwen anonse nou levanjil la tou, nou menm ki nan Wòm.
- 16** Vrèmanvre, mwen pa wont levanjil Kris la. Paske, li se pisans Bondye pou sove tout moun ki kwè: Ni Juif yo an premye, ni Grèk yo.

- 17 Paske tou, se nan levanjil la Bondye revele jistis li, grasa lafwa epi pou lafwa. Se konsa sa ekri: Yon moun ki jis, se grasa lafwa li va viv.
- 18 Paske ankò, Bondye nan syèl la revele kòlè li sou tout mechanste ak enjistis lèzòm, yo menm ki kenbe verite a anba enjistis yo.
- 19 Vrèmanvre, sa moun ka konnen sou Bondye, li klè nan yo menm, paske Bondye fè li klè pou yo.
- 20 Vrèmanvre, depi Bondye kreye lemonn, bagay nan Bondye ki envizib, tankou pisans etènèl li epi kalite li yo kòm Bondye, yo klè nan je, lè moun konprann yo nan sa ki te kreye yo. Donk, lèzòm san eskiz!
- 21 Vrèmanvre, malgre yo te konnen Bondye, yo pa t ni ba li glwa kòm Bondye, ni rann li gras. Okontrè, yo vin san sans nan rezònman yo. Epi, kè yo ki san konprann vin nwasi.
- 22 Nan pran pòz save yo, yo vin fou.
- 23 Yo twoke glwa Bondye ki pa ka mouri a, pou bagay ki sanble ak pòtre lèzòm ki ka mouri, ak pòtre zwazo, ak bèt kat-pye, epi ak bèt k ap ranpe.
- 24 Donk, Bondye lage yo nan salte dapre dezi kè yo, pou se yo menm ki dezonore pwòp kò yo.
- 25 Paske, yo te twoke verite Bondye a pou manti; yo te pito se kreyati a pou yo adore epi pou yo sèvi pase Kreyatè a, Kreyatè ki resevwa benediksyon pou letènite a. Amèn.
- 26 Poutèt sa, Bondye lage yo nan dezi ki dezonore moun. Paske, yon bò, fi yo twoke kontak nòmal la pou kontak ki pa nòmal.
- 27 Yon lòt bò, gason yo fè menm jan an tou. Yo kite kontak ki nòmal avèk fi, yo vin cho nan dezi yo, youn pou lòt. Gason vin fè malpwòpte ak gason. Epi, nan pwòp yo menm, yo resevwa rekonpans, derayman yo a merite.
- 28 E, kòm yo te derefize konnen Bondye, ebyen, Bondye lage yo nan lide deprave yo a, pou yo fè bagay ki pa byen.
- 29 Yo plen ak tout kalite enjistis, imoralite, mechanste, avaris, malfezans. Sa ki plen kè yo se anvi, asasinay, goumen, riz, vis, tripotay.
- 30 Yo bay kout lang. Yo rayi Bondye. Yo awogan, yo ensolan, yo grandizè, yo entèlijan nan fè mal, yo rebèl ak paran yo.
- 31 Yo pa gen ni konprann, ni fidelite, ni lamou pou pwochen, ni kè-sansib, ni pitye.
- 32 Yo menm, yo konnen, dapre jistis Bondye, moun ki fè bagay konsa merite lanmò. Malgre sa, se pa fè yo fè yo sèlman. Okontrè menm, yo dakò avèk moun k ap fè yo.

Women 2

- ¹ Donk, ou menm k ap jije a, nan menm sa w ap jije lòt la, ou kondane tèt ou tou, paske ou menm k ap jije a, se menm bagay yo w ap fè.
- ² E, nou konnen sa: Moun k ap fè bagay konsa, Bondye jije yo dapre laverite.
- ³ Èske ou kwè sa, wi ou menm k ap jije moun k ap fè bagay sa yo epi k ap fè yo tou a, èske ou kwè w ap chape anba jijman Bondye?
- ⁴ Oubyen, nan pa rekonèt se bonte Bondye k ap dirije ou pou w repanti, èske se pa meprize w ap meprize richès bonte Bondye, san-sipòtan li, ak pasyans li?
- ⁵ Men, w ap fè tèt-di, ou pa repanti nan kè ou. Nan konsa, w ap anpile kòlè sou tèt ou pou jou kòlè a, jou Bondye ap revele jijman li ki jis.
- ⁶ Li menm, li va bay chak moun dapre zèv yo:
- ⁷ Pou moun k ap chèche glwa, onè ak imòtalite nan pèsèvere nan bon zèv, se va lavi etènèl.
- ⁸ Men, pou moun k ap reziste yo, pou moun k ap dezobeyi verite a yon bò epi k ap obeyi enjistis yon lòt bò, se va raj ak kòlè.
- ⁹ Se va tribilasyon ak detrès pou nanm tout moun k ap fè mal: Ni Juif yo an premye, ni Grèk yo.
- ¹⁰ Men, se va glwa, onè, lapè pou tout moun k ap fè byen: Ni Juif yo an premye, ni Grèk.
- ¹¹ Paske, Bondye pa nan patipri.
- ¹² Vrèmanvre, tout sa ki peche san lalwa yo, se san lalwa y ap peri tou. E, tout sa ki peche sou lalwa yo, se ak lalwa y ap jije yo.
- ¹³ Paske, se pa moun k ap koute lalwa ki jis devan Bondye. Okontrè, moun ki obsève lalwa, se yo Bondye va jistifye.
- ¹⁴ Vrèmanvre, lòt nasyon ki pa genyen lalwa yo, lè dapre pwòp sans yo, yo fè sa lalwa mande, ebyen, yo menm ki pa genyen lalwa, yo se yon lwa pou tèt yo.
- ¹⁵ Yo demontre zèv lalwa mande a ekri nan kè yo. Konsyans yo se temwen. Epi, pami rezònman yo, yon rezònman ap akize yon lòt, oubyen, youn ap defann lòt.
- ¹⁶ Se sa ki va parèt, dapre levanjil mwen an, nan jou Bondye ap jije tout sekre lèzòm, pa mwayen Jezi Kris.
- ¹⁷ Gade! Ou menm ki rele tèt ou Juif, ki apiye sou lalwa, epi ki vante tèt ou akòz Bondye;

- ¹⁸ ou menm ki konnen volonte Bondye, ki rekonèt sa ki siperyè, paske ou genyen enstriksyon nan lalwa;
- ¹⁹ ou menm ki konvenk tèt ou, ou se gid pou moun avèg, ou se limyè pou moun ki nan fènwa,
- ²⁰ ou se pwofesè pou moun sòt, ou se anseyan pou timoun, paske ou genyen plan lakonesans ak laverite nan lalwa;
- ²¹ wi, ou menm k ap anseye lòt moun, ou pa anseye tèt ou, pa vre? Ou menm k ap preche pou moun pa vòlè, w ap vòlè!
- ²² Ou menm k ap di pou yo pa komèt adiltè, w ap komèt adiltè! Ou menm ki gen degoutans pou zidòl, w ap piye tanp!
- ²³ Ou menm k ap vante tèt ou akòz lalwa, w ap vyole lalwa, konsa w ap dezonore Bondye!
- ²⁴ Vrèmanvre, se akòz nou menm, y ap denigre non Bondye pami lòt nasyon yo. Se konsa sa ekri.
- ²⁵ Vrèmanvre, sikonsizyon se yon benefis, si ou obsève lalwa. Men, si w ap vyole lalwa, sikonsizyon w lan vin kòm si se pa t sikonsizyon.
- ²⁶ Donk, si yon moun ki pa sikonsi ap obsève règ lalwa yo, èske yo p ap konsidere li menm ki pa sikonsi a tankou li te sikonsi?
- ²⁷ Epitou, moun ki pa sikonsi nan kò li epi ki akonpli lalwa, èske yo p ap kondane ou, ou menm k ap vyole lalwa malgre ou genyen mo lalwa yo ak sikonsizyon an?
- ²⁸ Paske, se pa sa ki deyò kò yon moun ki fè li Juif. E, se pa sikonsizyon ki deyò nan chè yon moun ki fè li sikonsi nonplis.
- ²⁹ Okontrè, se sa ki andedan yon moun ki fè li Juif. Se sikonsizyon kè w ki fè w sikonsi. E, se pa dapre mo lalwa yo, men se dapre Lespri a. E, se pa lèzòm ki fè lwanj yon Juif konsa, men se Bondye!

Women 3

- ¹ Donk, kisa Juif yo genyen anplis? Oubyen, ki benefis ki genyen nan sikonsizyon?
- ² Tout jan, yo anpil! Paske, premyèman, se Juif yo Bondye te mete responsab pawòl li yo.
- ³ Bon, e si kèk nan yo pa kwè? Èske pa kwè yo a p ap anile fidelite Bondye?
- ⁴ Non, jamè! Okontrè, se pou moun rekonèt Bondye nan laverite, menm si tout moun se mantè. Se konsa sa ekri: Dekwa pou yo ka deklare ou jis nan pawòl ou, Epi, pou w ka gen laviktwa, lè y ap jije ou.

- ⁵ Men, si se enjistis nou ki demontre jistis Bondye, kisa n ap di? M ap pale tankou lèzòm: Èske n ap di Bondye pa jis, lè li kite kòlè li aji?
- ⁶ Non, jamè! Osinon, kòman Bondye ta ka jije lemonn?
- ⁷ Vrèmanvre, si se manti mwen ki fè verite Bondye parèt plis pou glwa li, poukisa pou, mwen menm, yo jije mwen kòm pechè toujou?
- ⁸ Epitou, nou ta mèt fè mal pou byen ka rive, pa vre? Kèk moun k ap denigre mwen deklare se konsa mwen pale. Ebyen, yo merite kondanasyon ki sou yo a.
- ⁹ Donk, kisa ki rive? Èske nou siperyè? Non, ditou! Paske, nou sot akize ni Juif, ni Grèk dèske yo tout anba peche!
- ¹⁰ Se konsa sa ekri: Pa genyen moun ki jis, pa menm yon sèl.
- ¹¹ Pa genyen youn ki gen konprann; Pa genyen youn k ap chèche Bondye.
- ¹² Yo tout pèdi chemen an, Yo vin pèvèti ansanm. Pa genyen youn k ap fè byen, Pa genyen menm yon sèl.
- ¹³ Gòj yo tankou yon kavo yo ouvè. Yo fè riz ak lang yo. Se tankou pwazon sèpan aspik ki nan bouch yo.
- ¹⁴ Bouch yo plen malediksyon ak pawòl anmè.
- ¹⁵ Pye yo lejè pou y al fè san koule.
- ¹⁶ Sou chemen yo pase, se dega ak malè.
- ¹⁷ E, yo pa konnen chemen lapè.
- ¹⁸ Devan je pa yo, pa genyen krentif pou Bondye.
- ¹⁹ Alò, nou konnen tout sa lalwa di se avèk moun ki anba lalwa l ap pale. Se konsa sa ye, dekwa pou tout bouch ka fèmen epi pou lemonn antye ka antò devan Bondye.
- ²⁰ Se sa k fè Bondye p ap jistifye pèsonn moun poutèt yo fè zèv lalwa mande. Paske, se grasa lalwa, moun rekonèt peche yo.
- ²¹ Men, kounye a, san lalwa, Bondye revele jistis li. E, ni lalwa, ni pwofèt yo temwaye sa.
- ²² Jistis Bondye sa a, moun resevwa l dapre lafwa nan Jezi Kris. E, li pou tout moun epi li sou tout moun ki kwè.
- ²³ Paske, pa genyen diferans: Vrèmanvre, tout moun peche, epi yo manke glwa Bondye.
- ²⁴ Men, nan gras Bondye, Bondye jistifye yo gratis. Sa rive konsa grasa redanmsyon ki nan Jezi Kris la.

²⁵ Se li menm, Bondye te planifye pou li yon sakrifis-satisfaksyon, grasa lafwa, nan san li. Bondye fè sa pou demontre jistis li. Kòm peche ki te fèt anvan yo, nan tan pasyans li a, li te pase sou yo,

²⁶ ebyen, nan tan kounye a, li demontre jistis li, dekwa pou li menm, li jis, epi an menm tan, pou li jistifye moun ki gen lafwa nan Jezi.

²⁷ Donk, kote rezon pou moun vante tèt yo la a? Li elimine! Dapre ki prensip li elimine a? Èske se dapre prensip zèv? Non! Okontrè, se dapre prensip lafwa!

²⁸ Paske, nou rekonèt se dapre lafwa e se san zèv lalwa, Bondye jistifye lèzòm.

²⁹ Oubyen, èske Bondye se Bondye Juif yo sèlman li ye? Èske se pa Bondye lòt nasyon yo li ye tou? Wi, si vrèmanvre genyen yon sèl Bondye, se Bondye lòt nasyon yo li ye tou!

³⁰ Se li menm ki va jistifye sikonsi yo pa lafwa epi ki va jistifye ensikonsi yo dapre lafwa.

³¹ Poutèt se dapre lafwa a, èske nou anile lalwa pou sa? Non, jamè! Okontrè, se etabli nou etabli lalwa.

Women 4

¹ Kisa nou va di de Abraam, zansèt nou an dapre lachè? Kisa li te jwenn?

² Si, vrèmanvre, se dapre zèv Abraam, Bondye te jistifye Abraam, ebyen, Abraam ta ka vante tèt li. Men, se pa devan Bondye!

³ Paske, kisa Lekriti di? Li di: Alò, Abraam te kwè nan Bondye. E, Bondye konsidere sa tankou jistis pou Abraam.

⁴ Pou yon travayè, se pa tankou yon gras yo konsidere salè li, men, se tankou yon dèt.

⁵ Men, pou yon moun ki pa fè zèv, pou yon moun ki kwè nan sila ki jistifye moun mekan an, pou moun sa a, Bondye konsidere lafwa li tankou jistis.

⁶ Menm jan an tou, David di ki benediksyon yon moun genyen, lè Bondye jistifye li san li pa fè zèv:

⁷ Ala beni moun beni, lè Bondye padone rebelyon yo, lè Bondye kouvri peche yo!

⁸ Ala beni yon nonm beni, lè Bondye pa konsidere peche li ditou!

⁹ Donk, benediksyon sa a, èske se pou moun ki sikonsi li ye sèlman, oubyen, èske li pou moun ki pa sikonsi tou? Vrèmanvre, nou di: Bondye konsidere lafwa Abraam tankou jistis pou Abraam.

- 10 Bon, kòman Bondye te konsidere lafwa Abraam nan? Èske, lè sa a, Abraam te sikonsi, oubyen, èske li te ensikonsi? Li pa t sikonsi. Okontrè, li te ensikonsi!
- 11 E, sikonsizyon an te yon siy li resevwa tankou yon so, poutèt jistifye Bondye te jistifye li dapre lafwa, anvan li te sikonsi. Konsa, li se papa tout moun ki pa sikonsi men ki kwè, dekwa pou Bondye ka konsidere sa tankou jistis pou yo tou.
- 12 Konsa tou, Abraam se papa moun ki sikonsi yo, moun ki pa gen sikonsizyon an sèlman, men tou, ki ap mache sou menm tras lafwa, papa nou Abraam te genyen, lè li pa t sikonsi a.
- 13 Vrèmanvre, se pa t dapre lalwa, Bondye te pwomèt Abraam oubyen desandan li an, li t ap eritye lemonn. Okontrè, se te dapre jistis, moun jwenn grasa lafwa a.
- 14 Paske, si se dapre lalwa, yo menm, yo vin eritye, ebyen, lafwa initil, epi pwomès la anile.
- 15 Vrèmanvre, lalwa se kòlè li pote. E, kote ki pa genyen lalwa, pa gen vyolasyon lalwa nonplis.
- 16 Se poutèt sa, yo vin eritye dapre lafwa, dekwa pou sa ka dapre lagras. Konsa, pwomès la fèm pou tout desandan Abraam yo. E, se pa sèlman pou sa ki desandan li dapre lalwa yo, men tou, se pou sa yo ki desandan li dapre menm lafwa Abraam nan, li menm ki se papa nou tout.
- 17 Se konsa sa ekri: «Mwen etabli ou kòm papa anpil nasyon.» Li se papa nou tout devan Bondye. Se nan li Abraam te kwè, nan Bondye ki bay mò yo lavi a epi ki nonmen bagay ki pa egziste yo kòm si yo te egziste a.
- 18 E, lè pa t gen espwa, Abraam, li menm, te kwè avèk espwa. Konsa, li vin papa anpil nasyon, dapre sa Bondye te di a: «Se konsa desandan ou va ye.»
- 19 Li pa t febli nan lafwa li. E, menm lè li te genyen prèske santan, li pa t gade sou kò li ki te deja yon kadav, ni sou vant Sara tou, yon vant ki te mouri.
- 20 Donk, li pa t doute nan pwomès Bondye a, tankou si li te san lafwa. Okontrè, li te genyen fòs nan lafwa li, epi li bay Bondye glwa.
- 21 E, li te gen konviksyon, sa Bondye pwomèt, Bondye kapab fè l tou.
- 22 Se poutèt sa tou, Bondye konsidere sa tankou jistis pou Abraam.
- 23 Okontrè, se pa pou li menm sèlman sa te ekri konsa: Bondye konsidere sa konsa pou li.
- 24 Men, se te pou nou menm tou. Bondye pral konsidere sa konsa pou nou menm ki kwè nan sila a ki resisite Jezi, Senyè nou an, pami mò yo.

²⁵ Se li menm, Jezi, yo te livre pou fot nou yo epi ki te resisite dekwa pou Bondye ka jistifye nou.

Women 5

¹ Donk, kòm Bondye jistifye nou dapre lafwa, ebyen, nou gen lapè avèk Bondye grasa Senyè nou an, Jezi Kris.

² Se grasa li menm tou, nou te gen mwayen antre nan gras sa a dapre lafwa. E, nou rete fèm ladan li. Epi, nou nan lajwa, poutèt esperans nou, nan glwa Bondye.

³ E, se pa sa sèlman. Okontrè, nou nan lajwa, menm nan tribilasyon. Paske, nou konnen tribilasyon donner andirans.

⁴ Andirans, li menm, donner esperyans. Epi, esperyans donner esperans.

⁵ Men, esperans lan pa fè nou wont. Vrèmanvre, lamou Bondye gaye nan kè nou grasa Lespri Sen Bondye te ban nou an.

⁶ Paske, pandan menm nou te fèb, Kris mouri pou moun mechan nan tan ki te fikse a.

⁷ Vrèmanvre, se apèn si yon moun ta asepte mouri pou yon moun ki jis. Petèt ankò, yon moun ta oze mouri pou yon moun ki bon.

⁸ Okontrè, men kijan Bondye pwouve lamou pa li pou nou: Se pandan menm nou pechè a, Kris mouri pou nou!

⁹ Donk, si kounye a Bondye jistifye nou nan san Kris, se plis rezon toujou ki fè l ap sove nou anba kòlè, grasa Kris.

¹⁰ Vrèmanvre, si lè nou lènmi Bondye, li rekonsilye nou avèk li grasa lanmò Pitit li a, ebyen, kòm li rekonsilye nou, se plis rezon toujou ki fè l ap sove nou nan lavi Kris.

¹¹ E, se pa sa sèlman. Okontrè menm, nou gen lajwa nan Bondye grasa Jezi Kris, Senyè nou an. Se grasa li menm ki fè kounye a nou jwenn rekonsilyasyon an.

¹² Se poutèt sa, menm jan se pa mwayen yon sèl moun, peche antre nan lemonn, epi menm jan se pa mwayen peche, lanmò antre, (epi konsa, lanmò blayi sou tout moun, paske yo tout peche) se konsa tou.

¹³ Alò, peche te nan lemonn anvan lalwa parèt. Men, lè pa gen lalwa, yo pa konsidere peche.

¹⁴ Alòske, depi sou Adan, rive sou Moyiz, lanmò t ap domine sou tout moun, menm sou moun ki pa t fè peche ki menm jan ak vyolasyon Adan an. Adan se imaj Sila ki te gen pou vini an.

¹⁵ Men, sa pa vle di, jan fot la ye a, se konsa favè a ye. Paske, si poutèt fot yon sèl moun, anpil moun mouri, ebyen, se plis rezon toujou ki fè gras Bondye a ak kado ki nan gras yon sèl moun nan, Jezi Kris, te vini avèk abondans pou anpil moun.

¹⁶ Epitou, sa pa vle di, jan sa ye pou peche yon sèl moun nan, se konsa kado a ye. Paske, se apre yon sèl fot, jijman an mennen kondanasyon. Men, se apre anpil fot, kado a mennen jistifikasyon.

¹⁷ Vrèmanvre, si akòz fot yon sèl moun, lanmò vin domine akòz yon sèl moun nan, ebyen, gen plis rezon toujou pou moun ki resevwa gras la ak kado jistis la ann abondans rive domine nan lavi, grasa yon sèl moun: Jezi Kris!

¹⁸ Donk, menm jan poutèt yon sèl fot, tout moun jwenn kondanasyon, se konsa tou, poutèt yon sèl aksyon jis, tout moun jwenn jistifikasyon ki bay lavi a.

¹⁹ Vrèmanvre, menm jan poutèt dezobeyisans yon sèl moun, anpil moun vin pechè, se konsa tou, poutèt obeyisans yon sèl moun, anpil moun vin moun jis.

²⁰ Lalwa, li menm, parèt pou fot la ogmante. Men, kote peche a ogmante, gras la, li menm, anvayi.

²¹ Konsa, menm jan peche domine nan lanmò, se konsa tou, avèk Senyè nou an, Jezi Kris, gras ap domine pou lavi etènèl, grasa jistis.

Women 6

¹ Donk kisa nou va di? Èske nou va di: N ap rete nan peche pou gras la ka ogmante?

² Non, jamè! Nou menm ki mouri parapò ak peche, kòman pou nou ta fè viv ladan l toujou?

³ Èske nou pa konnen sa? Nou menm ki te batize nan Jezi Kris, se nan lanmò li nou te batize?

⁴ Donk, avèk batèm nan, Bondye antere nou ansanm avèk Kris nan lanmò. Konsa, menm jan Kris te resisite pami mò yo grasa glwa Papa a, se konsa tou, nou menm, nou mache nan yon lavi ki nouvo.

⁵ Vrèmanvre, kòm Bondye te grefe nou avèk Kris nan yon lanmò ki sanble ak lanmò Kris la, se konsa n ap ye tou nan yon rezirèksyon k ap sanble ak rezirèksyon l lan.

⁶ Paske, nou konnen sa: Bondye te krisifye ansyen nou menm nan ansanm avèk Kris, dekwa pou kò peche a ka detui, epi konsa, pou nou pa esklav peche ankò.

⁷ Paske, yon moun ki mouri, li libere anba peche.

- ⁸ Donk, kòm nou mouri avèk Kris, nou gen lafwa n ap viv avèk li tou.
- ⁹ E, nou konnen sa: Kris resisite pami mò yo, li p ap mouri ankò. Lanmò p ap domine sou li ankò.
- ¹⁰ Paske, mouri li te mouri a, se pou peche li mouri yon fwa pou tout. E, viv l ap viv la, se pou Bondye l ap viv.
- ¹¹ Konsa tou, nou menm, se pou nou konsidere tèt nou, yon bò, tankou nou mouri parapò ak peche, epi, yon lòt bò, tankou nou vivan parapò ak Bondye, grasa Jezi Kris Senyè nou an.
- ¹² Donk, peche pa dwe domine sou kò nou ki kapab mouri a, kòmsi pou nou ta obeyi dezi li.
- ¹³ Nonplis tou, pa ofri manm kò nou bay peche, kòm zam pou sa ki pa jis. Okontrè, ofri Bondye tèt nou tankou moun vivan ki soti anba lanmò. Epitou, ofri Bondye manm kò nou, kòm zam pou sa ki jis.
- ¹⁴ Vrèmanvre, peche p ap domine sou nou, paske se pa anba lalwa nou ye. Okontrè, se anba lagras nou ye.
- ¹⁵ Donk, kisa ki rive? Paske nou pa anba lalwa epi nou anba lagras la, èske nou dwe peche pou sa? Non, jamè!
- ¹⁶ Èske nou pa konnen sa? Kit nou se esklav peche ki mennen lanmò, kit nou se esklav obeyisans ki mennen jistis, lè nou ofri tèt nou tankou esklav k ap obeyi yon moun, nou se esklav moun n ap obeyi a!
- ¹⁷ Men, remèsiman pou Bondye! Paske, anvan sa, nou te esklav peche. Men, ak tout kè nou, nou vin obeyi modèl ansèyman, yo te transmèt nou an.
- ¹⁸ E, kòm nou libere anba peche, nou vin esklav jistis.
- ¹⁹ M ap pale avèk nou tankou lèzòm pale, paske nou fèb nan lachè. Vrèmanvre, nou te ofri manm kò nou kòm esklav salte ak rebelyon, pou n al fini nan rebelyon. Ebyen, se menm jan an tou kounye a: Nou dwe ofri manm kò nou kòm esklav jistis, pou n al fini nan sangtifikasyon.
- ²⁰ Paske, lè nou te esklav peche, nou te lib parapò ak jistis.
- ²¹ E, ki kalite fwi lavi nou te donnen lè sa a? Se te fwi ki fè nou wont kounye a! Paske, bagay sa yo se nan lanmò y al fini.
- ²² Men, kounye a, kòm nou libere anba peche, e, kòm nou se esklav Bondye, fwi lavi nou donnen se sangtifikasyon. E, se nan lavi etènèl l al fini.
- ²³ Paske, salè peche peye se lanmò. Men, kado Bondye bay la, se lavi etènèl ki nan Jezi Kris, Senyè nou an.

Women 7

- ¹ Frè mwen yo, lalwa domine sou yon moun, toutotan l ap viv. Nou konnen sa, pa vre? Paske, se ak moun ki konnen lalwa m ap pale.
- ² Vrèmanvre, yon fi ki marye, lalwa ini li ak mari li toutotan mari a vivan. Men, si mari a mouri, li lib parapò ak lwa ki te ini li ak mari a.
- ³ Donk, si pandan mari li vivan li pran yon lòt mari, ebyen, y ap deklare li fè adiltè. Men, si mari a mouri, fi a lib parapò ak lalwa. Kifè, li pa fè adiltè si li pran yon lòt mari.
- ⁴ Frè mwen yo, se menm jan an tou pou nou menm. Grasa kò Kris, nou te mouri parapò ak lalwa pou nou ka vin pou yon lòt, pou sila a ki te resisite pami mò yo. Konsa, lavi nou va donnen fwi pou Bondye.
- ⁵ Paske, lè nou t ap viv dapre lachè, lalwa te fè pasyon peche travay nan manm kò nou. Konsa, lavi nou te donnen fwi pou lanmò.
- ⁶ Men, kounye a, paske nou mouri parapò ak bagay ki te fè nou prizonye a, nou lib parapò ak lalwa. Konsa, nou p ap sèvi Bondye dapre ansyen fason lekriti lalwa a, men, dapre nouvo fason Lespri a.
- ⁷ Donk, kisa nou va di? Èske nou va di lalwa se peche? Non, jamè! Okontrè, si se pa t lalwa, mwen pa t ap konnen sa ki peche. Vrèmanvre, mwen pa t ap konnen sa anvi ye, si lalwa pa t di: Ou pa dwe gen anvi!
- ⁸ Peche, li menm, pwofite okazyon kòmannman an, epi li mete tout kalite anvi nan mwen. Paske, san lalwa, peche mouri.
- ⁹ Yon lè, mwen te san lalwa, e mwen te vivan. Men, lè kòmannman an vini, peche a vin vivan ankò, epi, mwen menm, mwen mouri.
- ¹⁰ Men sa mwen jwenn: Kòmannman ki sipoze bay lavi a, se lanmò li pote.
- ¹¹ Paske, peche pwofite okazyon kòmannman an, li twonpe mwen, epi avèk kòmannman an, li fè mwen mouri.
- ¹² Konsa, lalwa sen. E, kòmannman an sen, li jis, li bon.
- ¹³ Donk, èske se yon bon bagay ki vin lanmò pou mwen? Non, jamè! Okontrè, se peche! E, pou montre li se peche, li sèvi avèk yon bon bagay pou li mete lanmò nan mwen. Konsa, akòz kòmannman an, peche vin peche depase mezi.
- ¹⁴ Paske, nou konnen lalwa gen nati Lespri a, alòske, mwen menm, mwen gen nati lachè, mwen se esklav peche.
- ¹⁵ Vrèmanvre, mwen pa konprann sa mwen fè. Paske, mwen pa fè sa mwen vle. Okontrè, sa mwen rayi, se li mwen fè.
- ¹⁶ E, si mwen pa fè sa mwen vle, donk, mwen dakò lalwa bon.

¹⁷ E, lè sa a, se pa mwen menm ankò k ap fè aksyon an, men, se peche ki abite nan mwen an.

¹⁸ Vrèmanvre, mwen konnen pa gen anyen ki bon nan mwen, sa vle di, nan chè mwen. Paske, kanta pou vle, mwen vle fè sa ki byen, men, mwen pa jwenn fason pou mwen fè l.

¹⁹ Vrèmanvre, mwen pa fè byen mwen vle fè a. Okontrè, mal mwen pa vle fè a, se li mwen fè.

²⁰ E, si mwen menm, mwen fè sa mwen pa vle, se pa mwen menm ankò k ap fè aksyon an, men, se peche ki abite nan mwen an.

²¹ Donk, pou mwen menm ki vle fè sa ki byen, mwen jwenn lwa sa a: Bagay mal la ap plede kole sou mwen.

²² Vrèmanvre, nan fon kè mwen, se nan lalwa Bondye mwen jwenn plezi.

²³ Men, nan manm kò mwen, mwen wè gen yon lòt lwa k ap fè lagè avèk lwa ki nan lespri m nan. E, li fè mwen prizonye anba lwa peche ki nan manm mwen yo.

²⁴ Ala mizè pou mwen! Kilès ki pou delivre m anba kò lanmò sa a!

²⁵ Remèsiman pou Bondye, grasa Jezi Kris, Senyè nou an! Donk konsa, nan lespri mwen, mwen se esklav lalwa Bondye, alòske, nan lachè mwen, mwen se esklav lalwa peche.

Women 8

¹ Donk, kounye a, pa genyen okenn kondanasyon pou moun ki nan Jezi Kris, pou moun ki p ap mache dapre lachè, men, ki ap mache dapre Lespri a.

² Vrèmanvre, nan Jezi Kris, lwa Lespri lavi a libere mwen anba lwa peche ak lwa lanmò a.

³ Paske, sa lalwa pa t kapab fè poutèt lachè te rann li fèb, se sa Bondye fè. Poutèt peche, Bondye voye pwòp Pitit li a nan yon chè ki sanble ak chè peche a. Konsa, li kondane peche nan lachè.

⁴ Li fè sa, dekwa pou jistis lalwa mande a ka akonpli nan nou, nan nou menm ki p ap mache dapre lachè, men, ki ap mache dapre Lespri.

⁵ Paske, moun k ap viv dapre lachè gen tandans lachè. E, moun k ap viv dapre Lespri a gen tandans Lespri a.

⁶ Vrèmanvre, tandans lachè egal lanmò. Men, tandans Lespri a egal lavi ak lapè.

⁷ Paske, tandans lachè se lènmi Bondye. Li pa soumèt li anba lalwa Bondye. Vrèmanvre, li pa kapab soumèt nonplis!

- ⁸ E, moun k ap viv dapre lachè, yo pa kapab fè Bondye plezi!
- ⁹ Men, nou menm, si vrèmanvre Lespri Bondye abite nan nou, ebyen, nou p ap viv dapre lachè, men, n ap viv dapre Lespri. Men, si yon moun pa gen Lespri Kris, moun sa a pa pou Kris.
- ¹⁰ E, si Kris nan nou, yon bò, kò a mouri poutèt peche, epi, yon lòt bò, lespri a vivan grasa jistis.
- ¹¹ E, si Lespri sila a ki resisite Jezi pami mò yo abite nan nou, ebyen, sila a ki resisite Kris pami mò yo ap bay kò nou k ap mouri a lavi tou, grasa Lespri ki abite nan nou an.
- ¹² Donk, konsa, frè mwen yo, nou gen yon dèt. Men, se pa lachè nou dwe, kòmsi pou nou ta viv dapre lachè.
- ¹³ Paske, si se dapre lachè n ap viv, nou pral mouri. Men, si se grasa Lespri a n ap fè aksyon kò a mouri, ebyen, nou va viv.
- ¹⁴ Vrèmanvre, tout moun Lespri Bondye ap dirije, se pitit Bondye yo ye.
- ¹⁵ Paske, se pa yon lespri esklavaj nou resevwa, kòmsi pou nou ta pè toujou. Okontrè! Nou resevwa yon Lespri adopsyon. Grasa li, nou rele: Aba! O Papa!
- ¹⁶ Men sa Lespri a, li menm, temwaye bay lespri nou: Nou se pitit Bondye!
- ¹⁷ E, si se pitit nou ye, se eritye nou ye tou! Yon bò, nou se eritye Bondye, yon lòt bò, nou se eritye ansanm avèk Kris. Sa konsa, si vrèmanvre nou soufri ansanm avèk li pou Bondye ka glorifye nou ansanm avèk li tou.
- ¹⁸ Paske, mwen konsidere soufrans nan tan kounye yo pa merite pou yo ta konpare yo avèk glwa, Bondye pral revele nan nou an.
- ¹⁹ Vrèmanvre, kreyasyon an ap tann ak kè-cho, pou Bondye revele pitit li yo.
- ²⁰ Paske, kreyasyon an vin soumèt anba vanite. Se pa dapre pwòp volonte l li vin soumèt, men, se dapre sila ki soumèt li a.
- ²¹ E, li soumèt li avèk yon esperans, kòm kwa, menm kreyasyon sa a ap libere anba esklavaj koripsyon, e l ap genyen libète ki pou pitit Bondye yo nan laglwa.
- ²² Vrèmanvre, nou konnen, jis kounye a, tout kreyasyon an ap plenn ansanm, li gen tranche ansanm.
- ²³ E, se pa sa sèlman. Okontrè, menm nou menm ki genyen Lespri a kòm premye-fwi-lamwason, nou menm tou, n ap plenn nan kè nou, n ap tann adopsyon an, redanmsyon pou kò nou.
- ²⁴ Vrèmanvre, se avèk esperans nou sove. Men, yon esperans nou wè, se pa yon esperans ankò. Paske, poukisa pou yon moun espere yon bagay li deja wè?

- ²⁵ Men, si nou poko wè li, n ap espere li, n ap tann li avèk pèsèverans.
- ²⁶ E, menm jan an tou, Lespri a ede nou nan feblès nou yo. Paske, nou pa konnen kijan pou nou lapriye sou jan sa dwe ye. Men, Lespri a, li menm, li plede pou nou avèk soupi, yon jan pawòl pa kapab esplikè.
- ²⁷ Men, sila ki egzamine kè moun nan, li konnen tandans Lespri a, paske, se jan Bondye vle l la li plede pou sen yo.
- ²⁸ E, nou konnen Bondye fè tout bagay travay ansanm pou byen moun ki renmen l yo, moun li te rele dapre plan l yo.
- ²⁹ Paske, moun li te konnen davans yo, li te deside davans tou pou yo menm jan ak pòtre Pitit li a, dekwa pou Pitit la kapab yon Premye-Pitit pami anpil frè.
- ³⁰ E, moun li te chwazi davans pou yo konsa yo, se yo menm tou li te rele. E, moun li te rele yo, se yo menm tou li te jistifye. E, moun li te jistifye yo, se yo menm tou li te glorifye.
- ³¹ Donk, kisa nou va di de bagay sa yo? Èske nou va di: «Si Bondye pou nou, kilès ki kont nou?»
- ³² Li pa t refize pou li livre Pitit li a ditou. Okontrè, li te livre l pou nou tout. Alò, kòman pou li pa ta fè nou favè tout bagay, ansanm avèk Pitit la tou?
- ³³ Se Bondye k ap jistifye, kilès ki pou ta akize moun Bondye chwazi yo?
- ³⁴ Se Kris ki te mouri, kilès ki pou ta kondane yo? E, plis ankò, Kris resisite, se li menm tou ki adwat Bondye, se li menm tou k ap plede pou nou.
- ³⁵ Kisa ki pou ta separe nou avèk lamou Kris? Èske se tribilasyon, oubyen detrès, oubyen pèsekisyon, oubyen grangou, oubyen mizè, oubyen danje, oubyen epe?
- ³⁶ Se konsa sa ekri: Poutèt ou menm, se toulejou y ap tiye nou, Yo konsidere nou tankou mouton y ap gòje.
- ³⁷ Men, nan tout bagay sa yo, nou gen plis pase laviktwa, grasa sila ki renmen nou an.
- ³⁸ Paske, mwen gen konfyans ni lanmò, ni lavi, ni zanj, ni chèf, ni pisans, ni jodi, ni demen,
- ³⁹ ni wotè, ni pwofondè, ni kèk lòt kreyasyon, yo youn pa kapab separe nou ak lamou Bondye ki nan Jezi Kris, Senyè nou an.

Women 9

- ¹ Se laverite m ap di nan Kris, se pa manti. Grasa Lespri Sen an, konsyans mwen ban mwen bon temwayaj sa a:
- ² Sèke mwen genyen yon gwo lapenn ak yon chagren nan kè mwen san rete.

- ³ Vrèmanvre, poutèt frè mwen yo, poutèt yo menm ki fanmi mwen dapre lachè, mwen ta vle pou se mwen menm, Bondye modi, pou se mwen menm, li separe ak Kris,
- ⁴ wi, poutèt yo menm ki se Izrayelyen, yo menm ki resevwa ni adopsyon an, ni glwa a, ni alyans yo, ni lalwa, ni sèvis relijyon, ak ni pwomès yo.
- ⁵ Se pou yo zansèt yo ye. E, se pami yo Kris te fèt dapre lachè, Kris ki se Bondye beni sou tèt tout bagay, pou letènite. Amèn!
- ⁶ Men, sa pa vle di pawòl Bondye a pa t akonpli. Paske, se pa tout desandan Izrayèl yo ki Izrayèl, yo menm.
- ⁷ Nonplis tou, se pa paske yo se desandan Abraam ki fè yo tout se pitit li. Okontrè, men sa ki te di: Se nan Izaak w ap gen yon desandans ki pote non w.
- ⁸ Sa vle di, se pa tout pitit Abraam dapre lachè yo ki se pitit Bondye. Okontrè, pitit ki pitit dapre pwomès la, se yo Bondye konsidere ki nan desandans lan.
- ⁹ Vrèmanvre, men sa ki pawòl pwomès la: M ap tounen nan menm epòk sa a, Epi, lè sa a, Sara ap genyen yon pitit gason.
- ¹⁰ E, se pa sa sèlman. Okontrè, genyen Rebeka tou. Se pou yon sèl moun li te ansent, pou zansèt nou Izaak.
- ¹¹ Vrèmanvre, timoun yo pa t ko fèt. Nonplis tou, yo pa t fè ni byen, ni mal. Men, plan Bondye nan jan li chwazi moun, se pa dapre zèv sa ye; okontrè, se dapre sila k ap fè apèl la. E, pou sa ka kenbe, Bondye di Rebeka:
- ¹² Pi gran an ap sèvi pi jèn nan.
- ¹³ Se konsa sa ekri: Se Jakòb mwen te renmen. Men, se Ezayi mwen te rayi.
- ¹⁴ Donk, kisa nou va di? Èske nou va di Bondye nan enjistis? Non, jamè!
- ¹⁵ Paske, li di Moyiz: Pou moun mwen gen pitye, m ap gen pitye. Pou moun mwen gen kè- sansib, m ap gen kè-sansib.
- ¹⁶ Donk, konsa, sa pa depann ni de volonte moun, ni de efò moun. Sa depann de Bondye k ap gen pitye.
- ¹⁷ Vrèmanvre, Lekriti di Farawon: Mwen fè ou kanpe toutespre, pou se sou ou, mwen montre pisans mwen, epi, konsa, pou toupatou sou latè, yo anonse non mwen.
- ¹⁸ Donk, konsa, Bondye gen pitye pou moun li vle. E, li fè moun li vle fè rès nan kè yo!
- ¹⁹ Alò, ou va di mwen: «Kisa pou li repwoche moun ankò? Paske, kilès ki ka fè opozisyon ak plan li?»

- ²⁰ Okontrè, ou menm, moun, kisa w ye konsa, pou w ap bay Bondye replik? Yon po pa ka di ouvriye ki fè l la: «Poukisa ou fè mwen konsa», pa vre?
- ²¹ Èske ouvriye a pa gen pouvwa sou mòtye a pou li fè yon po ki pou resevwa onè epi yon po ki pou resevwa dezonè, tou de avèk menm mas mòtye a?
- ²² Ebyen, e Bondye li menm? Sipoze li vle montre kòlè li epi li vle fè konnen pisans li, epi poutèt sa, li ta sipòte po ki pou resevwa kòlè yo, po ki fèt pou peri yo, avèk anpil pasyans!
- ²³ Epi, sipoze li ta fè konnen richès glwa li pou po ki pou resevwa pitye yo, po li te prepare davans pou resevwa glwa yo!
- ²⁴ Alòske, nou menm, se po sa yo nou ye. Epitou, se pa t pami Juif yo sèlman li te rele nou, men, se te pami lòt nasyon yo tou.
- ²⁵ Se menm jan ak sa li di nan Oze a: Sa ki pa t pèp mwen, m ap rele yo «pèp mwen!» E, sa ki pa t byenneme, m ap rele yo «byenneme!»
- ²⁶ Men sa ki va rive kote mwen te di yo «Nou pa pèp mwen»: La, yo va rele yo: «Pitit Bondye vivan.»
- ²⁷ Ezayi, li menm, rele parapò ak pèp Izrayèl la, li di: Menm si kantite pitit Izrayèl yo ta menm jan ak sab nan lanmè, Se yon ti rès sèlman k ap sove.
- ²⁸ Paske, l ap reyalize pawòl la, L ap akonpli l sibitman nan jistis. Vrèmanvre, yon pawòl ki akonpli sibitman, Se sa Senyè a va fè sou latè.
- ²⁹ E, se menm jan Ezayi te di l anvan an: Si Senyè dèz Ame pa t kite yon desandans pou nou, Se tankou Sodòm nou t ap devni, Se ak Gomò nou t ap sanble.
- ³⁰ Donk, kisa nou va di? Men sa nou va di: Moun lòt nasyon yo ki pa t ap chèche jistis, yo jwenn jistis, sa vle di, jistis lafwa bay la.
- ³¹ Alòske, pèp Izrayèl la ki t ap chèche yon lwa ki bay jistis, yo pa jwenn lwa ki bay jistis la.
- ³² Poukisa? Se paske se pa t dapre lafwa, yo t ap chèche l, men, se te dapre zèv lalwa yo. Vrèmanvre, yo bite sou yon pyè d achopman.
- ³³ Se konsa sa ekri: Gade! Mwen mete nan Siyon Yon pyè d achopman, yon wòch k ap fè moun tonbe. E, tout moun ki kwè nan li, Yo p ap wont.

Women 10

- ¹ Frè mwen yo, dezi kè mwen ak priyè mwen devan Bondye pou pèp Izrayèl la se pou yo ta sove!
- ² Vrèmanvre, m ap bay temwayaj sa a pou yo: Yo jalou pou Bondye. Men, se pa dapre konesans.

- ³ Paske, nan pa konnen yo pa konnen jistis Bondye a, epi, nan chèche y ap chèche etabli pwòp jistis yo, ebyen, yo pa soumèt anba jistis Bondye a.
- ⁴ Paske, se Kris ki finisman lalwa, dekwa pou Bondye ka jistifye tout moun ki kwè.
- ⁵ Vrèmanvre, men sa Moyiz ekri sou kalite jistis ki dapre lalwa a: Yon moun ki fè bagay sa yo, se grasa yo menm l ap viv!
- ⁶ Kalite jistis ki dapre lafwa a, men kisa li menm li di: Pa di nan kè ou: «Kilès ki va monte nan syèl la?» Sa vle di: Monte pou fè Kris desann.
- ⁷ Nonplis tou, pa di: «Kilès ki va desann nan labim nan?» Sa vle di: Desann pou fè Kris monte sot pami mò yo!
- ⁸ Okontrè, kisa li di? Li di: Pawòl la tou pre w, Li nan bouch ou, li nan kè w. Sa vle di: Se pawòl lafwa n ap preche a.
- ⁹ Vrèmanvre, si ak bouch ou, ou deklare Jezi se Senyè, epitou, si nan kè ou, ou kwè Bondye te resisite l pami mò yo, ebyen, w ap sove.
- ¹⁰ Paske, se kwè nan kè ki mennen jistis, e, se rekonèt ak bouch ki mennen delivrans.
- ¹¹ Dapre sa Lekriti di: Tout moun ki kwè nan li, yo p ap wont!
- ¹² Vrèmanvre, pa genyen diferans ant Juif ak Grèk. Paske, se menm Senyè a ki Senyè yo tout. E, richès li, se pou tout moun ki rele li.
- ¹³ Vrèmanvre, «Tout moun ki rele non Senyè a, y ap sove!»
- ¹⁴ Alò, kòman pou yo ta fè rele non Senyè a, si yo pa kwè nan li? E, kòman pou yo ta fè kwè, si yo pa tandè pale de li? E, kòman pou yo ta fè tandè pale de li, si yon moun pa preche?
- ¹⁵ E, kòman pou yo ta fè preche, si pèsonn pa voye yo? Se konsa sa ekri: Moun k ap anonse lapè, Moun k ap anonse bon nouvèl, Ala bèl pye yo bèl!
- ¹⁶ Men, se pa yo tout ki te obeyi bon nouvèl la. Paske, Ezayi di: Senyè, kilès ki kwè mesaj nou an?
- ¹⁷ Konsa, lafwa soti nan sa yon moun tandè, e sa yon moun tandè, se dapre sa Bondye pale.
- ¹⁸ Men, mwen ta di: «Yo pa t tandè, pa vre?» Okontrè! Se sou tout latè, vwa yo te ale, E, se nan pwent lemonn, pawòl yo te rive.
- ¹⁹ Men, mwen ta di: «Izrayelyen yo pa t konnen, pa vre?» Men, se Moyiz an premye ki di: M ap fè nou fè jalouzi pou sa ki pa menm yon nasyon, E, m ap eksite nou poutèt yon nasyon moun sòt.

²⁰ Ezayi, li menm, oze di: Moun ki pa t ap chèche mwen, se yo ki jwenn mwen, Moun ki pa t ap mande pou mwen, se bay yo menm, mwen devwale tèt mwen.

²¹ Pou Izrayelyen yo menm, Ezayi di: Tout lajounen, se bay yon pèp rebèl, Yon pèp kou rèd, mwen t ap lonje men mwen!

Women 11

¹ Donk, mwen ta di: «Bondye lage pèp li a, pa vre?» Non, jamè! Paske, mwen menm tou, mwen se yon Izrayelyen, yon desandan Abraam, yon manm tribi Benjamin.

² Bondye konnen pèp li a davans, li pa lage l. Oubyen, èske nou pa konnen sa Lekriti di nan pasaj sou Eli a, kòman Eli plede kont pèp Izrayèl la devan Bondye?

³ Eli di: Senyè, yo tiye pwofèt ou yo, Yo demoli lotèl ou yo, Se mwen menm sèl ki rete, E, y ap chèche wete lavi mwen!

⁴ Okontrè, ki repons Bondye ba li? Li di: Mwen rezève sèt mil òm apa pou mwen. Yo menm, yo pa janm pliye jenou devan Bahal.

⁵ Donk, se menm jan an tou, nan tan kounye a. Genyen yon rès Bondye chwazi dapre lagras.

⁶ E, si se dapre lagras, se pa dapre zèv ankò, osinon, gras la pa yon gras ankò. E, si se dapre zèv, se pa dapre lagras ankò, osinon, zèv la pa yon zèv ankò.

⁷ Donk, se kisa? Sa pèp Izrayèl la t ap chèche a, li pa jwenn li, men, se moun Bondye te chwazi yo ki jwenn li. Epi, rès lòt yo fè rèd nan kè yo.

⁸ Se konsa sa ekri: Bondye ba yo lespri lou, Je pou yo pa wè, Ak zòrèy pou yo pa tande, Jis jodi a.

⁹ David, li menm, di: Se pou tab yo tounen yon pyèj ak yon pèlen, Yon pyè d achopman ak yon chatiman pou yo.

¹⁰ Se pou je yo bouche pou yo pa wè. Epi, fè do yo koube tout tan.

¹¹ Alò, mwen ta di: «Yo bite pou yo tonbe, pa vre?» Non, jamè! Okontrè, akòz fot yo a, Bondye bay lòt nasyon yo delivrans, pou fè Izrayelyen yo fè jalouzi.

¹² Men, si fot Izrayelyen yo se richès lemonn, epi si so yo a se richès lòt nasyon yo, se va plis toujou, lè Izrayelyen yo vin o konplè!

¹³ Vrèmanvre, se avèk nou menm, moun lòt nasyon yo, m ap pale. Kòm se apot lòt nasyon yo mwen ye, m ap fè lwanj ministè mwen.

- 14 Se dekwa pou si li posib, mwen ka fè ras mwen an fè jalouzi, epi konsa, m a sove kèk nan yo.
- 15 Paske, si lè Bondye lage yo, se rekonsilyasyon sa ye pou lemonn, e lè Bondye resevwa yo menm, kisa sa ka ye ankò si se pa lavi pami mò yo?
- 16 E, si premye pen ofrann yo sen, ebyen, pat pen an sen tou. Si rasin nan sen, branch yo sen tou!
- 17 E, si Bondye koupe kèk nan branch yo; si ou menm, ki se yon pye oliv mawon, Bondye grefe ou nan plas yo; si ou vin patisipe ansanm avèk yo nan rasin ak nan lèt pye oliv fran an, ebyen, pa vante tèt ou sou branch yo!
- 18 E, si se vante w ap vante tèt ou, ebyen, sonje se pa ou menm k ap pote rasin yo, men, se rasin yo k ap pote w.
- 19 Alò, ou va di: «Bondye koupe branch yo dekwa pou se mwen menm li grefe nan plas yo.»
- 20 Se vre! Poutèt yo pa t kwè, li koupe yo. Men, se poutèt lafwa w ki fè w la a. Pa fè ògèy! Okontrè, gen krentif.
- 21 Paske, si branch ki fran yo, Bondye pa t menaje yo, se pa ou menm li ta menaje nonplis.
- 22 Donk, gade jan Bondye bon ak jan li sevè. Yon bò, li sevè ak sa ki te tonbe yo. Yon lòt bò, li bon avèk ou menm, si ou rete nan bonte a. Si se pa sa, ou se yon branch l ap koupe tou.
- 23 E, yo menm tou, si yo pa rete nan pa kwè yo a, Bondye ap grefe yo. Paske, Bondye gen pisans pou li grefe yo ankò.
- 24 Vrèmanvre, si ou menm ki nan ras pye oliv mawon an, Bondye koupe w, epi li grefe w sou yon pye oliv fran, yon jan ki kontrè ak ras ou, ebyen, pou yo menm ki nan ras fran an, se plis toujou: Bondye va grefe yo nan pwòp pye oliv yo.
- 25 Vrèmanvre, frè mwen yo, mwen pa ta vle nou pa konnen mistè sa a dekwa pou nou pa mete nan tèt nou nou entèlijans. Sèke, yon pati nan pèp Izrayèl la tonbe nan fè rèd nan kè yo, pou jis lè moun lòt nasyon yo ki pou antre yo fin kont.
- 26 E, konsa, se tout Izrayèl k ap sove. Se konsa sa ekri: Liberatè a ap soti Siyon. L ap wete mechanste nan mitan Jakòb.
- 27 Se sa ki va alyans ant mwen menm avèk yo, Lè mwen va wete peche yo.
- 28 Devan levanjil la, yo se lènmi poutèt nou menm. Men, devan chwa Bondye fè, yo se byenneme poutèt zansèt yo.
- 29 Vrèmanvre, don ak apèl Bondye fè pa ka chanje.

³⁰ Paske, nou menm tou, yon lè, nou t ap dezobeyi Bondye. Men, kounye a, poutèt dezobeyisans Juif yo, Bondye gen pitye pou nou.

³¹ Se menm jan an tou pou yo. Kounye a, y ap dezobeyi. Konsa, grasa pitye nou resevwa a, yo menm tou, Bondye va gen pitye pou yo.

³² Paske, Bondye fè tout moun prizonye dezobeyisans, dekwa pou li ka gen pitye pou tout moun.

³³ Ala yon pwofondè ki genyen nan richès, nan sajès, ak nan konesans Bondye! Aa, yo pa ka sonde desizyon li! E, yo pa ka egzamine chemen li.

³⁴ Vrèmanvre, Kilès ki janm konnen lide Senyè a? Oubyen, ki moun ki janm vin yon konseye pou li?

³⁵ Kilès ki janm ba li anvan, kòm kwa, pou Senyè a ta nan peye l dèt.

³⁶ Paske, se dapre li, se grasa li, e se pou li, tout bagay egziste! Glwa pou li pou letènite! Amèn!

Women 12

¹ Donk, frè mwen yo, paske Bondye gen kè-sansib, m ap ankouraje nou ofri li kò nou tankou yon sakrifis ki vivan, ki sen, ki fè Bondye plezi. Sa rezonab pou nou sèvi li konsa.

² Pa imite modèl tan sa a. Okontrè, se pou lavi nou chanje dapre lespri nou Bondye refè a. Konsa, nou va rekonèt sa ki volonte Bondye, sa ki bon, sa ki fè li plezi, epi sa ki total.

³ Vrèmanvre, dapre gras Bondye te ban mwen, m ap di nou chak: Pa panse nou plis pase sa nou dwe panse nou ye. Okontrè, se pou nou panse yon jan ki rezonab, dapre pòsyon lafwa Bondye separe bay nou chak.

⁴ Paske, menm jan nou genyen anpil manm nan yon sèl kò, epi tout manm yo pa gen menm travay la,

⁵ ebyen, se konsa nou menm ki anpil la, nou fè yon sèl kò nan Kris. E, nou youn se manm lòt.

⁶ Kòm nou chak, dapre gras Bondye ban nou, nou genyen don ki diferan, si don an se pwofesi, li dwe dakò avèk lafwa.

⁷ Si se ministè, li dwe fèt nan lespri sèvis. Moun ki pou anseye, se pou yo anseye.

⁸ Moun k ap ankouraje, se pou yo ankouraje. Moun k ap bay, se pou yo bay ak tout kè. Moun k ap dirije, se pou yo dirije avèk devouman. Moun k ap gen pitye, se pou yo gen pitye nan lajwa.

⁹ Lamou dwe san ipokrizi. Rayi sa ki mal. Pèsevere nan sa ki byen.

- ¹⁰ Akòz lamou fratènèl, se pou youn renmen lòt. Akòz onè, se pou youn konsidere lòt la anvan tèt li.
- ¹¹ Pa lage nan devouman nou. Chofe lespri nou. Sèvi Senyè a.
- ¹² Kite espwa ban nou lajwa. Kenbe fèm anba tribilasyon. Pèsevere nan lapriyè.
- ¹³ Patisipe nan ede sen ki nan nesesite yo. Veye pou nou byen resevwa etranje.
- ¹⁴ Beni moun k ap pèsekite nou. Beni yo, pa modi yo.
- ¹⁵ Patisipe nan lajwa ak moun ki nan lajwa. Kriye ak moun k ap kriye.
- ¹⁶ Se pou nou youn konsidere lòt menm jan. Pa konsidere tèt nou siperyè. Okontrè, asosye tèt nou avèk malere. Pa mete nan tèt nou nou entèlijan!
- ¹⁷ Pa rann pèsounn mal pou mal. Chèche fè sa ki byen devan tout moun.
- ¹⁸ Kanta pou nou menm, depi sa posib, viv nan lapè avèk tout moun.
- ¹⁹ Byenneme, pa tire revanj pou tèt nou. Okontrè, bay kòlè plas pou li aji. Paske, men sa ki ekri: «Se mwen ki pou tire revanj, M ap fè regleman.» Se sa Senyè a di.
- ²⁰ Donk, Si lènmi w grangou, ba li manje. Si li swaf, ba li bwè. Paske, lè ou fè sa, Se chabon dife, w ap rasanble sou tèt li.
- ²¹ Pa kite sa ki mal gen laviktwa sou nou. Okontrè, fè sa ki byen pou nou ka gen laviktwa sou sa ki mal.

Women 13

- ¹ Tout moun dwe soumèt yo anba otorite ki sou tèt yo. Paske, pa genyen otorite, san se pa grasa Bondye. E, otorite ki egziste yo, se Bondye ki etabli yo.
- ² Donk, yon moun k ap fè rebèl ak otorite, se kont lòd Bondye l ap reziste. E, moun k ap reziste konsa, se jijman y ap rale sou tèt yo.
- ³ Paske, se pa pou aksyon ki byen, chèf fè moun pè, men, se pou sa ki mal. Èske ou ta vle pa pè otorite? Ebyen, fè sa ki byen, epi w ap resevwa lwanj nan men li.
- ⁴ Paske, se sèvitè Bondye li ye, pou byen w. Men, si w ap fè sa ki mal, ou mèt pè li. Paske, se pa san rezon, li pote epe. Vrèmanvre, li se sèvitè Bondye, l ap tire revanj pou kòlè Bondye tonbe sou moun ki fè sa ki mal.
- ⁵ Donk, li nesesè pou nou soumèt nou. E, se pa poutèt kòlè a sèlman, men tou, se poutèt konsyans nou.

⁶ E, se poutèt sa tou, nou peye enpo. Paske, otorite yo se minis Bondye, e se bagay sa a y ap okipe.

⁷ Donk, bay chak moun sa ou dwe li. Moun ou dwe enpo, ba li enpo. Moun ou dwe taks, ba li taks. Moun ou dwe krentif, ba li krentif. Moun ou dwe onè, ba li onè.

⁸ Pa dwe pèsounn anyen, esepite lamou youn pou lòt. Paske, lè yon moun renmen yon lòt, li akonpli lalwa.

⁹ Vrèmanvre, kit kòmannman an se «Pa komèt adiltè», «Pa tiye moun», «Pa vòlè», «Pa gen anvi», oubyen nenpòt lòt, se yon sèl pawòl ki alatèt yo tout, se sa a: «Ou va renmen pwochen ou, menm jan ou renmen tèt ou.»

¹⁰ Lamou pa janm fè pwochen li mal. Donk, lamou akonpli lalwa.

¹¹ Fè sa, paske nou konnen nan ki tan nou ye. Li deja lè pou nou leve nan dòmi. Vrèmanvre, delivrans lan pi pre nou kounye a, pase lè nou te konvèti a.

¹² Nuit la vanse fini, jou a ap pwoche. Donk, annou debarase kò nou avèk travay fènwa yo, epi annou abiye nou avèk zam limyè yo.

¹³ Annou mache dapre lizaj, tankou se lajounen. Annou pa ni banbochè, ni tafyatè. Annou pa ni nan dezòd lachè, ni nan libètinaj. Annou pa ni nan kont, ni nan jalouzi.

¹⁴ Okontrè, abiye nou avèk Senyè Jezi Kris. Epi, pa fè pwojè pou nou satisfè dezi lachè.

Women 14

¹ Asepte moun ki fèb nan lafwa yo, e pa fè diskisyon sou opinyon.

² Youn kwè li ka manje tout bagay. Lòt ki fèb la, li menm, li manje legim ase.

³ Moun ki manje tout bagay la pa dwe meprize moun ki pa manje yo a. E, moun ki pa manje tout bagay la pa dwe jije moun ki manje yo a. Paske, Bondye asepte li konsa.

⁴ Kisa w ye pou w ap jije sèvitè lòt moun? Kit li kanpe fèm, kit li tonbe, se pwòp mèl li sa regade. Men, l ap kanpe fèm, paske, Bondye gen pisans pou l fè li kanpe.

⁵ Youn kwè yon jou siperyè pase yon lòt jou. Lòt la, li menm, kwè tout jou se menm. Se pou yo chak gen konviksyon nan pwòp lespri yo.

⁶ Moun ki okipe jou a, se poutèt Senyè a li okipe sa. E, moun ki pa okipe jou a, se poutèt Senyè a li pa okipe sa. Moun ki manje a, se poutèt Senyè a li manje, paske li rann Bondye gras. E, moun ki pa manje a, se poutèt Senyè a li pa manje. Li rann Bondye gras tou.

- ⁷ Vrèmanvre, pèsonn nan nou pa viv pou tèt pa li, e pèsonn nan nou pa mouri pou tèt pa li.
- ⁸ Si nou viv, se poutèt Senyè a nou viv. Si nou mouri, se poutèt Senyè a nou mouri. Kit nou viv, kit nou mouri, se pou Senyè a nou ye.
- ⁹ Paske, se pou sa Kris mouri, epi li resisite, epi li vivan, se pou li ka domine ni sou mò, ni sou vivan.
- ¹⁰ Men, ou menm, poukisa w ap jije frè w? Ou menm tou, poukisa w ap meprize frè w? Paske, nou tout gen pou nou konparèt devan tribinal Kris la.
- ¹¹ Vrèmanvre, men sa ki ekri: Senyè a di: Mwen vivan. Donk, tout jenou ap pliye devan mwen, E, tout lang ap bay Bondye glwa.
- ¹² Donk konsa, nou chak gen pou nou rann Bondye kont pou tèt pa nou.
- ¹³ Kifè, se pou nou youn sispann jije lòt. Okontrè, men sa pou nou jije pito: Se kòman pou nou pa fè anyen ki ka lakòz frè nou bite oubyen chite.
- ¹⁴ Mwen menm, nan Senyè Jezi, mwen konnen e mwen gen konfyans, pa gen anyen ki pa sen pou pwòp tèt pa li. Moun ki kwè yon bagay pa sen, ebyen, se pou li menm li pa sen.
- ¹⁵ Men, si ou fè frè w lapenn poutèt yon manje, ou p ap mache nan lamou ankò. Pa kite manje w la lakòz frè sa a pèdi, li menm Kris mouri pou li a.
- ¹⁶ E, pa kite se denigre yo denigre bagay ki byen pou ou a.
- ¹⁷ Paske, wayòm Bondye a, se pa manje ak bwè li ye. Okontrè, li se jistis, lapè, ak lajwa, grasa Lespri Sen an.
- ¹⁸ Vrèmanvre, yon moun k ap sèvi Kris nan fason sa a, li fè Bondye plezi, e lèzòm dakò avèk li.
- ¹⁹ Donk konsa, annou chèche bagay ki bay lapè epi bagay k ap fè nou youn edifye lòt.
- ²⁰ Pa kraze travay Bondye a poutèt manje. Vrèmanvre, tout bagay pwòp. Men, se yon bagay ki mal pou yon moun vin yon pyè d achopman akòz manje l manje!
- ²¹ Men sa ki byen: Se pa manje vyann, se pa bwè diven, se pa fè anyen ki ta lakòz frè ou bite, oubyen chite, oubyen febli.
- ²² Ou menm, èske ou genyen lafwa? Ebyen, kenbe l pou tèt ou devan Bondye. Moun ki pa kondane tèt li ak sa li asepte, li se yon moun ki beni!
- ²³ Men, moun ki gen dout sou sa l ap manje a kondane tèt li, paske li pa aji dapre lafwa. Tout sa ki pa fèt dapre lafwa se peche.

Women 15

- ¹ Nou menm ki fèm yo, nou dwe sipòte feblès sa ki pa fèm yo. Se pa tèt nou, nou dwe ap fè plezi.
- ² Vrèmanvre, nou chak dwe fè pwochen nou plezi pou byen li epi pou nou ka edifye li.
- ³ Paske, menm Kris, se pa tèt li, li te fè plezi. Okontrè, li te fè menm jan sa te ekri a: Jouman moun k ap joure w yo tonbe sou mwen!
- ⁴ Vrèmanvre, tout sa ki te ekri anvan yo, se pou yo te ka anseye nou ki fè yo te ekri yo anvan. Konsa, grasa andirans ak ankourajman Lekriti bay, nou ka gen esperans.
- ⁵ Se pou Bondye ki bay andirans ak ankourajman an fè nou gen menm santiman, youn pou lòt, menm jan ak Jezi Kris.
- ⁶ Konsa, nan tèt ansanm epi avèk yon sèl vwa, nou va glorifye sila ki Bondye e ki Papa Jezi Kris, Senyè nou an.
- ⁷ Donk, se pou nou youn byen asepte lòt, menm jan Kris, li menm, te asepte nou, pou glwa Bondye.
- ⁸ Men sa m ap di: Jezi Kris, li menm, te fè tèt li sèvitè moun ki sikonsi yo, pou demontre Bondye di laverite. Konsa, li sètifye pwomès Bondye te fè zansèt yo.
- ⁹ Konsa tou, lòt nasyon yo bay Bondye glwa poutèt pitye li. Se konsa sa ekri: Poutèt sa, m ap ba ou glwa pami nasyon yo, E, m ap chante pou non ou.
- ¹⁰ Epi, Lekriti di ankò: Nou menm nasyon yo, fè kè nou kontan avèk pèp li a.
- ¹¹ Epi ankò: Nou tout nan nasyon yo, fè lwanj Senyè a. Se pou tout pèp fè lwanj li!
- ¹² Epi ankò, Ezayi di: Rasin ki soti nan Izayi a va parèt, Wi, li menm ki va leve pou gouvène nasyon yo. Se nan li nasyon yo va met espwa yo.
- ¹³ Se pou Bondye ki bay esperans lan plen kè nou avèk tout kalite lajwa ak lapè, grasa lafwa nou, dekwa pou nou ka vin gen esperans ann abondans, grasa pisans Lespri Sen an!
- ¹⁴ Frè mwen yo, mwen menm tou, mwen gen konfyans nou plen ak bonte, nou plen ak tout kalite konesans, e nou youn kapab avèti lòt.
- ¹⁵ Men, frè mwen yo, gen kèk bagay, mwen pèmèt tèt mwen pou m ekri nou yo konsa, se tankou m ap reveye memwa nou. E, se dapre gras sa a Bondye ban mwen:
- ¹⁶ Li fè mwen minis Jezi Kris pou lòt nasyon yo. E, m ap sèvi levanjil Bondye a tankou yon sakrifikatè, dekwa pou lòt nasyon yo ka vin yon ofrann Bondye asepte, yon ofrann Lespri Sen an konsakre.

- 17** Donk, pou afè Bondye, mwen gen rezon vante tèt mwen grasa Jezi Kris.
- 18** Paske, mwen pa t ap oze pale de yon bagay, si se pa t yon travay Kris fè avèk mwen vre, pou payen yo ka obeyi. Li sèvi avèk ni pawòl mwen, ni aksyon mwen,
- 19** avèk pisans mirak-siy, avèk pisans mèvèy, epi avèk pisans Lespri Bondye. Konsa, soti Jerizalèm, ale toutotou, rive jis Iliri, mwen preche yo levanjil Kris la okonplè.
- 20** Konsa, anbisyon m se te pou mwen anonse levanjil la kote pèsonn pa t nonmen non Kris, dekwa pou mwen pa t bati sou fondasyon lòt moun.
- 21** Okontrè, se menm jan sa te ekri a: Moun, yo pa t anonse l yo, yo va wè. E, moun ki pa t tande pale de li yo, yo va konprann.
- 22** Anpil fwa, se sa ki te anpeche mwen ale lakay nou.
- 23** Men, kounye a, pa gen misyon pou mwen nan zòn sa yo ankò. Alòske, depi plizyè ane, mwen anvi ale lakay nou.
- 24** M apral lakay nou nenpòt lè mwen prale ann Espay. Vrèmanvre, lè m ap pase, mwen espere m ap rete wè nou, epi n ap ede mwen al la. Men, anvan sa, fòk mwen ta fin kontante avèk ti vizit la.
- 25** Pou kounye a, mwen prale Jerizalèm pou m rann sen yo yon sèvis.
- 26** Paske, se te tout plezi Masedwàn ak Akayi, pou yo fè yon kòlèt pou pòv ki pami sen nan Jerizalèm yo.
- 27** Vrèmanvre, yo te jwenn plezi pou yo fè sa, e yo te dwe yo sa tou. Paske, si lòt nasyon yo patisipe nan byen esprityèl Juif yo, ebyen, yo menm tou, yo dwe rann Juif yo sèvis avèk byen materyèl yo.
- 28** Donk, m ap fini avèk bagay sa a, m ap fin remèt yo rezilta kòlèt la, epi m ap pase lakay nou pou m ale ann Espay.
- 29** E, mwen konnen, lè m ale lakay nou, m aprale avèk tout benediksyon ki genyen nan levanjil Kris la.
- 30** Frè mwen yo, grasa Senyè nou an, Jezi Kris, epi grasa lamou Lespri a, m ap ankouraje nou konbat ansanm avèk mwen nan priye Bondye pou mwen.
- 31** Priye pou mwen ka delivre anba moun nan Jide ki pa kwè yo. Priye pou sen nan Jerizalèm yo ka byen asepte sèvis mwen an.
- 32** Priye pou m ale lakay nou nan lajwa, si Bondye vle; epitou, priye pou mwen repoze tèt mwen pami nou.
- 33** Se pou Bondye ki bay lapè a avèk nou tout. Amèn!

Women 16

- ¹ Mwen rekòmande nou sè Febe. Li se yon dyakonès nan legliz ki nan Sankre a.
- ² Resevwa li nan non Senyè a, jan sen yo merite sa. Epi, ede li nan tout bagay li ta ka bezwen. Paske, li menm, li ede anpil moun, e li ede mwen tou.
- ³ Salye Priska ak Akilas. Yo travay avèk mwen nan non Jezi Kris.
- ⁴ Yo te riske lavi yo pou sove lavi mwen. E, se pa mwen menm sèlman k ap di yo mès, okontrè menm, se tout legliz ki pami nasyon yo.
- ⁵ Salye legliz ki lakay yo a tou. Salye Epayinèt, li se byenneme mwen. Se li ki premye rekòt pou Kris nan Akayi.
- ⁶ Salye Mari, li travay di pami nou.
- ⁷ Salye Andwonikis ak Jinyas, yo se fanmi mwen, epi yo te prizonye ansanm avèk mwen. Yo byen konsidere yo pami apot yo. E, yo te menm vin nan Kris anvan mwen.
- ⁸ Salye Anpliyas, li se byenneme mwen nan non Senyè a.
- ⁹ Salye Iben, li travay ansanm avèk nou nan non Kris la. Salye Estakis tou, li se byenneme mwen.
- ¹⁰ Salye Apelès, li bay prèv, li nan Kris. Salye moun kay Aristobil yo.
- ¹¹ Salye Ewodyon, li se fanmi mwen. Salye moun kay Nasis yo ki kwè nan Senyè a.
- ¹² Salye Trifèn ak Trifoz, y ap travay nan non Senyè a. Salye Pèsid, li se byenneme mwen, e l ap travay di nan non Senyè a.
- ¹³ Salye Rifis, Bondye chwazi li nan non Senyè a. Salye manman li, ki se manman mwen tou.
- ¹⁴ Salye Asenkrit, Flegon, Èmas, Patwobas, Èmès, ansanm ak tout frè ki avèk yo.
- ¹⁵ Salye Filològ ak Jili, Nere ak sè l la. Salye Olenpas ansanm ak tout sen ki avèk li yo.
- ¹⁶ Se pou nou youn salye lòt avèk bo, tankou sen dwe salye. Tout legliz Kris yo voye salye nou.

- ¹⁷ Frè mwen yo, m ap ankouraje nou veye ki moun k ap aji kont ansèyman yo te montre nou an pou lakòz moun divize epi chite. Epi, separe avèk yo.
- ¹⁸ Paske, yo menm, se pa Jezi Kris, Senyè nou an, y ap sèvi, men, se pwòp vant yo. Epi, nan pale dous ak nan flate, yo twonpe kè inosan yo.
- ¹⁹ Kanta pou nou menm, jan nou obeyi Bondye a, se yon nouvèl ki rive toupatou. Donk, nou fè mwen kontan. Men, mwen ta vle pou nou saj devan sa ki byen epi pou nou inosan devan sa ki mal.
- ²⁰ E, Bondye ki bay lapè a, talè konsa, I ap kraze Satan anba pye nou. Gras Jezi Kris Senyè nou an avèk nou!
- ²¹ Timote voye salye nou, I ap travay ansanm avèk mwen. Liziyis, Jazon, ak Sosipatè voye salye nou tou, se fanmi mwen yo ye.
- ²² Mwen menm Tètiyis ki ekri lèt sa a, mwen voye salye nou nan non Senyè a.
- ²³ Gayis voye salye nou, li resevwa ni mwen menm, ni tout legliz la lakay li. Eras voye salye nou, li se administratè vil la. Frè Kwatis voye salye nou tou.
- ²⁴ Gras Jezi Kris Senyè nou an avèk nou tout! Amèn.
- ²⁵ Se Bondye ki kapab fè nou kanpe fèm, dapre levanjil mwen an ak predikasyon sou Jezi Kris, dapre revelasyon mistè ki te nan sekre depi tout tan an.
- ²⁶ Men, kounye a, Bondye devwale li, grasa pwofesi ki nan Lekriti, dapre lòd Bondye ki etènèl la. Li fè tout nasyon konnen mistè a pou yo ka obeyi dapre lafwa.
- ²⁷ Se Bondye sèl ki saj. Glwa pou Bondye, nan Jezi Kris, pou letènite. Amèn!

1 Korentyen

1 Korentyen 1

- 1** Mwen menm Pòl, Bondye te rele pou vin apot Jezi Kris dapre volonte li, mwen menm ak frè Sostèn.
- 2** Nou menm, legliz Bondye ki nan Korent lan; nou menm, Bondye te sangtifye nan Jezi Kris; nou menm, li rele vin sen ansanm ak tout moun tout kote k ap rele non Senyè nou an, Jezi Kris, ki se Senyè ni yo menm, ni nou menm,
- 3** se pou gras avèk lapè ki soti nan Bondye Papa nou ak nan Senyè Jezi Kris avèk nou!
- 4** Se tout tan m ap rann Bondye m nan gras pou nou, poutèt gras Bondye, Bondye te ban nou nan Jezi Kris.
- 5** Kifè, nan li, Bondye fè nou rich nan tout bagay: Nan tout pawòl ak nan tout konesans.
- 6** Vrèmanvre, li sètifye temwayaj Kris la nan nou.
- 7** Konsa, pandan n ap tann pou Jezi Kris Senyè nou an parèt, nou pa manke okenn don.
- 8** L ap fè nou fèm tou, jiska lafen. E, nan jou Jezi Kris, Senyè nou an, n ap san repwòch.
- 9** Bondye fidèl, li menm ki te rele nou vin nan kominyon avèk Pitit li a, Jezi Kris, Senyè nou an.
- 10** Kounye a, frè mwen yo, m ap ankouraje nou nan non Jezi Kris, Senyè nou an, pou nou tout antann nou epi pou pa gen zizani pami nou. Men, repare inyon nou pou nou gen menm lide ak menm panse.
- 11** Paske, frè mwen yo, sa moun kay Klore fè m konnen sou nou, sèke nou youn nan kont ak lòt.
- 12** Men sa m vle di: Nou chak ap di yon bagay. Youn di: «Mwen pou Pòl!» Yon lòt di: «Mwen pou Apolòs!» Yon lòt di: «Mwen pou Sefas!» Epi, yon lòt di: «Mwen pou Kris!»
- 13** Alò, èske Kris te janm dozado ak tèt li? Se pa Pòl, yo te krisifye pou nou, pa vre? Oubyen, èske se nan non Pòl, nou te batize?
- 14** Mwen rann Bondye gras dèske mwen pa t batize okenn nan nou, esepite Krispis ak Gayis;
- 15** konsa, pèsonn pa ka di se nan non mwen yo te batize.
- 16** O! mwen te batize moun kay Estefanas yo tou. Apre sa, otan m konnen, mwen pa t batize okenn lòt moun.

- ¹⁷ Dayè, se pa t pou batize moun, Kris te voye mwen, men, se te pou m anonse levanjil la. E, se pa dapre pawòl sajès, dekwa pou kwa Kris la pa vin initil.
- ¹⁸ Paske, pawòl kwa a se yon foli pou moun k ap peri. Men, pou moun ki sove, li se pisans Bondye.
- ¹⁹ Vrèmanvre, men sa ki ekri: M ap detui sajès moun saj yo, M ap anile entèlijans moun entèlijan yo.
- ²⁰ Donk, kote moun saj yo? Kote pwofesè lalwa yo? Kote moun k ap diskite nan monn sa a? Bondye fè sajès lemonn tounen foli, pa vre?
- ²¹ Vrèmanvre, kòm lemonn, ak tout sajès li a, pa rive konnen Bondye selon sajès Bondye, ebyen, se selon mesaj ki se yon foli a, Bondye jwenn plezi pou li sove moun ki gen lafwa yo.
- ²² E, kòm Juif yo se mirak-siy y ap mande, epi Grèk yo se sajès y ap chèche,
- ²³ ebyen, nou menm, se Kris yo te krisifye a n ap preche. Pou Juif yo, li se yon pyè d achopman. Pou Grèk yo, li se yon foli.
- ²⁴ Men, kit nou se Juif, kit nou se Grèk, pou nou menm, Bondye rele yo, li se Kris, li se pisans Bondye, epi li se sajès Bondye.
- ²⁵ Paske, sa k ta foli pou Bondye, li pi saj pase sajès lèzòm. E, sa k ta feblès pou Bondye, li pi fò pase fòs lèzòm.
- ²⁶ Vrèmanvre, frè mwen yo, gade rele Bondye rele nou an. Pa gen anpil nan nou ki saj dapre lachè. Pa gen anpil ki gen pouvwa. Pa gen anpil ki sot nan gran fanmi.
- ²⁷ Okontrè! Bagay ki se foli pou lemonn, se yo Bondye chwazi, dekwa pou li ka fè moun saj yo wont. Bagay ki fèb pou lemonn, se yo Bondye chwazi, dekwa pou li ka fè bagay ki fò yo wont.
- ²⁸ Bondye chwazi bagay lemonn avili, bagay yo meprize, bagay ki pa menm egziste pou yo, dekwa pou li ka anile bagay ki egziste pou yo.
- ²⁹ Konsa, okenn moun pa ka vante tèt yo devan Bondye.
- ³⁰ Se grasa li, ki fè nou nan Jezi Kris. Wi, pou nou, Jezi Kris tounen sajès ki sot kote Bondye: Li jistifye nou, li sangtifye nou, e li rachte nou.
- ³¹ Konsa, menm jan sa ekri a, «Moun k ap vante tèt yo, se nan Senyè a yo dwe vante tèt yo!»

1 Korentyen 2

- ¹ Kanta pou mwen menm, frè mwen yo, lè mwen te ale kote nou an, se pa t avèk yon pawòl oubyen yon sajès kòmkiwa ki siperyè mwen te al anonse nou temwayaj Bondye a.
- ² Vrèmanvre, mwen te deside pou mwen pa rekonèt anyen pami nou, esepite Jezi Kris, e Jezi Kris yo te krisifye a.
- ³ Mwen menm, mwen te fèb, mwen te pè, mwen t ap tranble anpil lè mwen te avèk nou an.
- ⁴ E, pawòl mwen ak mesaj mwen pa t pawòl pou konvenk moun ak sajès lèzòm. Men, yo te yon demonstrasyon Lespri ak pisans Bondye,
- ⁵ konsa pou lafwa nou pa t nan sajès lèzòm, men pou l te nan pisans Bondye.
- ⁶ Epoutan, n ap preche moun total yo yon sajès, men, se pa yon sajès ki soti ni nan monn sa a, ni nan chèf monn sa a, yo menm Bondye pral detui a.
- ⁷ Okontrè, n ap preche sajès Bondye nan yon mistè; yon sajès ki kache; yon sajès Bondye pare davans, pou glwa nou, anvan monn sa a te la;
- ⁸ yon sajès chèf monn sa a pa t konnen nonplis. Paske, si yo te konnen li, yo pa ta krisifye Senyè ki se laglwa a.
- ⁹ Men, se konsa sa ekri: Bagay je pa janm wè epi zòrèy pa janm tandè, Bagay ki pa janm monte nan kè lèzòm, Se yo Bondye te pare pou moun ki renmen l yo.
- ¹⁰ E, se nou menm, Bondye revele yo, grasa Lespri li. Paske, Lespri a egzamine tout bagay, menm sa ki nan pwofondè kè Bondye.
- ¹¹ Vrèmanvre, kilès moun ki konnen bagay ki konsène moun, si se pa lespri moun nan ki nan li a? Ebyen, se konsa tou, pèsoun pa konnen bagay ki konsène Bondye, esepite Lespri Bondye a.
- ¹² Alòske, nou menm, se pa lespri lemonn nou resevwa, men, se Lespri ki soti nan Bondye a. Konsa, nou konnen bagay Bondye ban nou nan gras li.
- ¹³ E, se bagay sa yo nou preche. Nou pa preche yo dapre pawòl sajès lèzòm anseye, men, dapre pawòl Lespri Sen an anseye. Kifè, nou esplike moun ki gen Lespri a bagay Lespri a.
- ¹⁴ Men, yon moun ki se yon kretyen-vivan sèlman, li pa resevwa bagay Lespri Bondye, paske yo se foli pou li. Dayè, li pa kapab konnen yo, paske se dapre Lespri a pou yo egzamine yo.
- ¹⁵ Alòske, moun Lespri a ap dirije yo ka egzamine tout bagay, men, yo menm, pèsoun pa ka egzamine yo.
- ¹⁶ Vrèmanvre, kilès ki konnen lide Senyè a? Kilès ki ka ba li enstriksyon? Alòske, nou menm, nou genyen lide Kris la.

1 Korentyen 3

- 1 Kanta pou mwen menm, frè mwen yo, mwen pa t kapab pale ak nou tankou se te ak moun Lespri a ap dirije. Mwen pale ak nou tankou se te ak moun lachè ap dirije, tankou se te ak moun ki tibebe nan Kris.
- 2 Se pa t gwo manje, mwen te ban nou, men, se lèt, paske nou pa t ko kapab sipòte l. Okontrè, menm kounye a, nou pa kapab toujou, paske se lachè k ap dirije nou jis kounye a.
- 3 Vrèmanvre, lè genyen jalouzi, kont, ak divizyon pami nou, se lachè k ap dirije nou, e se nan fason lèzòm n ap mache, pa vre?
- 4 Vrèmanvre, se lachè k ap dirije nou, lè youn di: «Mwen pou Pòl!» epi, yon lòt di: «Mwen pou Apolòs!» Èske se pa vre?
- 5 Alò, kilès ki Pòl la? Oubyen, kilès ki Apolòs la? Se senpleman sèvitè yo ye. Se grasa yo, nou te vin kwè. E, sa se dapre jan Senyè a bay yo chak okazyon an.
- 6 Mwen plante. Apolòs wouze. Men, se Bondye ki fè pouse.
- 7 Donk, konsa, se pa ni sila ki plante a, ni sila ki wouze a ki kèk bagay, men, se Bondye ki fè pouse a.
- 8 Moun ki plante a ak moun ki wouze a, yo fè yon sèl. E, yo chak ap resevwa pwòp rekonpans yo, dapre pwòp travay yo.
- 9 Paske, se ouvriye Bondye, yo ye. Men, nou menm, nou se jaden Bondye, nou se bilding Bondye bati.
- 10 Dapre gras, Bondye fè mwen, mwen poze fondasyon an tankou yon bon enjenyè. Men, se yon lòt moun k ap bati sou li. Men tou, se pou chak moun fè atansyon ak jan y ap bati.
- 11 Paske, pèsonn pa kapab poze yon lòt fondasyon pase sa yo te poze a, sa vle di: Jezi Kris.
- 12 Men, sipoze se ak lò, ak ajan, ak wòch ki gen anpil valè, ak bwa, ak zèb, oubyen ak vandrès yon moun bati sou fondasyon sa a,
- 13 ebyen, travay chak moun gen pou l parèt aklè. Vrèmanvre, jou a ap devwale li, paske, se nan dife, Bondye ap revele li. E, dife a ap teste kalite travay chak moun.
- 14 Si travay moun nan bati sou fondasyon an kenbe, ebyen, l ap resevwa yon rekonpans.
- 15 Men, si travay la boule, se moun nan k ap nan pèd. Li menm, l ap sove, men, se ap tankou yon moun ki chape nan yon dife.

- 16** Èske nou pa konnen se tanp Bondye nou ye epi Lespri Bondye a abite nan nou?
- 17** Si yon moun kraze tanp Bondye a, ebyen, Bondye ap kraze moun sa a. Paske, tanp Bondye a sen, e se nou menm ki tanp lan.
- 18** Pinga pèsounn twonpe tèt yo. Si youn nan nou panse li saj dapre sajès monn sa a, pito l vin fou pou li ka saj.
- 19** Paske, sajès monn sa a se foli li ye devan Bondye. Vrèmanvre, men sa ki ekri: Li pran moun saj yo nan pwòp pèlen yo.
- 20** Epi ankò: Senyè a konnen refleksyon moun saj yo, Li konnen yo san valè.
- 21** Konsa, pinga pèsounn vante tèt yo nan lèzòm. Paske, tout bagay, se pou nou yo ye:
- 22** Kit Pòl, kit Apolòs, kit Sefas, kit lemonn, kit lavi, kit lanmò, kit bagay kounye yo, kit bagay ki pral rive, yo tout se pou nou.
- 23** E, nou menm, nou pou Kris. Epi, Kris pou Bondye.

1 Korentyen 4

- 1** Konsa, lèzòm dwe konsidere nou menm, apot yo, tankou sekretè Kris, tankou administratè mistè Bondye yo.
- 2** E dayè, men sa y ap chèche nan administratè yo: Se jwenn yo chak fidèl.
- 3** Men, si nou menm oubyen yon tribinal lèzòm jije mwen, sa pa anyen pou mwen. Menm mwen menm, mwen pa jije tèt mwen.
- 4** Paske, mwen pa gen anyen sou konsyans mwen. Epoutan, se pa sa ki fè mwen jis la. Men, se sèl Senyè a ki jij mwen.
- 5** Poutèt sa, pa jije anyen anvan lè a, anvan Senyè a vini. Se li ki va klere bagay ki cache nan fènwa, epi ki va devwale plan ki nan kè lèzòm. E, lè sa a, Bondye ap bay chak moun lwanj pa yo.
- 6** Frè mwen yo, se poutèt nou menm ki fè mwen sèvi avèk mwen menm ak Apolòs kòm egzanp pou bagay sa yo. Konsa, nou va aprann sou mwen ak Apolòs pou lide nou pa depase limit pawòl ki ekri yo. E konsa tou, nou p ap fè ògèy akòz youn epi kont yon lòt.
- 7** Vrèmanvre, kilès ki fè w diferan ak lòt yo la a? Wi, kisa w genyen pou se pa resevwa ou te resevwa l? E, si se resevwa ou te resevwa l, poukisa w ap vante tèt ou, kòm si se pa t resevwa ou te resevwa l?
- 8** Se kòm si nou deja kontante, nou deja rich, nou vin sèl wa, san nou menm apot yo. Pito nou ta vin wa vre, konsa, nou menm apot yo, nou ta vin wa tou, ansanm avèk nou.

⁹ Paske, dapre mwen, genlè nou menm apot yo, Bondye espoze nou dèyè defile a tankou moun ki kondane a mò. Paske, se teyat nou tounen pou lemonn, pou zanj ak pou lèzòm.

¹⁰ Wi, nou menm apot yo, nou se moun fou poutèt Kris, men nou menm, nou entèlijans nan Kris. Nou menm apot yo, nou fèb, men, nou menm, nou fò. Pou nou menm, se glwa, men pou nou menm apot yo, se dezonè.

¹¹ Pou jis kounye a, nou grangou, nou swaf, nou san rad, yo bat nou, nou san kay,

¹² n ap fatigue kò nou nan travay di ak pwòp men nou. Lè yo joure nou, nou beni yo. Lè yo pèsekite nou, nou sipòte.

¹³ Lè yo denigre nou, nou egzòte yo. Nou vin tankou fatra pou lemonn, tankou restan tout moun. E sa se pou jis kounye a.

¹⁴ Alò, mwen pa ekri bagay sa yo pou mwen fè nou wont. Okontrè, m ap avèti nou tankou timoun mwen renmen anpil.

¹⁵ Paske, menm si nou ta genyen di mil pwofesè nan Kris, nou pa gen anpil papa. Paske, se mwen menm ki ban nou nesans nan Jezi Kris, grasa levanjil la.

¹⁶ Donk, m ap ankouraje nou, pou nou vin imite mwen.

¹⁷ Se poutèt sa tou, mwen voye Timote kote nou. Li se pitit byenneme mwen, epi li fidèl nan Senyè a. L a fè nou sonje chemen lavi mwen nan Kris, menm jan mwen anseye yo nan tout legliz toupatou.

¹⁸ Men, kèk moun te fè ògèy kòm si mwen pa t ap vini kote nou vre.

¹⁹ Ebyen, si Senyè a vle, m ap vini kote nou tousuit. E, moun k ap fè ògèy yo, se pa pawòl yo pou m konnen, men, se pisans yo.

²⁰ Paske, wayòm Bondye a, se pa pawòl nan bouch li ye, men li se pisans.

²¹ Donk, kisa nou vle? Èske se pou m vini kote nou ak baton, oubyen nan yon lespri lamou ak dousè?

1 Korentyen 5

¹ Reyèlman, yo di genyen imoralite pami nou. E se yon kalite imoralite yo pa jwenn menm pami payen yo, kote yon nonm ap viv ak madanm papa l.

² Epi, nou menm, olye nou kriye pou nou ta wete moun ki fè travay sa a nan mitan nou, se ògèy n ap fè.

³ Paske, mwen menm, mwen pa kote nou nan kò m, men mwen la nan lespri m. E, moun ki fè zak sa a, mwen deja jije li kòm si mwen te kote nou.

- ⁴ Donk, nan non Senyè nou an Jezi Kris, epi avèk pisans Senyè nou an Jezi Kris, lè nou menm avèk lespri mwen reyini ansanm,
- ⁵ se pou n livre yon moun konsa bay Satan pou Satan detui kò a. Konsa, lespri a va sove nan jou Senyè nou an, Jezi.
- ⁶ Vante n ap vante tèt nou an pa bon. Nou konnen se yon ti kras ledven ki fè tout pat la leve, pa vre?
- ⁷ Kòm se moun san ledven nou ye, netwaye tèt nou anba vye ledven an pou nou ka yon pat ki nouvo. Paske, yo te krisifye mouton Pak nou an pou nou, ki vle di Kris.
- ⁸ Donk, annou fete fèt la! E, se pa ni avèk vye ledven an, ni avèk ledven malfezans lan ak ledven mekanste a pou n fete l, men, se avèk pen san ledven yo, ki se kè sensè ak laverite.
- ⁹ Mwen te ekri nou nan lèt la pou nou pa mele ak moun imoral.
- ¹⁰ Alò, se pa nan tout bagay pou n pa mele ak moun imoral ki nan lemonn yo, oubyen ak moun ki ava yo, oubyen ak moun ki rapas yo, oubyen ak moun k ap sèvi zidòl yo. Osinon, se sou latè pou n ta soti.
- ¹¹ Kounye a, men sa mwen te vle ekri nou: Si yon moun rele tèt li frè, alòske li se yon moun imoral, oubyen yon moun ava, oubyen yon moun k ap sèvi zidòl, oubyen yon jouradò, oubyen yon tafyatè, oubyen yon rapas, pa mele ak yon moun konsa; pa menm manje avè l.
- ¹² Vrèmanvre, kisa m ap jwenn nan jijje moun deyò yo? Se jij moun andedan yo nou ye, pa vre?
- ¹³ Kòmkidire: Mete mekan an deyò pami nou. Men, moun deyò yo, se Bondye ki jij yo!

1 Korentyen 6

- ¹ Lè youn nan nou gen yon kòz avèk yon lòt, kòman fè se devan payen yo, li oze al plede kòz la, olye l al devan sen yo?
- ² Èske nou pa konnen se sen yo ki va jijje lemonn? Si se nou k ap jijje lemonn, èske nou pa kapab jijje afè ki pi piti?
- ³ Èske nou pa konnen ata zanj, nou va jijje? Alewè pou bagay ki nan lavi sa a menm!
- ⁴ Kifè, lè pou nou jijje afè lavi sa a, se moun legliz pi pa konsidere yo nou fè sèvi jij nou?
- ⁵ Sa m ap di a se yon wont pou nou! Alò, èske pa genyen menm youn nan nou ki ase saj, pou l ta kapab fè jijman ant yon frè ak yon lòt?

- ⁶ Okontrè, se frè k ap rele frè nan tribinal. Epi, tou sa, se devan moun ki pa konvèti!
- ⁷ Dayè, se deja yon move defo pami nou, pou nou nan pwosè youn ak lòt. Pouki nou pa sibi enjistis pito? Pouki nou pa kite yo piye nou pito?
- ⁸ Okontrè, se nou k ap fè enjistis! Se nou k ap piye! E, se frè nou n ap fè sa!
- ⁹ Èske nou pa konnen, moun ki pa jis p ap eritye wayòm Bondye a? Pa twonpe tèt nou! Ni moun imoral, ni moun k ap sèvi zidòl, ni moun ki nan adiltè, ni gason makòmè, ni pede,
- ¹⁰ ni moun ki ava, ni vòlè, ni tafyatè, ni jouradò, ni moun ki rapas p ap eritye wayòm Bondye a.
- ¹¹ E, kèk nan nou, se konsa nou te ye. Men, Bondye lave nou! Men, li sangtifye nou! Men, li jistifye nou! Tout sa, nan non Senyè Jezi ak nan Lespri Bondye nou an.
- ¹² «Mwen gen dwa fè tout bagay!» Wi, men, se pa tout bagay ki pou byen mwen. «Mwen gen dwa fè tout bagay!» Wi, men mwen p ap kite anyen domine sou mwen.
- ¹³ «Manje pou vant, vant pou manje!» Wi, men Bondye ap detui ni youn, ni lòt. Epitou, kò pa pou imoralite, men, li pou Senyè a. E, Senyè a pou kò a.
- ¹⁴ Men tou, Bondye ki te resisite Senyè a ap resisite nou tou, grasa pisans li.
- ¹⁵ Èske nou pa konnen kò nou se manm kò Kris? Donk, èske m ka pran manm Kris yo pou m fè yo sèvi kòm manm yon pwostitiye? Non, jamè!
- ¹⁶ Èske nou pa konnen depi yon moun ini ak yon pwostitiye, li fè yon sèl kò ak li? Vrèmanvre, pawòl la di: «Yo tou de va fè yon sèl chè.»
- ¹⁷ Men tou, depi yon moun ini ak Senyè a, li fè yon sèl lespri ak li.
- ¹⁸ Kouri pou imoralite. Tout peche yon nonm ka fè, se sou deyò kò li, li fè l. Men, lè l komèt imoralite, se kont pwòp kò l, li peche.
- ¹⁹ Kò nou se tanp Lespri Sen ki nan nou an, Lespri Bondye ban nou an. Kifè, nou pa mèt tèt nou. Èske nou pa konnen sa?
- ²⁰ Vrèmanvre, se byen chè, Bondye achte nou. Donk, se pou nou bay Bondye glwa nan kò nou ak nan lespri nou. Se pou Bondye yo ye.

1 Korentyen 7

- ¹ Konsènan bagay nou te ekri m yo, li bon pou gason pa nan relasyon ak fi.
- ² Men, pou evite imoralite, pito chak gason gen madanm pa yo epi chak fi gen mari pa yo.

- ³ E, mari dwe fè devwa mari parapò ak madanm. Konsa tou, madanm dwe fè devwa madanm parapò ak mari.
- ⁴ E, se pa madanm nan ki gen dwa sou pwòp kò li, men, se mari a. Konsa tou, se pa mari a ki gen dwa sou pwòp kò li, men, se madanm nan.
- ⁵ Donk, pinga nou youn derefize lòt, esepite si nou ta dakò sou sa pandan yon tan, dekwa pou nou ka lib pou nou fè jèn ak lapriyè. Epi, tounen ansanm ankò. Osinon, Satan ap tante nou, paske nou p ap ka kontwole tèt nou.
- ⁶ Alò, lè m di sa a, se pa yon lòd, men, se yon pèmisyon.
- ⁷ Paske, se jan m ye a mwen ta vle pou tout moun ye. Men, Bondye bay chak moun don pa yo. Pou youn, se yon jan. Pou yon lòt, se yon lòt jan.
- ⁸ Men, moun ki pa marye yo ak moun ki vèv yo, men sa m ap di yo: Si yo vle rete menm jan avèk mwen, se byen.
- ⁹ Men, si yo pa ka kontwole tèt yo, pito yo marye. Vrèmanvre, pito yon moun marye, pase pou dezi ap boule l.
- ¹⁰ Pou moun ki marye yo, mwen kòmande madanm pou l pa kite ak mari. Alò, se pa mwen menm ki di sa vre, men, se Senyè a.
- ¹¹ Men, si yon madanm ta kite ak mari l, ebyen, se pou l rete san marye, oubyen, se pou l rekonsilye ak mari a. Mwen kòmande mari a tou pou li pa kite avèk madanm li.
- ¹² Pou rès lòt yo, men sa mwen menm, m ap di, se pa Senyè a ki te di l: Si yon frè genyen madanm li ki pa konvèti, epi, madanm nan dakò abite avèk li, ebyen, frè a pa dwe kite avèk li.
- ¹³ E, si yon madanm genyen mari li ki pa konvèti, epi mari a dakò abite avèk li, ebyen, madanm nan pa dwe kite avèk li.
- ¹⁴ Paske, Bondye sangtifye mari ki pa konvèti a grasa madanm li; e Bondye sangtifye madanm ki pa konvèti a grasa mari li. Si se pa t sa, timoun yo pa t ap sakre, alòske konsa, yo sen.
- ¹⁵ Men, si se moun ki pa konvèti a ki kite, ebyen, li mèt kite. Nan kondisyon sa yo, frè a oubyen sè a lib. Bondye rele nou pou nou nan lapè.
- ¹⁶ Vrèmanvre, madanm, sa k konnen si w ap sove mari ou! Oubyen, ou menm mari, sa k konnen si w ap sove madanm ou!
- ¹⁷ Kanmenm, jan Bondye separe bay chak moun, jan Bondye rele chak moun, se konsa pou yo chak pèsevere. Dayè, nan tout legliz, se lòd sa a mwen bay.
- ¹⁸ Si yon moun te sikonsi lè Bondye te rele l, ebyen, li pa dwe retire sikonsizyon an. Si yon moun pa t sikonsi lè Bondye te rele l, ebyen, li pa dwe sikonsi.

- 19 Sikonsi pa anyen, pa sikonsi pa anyen. Se obsève kòmannman Bondye ki yon bagay.
- 20 Kifè, se pou chak moun rete menm sa l te ye lè Bondye te rele l la.
- 21 Èske se esklav ou te ye lè Bondye te rele w? Ebyen, pa chaje tèt ou. Okontrè, si ou kapab vin lib, pito w pwofite sa.
- 22 Vrèmanvre, esklav Bondye rele vin nan Senyè a, ebyen, li se yon moun lib, li pou Senyè a. Konsa tou, moun lib Bondye rele a, ebyen, se esklav Kris li ye.
- 23 Se byen chè Bondye achte nou. Pa tounen esklav lèzòm.
- 24 Frè mwen yo, se pou nou chak rete jan nou te ye, lè Bondye te rele nou an.
- 25 Pou moun ki vyèj yo, ebyen, mwen pa genyen yon lòd, kòm kwa Senyè a te bay. Men, kòm Senyè a fè m pitye pou mwen fidèl, m ap bay opinyon pa mwen.
- 26 Donk, men sa mwen kwè ki bon poutèt detès k ap rive a: Li bon pou yon moun rete konsa.
- 27 Si ou marye ak madanm ou, ebyen, pa chèche separe avè l. Si ou pa marye ak yon fi, ebyen, pa chèche madanm.
- 28 Men, si ou ta marye tou, ou pa peche. Si vyèj la ta marye, li pa peche nonplis. Men, moun sa yo ap gen tribilasyon nan lachè tou, alòske, mwen menm, m ap evite nou sa.
- 29 Frè mwen yo, men sa mwen vle di. Tan an vin kout. Kifè, apati jodi a, moun ki gen madanm, se pou yo tankou si yo pa t genyen.
- 30 Moun k ap kriye, se pou yo tankou si yo pa t ap kriye. Moun ki nan lajwa, se pou yo tankou si yo pa t nan lajwa. Moun k ap achte, se pou yo tankou si yo pa t posede.
- 31 Moun k ap pwofite nan monn sa a, se pou yo tankou si yo pa t ap pwofite. Paske, aparans monn sa a ap pase.
- 32 Men, mwen pa ta vle pou n ap chaje tèt nou. Moun ki pa marye a chaje tèt li ak afè Senyè a, kòm kwa kòman pou l fè Senyè a plezi.
- 33 Men, moun ki marye a, se ak afè monn nan li chaje tèt li, kòm kwa kòman pou l fè madanm li plezi.
- 34 Gen diferans ant madan marye a ak vyèj la tou. Sa ki pa marye a chaje tèt li ak afè Senyè a, kòm kwa pou li ka sen ni nan kò li, ni nan lespr li. Sa ki marye a, li menm, se ak afè monn sa a li chaje tèt li, kòm kwa kòman pou l fè mari l plezi.

³⁵ Alò, se pa pyèj m ap pare pou nou ki fè m ap di bagay sa a, men, se pou byen nou: Se pou lavi nou ka konvenab epi pou anyen pa ankonbre devouman nou pou Senyè a.

³⁶ Men, si yon moun kwè se dezonore li dezonore yon fi li ki vyèj si l depase laj maryaj, ebyen, si sa dwe rive konsa, li te mèt fè sa l vle. Se p ap yon peche. Yo te mèt fè yon maryaj.

³⁷ Men, sipoze yon moun kanpe fèm nan kè li. Epi, san pa gen nesesite, men, dapre pouvwa li genyen sou pwòp volonte li, moun sa a deside pou li kenbe fi li vyèj, ebyen, li byen fèt.

³⁸ Konsa, moun ki marye l la, li fè byen. Men, moun ki pa marye l la, li fè pi byen.

³⁹ Dapre lalwa, yon madanm ini ak mari l toutotan mari a vivan. Men, si mari a ta mouri, ebyen, madanm nan lib pou l remarye ak moun li vle. Men, sèlman, fòk se nan Senyè a.

⁴⁰ Men, dapre konprann pa mwen, li t ap pi byennerèz si li te rete konsa. E, mwen menm tou, mwen panse mwen gen Lespri Bondye a.

1 Korentyen 8

¹ Konsènan bagay yo sakrifye bay zidòl, ebyen, nou konnen, nou tout, nou gen konesans. Men, konesans fè moun gonfle ak ògèy, alòske, lamou edifye moun.

² E, si yon moun panse li konnen kichòy, li poko konnen anyen nan jan li ta dwe konnen an.

³ Men, yon moun ki renmen Bondye, Bondye konnen l tou.

⁴ Donk, konsènan manje bagay yo sakrifye bay zidòl, nou konnen zidòl pa anyen vre nan monn sa a. Nou konnen tou, pa gen okenn lòt Bondye esepite yon sèl.

⁵ Vrèmanvre, ni nan syèl, ni sou latè, genyen plizyè swadizan bondye. Si se konsa, genyen anpil bondye ak anpil senyè vre.

⁶ Men, malgre sa, pou nou menm, se yon sèl Bondye ki genyen: Se Papa a. Se li ki fè tout bagay, e se pou li nou ye. E, se yon sèl Senyè ki genyen: Se Jezi Kris. Se grasa li tout bagay fèt, e se grasa li nou fèt.

⁷ Men, se pa tout moun ki gen konesans sa a. Gen kèk moun, paske zidòl sou konsyans yo, se kòm si se te manje sakrifis zidòl yo t ap manje pou jis kounye a. E, kòm konsyans yo fèb, sa sal konsyans yo.

⁸ Men, se pa yon manje ki pou mennen nou devan Bondye. Paske, si nou manje, nou p ap gen anyen anplis. E, si nou pa manje, nou p ap gen anyen an mwens.

⁹ Men tou, fè atansyon pou dwa sa a w genyen an pa tounen yon pyè d achopman pou moun ki fèb yo.

¹⁰ Vrèmanvre, ou menm ki gen konesans lan, sipoze yon moun ta wè w sou tab nan yon tanp zidòl. Kòm li menm, li fèb, konsyans li ap ankouraje l al manje bagay yo sakrifye bay zidòl, pa vre?

¹¹ Konsa, poutèt konesans ou an, frè ki fèb la peri. Alòske, Kris mouri pou li.

¹² Lè nou peche konsa kont frè yo, lè nou blese konsyans yo ki fèb, se kont Kris nou peche.

¹³ Se poutèt sa, si yon manje ka lakòz frè mwen chite, ebyen, mwen p ap janm manje vyann ditou, dekwa pou mwen pa lakòz frè mwen chite.

1 Korentyen 9

¹ Bon, èske m pa apot? Èske m pa lib? Mwen te wè Senyè nou an Jezi Kris, pa vre? E, travay mwen nan Senyè a se nou menm, pa vre?

² Si pou lòt moun, mwen pa apot, men, pou nou menm, se apot mwen ye. Paske, nan Senyè a, se nou ki sètifika m, pou fonksyon apot la.

³ Se konsa mwen defann tèt mwen kont moun k ap plede jijje m yo.

⁴ Èske nou pa gen dwa manje ak bwè?

⁵ Èske nou pa gen menm dwa ak lòt apot yo, ak tout frè Senyè a, epi ak Sefas, kòm kwa pou yon sè ki madanm nou vwayaje avèk nou?

⁶ Oubyen, èske se sèlman mwen menm ak Banabas ki pa gen dwa rete san nou pa travay?

⁷ Èske salè yon sòlda janm sou kont li? Moun janm plante rezen epi pou l pa gen dwa manje rezen an? Oubyen, èske yon moun ka ap pran swen mouton epi pou l pa ka bwè lèt mouton yo?

⁸ Alò, èske se dapre otorite lèzòm m ap di bagay sa yo? Lalwa di bagay sa yo tou, pa vre?

⁹ Vrèmanvre, men sa ki ekri nan lwa Moyiz la: «Pa bay bèf k ap dekòtike grenn baboukèt.» Èske se pou bèf Bondye ap chaje tèt li, oubyen, èske se pou nou sèl l ap pale?

¹⁰ Vrèmanvre, se poutèt nou menm yo te ekri l. Paske, moun k ap raboure tè a dwe raboure avèk espwa. E, moun k ap dekòtike a dwe dekòtike avèk espwa l ap patisipe nan rezilta espwa l la.

¹¹ Si se nou menm ki simen bagay espiyèl pami nou, èske se yon gwo afè si se nou menm tou ki rekòlte bagay materyèl nou yo?

- ¹² Si lòt moun patisipe nan dwa sa a sou nou, nou menm, nou gen plis dwa, pa vre? Men, nou pa sèvi ak dwa sa a. Okontrè, nou sibi tout bagay, dekwa pou nou pa mete barikad pou levanjil Kris la.
- ¹³ Moun k ap fè sèvis tanp lan, se bagay tanp lan yo manje. E, moun k ap okipe lotèl la, yo gen pa yo nan sa ki sou lotèl la. Nou konnen sa, pa vre?
- ¹⁴ Konsa tou, Senyè a kòmande pou moun k ap anonse levanjil la viv sou kont levanjil la.
- ¹⁵ Epoutan, mwen pa sèvi ak okenn nan dwa sa yo. E, se pa pou yo ka fè bagay konsa pou mwen, ki fè m ap ekri bagay sa yo. Paske, m ta pito mouri, pase pou yon moun ta wete lwanj mwen sa a.
- ¹⁶ Vrèmanvre, anonse levanjil la pa yon lwanj pou mwen. Paske, se yon obligasyon Bondye mete sou mwen. E, malè pou mwen si mwen pa anonse levanjil la.
- ¹⁷ Vrèmanvre, si se mwen ki vle fè li, mwen genyen yon salè. Men, si se kont mwen menm, mwen fè li, se ap yon responsablite yo konfyè mwen.
- ¹⁸ Donk, kisa ki salè mwen? Men li: Lè m ap anonse levanjil la, se pou m ofri levanjil Kris la gratis, san mwen pa sèvi ak dwa mwen genyen pou m sou kont levanjil la.
- ¹⁹ Paske, malgre mwen lib parapò ak tout moun, mwen fè tèt mwen esklav tout moun, dekwa pou m ka sove pi plis moun.
- ²⁰ Konsa, avèk Juif yo, mwen vin tankou Juif, dekwa pou m ka sove Juif yo. Avèk moun ki sou lalwa, mwen vin tankou moun ki sou lalwa, dekwa pou m ka sove moun ki sou lalwa.
- ²¹ Avèk moun ki san lalwa, mwen vin tankou moun ki san lalwa, dekwa pou m ka sove moun ki san lalwa. Men, malgre sa, mwen menm, mwen pa san lwa Bondye, paske, mwen sou lwa Kris la.
- ²² Avèk moun ki fèb yo, mwen vin tankou moun fèb, dekwa pou m ka sove moun ki fèb yo. Mwen vin tout bagay pou tout moun, dekwa pou tout jan mwen ka sove kèk.
- ²³ E, mwen fè tout sa, poutèt levanjil la, dekwa pou m ka patisipe ladan l.
- ²⁴ Lè moun ap kouri nan yon kous, tout kouri, men, se yon sèl ki resevwa premye pri a. Nou konnen sa, pa vre? Ebyen, kouri menm jan an, dekwa pou nou ka ranpòte li.
- ²⁵ Tout moun ki antre nan yon konpetisyon disipline tèt yo tout jan. Yo menm, yo fè sa pou yo ka resevwa yon kouwòn ki ka fennen. Men, pou nou menm, se pou nou ka resevwa yon kouwòn ki pa ka fennen.

²⁶ Donk, mwen menm, se konsa m ap kouri, men, se pa vaykevay. E, se konsa m ap goumen, men, se pa kòm si se nan van m ap tire kout pwen.

²⁷ Okontrè, mwen aji di ak kò mwen, mwen fè l esklav mwen, dekwa pou lè m fin preche lòt moun, pou se pa mwen menm ki elimine.

1 Korentyen 10

¹ Frè mwen yo, mwen pa ta vle pou nou pa konnen sa: Tout zansèt nou yo te anba nyaj la. Yo tout te pase nan lanmè a.

² Yo tout te batize parapò ak Moyiz nan nyaj la ak nan lanmè a.

³ Yo tout te manje menm manje esprityèl la.

⁴ E, yo tout te bwè menm bwason esprityèl la. Vrèmanvre, yo t ap bwè nan wòch esprityèl ki t ap suiv yo a. E, wòch sa a se te Kris.

⁵ Men, pi fò nan yo pa t fè Bondye plezi, paske, li blayi yo nan dezè a.

⁶ Alò, bagay sa yo se leson pou nou, dekwa pou nou pa gen move dezi menm jan, yo menm, yo te gen move dezi a.

⁷ E, pa tounen sèvitè zidòl, menm jan avèk kèk nan yo. Konsa, men sa ki ekri sou sa: Pèp la chita, yo manje, yo bwè, epi yo leve pou yo pran plezi yo.

⁸ Nonplis tou, annou pa komèt imoralite menm jan avèk kèk nan yo ki te komèt imoralite. E, nan yon sèl jou, venntwa mil tonbe frèt.

⁹ Nonplis ankò, annou pa tante Kris, menm jan avèk kèk nan yo ki te tante Bondye. Konsa tou, yo peri anba sèpan yo.

¹⁰ Nonplis tou, annou pa bougonnen menm jan avèk kèk nan yo ki te bougonnen. E konsa, yo peri anba zanj lanmò a.

¹¹ Alò, tout bagay sa yo ki te rive yo a, se egzant. Men, Bondye ekri yo pou avèti nou, paske se sou nou tan yo ap akonpli.

¹² Donk, yon moun ki panse li kanpe, se pou l fè atansyon pou l pa tonbe.

¹³ Nou pa resevwa okenn tantasyon ki pa ta nòmal pou moun. Men, Bondye fidèl, li p ap pèmèt anyen tante nou plis pase sa nou kapab sipòte. Okontrè, ansanm avèk tantasyon an, l ap fè yon mwayen pou n soti, dekwa pou nou ka sipòte li.

¹⁴ Donk, byenneme mwen yo, kouri lwen sèvis zidòl.

¹⁵ Kòm se ak moun ki gen bonsans m ap pale, egzamine sa m ap di a poukont nou.

¹⁶ Gode benediksyon nou beni an, li se yon kominyon ak san Kris, pa vre? E, pen nou kase a, li se yon kominyon ak kò Kris, pa vre?

- 17 E, kòm se yon sèl pen, konsa, malgre nou anpil, nou se yon sèl kò. Paske, se nan yon sèl pen an nou tout patisipe.
- 18 Gade pèp Izrayèl la. Lè yo manje sakrifis la, yo nan kominyon avèk lotèl sakrifis la tou, pa vre?
- 19 Donk, kisa m ap di? Èske m ap di zidòl se kichòy, oubyen sa yo sakrifye bay zidòl la se kichòy?
- 20 Okontrè! M ap di sakrifis payen yo ofri yo, se bay demon yo ofri yo, se pa bay Bondye. Alòske, nou menm, mwen pa ta vle nou vin nan kominyon avèk demon.
- 21 Nou pa kapab bwè nan gode Senyè a ak nan gode demon tou. E, nou pa kapab patisipe nan tab Senyè a ak nan tab demon tou.
- 22 Amwenske se vle nou ta vle Senyè a fè jalouzi? E, nou pa gen plis fòs pase l, pa vre?
- 23 «Mwen gen dwa fè tout bagay!» Wi, men, se pa tout bagay ki pou byen mwen. «Mwen gen dwa fè tout bagay!» Wi, men, se pa tout bagay ki edifye moun.
- 24 Pèsonn pa dwe ap chèche enterè pa l ase. Okontrè, chak moun dwe ap chèche enterè lòt.
- 25 Manje tout sa yo vann nan mache, san poze kesyon parapò ak konsyans.
- 26 Paske, latè ak tout sa ki ranpli l, se pou Senyè a yo ye.
- 27 Si yon moun ki pa konvèti envite nou epi nou ta vle ale, ebyen, manje tout sa yo sèvi nou, san poze kesyon parapò ak konsyans.
- 28 Men, si yon moun ta di: «Sa a se yon bagay yo te sakrifye bay zidòl.» Lè sa a, pa manje l, poutèt moun ki avèti w la epi poutèt konsyans. Paske, latè ak tout sa ki plen latè, se pou Senyè a yo ye.
- 29 Alò, lè m di konsyans lan, se pa konsyans pa w, men, se pa lòt moun nan. Konsa, vrèmanvre, poukisa pou m ta lakòz konsyans yon lòt moun jije libète mwen?
- 30 Si mwen rann gras pou sa m manje, poukisa pou yo denigre m, poutèt bagay mwen rann gras pou li a?
- 31 Donk, kit n ap manje, kit n ap bwè, kit n ap fè nenpòt bagay, fè yo tout pou glwa Bondye.
- 32 Se pou nou san repwòch ni devan Juif, ni devan Grèk, ni devan Legliz Bondye a,

33 menm jan avèk mwen menm k ap chèche fè tout moun plezi a. Mwen pa chèche sa ki pou byen m, men, mwen chèche sa ki pou byen tout moun, dekwa pou yo ka sove!

1 Korentyen 11

1 Imite mwen, menm jan mwen menm, mwen imite Kris la.

2 Kounye a, frè mwen yo, m ap fè nou konpliman, paske nou sonje mwen nan tout bagay epi paske nou kenbe koutim yo, menm jan mwen te transmèt yo ban nou an.

3 Men, mwen ta vle nou konnen se Kris ki sou tèt tout gason, se gason ki sou tèt fi, epi se Bondye ki sou tèt Kris.

4 Tout gason k ap lapriyè oubyen k ap pwofetize tèt kouvri, ebyen, y ap dezonore sila ki sou tèt yo a.

5 E, tout fi k ap lapriyè oubyen k ap pwofetize tèt san kouvri, ebyen, y ap dezonore sila ki sou tèt yo a. Paske, lè sa a, se menm bagay ak si se kale yo te kale tèt yo.

6 Vrèmanvre, si yon fi pa dakò kouvri tèt li, ebyen, li ta mèt tou koupe cheve l tou. Men, si se yon wont, lè yon fi koupe cheve l oubyen lè l kale tèt li, ebyen, se pou l kouvri tèt li.

7 Gason an pa dwe kouvri tèt li vre, paske li se pòtre Bondye, li se glwa Bondye. Fi a, li menm, se glwa gason li ye.

8 Vrèmanvre, se pa t gason ki te soti nan fi. Okontrè! Se fi ki te soti nan gason.

9 Paske tou, Bondye pa t kreye gason poutèt fi. Okontrè! Se fi, li te kreye poutèt gason.

10 Se poutèt sa, akòz zanj yo, fi dwe gen yon otorite sou tèt yo.

11 Malgre sa, nan Senyè a, se pa ni gason san fi, ni fi san gason.

12 Paske, menm jan se nan gason fi te soti, konsa tou, se grasa fi ki fè gen gason. E, tout bagay, se nan Bondye yo soti.

13 Nou ka wè sa poukont nou. Èske li konfòm pou fi ap priye Bondye tèt san kouvri?

14 Menm lanati anseye nou sa tou, pa vre? Si gason gen cheve long, se yon dezonè pou li.

15 Men, si fi gen cheve long, se yon glwa pou li. Paske, Bondye ba li cheve long lan angiz vwal.

16 Men, si yon moun vle fè diskisyon, ebyen, ni nou menm, ni legliz Bondye yo, nou pa gen abitud sa a.

- 17** Malgre m ap ban nou enstriksyon sa a, mwen pa fè nou konpliman. Paske, lè nou reyini, sa fè plis mal pase byen.
- 18** Paske, toudabò, lè nou reyini legliz, gen divizyon nan mitan nou. Se sa m tandè, e mwen kwè genyen moso verite ladan l.
- 19** Vrèmanvre, fòk gen dezakò nan mitan nou tou, dekwa pou moun ki otantik pami nou yo ka parèt aklè.
- 20** Donk, lè nou reyini ansanm yon sèl kote a, nou pa reyini pou n manje manje Senyè a vre.
- 21** Paske, lè n ap manje, se youn k ap pran soupe pa l anvan lòt; se youn grangou, epi yon lòt sou.
- 22** Kòman? Èske se kay nou pa genyen pou nou manje ak bwè? Oubyen, èske se legliz Bondye a nou vle avili? Epi, èske se moun ki pa genyen yo nou vle fè wont? Alò, kisa pou m di nou la a? Èske se konpliman pou m fè nou pou sa? Non, mwen pa fè nou konpliman!
- 23** Paske, mwen menm, koutim mwen te transmèt ban nou an, se nan men Senyè a mwen te resevwa l. Wi, menm nuit yo t apral trayi Senyè Jezi a, li pran pen.
- 24** Epi, lè l fin rann gras, li kase li, epi li di: «Pran. Manje. Sa a se kò mwen, kò yo pral kase pou nou an. Toujou fè sa pou nou sonje mwen.»
- 25** Se te menm bagay pou gode a tou. Apre yo fin manje, li di: «Gode sa a se nouvèl alyans lan nan san mwen. Chak fwa n ap bwè li, fè sa pou nou sonje mwen.»
- 26** Vrèmanvre, tout lè nou manje pen sa a epi nou bwè sa k nan gode sa a, se lanmò Senyè a n ap anonse pou jis li vini.
- 27** Se poutèt sa, nenpòt moun ki manje pen sa a oubyen ki bwè sa k nan gode Senyè a yon fason ki pa konvenab, ebyen, l ap koupab parapò ak kò e ak san Senyè a.
- 28** Alò, se pou chak moun egzamine tèt yo, epi konsa, yo mèt manje pen an epi bwè sa k nan gode a.
- 29** Paske, si yon moun ta manje pen an oubyen li ta bwè sa k nan gode a yon jan ki pa konvenab, sa vle di san li pa byen reflechi sou kò Senyè a, ebyen, se pwòp jijman l li manje epi li bwè.
- 30** E, se sa k fè gen anpil nan nou ki malad, ki enfim, epi ki mouri.
- 31** Vrèmanvre, si nou sonde tèt nou, Senyè a p ap jije nou.
- 32** Men, lè Senyè a jije nou, se disiplin l ap ban nou, dekwa pou li ka pa kondane nou ansanm ak lemonn.

³³ Konsa, frè mwen yo, lè nou reyini pou nou manje, se pou nou youn tann lòt.

³⁴ Si yon moun ta grangou, se pou l tou manje lakay li, dekwa pou lè nou reyini, nou pa tonbe anba jijman. Bon, pou rès bagay yo, m a regle yo lè m vini.

1 Korentyen 12

¹ Konsènan bagay esprityèl yo, frè mwen yo, mwen pa ta vle pou nou pa konnen yo.

² Lè nou te payen, nou rekonèt se devan zidòl bèbè, yo te konn trennen nou, nenpòt jan yo te vle dirije nou.

³ Se poutèt sa m ap fè nou konnen, si yon moun se grasa Lespri Bondye l ap pale, li p ap di: «Malediksyon pou Jezi!» E, si se pa grasa Lespri Sen an tou, pèsonn pa ka di: «Jezi se Senyè.»

⁴ Alò, gen divès kalite don, men, se menm Lespri a ki genyen.

⁵ Gen divès kalite sèvis, men, se menm Senyè a ki genyen.

⁶ E, gen divès kalite travay, men, se menm Bondye a k ap fè tout bagay travay nan tout moun.

⁷ E, chak moun resevwa don Lespri a manifeste pou byen tout moun.

⁸ Vrèmanvre, pou youn, se kapab pawòl sajès Lespri a ba li. Pou yon lòt, se kapab pawòl konfèsans. Men, se toujou grasa menm Lespri a.

⁹ Pou youn, se kapab lafwa, grasa menm Lespri a. Pou yon lòt, se kapab don pou gerizon, grasa menm Lespri a.

¹⁰ Pou youn, se kapab fè mirak; epi, pou yon lòt, se kapab pwofetize. Pou youn, se kapab konn rekonèt lespri, epi pou yon lòt se kapab pale an lang, epi pou yon lòt ankò, se kapab entèprete lang.

¹¹ Men, se yon sèl Lespri a, e se menm Lespri a, ki fè tout bagay sa yo travay. Li separe bay chak moun, jan li menm, li deside.

¹² Vrèmanvre, malgre yon kò gen plizyè manm, li se yon sèl kò. E, malgre tout manm kò a anpil, se yon sèl kò yo ye. Ebyen, se menm jan an tou pou Kris.

¹³ Paske, kit nou se Juif, kit nou se Grèk, kit nou se esklav, kit nou lib, se grasa yon sèl Lespri nou te batize pou nou vin yon sèl kò. E, nou tout, se nan yon sèl Lespri a nou te bwè.

¹⁴ Kifè tou, se pa yon sèl manm kò a genyen, men, se anpil.

¹⁵ Sipoze pye ta di: «Poutèt se pa men mwen ye, mwen pa nan kò a.» Se pa sa k ap fè li pa nan kò a pou sa.

- 16** Sipoze zòrèy ta di: «Poutèt se pa je mwen ye, mwen pa nan kò a.» Se pa sa k ap fè li pa nan kò a pou sa.
- 17** Si tout kò a te je, ki kote n t ap tandè? Si tout kò a te zòrèy, ki kote n t ap pran sant?
- 18** Men, jan l ye kounye a, se Bondye ki mete chak manm yo nan kò a, jan Bondye te vle l la.
- 19** Men, si yo tout te yon sèl kalite manm, kote kò a t ap ye?
- 20** Men, jan l ye kounye a, genyen anpil manm, men, yo se yon sèl kò.
- 21** Je pa ka di men: «Mwen pa bezwen w!» Oubyen ankò, tèt pa ka di pye: «Mwen pa bezwen w!»
- 22** Toutokontrè, manm ki parèt pi fèb nan kò a, yo nesesè tou.
- 23** E, manm nou panse ki san onè nan kò a, se yo nou kouvri ak plis onè. Konsa, pati nan nou ki pa prezantab yo, se yo ki gen plis konsiderasyon.
- 24** Alòske, pati nan nou ki prezantab yo, ebyen, yo pa bezwen sa. Kifè, Bondye ranje manm yo nan kò a pou sa ki manke onè yo, se yo menm yo bay plis onè.
- 25** Konsa, p ap gen zizani nan kò a. Okontrè, manm yo ap chaje tèt yo, menm jan, youn pou lòt.
- 26** Si yon manm ap souffri, tout manm yo ap souffri ansanm avè l. E, si yon manm resevwa lwanj, tout manm yo ap rejwi ansanm avè l.
- 27** Ebyen, nou menm, se kò Kris nou ye, e nou chak apa se yon manm.
- 28** E, se Bondye ki mete moun legliz. An premye, se apot. An dezyèm, se pwofèt. An twazyèm, se anseyan. Apre sa, se don pou fè mirak. Epi, se don pou gerizon, don pou ede, don pou administre, don pou pale an lang.
- 29** Se pa yo tout ki apot, pa vre? Se pa yo tout ki pwofèt, pa vre? Se pa yo tout ki anseyan, pa vre? Se pa yo tout ki fè mirak, pa vre?
- 30** Se pa yo tout ki gen don gerizon, pa vre? Se pa yo tout ki pale an lang, pa vre? E, se pa yo tout ki ka entèprete, pa vre?
- 31** Don ki pi bon yo, se yo pou nou anvi. Bon, kounye a, mwen pral montre nou yon chemen ki depase yo tout.

1 Korentyen 13

- 1** Menm si m ta pale nan lang lèzòm ak nan lang zanj, si mwen san lamou, ebyen, mwen tounen yon gong k ap kònen, oubyen yon senbal k ap sonnen.

² Menm si m ta gen don pwofetize, menm si m ta konprann tout mistè ak tout konesans, menm si m ta gen tout lafwa, kòm kwa pou mwen fè mòn deplase, si mwen san lamou, ebyen, mwen pa anyen.

³ Menm si m ta fè charite ak tout byen m, menm si m ta livre kò m pou yo boule l, si mwen san lamou, ebyen, mwen pa benefisye anyen.

⁴ Lamou gen pasyans ak bonte. Lamou pa anvye moun. Lamou pa vante tèt li, li pa fè ògèy.

⁵ Lamou pa fè bagay ki degradan, li pa chèche pwòp enterè l, li pa fache fasil, li pa konsidere mal yo fè l.

⁶ Lamou pa kontan ak sa ki pa jis, men, li kontan ak laverite.

⁷ Lamou sibi tout bagay, li kwè tout bagay, li espere tout bagay, li sipòte tout bagay.

⁸ Lamou p ap janm peri. Kit se pwofesi, Bondye ap anile yo; kit se lang, y ap sispann yo; kit se konesans, Bondye ap anile yo.

⁹ Vrèmanvre, se yon pòsyon konesans nou genyen, e se yon pòsyon pwofesi nou pwofetize.

¹⁰ Men, lè sa ki total la vini, lè sa a, sa ki yon pòsyon sèlman an ap anile.

¹¹ Lè m te timoun, mwen te pale tankou timoun, mwen te reflechi tankou timoun, mwen te rezone tankou timoun. Men, lè m vin granmoun, mwen anile tout bagay timoun.

¹² Vrèmanvre, kounye a, se nan yon glas ki twoub n ap gade. Men, lè sa a, se ap fasafas. Kounye a, se yon pòsyon konesans mwen genyen. Men, lè sa a, konesans mwen ap menm jan ak jan Bondye konnen m nan.

¹³ Ebyen, kounye a, lafwa, esperans, ak lamou, se twa bagay sa yo k ap toujou rete. Men, pami yo twa a, se lamou ki pi gran.

1 Korentyen 14

¹ Se pou nou chèche gen lamou. Se pou nou anvi don esprityèl yo tou. Men, se pou nou pi anvi pwofetize.

² Vrèmanvre, moun k ap pale an lang lan, se pa avèk lèzòm l ap pale, men, se avèk Bondye. Paske, pèsonn pa konprann li. Se nan lespri l, l ap pale pawòl mistè.

³ Men, moun k ap pwofetize a, li menm, se ak lèzòm l ap pale. Li edifye yo, li ankouraje yo, epi li konsole yo.

⁴ Moun k ap pale an lang lan, se tèt li l ap edifye. Men, moun k ap pwofetize a, se legliz l ap edifye.

- ⁵ Mwen ta vle nou tout pale an lang. Men, mwen ta vle nou pwofetize pito. Paske, moun k ap pwofetize a, li pi enpòtan pase moun k ap pale an lang lan, amwenske moun k ap pale an lang lan entèprete lang lan, dekwa pou legliz la ka resevwa edifikasyon.
- ⁶ Bon! Frè mwen yo, sipoze mwen vin kote nou, mwen pale an lang, epi mwen pa pale pawòl revelasyon, oubyen pawòl konesans, oubyen pawòl pwofesi, oubyen pawòl ansèyman, kisa n ap benefisye la a?
- ⁷ Bagay tankou flit oubyen hap ki pa gen lavi epi ki bay son, menm yo menm, si yo pa bay diferans nan son yo, kòman pou moun fè konnen kisa flit la oubyen hap la ap jwe.
- ⁸ Vrèmanvre, si se yon son twoub twonpèt bay, kilès ki pral pare kò l pou l fè lagè?
- ⁹ Se menm jan an tou pou nou menm, si se pawòl ki pa klè n ap bay ak lang nou, kòman pou moun fè konnen de kisa n ap pale? Paske, se tankou se ak van n ap pale.
- ¹⁰ Kapab genyen anpil kalite langaj nan lemonn, men, pa gen okenn nan yo ki san sans.
- ¹¹ Donk, si m pa konprann sans yon langaj, m ap yon etranje pou moun k ap pale a, e moun k ap pale a ap yon etranje pou mwen tou.
- ¹² Se menm jan an tou pou nou menm. Kòm nou anvi gen don esprityèl yo, chèche pou nou maton nan don k ap edifye legliz yo.
- ¹³ E, se poutèt sa, moun ki pale an lang lan dwe lapriye pou li ka entèprete tou.
- ¹⁴ Vrèmanvre, si m ap priye an lang, se lespri m k ap priye, men, entèlijans mwen pa pwodui anyen.
- ¹⁵ Donk, kijan pou sa ye? Wi, m ap priye avèk lespri mwen, men, m ap priye avèk entèlijans mwen tou. Wi, m ap chante avèk lespri mwen, men, m ap chante avèk entèlijans mwen tou.
- ¹⁶ Sipoze se avèk lespri ou w ap bay benediksyon. Si yon moun òdinè chita la, kòman l ap fè di «amèn» pou remèsiman w lan, alòske, li pa konn sa w ap di?
- ¹⁷ Vrèmanvre, ou ka ap rann gras byen, men, lòt la li menm, li pa edifye.
- ¹⁸ Mwen rann Bondye m nan gras dèske mwen ka pale an lang plis pase nou tout.
- ¹⁹ Men, lè m legliz, m pito di senk pawòl avèk entèlijans mwen pou m ka enstui lòt moun yo tou, pase pou se ta di mil pawòl an lang.
- ²⁰ Frè mwen yo, pa tounen timoun lè n ap reflechi. Parapò ak sa ki mal, nou mèt tankou timoun. Men, lè n ap reflechi, se pou nou tounen granmoun.

- 21** Nan lalwa, men sa ki ekri: Se nan lòt lang, Se avèk bouch moun etranje, Mwen pral pale avèk pèp sa a. E, menm konsa, yo p ap koute mwen. Se sa Senyè a di.
- 22** Kifè, lang yo se siy pou moun ki pa konvèti. Men, yo pa la pou moun ki konvèti. Alòske, pwofesi se pou moun ki konvèti. Men, yo pa pou moun ki pa konvèti.
- 23** Donk, sipoze tout legliz la reyini ansanm, epi tout moun ap pale an lang. Si moun òdinè oubyen moun ki pa konvèti vin antre, y ap di nou fou, pa vre?
- 24** Men, si se pwofetize tout moun ap pwofetize, epi yon moun ki pa konvèti oubyen yon moun òdinè vin antre, konsa, se nou tout ki reprimande l, se nou tout ki jije l.
- 25** E, konsa tou, sekre nan kè li ap vin aklè. Lè sa a, l a bese fas atè, l a adore Bondye, epi l a fè temwayaj sa a: «Bondye nan mitan nou vre!»
- 26** Donk, frè mwen yo, kijan pou sa ye? Ebyen, lè nou reyini ansanm epi nou chak gen yon chante, yon bagay pou anseye, yon pawòl an lang, yon revelasyon, ak yon bagay pou entèprete, se pou tout bagay fèt yon jan pou edifye moun.
- 27** Si yon moun ap pale an lang, fòk se de oubyen twa moun pou pi plis, youn alafwa. Epitou, fòk yon moun entèprete.
- 28** Si pa gen moun pou entèprete, se pou moun k ap pale an lang lan pe nan legliz la. Men, li mèt pale ak tèt li epi ak Bondye.
- 29** Pou pwofèt yo menm, se de oubyen twa ki pou pale. Epi, se pou lòt yo ret ap egzamine yo.
- 30** Men, si yon lòt ki chita ta gen yon revelasyon, se pou premye a pe.
- 31** Paske, nou tout kapab pwofetize youn apre lòt, dekwa pou tout moun ka aprann epi pou tout moun ka jwenn ankourajman.
- 32** Lespri pwofèt yo dwe soumèt anba pwofèt yo.
- 33** Paske, Bondye pa mele ak dezòd. Li se yon Bondye lapè.
- 34** Menm jan ak nan tout legliz sen yo, medam nou yo dwe pe nan legliz. Paske, yo pa gen pèmasyon pale. Se sa lalwa di tou.
- 35** Men, si gen yon bagay yo vle aprann, y a poze pwòp mari yo kesyon lakay yo. Paske, sa pa konvenab pou medam yo ap pale nan legliz.
- 36** Dayè, èske se kote nou an pawòl Bondye a soti? Oubyen, èske se ta nou menm sèl l al jwenn?
- 37** Si yon moun panse li se pwofèt oubyen li gen Lespri a, ebyen, se pou l rekonèt sa m ekri a se kòmanman Senyè a li ye.

³⁸ Men, si yon moun pa rekonèt sa, kite l pa rekonèt li.

³⁹ Kifè, frè mwen yo, se pou nou anvi pwofetize. Men, se pou nou pa anpeche moun pale an lang.

⁴⁰ Epi, se pou tout bagay fèt dapre lizaj epi nan lòd.

1 Korentyen 15

¹ Alò, frè mwen yo, m ap fè nou konnen ankò, levanjil mwen te anonse nou an. Se li nou te resevwa a. Se nan li tou, n ap kenbe fèm nan.

² E, se grasa li menm, nou sove, depi nou kenbe pawòl mwen te anonse nou an. Osinon, se pou anyen nou te kwè.

³ Vrèmanvre, sa mwen menm tou, mwen te resevwa a, se li mwen te transmèt nou an premye, sèke Kris mouri pou peche nou yo, jan Lekriti te di l la.

⁴ Yo antere li, epi li resisite sou twazyèm jou, jan Lekriti te di l la.

⁵ Epi, Sefas wè li. Apre sa, se te Douz yo.

⁶ Apre sa, plis pase senk san frè wè li alafwa. Pi fò nan yo la toujou. Men, kèk nan yo mouri deja.

⁷ Apre sa, Jak wè li. Apre sa, se te tout apot yo.

⁸ Epi, an dènye, apre yo tout, mwen menm tou, tankou yon timoun anvan tèm, mwen wè li.

⁹ Vrèmanvre, pami apot yo, se mwen ki pi ba. Mwen pa merite pou yo rele m apot, paske mwen te pèsekite Legliz Bondye a.

¹⁰ Men, ak gras Bondye, mwen se sa m ye a. E, gras li montre pou mwen an pa t initil. Okontrè! Mwen travay pase yo tout. Alò, se pa mwen menm vre, men, se gras Bondye ki avèk mwen an.

¹¹ Donk, kit se mwen menm, kit se yo menm, se konsa nou te preche, e se konsa nou menm Korentyen nou te kwè.

¹² Bon, si nou preche Kris resisite pami mò yo, poukisa kèk nan nou ap di mò pa resisite?

¹³ Men, si mò pa resisite, Kris pa t resisite nonplis.

¹⁴ Si Kris, li menm, pa resisite, ebyen, mesaj nou an pa vo anyen, e lafwa nou tou pa vo anyen.

¹⁵ Twouve menm, se fo temwen nou ta ye kont Bondye. Paske, n ap temwaye sou Bondye kòmkiwa li resisite Kris. Alòske, si mò pa resisite, li pa t resisite Kris vre.

¹⁶ Vrèmanvre, si mò pa resisite, Kris pa t resisite nonplis.

- 17 Si Kris, li menm, pa resisite, lafwa nou san valè, nou anba peche nou yo toujou.
- 18 Epitou, moun ki nan Kris epi ki mouri, ebyen yo pèdi.
- 19 Si se pou lavi sa a sèlman nou met espwa nou nan Kris, ebyen, se nou ki merite plis pitye pami tout moun.
- 20 Men, alaverite, Kris resisite pami mò yo. Li tounen yon premye fwi pou moun ki mouri yo.
- 21 Vrèmanvre, kòm se akòz yon sèl nonm ki fè gen lanmò, se grasa yon sèl nonm tou, ki fè mò resisite.
- 22 Paske, menm jan se ak Adan, tout moun mouri, konsa tou, Bondye ap fè tout moun vivan ak Kris.
- 23 E, yo chak, dapre pwòp gwoup yo: Kris resisite kòm premye fwi. Apre sa, lè Kris tounen, se ap kou pa moun ki pou Kris yo.
- 24 Apre sa, se va lafen. Lè sa a, Kris ap fin detui tout chèf, tout otorite, tout pisans, epi l ap remèt wayòm nan bay Bondye Papa a.
- 25 Paske, fòk li domine pou jis li mete tout lènmi l yo anba pye li.
- 26 E, dènye lènmi l ap detui, se ap lanmò.
- 27 Vrèmanvre, Bondye soumèt tout bagay anba pye Kris. Lè l di li soumèt tout bagay anba l la, alò, se esepite sila ki soumèt tout bagay anba l la. Sa klè!
- 28 Men, lè Bondye fin soumèt tout bagay anba Kris, ebyen, Pitit la tou ap soumèt tèt li anba sila ki te soumèt tout bagay anba l la. Konsa, Bondye ap tout bagay nan tout moun.
- 29 Si se pa konsa, alò, moun k ap batize pou moun mouri yo, kisa yo va fè? Si mò pa resisite toutbon, poukisa yo te batize pou mò la a?
- 30 Menm nou menm tou, poukisa atò pou nou ta ap riske lavi nou tout tan?
- 31 Chak jou, mwen san lè mouri. Mwen deklare sa, paske, nan Jezi Kris, Senyè nou an, mwen gen rezon pou m vante tèt mwen pou nou.
- 32 Si se pou rezon lèzòm mwen te goumen ak bèt sovaj nan Efèz, kisa m benefisye la a? Wi, si mò pa resisite, ebyen, annou manje! Annou bwè! Paske, demen, n ap mouri!
- 33 Pa twonpe tèt nou. Move zanmi gate bon mannyè.
- 34 Pran tèt nou pou n fè sa ki jis. Sispann fè peche. Vrèmanvre, gen kèk moun ki pa konnen Bondye. E, m ap di sa pou nou ka wont.
- 35 Men, yon moun ka di: «Kòman mò resisite la a? Epitou, ak ki kalite kò yo parèt?»

- ³⁶ Moun sòt! Lè w simen yon semans, si li pa mouri, li p ap leve.
- ³⁷ E, sa w simen an, se pa kò semans lan pral genyen an, ou simen. Okontrè! Se yon senp semans. Li kapab yon semans ble oubyen nenpòt lòt.
- ³⁸ Men, jan Bondye vle l la, li bay semans lan yon kò. E, li bay chak semans pwòp kò pa yo.
- ³⁹ Tout chè pa menm chè. Moun gen yon kalite chè. Zannimo gen yon lòt kalite. Pwason gen yon lòt kalite. Epi, zwazo gen yon lòt kalite ankò.
- ⁴⁰ Epitou, gen kò ki pou syèl, epi gen kò ki pou latè. Kò ki pou syèl yo klere yon jan. Kò ki pou latè yo klere yon lòt jan.
- ⁴¹ Solèy klere yon jan. Lalin klere yon lòt jan. Zetwal klere yon lòt jan ankò. Okontrè menm, gen diferans ant jan yon zetwal klere ak jan yon lòt zetwal klere.
- ⁴² Ebyen, se menm bagay la pou afè mò resisite a. Yo antere yon kò ki ka pouri. Men, se yon kò ki pa ka pouri ki leve.
- ⁴³ Yo antere yon kò ki nan dezonè. Men, se yon kò nan laglwa ki leve. Yo antere yon kò ki fèb. Men, se yon kò ki gen pisans ki leve.
- ⁴⁴ Yo antere yon kò natirèl. Men, se yon kò espiyèl ki leve. Wi, gen kò ki kò natirèl. Epi, gen kò ki kò espiyèl.
- ⁴⁵ Se menm jan sa te ekri a: Premye nonm nan, Adan, tounen yon kretyen-vivan. Dènye Adan an, li menm, te yon Lespri ki bay lavi.
- ⁴⁶ Men, se pa sa ki espiyèl la ki an premye. Okontrè! Se sa ki natirèl la. Sa ki espiyèl la vin apre.
- ⁴⁷ Premye nonm nan te soti nan tè, li se pousyè. Men, dezyèm nonm nan se Senyè ki sot nan syèl la.
- ⁴⁸ Jan sa ki pousyè a ye a, se konsa tout sa ki pousyè yo ye tou. E, jan sa ki pou syèl la ye a, se konsa tout sa ki pou syèl yo ye tou.
- ⁴⁹ E, menm jan nou te abiye ak yon kò ki pòtre ak kò nonm ki pousyè a, se konsa tou, n ap abiye ak yon kò ki pòtre ak kò nonm ki sot nan syèl la.
- ⁵⁰ Frè mwen yo, men sa m vle di: Chè ak san pa kapab eritye wayòm Bondye a. Bagay ki ka pouri pa kapab eritye sa k pa ka pouri, nonplis.
- ⁵¹ Gade! M ap di nou yon mistè: Se pa nou tout k ap gentan mouri. Men, nou tout, nan yon ti moman, anvan je n bat, sou dènye kout twonpèt la, kò nou ap chanje.
- ⁵² Vrèmanvre, twonpèt la ap sonnen, mò yo ap resisite ak yon kò ki pa ka pouri, epi nou menm, kò nou ap chanje.

⁵³ Paske, fòk kò ki ka pouri sa a abiye ak sa ki pa ka pouri. E, fòk kò ki ka mouri sa a abiye ak sa ki pa ka mouri.

⁵⁴ Men, lè kò ki ka pouri sa a fin abiye ak sa ki pa ka pouri a, lè kò ki ka mouri sa a fin abiye ak sa ki pa ka mouri a, ebyen, lè sa a, pawòl ki te ekri a ap akonpli: Laviktwà vale lanmò.

⁵⁵ Lanmò! Kote pikan w lan? Lanmò! Kote laviktwà w la?

⁵⁶ Se peche ki pikan lanmò. E, se lalwa ki pisans peche.

⁵⁷ Men, remèsiman pou Bondye, li menm ki ban nou laviktwà, grasa Senyè nou an, Jezi Kris.

⁵⁸ Konsa, frè byenneme mwen yo, annou rete fèm, san brannen. Se pou n toujou ap fè pwogrè nan travay Senyè a. Epi, konnen se pa pou anyen n ap redi di avèk Senyè a.

1 Korentyen 16

¹ Bon, konsènan lakolèt pou sen yo, ebyen, nou menm tou, fè menm sa mwen te rekòmande legliz Galasi yo.

² Chak premye jou nan semèn nan, selon mwayen nou, se pou nou chak mete yon bagay apa, epi sere li. Konsa, se pa lè m vini, pou lakolèt la ap fèt.

³ Men, lè mwen rive, moun nou chwazi yo, m ap voye yo ak lèt rekòmandasyon pou yo pote kado nou an Jerizalèm.

⁴ E, si mwen menm tou, mwen merite ale, ebyen, y a ale avè m.

⁵ M apral lakay nou lè m fin travèse Masedwàn. Vrèmanvre, m gen pou m travèse Masedwàn.

⁶ Petèt menm, m a fè yon ti rete avèk nou, oubyen, m a tou pase ivè a dekwa pou n ka akonpaye m kote m ap gen pou m ale a.

⁷ Vrèmanvre, fwa sa a, mwen pa ta vle pou se an pasan mwen wè nou. Men, si Senyè a pèmèt sa, mwen espere m ap rete avèk nou yon bon tan.

⁸ Men, m ap rete Efèz jis lè Pannkòt.

⁹ Paske, yon gwo pòt louvri devan m pou ministè a mache. Men tou, gen anpil opozisyon.

¹⁰ Si Timote vini, veye pou l pa gen anyen pou l pè kote nou an. Paske, se travay Senyè a l ap okipe, menm jan avèk mwen.

- ¹¹ Donk, pinga pèsonn meprize li. Men, akonpaye li ak lapè pou l ka vin kote mwen, paske, m ap tann li ak frè yo.
- ¹² Bon, konsènan frè Apolòs, mwen te sipliye l anpil pou l te ka vini lakay nou ansanm ak frè yo. Se pa t volonte li ditou pou l te vini kounye a. Men, lè l gen yon okazyon, l ap vini.
- ¹³ Veye! Kenbe fèm nan lafwa nou! Mete gason sou nou! Se pou nou vanyan!
- ¹⁴ Se pou tout bagay fèt ak lamou nan mitan nou!
- ¹⁵ Frè mwen yo, nou konnen fanmi Estefanas se premye fwi nan Akayi epi yo konsakre tèt yo pou sèvi sen yo. Ebyen, m ap ankouraje nou
- ¹⁶ pou nou menm tou, nou soumèt nou anba moun konsa epi anba tout moun k ap travay, k ap redi konsa.
- ¹⁷ Mwen kontan Estefanas, Fòtinatis, ak Akayikis vini. Yo ranplase nou kote nou pa la.
- ¹⁸ Paske, yo soulaje ni lespri mwen, ni lespri nou. Donk, se pou nou apresye moun konsa. Salitasyon
- ¹⁹ Legliz ann Azi yo voye salye nou. Akilas ak Prisil ansanm ak legliz ki lakay yo a voye salye nou anpil.
- ²⁰ Tout frè yo voye salye nou. Se pou nou youn salye lòt ak bo tankou sen dwe salye.
- ²¹ Se mwen menm, Pòl, ki ekri ak pwòp men mwen, pou m voye salye nou.
- ²² Si yon moun pa renmen Senyè Jezi Kris, malediksyon pou li. Maranata!
- ²³ Gras Senyè Jezi Kris avèk nou!
- ²⁴ Lamou mwen avèk nou tout nan Jezi Kris. Amèn!

2 Korentyen

2 Korentyen 1

¹ Mwen menm Pòl, apot Jezi Kris dapre volonte Bondye, epi frè Timote. Nou menm, nan legliz Bondye a ki Korent, nou menm ansanm ak tout sen yo ki nan tout Akayi,

² se pou gras ak lapè ki soti nan Bondye Papa nou ak nan Senyè Jezi Kris avèk nou.

³ Benediksyon pou sila ki Bondye e ki Papa Senyè nou an, Jezi Kris, pou sila ki Papa ki gen kè-sansib la epi ki Bondye ki bay tout kalite konsolasyon an,

⁴ pou sila ki konsole nou nan tout tribilasyon nou yo! Konsa, grasa konsolasyon, nou resevwa nan men Bondye, nou kapab konsole tout moun ki anba tout kalite tribilasyon.

⁵ Paske, menm jan soufrans Kris yo devide sou nou an, konsa tou, konsolasyon nou ap devide grasa Kris.

⁶ Si nou anba tribilasyon, se pou nou menm, Korentyen, nou ka gen ankourajman ak delivrans. E, sa vin posib lè nou menm, Korentyen, nou andire menm soufrans ak soufrans nou yo.

⁷ Si nou jwenn ankourajman, se pou nou menm, Korentyen, nou ka gen konsolasyon ak delivrans tou. E, esperans sa a nou genyen pou nou nan Korent, li fèm. Paske, nou konnen, menm jan nou menm, Korentyen, nou patisipe nan soufrans yo, se konsa tou n ap patisipe nan ankourajman an.

⁸ Vrèmanvre, frè nou yo, nou pa ta vle nou pa konnen ki tribilasyon nou sibi ann Azi. Se yon chay ki te depase fòs nou; tèlman vre, nou te menm pèdi espwa n ap soti vivan.

⁹ Okontrè menm, nou te santi nan kè nou, nou te kondane pou nou mouri. Tout sa, se pou nou te ka pa mete konfyans nou nan nou menm, men, pou n te mete l nan Bondye ki konn resisite mò a.

¹⁰ Se li ki te delivre nou anba gwozè lanmò sa a. Se li k ap delivre nou kounye a. E, nou gen espwa nan li, l ap delivre nou ankò.

¹¹ Nou menm tou nan Korent, nou t ap travay ansanm nan sipliye Bondye pou nou. Kifè, se grasa anpil moun, Bondye fè nou favè sa a. E, se anpil moun ki pou rann li gras pou nou.

¹² Vrèmanvre, men nan kisa nou vante tèt nou: Se nan temwayaj konsyans nou ban nou sou jan nou konpòte tèt nou nan lemond, e sitou jan nou konpòte tèt nou parapò ak nou menm, Korentyen. Nou pa konpòte tèt nou dapre sajès lachè, men, dapre gras Bondye; nou konpòte tèt nou yon jan ki senp, ki sensè, grasa Bondye.

13 Paske, sa nou ekri nou yo pa okenn lòt bagay plis pase sa nou menm, Korentyen, nou li epi nou konprann. E, mwen espere tou, n ap konprann sa jiska lafen.

14 Dayè, menm si se a mwatye, nou deja konprann se nan mwen menm ak lòt yo, nou vante tèt nou, menm jan mwen menm ak lòt yo, se nan nou menm, nou vante tèt nou, nan jou Senyè Jezi a.

15 Se akòz konfyans sa a ki fè mwen te deside ale lakay nou anvan, dekwa pou nou te jwenn yon dezyèm benediksyon.

16 Sa vle di, mwen t ap pase lakay nou lè mwen pral Masedwàn. Lè mwen tounen sot Masedwàn, mwen t ap pase lakay nou ankò, epi nou ta akonpaye mwen al Jide.

17 Donk, se sa mwen te deside. Alò, èske mwen te aji an moun ki pa serye pou sa? Sa mwen te deside a, èske se dapre lachè, mwen te deside l, kòmkiwa mwen ta gen ni wi, ni non?

18 Devan Bondye ki fidèl la, pawòl nou te di nou yo pa t wi ak non ansanm.

19 Paske, mwen menm, Silven, ak Timote, nou te preche nou Pitit Bondye a, Jezi Kris. Li pa wi ak non ansanm. Okontrè, se «wi» ki toujou nan li.

20 Kèlkeswa pwomès Bondye yo, se nan li «wi» a ye. E, lè nou bay Bondye glwa, se nan li «Amèn» nan ye tou.

21 Men, se Bondye ki fè nou fèm ansanm avèk nou nan Kris. Se li ki ban nou onksyon an.

22 Li poze so li sou nou, epi li ban nou Lespri a nan kè nou kòm avalwa.

23 M ap rele pou Bondye temwaye sou nanm mwen, si mwen pa t vin Korent ankò, se paske mwen te vle menaje nou.

24 Non, se pa domine n ap domine sou lafwa nou. Okontrè! N ap travay ansanm pou nou menm, Korentyen, nou ka nan lajwa. Paske, nou kanpe fèm nan lafwa.

2 Korentyen 2

1 Alò, sa mwen te deside nan kè mwen, sèke mwen pa t aprale lakay nou nan lapenn ankò.

2 Paske, si se mwen menm ki fè nou lapenn, ebyen, kilès ki pou fè m kontan, si se pa moun mwen te fè lapenn nan?

3 E, se sa menm, mwen te ekri nou, dekwa, lè mwen ta vini an, pou se pa lapenn, mwen jwenn nan men moun ki ta dwe ban mwen lajwa yo. Mwen gen konfyans sa a nan nou tout: Si mwen kontan, se nou tout ki kontan.

⁴ Vrèmanvre, lè mwen t ap ekri nou an, anpil dlo te nan je m, mwen te nan anpil tribilasyon, kè m te sere. E, mwen pa t ekri pou mwen fè nou lapenn, men, pou nou te ka rekonèt, mwen renmen nou anpil, anpil.

⁵ Men, si yon moun lakòz gen lapenn, se pa mwen menm, li fè lapenn. Okontrè! San mwen pa lage yon twò gwo chay sou nou, yon jan, se nou tout li fè lapenn.

⁶ E, sanksyon, pi fò nan nou pran kont li a, ase pou li.

⁷ Okontrè, kounye a, pito nou padone li epi nou ankouraje li. Osinon, yon moun konsa ka akable anba yon twò gwo lapenn.

⁸ Se poutèt sa, m ap ankouraje nou pou nou demontre lamou nou pou li ankò.

⁹ Vrèmanvre, se sa mwen te ekri nou tou, dekwa pou mwen te teste nou pou mwen konnen si nou obeyi mwen nan tout bagay.

¹⁰ Si nou padone yon moun pou yon bagay, mwen padone l tou. Dayè, si mwen padone yon moun pou yon bagay, devan Kris, se poutèt nou menm, mwen padone l.

¹¹ Konsa, Satan p ap eksplwate nou. Paske, nou byen konnen plan l yo.

¹² Lè mwen te rive Twowas, mwen anonse levanjil Kris la. Senyè a te louvri yon pòt pou mwen.

¹³ Malgre sa, lespri m pa t poze, paske mwen pa t jwenn frè mwen Tit la. Kifè, mwen di moun yo orevwa, m ale Masedwàn.

¹⁴ Men, remèsiman pou Bondye! Se li ki toujou dirije nou nan defile pou laviktwà, nou genyen nan Kris la. Se li ki sèvi ak nou pou l gaye odè konesans li toupatou.

¹⁵ Vrèmanvre, pou Bondye, nou se pafen Kris, ni pami moun k ap sove yo, ni pami moun k ap peri yo.

¹⁶ Pou sa k ap peri yo, nou se odè lanmò pou bay lanmò. Pou sa k ap sove yo, nou se odè lavi pou bay lavi. E, ki moun ki ase maton pou bagay sa yo.

¹⁷ Paske, nou pa tankou lòt moun yo k ap defòme pawòl Bondye a. Okontrè! Nou sensè. Plis ankò, se Bondye ki voye nou. E, se devan Bondye, nan Kris, nou pale.

2 Korentyen 3

¹ Èske se rekòmande, mwen menm ak lòt yo ap kòmanse rekòmande tèt nou ankò? Amwenske, tankou kèk moun, mwen menm ak lòt yo, nou ta bezwen yon lèt rekòmandasyon pou nou menm, Korentyen, nou ban nou, oubyen youn pou nou resevwa nan men nou menm, Korentyen!

- ² Lèt pa nou, se nou menm, Korentyen. E, se sou kè nou li ekri. Tout moun konnen l, tout moun li l.
- ³ Sa klè: nou se yon lèt Kris ekri grasa ministè, mwen menm ak lòt yo, nou fè. E, se pa avèk lank li ekri l, men, se avèk Lespri Bondye vivan an. Se pa sou yon adwaz an wòch li ekri l, men, se sou yon adwaz an chè, se sou kè nou.
- ⁴ Alò, grasa Kris, se konfyans sa a nou genyen devan Bondye.
- ⁵ Se pa yon konfyans kòmkiwa nou kapab fè kichòy poukont nou, jis pou nou ta konsidere se nou menm ki fè l. Okontrè! Tout sa nou kapab fè, se grasa Bondye!
- ⁶ Se li menm tou ki prepare nou pou nou vin sèvitè pou yon nouvel alyans, yon alyans ki pa lwa ki te ekri a, men, ki se Lespri a. Paske, lwa ki te ekri a bay lanmò, alòske, Lespri a bay lavi.
- ⁷ Pwogram ki bay lanmò a, se mo Bondye trase sou wòch, li te ye. Li te parèt avèk glwa. Tèlman vre, desandan Izrayèl yo pa t kapab fikse je yo sou figi Moyiz, akòz glwa ki te nan figi l la. Epoutan, glwa a t ap pase.
- ⁸ Si glwa pwogram ki bay lanmò a te konsa, glwa pwogram Lespri a ap pi plis toujou, pa vre?
- ⁹ Vrèmanvre, si menm pwogram ki bay kondanasyon an te gen glwa, se plis rezon toujou, pou pwogram ki bay jistis la gen yon glwa ki depase l.
- ¹⁰ Paske, nan ka sa a, ansyen glwa a pa t pi glwa pase sa, tank glwa kounye a kouvri l.
- ¹¹ Vrèmanvre, si sa ki t ap pase a te parèt ak glwa, se plis rezon toujou pou sa k ap toujou rete a gen glwa.
- ¹² Donk, kòm se kalite esperans sa a nou genyen, ebyen, nou preche ak anpil asirans.
- ¹³ Nou pa tankou Moyiz. Li te mete yon vwal sou figi l pou desandan Izrayèl yo pa t fikse je yo sou kijan glwa ki t ap pase a t ap fini.
- ¹⁴ Antouka, tèt yo te di. Paske, pou jis jodi a, lè y ap li Ansyen Testaman an, menm vwal la rete toujou. Bondye pa retire l, paske se nan Kris li anile.
- ¹⁵ Wi, jis jodi a, lè y ap li pawòl Moyiz yo, gen yon vwal ki poze sou kè yo.
- ¹⁶ Men, chak fwa yon moun vire kè l bay Senyè a, Senyè a wete vwal la.
- ¹⁷ E, Senyè sa a se Lespri a. E, kote Lespri Senyè a ye, gen libète la.
- ¹⁸ Men, nou tout, ki gen figi nou devwale epi ki gen glwa Senyè a ap klere nan figi nou tankou se te nan yon glas, n ap transfòme, glwa apre glwa, pou jis nou rive menm pòtre avèk Senyè a, grasa Senyè ki se Lespri a.

2 Korentyen 4

- 1** Konsa, grasa pitye Bondye pou nou, nou gen ministè sa a. Se poutèt sa, nou pa lage.
- 2** Okontrè! Nou renonse ak bagay kòwonpi k ap fèt anba chal. Nou pa viv nan riz. Nonplis tou, nou pa defòme pawòl Bondye a. Men, nou prezante verite a klè. E, se sa ki rekòmandasyon nou nan konsyans tout moun, devan Bondye.
- 3** Alò, si gen yon vwal toujou sou levanjil nou an, ebyen, se nan moun k ap peri yo vwal la ye.
- 4** Bondye monn sa a bouche lespri moun san lafwa sa yo pou limyè levanjil la, pou glwa Kris la pa klere sou yo. E, Kris se imaj Bondye.
- 5** Vrèmanvre, se pa tèt nou n ap preche, men se Senyè Jezi Kris. Epoutan, akòz Jezi, nou preche tèt nou kòm sèvitè pou nou menm, Korentyen.
- 6** Paske, Bondye te di: «Se pou limyè klere nan mitan fènwa.» E, se Bondye menm ki klere nan kè nou pou ban nou limyè moun jwenn, lè yo konnen glwa Bondye ki sou figi Jezi Kris la.
- 7** Men, trezò sa a ki nan nou an, se tankou se nan yon ja an tè n ap pote l. Konsa, li klè, gwo pisans sa a pa soti nan nou, men, nan Bondye.
- 8** Nou pase tout tray, men, nou pa demanbre. Tèt nou konn chofe, men, nou pa janm pèdi espwa.
- 9** Yo konn pèsekite nou, men, Bondye pa janm abandone nou. Nou tonbe, men, yo pa rive elimine nou.
- 10** Tout tan, se lanmò Senyè Jezi Kris n ap pote nan kò nou. Konsa tou, lavi Jezi parèt aklè nan kò nou.
- 11** Vrèmanvre, nou menm k ap viv, se tout tan yo livre nou bay lanmò akòz Jezi. Konsa tou, lavi Jezi parèt aklè nan chè sa a ki ka mouri a.
- 12** Kifè, yon bò, lanmò ap travay nan nou, yon lòt bò, lavi ap travay nan nou.
- 13** Men sa ki ekri: «Mwen kwè, donk, mwen pale.» Kòm menm Lespri ki bay lafwa sa a, se li nou genyen, ebyen, nou menm tou, nou kwè, se poutèt sa tou, nou pale.
- 14** Paske, nou konnen, sila ki te resisite Senyè Jezi a ap resisite nou grasa Jezi, epi l ap prezante nou ansanm avèk nou menm, Korentyen.
- 15** Paske, se poutèt nou menm, tout bagay sa yo rive. Konsa, pandan gras la ap gaye sou plis moun, remèsiman ap ogmante tou, pou glwa Bondye.
- 16** Se poutèt sa, nou pa lage. Okontrè! Menm si kò nou fennen sou deyò, Bondye ap fè andedan nou tou nèf, jou apre jou.

¹⁷ Vrèmanvre, tribilasyon nou yo lejè, yo la pou yon ti moman. Men, sa y ap donnen pou nou, se yon chay glwa ki depase tout mezi epi k ap la pou letènite.

¹⁸ Konsa, se pa bagay je ka wè, n ap veye, men, se bagay je pa ka wè. Paske, bagay je ka wè yo ap pase. Men, bagay je pa ka wè yo, yo la pou letènite.

2 Korentyen 5

¹ Vrèmanvre, sou latè, nou abite nan yon kò ki tankou yon tant. Nou konnen menm si l demoli, nou genyen yon bilding Bondye fè, yon kay ki pa fèt ak men lèzòm, yon kay nan syèl la ki etènèl.

² Poutèt sa, n ap plenn nan kò sa a, tank nou anvi abiye ak kay nou an ki nan syèl la.

³ E, depi nou abiye konsa, yo p ap jwenn nou toutouni.

⁴ Paske, pandan nou nan tant sa a, n ap plenn anba chay sa a. E, se pa paske nou ta vle dezabiye nou ki fè n ap plenn nan, men se paske nou ta vle abiye nou plis, dekwa pou lavi ka vale sa ki ka mouri a.

⁵ Se Bondye menm ki pare nou pou sa. E, se li menm tou ki ban nou Lespri a kòm avalwa.

⁶ Donk, nou toujou pran kouraj. Paske, nou konnen, depi se kò sa a ki kay nou, se lwen Senyè a nou abite.

⁷ Vrèmanvre, se dapre lafwa, n ap mache, se pa dapre je nou.

⁸ Wi, nou pran kouraj. E, sa ki ta fè nou plis plezi, se ta kite kò sa a epi al abite kote Senyè a.

⁹ Se poutèt sa, kit nou abite nan kò sa a, kit nou kite l, anbisyon nou se fè Senyè a plezi.

¹⁰ Paske, fòk nou tout konparèt devan tribinal Kris la pou nou chak resevwa sa nou te fè ak kò nou, kit li te byen, kit li te mal.

¹¹ Donk, kòm nou konnen kisa krentif pou Senyè a ye, n ap chèche konvenk lèzòm. Nou klè devan Bondye. Nou espere nou klè devan konsyans nou tou, Korentyen.

¹² Alò, se pa rekòmande n ap rekòmande tèt nou devan nou ankò. Okontrè, se okazyon n ap ban nou pou nou vante tèt nou akòz mwen menm ak lòt yo. Konsa, n a gen yon repons pou moun ki pa vante tèt yo sou sa ki nan kè, men, sou aparans.

¹³ Paske, si mwen menm ak lòt yo, nou fou, se pou Bondye. E, si nou byen nan tèt, se pou nou menm, Korentyen.

- ¹⁴ Vrèmanvre, lamou Kris ap sentre nou. Paske, nou konsidere si yon moun mouri pou tout moun, se tout moun ki mouri.
- ¹⁵ E, li mouri pou tout moun, se dekwa pou moun ki vivan yo pa viv pou tèt yo ankò, men, pou yo viv pou sila ki mouri epi ki resisite pou yo a.
- ¹⁶ Kifè, apati jodi a, nou pa konsidere pèsonn sou aparans. Si se sou aparans, nou te konsidere Kris, ebyen kounye a, nou pa konsidere l konsa ankò.
- ¹⁷ Kifè ankò, depi yon moun nan Kris, li se yon nouvo kreyasyon. Ansyen bagay yo pase. Epi, gade! Tout bagay vin nouvo.
- ¹⁸ E, tout bagay sa yo, se nan Bondye yo soti. Se li ki rekonsilye nou avèk li menm, grasa Jezi Kris. Se li menm tou, ki ban nou ministè rekonsilyasyon an.
- ¹⁹ Sa vle di, Bondye te nan Kris: Li t ap rekonsilye lemonn avèk li menm, san li pa konsidere fot lèzòm yo. Epi, li mete pawòl rekonsilyasyon an nan nou.
- ²⁰ Donk, kòm se avèk nou Bondye sèvi pou l egzòte moun, nou se anbasadè pou Kris. E n ap sipliye nou pou Kris: Se pou nou rekonsilye avèk Bondye!
- ²¹ Paske, sila ki pa t konnen peche a, li fè l tounen peche akòz nou menm. Konsa, nan li, nou vin jistis Bondye.

2 Korentyen 6

- ¹ Kòm se ansanm avèk Bondye n ap travay, n ap egzòte nou pou nou pa resevwa gras Bondye a epi pou l rete initil.
- ² Paske, Bondye di: Nan tan mwen asepte moun, mwen te koute w. E, jou mwen sove moun, mwen te pote w sekou. Gade! Tan Bondye ap asepte moun nan, se kounye a. Gade! Jou l ap sove moun nan, se kounye a.
- ³ Mwen menm ak lòt yo, nou pa fè anyen ki pou ta lakòz pèsonn bite, dekwa pou moun pa kritike ministè a.
- ⁴ Okontrè! Nou demontre nou se sèvitè Bondye nan tout bagay, nan andire anpil bagay, anba tribilasyon, nan nesesite, nan tèt-chaje,
- ⁵ anba baton, nan prizon, nan mitan dechoukay, nan travay di, nan pase nuit blanch, nan jèn.
- ⁶ Nou demontre l nan jan lavi nou pwòp, nan konesans nou, nan pasyans nou, nan bonte nou, nan Lespri Sen an, nan lamou nou ki san ipokrizi,
- ⁷ nan mesaj verite a, nan pisans Bondye. Nou demontre l avèk zam jistis yo ki la ni pou atak, ni pou defans.
- ⁸ Nou demontre l nan glwa ak nan dezonè, avèk ni bon non, ni move non. Nou demontre l lè yo trete nou tankou moun ki sou blòf, alòske nou nan laverite;

⁹ tankou moun yo pa rekonèt, alòske yo byen rekonèt nou; tankou moun mouri, alòske gade: Nou vivan; tankou moun yo bat, alòske yo pa tiye nou.

¹⁰ Nou demontre l, lè yo trete nou tankou moun nan lapenn, alòske nou toujou nan lajwa; tankou moun pòv, alòske nou fè anpil moun rich; tankou moun ki san byen, alòske nou posede tout bagay.

¹¹ Moun Korent, mwen menm ak lòt yo, nou louvri bouch nou pou nou pale ak nou. Kè nou louvri byen laj.

¹² Li pa fèmen pou nou, Korentyen. Se nou menm ki fèmen kè nou pou mwen menm ak lòt yo.

¹³ Kite m pale avèk nou tankou pitit mwen: Fè menm jès la avèk mwen. Louvri kè nou byen laj pou mwen tou.

¹⁴ Pa mete tèt nou nan menm jouk ak moun ki pa konvèti. Vrèmanvre, èske jistis ka nan asosye ak rebelyon? Èske limyè ka gen inyon ak fènwa?

¹⁵ Èske Kris ka nan kòkòday ak Belyal? Oubyen, èske yon moun ki konvèti ka fè akò ak yon moun ki pa konvèti?

¹⁶ Èske tanp Bondye a ka kolabore ak zidòl? Epoutan, menm jan Bondye te di l la, nou menm, se tanp Bondye vivan an, nou ye. Bondye te di: Mwen va abite, mwen va mache nan mitan yo. Mwen va Bondye yo. E, yo menm, yo va pèp mwen.

¹⁷ Poutèt sa, Senyè a di: «Soti nan mitan yo! Separe tèt nou! Pa manyen bagay ki pa pwòp. Epi, mwen menm, m a resevwa nou.

¹⁸ Mwen va yon Papa pou nou. Epi, nou menm, nou va pitit gason mwen ak pitit fi mwen. Se Senyè Toupisan an ki di sa!»

2 Korentyen 7

¹ Byenneme, se pwomès sa yo nou genyen. Donk, annou pirifye tèt nou anba tout sa ki kontamine kò ak lespri. Epi, avèk krentif pou Bondye, annou fin sangtifye tèt nou nèt.

² Fè plas nan kè nou pou nou. Mwen menm ak lòt yo, nou pa fè pèsonn mal. Nou pa rinen pèsonn. Nou pa eksplwate pèsonn.

³ Alò, mwen pa di sa pou mwen kondane pèsonn. Dayè, mwen deja di nou sa: nou nan kè mwen menm ak lòt yo, kit pou nou mouri ansanm, kit pou nou viv ansanm.

⁴ Mwen gen anpil konfyans nan nou. Mwen vante tèt mwen anpil pou nou. Ankourajman plen kè mwen, lajwa ap debòde nan kè mwen malgre tout tribilasyon nou yo.

⁵ Vrèmanvre, menm lè nou te rive Masedwàn, kò nou pa t poze. Okontrè, nou pase tout kalite tray: Nou t ap lite toutotou nou, epi nou te pè nan kè nou.

⁶ Men, Bondye ki konn ankouraje malere a, se li ki te ankouraje nou, ak rive Tit te rive a.

⁷ E, se pa paske li te fè Tit rive sèlman, okontrè, li te ankouraje nou tou ak menm ankourajman Tit te resevwa nan men nou an. Tit rakonte mwen menm ak lòt yo afeksyon nou, kriye nou, devouman nou pou mwen menm ak lòt yo. E, sa fè nou pi kontan toujou.

⁸ Se sa k fè tou, malgre lèt mwen an te fè nou lapenn, mwen pa regrèt. Mwen wè, vrèmanvre, malgre se pou yon ti moman, lèt sa a te fè nou lapenn. E, menm si, lè sa a, mwen te regrèt,

⁹ ebyen, kounye a, mwen kontan. Alò, se pa paske nou te nan lapenn ki fè mwen kontan, men, se paske akòz nou te nan lapenn nan, nou vin repanti. Vrèmanvre, se Bondye ki te fè nou nan lapenn. Konsa, nou pa sibi okenn pèd akòz mwen menm ak lòt yo.

¹⁰ Paske, lapenn ki soti nan Bondye a donnen yon repantans pou fè moun sove. Moun pa regrèt sa! Men, lapenn ki soti nan lemonn nan donnen lanmò.

¹¹ Dayè, gade! Poutèt sa menm, poutèt Bondye te fè nou nan lapenn nan, ala yon dilijans, ala yon defans, ala yon endiyasyon, ala yon krentif, ala yon afeksyon, ala yon devouman, ala yon pinisyon li donnen nan nou! Tout jan sa yo, nou demontre nou inosan nan afè sa a.

¹² Donk, menm si mwen te ekri nou konsa, se pa t ni poutèt moun ki te fè mal la, ni poutèt moun ki te sibi mal la. Men, mwen te ekri pou dilijans nou ka parèt aklè, dilijans nou genyen anvè mwen menm ak lòt yo pami nou, devan Bondye.

¹³ E, se nan sa nou te jwenn ankourajman. Anplis ankouraje nou te ankouraje mwen menm ak lòt yo, nou te pi kontan toujou pou jan Tit, li menm, te kontan, dèske nou tout, Korentyen, nou te rafrech li.

¹⁴ Vrèmanvre, malgre mwen te fè lwanj pou nou devan li nan kèk bagay, ebyen, mwen pa soti wont. Okontrè! Kòm se selon laverite, mwen menm ak lòt yo, nou toujou pale avèk nou, konsa tou, lwanj nou te fè devan Tit la vin klè se te laverite l te ye tou.

¹⁵ E, lè l sonje jan nou tout, Korentyen, nou te obeye li, afeksyon li pou nou vin pi plis toujou. Vrèmanvre, nou te pè, nou t ap tranble lè nou te resevwa l la.

¹⁶ Mwen kontan dèske nan tout bagay, mwen ka fè nou konfyans.

2 Korentyen 8

- ¹ Frè nou yo, kite nou fè nou konnen jan Bondye bay legliz Masedwàn yo gras li.
- ² Tribilasyon t ap teste yo anpil. E, malgre yo te pòv dènye degre, lajwa t ap debòde nan kè yo. Konsa, yo bay anpil ak tout kè yo, kòm si yo te rich.
- ³ Mwen ka temwaye sa. Yo chwazi pou yo bay sa yo te kapab, epi menm plis pase sa yo te kapab.
- ⁴ Yo sipliye mwen menm ak lòt yo anpil, yo mande nou tankou yon gras, pou yo patisipe nan rann sen yo sèvis sa a.
- ⁵ Nou pa t menm espere sa konsa. Okontrè menm, se tèt yo, an premye, yo bay Senyè a avèk nou menm, dapre volonte Bondye.
- ⁶ Se sa k fè nou te ankouraje Tit, pou l fini zèv sa a lakay nou menm tou, menm jan li te kòmanse l anvan an.
- ⁷ Dayè nou menm, Korentyen, nou rich nan tout bagay, nan lafwa, nan pale, nan konesans, nan tout kalite dilijans, nan lamou nou pou mwen menm ak lòt yo. Ebyen, menm jan an tou, n a fè dekwa pou nou rich parapò ak zèv sa a tou.
- ⁸ Alò, se pa lòd m ap pase nou. Men, mwen sèvi ak dilijans lòt yo, pou mwen teste si lamou nou sensè.
- ⁹ Dayè, nou konnen gras Senyè nou an, Jezi Kris. Li te rich, men, li fè tèt li pòv pou nou, dekwa pou nou menm, nou ka rich akòz li menm, li pòv.
- ¹⁰ Se yon konsèy m ap bay sou sa. Dayè, se pou byen nou. Wi, depi ane pase, se nou menm ki te kòmanse fè zèv sa a. Non sèlman sa, men, se nou ki te kòmanse vle l tou.
- ¹¹ Ebyen, kounye a, se pou nou fin fè l. Konsa, menm jan nou te dispoze vle l la, konsa tou, n a dispoze fini l, selon sa nou genyen.
- ¹² Vrèmanvre, si yon moun dispoze, Bondye ap asepte sa li genyen, men, pa sa li pa genyen.
- ¹³ Alò, sa pa vle di pou lòt moun yo alèz epi pou nou menm, nou nan tribilasyon. Okontrè! Se pou nou egalego.
- ¹⁴ Sa vle di, kounye a, nou gen anpil, se pou nou ede yo nan nesesite yo. Konsa, lè yo gen anpil epi nou nan nesesite, y a ede nou tou. Konsa, l a vin egalego.
- ¹⁵ Se konsa sa ekri: Sila ki te ranmase anpil la pa t gen anyen anplis. E, sila ki te ranmase ti kras la pa t manke anyen.
- ¹⁶ Men, remèsiman pou Bondye! Paske, menm dilijans, mwen menm ak lòt yo, nou genyen pou nou an, li mete l nan kè Tit tou.

¹⁷ Li te resevwa ankourajman nou an vre. Men, li fè plis dilijans pase sa: Se li menm poukont li ki chwazi ale kote nou.

¹⁸ Mwen menm ak lòt yo, nou voye frè a ansanm avèk li. Se yon frè tout legliz ap fè lwanj pou li, pou sa l fè pou levanjil la.

¹⁹ E, se pa sa sèlman, okontrè menm, legliz yo chwazi l pou li vwayaje ansanm avèk nou nan zèv sa a. E, n ap administre zèv sa a pou n montre glwa Senyè a ak bon dispozisyon nou.

²⁰ Nou fè aranjman sa a, dekwa pou pèsonn pa kritike jan nou administre pil lakolèt sa a.

²¹ Nou chèche fè sa ki byen, pa sèlman devan Senyè a, men, devan lèzòm tou.

²² Alò, nou voye frè nou an ansanm avèk yo. Nou teste l plizyè fason, e li demontre dilijans li. Kounye a menm, l ap fè plis dilijans toujou, paske, nou menm, Korentyen, li fè nou konfyans anpil.

²³ Pou Tit li menm, li se asosye mwen, l ap travay ansanm avèk mwen pou nou. Pou frè nou yo menm, yo se misyonè legliz voye, yo se glwa Kris.

²⁴ Donk, demontre tout Legliz yo nou gen lamou vre, demontre mwen menm ak lòt yo gen rezon fè lwanj pou nou devan frè yo.

2 Korentyen 9

¹ Vrèmanvre, mwen pa bezwen ekri nou sou sèvis pou nou rann sen yo.

² Paske, mwen konnen efò nou fè. E, mwen fè lwanj pou nou pou sa, devan Masedonyen yo, dèske, depi ane pase, Akayi kòmanse pare. Epitou, se devouman nou ki chofe pi fò nan yo.

³ Men, mwen voye frè yo, dekwa pou se pa pou anyen, mwen te fè lwanj pou nou sou afè sa a, epitou, pou nou ka pare vre, menm jan mwen te di l la.

⁴ Paske, sipoze kèk Masedonyen ta vini avèk mwen. Epi, malgre asirans sa a mwen genyen nan fè lwanj pou nou an, yo jwenn nou pa pare; se ta yon wont pou mwen menm, pou mwen pa ta di pou nou menm tou.

⁵ Donk, mwen te panse li nesèsè pou mwen ankouraje frè yo al lakay nou anvan m epi pou yo regle afè ofrann nou te deja pwomèt la. Konsa, l a pare tankou yon vrè ofrann, men, pa tankou kado moun ki ava.

⁶ Men sa m vle di: Moun ki simen ti kras va rekòlte ti kras. Moun ki simen anpil va rekòlte anpil.

⁷ Chak moun dwe bay jan yo deside nan kè yo, san regrèt, san fòse. Paske, Bondye renmen moun ki bay ak kè-kontan.

⁸ Dayè, Bondye gen pisans, pou l plen nou ak tout kalite gras, dekwa pou nou ka toujou genyen ase pou tout bagay, tout jan. Konsa, n a gen diplis, pou nou fè tout kalite bon zèv.

⁹ Se konsa sa ekri: Li simaye, li bay malere yo. Jistis li ap rete pou letènite.

¹⁰ Sila ki founisè semans pou kiltivatè yo, ak pen pou moun manje a, se li menm ki va founi sa pou nou simen, ki va fè l donner anpil, epi ki va fè fwi jistis nou pouse.

¹¹ L a fè nou rich nan tout bagay, dekwa pou nou ka toujou bay ak tout kè. E, nan konsa, zèv sa a va yon okazyon pou moun rann Bondye gras.

¹² Paske, sèvis n ap rann sen yo ak zèv sa a, se pa sèlman sa yo bezwen li ba yo, men l ap fè yo rann Bondye gras anpil tou.

¹³ Sèvis sa a ap demontre nou obeyi Bondye nan temwaye levanjil Kris la. L ap demontre se ak tout kè nou, nou patisipe nan ede ni yo menm, ni tout moun. E, poutèt sa, y a bay Bondye glwa.

¹⁴ Epi, nan afeksyon yo pou nou, y a priye pou nou, poutèt Bondye fè nou yon gras ki depase tout gras.

¹⁵ Remèsiman pou Bondye! Paske, li ban nou kado, bouch pa kapab pale.

2 Korentyen 10

¹ Mwen menm Pòl ki swadizan timid lè mwen fasafas avèk NOU epi ki sevè avèk NOU lè mwen lwen NOU, m ap egzòte NOU avèk dousè epi avèk bonte Kris.

² Kèk moun konsidere mwen tankou se dapre lachè m ap mache. M ap sipliye NOU pou lè mwen la, mwen pa oblije sevè nan asirans mwen gen lide demontre kont yo a.

³ Paske, menm si se nan yon kò chè n ap mache, se pa dapre lachè n ap konbat.

⁴ Paske, se pa ak zam lèzòm n ap konbat, men, grasa Bondye, se ak zam ki ase pisan pou kraze fòtrès.

⁵ Nou kraze rezònman ak tout pretansyon ki anpeche moun konnen Bondye. Nou fè tout plan soumèt yo pou yo obeyi Kris.

⁶ E, nou pare pou nou pini tout moun ki nan dezobeyisans, lè NOU menm, Korentyen, obeyisans NOU va total.

⁷ Se sou aparans, nou menm Korentyen, n ap gade. Si yon moun konvenk tèt li, se moun Kris li ye, men sa li menm ankò li dwe konsidere: Menm jan li moun Kris la, se konsa, mwen menm ak lòt yo, nou se moun Kris tou.

⁸ Paske, Senyè a ban mwen otorite pou mwen edifye nou. Li pa ban mwen l pou mwen kraze nou. E, menm si kòm kwa mwen ta fè twòp lwanj pou sa, mwen p ap wont,

⁹ dekwa pou mwen pa parèt tankou se kraponnen m ap kraponnen nou ak lèt mwen yo.

¹⁰ Paske, gen moun ki di: «Lèt misye yo rèd, yo sevè. Men, lè se misye menm ki parèt, li mòlòkòy, moun meprize pawòl li.»

¹¹ Men sa yon moun konsa dwe rekonèt: Menm jan mwen pale nan lèt mwen yo lè mwen pa la, ebyen, se konsa mwen aji tou, lè mwen la.

¹² Paske, mwen menm ak lòt yo, nou pa oze ni mete tèt nou nan ran kèk moun k ap rekòmande tèt yo, ni konpare tèt nou avèk yo. Okontrè, lè y ap mezire tèt yo ak pwòp tèt yo epi y ap konpare tèt yo ak pwòp tèt yo konsa, yo pa entèlijan.

¹³ Pou nou menm, nou p ap fè lwanj pou tèt nou parapò ak bagay ki deyò limit nou. Men, n ap fè lwanj pou tèt nou selon limit bòn ministè Bondye mezire ban nou, yon limit ki rive, jis kote nou menm, Korentyen, nou ye a tou.

¹⁴ Paske, se pa kòm si mwen menm ak lòt yo, nou pa t dwe rive kote nou an, epi nou lonje tèt nou la. Vrèmanvre, nou rive jis kote nou an tou, ak levanjil Kris la.

¹⁵ Non, nou pa fè lwanj pou tèt nou parapò ak travay lòt moun ki deyò limit nou. Men, espwa nou se pou toutotan lafwa nou menm, Korentyen, ap devlope, pou fwontyè ministè, mwen menm ak lòt yo fè a, ap grandi anpil pami nou.

¹⁶ Konsa, n a anonse levanjil la kote ki pi lwen lakay nou, san nou pa fè lwanj pou ministè ki deja fèt nan fwontyè lòt moun.

¹⁷ Moun k ap fè lwanj pou tèt yo, se pou yo fè lwanj pou tèt yo grasa Senyè a.

¹⁸ Paske, se pa moun ki rekòmande tèt yo, Senyè a asepte, men se moun Senyè a rekòmande.

2 Korentyen 11

¹ Ala mwen ta renmen nou fè yon ti sipòte m nan foli sa a! Avrèdi, nou sipòte m.

² Vrèmanvre, mwen jalou pou nou, jan Bondye jalou. Paske, se ak yon sèl mari, se ak Kris mwen te fyanse nou, kòm kwa pou mwen prezante yon vyèj ki pwòp ba li.

³ Men, menm jan sèpan an te twonpe Èv ak riz li a, mwen pè pou l pa gate lespri nou tou, epi pou nou sispann senp parapò ak Kris.

- ⁴ Paske, si se yon moun ki vin preche nou yon Jezi ki diferan ak Jezi, mwen menm ak lòt yo, nou te preche nou an, oubyen, si se pou nou resevwa yon lespri ki diferan ak sa nou te resevwa a, oubyen ankò, si se yon levanjil ki diferan ak sa nou te asepte a, nou sipòte yo byen pwòp.
- ⁵ Vrèmanvre, mwen pa konsidere mwen enferyè nan anyen ak apot ki swadizan siperyè yo.
- ⁶ Menm si langaj mwen òdinè, konesans mwen pa òdinè. Okontrè, tout jan, nan tout bagay, mwen menm ak lòt yo, nou demontre nou sa.
- ⁷ Oubyen tou, poutèt mwen te anonse nou levanjil Bondye a gratis, poutèt mwen te rabese tèt mwen pou Bondye te ka leve nou, èske se yon peche mwen te fè?
- ⁸ Se kòm si se piye mwen te piye lòt legliz, lè mwen resevwa salè nan men yo pou mwen sèvi nou.
- ⁹ Menm lè mwen te lakay nou an, lè mwen te nan nesesite, mwen pa t sou kont pèsounn. Paske, frè ki te sot Masedwàn yo te ban mwen tout sa mwen te bezwen. Mwen veye tèt mwen nan tout bagay pou mwen pa yon chay pou nou, e m ap kontinye veye.
- ¹⁰ Se verite Kris la ki nan mwen. Donk, moun pa ka fè mwen sispann fè lwanj sa a nan zòn Akayi.
- ¹¹ Poukisa atò? Èske se paske mwen pa renmen nou? Bondye konnen!
- ¹² Men, sa mwen fè a, m ap toujou fè l. Konsa, mwen koupe okazyon pou moun ki ta renmen yon okazyon pou zòt konsidere, kòm kwa se menm lwanj y ap fè avèk nou.
- ¹³ Epoutan, moun konsa, se fo apot yo ye, ouvriye rize k ap fè tèt yo pase pou apot Kris!
- ¹⁴ E, sa pa yon sezisman, paske, menm Satan fè tèt li pase pou zanj limyè.
- ¹⁵ Donk, si sèvitè l yo ap fè tèt yo pase pou sèvitè jistis tou, se pa yon gwo afè. Y ap fini nan pye travay yo.
- ¹⁶ M ap di l ankò: Pinga pèsounn panse mwen fou. Osinon, se pou nou asepte m tankou moun fou, dekwa pou mwen menm tou, mwen ka fè yon ti lwanj pou tèt mwen.
- ¹⁷ Lè mwen pale avèk asirans sa a pou mwen fè lwanj pou tèt mwen, se pa dapre Senyè a, m ap pale. Men, mwen pale an moun fou.
- ¹⁸ Kòm anpil moun ap fè lwanj pou tèt yo dapre lachè, ebyen, m ap fè lwanj pou tèt mwen tou.
- ¹⁹ Dayè, se moun saj nou ye, nou byen kontan sipòte moun fou!

20 Vrèmanvre, si se yon moun k ap fè nou esklav li, si se yon moun k ap piye nou, si se yon moun k ap resevwa nan men nou, si se yon moun k ap fè awogan, si se yon moun k ap frape nou nan figi, nou sipòte l.

21 Mwen wont di sa: Genlè se mwen menm ak lòt yo ki te sitirè! Ebyen, kite m pale an moun fou: Nenpòt lwanj yon moun ka oze fè, mwen ka oze fè l tou.

22 Se Ebre yo ye? Mwen menm tou! Yo se Izrayelyen? Mwen menm tou! Yo se desandan Abraam? Mwen menm tou!

23 Yo se sèvitè Kris? Kite m pale an moun ki deraye: Mwen pi sèvi l pase yo! Nan travay? Pi plis! Nan kout raso? Se depase mezi! Nan pran prizon? Pi plis! Nan manke mouri? Se tout tan!

24 An senk fwa, mwen resevwa rakle karant-kou-mwens-youn nan nan men Juif yo.

25 Mwen pran baton twa fwa. Moun kalonnen m wòch yon fwa. Bato fè nofraj avèk mwen an twa fwa. Mwen pase yon jou, yon nuit nan labim.

26 Se tout tan, m ap vwayaje. Mwen pase danje rivyè, danje nan mitan vòlè, danje nan men moun ras mwen, danje nan men moun lòt nasyon, danje nan vil, danje nan dezè, danje nan lanmè, danje nan mitan fo frè.

27 Mwen travay, mwen trimen. Se tout tan, m ap pase nuit, mwen anba grangou ak swaf, mwen nan jèn, mwen anba fred, epi mwen san rad.

28 San konte lòt bagay, chak jou, tèt-chaje tout legliz yo ap toumante mwen.

29 Ki moun ki fèb, epi pou mwen pa fèb tou? Ki moun ki chite, epi pou mwen pa boule nan kè m.

30 Si mwen dwe fè lwanj, se pou bagay ki montre jan mwen fèb, m ap fè lwanj.

31 Sila ki Bondye epi ki Papa Senyè Jezi Kris la, sila ki beni pou letènite a, li konnen mwen p ap bay manti.

32 Nan Damas, gouvènè wa Aretas la te fè veye vil moun Damas yo. Li te vle arete mwen.

33 Men, yo mete m nan yon panye, yo file m anba nan yon fenèt nan miray la. E, se konsa mwen chape anba men l.

2 Korentyen 12

1 Vrèmanvre, fè lwanj pa itil mwen anyen. Kanmenm, m ap vin sou vizyon ak revelasyon Senyè a te bay.

2 Mwen konnen yon nonm ki nan Kris. Sa fè katòzan, li te transpòte jis nan twazyèm syèl. Kit se te avèk kò li, mwen pa konnen. Kit se te san kò li, mwen pa konnen. Se Bondye ki konnen.

- ³ Men, mwen konnen nonm sa a te transpòte jis nan paradi. Kit se te avèk kò li, mwen pa konnen. Kit se te san kò li, mwen pa konnen. Se Bondye ki konnen.
- ⁴ Misye tande pawòl moun pa ni ka di, ni an dwa pale.
- ⁵ M a fè lwanj yon moun konsa. Men, pou tèt pa m, mwen pa ka fè lwanj, esepite pou feblès mwen yo.
- ⁶ Vrèmanvre, menm si mwen ta vle fè lwanj pou tèt mwen, mwen pa t ap yon moun fou, paske se laverite mwen t ap di. Men, mwen evite sa, dekwa pou kèk moun pa konsidere mwen plis pase sa yo wè mwen ye, oubyen plis pase sa yo tande sou mwen.
- ⁷ Epi, pou mwen pa vante tèt mwen akòz gwosè revelasyon sa yo, Bondye ban mwen yon pikan nan kò m, yon zanj Satan pou souflete m, pou mwen ka pa vante tèt mwen.
- ⁸ An twa fwa, mwen sipliye Senyè a pou li fè l pati sou mwen.
- ⁹ Men, Senyè a di mwen: «Gras mwen ase pou ou. Paske, pisans mwen total nan feblès.» Donk, avèk anpil kontanman, mwen pito fè lwanj feblès mwen yo, dekwa pou pisans Kris ka ret poze sou mwen.
- ¹⁰ Se poutèt sa, mwen pran plezi anba feblès, anba jouman, anba nesesite, anba pèsekisyon, nan detrès m ap sibi pou Kris. Paske, lè mwen fèb, se atò mwen fò.
- ¹¹ Fè lwanj fè m vin fou! Men, se nou menm ki fòse m. Paske, se nou ki te dwe rekòmande mwen. Vrèmanvre, malgre mwen pa anyen, mwen pa enferyè nan anyen ak apot ki swadizan siperyè yo.
- ¹² Siy ki montre yon moun apot, se mirak-siy, mèvèy, ak mirak. Mwen te demontre yo devan nou ak tout pasyans mwen.
- ¹³ Vrèmanvre, nan kisa nou enferyè ak lòt legliz yo? Petèt se sèlman paske mwen pa t sou kont nou! Ebyen, padone m pou enjistis sa a!
- ¹⁴ Gade! Sa fè twazyèm fwa mwen pare pou mwen al lakay nou. E, mwen pa t sou kont nou, paske se nou menm, mwen vle, se pa afè nou. Dayè, se paran ki fè ekonomi pou pitit, se pa pitit ki fè ekonomi pou paran.
- ¹⁵ Menm si, plis mwen renmen nou se mwens nou renmen mwen, men, mwen menm, m ap byen kontan depanse pou nanm nou. Menm tèt mwen, m a depanse.
- ¹⁶ Dapre nou menm, menm si se vre, mwen pa t sou kont nou, men, an bon mètdam, mwen pran nou ak riz!
- ¹⁷ Èske mwen sèvi ak okenn nan moun mwen te voye lakay nou yo pou mwen eksplwate nou?

18 Mwen te ankouraje Tit ale lakay nou, e, mwen te voye frè a avèk li. Èske Tit te eksplwate nou? Li menm avèk mwen, èske se pa ak menm Lespri a nou mache? Èske se pa nan menm siyon yo nou mache?

19 Nou mèt panse ankò, se defann, mwen menm ak lòt yo, n ap defann tèt nou devan nou. Men, se nan Kris, devan Bondye, nou pale. Byenneme, tout bagay sa yo nou di a, se pou nou ka edifye nou.

20 Paske, mwen pè pou lè m vini, pou petèt mwen ta jwenn nou jan mwen pa vle nou ye a epi pou nou ta jwenn mwen jan nou pa vle mwen ye a. Mwen pè pou se pa kont, jalouzi, fache, anbisyon, medizans, tripotay, ògèy, ak dezòd ki genyen.

21 Mwen pè, lè m vini, pou Bondye m nan pa rabese m ankò devan nou. Mwen pè pou se pa kriye, mwen kriye pou anpil moun ki te peche anvan sa, moun ki t ap viv nan salte, nan imoralite ak nan libètinaj, men, ki pa janm repanti anba bagay sa yo.

2 Korentyen 13

1 Sa fè twazyèm fwa m ap vin lakay nou. Tout afè ap regle sou depozisyon de oubyen twa temwen.

2 Lè mwen te la dezyèm fwa a, mwen te avèti ni moun ki te peche anvan sa a, ni tout lòt yo. Kounye a, mwen pa la, m ap ekri yo pou mwen avèti yo: Si mwen vini ankò, mwen p ap menaje yo.

3 Kòm n ap chèche prèv se Kris ki pale nan mwen, se va prèv la. Kris pa fèb parapò ak nou, men, li pisan nan nou.

4 Vrèmanvre, menm si yo te krisifye l akòz feblès, li vivan grasa pisans Bondye. Dayè, mwen menm ak lòt yo tou, nou fèb nan li, men, grasa pisans Bondye, n a viv avèk li pou nou menm, Korentyen.

5 Egzamine tèt nou pou nou wè si nou nan lafwa! Fè tèt nou yon tès. Oubyen, èske nou pa rekonèt poukont nou, Jezi Kris nan nou? Li la, amwenske nou pa pase nan tès la.

6 Men, mwen espere n ap konnen, mwen menm ak lòt yo, nou pase nan tès la.

7 Nou priye Bondye pou nou menm, Korentyen, nou pa fè anyen ki mal. Nou pa priye pou, mwen menm ak lòt yo, nou parèt kòm si nou pase tès la. Men, nou priye pou, nou menm, Korentyen, nou fè sa ki byen, menm si li parèt kòm si mwen menm ak lòt yo pa pase tès la.

⁸ Dayè, se pa kont verite a nou gen fòs, men, se pou verite a.

⁹ Vrèmanvre, lè nou fèb epi nou menm, Korentyen, nou fò, ebyen, mwen menm ak lòt yo, nou nan lajwa. E, se sa ki priyè nou tou, ki vle di, pou Bondye fòme nou menm, Korentyen yo.

¹⁰ Se poutèt sa m ap ekri bagay sa yo pandan mwen pa la. Konsa, lè mwen la, mwen p ap bezwen sevè lè mwen trete nou dapre otorite Senyè a ban m nan, yon otorite pou edifye, men, pa pou kraze.

¹¹ Anfen, frè mwen yo, se pou nou nan lajwa, se pou nou repare tèt nou, se pou nou ankouraje tèt nou, se pou nou gen menm santiman, se pou nou viv nan lapè, epi Bondye ki gen lamou ak lapè a va avèk nou.

¹² Se pou nou youn salye lòt avèk bo, tankou sen dwe salye. Tout sen yo voye salye nou.

¹³ Se pou gras Senyè Jezi Kris, lamou Bondye, ak kominyon Lespri Sen an avèk nou tout. Amèn.

Galat

Galat 1

- 1** Mwen menm, apot Pòl -- se pa ni dapre desizyon lèzòm, ni grasa yon moun mwen apot, men se grasa Jezi Kris ak Bondye Papa a ki te resisite li pami mò yo --
- 2** wi, mwen menm ak tout frè ki avèk mwen yo! Nou menm legliz ki nan Galasi yo,
- 3** se pou gras ak lapè ki soti nan Bondye Papa a ak nan Senyè nou Jezi Kris avèk nou.
- 4** Se Jezi Kris ki te bay tèt li pou peche nou yo, dapre volonte Bondye Papa nou, dekwa pou li te ka retire nou anba tan mechanste sa a.
- 5** Glwa pou Bondye pou letan e pou letènite. Amèn.
- 6** Mwen sezi dèske nou gentan kite sila ki te rele nou nan gras Kris la, pou nou chanje al nan yon lòt levanjil ki pa yon levanjil vre.
- 7** Sèlman, gen kèk moun k ap boulvèse nou epi ki vle gate levanjil Kris la.
- 8** Ebyen, menm si se nou menm oubyen yon zanj nan syèl ki ta anonse nou yon lòt levanjil pase levanjil nou te anonse nou an, anatèm pou li!
- 9** Menm jan nou te di l deja a, m ap di l ankò kounye a: Si yon moun anonse nou yon lòt levanjil pase sa nou te resevwa a, anatèm pou li!
- 10** Alò kounye a, èske se favè lèzòm m ap chèche oubyen se favè Bondye? Èske se lèzòm m ap chèche fè plezi? Paske, si se lèzòm mwen t ap fè plezi toujou, ebyen, se pa sèvitè Kris mwen ta ye.
- 11** M ap fè nou konnen sa, frè mwen yo: Levanjil mwen te anonse nou an pa soti nan men moun.
- 12** Paske, mwen menm, mwen pa t ni resevwa l, ni aprann li nan men moun. Okontrè! Mwen resevwa l grasa yon revelasyon Jezi Kris.
- 13** Vrèmanvre, nou tandè ki konpòtman mwen te genyen lè mwen te nan relijyon Juif yo. Mwen te lage nan pèsekite legliz Bondye a. Mwen t ap ravaje l.
- 14** Mwen te tèlman zele pou tradisyon zansèt mwen yo, mwen te pi avanse nan relijyon Juif yo pase anpil moun ras mwen ki te menm laj avèk mwen.
- 15** Men, Bondye te mete m apa depi nan vant manman m. Li te rele m nan gras li.
- 16** E, lè sa te fè l plezi pou li revele m Pitit li a, dekwa pou mwen te ka anonse l bay lòt nasyon yo, lè sa a, mwen pa t konsilte ni chè, ni san.

- ¹⁷ Nonplis tou, mwen pa t monte Jerizalèm al kote moun ki te apot anvan m yo. Okontrè, mwen pati Arabi, epi mwen retounen Damas ankò.
- ¹⁸ Apre twazan, mwen monte Jerizalèm al vizite Pyè. Mwen pase kenz jou avèk li.
- ¹⁹ Men, mwen pa t wè okenn nan lòt apot yo, esepite Jak, frè Senyè a.
- ²⁰ Bagay m ap ekri nou la a, gade! Devan Bondye, se pa manti m ap bay.
- ²¹ Apre sa, m ale nan zòn Siri ak Silisi.
- ²² Men, legliz Kris yo ki nan Jide pa t konnen figi m.
- ²³ Sèl sa yo te tande sèke «Nonm ki te konn ap pèsekite nou an, se li kounye a k ap anonse levanjil lafwa, li te konn ap ravaje a.»
- ²⁴ Konsa, yo t ap bay Bondye glwa akòz mwen menm.

Galat 2

- ¹ Apre sa, sou katòzan, mwen monte Jerizalèm ankò, mwen menm ak Banabas. Mwen te mennen Tit avèk mwen tou.
- ² E, mwen monte akòz yon revelasyon. M al apa ak moun ki resevwa konsiderasyon yo. Epi, mwen mete levanjil m ap preche lòt nasyon yo devan yo, dekwa pou se pa pou anyen m ap fè kous la oubyen mwen t ap fè kous la.
- ³ Okontrè, menm Tit ki te avèk mwen, malgre se Grèk li ye, yo pa t fòse l sikonsi,
- ⁴ atout fo frè ki t ap fofile kò yo pami nou. Yo te glise kò yo nan mitan nou pou yo te ka espyonnen nou nan libète nou genyen nan Kris la, pou yo te ka fè nou esklav.
- ⁵ Nou pa sede devan yo, pa menm yon kadè, kòm si pou n ta soumèt. Tout sa, se dekwa pou verite levanjil la te ka kontinye pami nou, an Galasi.
- ⁶ Pou moun ki resevwa konsiderasyon kòm si yo te kichòy yo... (Alò, nenpòt sa yo te ye a pa gen enpòtans pou mwen. Bondye pa gade sou figi moun.) Vrèmanvre, moun ki resevwa konsiderasyon yo pa t ajoute anyen anplis.
- ⁷ Okontrè! Yo wè Bondye konfye m levanjil la pou ensikonsi yo, menm jan li te konfye Pyè levanjil la pou sikonsi yo.
- ⁸ Vrèmanvre, sila ki travay nan Pyè ki fè l apot pou sikonsi yo, se li menm ki travay nan mwen tou ki fè m apot pou lòt nasyon yo.
- ⁹ E, moun, yo konsidere kòm poto yo, Jak, Sefas ak Jan, rekonèt gras Bondye te ban m nan. Epi, yo bay mwen menm ak Banabas lamèn kòm asosye, dekwa pou nou menm, nou travay pami lòt nasyon yo epi pou yo menm, yo travay pami sikonsi yo.

- ¹⁰ Yon sèl bagay, fòk nou te toujou sonje pòv yo. E, mwen fè tout efò mwen, pou m fè sa.
- ¹¹ Men, lè Pyè vini Antyòch, mwen fè l opozisyon nan figi l, paske li te antò.
- ¹² Vrèmanvre, anvan kèk moun ki te sot kote Jak te vini, Pyè te konn manje ak moun lòt nasyon yo. Men, lè moun yo vini, li pran fè bak, li kòmanse separe tèt li avèk yo, paske li te pè moun sikonsi yo.
- ¹³ Lòt Juif yo vin nan ipokrizi a avèk li tou. Epi konsa, yo charye menm Banabas nan ipokrizi yo a.
- ¹⁴ Alò, lè mwen wè yo pa t ap mache dwat dapre verite levanjil la, mwen di Pyè devan tout moun: Si ou menm ki Juif se tankou moun lòt nasyon yo w ap viv, ou p ap viv tankou Juif, poukisa atò pou w ap fòse moun lòt nasyon yo viv tankou Juif?
- ¹⁵ Nou menm, nou fèt tou Juif. Nou pa t fèt pami lòt nasyon ki swadizan pechè yo.
- ¹⁶ Menm nou menm, nou konnen se pa dapre zèv lalwa, Bondye jistifye yon moun, men, se dapre lafwa l nan Jezi Kris. Kifè, nou te kwè nan Kris tou, pou Bondye te ka jistifye nou dapre lafwa nou nan Kris, men, pa dapre zèv lalwa. Paske, Bondye pa jistifye pèsonn moun dapre zèv lalwa.
- ¹⁷ Bon, si nan chèche pou Bondye jistifye nou nan Kris, nou jwenn nou menm tou, se pechè nou ye, èske Kris ap sèvi kòz peche pou sa? Non, jamè!
- ¹⁸ Paske, si mwen detui yon bagay epi mwen rebati l ankò, ebyen, mwen demontre se vyole mwen te vyole lalwa.
- ¹⁹ Paske, mwen menm, se grasa lalwa ki fè mwen mouri parapò ak lalwa, dekwa pou mwen ka viv pou Bondye.
- ²⁰ Yo te krisifye m ansanm ak Kris. M ap viv, men, se pa mwen menm ankò k ap viv, se Kris k ap viv nan mwen. Malgre se nan yon kò m ap viv kounye a, m ap viv ak lafwa nan Pitit Bondye a ki te renmen mwen epi ki te livre tèt li pou mwen.
- ²¹ Mwen pa anile gras Bondye. Paske, si se grasa lalwa, Bondye jistifye moun, ebyen, Kris mouri pou granmesi.

Galat 3

- ¹ Moun Galasi, ala nou sòt! Mwen te pwoklame Jezi Kris pami nou, jan yo te krisifye l la. Kilès ki vire lòlòj nou ki fè nou sispann obeyi verite a?
- ² Men sèl bagay mwen ta vle aprann nan men nou: Èske se poutèt nou te fè zèv lalwa, ki fè nou te resevwa Lespri a, oubyen, èske se poutèt nou te kwè yon mesaj?

- ³ Se konsa nou sòt? Nou kòmanse nan Lespri a, epi kounye a, se nan lachè nou vle fini?
- ⁴ Èske se pou anyen nou te soufri tout bagay sa yo? Si se ta pou anyen vre,
- ⁵ ebyen, sila ki founi nou Lespri a epi ki fè mirak yo pami nou an, èske se poutèt nou te fè zèv lalwa, li te fè sa, oubyen, èske se poutèt nou te kwè yon mesaj?
- ⁶ Pou Abraam, se menm bagay. Li kwè nan Bondye. E, Bondye konsidere sa tankou jistis pou li.
- ⁷ Donk, se pou nou rekonèt sa: Moun ki gen lafwa, se yo menm ki pitit Abraam.
- ⁸ Lekriti te prevwa Bondye t ap jistifye lòt nasyon yo dapre lafwa. Konsa, li anonse Abraam bon nouvèl la davans. Li di: «Tout nasyon yo ap beni nan ou menm.»
- ⁹ Kifè, Bondye beni moun ki gen lafwa yo ansanm ak Abraam ki te gen lafwa.
- ¹⁰ Vrèmanvre, tout moun k ap konte sou fè zèv lalwa, yo anba yon malediksyon. Paske, men sa ki ekri: Malediksyon sou tout moun ki pa kontinye ap fè tout sa ki ekri nan liv lalwa a.
- ¹¹ Dayè, li klè, Bondye p ap jistifye pèsonn dapre lalwa, paske, yon moun ki jis, se grasa lafwa li va viv.
- ¹² Alòske, lalwa pa depann de lafwa, men, li depann de pawòl sa a: Moun ki fè bagay sa yo, se grasa yo menm y ap viv.
- ¹³ Kris vin yon malediksyon nan plas nou. Vrèmanvre, men sa ki ekri: Malediksyon pou tout moun, yo pann sou yon bwa. Konsa, Kris rachte nou anba malediksyon lalwa a,
- ¹⁴ dekwa pou se nan Kris, moun lòt nasyon yo jwenn benediksyon Abraam nan, e dekwa tou pou se grasa lafwa, nou resevwa pwomès Lespri a.
- ¹⁵ Frè mwen yo, m ap pran yon koutim lèzòm. Menm lè se yon moun ki fè yon testaman, depi yo ratifye l, pèsonn pa ka ni kase l, ni amande l.
- ¹⁶ Bon, se pou Abraam ak pou desandans li a, Bondye te fè pwomès yo. Li pa di «ak pou desandans li yo», kòmsi yo ta plizyè. Okontrè, kòm se yon sèl, li di «ak pou desandans li a», sa vle di, Kris.
- ¹⁷ Men sa m vle di: Yon testaman Bondye te ratifye davans nan Kris, yon lwa ki parèt katsantrantan apre pa ta ka anile l jis pou l ta detui pwomès la.
- ¹⁸ Paske, si eritaj la te depann de lalwa, li pa t ap depann de pwomès ankò. Alòske, Abraam, li menm, se grasa yon pwomès, Bondye te fè l gras.

¹⁹ Donk, poukisa te gen lalwa? Bondye te ajoute l akòz vyolasyon ki te genyen, pou jis lè desandans lan vini. Li te pwoklame l grasa yon zanj, pa mwayen yon medyatè.

²⁰ Bon, yon medyatè pa la pou yon sèl pati, alòske, Bondye, li menm, li se yon sèl.

²¹ Donk, èske lalwa kont pwomès Bondye yo? Non, jamè! Vrèmanvre, si Bondye te bay yon lwa ki ta kapab bay lavi, lè sa a, moun ta jis dapre lalwa.

²² Okontrè, Lekriti fè tout bagay vin prizonye peche, dekwa pou se dapre lafwa yo nan Jezi Kris, Bondye bay moun ki gen lafwa yo pwomès la.

²³ Anvan lafwa te vini, se lalwa ki t ap veye nou; nou te prizonye l pou jis lafwa ki t apral vini an te parèt.

²⁴ Konsa, lalwa te yon siveyan ki te pou mennen nou bay Kris, dekwa pou Bondye te ka jistifye nou dapre lafwa.

²⁵ Men, lafwa vini. Donk, nou pa anba siveyan sa a ankò.

²⁶ Paske, se pitit Bondye nou tout ye, grasa lafwa nou nan Jezi Kris.

²⁷ Vrèmanvre, nou tout ki te batize nan Kris, nou te abiye tèt nou ak Kris.

²⁸ Pa gen ni Juif ni Grèk. Pa gen ni esklav ni moun lib. Pa gen ni gason ni fi. Paske, nou tout se youn nan Jezi Kris.

²⁹ Epitou, si se pou Kris nou ye, donk, se desandans Abraam nan nou ye tou. E, dapre pwomès la, nou se eritye.

Galat 4

¹ Men sa m ap di: Toutotan yon eritye timoun, malgre se li ki mèt tout bagay, pa gen okenn diferans ant li menm ak yon esklav.

² Okontrè, li anba sipèvizè ak administratè, jiskaske tan papa l te fikse a rive.

³ Se konsa sa ye pou nou menm tou. Lè nou te timoun, nou te esklav bagay preliminè monn nan.

⁴ Men, lè tan an te akonpli, Bondye voye Pitit li a. Se yon fi ki te fè l, e li te fèt sou lalwa.

⁵ Bondye voye l, dekwa pou li te ka rachte moun ki anba lalwa yo, pou nou te ka resevwa adopsyon an.

⁶ E, paske se pitit li nou ye, Bondye voye Lespri Pitit li a nan kè nou. L ap rele: Aba! O Papa!

⁷ Konsa, ou pa esklav ankò, ou se pitit. E, si se pitit ou ye, ou se eritye Bondye, grasa Kris.

- ⁸ Epoutan, anvan sa, lè nou pa t konnen Bondye, nou te esklav bondye ki pa vrè Bondye yo.
- ⁹ Men, kounye a, nou konnen Bondye, oubyen, Bondye konnen nou pito. Donk, kòman nou fè ap retounen nan bagay ki preliminè, bagay ki fèb, ak bagay ki mizerab, jis pou nou vle vin esklav yo ankò?
- ¹⁰ Se jou, se mwa, se epòk, se ane n ap obsève.
- ¹¹ Mwen pè pou nou, pou se pa pou anyen mwen te redi travay pami nou.
- ¹² M ap sipliye nou, frè mwen yo: Se pou nou tankou m, menm jan, mwen menm, mwen tankou nou. Se pa anyen mal nou fè m.
- ¹³ Men, nou konnen se grasa yon maladi nan kò m, ki fè mwen te anonse nou levanjil la pou premye fwa.
- ¹⁴ E, nou pa t ni meprize m, ni avili m poutèt eprèv mwen te genyen nan kò m nan. Okontrè, se tankou yon zanj Bondye, tankou Jezi Kris li menm, nou te resevwa m.
- ¹⁵ Kisa ki te benediksyon pou nou lè sa a? Paske, mwen ka bay temwayaj sa a sou nou: Lè sa a, si sa te posib, menm je nou, nou ta rache pou nou ban mwen.
- ¹⁶ Èske, kounye a, se lènmi nou mwen tounen poutèt mwen di nou laverite?
- ¹⁷ Yo devwe pou nou yon jan ki pa byen. Okontrè menm, se separe yo vle separe nou avèk mwen, dekwa pou nou ka devwe pou yo.
- ¹⁸ Se byen, pou moun devwe pou sa ki byen; men, fòk se tout tan, se pa lè m la sèlman.
- ¹⁹ Pitit mwen yo, se tankou mwen gen tranche ankò pou nou, jis Kris fin pran fòm nan nou.
- ²⁰ Ala renmen mwen ta renmen la kote nou kounye a epi chanje jan m ap pale a! Paske, mwen twouble akòz nou menm.
- ²¹ Men, di m non, nou menm sa yo ki vle anba lalwa: Èske nou pa koute sa lalwa di?
- ²² Vrèmanvre, sa ki ekri ladan l sèke Abraam te genyen de pitit gason, youn ak fi ki te esklav la, youn ak fi ki te lib la.
- ²³ Men, pa fi ki te esklav la te fèt dapre lachè, alòske pa fi ki te lib la te fèt dapre pwomès la.
- ²⁴ Bagay sa yo se yon parabòl. Paske, fi sa yo se tankou de alyans yo. Youn se sa Mòn Sinayi a, sa ki fè pitit nan esklavaj la, sa vle di Aga.
- ²⁵ Vrèmanvre, Aga se Mòn Sinayi ann Arabi. Li koresponn ak Jerizalèm kounye a ki nan esklavaj ansanm ak pitit li yo.

- ²⁶ Men, Jerizalèm anwo nan syèl la, li menm, li lib. Se li ki manman nou tout.
- ²⁷ Vrèmanvre, men sa ki te ekri: Ou menm ki pa kapab fè pitit la, ou mèt rejwi! Ou menm ki pa gen tranche, ou mèt ri! Rele! Paske, fi ki te tankou tè sèk la, pitit li yo ap anpil, Y ap pi plis pase pa fi ki gen mari a.
- ²⁸ Men, nou menm, frè mwen yo, nou se pitit pwomès, menm jan ak Izaak.
- ²⁹ Men tou, menm jan, lè sa a, pitit ki te fèt dapre lachè a t ap pèsekite sa ki te fèt dapre Lespri a, se konsa sa ye tou kounye a.
- ³⁰ Epoutan, kisa Lekriti di? Li di: «Mete esklav la ak pitit li a deyò. Paske, pitit gason fi ki esklav la p ap eritye ansanm ak pitit gason fi ki lib la.»
- ³¹ Kifè, frè mwen yo, nou pa pitit fi ki esklav la, nou se pitit fi ki lib la.

Galat 5

- ¹ Kris libere nou pou nou ka gen libète. Kenbe fèm. Pa antòtye tèt nou ankò nan jouk esklavaj.
- ² Gade! Mwen menm Pòl, m ap di nou sa: Si nou fè yo sikonsi nou, Kris p ap vo anyen pou nou.
- ³ M ap deklare sa ankò pou tout moun k ap fè yo sikonsi yo: Si se sa, fòk yo fè tout sa lalwa di tou.
- ⁴ Nou menm k ap chèche pou lalwa jistifye nou an, ebyen, nou lib parapò ak Kris, nou chwe lwen lagras.
- ⁵ Paske, pou nou menm, se nan Lespri a, se dapre lafwa n ap tann jistis nou espere a.
- ⁶ Paske, nan Jezi Kris, sa ki gen fòs, se pa ni sikonsi, ni pa sikonsi, men se lafwa ki travay grasa lamou an.
- ⁷ Nou t ap kouri byen. Kilès ki rete nou ki fè nou sispann obeyi verite a?
- ⁸ Se pa sila ki rele nou an ki pran tèt nou konsa.
- ⁹ Se yon ti kras ledven ki fè tout pat la leve!
- ¹⁰ Nou p ap panse okenn lòt jan tou. Mwen menm, mwen fè nou konfyans sa a nan Senyè a. Men tou, moun k ap boulvèse nou an, nenpòt kilès li ye, l ap sibi jijman an.
- ¹¹ Mwen menm, frè mwen yo, si se sikonsizyon m ap preche toujou, poukisa y ap pèsekite m toujou? Paske, lè sa a, sa t ap anile pyè d achopman ki nan kwa a.
- ¹² Moun k ap boulvèse nou yo, pito yo te tou chatre tèt yo.

¹³ Paske, nou menm, frè mwen yo, Bondye te rele nou pou nou ka gen libète. Sèlman, pa fè libète a tounen yon pretèks pou lachè. Okontrè, se pou nou youn sèvi lòt nan lamou.

¹⁴ Paske, tout lalwa akonpli nan yon sèl pawòl, nan pawòl sa a: Ou va renmen pwochen ou, menm jan ou renmen tèt ou.

¹⁵ Men, si nou youn ap mòde lòt epi nou youn ap devore lòt, fè atansyon pou nou youn pa tou detui lòt.

¹⁶ Men, mwen di nou sa: Mache nan Lespri a, epi nou p ap akonpli dezi lachè ditou.

¹⁷ Paske, lachè gen dezi ki kontrè ak dezi Lespri a. E Lespri a gen dezi ki kontrè ak dezi lachè. Yo ann opozisyon, youn ak lòt, dekwa pou sa nou ta vle fè, nou pa ka fè yo.

¹⁸ Men, si se Lespri a k ap dirije nou, nou pa anba lalwa.

¹⁹ Travay lachè yo menm, yo klè. Men yo: Adiltè, imoralite, salte, libètinaj,

²⁰ idolatri, maji, fè lènmi, fè kont, jalouzi, fache, anbisyon, divizyon, patipri,

²¹ anvi, asasinay, bwè tafya, banbòch epi bagay ki menm jan ak sa yo. M ap avèti nou, menm jan mwen te deja avèti nou an: Moun k ap fè bagay sa yo p ap eritye wayòm Bondye a.

²² Men, fwi Lespri a se lamou, lajwa, lapè, pasyans, bonte, byenveyans, lafwa,

²³ dousè, disiplin moral. Pa gen lwa ki kontrè ak bagay sa yo.

²⁴ Men tou, yon moun ki pou Kris, li krisifye lachè ansanm avèk pasyon li yo ak dezi li yo.

²⁵ Si n ap viv nan Lespri a, se nan Lespri a tou, pou nou kondi tèt nou.

²⁶ Pa tonbe fè granpanpan, jis pou youn ap fawouche lòt epi pou youn ap anvyè lòt.

Galat 6

¹ Frè mwen yo, menm si yo bare yon moun nan yon fot, nou menm, Lespri a ap dirije, se pou nou drese yon moun konsa avèk yon lespri dousè. Epi, veye tèt nou pou nou pa tonbe nan menm tantasyon an.

² Nou youn dwe ap pote chay lòt. E, konsa, n a akonpli lwa Kris la.

³ Paske, si yon moun panse li se kichòy, alòske li pa anyen vre, se tèt li l ap twonpe.

- ⁴ Men, se pou chak moun egzamine travay pa yo. Lè sa a, y a vante tèt yo parapò ak pwòp tèt yo, men, pa parapò ak lòt moun.
- ⁵ Paske, chak moun dwe pote fado pa yo.
- ⁶ Men, moun y ap anseye pawòl la dwe pataje tout bon bagay ak moun k ap anseye l la.
- ⁷ Pa twonpe tèt nou. Moun pa ka betize ak Bondye. Vrèmanvre, sa yon moun simen, se sa l ap rekòlte tou.
- ⁸ Paske, moun k ap simen pou pwòp chè yo, se pouriti y ap rekòlte nan chè a. Moun k ap simen pou Lespri a, se lavi etènèl y ap rekòlte nan Lespri a.
- ⁹ Men, annou pa bouke fè byen. Paske, si nou pa febli, n ap rekòlte nan tan ki fikse a.
- ¹⁰ Donk, toutotan nou gen okazyon, annou travay pou nou fè byen pou tout moun, sitou pou moun ki manm fanmi nou nan lafwa.
- ¹¹ Gade ak ki gwosè lèt m ap ekri nou. Se ak pwòp men mwen, m ap ekri nou.
- ¹² Moun k ap fòse nou sikonsi yo, se moun ki vle fè granchire nan lachè. E, tout sa, se sèlman pou yo ka pa pèsekite yo pou kwa Kris la.
- ¹³ Paske, moun ki sikonsi sa yo, menm yo menm, yo pa obsève lalwa. Alò, yo vle nou sikonsi, dekwa pou yo ka vante tèt yo grasa kò nou.
- ¹⁴ Men, pou mwen menm, mwen p ap janm vante tèt mwen, sof si se ta pou kwa Senyè nou an, Jezi Kris. Grasa li, Bondye krisifye lemonn pou mwen, e li krisifye m parapò ak lemonn.
- ¹⁵ Paske, nan Kris, sa k gen fòs, se pa ni lè yon moun sikonsi, ni lè li pa sikonsi, men, se lè li yon nouvo kreyasyon.
- ¹⁶ E, moun ki va kondi tèt yo dapre prensip sa a, ebyen, lapè ak pitye avèk yo epi avèk Izrayèl Bondye a.
- ¹⁷ Apre sa, pinga pèsounn nui m. Paske, mwen pote mak Senyè Jezi nan kò m.
- ¹⁸ Frè mwen yo, gras Jezi Kris Senyè nou avèk lespri nou. Amèn!

Efezyen

Efezyen 1

- 1** Pòl, apot Jezi Kris dapre volonte Bondye. Nou menm, sen yo ki Efèz epi ki fidèl nan Jezi Kris,
- 2** se pou gras ak lapè ki soti nan Bondye Papa nou ak nan Senyè Jezi Kris avèk nou.
- 3** Benediksyon pou sila ki Bondye epi ki Papa Senyè nou an, Jezi Kris, pou sila a ki te beni nou nan Kris ak tout kalite benediksyon esprityèl nan syèl la,
- 4** poutèt chwazi li te chwazi nou nan Kris, anvan li te kreye lemonn. Li te chwazi nou pou nou ka sen, pou nou ka san defo devan I nan lamou.
- 5** Li te deside davans pou li adopte nou kòm pitit li, grasa Jezi Kris, dapre bon plezi volonte li,
- 6** dekwa pou nou ka fè lwanj pou glwa ki nan gras li. E, li fè nou favè gras sa a nan sila ki se Byenneme a.
- 7** Nan Byenneme a, nou genyen redanmsyon grasa san li, nou genyen padon pou fot nou yo dapre richès gras li.
- 8** Li vide gras sa a sou nou dapre tout kalite sajès ak bonsans.
- 9** Konsa, li fè nou konnen mistè volonte li ki dapre bon plezi I. Li te planifye I nan li menm,
- 10** dekwa pou lè tan yo akonpli, li ka yon administrasyon, kote I ap fè Kris alatèt tout bagay. L ap alatèt ni bagay ki nan syèl, ni bagay ki sou latè.
- 11** Nan Kris, nou vin eritye tou. Sila a ki travay sou tout bagay dapre desizyon volonte I la, se li ki deside davans, selon plan li,
- 12** pou nou menm ki te met espwa nou davans nan Kris, nou sèvi pou nou fè lwanj pou glwa li.
- 13** Nan Kris, nou menm tou, lè nou te tande pawòl verite a, levanjil ki sove nou an, epi lè nou te kwè nan li, Bondye poze so a sou nou, ki se Lespri Sen li te pwomèt la.
- 14** Lespri Sen an se avalwa sou eritaj nou an, pou jis redanmsyon pwopriyete a rive, pou nou fè lwanj pou glwa li.
- 15** Se poutèt sa, mwen menm tou, lè mwen tande kòman nou gen lafwa nan Senyè Jezi epi kòman nou gen lamou pou tout sen yo,
- 16** mwen pa sispann rann gras pou nou. Wi, mwen nonmen non nou nan priyè mwen,

¹⁷ dekwa pou sila ki Bondye Jezi Kris, Senyè nou an, sila ki Papa a, ki laglwa a, ka ban nou yon lespri sajès, yon lespri revelasyon pou nou konnen li.

¹⁸ Kòm li te klere je kè nou, nou va konnen ki esperans ki genyen nan rele li te rele nou an, epi ki richès ki genyen nan glwa eritaj li, pami sen yo.

¹⁹ Epitou, nou va konnen ki grandè depase mezi ki genyen nan pisans li pami nou menm ki kwè, dapre travay fòs kouraj li.

²⁰ Li fè li travay nan Kris, lè li te resisite l pami mò yo. Epitou, li fè Kris chita adwat li nan syèl la,

²¹ sou tèt tout chèf, tout otorite, tout pisans, tout souvren, epi sou tèt tout non ki nonmen, pa sèlman nan tan kounye a, men nan tan ki pral vini an tou.

²² Epi ankò, Bondye soumèt tout bagay anba pye Kris. E, se li menm Bondye bay kòm tèt tout bagay nan legliz.

²³ Legliz se kò Kris. Li fè li total nan Kris, ki se sila a ki fè tout bagay total nan tout moun.

Efezyen 2

¹ Pou nou menm, moun lòt nasyon yo, nou te mouri nan fot ak nan peche.

² Nou t ap mache ladan yo dapre kouran monn sa a, dapre chèf pouvwa ki nan lè a, lespri k ap travay kounye a nan moun rebèl yo.

³ Nou menm Juif yo, nou te menm jan avèk yo tou. Gen yon lè, nou tout, nou te konpòte tèt nou dapre dezi chè nou, nou te fè sa chè nou ak lide nou vle, epi nan nati nou, nou te moun ki anba kòlè Bondye.

⁴ Men, Bondye rich nan pitye. Grasa gwo lamou ki fè l renmen nou an,

⁵ epi malgre nou te mouri nan fot nou yo, li ban nou lavi ansanm ak Kris. Wi, se akòz gras li, ki fè nou sove.

⁶ Epi, Bondye resisite nou ansanm ak Jezi Kris, li fè nou chita nan syèl la ansanm ak li.

⁷ Li fè sa, dekwa pou nan tan k ap vini an, li ka montre richès depase mezi ki genyen nan gras li, dapre bonte li pou nou, nan Jezi Kris.

⁸ Vrèmanvre, se akòz gras li, ki fè nou sove, grasa lafwa. E, sa pa soti nan nou menm, se kado Bondye.

⁹ Sa pa soti nan zèv, dekwa pou pèsonn pa vante tèt yo.

¹⁰ Paske, se chedè Bondye nou ye. Li kreye nou nan Jezi Kris, pou nou fè bon zèv. E, li te prepare yo davans, dekwa pou nou ka mache ladan yo.

11 Se poutèt sa, sonje gen yon lè, se moun lòt nasyon yo nou te ye dapre ras nou. Moun ki rele tèt yo «sikonsi» yo, moun sa yo, malgre se yon sikonsizyon nan kò yo genyen, yon sikonsizyon lèzòm fè, ebyen, se «ensikonsi» yo te rele nou.

12 Wi, sonje nan tan sa a, nou te san Kris, nou te san dwa pou nou sitwayen ann Izrayèl, epi nou te etranje parapò ak alyans pwomès la. Nou te san esperans, nou te san Bondye nan monn sa a.

13 Alòske, kounye a, nan Jezi Kris, nou menm ki te lwen Bondye, nou vin pre li, grasa san Kris.

14 Vrèmanvre, se li menm ki lapè nou. Se li ki fè de gwoup yo fè yon sèl epi ki vide miray zizani ki te separe yo a.

15 Nan kò li, li anile lalwa ansanm avèk kòmannman l yo ak dekrè l yo. Li fè sa, dekwa pou nan pwòp li menm, li ka kreye yon sèl moun nouvo avèk de gwoup yo, epi konsa, pou li fè lapè.

16 Li fè l tou, dekwa pou li ka rekonsilye yo ak Bondye, kote tou de fè yon sèl kò grasa kwa a. E, avèk sa, li elimine zizani an.

17 Epi, li vini, li anonse levanjil lapè a pou ni nou menm ki te pre yo, pou ni sa yo ki te lwen yo.

18 Paske, grasa li, nou menm, tou de gwoup yo, nou gen antre lib devan Papa a, nan yon sèl Lespri.

19 Donk, konsa, nou menm lòt nasyon yo, nou pa ni etranje, ni vizitè ankò. Okontrè, nou se sitwayen ansanm ak sen yo, nou se manm fanmi Bondye.

20 Bondye bati nou sou fondasyon apot yo ak pwofèt yo, kote se Jezi Kris, li menm, ki wòch prensipal la.

21 Nan li, tout pati nan bilding nan vin byen òganize, yo grandi pou yo vin yon tanp ki sen nan Senyè a.

22 Nan li, nou menm moun lòt nasyon yo, Bondye bati nou tou, pou nou vin mezon Bondye nan Lespri a.

Efezyen 3

1 Se pou rezon sa a, mwen menm Pòl, ki se prizonye Jezi Kris poutèt nou menm, moun lòt nasyon yo ...

2 Alò, mwen sipoze nou tandè se mwen Bondye bay administre gras li pou nou.

3 Ki vle di, Bondye fè m konnen mistè a nan revelasyon, menm jan mwen sot ekri kèk mo sou sa.

- ⁴ Lè nou li yo, n a kapab rekonèt jan mwen byen konprann mistè Kris la.
- ⁵ Nan lòt jenerasyon yo, Bondye pa t fè pitit lèzòm konnen li, menm jan kounye a li revele tèt li nan Lespri a bay apot li yo ak pwofèt li yo ki sen.
- ⁶ Sèke, nan Jezi Kris, moun lòt nasyon yo nan menm eritaj la, epi yo nan menm kò a, epi y ap pataje menm pwomès li yo, grasa levanjil la.
- ⁷ Se sèvitè levanjil sa a mwen vin ye, dapre don gras Bondye, don li ban mwen nan jan pisans li travay nan mwen.
- ⁸ Malgre se mwen ki gen mwens valè pase tout sen yo, Bondye ban mwen gras sa a, kòmkiwa pou m anonse moun lòt nasyon yo bon nouvèl sa a, ki se richès Kris la, yon richès moun pa ka egzamine,
- ⁹ epitou pou mwen mete aklè devan tout moun, jan Bondye administre mistè a. Depi letènite, li te kache nan Bondye, li menm ki kreye tout bagay grasa Jezi Kris.
- ¹⁰ Tout sa, se dekwa pou kounye a, grasa legliz, Bondye ka fè chèf ak otorite ki nan syèl yo konnen sajès li sou tout fòm li yo.
- ¹¹ E, sa se dapre plan li fè depi letènite nan Jezi Kris Senyè nou.
- ¹² Se nan li menm e grasa lafwa nan li, nou gen asirans pou nou antre lib devan Bondye avèk konfyans.
- ¹³ Se poutèt sa, m ap mande nou pou nou kenbe kè devan tribilasyon m ap sibi pou nou yo. Se glwa nou yo ye.
- ¹⁴ Se pou rezon sa a ki fè mwen met ajenou devan Papa Senyè nou Jezi Kris,
- ¹⁵ devan sila a ki bay tout fanmi ki nan syèl la ak sou tè a non yo.
- ¹⁶ Mwen priye dekwa, dapre richès glwa li, pou li ka ban nou favè pou li fòtifye nou avèk pisans, grasa Lespri li, nan fon kè nou,
- ¹⁷ epi favè pou Kris abite nan kè nou grasa lafwa. Mwen priye pou li ban nou rasin ak fondasyon nan lamou,
- ¹⁸ dekwa pou nou kapab byen konprann, ansanm ak tout sen yo, ni lajè, ni longè, ni pwofondè, ni wotè lamou Kris,
- ¹⁹ epi, dekwa pou nou kapab konnen lamou Kris, yon lamou ki depase tout konesans. Konsa, nou va total, jis nou rive total tout jan Bondye total la.
- ²⁰ Kounye a, sila a ki kapab fè pi plis pase tout bagay nou mande oubyen nou panse, dapre pisans k ap travay nan nou an,
- ²¹ glwa pou li nan legliz, nan Jezi Kris, pou tout jenerasyon, pou letan e pou letènite. Amèn!

Efezyen 4

- ¹ Donk, mwen menm ki se prizonye nan Senyè a, m ap ankouraje nou mache yon jan ki konfòm ak apèl nou te resevwa a.
- ² Mache avèk tout imilite nou ak tout dousè nou, epi avèk pasyans. Se pou youn sipòte pou lòt nan lamou.
- ³ Fè dilijans pou nou kenbe inyon Lespri a, kote se lapè ki mare nou ansanm.
- ⁴ Gen yon sèl kò ak yon sèl Lespri. Konsa tou, Bondye te rele nou pou sèl esperans ki nan apèl nou an.
- ⁵ Gen yon sèl Senyè, yon sèl lafwa, yon sèl batèm,
- ⁶ yon sèl ki Bondye epi ki Papa tout moun. Se li ki sou tèt tout moun, ki aji nan tout moun, epi ki nan nou tout.
- ⁷ Men, li bay nou chak gras, selon mezi don Kris la.
- ⁸ Se poutèt sa Lekriti di: Lè li monte anwo, Li mennen yon bann prizonye, Epi, li bay lèzòm don.
- ⁹ Men, kisa «li monte» a ye? Sa vle di: An premye, li te desann tou, nan pwofondè latè.
- ¹⁰ Sila ki te desann nan, se li menm tou ki te monte pi wo, pase tout bagay nan syèl la, dekwa pou li ka fè tout bagay vin total.
- ¹¹ Se li menm tou ki bay kèk moun kòm apot, kèk lòt kòm pwofèt, kèk lòt kòm evanjelis, kèk lòt ankò kòm pastè ak anseyan
- ¹² pou fòme sen yo pou travay ministè a e pou edifikasyon kò Kris la.
- ¹³ E, sa se pou jis nou tout, nou rive nan inyon lafwa ak konesans Pitit Bondye a, pou jis nou rive moun ki total, pou jis nou rive nan mezi devlopman, jan Kris total la.
- ¹⁴ Konsa, nou p ap timoun ankò, timoun nenpòt van ansèyman ap vòltije epi ap bwote, timoun mannigèt lèzòm ap twonpe nan koken ak nan riz.
- ¹⁵ Okontrè, n a di verite a nan lamou dekwa pou, nan tout bagay, nou grandi nan sila ki tèt la, ki vle di Kris.
- ¹⁶ Se nan li menm, tout pati kò a grandi pou li bati tèt li nan lamou. Li grandi nan mezi, chak pati fè travay pa yo. Paske, kò a byen òganize, byen sentre, grasa sipò chak jwenti.
- ¹⁷ Donk, men sa m ap di, men sa m ap temwaye nan Senyè a: Nou pa dwe mache ankò menm jan rès moun lòt nasyon yo ap mache, dapre lide yo ki vid.
- ¹⁸ Yo gen lespri fènwa. Paske, akòz pa gen konesans nan yo, epi akòz kè yo di, yo etranje parapò ak lavi Bondye.

- 19** Kòm yo san santiman, yo lage tèt yo nan libètinaj dekwa pou yo ka saf nan fè tout kalite salte.
- 20** Men, nou menm, se pa konsa yo te aprann nou Kris.
- 21** Alò, sa, se si nou te tandè pale de li vrèmanvre, epi se si yo te anseye nou nan li, selon verite ki nan Jezi a.
- 22** Sa vle di, dapre konpòtman nou te genyen anvan an, se pou nou debarase kò nou avèk ansyen nou menm nan. Li fin kòwonpi anba dezi k ap twonpe moun.
- 23** Men, se pou nou vin yon moun nouvo nan lespri nou, nan lide nou.
- 24** Epi, se pou nou abiye ak nouvo nou menm nan. Bondye kreye li pou li pòtre ak li, nan jistis ak nan ladwati ki selon verite a.
- 25** Se poutèt sa, se pou nou debarase kò nou ak manti. Se pou nou chak di laverite lè n ap pale ak pwochen nou, paske nou youn se manm lòt.
- 26** Si nou fè kòlè, pa peche. Solèy pa dwe kouche sou move-san nou.
- 27** Nonplis tou, pa bay djab la okenn okazyon.
- 28** Yon moun ki konn vòlè, se pou li sispann vòlè. Men, pito li redi fè sa ki byen ak men li, dekwa pou li ka genyen pou li bay moun ki nan bezwen.
- 29** Okenn pawòl pouri pa dwe soti nan bouch nou. Okontrè, di sa ki bon pou edifye moun, selon bezwen yo. Konsa, n a bay moun k ap koute yo yon gras.
- 30** Pa fè Lespri Sen Bondye a tris. Se li ki so Bondye poze sou nou pou jou redanmsyon an.
- 31** Kanta pou kè gwo, raj, kòlè, woywoy, denigre moun, ansanm avèk tout kalite malfezans, retire yo tout pami nou.
- 32** Men, se pou nou gen bon-kè avèk afeksyon youn pou lòt; se pou nou youn padone lòt menm jan Bondye te padone nou tou, nan Kris.

Efezyen 5

- 1** Donk, tankou timoun Bondye renmen anpil, se pou nou imite Bondye.
- 2** Epitou, se pou nou mache nan lamou, menm jan ak Kris. Li te renmen nou epi li te livre tèt li bay Bondye pou nou, kòm yon ofrann, kòm yon sakrifis bon odè.
- 3** Men, selon sa ki konfòm pou sen yo, depi se imoralite, tout kalite salte oubyen avaris, yo pa dwe menm nonmen non yo pami nou.
- 4** Pa di ni mo sal, ni tenten, oubyen betiz. Sa pa kòrèk. Okontrè, pito nou rann gras.

- ⁵ Paske, nou byen konnen sa: Moun imoral, oubyen moun ki nan salte, oubyen moun ava, yo youn p ap gen eritaj nan wayòm Kris la, nan wayòm Bondye a.
- ⁶ Pa kite pèsonn twonpe nou ak pawòl vid. Paske, se poutèt sa kòlè Bondye tonbe sou moun rebèl yo.
- ⁷ Donk, pa asosye tèt nou avèk yo.
- ⁸ Vrèmanvre, lontan se fènwa nou te ye. Men, kounye a, se limyè nou ye nan Senyè a. Ebyen, mache tankou pitit limyè.
- ⁹ Paske, fwi Lespri a se tout sa ki bon, ki jis epi ki vre.
- ¹⁰ Epitou, egzamine kisa ki fè Senyè a plezi.
- ¹¹ Men, pa patisipe nan travay fènwa. Yo san fwi. Okontrè menm, se pou nou denonse yo pito.
- ¹² Vrèmanvre, bagay moun sa yo ap fè an kachèt, se yon wont pou moun ta menm pale de yo.
- ¹³ Men, lè moun denonse tout bagay sa yo, yo parèt aklè devan limyè a, paske tout bagay ki parèt aklè, yo se limyè.
- ¹⁴ Se poutèt sa, pawòl la di: Ou menm k ap dòmi, reveye w! Leve pami mò yo, Epi, Kris va klere w.
- ¹⁵ Donk, fè atansyon pou nou mache kòrèkteman. Pa mache tankou moun ki pa saj, men tankou moun saj.
- ¹⁶ Pinga nou gaspiye tan nou, paske jou sa yo move.
- ¹⁷ Poutèt sa, pinga nou fè sòt. Okontrè, konprann kisa volonte Senyè a ye.
- ¹⁸ Pa soule tèt nou avèk diven, paske sa se debòch. Okontrè, kite Lespri a ranpli nou.
- ¹⁹ Sèvi ak sòm, ak kantik, ak chante esprityèl pou youn touche lòt. Chante, jwe mizik ak tout kè nou pou Senyè a.
- ²⁰ Toujou rann Bondye Papa a gras nan non Senyè nou Jezi Kris.
- ²¹ Nan krentif pou Bondye, se pou nou youn soumèt devan lòt.
- ²² Nou menm madanm yo, se pou nou soumèt devan mari nou, kòmsi se te devan Senyè a.
- ²³ Paske, mari sou tèt madanm, menm jan Kris sou tèt legliz, e se li ki sovè kò a.
- ²⁴ Ebyen, menm jan legliz soumèt devan Kris, se konsa tou pou madanm yo soumèt devan mari yo nan tout bagay.

²⁵ Nou menm mari yo, se pou nou renmen madanm nou, menm jan Kris te renmen legliz epi li te bay tèt li pou legliz.

²⁶ Li te fè sa, dekwa pou li te ka sangtifye li. Li pirifye li ak pawòl la. Li lave li nan dlo.

²⁷ Kris bay tèt li tou, dekwa pou li ka prezante legliz devan li, yon legliz ki nan glwa, ki pa gen tach, oubyen pli, oubyen kèk bagay tankou bagay sa yo, men, yon legliz ki sen epi ki san defo.

²⁸ Konsa tou, mari yo dwe renmen madanm yo, menm jan yo renmen pwòp kò yo. Yon moun ki renmen madanm li, se tèt li li renmen.

²⁹ Dayè, moun pa janm rayi kò yo. Okontrè, yo pran swen li, yo ancheri li, menm jan Senyè a fè pou legliz la tou.

³⁰ Paske, se manm kò li nou ye. Nou se chè li ak zo li.

³¹ Se poutèt sa, yon nonm va kite papa li ak manman li pou li ini ak madanm li. Epi, yo tou de va fè yon sèl chè.

³² Sa a se yon gwo mistè. Men, mwen menm, mwen di l akòz Kris epi akòz legliz.

³³ Kanmenm, nou menm tou, se pou nou chak renmen madanm nou, menm jan nou renmen tèt nou. Epi, se pou madanm gen krentif pou mari.

Efezyen 6

¹ Nou menm timoun yo, se pou nou obeyi paran nou, nan Senyè a. Paske, sa se yon bagay ki jis.

²⁻³ «Onore papa nou ak manman nou, dekwa pou nou kapab byen, epi pou nou kapab viv lontan sou latè.» Sa a se premye kòmanman avèk yon pwomès.

⁴ Nou menm papa yo, pa eksite timoun nou yo. Okontrè, se pou nou pran swen yo selon edikasyon ak koreksyon ki dapre Senyè a.

⁵ Nou menm sèvitè yo, se pou nou obeyi moun ki mèt nou yo, avèk krentif epi avèk respè, epitou avèk yon kè ki senp, menm jan nou ta obeyi Kris.

⁶ E, pa fè l devan je yo sèlman, tankou se lèzòm n ap fè plezi. Okontrè, fè l tankou sèvitè Kris k ap fè volonte Bondye ak tout nanm yo.

⁷ Sèvi yo ak devouman kòm si se pa t lèzòm nou t ap sèvi, men se te Senyè a.

⁸ Paske, chak moun, kit yo esklav, kit yo lib, si sa yo fè a bon, nou konnen y ap resevwa rekonpans yo nan men Senyè a.

- ⁹ Epi, nou menm mèt yo, se menm bagay la pou nou fè pou yo. Sispann menase yo. Paske, sila ki Mèt ni nou menm, ni yo menm nan, li nan syèl la, e li menm, li pa nan patipri.
- ¹⁰ Anfen, frè mwen yo, pran pisans nan Senyè a ak nan fòs kouraj li.
- ¹¹ Abiye nou ak tout zam Bondye yo, pou nou kapab kanpe fèm devan mannigèt djab la.
- ¹² Paske, se pa kont ni chè ni san n ap batay, men se kont chèf yo, kont otorite yo, kont fòs monn fènwa sa a, kont lespri mechan yo ki nan syèl la.
- ¹³ Poutèt sa, pran tout zam Bondye yo, dekwa pou nou kapab kenbe nan move jou yo, epi lè nou fini ak tout bagay, pou nou kapab kanpe fèm.
- ¹⁴ Donk, kanpe fèm. Sa vle di: Mare ren nou ak sentiwon verite a. Mete kuiras jistis la sou nou.
- ¹⁵ Preparasyon ki nan levanjil lapè a, mete li nan pye nou kòm soulye.
- ¹⁶ Apre tout bagay sa yo, pran boukliye lafwa a. Se ak li n ap kapab etenn tout flèch dife Mechan an.
- ¹⁷ Epi, asepte kas delivrans lan ak epe Lespri a, ki se pawòl Bondye a.
- ¹⁸ Lapriye tout tan nan Lespri a avèk tout kalite priye ak demann. Veye pou nou pèsevere nan sa tout jan. Epi, priye pou tout sen yo.
- ¹⁹ Priye pou mwen tou, dekwa pou lè m ouvri bouch mwen, Bondye ka ban mwen mwayen pou mwen fè konnen mistè levanjil la avèk asirans.
- ²⁰ Se pou levanjil sa a, mwen se yon anbasadè nan chenn. Konsa, m ap preche l avèk asirans, jan mwen dwe preche l.
- ²¹ Kounye a, Tichik, ki se yon frè byenneme epi ki se yon sèvitè Senyè a ki fidèl, li va fè nou konnen tout bagay. Konsa, nou menm tou, n a konnen kijan mwen ye epi kisa m ap fè.
- ²² Se pou sa menm, mwen voye l kote nou, pou nou ka konnen kijan nou ye epi pou li ka konsole kè nou.
- ²³ Se pou lapè ak lamou ansanm avèk lafwa ki soti kote Bondye Papa a ak Senyè Jezi Kris, avèk frè yo.
- ²⁴ Gras Bondye avèk tout moun ki renmen Jezi Kris, Senyè nou an, ak yon lamou ki pa ka gate. Amèn!

Filipyen

Filipyen 1

- ¹ Pòl ak Timote, sèvitè Jezi Kris. Tout sen nan Jezi Kris ki nan vil Filip, nou menm ansanm avèk evèk yo ak dyak yo,
- ² se pou gras ak lapè ki soti nan Bondye Papa nou ak nan Senyè Jezi Kris avèk nou.
- ³ Mwen rann Bondye m nan gras, chak fwa mwen sonje nou.
- ⁴ E, sa se tout tan, nan tout priyè mwen fè pou nou tout. Mwen fè priyè yo avèk lajwa,
- ⁵ paske depi premye jou a pou jis kounye a, n ap patisipe nan levanjil la.
- ⁶ E, mwen gen konfyans, sila ki kòmanse yon bon travay nan nou an, I ap kontinye I, jis li fini I, nan jou Jezi Kris la.
- ⁷ Dayè, se nòmal pou mwen panse sa de nou tout, paske mwen pote nou nan kè mwen. Epitou, kit mwen nan chenn, kit m ap defann levanjil la kit m ap sètifye li, nou tout, nou patisipe nan gras la ansanm avèk mwen.
- ⁸ Vrèmanvre, Bondye se temwen m: Mwen renmen nou tout avèk afeksyon Jezi Kris la.
- ⁹ E, sa ki priyè mwen, se pou lamou nou toujou ap grandi nan konesans ak nan tout bon konprann.
- ¹⁰ Konsa, n a ka apresye bagay ki enpòtan, dekwa pou nou ka sensè epi pou nou ka san repwòch pou jou Jezi Kris la.
- ¹¹ E, grasa Jezi Kris, n ap plen ak fwi, sa vle di, ak jistis. E, se ap pou glwa ak lwanj Bondye.
- ¹² Men, frè mwen yo, mwen ta vle nou konnen sa: Bagay ki rive m yo, se levanjil la yo fè pwogrese pito.
- ¹³ Vrèmanvre, li vin klè pou moun nan tout palè a ak tout lòt kote, se pou Kris mwen nan chenn.
- ¹⁴ Grasa chenn mwen yo, pi fò frè yo vin pran konfyans nan Senyè a. Konsa, yo vin gen plis asirans pou yo pale pawòl la san yo pa pè.
- ¹⁵ Se vre, gen kèk moun nan yo, se anvi ak kont ki fè y ap preche Kris. Men, gen kèk lòt moun tou k ap fè I ak bon kè.
- ¹⁶ E, yo fè I, akòz lamou yo. Paske, yo konnen Bondye mete m la, pou mwen defann levanjil la.
- ¹⁷ Men, lòt yo, se anbasyon ki fè y ap preche Kris. Yo gen move lide. Yo vle ajoute tribilasyon sou tèt chenn mwen yo.

18 Kisa pou m di? Yon sèl bagay: Kit se sou pretèks, kit se selon verite, de tout fason, yo preche Kris. E, mwen rejwi pou sa. Okontrè menm, m ap toujou rejwi.

19 Paske, mwen konnen, grasa lapriyè nou epi grasa sipò Lespri Jezi Kris la, sa ap tounen delivrans pou mwen.

20 Dapre sa m ap tann ak kè-cho a, dapre sa m ap espere a, mwen p ap wont akòz anyen. Okontrè, ak tout asirans mwen, kounye a, tankou sa te toujou ye a, m ap montre grandè Kris pandan mwen nan kò mwen, kit se nan lavi mwen, kit se nan lanmò mwen.

21 Paske, pou mwen menm, viv se Kris, e mouri se gany.

22 Men, si viv nan kò sa a vle di travay k ap bay fwi, alò, mwen pa konn sa pou mwen chwazi.

23 E, mwen sentre nan mitan tou de. Sa mwen anvi, se ale pou mwen ka avèk Kris. E, se sa ki pi bon pase tout.

24 Men, poutèt nou menm, li nesèsè pou mwen rete nan kò sa a.

25 E, se konfyans sa a menm, mwen genyen. Mwen konnen m ap rete, m ap la avèk nou tout, pou nou ka pwogrese, pou nou ka gen lajwa nan lafwa.

26 Konsa, grasa retou mwen pami nou, n a ka vante tèt nou nan Jezi Kris depase mezi, akòz mwen menm.

27 Sèlman, se pou n viv, jan levanjil Kris la merite l. Konsa, kit mwen vini epi mwen wè nou, kit mwen pa la, se toujou menm bagay la pou m ap tandè sou nou: Kòmkwa, nou kanpe fèm nan yon sèl lespri; n ap lite pou lafwa levanjil la nan yon sèl nanm,

28 epi, nou pa kite advèsè yo kraponnen nou nan anyen. Pou yo menm, se va yon prèv yo pèdi. Alòske, pou nou menm, se va yon prèv nou sove, yon prèv se Bondye menm k ap sove nou.

29 Paske, poutèt Kris, Bondye fè nou gras, non sèlman pou nou kwè nan li, men tou, pou nou souffri pou li.

30 Dayè, n ap mennen menm batay nou te wè m ap mennen an. E, se li nou tandè m ap mennen jis kounye a.

Filipyen 2

1 Donk, si gen ankourajman nan Kris, si gen konsolasyon nan lamou, si gen kominyon grasa Lespri a, si gen afeksyon ak kè-sansib,

2 ebyen, fè lajwa mwen total, kòmkwa pou nou gen menm santiman. Sa vle di, se pou nou gen menm lamou, menm nanm, yon sèl santiman.

- ³ Pa fè anyen akòz anbisyon oubyen nan granpanpan. Okontrè, nan imilite, chak moun dwe konsidere lòt, kòm si lòt la te siperyè li.
- ⁴ Pa chèche enterè nou sèlman. Okontrè, chak moun dwe chèche enterè lòt tou.
- ⁵ Paske, menm santiman ki te nan Jezi Kris la, se li ki pou nan nou menm tou.
- ⁶ Malgre li egziste nan menm nati ak Bondye, li pa t konsidere li dwe fè egoyis ak egal li te egal avèk Bondye a.
- ⁷ Okontrè, li rabese tèt li: Li pran nati sèvitè, li vin pòtre ak moun.
- ⁸ Epitou, li parèt sou menm fòm ak moun, e li rabese tèt li. Sa vle di, li obeyi rive jis nan lanmò, e lanmò sou lakwa ankò.
- ⁹ Poutèt sa tou, Bondye leve li byen wo. E, li ba li yon Non ki sou tèt tout non.
- ¹⁰ Konsa, tout jenou dwe koube devan Non Jezi, ni nan syèl, ni sou latè, ni nan latè!
- ¹¹ Konsa tou, tout lang dwe deklare Jezi Kris se Senyè, pou glwa Bondye Papa a.
- ¹² Kifè, frè byenneme mwen yo, menm jan nou te toujou obeyisan an, se pou nou fè delivrans nou travay avèk krentif epi avèk respè. E, se pa sèlman lè m la pou nou fè sa, men, se sitou kounye a, lè m pa la a.
- ¹³ Paske, ni volonte pou travay, ni travay la li menm, se Bondye ki akonpli yo nan nou, dapre bon plezi li.
- ¹⁴ Fè tout bagay san plenyen, san diskite.
- ¹⁵ Konsa, n a san repwòch, n a inosan, n a pitit Bondye ki san defo nan mitan yon jenerasyon moun kòwonpi, moun pèvèti. Dayè, nan prezante pawòl lavi a, nou klere pami yo, tankou limyè nan lemonn.
- ¹⁶ Konsa, nan jou Kris la, se va yon lwanj pou mwen dèske mwen pa t fè kous la pou anyen, ni tou, mwen pa t redi pou anyen.
- ¹⁷ Okontrè, menm si mwen ta yon ofrann-likid, Bondye vide sou sakrifis ak ofrann lafwa nou, ebyen, m ap rejwi, e m ap rejwi ansanm avèk nou tout.
- ¹⁸ Nou menm tou, se pou nou rejwi, e se pou nou rejwi ansanm avèk mwen.
- ¹⁹ Kifè, mwen espere nan Senyè Jezi, m ap voye Timote ban nou tousuit. Konsa, mwen menm tou, sa va ankouraje mwen, lè m a konnen jan bagay yo ye pou nou.
- ²⁰ Vrèmanvre, mwen pa gen pèsoun ki gen menm santiman an, kòm kwa pou yo ta chaje tèt yo toutbon vre akòz jan bagay yo ye pou nou an.
- ²¹ Paske, yo tout, se bagay pa yo y ap chèche, se pa bagay Jezi Kris.

- ²² Men, li menm, nou deja teste li, e nou konnen se tankou papa ak pitit li sèvi avèk mwen nan ministè levanjil la.
- ²³ Donk, depi mwen wè jan bagay yo ye pou mwen, mwen espere m ap voye li.
- ²⁴ Men, mwen gen konfyans nan Senyè a, mwen menm tou, m ap vini tousuit.
- ²⁵ Alò, mwen konsidere li nesesè pou mwen voye Epafwòdit ban nou. Li se frè mwen, kolaboratè mwen, sòlda ansanm avèk mwen. Men tou, li se misyonè nou te voye pou sèvi m nan bezwen mwen.
- ²⁶ Dayè, li te anvi wè nou tout anpil, e li te gen kè-sere dèske nou te tande li malad.
- ²⁷ Vrèmanvre, li te malad, prèt pou mouri. Men, Bondye te gen pitye pou li. E, se pa pou li sèlman Bondye te gen pitye, men, se pou mwen menm tou, dekwa pou mwen pa t gen lapenn sou lapenn.
- ²⁸ Donk, mwen prese voye li. Konsa, lè nou wè li ankò, n a rejwi, epi mwen menm, m a soulaje.
- ²⁹ Kifè, resevwa li nan Senyè a avèk yon lajwa total. Epitou, se pou nou bay moun konsa enpòtans.
- ³⁰ Paske, se akòz travay Kris la li te tou pre lanmò. Li riske lavi l pou li konplete sa ki te manke nan sèvis nou ta rann mwen.

Filipyen 3

- ¹ Anfen, frè mwen yo, se pou nou rejwi nan Senyè a. Pou mwen, sa pa nui mwen pou mwen ekri nou menm bagay yo. Men, pou nou, se yon pwoteksyon.
- ² Wi, fè atansyon ak chen yo! Fè atansyon ak moun k ap fè mal yo! Fè atansyon ak swadizan sikonsi yo!
- ³ Paske, vrè moun ki sikonsi yo se nou menm. Vrèmanvre, se dapre Lespri Bondye nou fè sèvis pou Bondye. Se Jezi Kris ki lwanj nou. E, se pa nan lachè nou mete konfyans nou.
- ⁴ Epoutan, se mwen menm ki pou ta mete konfyans mwen nan lachè. Wi, si lòt moun panse yo ka mete konfyans yo nan lachè, ebyen, pou mwen menm, se ta plis toujou.
- ⁵ Paske, mwen sikonsi sou uityèm jou. Mwen se ras Izrayèl. Mwen soti nan tribi Benjamin. Mwen se Juif, pitit Juif. Kanta pou lalwa, se Farizyen mwen ye.
- ⁶ Kanta pou devouman, mwen pèsekite legliz. Kanta pou jistis lalwa mande a, mwen san repwòch.

- ⁷ Men, bagay sa yo ki te yon benefis pou mwen, se menm yo menm nan, mwen konsidere tankou yon defisi, akòz Kris.
- ⁸ Okontrè menm, konnen Jezi Kris, Senyè mwen, tèlman siperyè, mwen konsidere tout bagay tankou yon defisi. Akòz li menm, mwen fè defisi sou tout bagay. E, mwen menm konsidere yo tankou fatra, dekwa pou mwen ka benefisye Kris,
- ⁹ epi dekwa pou yo ka jwenn mwen nan li. Sa vle di, mwen p ap gen jistis pa mwen, sa ki soti nan lalwa a. Men, m ap gen jistis, moun jwenn grasa lafwa yo nan Kris, jistis ki soti nan Bondye dapre lafwa a.
- ¹⁰ Epi ankò, mwen konsidere yo konsa, dekwa pou mwen ka konnen ni li menm, ni pisans ki resisite l la, ni patisipasyon nan soufrans lanmò l la. Konsa, m a konfòm avèk li nan lanmò li,
- ¹¹ epi si sa posib, m ap rive, jis lè mò yo ap resisite.
- ¹² Sa pa vle di mwen resevwa bagay sa yo deja oubyen mwen fin total deja. Men, m ap pousuiv yo pou mwen mete men sou yo. Dayè, Jezi Kris deja mete men sou mwen.
- ¹³ Frè mwen yo, pou mwen menm, mwen pa konsidere mwen mete men sou yo deja. Men, yon sèl bagay m ap fè, se bliye sa ki dèyè, pouse pou sa ki devan,
- ¹⁴ epi m ap pousuiv bi a pou gran pri ki nan apèl Bondye fè m nan syèl la, nan Jezi Kris.
- ¹⁵ Donk, nou tout ki total yo, se pou nou gen menm santiman an. E, si nou menm, nou ta panse kèk bagay yon lòt jan, menm sa a, Bondye ap revele nou li.
- ¹⁶ Sèlman, nan pwen nou rive la a, se pou nou mache dapre menm prensip, e se pou nou gen menm santiman.
- ¹⁷ Frè mwen yo, se pou nou imite mwen. Epi, se pou nou suiv moun k ap mache dapre egzanp nou jwenn nan mwen an.
- ¹⁸ Paske, gen anpil moun, se an lènmi kwa Kris la y ap mache. Mwen te di nou sa plizyè fwa deja, e kounye a, m ap di l ankò ak dlo nan je:
- ¹⁹ Moun sa yo, se nan peri y ap peri a fen yo ye; se vant yo ki bondye yo; e se sa ki fè wont ki glwa yo. Se bagay sou latè ase ki nan lide yo.
- ²⁰ Alòske, nou menm, nou se sitwayen syèl la, kote Sovè n ap tann nan ap soti, sa vle di Senyè Jezi Kris.
- ²¹ Dapre pouvwa ki fè l kapab soumèt tout bagay anba l la, l ap transfòme kò mizè nou genyen an, pou li fè li konfòm ak kò li ki nan laglwa.

Filipyen 4

- ¹ Se poutèt sa, byenneme ak byen chè frè mwen yo, nou menm ki lajwa mwen ak kouwòn mwen, o byenneme, rete fèm nan Senyè a!
- ² M ap ankouraje Evodi, e m ap ankouraje Sentich, pou yo gen menm santiman nan Senyè a.
- ³ Ou menm tou, ki se yon vrè kòlèg, ede yo. Yo menm ansanm ak Kleman ak rès kolaboratè mwen yo ki gen non yo nan Liv Lavi a te lite ansanm avèk mwen pou levanjil la.
- ⁴ Se pou nou toujou rejwi nan Senyè a. Ban m repete l ankò: Se pou nou toujou rejwi!
- ⁵ Se pou tout moun konnen jan nou dou. Senyè a pre vini.
- ⁶ Pa chaje tèt nou ak anyen. Okontrè, nan tout bagay, se pou nou fè Bondye konnen rekèt nou yo nan lapriyè ak siplikasyon, ansanm avèk remèsiman.
- ⁷ Epi, lapè Bondye, ki depase tout konprann nan, va veye sou kè nou ak lespri nou, nan Jezi Kris.
- ⁸ Anfen, frè mwen yo, tout bagay ki vre, tout bagay ki respektab, tout bagay ki jis, tout bagay ki pwòp, tout bagay ki bèl, tout bagay ki kòrèk, depi se yon bagay ki dwat e depi se yon bagay ki merite lwanj, ebyen se sou yo pou nou mete lide nou.
- ⁹ Ni sa nou te aprann epi nou te resevwa nan men mwen, ni sa nou te tande m di, ni sa nou te wè nan mwen, fè yo. Epi, Bondye ki bay lapè a va avèk nou.
- ¹⁰ Men, mwen te nan lajwa anpil nan Senyè a dèske, anfen, nou te rive fè santiman nou gen pou mwen an fleri. Sa te nan lide nou, men, se okazyon an nou pa t jwenn.
- ¹¹ Alò, se pa paske mwen nan nesesite, ki fè m ap di sa. Paske, mwen aprann kontante nan nenpòt sitiyasyon mwen twouve m.
- ¹² Mwen konnen mizè, e mwen konnen richès. Tout tan e toupatou, mwen aprann viv ni nan vant plen ni nan grangou, ni nan richès ni nan nesesite.
- ¹³ Grasa Kris ki ban mwen fòs, mwen gen kouraj pou tout bagay.
- ¹⁴ Kanmenm, nou te byen fèt patisipe avè m nan tribilasyon m nan.

15 Dayè, menm nou menm Filipyen, nou konnen sa: Lè m te fèk kòmanse preche levanjil la lakay nou epi mwen t ap kite Masedwàn, okenn legliz pa t patisipe ni nan afè depans mwen, ni nan don anvè mwen, esepite nou menm sèl.

16 Menm lè mwen te Tesalonik la, an de fwa, nou te voye sa mwen te bezwen pou mwen.

17 Alò, se pa kado m ap chèche. Okontrè, m ap chèche fwi ki ka donner pou byen nou.

18 Men, mwen menm, mwen resevwa tout sa mwen bezwen, e mwen rich. Lè mwen te resevwa sa nou te voye yo nan men Epafwòdit, sa te fin plen m nèt. Se te tankou yon odè pafen, yon sakrifis Bondye asepte epi ki fè li plezi.

19 E, Bondye m nan ap founi nou tout sa nou bezwen, dapre richès li, nan laglwa, nan Jezi Kris.

20 Glwa pou Bondye Papa nou pou letan e pou letènite. Amèn!

21 Salye tout sen yo nan Jezi Kris. Frè ki avè m yo voye salye nou.

22 Tout sen yo voye salye nou, sitou sa ki kay Seza yo.

23 Gras Senyè Jezi Kris avèk nou tout! Amèn!

Kolosyen

Kolosyen 1

- 1** Pòl, apot Jezi Kris dapre volonte Bondye, epi frè Timote.
- 2** Nou menm, frè nan Kolòs yo, ki sen epi ki fidèl nan Kris, se pou gras ak lapè ki soti nan Bondye Papa nou ak nan Senyè Jezi Kris avèk nou.
- 3** Se tout tan, lè n ap lapriyè, n ap rann Bondye gras pou nou, li menm ki Papa Senyè nou an Jezi Kris.
- 4** Vrèmanvre, nou tande kòman nou menm nan Kolòs, nou gen lafwa nan Jezi Kris ak lamou pou tout sen yo.
- 5** E sa se akòz esperans Bondye sere pou nou nan syèl la. Nou te tande pale de li depi lè pawòl verite a, depi lè levanjil la
- 6** te rive kote nou an. E, menm jan levanjil sa a ap donner, menm jan l ap grandi nan lemonn antye a, se konsa l ap fè pami nou tou. E sa se depi jou nou te tande gras Bondye epi nou te rekonèt li, dapre verite a.
- 7** E, se konsa tou, byenneme Epafras, ki se yon ouvriye ansanm avèk nou bò isit la, te aprann nou sa. Li se yon sèvitè Kris ki fidèl. Se pou nou li la.
- 8** Se li menm tou, ki te rakonte nou ki lamou, nou menm nan Kolòs, nou genyen nan Lepri a.
- 9** Se poutèt sa, nou menm tou, depi jou nou te tande sa, nou pa sispann priye pou nou; nou pa sispann mande Bondye pou li ranpli nou ak konesans volonte li, nan tout kalite sajès ak bon-konprann esprityèl.
- 10** Konsa, nou va mache jan Senyè a merite l, pou nou fè l plezi tout jan. Sa vle di, n a donner tout kalite bon zèv; n a grandi nan konnen Bondye;
- 11** n a gen tout kalite pisans, dapre fòs glwa li, pou nou gen tout kalite andirans ak pasyans;
- 12** epi, nan lajwa, n a rann Papa a gras, li menm ki prepare nou pou nou gen pa nou nan eritaj sen yo, nan limyè a.
- 13** Se li ki delivre nou anba pouvwa fènwa a epi ki transfere nou nan wayòm Pitit byenneme l la.
- 14** E, se nan Pitit la nou gen redanmsyon, nou gen padon pou peche nou.
- 15** Li se imaj Bondye envizib la. Li se Premye-Pitit sou tout lakreyasyon.
- 16** Paske, se nan li Bondye kreye tout bagay, bagay ki nan syèl ak bagay ki sou latè, bagay ki vizib ak bagay ki envizib, kit se twòn, kit se souvren, kit se chèf, kit se otorite: Bondye kreye tout bagay grasa li epi pou li.
- 17** Li anvan tout bagay. E, se nan li, tout bagay ret kole ansanm.

¹⁸ Li se tèt kò a, sa vle di legliz. Li se kòmansman; li se Premye-Pitit pami mò yo, dekwa pou nan tout bagay, se li ki gen premye plas.

¹⁹ Paske, Totalite a ann antye pran plezi pou l abite nan li,

²⁰ epi pou l rekonsilye tout bagay avèk li menm, grasa li: Kit se bagay nan syèl, kit se bagay sou latè. Se grasa li, paske sou kwa a, li fè lapè grasa san li.

²¹ Nou menm tou, yon lè, se etranje nou te ye; nou te lènmi nan lide nou ak nan move travay nou t ap fè yo.

²² Men, kounye a, grasa lanmò li, li rekonsilye nou nan kò li, sa vle di nan chè li. Li fè sa pou li ka prezante nou sen, san defo, san repwòch devan je li.

²³ E, sa se si nou rete nan lafwa, sa vle di, si nou gen fondasyon, si nou fèm, epi si nou pa brannen nan esperans levanjil nou te tande a. Se menm levanjil sa a y ap preche tout kreyati anba syèl la. E se sèvitè levanjil sa a mwen menm, Pòl, mwen vin ye.

²⁴ Kounye a, m ap rejwi nan sa m ap soufri pou nou yo. E, m ap akonpli nan kò mwen, sa ki manke nan tribilasyon Kris yo, pou kò li ki se legliz.

²⁵ Se sèvitè legliz sa a mwen vin ye. Paske, Bondye ban mwen responsablite a pou nou, pou m preche pawòl Bondye a okonplè,

²⁶ sa vle di, mistè ki te kache depi lontan epi pandan jenerasyon anvan yo. Men, kounye a, Bondye revele l bay sen li yo.

²⁷ Bondye te vle fè yo konnen ki valè glwa, mistè sa a ye pami nou menm nan lòt nasyon yo, sa vle di: Kris nan nou, se esperans glwa a.

²⁸ Se li menm n ap anonse. Kifè, n ap avèti tout moun, n ap anseye tout moun avèk tout sajès, dekwa pou tout moun nou prezante bay Bondye yo, se moun total yo ye nan Jezi Kris.

²⁹ E, se pou sa m ap travay di, m ap redi dapre fòs li k ap travay nan mwen ak pisans.

Kolosyen 2

¹ Vrèmanvre, mwen ta renmen nou konnen ki kalite redi m ap redi ni pou nou, ni pou moun Lawodise yo, ni pou mezi moun ki poko wè figi m ak je yo.

² Tout sa, se dekwa pou kè yo ka jwenn konsolasyon, pou yo ka ini nan lamou; epi konsa, pou yo ka rich tout jan avèk asirans ki genyen nan bon-konprann, dekwa pou yo ka konnen mistè Papa Bondye ak Kris la.

³ Se nan Kris, tout richès sajès ak tout richès konesans kache.

⁴ Mwen di sa, dekwa pou pèsonn pa twonpe nou ak bèl diskou.

- ⁵ Paske, menm si m pa avèk nou nan kò mwen, men, nan lespri m, mwen la. E, mwen kontan wè, jan nou rete nan lòd epi jan lafwa nou fèm nan Kris.
- ⁶ Donk, menm jan nou te resevwa Jezi Kris, Senyè a, ebyen, mache nan li.
- ⁷ Anrasinen nou nan li. Bati lavi nou sou li. Fè lafwa nou fèm, menm jan yo te anseye nou an. Fè remèsiman nou debòde nan lafwa.
- ⁸ Fè atansyon pou pèsonn pa pran tèt nou ak filozofi epi ak trik initil ki baze sou koutim lèzòm, sou bagay preliminè lemonn, olye yo baze sou Kris.
- ⁹ Alòske, se nan Kris, Totalite Bondye abite ann antye sou fòm yon kò.
- ¹⁰ E, nou total nan li, li menm ki sou tèt tout chèf ak sou tèt tout otorite.
- ¹¹ Se nan li, nou sikonsi tou. E, se pa yon sikonsizyon men lèzòm fè, men se yon sikonsizyon ki wete kò peche lachè a, se sikonsizyon Kris la.
- ¹² Bondye antere nou ansanm avèk li nan batèm. Li resisite nou nan li tou epi ansanm avèk li. E, sa se grasa lafwa nan fòs Bondye ki resisite Kris pami mò yo.
- ¹³ Nou menm, nou te mouri akòz fot nou yo epi akòz nou pa t sikonsi nan chè nou. Men, Bondye ban nou lavi ansanm avèk li. Li fè nou gras pou tout fot nou yo.
- ¹⁴ Li efase papye dèt ki te ekri kont nou an, papye ki te akize nou dapre dekrè Bondye yo. Li kloure l sou kwa a. E, konsa, li elimine l.
- ¹⁵ Li dezame chèf yo ak otorite yo. Li avili yo an piblik lè li te gen laviktwa sou yo sou kwa a.
- ¹⁶ Donk, pèsonn pa dwe jije nou sou kesyon manje ak kesyon bwè, oubyen sou kesyon fèt, oubyen nouvèl lin, oubyen jou saba.
- ¹⁷ Bagay sa yo se lonbraj bagay ki te gen pou vini yo. Men, kò lonbraj la se Kris.
- ¹⁸ Pa kite pèsonn eskanmòte rekonpans nou an ak yon swadizan imilite avèk adorasyon zanj. Y ap fouye nan bagay yo pa wè. Yo gen yon ògèy initil, paske lachè pran lespri yo.
- ¹⁹ Yo pa ret kole ak sila ki tèt la. Alòske, se nan li menm, tout pati kò a jwenn sipò ak inyon nan jwenti ak nan ne li yo. Konsa, Bondye va fè kò a grandi.
- ²⁰ Si nou mouri ak Kris parapò ak bagay preliminè lemonn, poukisa n ap aji kòm si se nan lemonn nou t ap viv toujou? Poukisa n ap soumèt anba prensip tankou:
- ²¹ «Pa pran!» «Pa goute!» «Pa manyen!»
- ²² Yo tout se bagay k ap depafini lè yo sèvi avèk yo. Paske, se sou kòmanman ak doktrin lèzòm yo baze.

²³ Yo parèt tankou se te moun k ap fè adorasyon ak pwòp volonte yo, k ap fè imilite, epi k ap trete kò yo di. E, konsa vrèmanvre, yo gen yon aparans sajès. Men, an reyalite, yo san valè, paske se lachè ase y ap satisfè.

Kolosyen 3

¹ Donk, si nou resisite ansanm avèk Kris, ebyen, se pou nou chèche bagay anwo, kote Kris ye a, kote li chita adwat Bondye a.

² Mete lide nou sou bagay ki anwo nan syèl. Pa mete lide nou sou bagay ki sou latè.

³ Paske, nou mouri. E, lavi nou kache ansanm avèk Kris nan Bondye.

⁴ E, Kris, ki se lavi nou, lè li va parèt, lè sa a tou, nou va parèt ansanm avèk li nan laglwa.

⁵ Donk, tout pati nan nou ki se bagay latè, sa vle di, imoralite, salte, move dezi, epi avaris, ki se yon idolatri, fè yo tout mouri.

⁶ Se akòz sa ki fè kòlè Bondye tonbe sou moun rebèl yo.

⁷ E, se pami moun sa yo nou t ap mache tou, lè nou t ap viv nan menm bagay sa yo.

⁸ Men, kounye a, se pou nou debarase kò nou tou avèk tout bagay sa yo, bagay tankou kòlè, move-san, malfezans, denigre moun, epi mo sal ki ta ka sotè nan bouch nou.

⁹ Pinga nou youn ap bay lòt manti. Paske, nou te dezabiye nou ak ansyen moun nou te ye a ansanm ak aksyon li yo.

¹⁰ Men, nou te abiye tèt nou ak nouvo moun nan, sa Bondye ap renouvle nan konfesans, dapre pòtre sila ki kreye l la.

¹¹ E la, pa gen ni Grèk ni Juif, ni sikonsi ni ensikonsi, ni etranje, oubyen gwo sore, oubyen esklav, oubyen moun lib. Okontrè, Kris se tout bagay; Kris nan yo tout.

¹² Donk, aji tankou moun Bondye chwazi, moun ki sen, moun ki se byenneme li; sa vle di, abiye nou avèk afeksyon ak kè-sansib, avèk bonte, avèk imilite, avèk dousè, epi avèk pasyans.

¹³ Se pou nou youn sipòte lòt. Si youn ta gen yon repwòch kont yon lòt, se pou l padone l. Menm jan Kris te padone nou an, se konsa pou nou fè tou.

¹⁴ Anplis tout bagay sa yo, abiye nou ak lamou. Li se ne ki fè nou total.

¹⁵ Se pou lapè Bondye domine nan kè nou. Se poutèt sa Bondye te rele nou pou nou fè yon sèl kò. Epitou, genyen l rekonesans.

¹⁶ Se pou pawòl Kris la abite nan nou avèk tout richès li. Se pou nou youn anseye lòt epi pou nou youn avèti lòt ak sajès tout jan. Fè sa ak sòm, ak kantik, ak chante espiyèl. Se pou nou chante pou Senyè a nan kè nou, avèk remèsiman.

¹⁷ Tout sa n ap fè, kit se avèk pawòl nou, kit se avèk aksyon nou, se pou nou fè yo tout, nan non Senyè Jezi. E, grasa li, se pou nou rann Bondye Papa a gras.

¹⁸ Nou menm, madanm yo, se pou nou soumèt devan mari nou jan sa konvenab nan Senyè a.

¹⁹ Nou menm mari, se pou nou renmen madanm nou. Epi, pa trete yo mal.

²⁰ Nou menm timoun, se pou nou obeyi paran nou nan tout bagay. Paske, sa fè Senyè a plezi.

²¹ Nou menm papa, pa fawouche timoun nou yo, dekwa pou yo pa dekouraje.

²² Nou menm sèvitè, se pou nou obeyi mèt nou genyen sou latè yo nan tout bagay. Pa fè l devan je yo ase, kòmsi se ta lèzòm n ap fè plezi. Okontrè, fè l ak yon kè ki senp, nan krentif pou Bondye.

²³ Tout sa n ap fè, fè l ak tout nanm nou, tankou si se pa pou lèzòm nou t ap fè l, men, pou Senyè a.

²⁴ Paske, nou konnen se yon eritaj n ap resevwa nan men Senyè a kòm rekonpans. Vrèmanvre, se Kris n ap sèvi.

²⁵ Men, yon moun k ap fè sa ki pa jis, l ap rekòlte mezi enjistis li a. E, Bondye pa nan patipri.

Kolosyen 4

¹ Nou menm, mèt yo, se pou nou aji avèk sèvitè nou yo nan jistis ak ladwati. Paske, nou konnen, nou menm tou, nou gen yon Mèt nan syèl la.

² Pèsevere nan lapriyè. Veye pou nou fè sa avèk remèsiman.

³ An menm tan, priye pou nou tou, dekwa pou Bondye ka ouvè yon pòt pou pawòl nou an. Konsa, m a ka preche mistè Kris la. Dayè, se poutèt sa, mwen nan chenn.

⁴ E, konsa tou, m a preche li aklè kòmsadwa.

⁵ Mache ak sajès nan rapò nou avèk moun deyò yo. Pinga nou gaspiye tan nou.

- ⁶ Se pou pawòl nou toujou gen gras ladan l, se pou l sizonnen ak sèl. Konsa, n a konnen kijan nou dwe reponn chak moun.
- ⁷ Kanta pou kijan mwen ye, Tichik a fè nou konnen tout bagay. Li se frè byenneme mwen, li se yon sèvitè fidèl, epi li se esklav Senyè a ansanm avèk mwen.
- ⁸ Se pou sa menm, mwen voye l kote nou; se pou nou ka konnen kijan nou ye epi pou li ka konsole kè nou.
- ⁹ Li avèk Onezim, ki se yon frè ki fidèl, yon byenneme. Dayè, se moun lakay nou li ye. Y a fè nou konnen tout sa k ap pase isit la.
- ¹⁰ Aristak, ki se prizonye ansanm avèk mwen, voye salye nou. Mak, kouzen Banabas la, voye salye nou tou. Konsènan li menm, nou te resevwa lòd deja. Si li vini kote nou an, se pou nou byen resevwa l.
- ¹¹ Jezi, sa yo rele Jistis la, voye salye nou tou. Pami moun ki sikonsi yo, se moun sa yo sèlman k ap travay ansanm avèk mwen pou wayòm Bondye a. Yo se yon ankourajman pou mwen.
- ¹² Epafras, ki se moun lakay nou, voye salye nou. Se yon sèvitè Kris k ap redi tout tan pou nou nan lapriyè, dekwa pou nou ka kanpe fèm, pou nou ka total, epi pou nou ka ranpli ak volonte Bondye a tout jan.
- ¹³ M ap bay temwayaj sa a sou li: Li gen anpil devouman, ni pou nou, ni pou moun Lawodise yo, ni pou moun Yerapolis yo.
- ¹⁴ Doktè Lik, ki se byenneme nou, voye salye nou. Demas voye salye nou tou.
- ¹⁵ Salye frè ki Lawodise yo. Salye Nenfes tou, ansanm ak legliz ki lakay li a.
- ¹⁶ Lè yo fin li lèt sa a kote nou, fè dekwa pou yo li l nan legliz Lawodise a tou. Nou menm tou, n a li lèt k ap soti Lawodise a.
- ¹⁷ Epi, di Achip konsa: Fè atansyon pou w akonpli ministè ou te resevwa nan men Senyè a.
- ¹⁸ Se mwen menm, Pòl, ki ekri salitasyon sa a ak pwòp men mwen. Sonje mwen nan chenn. Gras Bondye avèk nou. Amèn!

1 Tesalonisye

1 Tesalonisye 1

¹ Pòl, Silven, ak Timote. Legliz Tesalonisye yo, nou menm ki nan Papa Bondye ak nan Senyè Jezi Kris, se pou gras ak lapè ki soti nan Bondye Papa nou ak nan Senyè Jezi Kris avèk nou.

² Se tout tan n ap rann Bondye gras pou nou tout. Wi, nou nonmen non nou nan priyè nou.

³ Se san rete, n ap sonje devan Bondye Papa nou, jan nou menm Tesalonisye, lafwa nou travay, jan lamou nou trimen, jan esperans nou nan Senyè Jezi Kris rete fèm.

⁴ Frè nou yo, nou menm Bondye renmen anpil yo, Bondye chwazi nou. E, mwen menm ak lòt yo, nou konnen sa.

⁵ Paske, levanjil nou an, se pa avèk pawòl sèlman li te rive kote nou nan Tesalonik, men tou, se te avèk pisans, avèk Lespri Sen an, epi avèk anpil asirans. Dayè, nou menm Tesalonisye, nou konnen, akòz nou menm, kijan mwen menm ak lòt yo, nou te ye pami nou.

⁶ E, nou menm Tesalonisye, nou te imite ni nou menm, ni Senyè a, dèske nou te resevwa pawòl la anba anpil tribilasyon, avèk lajwa Lespri Sen an.

⁷ Konsa, nou te vin yon modèl pou tout moun nan Masedwàn ak nan Akayi ki te vin gen lafwa.

⁸ Dayè, se pa nan Masedwàn ak nan Akayi sèlman pawòl Senyè a soti lakay nou al sonnen. Okontrè menm, se toupatou nouvel lafwa nou genyen nan Bondye a rive. Kifè, mwen menm ak lòt yo, nou pa menm bezwen di pèsonn anyen.

⁹ Paske, se yo k ap rakonte konsènan mwen menm ak lòt yo, kòman nou menm Tesalonisye, nou te byen resevwa nou. Y ap rakonte kòman nou te vire al jwenn Bondye: nou kite zidòl pou nou sèvi Bondye vivan an, vrè Bondye a,

¹⁰ epitou, pou nou tann Pitit li a sot nan syèl la, Pitit li te resisite pami mò yo, Jezi, sila ki delivre nou anba kòlè ki pral vini an.

1 Tesalonisye 2

¹ Vrèmanvre, nou menm frè yo, nou konnen lè nou te asepte mwen menm ak lòt yo, sa pa t initil.

² Okontrè, kòm nou konnen, anvan sa, yo te fè nou soufri, yo te avili nou nan Filip. Kanmenm, nou te jwenn asirans nan Bondye pou nou preche nou levanjil Bondye a, devan anpil opozisyon.

- ³ Dayè, nou pa t fè egzòtasyon nou an ni nan twonpe moun, ni nan move bagay, ni nan riz.
- ⁴ Okontrè, menm jan Bondye te teste nou anvan li konfyè nou levanjil la, se konsa tou, nou pa t preche pou nou fè lèzòm plezi, men pou nou fè Bondye ki te teste kè nou an plezi.
- ⁵ Kòm nou menm Tesalonisyen nou konnen, vrèmanvre, nou pa t janm ni pale pou nou flate moun, ni chèche pretèks pou nou fè ava. Bondye temwen!
- ⁶ Nonplis tou, nou pa t chèche glwa nan men lèzòm, kit se te nan men nou menm Tesalonisyen, kit se te nan men lòt moun. Kòm apot Kris, nou ta kapab sou kont nou.
- ⁷ Okontrè, tankou yon manman k ap ancheri pwòp pitit li, nou te aji ak dousè pami nou.
- ⁸ Tèlman nou te gen afeksyon pou nou, Tesalonisyen, se pa levanjil Bondye a sèlman nou te pran plezi ban nou, men se te pwòp nanm nou tou, tank nou te vin renmen nou.
- ⁹ Dayè, nou menm frè yo, nou ka sonje kòman, mwen menm ak lòt yo, nou te redi, kòman nou te trimen. Vrèmanvre, lajounen kon lannuit, nou te travay pou nou te ka pa t sou kont pèsounn, e, nou te preche nou levanjil Bondye a.
- ¹⁰ Ni nou menm Tesalonisyen, ni Bondye, temwen kòman mwen menm ak lòt yo, nou te konpòte tèt nou yon jan ki dwat, ki jis, ki san repwòch pami nou menm ki vin gen lafwa yo.
- ¹¹ Dayè, nou konnen jan mwen menm ak lòt yo, nou te ye avèk nou chak. Tankou yon papa ak pwòp pitit li, nou te ankouraje nou, nou te konsole nou, nou te egzòte nou
- ¹² pou nou mache jan Bondye merite l la, li menm ki rele nou vin nan wayòm li ak nan glwa li.
- ¹³ E, se poutèt sa tou, n ap rann Bondye gras san rete. Paske, lè nou te resevwa pawòl mwen menm ak lòt yo te anonse a, nou pa t resevwa l tankou pawòl lèzòm, men, nou te resevwa l tankou sa li ye toutbon vre a, tankou pawòl Bondye k ap travay nan nou menm ki gen lafwa yo.
- ¹⁴ Vrèmanvre, frè nou yo, nan konsa, nou vin imite legliz Bondye yo ki nan Jezi Kris, legliz ki nan Jide yo. Sa vle di, nou sibi anba sitwayen parèy nou yo menm sa, yo menm, yo te sibi anba Juif yo.
- ¹⁵ E, se Juif yo ki te tiye ni Senyè Jezi, ni pwòp pwofèt yo. Se yo menm tou ki pèsèkite mwen menm ak lòt yo. Se yo menm tou ki p ap fè Bondye plezi. Se yo k ap fè tout moun opozisyon

¹⁶ epi k ap anpeche nou pale ak moun lòt nasyon yo pou yo te ka sove. Nan konsa, yo toujou ap plen mezi peche yo ra bouch. Men, alafen, yo jwenn ak kòlè Bondye.

¹⁷ Frè nou yo, mwen menm ak lòt yo, nou sevre nou yon kadè. Men, se figi nou ki lwen, se pa kè nou. Nou fè anpil efò pou nou satisfè dezi sa a nou genyen an pou nou wè figi nou.

¹⁸ Mwen menm ak lòt yo, nou te vle al lakay nou. Mwen menm Pòl, mwen te eseye plizyè fwa. Men, Satan te anpeche nou.

¹⁹ Dayè, kisa ki esperans nou? Kisa ki lajwa nou? Kisa ki kouwòn nou epi ki lwanj nou devan Senyè nou an, Jezi, lè li retounen? Èske se pa nou menm, Tesalonisyen?

²⁰ Wi, se nou menm ki glwa nou epi ki jwa nou!

1 Tesalonisyen 3

¹ Se sa k fè, lè nou pa t ka sipòte ankò, sa te fè nou plezi pou nou rete Atèn poukont nou,

² epi pou nou voye Timote. Li se frè nou, li se sèvitè Bondye, e l ap travay ansanm avèk nou nan levanjil Kris la. Nou te voye l fòtifye nou epi ankouraje nou nan lafwa nou,

³ dekwa pou tribilasyon sa yo pa t rive boulvèse pèsonn. Dayè, nou menm Tesalonisyen, nou konnen se pou sa, mwen menm ak lòt yo, nou la.

⁴ Vrèmanvre, lè nou te kote nou an, nou te di nou davans nou t apral sibi tribilasyon. Kòm nou menm Tesalonisyen, nou konnen, ebyen, se konsa sa te pase.

⁵ Se poutèt sa, mwen menm tou, lè mwen pa t ka sipòte ankò, mwen voye Timote al chèche konnen kijan lafwa nou ye, kòmkiwa si tantatè a pa t rive tante nou. Si sa te rive, ebyen se t ap pou anyen mwen menm ak lòt yo, nou te redi travay.

⁶ Men kounye a, Timote sot lakay nou, li tounen kote mwen menm ak lòt yo. Li ban nou bon nouvèl sou jan lafwa nou ak lamou nou ye, sou jan nou toujou ap nonmen non nou an byen, epi sou jan nou anvi wè nou. Ebyen, mwen menm ak lòt yo, nou anvi wè nou, menm jan an tou.

⁷ Se poutèt sa, frè nou yo, lafwa nou fè mwen menm ak lòt yo jwenn ankourajman nan mitan tout tribilasyon ak detrès nou yo.

⁸ Kifè, se kounye a n ap viv! Paske, nou menm Tesalonisyen, nou kanpe fèm nan Senyè a.

⁹ Vrèmanvre, ala remèsiman nou kapab bay Bondye pou nou poutèt lajwa, mwen menm ak lòt yo, nou genyen devan Bondye nou an, grasa nou menm.

¹⁰ Lajounen kon lannuit, mwen menm ak lòt yo, nou siplye li anpil, dekwa pou nou ta ka wè figi nou menm Tesalonisyen yo, dekwa tou pou nou ta ka ajoute sa lafwa nou manke.

¹¹ Men, se pou Bondye Papa a li menm epi Senyè nou an, Jezi Kris, ouvri chemen pou nou ka al kote nou nan Tesalonik.

¹² E, menm jan, mwen menm ak lòt yo, nou renmen nou an, se konsa tou pou Senyè a fè lamou nou genyen youn pou lòt la ak lamou nou genyen pou tout moun nan ogmante, se pou li fè li depase mezi.

¹³ Epitou, se pou li fòtifye kè nou. Konsa, lè Senyè nou an Jezi Kris va tounen avèk tout sen li yo, kè nou va sen epi li va san repwòch devan Bondye Papa nou.

1 Tesalonisyen 4

¹ Anfen, frè nou yo, nou te aprann nan men mwen menm ak lòt yo kòman nou dwe mache epi kòman nou dwe fè Bondye plezi. Ebyen, mwen menm ak lòt yo, n ap mande nou, n ap ankouraje nou nan Senyè Jezi, pou nou fè plis pwogrè nan sa toujou.

² Dayè, nou konnen ki kalite kòmmanman, mwen menm ak lòt yo, nou te ban nou nan Senyè Jezi.

³ Vrèmanvre, volonte Bondye sèke nou dwe sen. Sa vle di, se pou nou egzante imoralite.

⁴ Se pou nou chak konn kenbe kò nou sen epi avèk onè,

⁵ san nou pa anba move dezi, anba move anvi, tankou payen yo ki pa konnen Bondye.

⁶ Lè n ap fè yon afè avèk frè nou, pinga nou fè ni magouy, ni ava. Paske, nan tout bagay konsa, se Senyè a ki vanje moun. Dayè, mwen menm ak lòt yo, nou te di nou e nou te deklare nou sa davans.

⁷ Paske, Bondye pa t rele nou pou nou vin nan salte. Okontrè, li rele nou pou nou sen.

⁸ Donk, si yon moun derefize bagay sa yo, se pa lèzòm l ap derefize, men se Bondye, Bondye ki te ban nou Lespri Sen l lan.

⁹ Kanta pou renmen frè, ebyen nou pa bezwen moun ekri nou sou sa. Paske, se Bondye li menm ki te anseye nou kòman nou youn dwe renmen lòt.

¹⁰ Dayè, se sa tou n ap fè avèk tout frè ki nan tout Masedwàn nan. Kanmenm, frè nou yo, mwen menm ak lòt yo, n ap ankouraje nou pou nou fè plis pwogrè nan sa toujou,

¹¹ pou tout anbisyon nou se viv trankil, pou nou okipe afè pa nou, epi pou nou travay ak pwòp men nou jan, mwen menm ak lòt yo, nou te kòmande nou fè a.

¹² Konsa, n a mache jan ki konvenab avèk moun deyò yo, epi nou p ap nan okenn bezwen.

¹³ Men, mwen menm ak lòt yo, nou pa ta vle pou nou menm, frè nou yo, nou pa konnen sa k ap rive moun ki mouri yo. Paske, san pa sa, n a gen menm chagren ak rèz lòt moun yo, moun ki san esperans yo.

¹⁴ Vrèmanvre, nou kwè Jezi te mouri epi li te resisite. Ebyen, se menm jan an tou Bondye va mennen moun ki mouri yo tounen grasa Jezi epi ansanm avèk li.

¹⁵ Dayè, sa n ap di nou la a, se dapre yon pawòl Senyè a. Sèke, nou menm k ap la vivan lè retou Senyè a, nou p ap pran devan moun ki mouri yo.

¹⁶ Paske, lè sa a, ap gen yon lòd, yon vwa akanj, ak twonpèt Bondye a k ap sonnen. Epi, Senyè a li menm ap desann sot nan syèl la. Epi, moun ki te mouri nan Kris yo ap resisite an premye.

¹⁷ Apre sa, nou menm k ap rete vivan yo, yon nyaj ap rape nou ansanm avèk yo, pou n al rankontre Senyè a anlè a. Epi, se konsa n ap toujou avèk Senyè a.

¹⁸ Se pou nou youn ankouraje lòt avèk pawòl sa yo.

1 Tesalonisyen 5

¹ Men, frè nou yo, kanta pou ki tan oubyen ki dat, nou pa bezwen yo ekri nou sou sa.

² Paske, nou menm, nou konnen sa kòrèkteman: Jou Senyè a ap vini tankou yon vòlè ki vin vòlè lannuit.

³ Paske, pandan moun ap di: «Lapè! Sekirite!» ebyen, yon devas ap tonbe sou yo sanzatann, tankou lè tranche pran yon fi ansent. E, pèsonn p ap chape.

⁴ Men nou menm, frè nou yo, nou pa nan fènwa kòm kwa pou jou sa a ta pantan sou nou tankou yon vòlè.

⁵ Nou tout, se pitit limyè nou ye, pitit k ap viv lajounen. Nou pa moun k ap viv ni lannuit, ni nan fènwa.

⁶ Donk, annou pa dòmi tankou lòt yo ap fè a! Okontrè, annou rete je klè! Annou pran tèt nou!

⁷ Paske, moun k ap dòmi, se lannuit yo dòmi. Moun k ap sou, se lannuit yo sou.

⁸ Men, nou menm ki se moun lajounen, pinga nou sou. Annou abiye nou ak lafwa ak lamou tankou se te ak yon kuiras. Annou mete esperans delivrans nou an tankou yon kas.

⁹ Paske, se pa kòlè, Bondye sere pou nou, men se delivrans, grasa Senyè nou an, Jezi Kris.

¹⁰ Se li ki te mouri pou nou dekwa pou nou ka viv avèk li, kit je nou klè, kit n ap dòmi.

¹¹ Donk, se pou nou youn ankouraje lòt, se pou nou youn edifye lòt. Dayè, se sa n ap fè deja.

¹² Men, frè nou yo, se pou nou rekonèt moun k ap travay di pami nou yo, moun k ap dirije nou nan Senyè a, moun k ap avèti nou yo.

¹³ Akòz travay y ap fè pami nou an, ba yo anpil konsiderasyon nan lamou. Se pou nou viv nan lapè, youn avèk lòt.

¹⁴ Frè nou yo, n ap ankouraje nou pou nou avèti moun ki deregle yo, pou nou konsole moun ki dekouraje yo, pou nou soutni moun ki fèb yo. Pran pasyans avèk tout moun.

¹⁵ Veye pou nou pa rann mal pou mal. Okontrè, se pou nou toujou ap chèche fè byen ni youn pou lòt, ni pou tout moun.

¹⁶ Se pou nou toujou nan lajwa.

¹⁷ Priye san rete.

¹⁸ Rann Bondye gras nan tout sitiyasyon. Paske, se sa ki volonte Bondye pou nou nan Jezi Kris.

¹⁹ Pa etenn flannm Lespri a.

²⁰ Pa meprize pwofesi.

²¹ Men, teste tout, epi kenbe sa ki bon.

²² Egzante sa ki mal kèlkeswa jan l ye a.

23 Se pou Bondye ki bay lapè a sangtifye nou nèt. Epi, ni lespri nou, ni nanm nou, ni kò nou, anfen nou menm tout antye, se pou I kenbe yo san defo pou retou Jezi Kris, Senyè nou an.

24 Sila ki rele nou an, li fidèl. Se li menm tou k ap regle sa.

25 Frè nou yo, priye pou nou.

26 Salye tout frè yo ak bo, tankou sen dwe salye.

27 M ap kòmande nou, devan Senyè a, pou nou li lèt sa a pou tout frè yo, yo menm ki sen.

28 Gras Jezi Kris, Senyè nou an, avèk nou! Amèn!

2 Tesalonisyen

2 Tesalonisyen 1

¹ Pòl, Silven, ak Timote. NOU menm nan Legliz Tesalonisyen yo, nou menm ki nan Bondye Papa a ak nan Senyè Jezi Kris,

² se pou gras ak lapè ki soti nan Bondye Papa nou ak nan Senyè Jezi Kris avèk nou.

³ Mwen menm ak lòt yo, nou dwe rann Bondye gras tout tan pou nou menm, frè nou yo. Dayè, se nòmal. Paske, lafwa nou ap grandi, epi lamou nou tout nou genyen youn pou lòt la ap ogmante.

⁴ Se sa k fè, mwen menm ak lòt yo, nou fè lwanj nou devan tout legliz Bondye yo, poutèt andirans ak lafwa nou genyen nan mitan tout pèsekisyon ak tribilasyon nou te sipòte yo.

⁵ E, sa se yon prèv ki montre jijman Bondye yo jis. Paske konsa, li va konsidere nou merite wayòm Bondye a. Dayè, se pou wayòm sa a n ap soufri.

⁶⁻⁷ Epitou, lè Bondye voye tribilasyon sou moun k ap fè nou pase anba tribilasyon yo, lè li soulaje mwen menm ak lòt yo ansanm avèk nou menm ki anba tribilasyon yo, ebyen, devan Bondye, sa se yon bagay ki jis. E, lè l ap fè sa, Senyè Jezi ap parèt nan syèl la ansanm avèk zanj li yo ki pisan.

⁸ L ap parèt nan mitan yon flanm dife pou l fè jijman tonbe sou moun ki pa konnen Bondye yo ak sou moun ki pa obeyi levanjil Senyè nou an, Jezi Kris.

⁹ Y ap sibi yon chatiman, kote y ap detui pou letènite, y ap lwen prezans Senyè a, y ap lwen glwa pouvwa li a.

¹⁰ Se nan jou sa a Senyè a ap vini pou li jwenn glwa nan sen li yo, pou li jwenn admirasyon nan tout moun ki kwè nan li yo, sa vle di nou menm tou, paske nou te kwè sa mwen menm ak lòt yo te temwaye a.

¹¹ Se sa k fè tou, mwen menm ak lòt yo, se tout tan n ap priye pou nou, dekwa pou Bondye nou an ka fè nou merite apèl la. N ap priye tou dekwa pou, nan pisans li, li ka akonpli tout bon bagay nou vle epi nenpòt travay lafwa nou ap fè.

¹² Konsa, non Jezi, Senyè nou an, va jwenn glwa nan nou. E, nou menm tou, nou va jwenn glwa nan li, dapre gras Bondye nou ak Senyè Jezi Kris.

2 Tesalonisyen 2

¹ Men, frè nou yo, kanta pou retou Senyè nou Jezi Kris epi pou reyini n ap reyini ansanm avèk li a, men sa mwen menm ak lòt yo, n ap mande nou:

- ² Pa kite yo boulvèse lespri nou fasil konsa. Pa kite yo twouble nou ni ak revelasyon ni ak pawòl, ni ak lèt swadizan mwen menm ak lòt yo nou ta voye, kòm kwa pou di jou Kris la ta rive deja.
- ³ Pa kite pèsonn twonpe nou nan okenn fason. Paske, jou Senyè a p ap rive toutotan apostazi a pa vini epi toutotan nonm peche a, nonm ki la pou peri a, pa parèt.
- ⁴ Se li ki advèsè a, sila a ki plase tèt li sou tèt tout bagay ki swadizan bondye oubyen bagay moun adore. Se nan konsa, I ap enstale tèt li nan tanp Bondye a tankou Bondye, epi I ap deklare tèt li Bondye.
- ⁵ Nou sonje mwen te di nou bagay sa yo lè m te lakay nou an, pa vre?
- ⁶ E, nou konnen sa ki kenbe I kounye a, ki fè se nan tan ki te fikse a pou li parèt.
- ⁷ Vrèmanvre, mistè rebelyon an ap ajì deja. Se sèlman sila ki kenbe I toujou a ki pou wete kò I.
- ⁸ Epi, lè sa a, Rebèl la ap parèt. Se li Senyè a ap detui ak souf bouch li a. Senyè a ap fè yon fen avèk li lè Senyè a parèt, lè Senyè a retounen.
- ⁹ Nonm sa a ap parèt sou lobediyans Satan, avèk tout kalite mirak, mirak-siy, ak fo mèvèy,
- ¹⁰ epi avèk tout kalite enjistis k ap twonpe moun ki pou peri yo. Tout sa, paske yo pa t renmen verite a, verite ki ta sove yo, si yo te resevwa I la.
- ¹¹ Se poutèt sa, Bondye ap voye yon pisans k ap twonpe yo, kote se manti y ap kwè.
- ¹² E, konsa, I ap jije tout moun ki pa t kwè verite a, men, ki te pran plezi nan enjistis.
- ¹³ Men, mwen menm ak lòt yo, se tout tan nou dwe rann Bondye gras pou nou menm, frè nou yo, nou menm ki se byenneme Senyè a. Paske, depi o kòmansman, Bondye chwazi nou pou nou ka sove, grasa sangtifye Lespri a sangtifye nou an epi grasa lafwa nou nan verite a.
- ¹⁴ Se pou sa menm, li te rele nou ak levanjil, mwen menm ak lòt yo, nou te preche a: Se te pou nou te ka jwenn glwa Senyè nou an, Jezi Kris.
- ¹⁵ Donk, frè nou yo, kenbe fèm. Rete nan tradisyon, mwen menm ak lòt yo, nou te anseye nou swa nan bouch, swa nan lèt nou yo.
- ¹⁶ Se pou Senyè nou an, Jezi Kris li menm, se pou Bondye Papa nou ki te renmen nou epi ki te ban nou yon ankourajman etènèl ansanm ak yon bon esperans nan gras li,

¹⁷ wi, se pou yo ankouraje kè nou, se pou yo fòtifye nou nan tout bon bagay n ap di oubyen n ap fè.

2 Tesalonisyen 3

¹ Anfen, frè nou yo, priye pou nou dekwa pou pawòl Senyè a ka kontinye gaye rapid epi pou l ka triyonfe menm jan sa te ye lakay nou an.

² Priye dekwa pou, mwen menm ak lòt yo, nou ka delivre anba moun pèvèti, anba moun mechan. Paske, se pa tout moun ki gen lafwa.

³ Men, Senyè a fidèl. L a fòtifye nou, l a pwoteje nou anba Mechan an.

⁴ E, mwen menm ak lòt yo, nou gen konfyans nan Senyè a konsènan nou menm, kòmkiwa n ap fè sa mwen menm ak lòt yo te kòmande nou yo, epi n ap kontinye fè yo tou.

⁵ Se pou Senyè a dirije kè nou nan lamou Bondye ak nan andirans Kris la!

⁶ Men, frè nou yo, n ap kòmande nou nan non Senyè nou an, Jezi Kris, pou nou egzante tout frè k ap viv an moun deregle epi ki p ap viv dapre koutim nou te resevwa nan men mwen menm ak lòt yo.

⁷ Dayè, nou byen konnen kòman nou dwe imite mwen menm ak lòt yo, paske se pa t an moun deregle nou te viv lè nou te Tesalonik.

⁸ Nonplis tou, nou pa t manje manje pèsounn gratis. Okontrè, nou te redi, nou te trimen. Lajounen kon lannuit, nou te travay dekwa pou nou pa t sou kont pèsounn nan nou.

⁹ Alò, se pa paske nou pa t gen dwa pou nou sou kont nou. Men, nou te vle bay tèt nou kòm modèl pou nou menm, Tesalonisyen, nou te ka imite nou.

¹⁰ Paske, lè mwen menm ak lòt yo, nou te lakay nou an, men sa nou te kòmande nou: Yon moun ki pa vle travay, li pa dwe manje nonplis!

¹¹ Nou di sa, paske nou tande gen kèk nan nou k ap viv an moun deregle, ki p ap travay, men, ki nan tout sòs.

¹² Moun sa yo, n ap kòmande yo, n ap egzòte yo, grasa Senyè nou an, Jezi Kris, pou yo travay trankil epi pou yo manje sou fòs kouraj yo.

¹³ Men nou menm, frè nou yo, pa bouke fè sa ki byen.

¹⁴ E, si yon moun pa obeye pawòl nou pale nan lèt sa a, make l. Pa mele ak li pou l ka wont.

15 Se pa kòm lènmi pou nou konsidere I. Men, avèti I tankou frè.

16 Se pou Senyè ki konn bay lapè a ban nou lapè tout tan epi tout jan. Senyè a avèk nou tout!

17 Se mwen, Pòl, ki ekri salitasyon sa a ak pwòp men mwen. Se siyati sa a ki nan tout lèt mwen yo. Se konsa m ekri.

18 Gras Senyè nou an, Jezi Kris, avèk nou tout! Amèn!

1 Timote

1 Timote 1

- 1** Pòl, apot Jezi Kris dapre dekrè Bondye Sovè nou ak Senyè Jezi Kris, esperans nou.
- 2** Timote, pitit lejitim mwen nan lafwa, se pou gras, pitye ak lapè ki soti nan Bondye, Papa nou, ak nan Jezi Kris, Senyè nou, avèk ou.
- 3** M ap mande w menm sa mwen te mande w lè mwen t apral Masedwàn nan. Rete Efèz, kòmande yon seri moun pou yo pa ni anseye lòt kalite doktrin,
- 4** ni koute litani lejann ak lis non zansèt. Olye bagay sa yo fè ministè Bondye a mache nan lafwa, se diskisyon yo fè mache.
- 5** Rezon pou kòmannman sa a se yon lamou ki soti nan yon kè ki pwòp, nan yon konsyans ki bon, epi nan yon lafwa ki san ipokrizi.
- 6** Gen kèk moun ki rate bagay sa yo, epi yo pèdi nan rablabla.
- 7** Yo vle parèt pwofesè lalwa, alòske yo pa konprann ni sa y ap di, ni sa y ap deklare.
- 8** Alò, nou konnen lalwa bon depi se kòm lalwa yo sèvi avè l.
- 9** Paske, men sa nou konnen: Se pa pou moun jis, Bondye etabli lalwa, men se pou moun rebèl ak moun dezobeyisan, pou mechan ak pechè, pou moun ki pa sen, ak moun k ap fè sakrilèj, pou moun k ap tiye papa yo ak moun k ap tiye manman yo, pou asasen,
- 10** pou moun imoral, pou fi-pede ak gason-pede, pou moun k ap vann esklav, pou mantè, pou moun mètdam, epi pou nenpòt lòt bagay ki ta kontrè ak doktrin ki kòrèk la.
- 11** E, sa se dapre levanjil glwa Bondye ki beni an, levanjil Bondye konfyè m nan.
- 12** Mwen di Jezi Kris, Senyè nou an, mès, li menm ki te ban mwen fòs. Paske, li te konsidere mwen fidèl, epi li mete m nan ministè a,
- 13** malgre anvan sa, mwen te denigre l, mwen te pèsekite l, epi mwen te awogan. Men, okontrè, mwen te resevwa pitye, paske nan pa konnen, mwen te aji san lafwa.
- 14** E, gras Senyè nou an te depase mezi, ansanm avèk lafwa ak lamou ki nan Jezi Kris.
- 15** Se yon pawòl fidèl epi ki merite pou tout moun resevwa l, sèke Jezi Kris vini nan lemonn pou l sove pechè. E, pami yo, se mwen ki pi mal.

¹⁶ Men, okontrè, se poutèt sa mwen resevwa pitye: Pou Jezi Kris ka montre tout pasyans li nan mwen ki pi mal la. Konsa, mwen se yon modèl pou sa yo ki pral kwè nan li pou yo ka gen lavi etènèl.

¹⁷ Onè, glwa pou sila ki wa pou letènite a, sila ki pa ka mouri a, sila ki envizib la epi ki sèl Bondye ki saj la, pou letan e pou letènite. Amèn!

¹⁸ Kifè, Timote, pitit mwen, se kòmmanman sa a, mwen remèt ou, dapre pwofesi ki te fèt sou ou yo, dekwa pou w mennen yon bon batay grasa yo.

¹⁹ An menm tan tou, se pou w kenbe lafwa ak yon bon konsyans. Gen kèk moun ki pouse yo sou kote, epi lafwa yo fè nofraj.

²⁰ Pami yo, genyen Imene ak Aleksann. Mwen livre yo bay Satan pou yo aprann pa denigre Bondye.

1 Timote 2

¹ Donk, toudabò, m ap ankouraje nou prezante demann, priyè, siplikasyon, remèsiman bay Bondye pou tout moun,

² pou wa ak pou tout moun ki se otorite, dekwa pou nou ka mennen yon lavi ki kal epi ki trankil, nan devosyon pou Bondye tout jan, epi nan serye.

³ Paske, sa a se yon bagay ki byen epi ki konvenab devan Bondye Sovè nou.

⁴ Li menm, li vle pou tout moun sove epi pou yo rive konnen verite a.

⁵ Vrèmanvre, se yon sèl Bondye ki genyen, e se yon sèl medyatè ki genyen ant Bondye ak lèzòm, se yon nonm: Jezi Kris.

⁶ Li bay pwòp tèt li pou l peye pou tout moun. Temwayaj sa a parèt nan tan ki te fikse a.

⁷ E, se poutèt sa, Bondye mete m kòm mesaj epi kòm apot. Se laverite m ap di nan Kris, se pa manti. Li mete m pou mwen anseye nasyon yo lafwa ak laverite.

⁸ Donk, mwen vle pou mesye yo, leve men ki sen pou yo lapriyè toupatou, san kòlè, san diskisyon.

⁹ Menm jan an tou, mwen vle pou medam yo abiye kòrèkteman, yon jan ki senp epi ki modere. Òneman pou yo genyen, se pa gwo kwafi, oubyen lò, oubyen pèl, oubyen rad byen chè.

¹⁰ Okontrè! Òneman ki konfòm pou fi ki pwomèt pou yo gen devosyon pou Bondye, se fè bon zèv.

¹¹ Fi dwe ret trankil, yo dwe soumèt tèt yo tout jan, lè y ap aprann.

¹² Mwen pa pèmèt fi ni anseye ni gen otorite sou gason. Okontrè, yo dwe ret trankil.

¹³ Paske, se Adan Bondye te kreye an premye, epi Èv apre.

¹⁴ Epitou, se pa t Adan yo te twonpe, men se te Èv yo te twonpe, epi se li ki te tonbe nan vyolasyon.

¹⁵ Men, I a sove nan fè pitit, si yo pèsevere nan lafwa, epi nan lamou, epi nan sangtifikasyon, avèk yon jan ki modere.

1 Timote 3

¹ Sa se yon pawòl ki fidèl: Si yon moun vle vin evèk, ebyen, li anvi yon bèl travay.

² Donk, evèk la dwe san repwòch; li dwe gen yon sèl madanm; li dwe gen kontwòl tèt li; li dwe modere epi respektab; li dwe gen ospitalite; li dwe kapab anseye;

³ li pa dwe ni yon tafyatè, ni yon moun vyolan, ni yon magouyè. Men, li dwe dou, dosil. Li pa dwe ava.

⁴ Li dwe byen dirije pwòp kay li. Tout jan epi avèk serye, li dwe kenbe pitit li nan disiplin.

⁵ Paske, si yon moun pa konn dirije pwòp kay li, kòman pou I ta ka pran swen legliz Bondye a?

⁶ Evèk la pa dwe yon nouvo konvèti. Osinon, li ka vin plen ak ògèy, epi konsa, li ka tonbe anba menm kondanasyon ak djab la.

⁷ Li dwe gen bon repitasyon deyò a. Osinon, li ka tonbe anba avilisman ak nan pyèj djab la.

⁸ Menm jan an tou, dyak yo dwe respektab. Yo pa dwe ni moun ki gen de lang, ni moun ki lage nan bwè anpil, ni magouyè.

⁹ Yo dwe kenbe mistè lafwa a avèk yon konsyans pwòp.

¹⁰ Se pou yo teste yo anvan. Apre sa, si yo san repwòch, y a vin dyak.

¹¹ E, menm jan an tou, medam yo dwe respektab. Yo pa dwe malpalan. Yo dwe gen kontwòl tèt yo, epi yo dwe fidèl nan tout bagay.

¹² Dyak dwe gen yon sèl madanm. Yo dwe byen dirije pitit yo ak pwòp kay yo.

¹³ Paske, sa yo ki byen sèvi kòm dyak, yo jwenn yon bon pozisyon pou tèt yo, ansanm ak tout asirans nan lafwa ki nan Jezi Kris la.

¹⁴ Mwen ekri w bagay sa yo, men, mwen espere m apral lakay ou talè konsa.

¹⁵ Men, si m mize, w a konnen kijan moun dwe konpòte tèt yo lakay Bondye a, sa vle di, legliz Bondye vivan an, ki se poto ak baz verite a.

¹⁶ Se pou moun avwe l. Mistè devosyon pou Bondye a se yon gran mistè: Bondye parèt nan yon kò. Lespri a deklare li jis. Zanj wè li. Moun preche l pami nasyon yo. Yo kwè nan li nan lemonn. Li monte al nan laglwa.

1 Timote 4

¹ Men tou, Lespri a di sa klè. Nan dènye tan yo, kèk moun ap kite lafwa pou yo koute lespri k ap twonpe moun epi doktrin demon anseye.

² E, yo anseye yo grasa ipokrit k ap bay manti, moun ki gen yon letanp ki make pwòp konsyans yo.

³ Yo defann moun marye; yo fè moun egzante yon seri manje, alòske Bondye kreye manje yo pou moun ki fidèl epi ki konnen verite a ka resevwa yo ak remèsiman pou Bondye.

⁴ Dayè, tout sa Bondye kreye bon. E, fòk moun pa derefize anyen, depi se avèk remèsiman yo resevwa l.

⁵ Paske, pawòl Bondye a avèk priyè fè l sen.

⁶ Si ou esplike frè yo bagay sa yo, w ap yon bon sèvitè pou Jezi Kris, yon sèvitè ki nourri tèt li ak pawòl lafwa a epi ak bon doktrin. E, doktrin sa a, ou deja ap suiv li.

⁷ Kanta pou sakrilèj ak lejann radòt yo, egzante yo. Okontrè, antrene tèt ou nan devosyon pou Bondye.

⁸ Paske, antrènman kò itil yon ti kras. Men, devosyon pou Bondye itil pou tout bagay. Li gen pwomès ni pou lavi ki la kounye a, ni pou lavi ki pral vini an.

⁹ Sa se yon pawòl ki fidèl epi ki merite pou tout moun resevwa l.

¹⁰ Dayè, se poutèt sa n ap travay di epi moun ap avili nou, se paske nou met espwa nou nan Bondye vivan an, ki se sovè tout moun, sitou moun ki gen lafwa yo.

¹¹ Kòmande moun yo fè bagay sa yo, epi anseye yo.

¹² Pa kite pèsonn meprize w dèske ou jèn. Okontrè, se pou w vin yon modèl pou moun ki fidèl yo nan pawòl ou, nan konpòtman w, nan lamou w, nan lespri w, nan lafwa w epi ak yon konduit ki pwòp.

¹³ Li pou moun yo. Ankouraje yo. Anseye yo. Okipe bagay sa yo pou jis mwen vini.

¹⁴ Pa neglije don ki sou ou a, don Bondye te ba ou dapre pwofesi, lè gwoup ansyen yo te poze men sou ou a.

¹⁵ Reflechi sou bagay sa yo, lage kò w ladan yo. Konsa, l ap klè pou tout moun, w ap fè pwogrè.

¹⁶ Fè atansyon ak tèt ou epi ak ansèyman ou. Pèsevere nan bagay sa yo. Paske, lè w fè sa, w ap sove ni tèt ou, ni moun k ap koute w yo.

1 Timote 5

¹ Pa fè granmoun gason yo obsèvasyon. Okontrè, ankouraje yo tankou papa. Ankouraje jèn gason yo tankou frè.

² Ankouraje granmoun fi yo tankou manman. Ankouraje jèn fi yo tankou sè, men, konpòte tèt ou pwòp tout jan.

³ Vèv ki vèv vre yo, onore yo.

⁴ Men, si yon vèv gen pitit oubyen pitit pitit, toudabò, se pou yo aprann montre devosyon yo pou pwòp fanmi yo, epi se pou yo peye dèt yo anvè paran yo. Paske, sa a se yon bagay ki konvenab devan Bondye.

⁵ Vèv ki vèv vre a epi ki rete poukont li, li met espwa l nan Bondye. Lajounen kon lannuit, l ap sipliye Bondye, l ap priye Bondye.

⁶ Men, vèv ki nan banbòch la, li se yon mò vivan.

⁷ Kòmande yo fè bagay sa yo, dekwa pou yo ka san repwòch.

⁸ Si yon moun pa pran swen fanmi l, sitou swen moun lakay li, ebyen, li nye lafwa, e li pi mal pase yon moun ki san lafwa.

⁹ Pou yo enskri yon vèv sou lis la, fòk li pa gen mwens pase swasantan, fòk li te gen yon sèl mari,

¹⁰ fòk moun temwaye bon zèv li fè, tankou si l te byen elve timoun, si l te gen ospitalite, si l te lave pye sen yo, si l te ede malere, anfen, si l te chèche fè tout kalite bon zèv.

¹¹ Men, kanta pou jèn vèv yo, egzante yo. Paske, lè dezi monte yo kont Kris, yo vle marye.

¹² Epi, yo vin koupab, paske lè sa a, se premye angajman yo a, yo anile.

¹³ An menm tan, nan mache kay apre kay, yo aprann fè epav. E, se pa epav yo ye sèlman, men yo tripòt tou, yo fouyapòt, yo pale sa yo pa dwe pale.

¹⁴ Donk, mwen vle pou jèn vèv yo remarye, pou yo fè pitit, epi pou yo dirije kay yo. Konsa, yo p ap bay lènmi an okenn okazyon pou l denigre yo.

¹⁵ Paske, gen kèk nan yo ki deja devire pou y al dèyè Satan.

¹⁶ Si yon fi oubyen yon gason ki konvèti gen vèv lakay li, se pou l ede yo. Se pa pou yo met chay la sou legliz. Konsa, legliz va ede vèv ki vèv vre yo.

¹⁷ Ansyen ki byen dirije yo, sitou sa k ap redi preche epi k ap redi anseye yo, merite yon onè doub.

¹⁸ Paske, Lekriti di: «Pa bay bèf, k ap dekontike grenn, baboukèt.» Epi, li di ankò: «Travayè merite salè yo.»

¹⁹ Pa resevwa okenn plent kont yon ansyen, amwenske genyen de oubyen twa temwen.

²⁰ Ansyen ki fè peche yo, fè yo obsèvasyon devan yo tout. Konsa tou, lòt yo va gen krentif.

²¹ M ap deklare w sa devan Bondye, devan Senyè Jezi Kris, ak devan zanj Bondye chwazi yo: Se pou w obsève bagay sa yo san patipri, san w pa fè okenn favè.

²² Pa prese poze men sou tèt pèsonn. Pa mele nan peche lòt moun, nonplis. Ou menm, kenbe tèt ou pwòp.

²³ Sispann bwè dlo ase. Okontrè, poutèt lestomak ou a epi poutèt feblès ou gen souvan yo, se pou w sèvi ak yon ti diven tou.

²⁴ Gen yon seri moun, menm anvan yo jije yo, peche yo parèt aklè. Men, pou yon seri lòt, peche yo parèt apre.

²⁵ Se konsa tou, bon travay parèt aklè. E, sa k pa konsa yo, yo pa kapab ret kache.

1 Timote 6

¹ Tout moun ki anba jouk kòm sèvitè, se pou yo konsidere pwòp mèt yo tankou moun ki merite tout kalite onè. Konsa, moun p ap denigre ni non Bondye, ni doktrin nan.

² Si mèt yo genyen yo, se fidèl yo ye, yo pa dwe meprize yo poutèt se frè yo ye. Okontrè, poutèt moun k ap resevwa sèvis yo se fidèl e se byenneme yo ye, sèvitè yo dwe sèvi yo pi plis. Anseye yo epi ankouraje yo fè bagay sa yo.

³ Si yon moun ap anseye lòt kalite doktrin, si li pa dakò avèk pawòl ki kòrèk yo, sa vle di, pawòl Senyè nou an, Jezi Kris, si li pa dakò avèk doktrin ki dapre devosyon pou Bondye a,

⁴ ebyen, moun sa a, se ògèy ki gonfle tèt li, li pa konn anyen. Okontrè, se maladi plede ak diskite li genyen. Epi, sa mennen anvi, kont, denigre moun, sispèk moun mal,

⁵ pledman, anfen, bagay ki sanble ak moun ki gen lespri kòwonpi, moun ki pèdi verite a epi moun ki panse devosyon pou Bondye se yon mwayen pou moun vin rich. Egzante moun konsa.

- ⁶ Alò, devosyon pou Bondye se yon gwo mwayen pou moun vin rich vre, si moun nan konn kontante.
- ⁷ Vrèmanvre, nou pa t vini ak anyen nan monn sa a, nou pa kapab ale ak anyen nonplis. Sa klè.
- ⁸ Donk, si nou gen manje ak rad, sa ase pou nou.
- ⁹ Men, moun ki vle pou yo rich, yo tonbe nan tantasyon ak nan yon pyèj, epi yo tonbe anba anpil dezi ki san sans epi ki danjere. Bagay sa yo trennen moun, jis yo rinen yo epi yo detui yo.
- ¹⁰ Paske, avaris se rasin tout bagay mal. Gen kèk moun, nan kouri dèyè lajan, yo pèdi chemen lafwa a. Konsa, yo lage tèt yo nan anpil touman.
- ¹¹ Men, ou menm ki moun Bondye, ou dwe kouri pou bagay sa yo. Men, chèche gen jistis, devosyon, lafwa, lamou, pasyans ak dousè.
- ¹² Mennen yon bon batay pou lafwa. Kenbe lavi etènèl la fèm. Se pou li Bondye te rele w, e se poutèt li ou te bay yon bèl temwayaj devan anpil temwen.
- ¹³ Devan Bondye ki bay tout bagay lavi, epi devan Jezi Kris ki te bay yon bèl temwayaj lè l te devan Pons Pilat la, men sa m ap kòmande w:
- ¹⁴ Se pou w kenbe kòmanman an yon jan ki san tach, san repwòch, pou jis Jezi Kris Senyè nou an parèt.
- ¹⁵ Bondye ap fè wè li nan tan ki te fikse a. Se Bondye ki beni epi ki sèl Potanta. Se li ki Wa tout wa epi Senyè tout senyè.
- ¹⁶ Se li sèl ki genyen imòtalite epi ki abite nan yon limyè kote moun pa ka pwoche. Okenn moun pa janm wè li. Okenn moun pa kapab wè li nonplis. Onè ak fòs pou li pou letènite! Amèn!
- ¹⁷ Kòmande moun ki rich nan monn ki la kounye a pou yo pa ni awogan, ni mete espwa yo nan richès frajil sa yo. Men, se pou yo mete espwa yo nan Bondye vivan an ki ban nou tout bagay ann abondans pou nou ka jwi yo.
- ¹⁸ Se pou yo fè byen. Se pou yo rich nan fè bon zèv. Se pou yo bay lòt moun, se pou yo pataje ak lòt moun.
- ¹⁹ Se konsa y ap anpile yon trezò pou pwòp tèt yo, yon trezò k ap yon bèl fondasyon pou demen, dekwa pou yo ka kenbe lavi etènèl la fèm.

²⁰ Aa Timote, veye sa Bondye konfye w la. Devire devan sakrilèj, pawòl rans, ak kontradiksyon ki nan swadizan konesans sa yo,

²¹ konesans kèk moun ap anseye. E, nan konsa, yo pèdi chemen lafwa. Gras Bondye avèk ou!

2 Timote

2 Timote 1

- 1** Pòl, apot Jezi Kris dapre volonte Bondye, selon pwomès lavi ki nan Jezi Kris la.
- 2** Timote, pitit byenneme m nan, se pou gras, pitye, ak lapè ki soti nan Bondye Papa a ak nan Jezi Kris, Senyè nou an, avèk ou.
- 3** Mwen di Bondye mèsi, Bondye m ap sèvi menm jan ak zansèt mwen yo a epi avèk yon konsyans ki pwòp la. Se san rete m ap nonmen non ou nan priyè mwen, lajounen kon lannuit.
- 4** Lè m ap sonje dlo ki konn nan je ou, mwen vin anvi wè w anpil, pou lajwa ka plen kè m.
- 5** Sa fè m sonje lafwa san ipokrizi ki nan ou a. Menm lafwa sa a t ap viv nan kè granmè w Loyis an premye epi nan kè manman w Enis tou. E, mwen gen konfyans l ap viv nan kè w tou.
- 6** Se pou rezon sa a, don Bondye ou te resevwa lè m te poze men sou ou a, m ap fè w sonje pou w chofe l kon dife.
- 7** Paske, se pa yon Lespri kapon Bondye ban nou, men se yon Lespri pisans, lamou, ak disiplin.
- 8** Donk, pa wont temwaye pou Senyè nou an. Nonplis tou, pa wont mwen menm ki prizonye li. Okontrè, patisipe nan soufrans pou levanjil la, dapre pisans Bondye.
- 9** Se Bondye sa a ki sove nou epi ki fè nou yon apèl ki sen. E se pa poutèt zèv nou te fè, men se dapre plan l epi dapre gras, li ban nou nan Jezi Kris, anvan tan letènite te kòmanse.
- 10** Men, kounye a, li montre gras la nan parèt Sovè nou, Jezi Kris, te parèt la. Jezi detui lanmò. Epi, grasa levanjil la, li fè limyè klere sou lavi ak imòtalite.
- 11** E, se poutèt sa, Bondye mete m kòm mesaj, kòm apot, epi kòm anseyan pou lòt nasyon yo.
- 12** Se rezon sa a tou ki fè m ap souffri bagay sa yo. Men, mwen pa wont, paske mwen konnen nan kilès mwen kwè. E mwen gen konfyans li genyen pisans pou l kenbe sa m konfye l la pou jis jou sa a rive.
- 13** Pawòl kòrèk ou te tande m ap di w yo, kenbe yo kòm modèl, avèk lafwa ak lamou ki nan Jezi kris.
- 14** Grasa Lespri Sen ki abite nan ou a, veye sou bon bagay Bondye konfye w la.

15 Tout moun ann Azi yo lage m. Fijèl ak Èmojèn te avèk yo tou. Ou konn sa, pa vre?

16 Se pou Senyè a gen pitye pou moun kay Onezifò yo. Paske, byen souvan, se li ki ankouraje m. E, li pa wont mwen dèske m anba chenn.

17 Okontrè menm, lè l te vin Wòm, li fè dilijans pou l chèche m. E, li jwenn mwen.

18 Se pou Senyè a pèmèt li jwenn pitye devan Senyè a nan jou sa a. Ou konnen trè byen ki sèvis li rann mwen nan Efèz.

2 Timote 2

1 Donk, ou menm, pitit mwen, pran fòs ou nan gras ki nan Jezi Kris la.

2 Epitou, ou te tande bagay mwen te di w devan anpil temwen yo. Konfye bagay sa yo bay moun ki fidèl, bay moun ki kapab anseye lòt moun tou.

3 Donk, ou menm, patisipe nan soufrans lan tankou yon bon sòlda Jezi Kris.

4 Yon sòlda ki desèvis pa janm mele nan lòt afè lavi a, si li vle fè moun ki anwole l la plezi.

5 Konsa tou, si yon moun nan yon konpetisyon, depi li pa suiv regleman konpetisyon an, yo p ap janm kouwone l.

6 Kiltivatè ki travay di a, fòk se li an premye ki resevwa nan rekòt la.

7 Konprann sa m ap di a, paske Senyè a ap ba ou entelijans nan tout bagay.

8 Sonje Jezi Kris, li menm ki resisite pami mò yo, ki se desandan David, dapre levanjil mwen an.

9 Se pou levanjil sa a m ap souffri, anba chenn, tankou yon malfektè. Men, pawòl Bondye a pa anchennen.

10 Poutèt sa, mwen sipòte tout bagay pou moun Bondye chwazi yo, dekwa pou yo menm tou, yo ka gen delivrans nan Jezi Kris, avèk glwa etènèl.

11 Men yon pawòl ki fidèl: Vrèmanvre, si nou mouri avèk li, N ap viv avèk li tou.

12 Si nou sipòte, N ap vin wa avèk li tou. Si nou nye li, Li menm tou, l ap nye nou.

13 Si nou pa fidèl, Li menm, l ap rete fidèl. Li pa kapab nye pwòp tèt li.

14 Fè moun yo sonje bagay sa yo. Deklare devan Senyè a pou yo sispann fè diskisyon. Paske, sa pa itil anyen plis pase twouble l twouble moun k ap koute yo.

15 Fè efò pou w prezante tèt ou devan Bondye tankou yon nonm ki otantik, yon ouvriye ki pa wont tèt li epi ki sèvi daplon ak pawòl verite a.

¹⁶ Men, detounen devan sakrilèj ak pawòl rans. Paske, moun ki ladan yo ap fonsè nan mechanste pi plis.

¹⁷ E, pawòl yo tankou kansè k ap vale teren. Se pami moun sa yo Imene ak Filèt ye.

¹⁸ Yo pèdi chemen verite a. Y ap di rezirèksyon an deja rive. Epi, yo chavire lafwa kèk moun.

¹⁹ Kanmenm, fondasyon solid Bondye a kanpe fèm. Li gen so sa a sou li: Senyè a konnen moun li yo. Epi ankò: Tout moun k ap nonmen non Senyè a, yo dwe egzante sa ki pa jis.

²⁰ Nan yon gran kay, se pa veso ann ò ak veso ann ajan ase ki genyen. Men tou, genyen sa k an bwa ak sa k an tè. Yon bò, genyen ki pou sèvis espesyal, yon lòt bò, genyen ki pou sèvis òdinè.

²¹ Ebyen, si yon moun pwòpte tèt li anba bagay sa yo, l ap yon veso ki pou sèvis espesyal, ki konsakre, ki itil Mèt la epi ki pare pou nenpòt bon travay.

²² Kouri pou dezi jèn moun konn genyen. Men, chèche genyen jistis, lafwa, lamou, lapè ansanm avèk moun ki gen kè yo pwòp epi k ap rele non Senyè a.

²³ Men, egzante pledman moun fou ak moun sòt yo. Ou konnen bagay sa yo mennen kont.

²⁴ Alòske, yon sèvitè Senyè a pa dwe nan kont. Okontrè, fòk li yon moun ki san fason ak tout moun, yon moun ki kapab anseye, ki gen san sipòtan,

²⁵ epi ki korije moun avèk dousè, lè yo fè l opozisyon. Petèt, lè sa a, Bondye va ba yo repantans pou yo ka konnen verite a.

²⁶ Konsa, y a reprann bonsans yo pou yo sot nan pyèj djab la ki te kaptire yo pou yo fè volonte l.

2 Timote 3

¹ Men, konnen nan dènye jou yo, tan terib pral vini.

² Paske, lèzòm ap renmen tèt yo. Y ap renmen lajan. Y ap grandizè. Y ap awogan. Y ap denigre moun. Y ap rebèl ak paran. Y ap engra. Y ap fè sakrilèj.

³ Y ap san lamou pou pwochen yo. Y ap san pitye. Y ap malpalan. Y ap san kontwòl. Y ap brutal. Yo p ap renmen sa ki byen.

⁴ Y ap trèt. Y ap fè kòlè fasil. Y ap gen ògèy. Y ap renmen plezi pito, pase yo renmen Bondye.

⁵ Se sou fòm sèlman, y ap genyen devosyon pou Bondye. Men, lavi yo ap nye pisans lan. Moun konsa, evite yo.

⁶ Paske, se kalite moun sa yo ki glise antre kay moun. Yo pran tèt fi egare ki deja chaje ak peche, fi divès move dezi ap dirije,

⁷ fi ki toujou ap aprann, men ki pa janm kapab rive konnen verite a.

⁸ Menm jan Janès ak Janbrès te fè Moyiz opozisyon, se konsa tou moun sa yo fè verite a opozisyon. Lespri yo kòwonpi. Pou sa ki konsène lafwa, Bondye rejte yo.

⁹ Men, yo p ap vanse pi plis pase sa. Paske, derayman yo a ap vin klè pou tout moun, menm jan sa te rive de mesye sa yo.

¹⁰ Men, ou menm, ou te obsève m nan ansèyman mwen, nan konpòtman mwen, nan plan mwen, nan lafwa mwen, nan pasyans mwen, nan lamou mwen, nan andirans mwen,

¹¹ nan pèsekisyon m yo, nan soufrans tankou sa k te rive m Antyòch, Ikòn ak Lis yo, anfen, nan kalite pèsekisyon mwen te sipòte yo. E Senyè a te delivre m anba yo tout.

¹² Dayè, tout moun ki vle viv ak devosyon pou Jezi Kris, y ap pèsekite yo.

¹³ Alòske, moun mechan, moun koken ap vanse pou yo vin pi mal: Y ap twonpe moun, epi moun ap twonpe yo.

¹⁴ Men, ou menm, rete nan bagay ou te aprann epi ou te kwè yo. Paske, ou konnen nan men kilès ou te aprann yo.

¹⁵ Epitou, depi w piti, ou konnen Ekriti sakre a, Ekriti ki kapab fè w saj, pou w sove grasa lafwa w nan Jezi Kris la.

¹⁶ Bondye souffle tout Lekriti. E, li itil pou anseye moun, pou fè moun obsèvasyon, pou korije moun, pou edike moun nan sa ki jis,

¹⁷ dekwa pou moun Bondye kapab adapte tèt yo epi pou yo kapab byen fòme pou tout bon travay.

2 Timote 4

¹ Donk, men sa m ap deklare w: Devan Bondye ak devan Senyè Jezi Kris ki pral jije ni vivan ni mò lè li parèt epi li etabli wayòm li an:

² Preche pawòl la. Pèsevere, kit bon tan, kit move tan. Ak tout pasyans ou, epi nan ansèyman w, konvenk moun, fè yo obsèvasyon, egzòte yo.

³ Paske, yon tan ap vini kote moun p ap sipòte doktrin ki kòrèk la. Okontrè, zòrèy yo ap grate yo dapre pwòp dezi yo, epi y a anpile pwofesè pa yo.

⁴ Yon bò, y ap detounen zòrèy yo sou verite a, epi yon lòt bò, y ap vire yo sou lejann.

- ⁵ Men, ou menm, ou dwe modere nan tout bagay. Andire soufrans. Fè travay evanjelis. Akonpli ministè ou byen.
- ⁶ Paske, mwen menm, mwen deja yon ofrann-likid. E, tan pou m pati a ap pwoche.
- ⁷ Mwen mennen yon bon batay. Mwen fini kous la. Mwen kenbe nan lafwa.
- ⁸ Finalman, kouwòn jistis la ap tann mwen. Senyè a, ki se jij ki jis la, ap ban mwen li nan jou sa a. E, se pa mwen menm sèlman l ap bay li, men tou, se tout moun k ap renmen retou li.
- ⁹ Fè dilijans pou w vini kote m tousuit.
- ¹⁰ Paske, Demas abandone mwen, epi li pati Tesalonik, tèlman li renmen monn ki la kounye a. Kresan al Galasi. Tit al Dalmasi.
- ¹¹ Se Lik sèl ki la avè m. Pran Mak, mennen l vini avèk ou, paske li itil mwen nan ministè a.
- ¹² Mwen voye Tichik Efèz.
- ¹³ Manto mwen te kite Twowas, kay Kapis la, lè w ap vini, pote l pou mwen ansanm ak liv yo, sitou pachemen yo.
- ¹⁴ Aleksann, bès fòjon an, fè m anpil mal. Senyè a va peye l travay li fè m yo.
- ¹⁵ Pran prekosyon w avè l, paske li te fè pawòl nou yo anpil opozisyon.
- ¹⁶ Premye fwa m t ap defann tèt mwen an, pèsenn pa t soutni mwen. Okontrè, tout moun te abandone m. Se pou Bondye pa met sa sou kont yo.
- ¹⁷ Men, Senyè a te ede m, li te ban m fòs pou mwen ka fin pwoklame mesaj la epi pou tout moun lòt nasyon yo ka tandè l. E, li te delivre m anba bouch lyon an.
- ¹⁸ E, Senyè a ap delivre m anba tout move travay, epi l ap sove m pou mwen ka nan wayòm syèl la. Glwa pou li, pou letan e pou letènite! Amèn.
- ¹⁹ Salye Priska avèk Akilas ansanm ak moun kay Onezifò yo.
- ²⁰ Eras rete Korent. Men, mwen te kite Twofim malad Milè.
- ²¹ Fè dilijans pou w vini anvan ivè. Ebilis, Pidens, Linis, Klodya ansanm ak tout frè yo voye salye w.

²² Senyè Jezi Kris avèk lespri ou! Gras Bondye avèk nou! Amèn.

Tit

Tit 1

- 1** Pòl, sèvitè Bondye epi apot Jezi Kris, pou moun Bondye chwazi yo ka gen lafwa epi pou yo ka konnen verite ki konfòm ak devosyon pou Bondye a.
- 2** E sa se poutèt esperans lavi etènèl la. Anvan tan letènite, Bondye ki pa ka manti a te pwomèt lavi etènèl sa a.
- 3** Men, nan tan li te fikse a, li te demontre pawòl li nan mesaj li te konfye m, dapre dekrè Bondye Sovè nou.
- 4** Tit, pitit lejitim mwen dapre lafwa nou genyen ansanm nan, se pou gras, pitye, avèk lapè ki soti kote Bondye Papa a ak Senyè Jezi Kris, Sovè nou, avèk ou.
- 5** Men rezon ki fè mwen te kite w Krèt: Se pou w te ka mete rès bagay yo ann òd epi pou w te ka nonmen kèk ansyen nan chak vil, menm jan mwen te kòmande w la,
- 6** a kondisyon moun nan san repwòch, li gen yon sèl madanm, pitit li genyen yo fidèl, epi moun pa akize pitit sa yo kòm kwa yo nan debòch oubyen yo rebèl.
- 7** Vrèmanvre, kòm yon administratè pou Bondye, evèk la dwe san repwòch. Li pa dwe ni yon refraktè, ni youn k ap fè kòlè fasil, ni yon tafyatè, ni yon moun vyolan, ni yon magouyè.
- 8** Okontrè, li dwe gen ospitalite. Li dwe renmen sa ki byen. Li dwe modere. Li dwe yon moun ki jis, yon moun ki sen, yon moun ki gen disiplin.
- 9** Li dwe kenbe pawòl fidèl la fèm, jan yo te anseye l li a. Konsa, l a kapab ni egzòte moun nan doktrin ki kòrèk la, ni fè moun k ap fè l opozisyon yo obsèvasyon.
- 10** Vrèmanvre, genyen anpil moun ki rebèl, ki paladò, k ap twonpe moun. Se sitou pami moun sikonsi yo, yo ye.
- 11** Moun sa yo, fòk yo fè yo pe. Se moun ki chavire lafwa plizyè fanmi ann antye, paske y ap anseye bagay yo pa dwe anseye, pou yo fè move lajan.
- 12** Gen youn pami yo ki pwòp pwofèt yo epi ki di: «Moun Krèt toujou mantè; yo se bèt mechan; yo se moun saf ki parese.»
- 13** E, temwayaj sa a se laverite. Se rezon sa a ki fè ou dwe fè yo obsèvasyon yon jan ki sevè, dekwa pou yo ka kòrèk nan lafwa yo
- 14** epi dekwa pou yo ka pa koute lejann Juif yo ak kòmannman moun ki detounen pwòp tèt yo sou verite a.

¹⁵ Pou moun kè pwòp, tout bagay pwòp. Men, pou moun kè sal ak moun san lafwa, ebyen, anyen pa pwòp. Okontrè menm, ni lide yo, ni konsyans yo sal.

¹⁶ Y ap deklare, yo konnen Bondye, alòske, y ap nye li nan aksyon yo. Yo fè abominasyon, yo rebèl, epitou, yo pa kapab fè okenn bon aksyon.

Tit 2

¹ Men, ou menm, pale bagay ki konfòm ak doktrin ki kòrèk la.

² Granmoun gason yo dwe modere, yo dwe respektab, yo dwe gen kontwòl tèt yo, yo dwe kòrèk nan lafwa yo, nan lamou yo, ak nan pasyans yo.

³ Menm jan an tou, granmoun fi yo dwe gen konpòtman moun bon karaktè. Yo pa dwe ni malpalan, ni esklav diven. Yo dwe bay bon konsèy.

⁴ Konsa, y a aprann jèn medam yo larezon, jan pou yo renmen mari yo, pou yo renmen pitit yo,

⁵ pou yo gen kontwòl tèt yo, pou lavi yo pwòp, pou yo okipe kay yo, pou yo bon moun, pou yo obeye pwòp mari yo. Lè sa a, moun p ap denigre pawòl Bondye a.

⁶ Menm jan an tou, ankouraje jèn mesye yo pou yo gen kontwòl tèt yo.

⁷ Ou menm, nan tout bagay, montre ou se yon modèl pou yo, nan bon zèv ou fè. Sa vle di, se pou w bay yon ansèyman ki pa kòwonpi, ki respektab, ki sensè.

⁸ Se pou pawòl ou kòrèk epi san repwòch. Lè sa a, w a fè moun k ap fè w opozisyon yo wont, paske yo p ap gen anyen mal pou yo di sou nou.

⁹ Sèvitè yo dwe soumèt devan mèt yo nan tout bagay, epi yo dwe fè yo plezi.

¹⁰ Yo pa dwe ni bay replik, ni fè eskanmòtè. Okontrè, yo dwe montre yo byen fidèl tout jan. Lè sa a, y a fè onè doktrin Bondye Sovè nou an nan tout bagay.

¹¹ Paske, gras Bondye, gras ki ka sove tout moun nan te parèt.

¹² Li aprann nou renonse ak mechanste, ak dezi lemonn. Epi, li aprann nou viv ak kontwòl, ak jistis, ak devosyon nan tan kounye a,

¹³ pandan n ap tann esperans beni an reyalize, epi pandan n ap tann glwa sila ki gran Bondye epi Sovè nou an, Jezi Kris, parèt.

¹⁴ Wi, li te bay pwòp tèt li pou nou, dekwa pou l te ka rachte nou anba tout rebelyon epi pou l te ka pirifye nou pou nou vin yon pèp espesyal pou li, yon pèp ki zeze pou fè bon zèv.

¹⁵ Pale bagay sa yo, egzòte moun yo, epi fè yo obsèvasyon avèk tout otorite w. Pa kite pèsonn meprize w.

Tit 3

- ¹ Fè moun yo sonje pou yo soumèt devan chèf ak otorite, pou yo obeyi yo, pou yo pare pou yo fè tout kalite bon zèv,
- ² pou yo pa denigre moun, pou yo dosil, pou yo dou, epi pou yo montre tout kalite jantiyès devan tout moun.
- ³ Paske, yon lè, nou menm tou, nou te sòt, nou te rebèl, nou te nan erè, nou te esklav divès dezi ak divès plezi, nou t ap viv nan malfezans ak jalouzi, nou te bay moun degoutans, e nou youn te rayi lòt.
- ⁴ Men, lè bonte Bondye Sovè nou ak lamou li pou lèzòm parèt, li sove nou.
- ⁵ E sa, se pa t grasa zèv jistis nou te fè. Okontrè! Li sove nou grasa pitye li, dapre beny nouvèl nesans lan epi dapre renouvle Lespri Sen an renouvle nou an.
- ⁶ Epi, li vide Lespri Sen an sou nou ann abondans, grasa Jezi Kris Sovè nou.
- ⁷ Konsa, kòm gras sa a jistifye nou, nou tounen eritye, dapre esperans lavi etènèl la.
- ⁸ Sa se pawòl fidèl. E, kanta pou bagay sa yo, mwen vle w ensiste sou yo, dekwa pou moun ki kwè nan Bondye yo ka veye pou yo devwe nan fè bon zèv. Se bagay sa yo ki bèl epi ki itil pou lèzòm.
- ⁹ Men, kanta pou diskisyon moun fou yo, lis zansèt yo, kont ak zizani pou lalwa yo, kanpe lwen yo. Paske, yo initil, e yo san valè.
- ¹⁰ Depi yon nonm ap lakòz divizyon, avèti l yon premye fwa, yon dezyèm fwa, apre sa, egzante l.
- ¹¹ Ou konnen yon moun konsa pèvèti, li peche, epi li kondane pwòp tèt li.
- ¹² Lè mwen voye Atemas oubyen Tichik ba ou, fè dilijans pou w vini kote m Nikopolis, paske se la mwen deside pase livè a.
- ¹³ Fè dilijans pou w ravitaye avoka Zenas ansanm ak Apolòs pou vwayaj la, dekwa pou yo pa manke anyen.
- ¹⁴ Men tou, se pou moun nou yo aprann devwe nan fè bon zèv, pou yo ka ede nan ka nesesite sa yo, dekwa pou yo pa rete san donner fwi.
- ¹⁵ Tout moun ki avè m yo voye salye ou. Salye tout moun ki zanmi nou nan lafwa. Gras Bondye avèk nou tout. Amèn!

Filemon

Filemon 1

- 1** Pòl, prizonye pou Jezi Kris, epi frè Timote. Lèt sa a se pou ou menm, Filemon, byenneme nou epi konpayon nou nan travay la,
- 2** pou byenneme sè Afya, pou Achip ki sòlda ansanm avèk nou, epi pou legliz ki lakay ou a.
- 3** Gras ak lapè ki soti kote Bondye Papa nou ak kote Senyè Jezi Kris avèk nou!
- 4** Se tout tan m ap rann Bondye m nan gras, lè m ap nonmen non ou nan priyè mwen.
- 5** Paske, mwen tandè ki lamou ak ki lafwa ou genyen pou Senyè Jezi epi pou tout sen yo.
- 6** Konsa, mwen lapriyè pou kominyon sa a yo genyen avèk lafwa w la kapab travay, pou yo konnen tout sa ki byen nan nou pou Jezi Kris.
- 7** Vrèmanvre, lamou w te fè mwen gen anpil lajwa ak ankourajman. Paske, grasa ou, frè mwen, kè sen yo te soulaje.
- 8** Se poutèt sa, malgre tout asirans mwen genyen nan Kris pou mwen kòmande w sa ki devwa ou,
- 9** mwen pito sipliye w nan lamou epi dapre jan mwen ye a, mwen menm, Pòl, yon granmoun, plis yon prizonye pou Jezi Kris kounye a.
- 10** M ap sipliye w pou pitit mwen an, Onezim, mwen bay nesans pandan mwen nan chenn nan!
- 11** Anvan sa, li pa t itil ou anyen. Men kounye a, l ap itil ni ou menm, ni mwen menm.
- 12** Mwen retounen l ba ou. Men, ou menm, resevwa l. Li se pwòp kè mwen.
- 13** Mwen ta byen renmen kenbe l avèk mwen pou li ka sèvi m nan plas ou, pandan mwen nan chenn pou levanjil la.
- 14** Men, mwen pa vle fè anyen san konsantman w, dekwa pou ou pa fè byen an paske ou oblije fè l, men, paske ou vle fè l.

¹⁵ Vrèmanvre, se kapab poutèt sa li te pati kite w la. L ale pou yon tan, dekwà pou w te ka rejwenn li pou letènite.

¹⁶ E, se pa tankou yon esklav ou rejwenn li ankò. Okontrè! Se plis pase yon esklav. Ou rejwenn li tankou yon frè byenneme, espesyalman frè pa mwen. E plis pase sa toujou, li se frè ou, paske li se yon moun epi paske li nan Senyè a.

¹⁷ Donk, si ou konsidere m kòm zanmi w, ebyen, resevwa l menm jan ou ta resevwa m.

¹⁸ E, si l te fè kèk bagay mal oubyen li te dwe w, met sa sou kont mwen.

¹⁹ Mwen menm Pòl, mwen ekri l ak men mwen: M ap remèt ou li. E, mwen pa menm bezwen di w, ou menm, ou dwe m lavi w.

²⁰ Wi, frè mwen, fè m plezi a nan Senyè a. Soulaje kè m nan Senyè a.

²¹ Se paske mwen gen konfyans w ap obeyi mwen ki fè mwen ekri w. E, mwen konnen w ap fè plis pase sa mwen di w la.

²² An menm tan tou, pare yon chanm pou mwen. Paske, mwen espere y a libere mwen ban nou, grasa priyè nou yo.

²³ Epafra voye salye w. Li se prizonye ansanm avèk mwen nan Jezi Kris.

²⁴ Mak, Aristak, Demas, Lik voye salye w. Y ap travay ansanm avèk mwen.

²⁵ Gras Jezi Kris Senyè nou avèk lespri nou! Amèn!

Ebre

Ebre 1

- ¹ Nan tan lontan, Bondye te pale avèk zansèt nou yo ak divès mwayen epi nan divès fason, grasa pwofèt yo.
- ² Men, nan dènye jou sa yo, li pale avèk nou grasa Pitit la. Se li menm, Bondye mete eritye tout bagay. Se grasa li menm tou li fè linivè a.
- ³ Li se reyon glwa Bondye. Li se anprent nati Bondye. L ap soutni tout bagay ak pisans pawòl li. Apre li te fin fè pirifikasyon pou peche nou yo, li chita anwo nan syèl la, adwat Majeste a.
- ⁴ E, menm jan li vin siperyè zanj yo, se konsa tou, non li eritye a pi enpòtan pase pa yo a.
- ⁵ Vrèmanvre, kilès nan zanj yo Bondye janm di: Ou se pitit mwen. Mwen menm, jodi a, mwen ba ou nesans? Oubyen ankò: M ap yon papa pou li. E, li menm, l ap yon pitit pou mwen?
- ⁶ Men, lè li mennen Premye-Pitit la nan monn nan ankò, li di: Se pou tout zanj Bondye yo adore li.
- ⁷ Konsènan zanj yo, men sa Bondye di: Li fè zanj li yo tounen van, Li fè sèvitè li yo tounen flanm dife.
- ⁸ Alòske, konsènan Pitit la, li di: O Bondye, twòn ou an la pou letan e pou letènite. Pouvwa wayòm ou an se yon pouvwa ki jis.
- ⁹ Ou te renmen jistis, e ou te rayi rebelyon. O Bondye, se poutèt sa, sila ki Bondye w la te konsakre w; Li te vide yon luil kontantman sou ou pito, olye se te sou konpayon w yo.
- ¹⁰ Epi, li di ankò: Senyè, o kòmansman, se ou menm ki te poze fondasyon latè. E syèl la se travay men ou fè.
- ¹¹ Y ap peri, men, ou menm, w ap rete. Yo tout ap ize tankou rad,
- ¹² W ap vlope yo tankou wòb, epi w ap chanje yo. Men, ou menm, ou rete menm jan an. E ane ou yo p ap bout.
- ¹³ Dayè, kilès nan zanj yo Bondye janm di: Chita adwat mwen, Jis mwen fè lènmi ou yo tounen yon machpye anba pye ou?
- ¹⁴ Tout zanj yo se lespri ki la kòm sèvitè Bondye voye, pou yo ka sèvi moun ki pral eritye delivrans lan, pa vre?

Ebre 2

- ¹ Se poutèt sa, fòk nou bay sa nou te tande yo plis atansyon toujou, dekwa pou anyen pa bwote nou lwen yo.

- ² Paske, si pawòl zanj yo te pale yo te jwenn konfimasyon yo, epi si tout vyolasyon lalwa ak tout dezobeyisans te resevwa yon pinisyon ki jis,
- ³ alò, nou menm, kòman n ap fè chape si nou meprize kalite gwo delivrans sa a? Senyè a te anonse menm delivrans sa a o kòmansman. Moun ki te tandè l yo konfime l ban nou.
- ⁴ Epi, Bondye sètifye temwayaj yo a ak mirak-siy, ak mèvèy, ak divès mirak, epi ak don Lespri Sen yo, selon volonte li.
- ⁵ Vrèmanvre, se pa anba zanj, Bondye te soumèt monn ki pral vini an, monn n ap pale de li a.
- ⁶ Men, gen yon kote yon moun bay temwayaj sa a. Li di: Kisa lòm ye konsa pou w ta sonje li? Kisa pitit lèzòm ye pou w ta pran ka li?
- ⁷ Ou fè li yon ti jan pi ba pase zanj yo pou yon ti tan. Ou ba li glwa ak onè kòm kouwòn. Ou etabli li sou travay menou fè.
- ⁸ Ou soumèt tout bagay anba pye li. Vrèmanvre, nan soumèt Bondye soumèt tout bagay anba l la, pa gen anyen Bondye kite san l pa soumèt yo anba l. Epoutan, kounye a, nou poko wè tout bagay soumèt anba li.
- ⁹ Men, nou wè Jezi, ki se sila Bondye te fè enferyè zanj yo pou yon ti tan an dekwa pou li te ka soufri lanmò pou nou tout, nan gras Bondye. Nou wè li avèk glwa ak onè kòm kouwòn, akòz li te soufri lanmò.
- ¹⁰ Paske, se grasa Bondye, e se pou Bondye tout bagay egziste. Donk, lè li t ap mennen anpil pitit nan laglwa, se te tou nòmal pou li te fè sila ki kapten delivrans yo a total nan soufrans.
- ¹¹ Paske, ni sila ki sangtifye moun nan, ni moun li sangtifye yo, yo tout soti nan yon sèl. Se rezon sa a ki fè li pa wont rele yo frè,
- ¹² kote li di: M ap anonse frè m yo non ou. M ap fè lwanj ou nan mitan asanble a.
- ¹³ Li di ankò: M ap mete konfyans mwen nan li. Epi ankò: Men mwen, ansanm ak timoun Bondye ban mwen yo.
- ¹⁴ Kifè, kòm se chè ak san ki nati timoun sa yo, li menm tou, nan menm fason an, li vin adopte menm nati a. Li fè sa, dekwa pou, grasa lanmò li, li te ka detui sila ki kenbe fòs lanmò a, sa vle di djab la,
- ¹⁵ e dekwa tou pou li te ka delivre moun yo te soumèt anba lesklavaj tout lavi yo, poutèt yo te pè lanmò.
- ¹⁶ Paske, sètènman se pa zanj li ede, men se desandans Abraam nan li ede.
- ¹⁷ Kifè, fòk li te sanble ak frè li yo nan tout bagay, pou li te ka yon sakrifikatè an chèf ki gen pitye epi ki fidèl nan sèvis Bondye a, epi konsa, pou li te ka fè sakrifis-satisfaksyon pou peche pèp la.

¹⁸ Paske, kòm li menm, li te soufri anba tantasyon, ebyen, li kapab ede moun ki anba tantasyon.

Ebre 3

¹ Kifè, frè mwen yo, nou menm ki sen, nou menm ki konpayon mwen nan apèl ki sot nan syèl la, egzamine Jezi Kris, li menm ki se apot ak sakrifikatè an chèf pou lafwa nou te deklare a.

² Menm jan Moyiz te fidèl nan tout kay Bondye a, se konsa tou Jezi te fidèl anvè sila ki te mete l nan pozisyon an.

³ Vrèmanvre, menm jan yon moun ki bati yon kay gen plis onè pase kay la, se konsa tou Bondye konsidere Jezi merite plis glwa pase Moyiz.

⁴ Paske, se moun ki bati tout kay. Men, se Bondye ki bati tout bagay.

⁵ Moyiz li menm te fidèl nan tout kay Bondye a, tankou yon sèvitè ki pou temwaye pawòl Bondye t apal pale yo.

⁶ Alòske, Kris li menm te fidèl nan kay li tankou yon pitit. E se nou menm ki kay sa a, depi nou kenbe fèm jiska lafen nan asirans ak nan esperans ki fè nou fè lwanj tèt nou an.

⁷ Donk, se menm jan Lespri Sen an di l la: Jodi a, si nou tandè vwa li,

⁸ Pa fè rès nan kè nou, Menm jan ak lè ki te gen rebelyon an, Nan jounen yo te tante Bondye nan dezè a.

⁹ Nan dezè a, zansèt nou yo tante mwen, Yo teste mwen, e pandan karantan, yo wè travay mwen fè.

¹⁰ Donk, mwen te fache sou jenerasyon moun sa yo, Epi mwen te di: «Kè yo toujou nan erè, E yo pa rive konnen chemen mwen yo.»

¹¹ Menm jan mwen te sèman nan kòlè m nan: «Yo p ap janm antre nan repo m nan!»

¹² Frè mwen yo, fè atansyon pou okenn nan nou pa gen yon kè ki kòwonpi epi ki san lafwa, jiskaske pou nou ta kite Bondye vivan an.

¹³ Okontrè, se pou nou egzòte tèt nou chak jou, dekwa pou peche pa twonpe okenn nan nou pou l ta fè nou fè rès nan kè nou. Fè sa toutotan okazyon an se tankou okazyon Lespri Sen an rele «Jodi a».

¹⁴ Paske, nou vin asosye ak Kris, si vrèmanvre nou kenbe asirans nou te genyen o kòmansman an fèm jiska lafen.

¹⁵ Selon sa ki te di: Jodi a, si nou tandè vwa li, Pa fè rès nan kè nou Menm jan ak lè ki te gen rebelyon an.

¹⁶ Vrèmanvre, kilès ki te fè rebèl lè yo te tandè l la? Se tout moun Moyiz te mennen sot ann Ejip yo, pa vre?

¹⁷ E, sou kilès Bondye te fache pandan karantan an? Se sou moun ki te peche yo, moun kadav yo tonbe nan dezè a, pa vre?

¹⁸ Epitou, kilès Bondye te sèman te yo p ap antre nan repo l la? Èske se pa moun ki te dezobeyi yo?

¹⁹ Alò, sa nou wè, sèke yo pa t kapab antre akòz yo te san lafwa.

Ebre 4

¹ Donk, pandan pwomès pou nou antre nan repo l la ap kenbe toujou, annou gen krentif, dekwa pou pèsonn nan nou pa panse li vini an reta.

² Paske, yo te anonse nou bon nouvèl la tou, menm jan yo te anonse yo l la. Men, yo pa t benefisye anyen, paske pawòl yo te resevwa a pa t jwenn lafwa nan moun ki te tandè l yo.

³ Kounye a, nou menm ki gen lafwa, nou antre nan repo a jan Bondye te di l la: Menm jan mwen te sèman te nan kòlè m nan: «Yo p ap janm antre nan repo m nan!» Epoutan, travay Bondye te fini depi l te fin kreye lemonn.

⁴ Paske, yon lòt kote, men sa li di konsènan setyèm jou a: Sou setyèm jou a, Bondye pran repo ak tout travay li yo.

⁵ Epi, nan kote kounye a, li di ankò: Yo p ap janm antre nan repo m nan.

⁶ Kifè, rete okazyon pou kèk moun antre nan repo a toujou. Epitou, premye moun, yo te anonse bon nouvèl la, yo menm, yo pa t antre, poutèt yo te dezobeyi.

⁷ Se poutèt sa, lontan apre sa, nan bouch David, Bondye fikse yon lòt jou ankò li rele «Jodi a», lè li di: Jodi a, si nou tandè vwa li, Pa fè rèd nan kè nou.

⁸ Paske, si se Jozye ki te ba yo repo, ebyen, Bondye pa t ap pale de yon lòt jou apre sa.

⁹ Se sa k fè, rete yon repo Saba toujou pou pèp Bondye a.

¹⁰ Paske, yon moun ki antre nan repo Bondye a, li pran repo ak travay li yo, menm jan Bondye te pran repo ak pa l yo.

¹¹ Donk, annou fè dilijans pou nou antre nan repo sa a, dekwa pou pèsonn pa al suiv menm move egzàn dezobeyisans sa a epi pou l tonbe.

¹² Paske, pawòl Bondye a vivan, li aktif. E li pi file pase tout epe de bò. Li koupe jis li rive separe nanm ak lespri, jwenti zo ak mwèl. E li sonde santiman ak lide ki nan kè moun.

¹³ Pa gen anyen nan kreyasyon an ki kache devan li. Men, tout bagay aklè, yo tou louvri devan je sila n ap gen pou nou rann kont lan.

¹⁴ Donk, kòm nou genyen yon gran sakrifikatè an chèf ki travèse syèl la, ki vle di Jezi, Pitit Bondye a, ebyen, annou kenbe deklarasyon lafwa nou an fèm.

¹⁵ Paske, sakrifikatè an chèf nou genyen an pa yon moun ki pa kapab soufri ansanm avèk nou nan feblès nou yo. Okontrè, li te sibi tout kalite tantasyon menm jan avèk nou, men, san li pa t fè peche.

¹⁶ Donk, annou pwoche bò twòn gras la avèk asirans. Konsa, n a resevwa pitye, epi n a jwenn gras pou sekoure nou lè nou bezwen l.

Ebre 5

¹ Vrèmanvre, chak sakrifikatè an chèf yo chwazi pami lèzòm, yo plase l kòm yon moun ki pou reprezante lèzòm nan sèvis Bondye, dekwa pou li ofri ofrann ak sakrifis pou peche.

² Konsa, li kapab pran pasyans ak moun ki san konesans epi ak moun ki nan erè, paske li menm tou, se menm feblès yo k ap liyen li.

³ Se poutèt sa tou, menm jan li oblije ofri sakrifis pou peche pèp la, li oblije fè sa pou tèt pa l tou.

⁴ Epitou, pèsonn pa kapab chwazi bay tèt li onè pozisyon sa a. Men, se Bondye ki pou rele l, menm jan se li ki te rele Aawon an.

⁵ Konsa tou, se pa Kris ki te bay tèt li glwa pou l vin sakrifikatè an chèf, men se sila a ki te di li: Ou se pitit mwen. Mwen menm, jodi a, mwen ba ou nesans.

⁶ Menm jan an tou, yon lòt kote ankò, li di: Ou se sakrifikatè pou letènite Nan menm ran ak Mèlkizedèk.

⁷ E, Kris sa a, nan epòk li te an chè e ann òs la, li te prezante priyè ak siplikasyon bay sila ki te kapab sove l anba lanmò a; li te prezante yo ak gwo rèl epi ak gwo kriye. E, akòz krentif li, Bondye tande l.

⁸ Kifè, malgre se li ki Pitit la, li te aprann obeyisans nan sa l te soufri yo.

⁹ E, lè li te vin total, li tounen yon sous delivrans etènèl pou tout moun ki obeye li,

¹⁰ paske Bondye pwoklame l sakrifikatè an chèf nan menm ran ak Mèlkizedèk.

¹¹ Sou kesyon sa a, pawòl nou anpil. E li difisil pou nou esplike nou yo, paske nou vin lou pou nou tande.

¹² Vrèmanvre, depi tan sa a, se pwofesè nou te dwe ye. Olye sa, se bezwen nou bezwen pou yo anseye nou bagay preliminè ankò, bagay lè moun fèk kòmanse ak pawòl Bondye a. Wi, se lèt nou bezwen, se pa gwo manje.

13 Paske, tout moun ki nan pran lèt, yo san esperyans nan pawòl jistis la, paske se tibebe yo ye.

14 Men, gwo manje se pou moun ki fin devlope, moun ki tèlman fè pratik, yo antrene sans yo pou yo fè diferans ant byen ak mal.

Ebre 6

1 Donk, ann kite bagay lè moun fèk kòmanse ak pawòl Kris la. Ann vanse sou bagay ki pou moun devlope, san nou pa poze fondasyon an ankò, fondasyon ki se repantans parapò ak travay ki initil, lafwa nan Bondye,

2 ansèyman sou batèm ak poze men sou tèt moun, rezirèksyon pami mò ak jijman etènèl.

3 Si Bondye pèmèt nou sa, se sa n ap fè.

4 Paske, kanta pou moun ki te jwenn limyè a yon fwa, moun ki te goute kado ki sot nan syèl la, moun ki vin asosye ak Lespri Sen an,

5 moun ki goute bon pawòl Bondye a ak pisans monn ki pral vini an,

6 epi ki tonbe, ebyen, li pa posib pou yo renouvle repantans yo ankò. Paske, yo krisifye Pitit Bondye a ankò pou tèt pa yo, epi yo avili l.

7 Vrèmanvre, lè yon tè ap bwè dlo lapli ki tonbe anpil sou li, epi li donnen plant ki itil pou moun k ap kiltive l la, tè sa a resevwa yon benediksyon nan men Bondye.

8 Men, si se pikan ak pengwen ki pouse sou li, ebyen, yo rejte l; yo prèt pou yo modi l; finalman, y ap boule l.

9 Malgre se konsa n ap pale, men nan ka pa nou an, nou menm byenneme nou yo, nou gen konfyans genyen pi bon bagay, bagay ki an rapò avèk delivrans.

10 Paske, Bondye pa enjis pou li ta bliye kòman nou montre lamou nou pou non li nan travay ak zèv nou fè yo, kote nou te rann sen yo sèvis, e n ap rann yo sèvis toujou.

11 Men, mwen menm ak lòt yo, nou ta anvi pou nou chak montre menm dilijans sa a, dekwa pou esperans nou an ka total jiska lafen.

12 Sa va anpeche nou vin lou. Okontrè, n a vin imite moun ki resevwa pwomès yo kòm eritaj, grasa lafwa yo ak pasyans yo.

13 Vrèmanvre, lè Bondye te fè Abraam pwomès la, li te jire devan pwòp tèt li, paske pa gen pèsonn ki pi enpòtan pase l pou li ta jire devan moun sa a.

14 Alò, Bondye te di: «Kanmenm, m ap ba ou anpil benediksyon. M ap fè desandans ou vin anpil anpil.»

- ¹⁵ Konsa, Abraam pran pasyans, epi li jwenn sa Bondye te pwomèt li a.
- ¹⁶ Vrèmanvre, lè lèzòm ap jire, yo fè sa devan moun ki pi enpòtan pase yo. E sèman an se yon garanti pou yo, ki fè tout diskisyon fini.
- ¹⁷ Nan sans sa a, Bondye te tèlman vle montre eritye pwomès yo kòman plan l pa ka chanje, li garanti pwomès la ak yon sèman.
- ¹⁸ Konsa, vin gen de bagay ki pa kapab chanje pou montre Bondye pa kapab manti. Kifè, nou menm ki kenbe esperans Bondye mete devan nou an kòm pwoteksyon, nou gen yon gwo ankourajman.
- ¹⁹ Esperans sa a kore nanm nou tankou yon lank batiman. Li solid, li fèm, li antre jis dèyè rido,
- ²⁰ kote Jezi antre anvan nou an epi pou nou an. Paske, li te vin sakrifikatè an chèf pou letènite, nan menm ran ak Mèlkizedèk.

Ebre 7

- ¹ Vrèmanvre, Mèlkizedèk sa a te wa Salèm, li te sakrifikatè Bondye Trè-Wo a. Se li menm ki te al rankontre Abraam lè Abraam t ap retounen sot detui wa yo epi ki te beni Abraam nan.
- ² Se li Abraam te bay ladim sou tout bagay la. Toudabò, sans non li se Wa ki bay Jistis. Men, an menm tan tou, li te wa Salèm, ki vle di, Wa ki bay Lapè.
- ³ Li parèt san papa, san manman, san orijin, san kote jou l kòmanse, ni kote lavi l fini. Bondye fè l sanble ak Pitit Bondye a. Kifè, Mèlkizedèk sa a rete sakrifikatè pou tout tan.
- ⁴ Men, konsidere kòman li enpòtan! Paske, Abraam li menm ki se yon patriyach, se Mèlkizedèk li bay ladim sou bagay li te sezi yo.
- ⁵ Desandan Levi yo, yo menm, lè yo resevwa pozisyon sakrifikatè, yo gen yon kòmanman nan lalwa pou yo pran ladim nan men pèp la, sa vle di, nan men pwòp frè yo, malgre se nan ren Abraam yo soti tou.
- ⁶ Alòske, Mèlkizedèk ki pa gen menm orijin avèk yo, li pran ladim nan men Abraam. E li beni Abraam, menm Abraam sa a ki te resevwa pwomès la.
- ⁷ San okenn diskisyon, se sa ki siperyè ki beni sa ki enferyè.
- ⁸ Epitou, sou yon bò, se moun ki ka mouri k ap resevwa ladim, alòske sou yon lòt bò, se youn yo deklare ki vivan k ap resevwa l.
- ⁹ Nan yon sans, nou ka di, menm Levi ki resevwa ladim nan, li te bay ladim tou nan Abraam.
- ¹⁰ Paske, se nan ren papa l li te ye, lè Mèlkizedèk te al rankontre papa a.

- 11** Kounye a, Iwa Bondye te bay pèp la, se sou sasèdòs Levi a li te poze. Donk, si bagay yo te vin total grasa sasèdòs Levi a, poukisa se yon lòt sakrifikatè ki nan ran Mèlkizedèk ki te bezwen parèt? Pouki yo pa t nonmen youn nan ran Aawon?
- 12** Kòmki dire, depi gen chanjman sasèdòs, sètoblije gen chanjman Iwa tou.
- 13** E, vrèmanvre, sila bagay sa yo konsène a te manm yon lòt tribi, yon tribi kote pèsonn pa t nan sèvis lotèl la.
- 14** Paske, sa klè, Senyè nou an se nan tribi Jida li soti. E se yon tribi Moyiz pa di anyen sou li konsènan sasèdòs.
- 15** E sa pi klè toujou kote lòt sakrifikatè ki parèt la se menm jan ak Mèlkizedèk li ye.
- 16** Li pa vin sakrifikatè dapre Iwa ki gen kòmanman ki an rapò ak moun, men li vini sakrifikatè dapre pisans yon lavi ki pa ka sispann.
- 17** Men sa yo temwaye de li: Ou se sakrifikatè pou letènite, Nan menm ran ak Mèlkizedèk.
- 18** Kifè, sou yon bò, kòmanman ki te la anvan an vin anile poutèt li te fèb epi li te initil.
- 19** E, vrèmanvre, lalwa pa fè anyen vin total. Men, yon lòt bò, se yon pi bon esperans ki ranplase l. E, grasa esperans sa a, nou ka pwoche kote Bondye.
- 20** E, se pa t san sèman sa te rive.
- 21** Vrèmanvre, lòt sakrifikatè yo vin sakrifikatè san sèman. Alòske, Jezi, li menm, se te avèk sèman sila a ki te di li: Senyè a jire, E li p ap chanje lide: Ou se sakrifikatè pou letènite, Nan menm ran ak Mèlkizedèk.
- 22** Se sa menm ki fè Jezi vin yon garanti pou yon pi bon alyans.
- 23** Epitou, te gen anpil sakrifikatè, paske lanmò te anpeche yo rete nèt nan pozisyon an.
- 24** Alòske pou Jezi li menm, sasèdòs li a pa ka chanje, paske Jezi la pou l rete pou letènite.
- 25** Se sa k fè tou, moun ki pwoche kote Bondye grasa Jezi, Jezi kapab sove yo nèt, paske l ap toujou vivan pou li plede pou yo.
- 26** Dayè, se kalite sakrifikatè an chèf sa a ki te konfòm pou nou. Li sen, li inosan, li san salte, li egzante tèt li ak moun ki pechè, epi li plase pi wo pase syèl la.
- 27** Li pa tankou sakrifikatè an chèf yo. Sa vle di, li pa bezwen ofri sakrifis chak jou pou peche pa l an premye epi, apre sa, pou peche pèp la. Paske, lè li te ofri tèt li a, li te fè sa yon fwa pou tout.

²⁸ Paske, se moun ki gen feblès, lalwa plase kòm sakrifikatè an chèf. Alòske, pawòl sèman ki te fèt apre lalwa te parèt la, se Pitit la li etabli, li menm ki total pou letènite.

Ebre 8

¹ Nan sa n ap di la a, men sa ki bagay prensipal la: Se kalite sakrifikatè an chèf sa a menm, nou genyen. Li chita adwat twòn Majeste ki nan syèl la.

² Se li ki sakrifikatè ki desèvis nan sanntye a, nan vrè tabènak la. E se Senyè a ki te bati l, se pa t moun.

³ Vrèmanvre, Bondye te plase tout sakrifikatè an chèf yo pou yo ofri ofrann ak sakrifis. Kifè, li te nesesè pou Jezi, li menm, te gen yon bagay pou l ofri tou.

⁴ Dayè, si l te sou latè, li pa t ap menm yon sakrifikatè, paske gen lòt sakrifikatè k ap ofri ofrann dapre lalwa.

⁵ E, sèvis yo a se aparans e se lonbraj sèvis nan syèl yo li ye. Se sou sa menm, Bondye te avèti Moyiz, lè li t apral bati tabènak la. Paske, Bondye te di: «Gade, se pou w fè tout bagay dapre modèl yo te montre w sou mòn nan.»

⁶ Men, kounye a, non sèlman sèvis Jezi resevwa a pi siperyè, men Jezi se medyatè yon alyans ki pi bon tou, yon alyans ki poze sou pi bon pwomès.

⁷ Vrèmanvre, si premye alyans sa a te san repwòch, yo pa t ap chèche plas pou yon dezyèm.

⁸ Paske, se tankou repwoche Bondye t ap repwoche yo, lè li te di yo: Gade! Senyè a di: «Gen yon jou k ap vini, Kote m ap etabli yon nouvell alyans Avèk ras Izrayèl ak ras Jida.

⁹ Se p ap tankou alyans mwen te fè avèk zansèt yo a, Jou lè mwen te pran men yo Epi mwen te mennen yo soti nan peyi Ejip. Paske, yo pa t pèsèvere nan alyans mwen an, E, mwen menm tou, mwen meprize yo.» Se sa Senyè a di.

¹⁰ Senyè a di: «Kifè, men ki alyans m ap fè ak ras Izrayèl: Apre jou sa yo, M ap mete lwa mwen nan lide yo. Epi, se nan kè yo m ap ekri yo. M ap Bondye yo. Epi, yo menm, y ap pèp mwen.

¹¹ Yon sitwayen p ap bezwen anseye yon lòt sitwayen, Ni yon frè p ap bezwen anseye yon lòt frè, Kòmkiwa pou l ta di: «Se pou w konnen Senyè a.» Paske, yo tout ap konnen mwen, Soti sou pi piti pami yo, rive sou pi gran pami yo.

¹² Paske, m ap gen pitye pou yo pou mechanste yo, E, ni peche, ni rebelyon yo, Mwen p ap sonje yo ditou ankò.

¹³ Nan di li di: «nouvell alyans» lan, li deklare premye a ize. E depi yon bagay ize, depi li vye, li prèt pou l disparèt.

Ebre 9

- 1** Dayè, menm premye alyans lan te gen règ sou fason pou yo fè sèvis pou Bondye, ansanm ak yon sanntye pou li sou latè.
- 2** Vrèmanvre, yo te bati yon tabènak. Nan premye pati a, sa yo rele Chanm Sakre a, te genyen chandelye a epi tab ak pen sakre yo.
- 3** Epi, dèyè dezyèm rido a, kote yo rele Chanm Pi Sakre a,
- 4** te genyen yon lotèl lansan ann ò ak lach alyans lan. Lach la te kouvri ann ò toupatou. Ladan l, te genyen yon po ann ò ki te gen lamàn, baton Aawon ki te fleri a, epi plak wòch yo ki te gen alyans lan.
- 5** Sou lach la, te genyen pòtre cheriben ki reprezante laglwa yo. Yo te panche annavan sou pwopisyatwa a. Alò, pou kounye a, nou pa kapab pale de pwopisyatwa a an detay.
- 6** Men, lè yo te fin ranje bagay yo konsa, sakrifikatè yo te konn antre nan premye chanm nan pou yo akonpli sèvis pou Bondye.
- 7** Men, pou dezyèm chanm nan, se sakrifikatè an chèf la sèlman ki te konn antre ladan l yon fwa chak ane. Epi, se te toujou ak san pou l ofri ni pou peche pa l, ni pou peche pèp la fè san yo pa konnen.
- 8** Sa Lespri Sen an t ap montre nan sa, sèke toutotan premye tabènak la te toujou gen plas li, chemen pou Chanm Pi Sakre a pa t ouvè.
- 9** E sa se yon siy pou epòk kounye a. Sa vle di, ofrann ak sakrifis yon moun ofri, lè l ap fè sèvis pou Bondye, pa kapab fè moun sa a total nan konsyans li.
- 10** Paske, se sèlman manje, bwason, divès kalite batèm yo ye, anfen, règ ki an rapò ak lachè. Bondye te reklame yo jiskaske te gen yon epòk refòm.
- 11** Men, Kris parèt. Li se sakrifikatè an chèf pou bon bagay ki t apral vini yo. Li travèse yon pi bon tabènak, youn ki pi total, youn ki pa fèt ak men lèzòm, sa vle di, ki pa nan kreyasyon sa a.
- 12** Li antre nan Chanm Pi Sakre a yon fwa pou tout, kote li jwenn yon redanmsyon etènèl pou nou. E se pa t ni grasa san bouk kabrit, ni grasa san ti towò bèf li te antre, men se te grasa pwòp san li.
- 13** Paske, menm lè yo wouze moun ki pa pwòp dapre lalwa yo ak san towò bèf, ak san bouk kabrit, epi ak sann gazèl bèf, bagay sa yo sangtifye yo yon jan pou kò yo pirifye.
- 14** Ebyen, se pi plis toujou ak san Kris. Li pirifye konsyans nou anba zèv lanmò dekwa pou nou ka sèvi Bondye vivan an. Kris, ki te san defo, te ofri tèt li bay Bondye, grasa Lespri ki etènèl la.

¹⁵ E, se poutèt sa li se medyatè nouvèl alyans lan, dekwa pou moun Bondye rele yo ka resevwa eritaj etènèl li te pwomèt yo a. Paske, akòz lanmò ki te rive a, genyen redanmsyon pou vyolasyon ki te fèt sou premye alyans lan.

¹⁶ Vrèmanvre, depi gen yon testaman, li nesesè pou yo demontre moun ki te fè l la mouri.

¹⁷ Paske, se lanmò ki fè yon testaman fèm. Toutotan moun ki fè l la ap viv, testaman an p ap janm gen fòs.

¹⁸ Dayè, menm premye alyans lan, se avèk san yo te ratifye l.

¹⁹ Paske, toudabò, Moyiz te deklare chak kòmannman bay tout pèp la dapre lalwa. Apre sa, li pran san ti towò bèf ak san bouk kabrit, ansanm avèk dlo, lenn wouj, ak izòp. Li wouze liv la ansanm ak tout pèp la.

²⁰ Epi, li di: «Sa a se san alyans Bondye kòmande pou nou an.»

²¹ Epi, li wouze ni tabènak la, ni tout veso ki pou sèvis Bondye yo menm jan an tou avèk san.

²² Dayè, dapre lalwa, se prèske tout bagay, yo pirifye ak san. E, si san pa koule, pa gen padon.

²³ Donk, yon bò, li te nesesè pou se konsa yo pirifye bagay sa yo ki se pòtre bagay ki nan syèl yo. Men, yon lòt bò, bagay ki nan syèl yo menm, li te nesesè se avèk pi bon sakrifis pase sa pou yo pirifye yo.

²⁴ Paske, Kris, li menm, pa t antre nan yon sanntye men lèzòm fè, youn ki ta sèlman yon senbòl vrè sanntye a. Okontrè, se nan syèl la menm, li antre, kote kounye a li parèt devan Bondye pou nou.

²⁵ Nonplis tou, li pa t antre pou l ofri tèt li plizyè fwa. Non, li pa tankou sakrifkatè an chèf yo ki te konn antre nan Chanm Pi Sakre a chak ane pou yo ofri san ki pa san pa yo.

²⁶ Si se te konsa, ebyen, pou depi Bondye kreye lemonn nan, fòk Kris ta soufri plizyè fwa. Alòske, kounye a, kote tan yo ap bout, Kris parèt yon fwa pou tout pou li anile peche grasa sakrifis li a.

²⁷ Bondye mete pou lèzòm mouri yon sèl fwa, epi apre sa, se jijman.

²⁸ Ebyen, menm jan an tou, Kris te ofri tèt li yon sèl fwa pou li pote peche anpil moun. E, l ap parèt yon dezyèm fwa ankò. Li p ap parèt pou l pote peche, men, pou l sove moun k ap tann li yo.

Ebre 10

¹ Dayè, lalwa se lonbraj bon bagay ki te gen pou vini yo. Li pa fòm reyèl la. Kifè, li pa t ap janm kapab fè moun k ap pwoche kote Bondye yo vin total, paske se menm sakrifis yo, yo t ap ofri ane apre ane, san rete.

- ² Si se pa t sa, yo ta sispann ofri sakrifis yo, pa vre? Paske, lè sa a, sakrifis yo ta sangtifye moun k ap sèvi Bondye yo, yon fwa pou tout. E konsa, moun yo pa t ap gen okenn peche sou konsyans yo ankò.
- ³ Okontrè, se sakrifis yo menm ki fè moun yo sonje peche yo, ane apre ane.
- ⁴ Paske, li enposib pou san towò bès ak san bouk kabrit wete peche.
- ⁵ Se poutèt sa, lè Kris t ap antre nan monn sa a, li di: Se pa t sakrifis ak ofrann ou te vle, Men se yon kò ou te prepare pou mwen.
- ⁶ Se pa t nan olokos ak nan sakrifis pou peche, ou te pran plezi.
- ⁷ Alò, mwen di: «O Bondye! Gade, m ap vini pou mwen fè volonte w. Nan woulo liv la, se konsènan mwen menm yo ekri.»
- ⁸ Premye bagay li di a se: «Sakrifis ak ofrann epi olokos ak sakrifis pou peche, ou pa t ni vle yo, ni pran plezi nan yo.» Epoutan, dapre lalwa, se bagay sa yo menm, moun yo te ofri.
- ⁹ Men, apre sa, li di: «O Bondye! Gade, m ap vini pou mwen fè volonte w.» Konsa, li elimine premye a pou li etabli dezyèm nan.
- ¹⁰ Se grasa volonte sa a, kote Jezi Kris te ofri kò li yon fwa pou tout la, ki fè Bondye sangtifye nou.
- ¹¹ Se jou apre jou, tout sakrifikatè yo te konn kanpe pou yo fè sèvis pou Bondye. E, se menm sakrifis yo, yo te toujou ap ofri, malgre yo pa t janm kapab wete peche.
- ¹² Alòske, Sakrifikatè sa a, se yon sèl sakrifis li ofri pou peche. Apre sa, li chita adwat Bondye pou tout tan.
- ¹³ Kounye a, I ap tann Bondye fè lènmi li yo tounen yon machpye anba pye li.
- ¹⁴ Paske, li fè moun li sangtifye yo vin total pou tout tan, grasa yon sèl ofrann.
- ¹⁵ Epi, Lespri Sen an temwaye sa ban nou tou. Paske, toudabò, li di:
- ¹⁶ Senyè a di: «Men ki alyans m ap fè ak yo: Apre jou sa yo, M ap mete lwa mwen yo nan kè yo. Epi, m ap ekri yo nan lide yo.»
- ¹⁷ Apre sa li di: «E, ni peche yo, ni rebelyon yo, Mwen p ap sonje yo ditou.»
- ¹⁸ E, kote gen padon pou bagay sa yo, pa bezwen gen ofrann pou peche ankò.
- ¹⁹ Kifè, frè nou yo, grasa san Jezi, nou gen asirans nou ka antre nan Chanm Pi Sakre a,
- ²⁰ sou chemen ki nès epi ki vivan li ouvri pou nou nan rido a, sa vle di nan kò li.
- ²¹ Epitou, nou gen yon gran sakrifikatè ki etabli sou kay Bondye a.

- ²² Donk, annou pwoche kote Bondye avèk yon kè sensè, nan yon lafwa total. Paske, li pirifye kè nou anba move konsyans, e li lave kò nou avèk dlo pwòp.
- ²³ Annou kenbe esperans nou te deklare a fèm, san brannen. Paske, sila ki fè pwomès la fidèl.
- ²⁴ Epitou, annou egzamine jan pou nou youn egzòte lòt nan renmen moun epi nan fè bon zèv.
- ²⁵ Men, fòk nou pa sispann reyini ansanm, jan kèk moun pran abitud pa reyini ansanm nan. Okontrè, se pou nou youn egzòte lòt, sitou kounye a, kote nou wè jou a pre rive.
- ²⁶ Paske, si nou fin resevwa konesans nan verite a epi nou rete kareman, nou fè peche, ebyen, pa rete okenn sakrifis ki ka fèt pou peche yo ankò.
- ²⁷ Men, sa ap terib pou nou, kote se tann n ap tann jijman ak yon dife dechennen, ki pral devore moun rebèl yo.
- ²⁸ Lè yon moun te vyole lwa Moyiz la, yo te tiye l san pitye, sou depozisyon de oubyen twa temwen.
- ²⁹ E lè yon moun, se Pitit Bondye a li pase anba pye l, se san alyans lan, san ki sangtifye l la, li konsidere tankou yon bagay òdinè, epi se Lespri ki bay gras la li avili, èske nou pa panse se va yon pi gwo chatiman toujou moun sa a ap merite?
- ³⁰ Dayè, nou konnen kilès ki di: «Se mwen ki pou tire revanj. M ap fè regleman.» Se sa Senyè a di. Li di ankò: «Senyè a ap jije pèp li a.»
- ³¹ Aa! Se yon bagay terib pou yon moun tonbe anba men Bondye vivan an!
- ³² Men, sonje premye jou yo lè Bondye te fin klere nou an. Nou te debat anpil anba soufrans nou te andire yo.
- ³³ Yon bò, se teyat nou te tounen anba avilisman ak tribilasyon. E, yon lòt bò, nou te asosye tèt nou ak moun, yo t ap trete menm jan an.
- ³⁴ Vrèmanvre, nou te soufri ansanm ak moun ki te nan prizon yo. Moun sezi byen nou, e nou te asepte sa avèk lajwa, paske nou konnen genyen pi bon byen pou nou nan syèl la. E y ap toujou rete.
- ³⁵ Donk, pa lage asirans nou an. Se yon gwo rekonpans ki genyen ladan l.
- ³⁶ Vrèmanvre, nou bezwen andirans dekwa pou, lè nou fin fè volonte Bondye, nou ka resevwa sa li pwomèt la.
- ³⁷ Paske, nan yon ti tan tou piti ankò, Sila ki pou vini an ap vini. E li p ap mize.
- ³⁸ Men, yon moun ki jis, se grasa lafwa li va viv. E si l fè bak, Nanm mwen p ap pran plezi nan li.

³⁹ Men, nou menm, nou pa kalite moun k ap fè bak pou peri yo. Okontrè, nou se moun ki gen lafwa pou pwoteksyon nanm nou.

Ebre 11

¹ E, lafwa se garanti bagay nou espere yo, li se prèv bagay nou pa ka wè yo.

² Dayè, se grasa lafwa ki fè Bondye te bay yon bon temwayaj sou zansèt yo.

³ Se grasa lafwa ki fè nou konprann se pawòl Bondye ki fòme linivè. Kifè, bagay moun wè yo pa t fèt ak bagay moun ka wè.

⁴ Se grasa lafwa ki fè Abèl te ofri Bondye yon sakrifis ki te gen plis valè pase pa Kayen an, yon sakrifis ki fè Bondye temwaye Abèl te yon moun jis, paske Bondye te bay yon bon temwayaj sou ofrann li yo. E, malgre Abèl mouri, grasa lafwa li, l ap pale toujou.

⁵ Se grasa lafwa ki fè Bondye te transpòte Enòk nan syèl pou li pa wè lanmò. E yo pa t wè li, paske Bondye te transpòte l nan syèl. Vrèmanvre, anvan Bondye te transpòte l la, li te resevwa temwayaj, li fè Bondye plezi.

⁶ Men, san lafwa, yon moun pa kapab fè Bondye plezi. Paske, yon moun k ap pwoche kote Bondye, fòk li kwè Bondye egziste, e fòk li kwè Bondye rekonpanse moun k ap chèche li.

⁷ Se grasa lafwa ki fè lè Bondye te avèti Noe konsènan bagay pèsonn pa t prevwa yo, Noe te gen krentif pou Bondye, epi li te bati yon lach pou l sove fanmi li. Se grasa lafwa li ki fè li te deklare kondanasyon sou monn sa a. Konsa, li vin eritye jistis, moun jwenn grasa lafwa a.

⁸ Se grasa lafwa ki fè lè Bondye te rele Abraam pou li pati al yon kote li t apral resevwa kòm eritaj, ebyen, Abraam te obeyi. E li pati ale, san li pa t menm konnen kote l t aprale.

⁹ Se grasa lafwa ki fè Abraam te viv sou tè Bondye te pwomèt li a tankou yon moun ki depasaj nan yon peyi etranje. Li abite anba tant, li menm ansanm avèk Izaak ak Jakòb, yo menm ki te eritye pwomès la tou.

¹⁰ Paske, sa li t ap tann, se te yon vil ki gen fondasyon, yon vil kote se Bondye li menm ki ni achitèk li, ni kontremèt li.

¹¹ Se grasa lafwa ki fè Sara, li menm, malgre li te pase laj fè pitit, li te jwenn pisans pou l vin ansent. Tout sa paske li te konsidere sila ki te fè pwomès la fidèl.

¹² Donk, yon sèl nonm, ki te tou mouri, vin papa yon desandans ki anpil tankou zetwal nan syèl, yon desansans moun pa ka konte epi ki tankou sab bò lanmè.

- 13** Yo tout mouri nan lafwa, san yo pa resevwa bagay Bondye te pwomèt yo. Men, yo te wè yo de lwen, yo te salye yo, epi yo te temwaye se etranje yo ye, se depasaj yo ye sou latè.
- 14** Lè moun di bagay konsa, yo demontre se peyi pa yo a y ap chèche.
- 15** Si se kote yo te soti a yo te sonje, yo t ap gen okazyon pou yo retounen ladan l.
- 16** Men, an reyalite, yo te anvi yon pi bon peyi, sa vle di, youn ki nan syèl. Se poutèt sa, Bondye pa wont rele tèt li Bondye yo. E, vrèmanvre, li pare yon vil pou yo.
- 17** Se grasa lafwa ki fè lè Bondye te teste Abraam nan, Abraam te ofri Izaak kòm yon sakrifis. Abraam te fin resevwa pwomès la, e se li menm ankò ki ofri sèl pitit li a.
- 18** Alòske, se de pitit sa a Bondye te di: «Se nan Izaak w ap gen yon desandans ki pote non ou.»
- 19** Refleksyon Abraam te fè, sèke Bondye te kapab resisite mò tou. Vrèmanvre, li rejwenn pitit li. E, gen yon siy nan sa.
- 20** Se grasa lafwa ki fè Izaak te beni Jakòb ak Ezawou konsènan bagay ki t apral rive yo.
- 21** Se grasa lafwa ki fè lè Jakòb t apral mouri, li beni chak pitit Jozèf yo, epi li apiye sou tèt baton li pou li adore Bondye.
- 22** Se grasa lafwa ki fè lè Jozèf te nan fen lavi l, li fè desandan Izrayèl yo sonje y ap soti ann Ejip, epi li pase lòd konsènan zosman li.
- 23** Se grasa lafwa ki fè lè Moyiz te fèt, paran l yo sere l pandan twa mwa, tank yo te wè timoun nan bèl. E, yo pa t pè dekrè wa a te fè soti a.
- 24** Se grasa lafwa ki fè lè Moyiz te vin gran, li refize yo rele l pitit gason tifi Farawon an.
- 25** Li te pito chwazi pou yo maltrete l ansanm ak pèp Bondye a pase pou li ta jwi peche pou yon ti moman.
- 26** Li te konsidere avilisman Kris la tankou yon trezò ki pi gran pase richès Ejip yo. Paske, li menm, se sou rekonpans lan li t ap gade.
- 27** Se grasa lafwa ki fè li pati kite Ejip san li pa t pè kòlè wa a. Li kenbe fèm, kòmsi li te wè sila ki envizib la.
- 28** Se grasa lafwa ki fè Moyiz te fè seremoni Pak la, epi li te wouze ak san, dekwa pou sila a ki t ap detui Premye-Pitit yo pa t manyen Premye-Pitit Izrayelyen yo.

- 29** Se grasa lafwa ki fè yo travèse Lanmè Wouj la tankou tè sèk, alòske lè Ejipsyen yo al eseye travèse, lanmè a vale yo.
- 30** Se grasa lafwa ki fè yo fè sèt jou ap ansèkle miray Jeriko yo, epi miray yo tonbe.
- 31** Se grasa lafwa ki fè Raab, pwostitiye a, te resevwa espyon yo nan lapè, epi li pa t peri ak rebèl yo.
- 32** Kisa m ta di ankò? Paske, pa t ap gen tan ki rete si mwen ta rakonte koze Jedeyon, Barak, Samson, Jefte, David, Samyèl, ak pwofèt yo.
- 33** Yo menm, se grasa lafwa ki fè yo fè wayòm soumèt, yo etabli jistis, yo jwenn sa yo te pwomèt yo, yo fèmen bouch lyon,
- 34** yo etenn flanm dife, yo sove anba kout epe, yo jwenn pisans nan feblès yo, yo vin gen fòs nan lagè, yo fè lame etranje sove devan yo.
- 35** Gen medam ki rejwenn moun pa yo ki te mouri epi ki te vin resisite. Alòske, gen lòt yo matirize, men ki pa asepte yo libere yo, dekwa pou yo te ka jwenn yon pi bon rezirèksyon.
- 36** Gen lòt ankò, yo pase yo nan betiz, yo bat yo. Plis ankò, yo mete yo nan chenn, yo mete yo nan prizon.
- 37** Yo tiye yo ak wòch, yo siye yo an de, yo fè yo pase tray, yo tiye yo ak kout epe. Yo menm, yo oblije ap mache toupatou ak po mouton ak po kabrit sou yo. Nesesite, tribilasyon, move tretman nan kò yo.
- 38** Moun sa yo, lemonn pa merite yo. Yo pwomennen ni nan dezè, ni nan mòn, ni nan gwòt, ni nan twou ki anba latè.
- 39** Tout moun sa yo, malgre bon temwayaj lafwa yo genyen an, yo pa t jwenn sa yo te pwomèt yo a.
- 40** Paske, akòz nou menm, Bondye te prevwa yon bagay ki pi bon. Li pa t vle yo vin total san nou.

Ebre 12

- 1** Se kalite foul temwen sa yo nou genyen ki antoure nou. Poutèt sa, nou menm tou, annou debarase tèt nou ak tout chay, ak peche k ap mare pye nou an; epi, annou kouri avèk andirans nan kous, yo met devan nou an.
- 2** Annou kouri ak je nou fikse sou Jezi. Se li ki kaptenn lafwa nou, e se li ki fè lafwa nou total tou. Poutèt lajwa yo te mete devan l lan, Jezi andire lanmò kwa a, li meprize wont lan, epi li chita adwat twòn Bondye a.
- 3** Vrèmanvre, konsidere sila a ki andire kalite opozisyon pechè yo fè kont li yo, dekwa pou nou pa vin fèb epi pou nanm nou pa dekouraje.

- ⁴ Paske, nan lit pa nou kont peche, nou poko reziste ase, jis pou san nou ta koule.
- ⁵ Epoutan, nou bliye ankourajman yo te ban nou, tankou se pitit y ap fè wè rezon: Pitit mwen, lè Senyè a ap korije w, pa meprize sa. Nonplis tou, pa dekouraje lè l repimande w.
- ⁶ Paske, Senyè a korije moun li renmen. E li kale tout pitit li rekonèt kòm pitit.
- ⁷ Se pou nou andire koreksyon an. Paske, se tankou pitit Bondye, Bondye ap trete nou. Dayè, ki pitit, papa pa korije?
- ⁸ Men, si nou egzante anba koreksyon ki nòmal pou tout pitit, ebyen, se fo pitit nou ye, nou pa pitit vre.
- ⁹ Menm papa, nou te genyen yo, papa ki te papa chè nou yo, te korije nou, epi nou te respekte yo. Ebyen, nou dwe soumèt pi plis toujou anba sila ki se Papa lespri nou an, pou nou ka viv, pa vre?
- ¹⁰ Paske, papa sa yo, yo te korije nou jan yo te panse ki bon epi pandan kèk jou. Alòske, Papa sa a li menm, li fè l pou byen nou, pou l ka fè nou sen menm jan avèk li.
- ¹¹ Vrèmanvre, pou kounye a, olye tout koreksyon pote lajwa, yo parèt tankou se lapenn yo pote. Men, pi ta, y apennen yon fwi lapè ak yon fwi jistis pou moun ki pase nan antrènman sa a.
- ¹² Donk, ni bra balan nou yo, ni jenou paralize nou yo, fè yo dwat.
- ¹³ Fè chemen yo plat pou pye nou, dekwa pou pye k ap bwete a ka pa dejwente, men pou li ka geri.
- ¹⁴ Chèche fè lapè ak tout moun. Epitou, chèche pou nou sen, paske si yon moun pa sen, li pa ka wè Senyè a.
- ¹⁵ Donk, veye byen pou pèsoun pa rate gras Bondye a. Veye pou kèk rasin rayisab pa pouse pou vin toumante nou. Paske, konsa, l ap kontamine anpil moun.
- ¹⁶ Veye pou pa gen moun ki nan imoralite, oubyen moun k ap fè sakrilèj tankou Ezawou, ki te vann dwa l kòm Premye-Pitit pou yon plat manje sèlman.
- ¹⁷ Dayè, nou konnen, pi ta, li te vle resevwa benediksyon an, men papa l te derefize. Paske, malgre tout chèche li te chèche benediksyon an ak dlo nan je, li pa t jwenn okazyon fè papa a chanje lide.
- ¹⁸ Vrèmanvre, nou pa t pwoche ni kote yon mòn moun te ka manyen, ni kote yon flanm dife, ni kote yon nyaj, ni kote fènwa, ni kote yon tanpèt,
- ¹⁹ ni kote bri kout twonpèt, ni kote yon vwa k ap pale. Moun ki te tandè vwa sa a te refize pou li adrese yo lapawòl ankò,

- ²⁰ tank yo pa t ka sipòte lòd yo te pase a, lòd ki te di: «Menm si se yon bèt ki pwoche kot mòn nan, tiye l anba wòch.»
- ²¹ Evènman an te tèlman terib, Moyiz li menm te di: «Mwen pè! M ap tranble!»
- ²² Okontrè, nou menm, nou pwoche kote Mòn Siyon ki se vil Bondye vivan an, Jerizalèm ki nan syèl la. Nou pwoche kote foul zanj yo
- ²³ ki se gwo asanble a. Nou pwoche kote legliz Premye-Pitit ki enskri nan syèl la, kote Bondye ki jije tout moun nan, epi kote lespri moun jis ki vin total yo.
- ²⁴ Nou pwoche kote Jezi ki se Medyatè pou yon nouvèl alyans, epi kote san ki wouze nou an, san ki pale de pi bon bagay pase san Abèl la.
- ²⁵ Fè atansyon pou nou menm tou nou pa refize koute sila k ap pale a. Paske, si yo menm, yo pa t chape lè yo te refize koute sila ki t ap avèti yo sou latè a, alewè pou nou menm, si nou ta meprize sila ki nan syèl la lè li avèti nou.
- ²⁶ Fwa sa a, se latè vwa a te fè tranble. Men, kounye a, li fè yon pwomès. Li di: «Yon lòt fwa ankò, se pa latè sèlman m ap fè tranble, men se syèl la tou.»
- ²⁷ Lè li di «yon lòt fwa» a, sa montre l ap wete bagay ki tranble yo antan bagay ki te kreye, dekwa pou bagay ki pa ka tranble yo ka rete.
- ²⁸ Poutèt sa, annou rann Bondye gras, paske se yon wayòm ki pa ka tranble, nou resevwa. Konsa tou, annou fè sèvis pou Bondye yon jan ki fè li plezi, avèk respè epi avèk krentif.
- ²⁹ Paske, Bondye nou an se yon dife devoran.

Ebre 13

- ¹ Se pou nou youn kontinye renmen lòt tankou frè.
- ² Pa bliye pou nou byen resevwa etranje. Paske, nan konsa, kèk moun te resevwa zanj lakay yo san yo pa konnen.
- ³ Sonje moun nan prizon yo tankou si nou te nan prizon ansanm avèk yo. Sonje moun y ap maltrete yo tankou si, nou menm tou, nou te nan yon kò y ap maltrete.
- ⁴ De tout fason, respekte maryaj. Epi, rete fidèl ak kabann maryaj la. Paske, Bondye ap jije ni moun ki nan imoralite, ni moun ki nan adiltè.
- ⁵ Pa viv pou lajan. Se pou nou kontante ak sa nou posede. Paske, se Bondye menm ki di: Mwen p ap janm lage w, Mwen p ap janm kite w nonplis.
- ⁶ Konsa, nou pran kouraj pou nou di: Se Senyè a k ap ede m, Mwen pa pè anyen. Kisa lèzòm ka fè m?

- ⁷ Sonje dirijan nou yo, sa yo ki te preche nou pawòl Bondye a. Obsève sa lavi yo devni, epi imite yo jan lafwa yo te ye a.
- ⁸ Jezi Kris se menm Jezi Kris la, ni yè, ni jodi a, ni pou letènite.
- ⁹ Pa kite y ap detounen nou ak yon bann ansèyman dwòl. Paske, li bon pou se gras ki fè kè nou fèm olye pou se manje. Moun ki t ap mache dapre afè manje sa yo pa t benefisye anyen nan sa.
- ¹⁰ Nou genyen yon lotèl kote moun ki fè sèvis pou Bondye nan tabènak la pa gen dwa manje sa ki sou li.
- ¹¹ Paske, sakrifikatè an chèf la pote san bèt nan Chanm Pi Sakre a poutèt peche. Men, se deyò kan an yo boule kò bèt yo.
- ¹² Se poutèt sa, pou Jezi te ka sangtifye pèp la avèk pwòp san l, li te souffri lòt bò pòtay la tou.
- ¹³ Donk, annou soti al kote l deyò kan an pou nou pote avilisman l lan.
- ¹⁴ Paske, isiba, nou pa gen yon vil ki etènèl. Okontrè, n ap chèche vil ki pral vini an.
- ¹⁵ Donk, grasa Jezi, annou toujou ofri Bondye lwanj kòm sakrifis, sa vle di, pou se non Bondye, pawòl ki sot nan bouch nou ap deklare.
- ¹⁶ Men tou, pa bliye fè byen, pa bliye bay moun èd. Paske, se kalite sakrifis sa yo ki fè Bondye plezi.
- ¹⁷ Se dirijan nou yo k ap veye sou nanm nou, e y ap gen pou yo rann Bondye kont. Donk, obeyi yo, epi, soumèt devan yo, dekwa pou yo ka fè travay yo nan lajwa, san plenyen. Si se pa konsa, sa p ap nan avantaj nou.
- ¹⁸ Priye pou nou. Kanta pou nou menm, nou gen konfyans, konsyans nou klè, paske nou vle konpòte tèt nou byen nan tout bagay.
- ¹⁹ Men, m ap ankouraje nou anpil pou nou fè priye sa a, dekwa pou mwen ka refè pou mwen ka avèk nou talè konsa.
- ²⁰ Se pou Bondye ki bay lapè a, Bondye ki te fè Gran Bèje mouton yo monte sot pami mò yo grasa san alyans ki etènèl la, Bondye ki te resisite Jezi Senyè nou an,
- ²¹ wi, se pou Bondye sa a fòme nou nan tout bon travay, dekwa pou nou ka fè volonte li. Se pou li akonpli tout sa ki fè l plezi nan nou, grasa Jezi Kris, li menm ki gen tout glwa pou letan e pou letènite. Amèn!

²² Frè mwen yo, m ap ankouraje nou asepte egzòtasyon sa a, paske se yon bagay tou kout, mwen ekri nou.

²³ Konnen yo lage frè Timote. Si talè konsa li ta vini, m ap vin wè nou avèk li.

²⁴ Salye tout dirijan nou yo ansanm avèk tout sen yo. Moun ki sot ann Itali yo voye salye nou.

²⁵ Gras Bondye avèk nou tout. Amèn!

Jak

Jak 1

- ¹ Jak, sèvitè Bondye ak Senyè Jezi Kris. Douz tribi ki nan dyaspora yo, bonjou!
- ² Frè mwen yo, lè nou tonbe nan divès kalite eprèv, konsidere sa tankou yon lajwa total.
- ³ Paske, nou konnen lè eprèv teste lafwa nou, rezilta a se andirans.
- ⁴ Men, fòk andirans lan fè yon travay total pou nou ka total, toutantye, san manke anyen.
- ⁵ Men, si youn nan nou manke sajès, se pou li mande Bondye ki bay tout moun san mezi, san repwòch. E Bondye va ba li l.
- ⁶ Men, se pou li mande ak lafwa, san li pa doute. Paske, yon moun k ap doute, li tankou yon lanm lanmè, van ap ni boulvèse, ni balanse.
- ⁷ Epitou, yon moun konsa pa dwe panse l ap resevwa anyen nan men Senyè a.
- ⁸ Li se yon moun de-lide; li san kontwòl nan tout chemen lavi li.
- ⁹ Se pou frè ki malere vante tèt yo dèske yo nan yon kondisyon ki wo.
- ¹⁰ Men, se pou moun ki rich vante tèt yo dèske yo nan yon kondisyon ki ba. Paske, yo va pase tankou flè zèb.
- ¹¹ Vrèmanvre, solèy la leve ak chalè, li seche zèb la. Flè a tonbe. Epi, bèlte aparans li detui. Se konsa tou, moun rich la va fennen nan mitan biznis li.
- ¹² Ala byennere yon moun byennere lè li kenbe fèm anba tantasyon! Paske, si li reyisi nan eprèv la, l ap resevwa kouwòn lavi a, kouwòn Bondye pwomèt moun ki renmen l yo.
- ¹³ Pèsonn moun ki tante pa dwe di: «Se Bondye k ap tante m!» Paske, bagay mal pa kapab tante Bondye. E, Bondye li menm pa tante pèsonn.
- ¹⁴ Men, se pwòp dezi chak moun ki tante li. Yo rale li. Yo chame li.
- ¹⁵ Apre sa, lè dezi a ansent, li akouche peche. E, lè peche fin devlope, li fè lanmò.
- ¹⁶ Frè byenneme mwen yo, pa twonpe tèt nou.
- ¹⁷ Tout bon zetrenn ak tout kado total soti anwo. Yo desann soti kote Papa ki fè limyè yo. Nan li, pa gen ni chanjman, ni mouvman lonbraj.
- ¹⁸ Li fè nou dapre volonte li, ak pawòl verite a, dekwa pou nou kapab yon kalite premye fwi pami sa li kreye yo.

- ¹⁹ Donk, frè byenneme mwen yo, chak moun dwe prese koute. Yo pa dwe ni kouri pale, ni kouri fè kòlè.
- ²⁰ Paske, se pa kòlè moun ki fè travay jistis Bondye.
- ²¹ Poutèt sa, debarase kè nou avèk tout salte ak tout rès mechanste. Resevwa pawòl ki plante nan kè nou an avèk dousè. Li kapab sove nanm nou.
- ²² Obeyi pawòl la, pa rete koute l sèlman. Si se pa sa, se tèt nou n ap twonpe.
- ²³ Paske, si yon moun koute pawòl la san li pa obeyi, moun sa a tankou yon moun ki egzamine eta figi l nan yon glas.
- ²⁴ Vrèmanvre, li egzamine tèt li, li vire, l ale. Menm lè a tou, li bliye ak kisa li sanble.
- ²⁵ Men, si yon moun byen gade nan lwa total la, lwa ki bay libète a, si li pèsevere ladan l, si moun sa a pa koute pou li bliye, men si li fè travay la, ebyen, moun sa a ap byennere nan sa l ap fè.
- ²⁶ Si youn nan nou panse l ap fè sèvis relijyon epi li pa bride lang li, se kè li l ap twonpe. Sèvis relijyon l lan san valè.
- ²⁷ Men sèvis relijyon ki pwòp epi ki san tach devan Bondye Papa a: Se ede òfelen ak vèv nan tribilasyon yo, se kenbe tèt nou san tach nan lemonn.

Jak 2

- ¹ Frè mwen yo, montre lafwa nou nan Jezi Kris, Senyè nou an, men, san patipri. Li se laglwa.
- ² Vrèmanvre, sipoze yon moun avèk bag lò ak rad klere ta antre nan asanble nou an, epi yon pòv ak rad blaze ta antre tou.
- ³ Nou gade moun ki mete rad klere a avèk respè. Nou di li: «Chita isit, tanpri.» Men, nou di moun pòv la: «Ou menm, kanpe lòt bò a. Oubyen, chita isit, bò machpye m nan.»
- ⁴ Konsa, èske se pa diferans n ap fè pami nou? Epi tou, èske nou pa tounen jij ki gen move lide?
- ⁵ Frè byenneme mwen yo, koute. Bondye te chwazi moun ki pòv dapre lemonn yo pou yo ka rich nan lafwa epi pou yo ka eritye wayòm nan, wayòm li pwomèt moun ki renmen l yo, pa vre?
- ⁶ Alòske, nou menm, nou avili moun pòv yo. Èske se pa moun rich yo k ap eksplwate nou? Se pa yo menm tou k ap trennen nou devan tribinal?
- ⁷ Epi, èske se pa yo menm k ap denigre bèl non nou pote a?

- ⁸ Dapre Lekriti, Iwa ki souvren an di: «Ou va renmen pwochen ou, menm jan ou renmen tèt ou.» Si vrèmanvre se li nou akonpli, nou fè byen.
- ⁹ Men, si nou fè patipri, ebyen, nou fè peche. Epi, lalwa kondane nou pou vyolasyon.
- ¹⁰ Paske, nenpòt moun ki ta obsève tout lalwa, men, ki ta bite sou yon sèl, ebyen, li vin koupab pou tout.
- ¹¹ Vrèmanvre, sila ki di «Pa fè adiltè» a, li te di «Pa tiye moun» tou. Men, si ou pa fè adiltè, alòske, ou tiye moun, ebyen, ou vyole lalwa.
- ¹² Nou dwe pale epi nou dwe aji tankou moun yo pral jije anba Iwa ki bay libète a.
- ¹³ Paske, jijman an va san pitye pou moun ki te aji san pitye. Men, pitye gen laviktwa sou jijman.
- ¹⁴ Frè mwen yo, si yon moun ta di li gen lafwa, alòske li pa gen zèv, kisa sa itil? Lafwa a pa kapab sove li, pa vre?
- ¹⁵ Sipoze yon frè oubyen yon sè ta san rad epi san anyen pou yo manje pandan jounen an.
- ¹⁶ Epi, san nou pa ba yo sa kò yo bezwen, youn nan nou di yo: «Ale nan lapè. Chofe kò nou. Plen vant nou.» Alò, kisa sa itil?
- ¹⁷ Se menm jan an tou pou lafwa. Si li poukont li, san zèv, li mouri.
- ¹⁸ Men, yon moun va di: «Ou menm, ou gen lafwa. E, mwen menm, mwen gen zèv!» Ebyen, demontre mwen lafwa ou, san ou pa fè zèv, epi mwen menm, mwen va fè zèv pou mwen demontre ou lafwa mwen.
- ¹⁹ Ou kwè gen yon sèl Bondye, pa vre? Ou byen fèt. Demon yo kwè sa tou, e yo tranble.
- ²⁰ Moun san konprann, èske ou vle konnen vre, san zèv, lafwa mouri?
- ²¹ Bon, lè papa nou Abraam te ofri Izaak, pitit li a, sou lotèl la, se dapre zèv li Bondye te jistifye l, pa vre?
- ²² Alò, ou wè! Lafwa l t ap travay ansanm ak zèv li yo. E, zèv li yo te fè lafwa l vin total.
- ²³ Epitou, sa ki te ekri a te akonpli. Men sa li te di: Alò, Abraam te kwè nan Bondye. Epi Bondye konsidere sa tankou jistis pou Abraam. Epi, yo rele li zanmi Bondye.
- ²⁴ Donk, nou wè sa: Bondye jistifye yon moun dapre zèv li, se pa dapre lafwa li sèlman.

²⁵ Se menm jan an tou pou Raab, pwostitiye a. Lè li te resevwa mesaj yo epi li te voye yo ale sou yon lòt wout la, èske se pa dapre zèv li yo Bondye te jistifye li?

²⁶ Menm jan kò ki san lespri mouri, se konsa tou, lafwa ki san zèv mouri.

Jak 3

¹ Frè mwen yo, se pa pou anpil nan nou vin ap anseye. Paske, nou konnen nou va resevwa yon kondanasyon ki pi sevè.

² Nou tout, nou bite nan anpil bagay. Si yon moun pa bite nan pawòl li, moun sa a se yon moun total. Li kapab bride tout kò l tou.

³ Gade! Nou mete brid nan bouch chwal pou yo ka obeyi nou. Konsa, nou dirije tout kò a.

⁴ Gade bato yo tou. Malgre yo byen gwo epi gwo van pouse yo, se yon gouvènay tou piti ki dirije yo nenpòt kote kaptenn nan deside nan lide l.

⁵ Konsa tou, lang se yon ti manm nan kò, men li vante tèt li sou gwo bagay. Gade gwosè rak bwa, yon ti dife ka boule!

⁶ Ebyen, lang se dife. Li se lemonn enjistis. Konsa, pami manm nou yo, lang plase tèt li pou li kontamine tout kò a. Li mete dife toupatou nan kreyasyon an. E, Jeyèn ba li dife.

⁷ Vrèmanvre, yo donte ni bèt ni zwazo, ni sa ki ranpe ni sa ki nan lanmè, tout kalite! E, lèzòm deja donte yo.

⁸ Men, pou lang, pèsonn pa kapab donte l. Li se yon mal yo pa kapab kontwole. Li plen ak pwazon ki bay lanmò.

⁹ Se avèk li nou beni Bondye, Papa a. Se avèk li tou nou modi lèzòm, yo menm Bondye te fè dapre pòtre li.

¹⁰ Nan menm bouch la, ni benediksyon ni malediksyon soti! Frè mwen yo, bagay sa yo pa dwe konsa.

¹¹ Yon sous pa ponpe dlo dous ansanm ak dlo anmè soti nan menm twou a, pa vre?

¹² Frè mwen yo, èske pye figfrans kapab donner oliv? Oubyen, èske pye rezen kapab donner figfrans? Konsa tou, okenn sous pa kapab bay dlo dous ak dlo sale.

¹³ Kilès pami nou ki gen sajès ak entèlijans? Se pou yo demontre zèv yo dapre yon konpòtman ki bon epi avèk yon sajès ki dous.

¹⁴ Men, si kè nou anmè ak jalouzi epi li gen anbisyon, pa vante tèt nou. Epi, pa bay manti sou verite a.

15 Se pa sa a ki sajès ki desann soti anwo a. Sa a se sajès latè, sajès lèzòm, sajès demon.

16 Paske, kote ki gen jalouzi ak anbisyon, la gen dezòd ak tout move bagay tou.

17 Men, sajès ki soti anwo a, toudabò, li pwòp. Apre sa, li gen lapè, li dous; li tandè rezon; li plen avèk pitye ak bon fwi; li san patipri, san ipokrizi.

18 Moun k ap fè lapè, yo simen nan lapè, yo rekòlte jistis.

Jak 4

1 Goumen ak kont ki nan mitan nou yo, kote yo soti? Èske se pa nan move anvi nou yo k ap batay nan manm kò nou?

2 Nou anvi, men, nou pa genyen. Nou asasinen, nou gen anbisyon, men, nou pa kapab jwenn anyen. Nou fè kont, nou goumen, men, nou pa jwenn anyen. Tout sa, paske nou pa mande.

3 Nou mande san nou pa resevwa, paske nou mande mal. Nou mande pou nou ka depanse pou anvi nou.

4 Adiltè, adiltèz! Èske nou pa konnen fè zanmi ak lemonn se fè lènmi ak Bondye? Donk, yon moun ki vle zanmi lemonn, li plase tèt li kòm lènmi Bondye.

5 Oubyen, èske nou panse Lekriti pale pou anyen lè li di: «Se ak jalouzi, Bondye renmen Lespri ki vin abite nan nou an?»

6 Men, li bay plis gras! Se poutèt sa, li di: Bondye kenbe tèt ak awogan yo. Men, moun ki rabese tèt yo, Bondye ba yo gras.

7 Donk, soumèt nou devan Bondye. Men, kenbe tèt ak djab la, e li va kouri devan nou.

8 Pwoche kote Bondye, e li va pwoche kote nou. Pechè, netwaye men nou. Moun de-lide, pirifye kè nou.

9 Soufri! Rele! Kriye! Fè ri nou tounen rèl, epi fè lajwa nou tounen lapenn.

10 Rabese tèt nou devan Senyè a, e li va leve nou.

11 Frè mwen yo, pinga youn pale lòt mal. Moun ki pale yon frè mal epi ki jije frè li, se lalwa li pale mal, se lalwa li jije. Si ou jije lalwa, ou pa yon moun k ap obsève lalwa, men ou se jij li.

12 Sila ki kapab ni sove ni detui a, se li sèl ki fè lalwa. Men, ou menm, kilès ou ye, pou w ap jije pwochen w?

13 Kounye a, koute! Nou menm k ap di: «Jodi a oubyen demen nou prale nan tèl vil. N ap fè yon ane la. N ap fè komès. N ap fè benefis!»

¹⁴ Wi, nou menm, nou pa konnen demen! Paske, kisa lavi nou ye? Li se yon vapè. Yon ti moman li parèt, apre sa tou, li disparèt.

¹⁵ Okontrè, nou dwe di: «Si Senyè a vle, nou va viv. Epi, nou va fè sesi sela.»

¹⁶ Men, kounye a, nan awogans nou, n ap vante tèt nou. Tout kalite vante tèt sa yo pa bon.

¹⁷ Donk, yon moun ki konnen pou li fè byen, men ki pa fè li, li peche.

Jak 5

¹ Kounye a, nou menm moun rich yo, koute! Mizè pral tonbe sou nou. Poutèt sa, kriye! Rele!

² Richès nou yo fin pouri. Mit fin manje rad nou yo.

³ Lò ak ajan nou yo wouye. Wouy yo a va yon temwayaj kont nou. Li va manje chè nou tankou dife. Nou anpile richès nou yo nan dènye jou yo.

⁴ Gade! Nou fè magouy ak salè travayè ki sekle jaden nou yo. Men salè a ap rele! Rèl moun ki ranmase rekòt nou yo rive nan zòrèy Senyè dèz Ame.

⁵ Nou alèz sou latè. Nou banboche. Nou angrese kè nou tankou se te nan jou labatwa.

⁶ Nou kondane moun ki jis la. Nou asasinen li. E li pa kenbe tèt ak nou.

⁷ Donk, frè mwen yo, pran pasyans, jis Senyè a vini. Gade! Rekòt latè gen valè. Kiltivatè a tann li, li pran pasyans pou li jis li jwenn lapli ni premye sezon, ni dènye sezon.

⁸ Nou menm tou, pran pasyans. Fòtifye kè nou, paske Senyè a pre vini.

⁹ Frè mwen yo, pa plenyen youn sou lòt pou jij la ka pa jije nou. Gade! Jij la kanpe nan papòt la.

¹⁰ Frè mwen yo, nan soufrans ak pasyans, pran pwofèt yo ki te pale nan non Senyè a kòm modèl.

¹¹ Gade! Moun ki kenbe fèm, nou di yo byennere. Nou tandè istwa andirans Jòb, pa vre? Nou wè tout sa Senyè a fè alafen. Ebyen, se paske Senyè a gen anpil kè-sansib ak pitye.

¹² Anvan tout bagay, frè mwen yo, pa sèman te ni sou syèl la, ni sou tè a, ni ak okenn lòt sèman. Men, pou nou ka pa tonbe nan ipokrizi, wi nou dwe wi, non nou dwe non.

- 13** Èske gen yon moun pami nou k ap souffri? Se pou li priye! Èske gen youn ki kontan? Se pou li chante kantik.
- 14** Èske gen yon moun pami nou ki malad? Se pou li rele ansyen legliz yo. Se pou yo priye pou li. Epitou, yo va vide luil sou li nan non Senyè a.
- 15** Lapriyè ak lafwa va delivre moun malad la. E Senyè a va leve li. E, si li te fè peche, li va jwenn padon.
- 16** Pou nou ka geri, nou dwe konfese fot nou yo youn bay lòt epi priye youn pou lòt. Lè lapriyè yon moun ki jis travay, sa kapab fè anpil bagay.
- 17** Eli te yon moun menm jan avèk nou. Li priye anpil pou lapli pa tonbe. E, pandan twazan sis mwa, lapli pa t tonbe sou latè.
- 18** Epi, li priye ankò. Alò, syèl la bay lapli, tè a donnen rekòt li.
- 19** Frè mwen yo, sipoze yon moun pami nou ta pèdi chemen verite a epi yon lòt ta mennen li tounen,
- 20** men sa li dwe konnen: Lè yon pechè pèdi nan chemen li, moun ki mennen l tounen an sove yon nanm anba lanmò, epi li kouvri yon bann peche.

1 Pyè

1 Pyè 1

¹ Pyè, apot Jezi Kris. Nou menm ki se etranje pami dyaspora ki nan Pon, nan Galasi, nan Kapadòs, ann Azi ak nan Bitini;

² nou menm Bondye Papa a chwazi dapre konesans li te genyen davans epi grasa travay sangtifikasyon Lespri a, dekwa pou nou ka obeyi Jezi Kris epi pou san li ka wouze nou, se pou gras ak lapè avèk nou an kantite.

³ Benediksyon pou sila ki Bondye epi ki Papa Senyè nou an, Jezi Kris! Pitye li tèlman gran, li ban nou yon nouvèl nesans. Konsa, grasa Jezi Kris ki te resisite pami mò yo, nou gen yon esperans vivan,

⁴ yon eritaj ki pa ka ni gate, ni sal, ni fennen; yon eritaj ki sere nan syèl la pou nou;

⁵ wi, pou nou menm, Bondye ap pwoteje nan pisans li, grasa lafwa nou, akòz delivrans li deja prepare pou l devwale nan dènye tan an.

⁶ Se nan sa lajwa nou ye, menm si kounye a li nesesè pou nou nan lapenn anba divès eprèv pou yon ti moman.

⁷ Konsa, lè eprèv teste lafwa nou, sètzwouve rezilta a se va lwanj, glwa, ak onè, lè Jezi Kris va parèt. Paske, lafwa nou gen plis valè pase lò ki kapab detui. Alòske, dife teste menm lò.

⁸ E, malgre nou pa t wè Jezi Kris, nou renmen li. Malgre nou pa wè li kounye a, nou kwè nan li, jis nou nan yon lajwa ki se yon mèvèy ak yon glwa.

⁹ Paske, poutèt lafwa nou, n ap resevwa delivrans pou nanm nou kòm rezilta.

¹⁰ Konsènan delivrans sa a, pwofèt ki te pwofetize sou gras ki te sere pou nou an te fè rechèch, yo te fouye

¹¹ pou yo egzamine kilè oubyen ki sikonstans, Lespri Kris ki te nan yo a t ap montre yo. Paske, Lespri a te sètifye depi davans Kris ap souffri epi l ap nan laglwa apre sa.

¹² Men, pwofèt yo te jwenn revelasyon ki di se pa pou tèt yo yo te dwe sèvi ak bagay sa yo, men se te pou nou menm. Men, kounye a, moun ki te preche nou levanjil la anonse nou bagay sa yo grasa Lespri Sen Bondye te voye sot nan syèl la; se bagay zanj anvi foute je gade ladan yo.

¹³ Poutèt sa, se pou nou fèm nan lide nou tankou se ren nou nou mare. Pran tèt nou! Kenbe yon esperans total nan gras Jezi Kris ap pote pou nou lè li va parèt la.

¹⁴ Tankou timoun obeyisan, pa imite modèl dezi, nou te konn genyen lontan yo, lè nou te san konesans.

¹⁵ Okontrè, menm jan sila ki te rele nou an sen, nou menm tou, se pou nou sen nan tout konpòtman nou.

¹⁶ Paske, men sa ki ekri: «Se pou nou sen, paske mwen menm, mwen sen!»

¹⁷ Epi tou, sila ki jije chak moun selon zèv yo epi san patipri a, si se li menm n ap rele Papa, ebyen, se pou nou konpòte tèt nou avèk krentif pandan tan nou depasaj isiba a.

¹⁸ Paske, nou konnen lè Bondye te rachte nou anba konpòtman san valè nou te aprann nan men zansèt nou yo, se pa t avèk bagay ki ka peri, tankou ajan ak lò, li te rachte nou.

¹⁹ Okontrè, se te avèk yon san ki gen valè, avèk yon san ki tankou san yon ti mouton ki pa gen ni defo ni tach, se te avèk san Kris.

²⁰ Menm anvan Bondye te kreye lemonn, li te konnen davans se t ap Kris. Men, akòz nou menm, se nan dènnye tan yo li parèt.

²¹ Grasa li, nou kwè nan Bondye ki te resite li pami mò yo epi ki te ba li glwa a, dekwa pou se nan Bondye lafwa nou ak esperans nou va ye.

²² Grasa Lespri a, nan obeyi nou obeyi verite a, nou pirifye nanm nou pou nou ka renmen frè yo san ipokrizi. Ebyen, se pou nou youn renmen lòt san rete, avèk yon kè ki pwòp.

²³ Bondye te ban nou yon nouvel nesans. Se pa t avèk yon semans ki ka gate li te fè sa, men se te avèk yon semans ki pa ka gate, se te grasa pawòl Bondye a, yon pawòl ki vivan epi k ap rete pou letènite.

²⁴ Paske, Tout moun tankou zèb, Epi glwa tout moun tankou flè zèb. Zèb seche. Flè zèb tonbe. Men, pawòl Senyè a ap rete pou letènite.

²⁵ E se pawòl sa a menm nou te resevwa lè yo te anonse nou levanjil la.

1 Pyè 2

¹ Donk, se pou nou debarase kò nou avèk tout kalite malfezans, avèk tout kalite riz, avèk ipokrizi, avèk anvi, epi avèk tout kalite medizans.

² Epi, tankou timoun ki fenk fèt, se pou nou anvi lèt san dekoupe a, sa vle di, pawòl la. Konsa, nou va grandi,

³ a kondisyon nou te goute jan Senyè a bon.

⁴ Li se wòch vivan an, wòch lèzòm derefizè a epi Bondye li menm chwazi a, wòch li bay enpòtans lan. Lè nou pwoche kote li,

⁵ nou menm tou, nou bati tèt nou tankou anpil wòch vivan pou nou vin yon kay espiritiyèl, yon gwoup sakrifikatè ki sen, dekwa pou nou ka ofri Bondye sakrifis espiritiyèl l ap asepte grasa Jezi Kris.

- ⁶ Se poutèt sa, gen yon kote nan Lekriti ki di: Gade! Nan Siyon, M ap mete yon wòch kwen, yon wòch mwen chwazi, yon wòch ki enpòtan. Moun ki kwè nan li p ap wont ditou.
- ⁷ Donk onè sa a se pou nou li ye, nou menm ki kwè nan li a. Men, pou moun rebèl yo, Lekriti di: Wòch moun ki t ap bati yo jete a, Se li ki vin wòch prensipal la, wòch kwen an.
- ⁸ Epi ankò: Yon wòch k ap fè moun bite, Epi yon gwo wòch k ap fè moun tonbe. Nan fè rebèl ak pawòl la, moun sa yo tonbe. E se sa tou ki te desten yo.
- ⁹ Men, nou menm, nou se yon ras moun Bondye chwazi, nou se yon wayòm sakrifikatè, nou se yon nasyon ki sen, nou se yon pèp ki se pwopriyete prive Bondye. Nou konsa dekwa pou nou ka montre bon kalite li genyen, li menm ki rele nou sot nan fènwa pou nou vin nan mèwèy limyè a.
- ¹⁰ Se sa nou ye, nou menm ki pa t yon pèp anvan sa, men ki vin pèp Bondye kounye a; wi, nou menm ki pa t jwenn pitye, men ki jwenn pitye kounye a.
- ¹¹ Byenneme mwen yo, m ap ankouraje nou tankou moun ki depasaj epi ki etranje. Se pou nou egzante dezi lachè k ap fè nanm nou lagè.
- ¹² Konpòte tèt nou byen pami lòt nasyon yo. Konsa, menm lè y ap pale nou mal kòm si se malfektè nou te ye, ebyen, lè yo konsidere bon zèv nou yo, yo va bay Bondye glwa, jou li vizite yo.
- ¹³ Donk, poutèt Senyè a, se pou nou soumèt nou anba tout otorite lèzòm etabli, kit se otorite wa ki la kòm souvren,
- ¹⁴ kit se otorite gouvènè ki la kòm komisè Bondye pou pini malfektè epi pou fè lwanj moun k ap fè sa ki byen.
- ¹⁵ Paske, se konsa volonte Bondye ye, sa vle di: Nan fè sa ki byen, nou fèmen bouch moun ki sòt epi ki san konesans.
- ¹⁶ Viv an moun lib. Men, pa pran libète a tankou yon kouvèti pou malfezans. Okontrè, viv tankou esklav Bondye.
- ¹⁷ Onore tout moun. Renmen tout frè. Genyen krentif pou Bondye. Onore wa a.
- ¹⁸ Nou menm sèvitè yo, se pou nou soumèt anba mèt nou avèk krentif tout jan. Pa fè sa pou mèt ki bon epi ki dous yo sèlman. Men, fè sa pou sa ki kòwonpi yo tou.
- ¹⁹ Paske, si poutèt konsyans yon moun devan Bondye, moun nan sipòte lapenn anba soufrans ki enjis, ebyen, sa se yon gras.

²⁰ Vrèmanvre, si nou peche epi nou andire lè yo toupizi nou pou sa, ki glwa ki genyen la a? Men, si nou fè sa ki byen epi nou andire soufrans pou sa, se sa ki yon gras devan Bondye.

²¹ Dayè, se pou sa menm, Bondye te rele nou. Paske, Kris te soufri pou nou tou. Konsa, li kite yon modèl pou nou, dekwa pou nou ka suiv tras li.

²² Li menm, Li pa t fè peche. Nonplis tou, yo pa t jwenn riz sot nan bouch li.

²³ Li menm, lè yo te joure l, li pa t joure tou. Lè li te soufri, li pa t menase moun. Men, li te remèt tèt li nan men sila ki jije avèk jistis la.

²⁴ Li menm, li pote peche nou yo nan kò li, sou bwa a. Konsa, nou mouri parapò ak peche pou nou viv pou jistis. Se grasa blese li yo, nou geri.

²⁵ Paske, nou te tankou mouton pèdi. Men, kounye a, nou tounen jwenn sila ki se Bèje ak Gadyen nanm nou an.

1 Pyè 3

¹ Menm jan an tou, nou menm madanm, se pou nou soumèt devan mari nou. Konsa, menm si kèk nan yo ta rebèl ak pawòl la, konpòtman madanm yo va konvenk yo san pawòl,

² lè yo va konsidere kòman nou konpòte tèt nou yon jan ki pwòp epi avèk krentif.

³ Epi, nou menm tou, se pa òneman sou deyò, tankou gwo kwafi ak bijou ann ò oubyen rad chè, pou nou genyen.

⁴ Sa pou nou genyen se òneman ki cache nan kè moun, òneman ki pa ka gate a, òneman ki se yon lespri ki dou epi ki trankil. Sa gen anpil valè devan Bondye.

⁵ Paske, lontan, madanm ki sen epi ki met espwa yo nan Bondye, se òneman sa a yo te genyen. Yo te soumèt devan mari yo.

⁶ Se menm jan ak Sara. Li te konn obeyi Abraam jis li rele Abraam « Senyè!» Si nou fè sa ki byen, si nou pa pè anyen twoubler nou, se pitit fi Sara nou vin ye.

⁷ Menm jan an tou, nou menm mari, se pou nou viv avèk madanm nou avèk konsiderasyon, paske fi gen kò pi fèb. Onore yo, dekwa pou anyen pa jennen priye nou, paske se eritye gras lavi a yo ye menm jan avèk nou.

⁸ Anfen, se pou nou tout viv ann amoni, avèk menm santiman, avèk lamou tankou frè, avèk afeksyon youn pou lòt, epi tankou zanmi.

⁹ Pa rann mal pou mal, ni joure pou joure. Okontrè, se pou nou beni moun. Paske, nou konnen se pou sa menm, Bondye te rele nou, pou nou te ka resevwa benediksyon kòm eritaj.

- 10** Vrèmanvre, si yon moun vle renmen lavi Epi li vle wè jou li yo bon, Se pou l sispann di sa ki mal ak lang li, Se pou l sispann fè rize ak bouch li.
- 11** Se pou l evite sa ki mal, epi pou l fè sa ki byen. Se pou l chèche lapè, se pou l rapousuiv li.
- 12** Paske, je Senyè a veye sou moun ki jis, Epi zòrèy li koute priyè yo. Men, Senyè a detounen figi l sou moun k ap fè mal.
- 13** Epitou, si n ap imite sa ki byen, kilès k ap maltrete nou?
- 14** Dayè, menm si nou soufri akòz sa ki jis, benediksyon pou nou. Pa pè sa lèzòm pè. Pa twouble.
- 15** Men, sangtifye Bondye, Senyè a, nan kè nou. Toujou pare pou nou defann tèt nou devan tout moun ki mande nou rezon poutèt esperans ki nan nou an. Men, fè l avèk dousè epi avèk krentif.
- 16** Epitou, se pou konsyans nou klè. Konsa, moun sa yo k ap denigre bon konpòtman nou gen nan Kris la, menm lè y ap pale nou mal kòm si se malfektè nou te ye, se yo menm ankò k ap soti wont.
- 17** Vrèmanvre, si se volonte Bondye pou nou soufri, pito nou soufri akòz nou fè sa ki byen pase pou se ta akòz nou fè sa ki mal.
- 18** Paske, menm Kris te soufri pou peche nou yo yon fwa pou tout. Sa vle di, yon moun jis soufri nan plas moun ki pa jis, dekwa pou li te ka mennen nou bay Bondye. Li te mouri nan kò, men li te vin vivan nan Lespri.
- 19** E, se nan menm Lespri a li te al preche lespri ki nan prizon yo,
- 20** lespri ki te rebèl lontan yo. Lè sa a, nan jou Noe yo, pasyans Bondye t ap tann lach la fin bati. Se ladan l, yon ti ponyen moun, uit antou, te chape anba dlo a.
- 21** Dlo sa a se yon senbòl jan batèm sove nou kounye a tou. Li pa wete salte lachè. Men, li se angajman yon bon konsyans devan Bondye, grasa rezirèksyon Jezi Kris.
- 22** Epi, Jezi Kris monte nan syèl. Li adwat Bondye. Zanj, otorite, pisans, tout soumèt devan li.

1 Pyè 4

- 1** Donk, menm jan Kris te soufri nan kò li pou nou an, nou menm tou, se dispozisyon sa a pou nou genyen kòm zam. Paske, moun ki soufri nan kò yo, yo fini avèk peche.
- 2** Konsa, pandan rès tan y ap viv nan kò a, yo p ap viv dapre dezi lèzòm ankò, men, dapre volonte Bondye.

- ³ Paske, tan ki pase yo ase pou nou, tan lè tout lavi nou se te fè volonte payen yo, se te mache nan libètinaj, nan move dezi, nan bwè tafya, nan banbòch, nan banbilay, epi nan fè malpwòpte pou zidòl.
- ⁴ Yo twouve sa dwòl dèske nou p ap kouri al nan lavalas debòch ansanm avèk yo ankò. Donk, yo denigre nou.
- ⁵ Ebyen, sila ki pare pou li jije ni moun vivan ni moun mouri a, yo va gen pou yo rann li kont.
- ⁶ Dayè, se pou sa menm, li te anonse moun ki mouri yo levanjil la, se te dekwa pou li te ka jije kò yo tankou yo jije moun, epi pou yo te ka viv nan lespri tankou Bondye viv.
- ⁷ Tout bagay prèt pou fini. Donk, pran sans nou, pran tèt nou pou nou ka lapriyè.
- ⁸ Anvan tout bagay, se pou nou youn renmen lòt san rete. Paske, lamou kouvri yon bann peche.
- ⁹ Se pou nou youn resevwa lòt lakay nou san plenyen.
- ¹⁰ Kòm nou chak, nou resevwa don, se pou nou youn sèvi lòt avèk don yo tankou moun k ap byen administre divès gras Bondye yo.
- ¹¹ Sa vle di, si yon moun ap pale, fòk se tankou se pawòl Bondye l ap pale. Si yon moun ap sèvi, fòk se tankou se ak fòs Bondye bay l ap sèvi. Konsa, nan tout bagay, Bondye va jwenn glwa, grasa Jezi Kris. Glwa avèk fòs pou Jezi Kris pou letan e pou letènite. Amèn!
- ¹² Byenneme mwen yo, pa panse sa dwòl dèske eprè vinn sou nou tankou yon dife ki nan mitan nou. Pa pran sa kòm si se te yon bagay dwòl k ap rive nou.
- ¹³ Okontrè, toutotan n ap patisipe nan soufrans Kris yo, se pou nou nan lajwa. Konsa, lè glwa Kris va parèt, nou va rejwi avèk anpil jwa.
- ¹⁴ Si se pou non Kris y ap avili nou, benediksyon pou nou! Paske, lè sa a, Lespri ki se laglwa a, Lespri Bondye a, poze sou nou. Yo menm, yo denigre l. Men, nou menm, nou ba li glwa.
- ¹⁵ Vrèmanvre, pinga pèsoun nan nou kite se poutèt li se asasen, oubyen poutèt li se vòlè, oubyen poutèt li se malfektè, oubyen ankò poutèt l ap mele nan afè moun, ki fè l ap souffri.
- ¹⁶ Men, si se poutèt li se yon kretyen ki fè l ap souffri, li pa bezwen wont. Okontrè, se pou li bay Bondye glwa poutèt sa.
- ¹⁷ Paske, tan jijman an rive. L ap kòmanse ak moun kay Bondye yo. Men, si se avèk nou menm an premye li kòmanse, ki ka moun ki rebèl ak levanjil la menm? Epitou,

¹⁸ Si moun ki jis se anba traka yo sove, E mechan ak pechè yo menm, ki kote yo gad?

¹⁹ Donk, moun k ap souffri dapre volonte Bondye yo, se pou yo remèt nanm yo nan men Bondye Kreyatè a ki fidèl. Se pou yo kontinye fè sa ki byen.

1 Pyè 5

¹ Pou ansyen ki pami nou yo, kòm se ansyen mwen ye menm jan avèk yo, kòm mwen temwen soufrans Kris yo, e kòm m ap patisipe nan glwa ki pral parèt la tou, men sa m ap ankouraje yo fè:

² Pran swen mouton Bondye ki pami nou yo, veye sou yo! Pa fè l paske yo fòse nou, men, fè l paske nou vle. Pa fè l an magouyè nonplis, men, fè l ak tout kè nou.

³ Nonplis tou, pa fè l tankou nou te yon diktatè sou moun ki sou kont nou yo, men, fè l tankou bèje mouton yo.

⁴ Epi, lè Bèje an Chèf la va parèt, li va rekonpanse nou ak yon kouwòn glwa, yon kouwòn ki pa ka fennen.

⁵ Menm jan an tou, nou menm ki pi jèn yo, se pou nou soumèt devan ansyen yo. Nou tout, se pou nou youn soumèt devan lòt. Sèvi ak imilite kòm tabliye. Paske, Bondye kenbe tèt ak awogan yo. Men, moun ki rabese tèt yo, Bondye ba yo gras.

⁶ Donk, se pou nou rabese tèt nou anba fòs men Bondye. Konsa, lè li tan pou li leve nou, l a leve nou.

⁷ Lage tout tèt-chaje nou yo sou li, paske se li k ap pran swen nou.

⁸ Pran tèt nou! Veye! Lènmi nou an, djab la, ap siyonnen nou tankou yon lyon k ap gwonde k ap chèche yon moun pou li devore.

⁹ Rete fèm nan lafwa nou, kenbe tèt avèk li! Epi, konnen Bondye egzije pou frè nou yo, ki nan monn nan, pase nan menm soufrans sa yo.

¹⁰ Men, apre nou fè yon ti souffri, Bondye ki sous tout gras la, Bondye ki te rele nou nan Jezi Kris pou n al nan glwa etènèl li a, l ap fòme nou, l ap fòtifye nou, l ap fè nou solid, l ap ban nou fondasyon.

¹¹ Glwa avèk fòs pou Bondye, pou letan e pou letènite. Amèn!

12 Mwen ekri nou de mo sa yo grasa Silven. Dapre rezònman pa m, li se yon frè ki fidèl. E, mwen ekri pou mwen ankouraje nou epi pou mwen temwaye se sa ki vrè gras Bondye a. Kanpe fèm ladan !

13 Dam ki Babilòn lan, sa Bondye chwazi menm jan avèk nou an, ni li menm ni Mak, ki se pitit gason mwen, voye salye nou.

14 Se pou nou youn salye lòt avèk bo nan lamou. Lapè avèk nou tout ki nan Jezi Kris. Amèn!

2 Pyè

2 Pyè 1

- 1** Simon Pyè, sèvitè Jezi Kris ak apot li. Nou menm ki te resevwa yon lafwa ki gen menm valè avèk pa nou an, grasa jistis sila ki Bondye nou epi ki Sovè nou an, Jezi Kris,
- 2** se pou gras ak lapè avèk nou an kantite, selon jan nou konnen Bondye ak Jezi, Senyè nou.
- 3** Grasa pisans li kòm Bondye, li fè nou kado tout bagay ki ta itil ni lavi, ni devosyon yon moun pou Bondye. Li fè sa, grasa konnen nou konnen sila a ki te rele nou nan glwa li ak nan bon kalite li.
- 4** Grasa bagay sa yo, li pwomèt I ap fè nou kado gwo bagay ki gen valè. Konsa, grasa yo, nou te chape anba koripsyon ki nan lemonn akòz move dezi, epi nou vin patisipe nan nati Bondye.
- 5** Men, se poutèt sa pou nou fè tout efò nou tou. Anplis lafwa nou, se pou nou ajoute bon kalite. Epi, ajoute konesans sou bon kalite a.
- 6** Epi, ajoute disiplin sou konesans lan. Epi, ajoute andirans sou disiplin nan. Epi, ajoute devosyon sou andirans lan.
- 7** Epi, ajoute lamou pou frè nou sou devosyon an. Epi, ajoute lamou sou lamou pou frè nou.
- 8** Vrèmanvre, si nou posede bagay sa yo epi y ap ogmante nan nou, yo p ap kite nou san nou pa travay oubyen san nou pa gen rezilta, pou nou byen konnen Senyè nou an, Jezi Kris.
- 9** Paske, yon moun ki pa genyen bagay sa yo nan li, li tankou yon avèg, li pa wè lwen, li bliye jan Bondye te pirifye I anba ansyen peche li yo.
- 10** Poutèt sa, frè mwen yo, pito nou fè efò pou nou fèm nan jan Bondye te rele nou an ak nan jan li te chwazi nou an. Paske, lè nou fè bagay sa yo, nou p ap janm bite.
- 11** Vrèmanvre, se konsa Bondye ap ban nou mwayen pou nou antre lib nan wayòm etènèl Senyè nou an, Sovè nou an, Jezi Kris.
- 12** Se poutèt sa, menm si nou deja konnen bagay sa yo, menm si nou fèm nan verite nou te resevwa a, mwen p ap manke pou mwen toujou fè nou sonje yo.
- 13** Toutotan mwen nan tant sa a, mwen konsidere sa kòm yon bagay ki jis, pou mwen fè nou sonje bagay k ap reveye nou.
- 14** Paske mwen konnen, talè konsa, Bondye ap wete m nan tant sa a. Se sa menm, Senyè nou Jezi Kris te montre m.
- 15** Men, m ap fè efò pou nou ka toujou sonje bagay sa yo apre mwen pati.

¹⁶ Paske, lè mwen menm ak lòt yo, nou te fè nou konnen pisans ak retou Senyè nou an Jezi Kris, nou pa t suiv lejann moun envante. Okontrè, nou te temwen lè grandè li te parèt.

¹⁷ Vrèmanvre, li te resevwa onè ak glwa nan men Bondye Papa a. Lè sa a, yon kalite vwa ki soti nan Gwo Glwa a di li konsa: «Li menm, li se Pitit byenneme m nan. Li fè m plezi anpil.»

¹⁸ Vwa sa a ki te sot nan syèl la, se li, mwen menm ak lòt yo, nou te tande a. Lè sa a, nou te sou mòn sakre a ansanm avèk Senyè a.

¹⁹ Kifè, pawòl pwofesi, mwen menm ak lòt yo, nou genyen an pi fèm. E, nou menm tou, n ap byen fè, si nou gade li tankou se te yon lanp k ap klere yon kote ki fènwa. Gade li jiskaske jou louvri, jiskaske etwal di maten leve nan kè nou.

²⁰ Toudabò, se pou nou konnen pa genyen okenn pwofesi nan Lekriti ki se pwòp espplikasyon yon moun.

²¹ Paske, se pa nan volonte moun, pwofesi janm soti. Men, moun ki sen, moun ki moun Bondye, te pale selon jan Lespri Sen te dirije yo.

2 Pyè 2

¹ Men, te genyen fo pwofèt pami pèp la tou. Menm jan an tou, va gen fo anseyan pami nou. Y ap vini anba chal ak fo doktrin ki ka detui nou. Nan nye Mèt Souvren ki te rachte yo a, y ap mennen yon chatiman sou tèt yo k ap detui yo byen vit.

² Anpil moun ap suiv yo nan libètinaj yo a. Akòz yo menm, moun ap denigre chemen verite a.

³ Yo tèlman ava, y ap twonpe nou ak pawòl yo pou yo eksplwate nou. Se moun, kondanasyon ap pare pou yo depi lontan, e malè ki dèyè yo a p ap kabicha.

⁴ Paske, menm lè zanj te peche, Bondye pa t kite yo chape. Okontrè, li lage yo nan lanfè, nan yon labim fènwa. Li kenbe yo la pou l jije yo pi ta.

⁵ Li pa t kite ansyen monn nan chape nonplis. Men, lè li t apral voye delij la sou monn nan, yon monn ki te plen ak mechan, pami uit moun li te pwoteje yo, te genyen Noye, yon nonm ki t ap preche jistis.

⁶ Pou vil Sodòm ak vil Gomò menm, li kondane yo pou yo vin yon devas. Li fè yo tounen sann. Konsa, li trase yon egzanp sou yo pou mechan ki t apral vini apre yo.

⁷ Epi, li te delivre Lòt, ki te yon moun jis. Moun deregle sa yo te nan libètinaj. Konpòtman yo te twouble Lòt.

- ⁸ Vrèmanvre, pandan nonm jis sa a t ap viv pami yo, se jou apre jou, aksyon deregle, li te tandè epi li te wè moun yo ap fè yo t ap toumante nanm li ki jis.
- ⁹ Donk, Senyè a konnen kijan pou li delivre moun ki gen devosyon pou Senyè a anba tantasyon. Men, pou mechan yo, li konnen kijan pou li kenbe yo anba pinisyon nan jou jijman an.
- ¹⁰ E, I ap pini sitou sa yo k ap mache dèyè plezi lachè, tank dezi yo sou pouriti, epi k ap meprize otorite Senyè a. Odasye sa yo, awogan sa yo pa pè denigre sila ki nan laglwa yo.
- ¹¹ Alòske, menm zanj, ki gen pi gwo fòs ak pi gwo pisans, pa pote akizasyon kont yo devan Senyè a pou denigre yo.
- ¹² Men, yo menm, yo tankou bèt san konprann, bèt ki fèt ak tout nati yo pou moun kaptire yo epi detui yo. Y ap denigre bagay yo pa konnen. Se menm koripsyon yo a k ap detui yo.
- ¹³ Yo va resevwa enjistis kòm salè yo, tankou moun ki konsidere se jwisans gwo lajounen ki plezi. Malandren sa yo, tach sa yo, pandan y ap fete ansanm avèk nou, plezi yo se twonpe nou.
- ¹⁴ Je yo plen ak adiltè. Yo pa ka sispann fè peche. Y ap chame nanm moun ki pa fèm. Kè yo byen antrene nan fè ava. Se moun ki modi!
- ¹⁵ Yo kite chemen dwat la, epi yo pèdi. Y al suiv menm chemen ak Balaam, pitit Beyò a, ki te renmen salè enjistis.
- ¹⁶ Men, yo te reprimande li nan vyolasyon l lan. Paske, yon bourik bèbè pale ak vwa moun pou li anpeche pwofèt la aji an moun fou.
- ¹⁷ Moun sa yo, se pi san dlo yo ye. Yo tankou nyaj tanpèt ap pouse. Se fènwa epè a ki sere pou yo pou letènite.
- ¹⁸ Paske, nan pale pawòl grandizè, pawòl san sans k ap eksite dezi lachè nan libètinaj, yo chame moun ki te fin chape anba moun k ap mache nan erè.
- ¹⁹ Y ap pwomèt moun libète, alòske yo menm, yo esklav koripsyon. Paske, depi yon moun antòtye nan yon bagay, se esklav bagay la li ye tou.
- ²⁰ Vrèmanvre, sipoze yo fin chape anba pouriti ki nan monn nan paske yo vin konnen Senyè a, Sovè a, Jezi Kris. Kounye a, si y al retounen antòtye kò yo nan menm bagay sa yo ankò, ebyen, yo pi mal nan dènye kondisyon sa a pase jan yo te ye nan premye a.
- ²¹ Vrèmanvre, pase pou lè yo fin konnen chemen jistis la pou se tounen yo tounen do sou kòmmanman sakre yo te transmèt ba yo a, li t ap pi bon pou yo si yo pa t janm konnen l ditou.
- ²² Men, sa ki rive yo a se menm verite ki nan pwovèb ki di «Chen tounen nan pwòp vomi li» a, epi ankò: «Benyen kochon, I al woule nan labou.»

2 Pyè 3

- ¹Byenneme mwen yo, sa deja fè dezyèm lèt m ap ekri nou. Nan toulede, mwen fè nou sonje bagay ki pou reveye lide nou ki sensè.
- ²Konsa, nou va sonje ni pawòl pwofèt sakre yo te predi yo, ni sa apot nou yo te di nou Senyè a, Sovè a, te kòmande.
- ³Toudabò, men sa pou nou konnen: Nan dènye jou yo, gen mokè k ap parèt, k ap mache dapre pwòp dezi yo,
- ⁴epi k ap di: «Kote pwomès retou li a la a? Paske, depi zansèt yo fin mouri, tout bagay rete menm jan yo te ye depi kòmansman kreyasyon an.»
- ⁵Vrèmanvre, se vle yo pa vle rekonèt syèl la te la depi lontan epi pawòl Bondye te fòme latè nan dlo e avèk dlo,
- ⁶epi nan konsa tou, monn ki te egziste lè sa a te peri, paske dlo te anvayi l.
- ⁷Alòske, dapre menm pawòl li a, li sere syèl ak tè ki la kounye yo pou dife; li kenbe yo pou jou l ap jije epi l ap detui moun mechan yo.
- ⁸Men, byenneme mwen yo, sa a nou pa ka pa rekonèt li: Sèke pou Senyè a, yon jou tankou mil an, mil an tankou yon jou.
- ⁹Senyè a pa mize nan akonpli pwomès li yo, selon sa kèk moun konsidere ki se mize. Men, li pran pasyans poutèt nou menm. Paske, li pa ta renmen pou pèsonn peri. Okontrè, li ta renmen pou tout moun rive repanti.
- ¹⁰Men, jou Senyè a ap rive tankou yon vòlè ki vin vòlè lannuit. Jou sa a, syèl la ap disparèt avèk yon gwo bri. Tout matyè ap fonn anba chalè. Epi, latè ansanm ak tout travay ki te fèt ladan l ap konsonmen.
- ¹¹Kòm tout bagay sa yo gen pou yo fonn, ala sen nou dwe sen nan konpòtman nou ak nan devosyon nou
- ¹²pandan n ap tann epi n ap prese pou jou Bondye a rive! Jou sa a, syèl la ap fonn anba dife. Tout matyè ap vin likid anba chalè.
- ¹³Men, dapre pwomès li, n ap tann yon nouvo syèl ak yon nouvo latè kote jistis ap abite.
- ¹⁴Donk, byenneme mwen yo, pandan n ap tann bagay sa yo, fè efò pou yo jwenn nou nan lapè, san defo, san tach.

15 Epi, konsidere pasyans Senyè nou an tankou yon delivrans. Se menm bagay la tou frè byenneme nou Pòl te ekri nou, dapre sa jès Bondye ba li.

16 Dayè, se konsa li fè nan tout lèt li yo, lè li pale de bagay sa yo. Gen kèk pwen nan lèt li yo ki difisil pou moun konprann. E, moun inyoran, moun ki pa fèm, tòde sans yo, menm jan yo fè ak rèl Lekriti. Nan konsa, se pwòp tèt yo y ap detui.

17 Donk, byenneme mwen yo, kòm nou menm, nou konnen bagay sa yo davans, veye pou erè moun deregle yo pa charye nou pou fè nou chwe lwen kote nou menm, nou fèm nan.

18 Men, se pou nou grandi nan gras ak nan konesans Senyè nou an, Sovè nou an, Jezi Kris. Glwa pou li depi kounye a ak pou letènite. Amèn!

1 Jan

1 Jan 1

- ¹ Sa ki te la depi o kòmansman an, sa nou te tandé a, sa je nou te wè a, sa nou te gade a, sa men nou te manyen an, li konsène Pawòl Lavi a.
- ² Lavi a te parèt. Nou te wè li. N ap temwaye li. N ap anonse nou lavi etènèl ki te avèk Papa a epi ki te parèt devan nou an.
- ³ Sa nou te wè a, sa nou te tandé a, n ap anonse nou li pou nou menm tou, nou ka genyen kominyon avèk nou. Men tou, kominyon nou an se avèk Papa a ak Pitit li a, Jezi Kris, li ye.
- ⁴ Epi, n ap ekri bagay sa yo tou, pou lajwa nou ka total.
- ⁵ Men mesaj nou te tandé li di, n ap anonse nou li: Sèke Bondye se limyè, e nanpwen fènwa ditou nan li!
- ⁶ Si nou di nou genyen kominyon avèk li, alòske n ap mache nan fènwa, nou manti. Nou pa pratike verite a.
- ⁷ Men, si nou mache nan limyè a menm jan, li menm, li nan limyè a, nou genyen kominyon youn ak lòt. Epitou, san Jezi Kris, Pitit li a, pirifye nou anba tout peche.
- ⁸ Si nou di nou san peche, se tèt nou n ap twonpe. Verite a pa nan nou.
- ⁹ Si nou konfese peche nou yo, kòm li fidèl epi li jis, l ap padone peche nou yo, epi l ap pirifye nou anba tout sa ki pa jis.
- ¹⁰ Si nou di nou pa peche, nou fè li pase pou mantè. Pawòl li pa nan nou.

1 Jan 2

- ¹ Timoun mwen yo, m ap ekri nou bagay sa yo pou nou ka pa peche. Si yon moun ta peche, nou genyen yon Avoka kote Papa a: Se Jezi Kris, li jis.
- ² Se li menm ki sakrifis-satisfaksyon pou peche nou yo. E, se pa pou peche nou yo sèlman, men se pou peche lemonn antye tou.
- ³ Si nou kenbe kòmmanman li yo, se konsa nou va konnen nou konnen li.
- ⁴ Yon moun ki di «Mwen konnen li!» epi ki pa obeye kòmmanman li yo, li se yon mantè! Verite a pa nan li.
- ⁵ Men, yon moun ki obeye pawòl li, lamou Bondye vin total nan moun sa a toutbon vre. Se konsa nou konnen nou nan li.
- ⁶ Menm jan, li menm, li te mache a, moun sa a ki di li rete nan li a, se konsa tou li dwe mache.

- ⁷ Frè mwen yo, se pa yon nouvo kòmannman m ap ekri ban nou. Okontrè, se yon ansyen kòmannman, nou te genyen depi o kòmansman. Ansyen kòmannman an se pawòl, nou te tandè depi o kòmansman an.
- ⁸ Epoutan, se yon nouvo kòmannman m ap ekri ban nou, youn ki vre ni nan li ni nan nou. Vrèmanvre, fènwa a ap pase. Vrè limyè a deja ap klere.
- ⁹ Yon moun ki di li nan limyè a epi ki rayi frè li, se nan fènwa li ye jis kounye a.
- ¹⁰ Yon moun ki renmen frè li, li rete nan limyè. Li pa lakòz pèsonn chite.
- ¹¹ Men, yon moun ki rayi frè li, se nan fènwa li ye. L ap mache nan fènwa, li pa konnen kote li prale. Paske, fènwa bouche je li.
- ¹² Timoun, mwen ekri nou, paske Bondye padone peche nou yo poutèt non li.
- ¹³ Papa yo, mwen ekri nou, paske nou konnen sila ki te la depi o kòmansman an. Jennjan, mwen ekri nou, paske nou genyen laviktwa sou Mehan an. Jèn timoun, mwen ekri nou, paske nou konnen Papa a.
- ¹⁴ Papa yo, mwen te ekri nou, paske nou konnen sila ki te la depi o kòmansman an. Jennjan, mwen te ekri nou, paske nou genyen kouraj, pawòl Bondye a rete nan nou, epi nou genyen laviktwa sou Mehan an.
- ¹⁵ Pa renmen lemonn, ni anyen ki nan lemonn. Si yon moun renmen lemonn, lamou Papa a pa nan li.
- ¹⁶ Tout sa ki nan lemonn se dezi lachè, ak dezi je, ak awogans nan lavi. Vrèmanvre, se pa kote Papa a yo soti, men se nan lemonn.
- ¹⁷ Ni lemonn, ni dezi lemonn yo ap pase. Men, moun ki fè volonte Bondye, y ap rete pou letènite.
- ¹⁸ Timoun yo, se dènye è a. Menm jan nou te tandè Antekris la ap vini an, ebyen, kounye a, anpil antekris deja vini. Donk, nou konnen se dènye è a.
- ¹⁹ Yo soti pami nou, men yo pa t avèk nou. Paske, si yo te avèk nou, yo ta rete avèk nou. Okontrè, yo soti dekwa pou sa ka klè se pa tout moun ki avèk nou!
- ²⁰ Nou menm, nou resevwa onksyon nan men sila ki Sen an. Nou konnen tout bagay.
- ²¹ Se pa paske nou pa konnen verite a ki fè mwen ekri nou. Okontrè, se paske nou konnen li, epi se paske se pa nan verite a okenn manti soti.
- ²² Kilès ki mantè a? Èske se pa sila ki nye Jezi se Kris la? Yon moun ki nye Papa a ak Pitit la, se li menm ki antekris la.
- ²³ Tout moun ki nye Pitit la, yo pa genyen Papa a nonplis.
- ²⁴ Alò, nou menm, sa nou te tandè depi o kòmansman an, se pou li rete nan nou. Si sa nou te tandè depi o kòmansman an rete nan nou, nou menm tou, nou va rete ni nan Pitit la, ni nan Papa a.

²⁵ E, men pwomès, li menm, li te fè nou: Se lavi etènèl!

²⁶ Mwen te ekri nou bagay sa yo konsènan moun k ap twonpe nou yo.

²⁷ Nou menm, onksyon nou te resevwa nan men I lan, li rete nan nou. Nou pa bezwen pèsonn anseye nou. Okontrè, onksyon an se laverite. Li pa yon manti. Jan li te anseye nou sou tout bagay la, menm jan li te anseye nou an, nou menm, rete nan li.

²⁸ Kounye a, timoun yo, nou dwe rete nan li. Konsa, lè li va parèt, nou va genyen konfyans, e lè li va vini, nou p ap wont devan li.

²⁹ Si nou konnen li jis, ebyen, se pou nou konnen tout moun ki fè sa ki jis se nan li yo te pran nesans.

1 Jan 3

¹ Gade ki kalite lamou Papa a ban nou! Li rele nou pitit Bondye. Se poutèt sa lemonn pa konnen nou, poutèt yo pa konnen li tou.

² Byenneme, kounye a, se pitit Bondye nou ye. Sa nou pral ye a poko parèt. Men, nou konnen lè li va parèt, nou va menm jan avèk li. Paske, n a va wè li, menm jan li ye.

³ E, tout moun ki genyen esperans sa a nan li, yo pirifye tèt yo menm jan, li menm, li pwòp la.

⁴ Tout moun ki fè peche, yo fè rebèl ak lalwa tou. Peche se fè rebèl ak lalwa.

⁵ Li menm, nou konnen li te parèt pou li wete peche nou yo. E nanpwen peche nan li!

⁶ Tout moun ki rete nan li pa peche. Tout moun ki peche pa t ni wè li, ni konnen li.

⁷ Timoun, pinga pèsonn twonpe nou. Menm jan li menm, li jis la, moun ki fè sa ki jis, yo jis tou.

⁸ Moun ki fè peche, se nan djab la yo soti. Vrèmanvre, depi o kòmansman, djab la ap peche. E se pou sa Pitit Bondye a te parèt, se te pou li te ka defèt travay djab la.

⁹ Tout moun ki pran nesans nan Bondye pa fè peche. Paske, semans lavi Bondye rete nan yo. E yo pa kapab peche, paske se nan Bondye yo pran nesans.

¹⁰ Se konsa pitit Bondye ak pitit djab la parèt aklè. Tout moun ki pa fè sa ki jis, moun ki pa renmen frè yo, se pa nan Bondye yo soti.

¹¹ Men mesaj nou te tande depi o kòmansman an: Se pou nou youn renmen lòt.

12 Non, se pa menm jan ak Kayen. Li menm, li te soti nan Mechan an, epi li tiye frè li. E poukisa li te tiye li? Se paske aksyon li yo te move aksyon, alòske pa frè li yo te jis.

13 Frè mwen yo, si lemonn rayi nou, pa sezi!

14 Nou menm, nou soti nan lanmò vini nan lavi. Nou konnen sa paske nou renmen frè nou yo. Yon moun ki pa renmen frè li, li rete nan lanmò toujou.

15 Tout moun ki rayi frè yo, se asasen yo ye. E nou konnen okenn asasen pa genyen lavi etènèl rete nan yo.

16 Se konsa nou konnen lamou, sèke li menm, li te bay lavi li pou nou. Nou menm tou, nou dwe bay lavi nou pou frè yo.

17 Men, si yon moun genyen byen nan lemonn, li wè frè li nan bezwen, epi li fèmen kè li sou frè a, kòman lamou Bondye rete nan moun sa a la a?

18 Timoun mwen yo, se pa nan pawòl ak nan bouch pou nou renmen. Okontrè, se nan aksyon ak laverite.

19-20 Se konsa nou konnen nou se moun verite a. E, nenpòt jan kè nou ta kondane nou, nou va bay kè nou asirans devan li. Paske, Bondye pi fò pase kè nou. Li konnen tout bagay.

21 Byenneme, si kè nou pa kondane nou, nou genyen konfyans devan Bondye.

22 E, paske nou obeyi kòmanman li yo, paske nou fè sa ki fè li plezi, ebyen, tout sa nou mande li, nou va resevwa yo nan men li.

23 Men sa ki kòmanman li a: Se pou nou kwè nan non Pitit li a, Jezi Kris. Epitou, menm jan ak kòmanman li te bay la, se pou nou youn renmen lòt.

24 Moun ki kenbe kòmanman li yo rete nan li, li rete nan yo. Se konsa nou konnen li rete nan nou, se dapre Lespri li ban nou an.

1 Jan 4

1 Byenneme, se pa tout lespri nou dwe kwè. Men, teste lespri yo pou nou wè si se nan Bondye yo soti. Vrèmanvre, genyen anpil fo pwofèt ki vini nan lemonn.

2 Se konsa nou va konnen Lespri Bondye a, sèke tout lespri ki deklare Jezi se Kris la ki te vini nan yon kò, se nan Bondye yo soti.

3 E, tout lespri ki pa deklare Jezi se Kris la ki te vini nan yon kò, se pa nan Bondye yo soti, e se yo menm ki lespri antekris la. Nou te tandè l ap vini, ebyen kounye a, li nan lemonn deja.

- ⁴ Nou menm, timoun, se nan Bondye nou soti. Nou deja genyen laviktwà sou yo. Paske, sila ki nan nou an pi fò pase sila ki nan lemond nan.
- ⁵ Yo menm, se moun lemond yo ye. Se poutèt sa yo pale dapre lemond epi lemond koute yo tou.
- ⁶ Nou menm, nou se moun Bondye. Moun ki konnen Bondye koute nou. Moun ki pa moun Bondye pa koute nou. Se konsa nou rekonèt lèsprì verite a ak lèsprì manti a.
- ⁷ Byenneme, se pou nou youn renmen lòt. Paske, lamou soti nan Bondye. E tout moun ki genyen lamou, se nan Bondye yo pran nesans. Yo konnen Bondye.
- ⁸ Moun ki pa genyen lamou pa konnen Bondye. Paske, Bondye se lamou.
- ⁹ Men kijan Bondye te montre nou lamou li: Bondye te voye sèl Pitit li a nan lemond pou nou ka viv nan li.
- ¹⁰ Se konsa lamou an ye, sèke se pa nou menm ki te renmen Bondye. Men, se li menm ki te renmen nou. E li te voye Pitit li a kòm yon sakrifis-satisfaksyon pou peche nou yo.
- ¹¹ Byenneme, si Bondye renmen nou konsa, nou menm tou, nou youn dwe renmen lòt.
- ¹² Pèsonn pa janm wè Bondye. Si nou youn renmen lòt, Bondye rete nan nou, epi lamou li vin total nan nou.
- ¹³ Nan konsa, nou konnen nou rete nan li epi li rete nan nou, paske li ban nou nan Lèsprì li a.
- ¹⁴ Nou menm, men sa nou te wè, men sa n ap temwaye: Papa a te voye Pitit la pou li sove lemond.
- ¹⁵ Moun ki deklare Jezi se Pitit Bondye a, Bondye rete nan li, li rete nan Bondye.
- ¹⁶ Nou menm, nou konnen lamou Bondye genyen pou nou. Nou kwè ladan l. Bondye se lamou. Moun ki rete nan lamou, li rete nan Bondye, Bondye rete nan li.
- ¹⁷ Se konsa Bondye fè lamou li vin total nan nou, dekwa pou nou ka genyen konfyans nan jou jijman an. Paske, menm jan li menm, li ye a, se konsa nou menm, nou ye nan mond sa a.
- ¹⁸ Nan lamou, pa gen kè-kase. Okontrè, lamou ki total la mete kè-kase deyò. Paske, se pinisyon ki mennen kè-kase. Yon moun ki gen kè-kase, lamou Bondye pa total nan li.
- ¹⁹ Nou menm, nou renmen l, paske li te renmen nou an premye.

²⁰ Si yon moun di «Mwen renmen Bondye!» epi li rayi frè li, se mantè li ye. Paske, si frè l li ka wè a li pa renmen l, kòman li kapab fè renmen Bondye li pa wè a?

²¹ Men kòmannman nou resevwa nan men li: Yon moun ki renmen Bondye, li dwe renmen frè l tou!

1 Jan 5

¹ Tout moun ki kwè Jezi se Kris la, se nan Bondye yo pran nesans. E, tout moun ki renmen sila ki bay nesans la, yo dwe renmen moun ki pran nesans nan li a tou.

² Men kijan nou konnen nou renmen pitit Bondye yo: Se lè nou renmen Bondye epi nou obeyi kòmannman li yo.

³ Vrèmanvre, se sa ki lamou Bondye, se lè nou obeyi kòmannman li yo. E, kòmannman li yo pa yon chay!

⁴ Paske, tout moun ki pran nesans nan Bondye, yo genyen laviktwà sou lemonn. E, laviktwà ki genyen laviktwà sou lemonn nan se lafwa nou!

⁵ Kilès ki genyen laviktwà sou lemonn? Se moun ki kwè Jezi se Pitit Bondye, pa vre?

⁶ Se li menm, Jezi Kris, ki te vini ak dlo epi ak san. Se pa t nan dlo sèlman. Okontrè, se te nan dlo ak nan san. Se Lespri a k ap temwaye sa, paske Lespri a se laverite.

⁷ Vrèmanvre, genyen twa k ap temwaye nan syèl la: Papa a, Pawòl la, ak Lespri Sen an. E, yo touletwa se youn.

⁸ E, genyen twa k ap temwaye sou latè: Lespri a, dlo a, ak san an. E, yo touletwa dakò.

⁹ Si nou resevwa temwayaj lèzòm, ebyen, temwayaj Bondye a pi gran. Paske, se sa ki temwayaj Bondye te temwaye sou Pitit li a.

¹⁰ Moun ki kwè nan Pitit Bondye a genyen temwayaj la nan yo menm. Moun ki pa kwè nan Bondye, yo fè Bondye pase pou mantè. Paske, yo pa t kwè nan temwayaj Bondye te bay sou Pitit li a.

¹¹ Men sa temwayaj la ye: Bondye ban nou lavi etènèl. Lavi a se nan Pitit la li ye.

12 Moun ki genyen Pitit la, yo genyen lavi. Moun ki pa genyen Pitit Bondye a, yo pa genyen lavi.

13 Nou menm ki kwè nan non Pitit Bondye a, mwen ekri nou bagay sa yo, dekwa pou nou ka konnen nou genyen lavi etènèl, epi pou nou ka kwè nan non Pitit Bondye a.

14 Sa a se konfyans nou genyen nan li: Si nou mande li yon bagay ki nan volonte li, li koute nou.

15 Si nou konnen tout sa nou mande, li koute nou, ebyen, nou konnen sa nou te mande l la, nou genyen li.

16 Si yon moun wè frè li ap fè peche ki pa mennen nan lanmò, li dwe priye. Epi, moun ki fè peche ki pa mennen nan lanmò a, Bondye va ba li lavi. Genyen peche ki mennen nan lanmò. Se pa pou sa mwen di pou yo priye a.

17 Tout sa ki pa jis se peche. Men, genyen peche ki pa mennen nan lanmò.

18 Nou konnen tout moun ki pran nesans nan Bondye pa peche. Okontrè, moun ki te pran nesans nan Bondye yo kenbe tèt yo. Epi, Mechan an pa manyen yo.

19 Nou konnen se moun Bondye nou ye. Men, lemonn antye kouche nan men Mechan an.

20 Nou konnen Pitit Bondye a te vini. Li te ban nou bon konprann pou nou konnen sila ki vrè a. Nan Jezi Kris, Pitit li a, nou nan sila ki vrè a. Se li menm ki vrè Bondye a. Li se lavi etènèl.

21 Timoun yo, veye tèt nou ak zidòl. Amèn!

2 Jan

2 Jan 1

¹⁻² Mwen menm ansyen an. Ou menm, Kiriya, Bondye chwazi a, ou menm ansanm ak pitit ou yo, mwen renmen nou nan laverite poutèt verite ki rete nan nou epi ki va avèk nou pou letènite a. E se pa mwen menm sèl ki renmen nou, men se tout moun ki konnen verite a.

³ Gras, pitye, ak lapè avèk nou! Papa Bondye ak Pitit Papa a, Senyè Jezi Kris, va ban nou yo nan laverite ak nan lamou.

⁴ Mwen te kontan anpil lè mwen te jwenn kèk nan timoun ou yo ap mache nan laverite, dapre kòmanman nou resevwa nan men Papa a.

⁵ Kounye a, Kiriya, men sa m ap mande w: Se pou nou youn renmen lòt! Mwen pa ekri sa kòmsi se te yon nouvo kòmanman. Okontrè, se yon kòmanman nou genyen depi o kòmansman.

⁶ Men sa lamou ye: Se pou nou mache dapre tout kòmanman Papa a. E, men sa kòmanman an ye: Se pou nou mache nan lamou, menm jan nou te tande depi o kòmansman an.

⁷ Paske, anpil moun vini nan lemonn pou twonpe moun. Yo pa rekonèt Jezi Kris te vini nan yon kò. Se yo k ap twonpe moun epi ki antekris la.

⁸ Fè atansyon dekwa pou nou pa pèdi rezilta travay nou, men okontrè, pou nou resevwa rekonpans toutantye!

⁹ Tout moun ki pran devan epi ki pa rete nan ansèyman Kris la, yo pa gen Bondye. Yon moun ki rete nan ansèyman Kris la, li genyen ni Papa a, ni Pitit la.

¹⁰ Si yon moun vini kote nou epi li pa pote ansèyman sa a, pa resevwa l lakay nou. Pa di li «respè!» nonplis!

¹¹ Paske, si nou di li «respè!», nou patisipe nan move travay li yo.

¹² Mwen genyen anpil bagay pou mwen ta ekri nou. Mwen pa vle fè sa sou papye ak lank. Okontrè, mwen espere ale kote nou pou mwen pale fasafas avèk nou. Konsa, lajwa nou va total.

¹³ Sè w la Bondye chwazi a, pitit li yo salye ou. Amèn!

3 Jan

3 Jan 1

- ¹ Mwen menm ansyen an. Gayis, byenneme, mwen renmen w nan laverite.
- ² Byenneme, menm jan nanm ou byen an, m ap lapriyè pou tout bagay ka byen pou ou epi pou w ka an sante tou.
- ³ Vrèmanvre, mwen te kontan anpil lè kèk frè ki te vini te bay temwayaj sou verite ki nan ou, sa vle di, jan w ap mache nan verite a.
- ⁴ Pi gran jwa mwen genyen se lè mwen tande timoun mwen yo ap mache nan laverite.
- ⁵ Byenneme, nan sa ou fè pou frè yo ak pou etranje yo, ou fidèl.
- ⁶ Se yo menm ki temwaye lamou w devan legliz. E, si ou ravitaye yo pou vwayaj yo, jan Bondye ta merite l la, w ap byen fè.
- ⁷ Paske, se poutèt Non an yo vwayaje. E, yo pa resevwa anyen nan men payen.
- ⁸ Donk, nou dwe resevwa kalite moun sa yo. Konsa, nou va vin ouvriye ansanm avèk yo pou verite a.
- ⁹ Mwen te ekri legliz la. Men, Diyotrèf ki renmen pran pòz chèf li sou moun yo pa t resevwa nou.
- ¹⁰ Poutèt sa, si mwen vini, mwen va fè sonje travay li fè nan pale move pawòl pou li fè tripotay sou nou. Menm avèk sa, li pa kontante. Li pa resevwa frè yo nonplis. E, moun ki ta vle fè sa, li anpeche yo epi li mete yo deyò nan legliz la.
- ¹¹ Byenneme, pa imite sa ki mal, men, imite sa ki byen. Moun ki fè byen se moun Bondye. Moun ki fè mal pa t wè Bondye.
- ¹² Tout moun pale byen de Demetriyis. Verite a pale byen de li tou. Menm nou menm, nou pale byen de li. E, ou menm ak lòt moun yo, nou konnen temwayaj nou an se laverite.
- ¹³ Mwen genyen anpil bagay pou mwen ta ekri. Men, mwen pa vle ekri ou avèk plim ak lank.
- ¹⁴ Mwen espere wè ou tousuit. Alò, nou va pale fasafas.
- ¹⁵ Lapè avèk ou! Zanmi isit yo salye ou. Salye chak zanmi apa.

Jid

Jid 1

- ¹ Jid ki sèvitè Jezi Kris epi ki frè Jak la. Nou menm Bondye rele yo, nou menm Bondye Papa a sangtifye yo, nou menm Jezi Kris ap pwoteje yo,
- ² se pou pitye, lapè, ak lamou avèk nou an kantite!
- ³ Byenneme mwen yo, mwen t ap fè tout efò m pou mwen ekri nou konsènan delivrans nou genyen ansanm nan. Men, mwen vin santi nesesite pou mwen ekri nou pou m ankouraje nou konbat pou lafwa, yo te transmèt bay sen yo yon fwa pou tout la.
- ⁴ Paske, gen kèk moun ki fofile kò yo pami nou. Se moun kondanasyon yo ekri davans depi lontan, moun mechan, moun k ap chanje gras Bondye a pou fè l tounen libètinaj epi k ap nye sila ki sèl Mèt souverèn epi ki Senyè nou an, Jezi Kris.
- ⁵ Men, mwen vle fè nou sonje yon bagay malgre nou konnen l deja, sèke lè Senyè a te fin sove pèp la nan peyi Ejip, apre sa, li fè tout moun ki pa t kwè nan li yo peri.
- ⁶ E zanj ki pa t kenbe otorite yo epi ki te abandone bitasyon yo, li kenbe yo nan chenn pou tout tan, anba fènwa, annatandan jijman gran jou a.
- ⁷ Se menm bagay pou Sodòm ak Gomò ansanm ak vil ki te toutotou yo. Yo te nan debòch nan menm fason avèk yo, epi yo te lage nan fè bagay dwòl nan lachè. Bondye ekspoze yo kòm yon egzanp, kote y ap sibi jijman yon dife etènèl.
- ⁸ Malgre sa, mesye sa yo fè menm jan an tou. Nan reve reve, yo fè malpwòpte ak kò yo, yo meprize otorite Senyè a, yo denigre sila ki nan laglwa yo.
- ⁹ Epoutan, Akanj Michèl li menm, lè li t ap diskite avèk djab la epi li t ap plede pou kò Moyiz, li pa t oze pote akizasyon. Okontrè, li te di: «Se pou Senyè a fè w obsèvasyon!»
- ¹⁰ Alòske mesye sa yo ap denigre bagay yo pa konnen. Menm bagay pwòp nati yo fè yo konprann, se avèk yo ankò yo detui tèt yo, tankou se te bèt san konprann.
- ¹¹ Malè pou yo! Paske, se nan menm chemen Kayen an y ale. Se nan menm erè Balaam nan yo benyen pou yon salè. Epi, se nan menm rebelyon Kore a yo peri.

¹² Lè mesye sa yo nan resepsyon nou yo, yo tankou resif. Y ap fete ansanm avèk nou san yo pa pè, alòske se pwòp tèt yo y ap pran swen. Yo tankou nyaj san dlo, van ap bwote. Yo se pyebwa lotòn ki san fwi, ki mouri de fwa, ki derasinen.

¹³ Yo badijonnen nan pwòp wont yo tankou yon lanm lanmè sovaj ki badijonnen ak kim. Yo tankou zetwal filant ki gen fènwa sere pou yo pou letènite.

¹⁴ Se pou menm yo menm nan, Enòk, ki se setyèm patriyach apre Adan, te pwofetize, lè li te di: «Gade! Senyè a vini ak mil fwa mil moun ki sen li yo.

¹⁵ Li vin pase jijman sou tout moun. Li vin kondane tout mekan ki pami moun yo, poutèt tout travay mekanste yo te fè epi poutèt tout move pawòl, pechè mekan te pale kont li.»

¹⁶ Mesye sa yo, se moun k ap bougonnen, k ap plenyen sò yo, k ap mache dapre pwòp dezi yo. Se moun k ap fè grandizè ak bouch yo epi k ap flate moun pou yo ka jwenn avantaj.

¹⁷ Men, nou menm, byenneme mwen yo, sonje pawòl apot Senyè nou an, Jezi Kris, te predi.

¹⁸ Yo te di: «Nan dènye jou yo, ap gen mokè k ap mache nan mekanste dapre pwòp dezi yo.»

¹⁹ Mesye sa yo k ap kreye divizyon yo, ebyen, se yo menm sa. Se nanm ase ki nan yo, yo pa genyen Lespri a.

²⁰ Men, nou menm, byenneme mwen yo, edifye tèt nou nan lafwa nou ki sen anpil. Priye dapre Lespri Sen an.

²¹ Kenbe tèt nou nan lamou Bondye, pandan n ap tann pou pitye Senyè nou an, Jezi Kris, parèt. Se va lavi etènèl pou nou.

²² Epi, se pou nou gen pitye pou moun sa yo k ap doute.

²³ Se pou nou gen krentif pou nou rape yo nan bouch dife; konsa, n a sove yo. Se pou nou rayi menm chemizèt ki ta sal ak peche lachè.

²⁴ Sila ki kapab kenbe nou pou nou pa bite a, Sila a ki kapab prezante nou san defo devan glwa li epi nan lajwa,

²⁵ Sila ki sèl Bondye ki saj epi ki Sovè nou an, Se pou li glwa ak majeste, Fòs ak pouvwa dwe ye, Depi kounye a epi pou tout letènite. Amèn!

Revelasyon

Revelasyon 1

- 1** Revelasyon Jezi Kris, revelasyon Bondye ba li pou li montre sèvitè l yo bagay ki dwe rive talè konsa. E li devwale l nan voye li voye zanj li kote sèvitè l Jan.
- 2** Jan, li menm, temwaye tout sa li wè, sa vle di pawòl Bondye a ak temwayaj Jezi Kris la.
- 3** Benediksyon pou moun k ap li a ak moun yo k ap koute pawòl pwofesi a epi k ap obsève bagay ki ekri ladan l yo! Paske, tan an pre rive!
- 4** Se mwen, Jan. Nou menm sèt legliz ki ann Azi yo, se pou gras ak lapè avèk nou, gras ak lapè ki soti nan men sila ki la, ki te la, epi k ap vini an; epi nan men sèt Lespri ki devan twòn li an;
- 5** epi nan men Jezi Kris ki se temwen fidèl la, ki se Premye-Pitit pami mò yo, epi ki se chèf wa ki sou latè yo! Sila ki renmen nou an, Sila ki te lave nou anba peche nou nan san l la,
- 6** Sila a ki te fè nou tounen yon wayòm epi sakrifikatè pou Bondye, pou Papa l la, Glwa ak fòs pou li, Pou letan e pou letènite! Amèn!
- 7** Gade! L ap vini avèk nyaj yo! Epi tout je va wè li, Menm je moun ki te pèse l yo. Epi tout tribi sou latè va kriye akòz li menm. Wi, Amèn!
- 8** Senyè Bondye di: «Se mwen menm ki Alfa ak Omega a! Se mwen ki la, ki te la, epi k ap vini an! Se mwen ki Toupisan an.»
- 9** Mwen menm, Jan, mwen se frè nou. M ap patisipe ansanm avèk nou ni nan tribilasyon, ni nan wayòm, ni nan andirans ki nan Jezi Kris la. Se nan zile, yo rele Patmòs la mwen te ye poutèt pawòl Bondye a epi poutèt temwayaj Jezi Kris la.
- 10** Lespri a pran mwen nan jou Senyè a, epi mwen tande yon vwa dèyè mwen. Li te fò tankou yon kout twonpèt.
- 11** Vwa a di: Ekri sa w wè a nan yon liv, epi voye l bay sèt legliz yo. Voye l bay Efèz, epi Esmin, epi Pègam, epi Tiyati, epi Sad, epi Filadèlfi, epi Lawodise.
- 12** Alò, mwen vire pou mwen wè ki vwa sa a ki t ap pale avè m nan. Lè mwen vire, mwen wè sèt chandelye ann ò.
- 13** Epi, nan mitan sèt chandelye yo, te genyen yon moun ki sanble ak yon Pitit Lòm. Li te abiye ak yon rad long. Epi, yon bann ann ò te travèse sou lestomak li.
- 14** Tèt li ak cheve li te tou blan tankou lenn blanch, tankou nèj. Je li te tankou flanm dife.

15 Pye li te sanble ak yon bwonz, tankou lè yo rafinen l nan founèz dife. Epi, vwa li te tankou bri gwo dlo.

16 Li te genyen sèt zetwal nan men dwat li. Yon epe de bò byen file te lonje soti nan bouch li. Figi l menm te tankou solèy k ap klere ak tout fòs li.

17 Wè m wè li, mwen tonbe devan pye li tankou yon mò. Epi, li poze men dwat li sou mwen, li di: Ou pa bezwen pè! Se mwen menm ki ni Premye ni Dènye!

18 Se mwen ki te vivan epi ki vin mouri a, epi gade: Mwen vivan pou letan e pou letènite. Amèn! Mwen genyen kle lanmò ak kle peyi-mò.

19 Donk, ekri bagay ou wè yo, epi bagay kounye yo, epi bagay ki pral vini apre bagay sa yo.

20 Kanta pou mistè sèt zetwal ki nan men dwat mwen yo ak pou sèt chandelye ann ò yo, ebyen, sèt zetwal sa yo se zanj sèt legliz yo, epi sèt lanp yo se sèt legliz yo.

Revelasyon 2

1 Ekri zanj legliz ki nan Efèz la konsa: Sila ki kenbe sèt zetwal yo nan men dwat li a, sila a k ap mache nan mitan sèt chandelye ann ò yo, men sa l di:

2 Mwen konnen travay w ap fè yo, jan w ap redi epi ki andirans ou genyen. Mwen konnen ou pa kapab sipòte move moun. Ou teste moun ki rele tèt yo apot epi ki pa apot vre yo. E ou jwenn se mantè yo ye.

3 Ou gen andirans. Ou sipòte anpil poutèt non mwen, san w pa febli.

4 Men, mwen gen kichòy kont ou, sèke ou kite premye lamou w te genyen an.

5 Donk, sonje ki kote w sot tonbe, epi repanti, fè menm premye travay yo ankò. Osinon, m ap vini talè konsa. Epi, si w pa repanti, m ap deplase chandelye w la nan plas li.

6 Men, gen yon bagay ou genyen, sèke ou rayi travay Nikolayis yo ap fè yo. E mwen rayi travay sa yo tou.

7 Moun ki gen zòrèy pou tande, tande sa Lespri a ap di legliz yo. Moun ki gen laviktwa, m ap ba yo manje nan pyebwa lavi ki nan paradi Bondye m nan.

8 Kounye a, ekri zanj legliz ki nan Esmin nan konsa: Sila ki ni Premye ni Dènye a, sila ki te mouri epi ki retounen viv la, men sa l di:

9 Mwen konnen travay w ap fè yo, tribilasyon w ap pase a, epi jan ou pòv, alòske ou rich. Mwen konnen jan moun ki rele tèt yo Juif yo ap pale w mal. Epoutan, yo pa Juif vre. Se yon sinagòg Satan yo ye.

- 10** Pa pè anyen nan sa w pral soufri yo. Gade! Djab la pral voye kèk nan nou nan prizon. Konsa, se va yon eprèv pou nou. Nou va sibi dis jou tribilasyon. Rete fidèl, menm si w dwe mouri. Epi, m ap ba ou kouwòn lavi a.
- 11** Moun ki gen zòrèy pou tande, tande sa Lespri a ap di legliz yo. Moun ki gen laviktwa, yo p ap janm sibi dezyèm lanmò a.
- 12** Kounye a, ekri zanj leglizki nan Pègam nan konsa: Sila ki gen epe de bò byen file a, men sa l di:
- 13** Mwen konnen travay w ap fè yo, mwen konnen ki kote ou rete. Se la twòn Satan ye. E ou kenbe non mwen. Ou pa t nye lafwa ou genyen nan mwen an, menm nan jou Antipas yo. Temwen fidèl mwen sa a, yo te tiye l nan mitan nou, kote Satan abite.
- 14** Men, mwen gen kèk bagay kont ou, sèke ou genyen moun kote w la k ap obsève ansèyman Balaam nan. Li te anseye Balak kòman pou l mete yon pyè d achopman devan desandan Izrayèl yo, pou fè yo manje bagay yo sakrifye bay zidòl epi pou fè yo tonbe nan imoralite.
- 15** Menm jan an tou, ou menm tou, ou genyen moun k ap obsève ansèyman Nikolayis yo nan menm fason an.
- 16** Donk, repanti! Osinon, m ap vini talè konsa. Epi, m ap fè lagè kont yo avèk epe ki nan bouch mwen an.
- 17** Moun ki gen zòrèy pou tande, tande sa Lespri a ap di legliz yo. Moun ki gen laviktwa, m ap ba yo lamàn ki cache a. Epi, m ap ba yo yon galèt blanch ansanm ak yon nouvo non ki ekri sou galèt la, yon non pèsonn pa konnen, esepite moun ki resevwa l la.
- 18** Kounye a, ekri zanj legliz ki nan Tiyati a konsa: Pitit Bondye a, sila ki genyen je l ki tankou flanm dife a, sila ki genyen pye l ki sanble ak bwonz lan, men sa l di:
- 19** Mwen konnen travay w ap fè yo, lamou ak lafwa ou genyen, sèvis w ap rann epi andirans ou genyen. Mwen konnen dènye travay ou fè yo pi plis pase premye yo.
- 20** Men, mwen gen kichòy kont ou, sèke dam Jezabèl sa a ki rele tèt li pwofetès la, ou kite l ap ni anseye sèvitè m, ni twonpe yo pou yo tonbe nan imoralite epi pou yo manje bagay yo sakrifye bay zidòl.
- 21** Mwen ba l tan pou l repanti, men, li pa vle repanti anba imoralite l la.
- 22** Gade! M ap lage l sou yon kabann maladi. Epi, si moun k ap fè adiltè avè l yo pa repanti anba travay li yo, m ap lage yo nan yon gwo tribilasyon.
- 23** Pou pitit li yo menm, m ap tiye yo frèt. Konsa, tout legliz yo va konnen mwen se sila a ki egzamine ren moun ak kè moun. E m ap bay chak moun sa travay yo merite.

²⁴ Men, nou menm lòt yo ki nan legliz Tiyaati a, nou tout ki pa kenbe ansèyman lan, nou menm, kòmkidire, ki pa konnen bagay ki nan pwofondè kè Satan yo, m ap di nou yon bagay: Mwen p ap lage okenn lòt fado sou nou.

²⁵ Sèlman, sa nou genyen an, kenbe l jiskaske mwen vini.

²⁶ Epi, moun ki gen laviktwà epi ki kenbe travay mwen fè a jiska lafen, m ap ba yo pouvwa sou nasyon yo.

²⁷ Epi, l ap gouvène yo ak yon baton an fè, Tankou lè yo kase yon veso ann ajil.

²⁸ Mwen te resevwa menm otorite sa a nan men Papa m tou. Konsa tou, m ap bay moun sa a etwal di maten an.

²⁹ Moun ki gen zòrèy pou tande, tande sa Lespri a ap di legliz yo.

Revelasyon 3

¹ Kounye a, ekri zanj legliz ki nan Sad la konsa: Sila a ki genyen sèt Lespri Bondye yo ak sèt zetwal yo, men sa l di: Mwen konnen travay w ap fè yo, sèke ou pote non vivan, alòske w mouri.

² Veye! Fòtifye rès ki prèt pou mouri yo! Paske, travay w ap fè yo, mwen pa jwenn yo total devan Bondye m nan.

³ Donk, sonje kòman ou te resevwa sa w genyen an epi kòman ou te tande l. Kenbe l, epi repanti. Donk, si ou p ap veye, m ap vini tankou yon vòlè: Ou p ap konnen kilè m ap vin sou ou.

⁴ Men, ou genyen kèk non moun nan Sad ki pa t sal rad yo. Y ap mache ansanm avè m ak rad blan, paske yo merite sa.

⁵ Moun ki gen laviktwà, y ap mete rad blan sou yo. Mwen p ap janm efase non yo nan Liv Lavi a. M ap deklare non yo devan Papa m ak devan zanj li yo.

⁶ Moun ki gen zòrèy pou tande, tande sa Lespri a ap di legliz yo.

⁷ Kounye a, ekri zanj legliz ki nan Filadèlfi a konsa: Sila ki sen an; sila ki vrè a; sila ki gen kle David la; sila lè l ouvri, pèsonn pa ka fèmen, e lè l fèmen, pèsonn pa ka ouvri a; men sa l di:

⁸ Mwen konnen travay w ap fè yo. Gade! M ap ba ou yon pòt tou louvri devan w, yon pòt pèsonn pa kapab fèmen. M ap fè sa, paske pisans ou genyen an piti, epi ou kenbe pawòl mwen an, epi ou pa t nye non mwen.

⁹ Gade! M ap ba ou kèk moun nan sinagòg Satan an ki rele tèt yo Juif, alòske yo pa Juif vre, se manti y ap bay. Gade! M ap fè dekwa pou yo vini, pou yo koube devan pye w, pou yo ka konnen, mwen te renmen w.

10 Poutèt ou kenbe pawòl la pou w andire pou mwen, mwen menm tou, m ap kenbe w lwen moman eprèw ki pral vini sou lemonn antye a, eprèw k ap teste moun ki abite sou latè yo.

11 M ap vini talè konsa. Kenbe sa w genyen an fèm, dekwa pou pèsonn pa pran kouwòn ou an.

12 Moun ki gen laviktwa, m ap fè yo tounen poto nan tanp Bondye m nan, epi yo p ap janm soti ankò. Epi, ni non Bondye m nan, ni non vil Bondye m nan, ki se nouvo Jerizalèm k ap desann sot nan syèl la kote Bondye m nan, ni nouvo non m nan, m ap ekri yo tout sou yo.

13 Moun ki gen zòrèy pou tande, tande sa Lespri a ap di legliz yo.

14 Kounye a, ekri zanj legliz ki nan Lawodise a konsa: Sila ki se Amèn nan; sila ki se temwen ki fidèl epi ki vrè a; sila ki se chèf kreyasyon Bondye a, men sa l di:

15 Mwen konnen travay w ap fè yo, mwen konnen ou pa ni frèt ni cho. Mwen ta renmen swa w frèt, swa w cho.

16 Ebyen, kòm se tyèd ou tyèd, ou pa ni frèt ni cho, m apral vomi w sot nan bouch mwen.

17 W ap di: «Mwen rich. Mwen fè tèt mwen rich. Mwen pa gen okenn nesesite.» Ou pa menm konnen ou nan mizè, ou merite pitye, ou pòv, ou avèg, ou toutouni.

18 Poutèt sa, m ap ba ou yon konsèy: Achte lò nan men m, lò yo teste nan dife, dekwa pou w ka rich. Achte rad blan nan men m pou w abiye, epi wont ou an, toutouni w lan ap disparèt. Achte pomad je nan men m pou w fwote je w, dekwa pou w ka wè.

19 Mwen menm, mwen reprimande tout moun mwen renmen, mwen korije yo. Donk, se pou w devwe! Se pou w repanti!

20 Gade! Mwen kanpe devan pòt la, m ap frape. Si yon moun ta tande vwa m epi li ta ouvè pòt la, m ap antre kote l, m ap manje avè l, l ap manje avè m.

21 Moun ki gen laviktwa, m ap ba yo dwa chita avè m sou twòn mwen an, menm jan, mwen menm, lè m te gen laviktwa a, mwen te chita avèk Papa m sou twòn li an.

22 Moun ki gen zòrèy pou tande, tande sa Lespri a ap di legliz yo.

Revelasyon 4

1 Apre bagay sa yo, mwen gade, epi twouve te genyen yon pòt tou louvri nan syèl la. Epi, menm premye vwa, mwen te tande tankou yon kout twonpèt lè li t ap pale avè m nan, se li menm ankò ki di: «Monte isit la, epi m ap montre w sa k dwe rive apre bagay sa yo.»

- ² Menm lè a, mwen vin tonbe nan Lespri. Epi, twouve se yon twòn ki kanpe nan syèl la. Epi, te genyen yon moun ki chita sou twòn nan.
- ³ Moun ki te chita sou twòn nan te sanble ak wòch jas ak wòch sadwàn. Yon lakansyèl te toutotou twòn nan. Sou aparans moun nan, se tankou se te emwòd.
- ⁴ Toutotou twòn nan, te genyen vennkat twòn. Epi, vennkat ansyen te chita sou twòn sa yo. Yo te abiye ak rad blan, avèk kouwòn ann ò sou tèt yo.
- ⁵ Epi, zèklè, vwa, ak kout loraj t ap soti nan twòn nan. Sèt lanp plen dife t ap boule devan twòn nan. Se yo ki sèt Lespri Bondye yo.
- ⁶ Devan twòn nan te tankou yon lanmè an vit, ki sanble ak kristal. Epi, nan mitan twòn nan ak toutotou twòn nan, te genyen kat kreyati vivan ki plen ak je, ni devan ni dèyè.
- ⁷ Premye kreyati vivan an te sanble ak yon lyon. Dezyèm kreyati vivan an te sanble ak yon towò bèf. Twazyèm kreyati vivan an te genyen yon figi tankou figi moun. Epi, katriyèm kreyati vivan an te sanble ak yon èg k ap vole.
- ⁸ Tou le kat kreyati vivan yo te gen zèl, sis pou yo chak. Yo te plen ak je, ni toutotou ni andedan. Epi, yo pa janm poze, ni lajounen ni lannuit. Yo t ap di: Sen! Sen! Sen! Se konsa Senyè Bondye Toupisan an ye! Li te la, li la kounye a, epi l ap vini.
- ⁹ Epi, sila ki chita sou twòn nan, sila ki vivan pou letan e pou letènite a, lè kreyati vivan yo ap ba li glwa, onè, ak remèsiman,
- ¹⁰ vennkat ansyen yo va koube devan sila ki chita sou twòn nan, yo va adore sila ki vivan pou letan e pou letènite a, epi yo va lage kouwòn yo devan twòn nan.
- ¹¹ Yo va di: Senyè nou an, Bondye nou an, Ou merite resevwa glwa, onè, pisans. Paske, se ou ki kreye tout bagay. E, se grasa volonte w ki fè yo la, ki fè ou te kreye yo.

Revelasyon 5

- ¹ Apre sa, mwen wè yon liv nan men dwat sila ki te chita sou twòn nan. Liv la te ekri ni sou andedan l, ni sou deyò l. Epi, te gen sèt sele poze sou li.
- ² Epi, mwen wè yon zanj ki te gen anpil fòs. Li anonse yon bagay ak yon vwa byen fò. Li di: Kilès ki merite pou l ta ouvri liv la epi pou l ta kase sele ki sou li yo?
- ³ Men, ni nan syèl la, ni sou latè, ni anba latè, pa t gen pèsonn ki te kapab ni ouvri liv la, ni gade l.
- ⁴ Alò, mwen t ap kriye anpil dèske yo pa t jwenn pèsonn ki te merite pou l ta ni ouvri liv la, ni gade l.

⁵ Epi, youn nan ansyen yo di mwen: Pa kriye. Gade! Sila ki se lyon ki sot nan tribi Jida a, sila ki se rasin David la, li te gen laviktwà ki fè l gen dwa pou li ouvri liv la epi pou li kase sèt sele ki sou li yo.

⁶ Epi, nan mitan twòn nan ak kat kreyati vivan yo, nan mitan vennkat ansyen yo, mwen wè yon Ti Mouton kanpe, kòm si yo te deja tiye l. Li te gen sèt kòn ak sèt je, ki se sèt Lespri Bondye voye toupatou sou latè yo.

⁷ Li vini. Li pran liv la nan men dwat sila ki chita sou twòn nan.

⁸ Lè Ti Mouton an resevwa liv la, kat kreyati vivan yo ak vennkat ansyen yo koube devan li. Yo chak te genyen yon hap ak bòl plen pafen nan men yo. Pafen yo se priyè sen yo.

⁹ Yo t ap chante yon nouvo chante. Yo t ap di: Ou merite pou w resevwa liv la Epi pou w kase sele yo. Paske, yo te tiye w, Epi ou te achte nou pou Bondye ak san ou, Nou menm ki sot nan tout tribi, tout lang, tout pèp, tout nasyon.

¹⁰ Epi ankò, ou te fè nou vin wa ak sakrifikatè pou Bondye nou an. E nou va domine sou latè.

¹¹ Mwen gade toujou, epi mwen tande vwa anpil zanj. Yo te toutotou twòn nan, kreyati vivan yo ak ansyen yo. Yo te yon kantite ki ta milyon fwa milyon, mil fwa mil.

¹² Yo t ap di ak yon vwa byen fò: Ti Mouton yo te tiye a Merite pou l resevwa pisans, richès, sajès, fòs, onè, glwa, ak lwanj.

¹³ Epi, mwen tande tout kreyati ki nan syèl, sou latè, anba latè ak sou lanmè, ansanm ak tout sa ki ladan yo ap di: Lwanj, onè, glwa, fòs Pou sila ki chita sou twòn nan Epi pou Ti Mouton an, Pou letan e pou letènite. Amèn!

¹⁴ Epi, kat kreyati vivan yo di: «Amèn!» Epi, yo koube, yo adore.

Revelasyon 6

¹ Mwen gade, epi, lè Ti Mouton an kase youn nan sèt sele yo, mwen tande youn nan kat kreyati vivan yo di ak yon vwa tankou yon kout loraj: «Vin wè!»

² Mwen gade, epi, twouve se yon chwal blan ki parèt. Moun ki te monte l la te genyen yon banza nan men l. Yo ba li yon kouwòn. Epi, li soti tankou yon moun ki gen laviktwà epi ki soti pou l gen laviktwà.

³ Epi, lè Ti Mouton an kase dezyèm sele a, mwen tande dezyèm kreyati vivan an di: «Vin wè!»

⁴ Epi, yon lòt chwal soti. Li te wouj. Yo bay moun ki te monte l la dwa wete lapè sou latè, dekwa pou moun yo ka tiye youn lòt. Epi, yo ba li yon gwo epe.

⁵ Epi, lè Ti Mouton an kase twazyèm sele a, mwen tande twazyèm kreyati vivan an di: «Vin wè!» Mwen gade, epi, twouve se yon chwal nwa ki parèt! Moun ki te monte l la te genyen yon balans nan men l.

⁶ Epi, mwen tande yon vwa nan mitan kat kreyati vivan yo ki di: Yon mezi ble pou yon denye! Twa mezi lòj pou yon denye. Men, pa fè ni luil, ni diven anyen mal.

⁷ Epi, lè Ti Mouton an kase katriyèm sele a, mwen tande katriyèm kreyati vivan an di: «Vin wè!»

⁸ Mwen gade, epi, twouve se te yon chwal yon koulè vèt pal ki parèt. Non moun ki te monte l la se te «Lanmò». Epi, peyi-mò t ap suiv li dèyè. Yo ba li pouvwa sou yon ka latè pou l tiye lèzòm ak epe, ak grangou, ak lanmò, epi anba bèt sovaj ki sou latè.

⁹ Epi, lè Ti Mouton an kase senkyèm sele a, mwen gade sou lotèl la, mwen wè nanm moun yo te tiye akòz pawòl Bondye a epi akòz temwayaj yo te genyen an.

¹⁰ Epi, yo t ap rele ak yon vwa byen fò, yo t ap di: Mèt Souvren, ou menm ki sen epi ki vrè, pou jis kilè w ap rete san w pa jije, san w pa tire vanjans, sou moun ki abite sou latè yo, poutèt san nou ki te koule a?

¹¹ Epi, yo bay yo chak yon wòb blanch. Epi, yo di yo pou yo rete poze yon ti moman jiskaske kantite pou yo ye a vin okonplè avèk sèvitè parèy yo epi avèk frè yo, moun yo pral tiye menm jan avèk yo.

¹² Mwen gade, epi, lè Ti Mouton an kase sizyèm sele a, vin genyen yon gwo tranblemanntè. Solèy la vin tou nwa tankou yon sak plim bèt. Lalin nan ann antye vin tankou san.

¹³ Zetwal nan syèl yo sot tonbe sou latè, tankou lè yon gwo van souke yon pye figfrans epi fig li yo sot tonbe tou wòwòt.

¹⁴ Syèl la pati tankou yon liv y ap woule. Epi, tout mòn, tout zile deplase soti nan plas yo.

¹⁵ Epi, wa ki sou latè, potanta yo, chèf militè yo, moun rich yo, otorite yo, tout esklav ak tout moun lib yo, yo tout al cache nan gwòt, nan wòch sou mòn.

¹⁶ Yo di mòn yo ak wòch yo: Tonbe sou nou. Sere nou lwen figi sila ki chita sou twòn nan epi lwen kòlè Ti Mouton an.

¹⁷ Paske, gran jou kòlè li a rive, kilès ki kapab kanpe devan l?

Revelasyon 7

¹ Apre sa, mwen wè kat zanj kanpe nan kat kwen latè. Yo te kenbe kat van latè yo, dekwa pou van pa t souffle ni sou latè, ni sou lanmè, ni sou okenn pyebwa.

- ² Epi, mwen wè yon lòt zanj k ap monte kote solèy leve a. Li te genyen so Bondye vivan an nan men l. Epi, li rele ak yon vwa byen fò, li di kat zanj, yo te bay pouvwa fè latè ak lanmè a mal yo:
- ³ Pa fè ni latè, ni lanmè a, ni pyebwa yo anyen mal, pou jiskaske nou fin poze so sou fwon sèvitè Bondye nou yo.
- ⁴ Epi, mwen tande sou ki kantite moun yo te poze so a: Se te sou sankarannkat mil (144.000) moun, pami tout tribi pitit Izrayèl yo.
- ⁵ Nan tribi Jida, se te sou douz mil moun yo te poze so a. Nan tribi Riben, se te sou douz mil; Nan tribi Gad, se te sou douz mil;
- ⁶ Nan tribi Asè, se te sou douz mil; Nan tribi Neftali, se te sou douz mil; Nan tribi Manase, se te sou douz mil;
- ⁷ Nan tribi Simeyon, se te sou douz mil; Nan tribi Levi, se te sou douz mil; Nan tribi Isaka, se te sou douz mil;
- ⁸ Nan tribi Zablon, se te sou douz mil; Nan tribi Jozèf, se te sou douz mil; Nan tribi Benjamen, se te sou douz mil moun yo te poze so a.
- ⁹ Apre bagay sa yo, mwen gade, epi twouve te genyen yon gwo foul moun pèsoun pa kapab konte. Se te moun ki sot nan tout nasyon, tout tribi, tout pèp, ak tout lang. Yo te kanpe devan twòn nan ak devan Ti Mouton an. Yo te abiye ak wòb blanch. Epi, yo te gen fèy palmis nan men yo.
- ¹⁰ Yo t ap rele ak yon vwa byen fò, yo t ap di: Se pou Bondye nou an ki chita sou twòn nan Epi pou Ti Mouton an, delivrans ye!
- ¹¹ Epi, tout zanj yo kanpe toutotou ni twòn nan, ni ansyen yo ak kat kreyati vivan yo. Epi, yo koube fas atè devan twòn nan, yo adore Bondye,
- ¹² yo di: Amèn! Lwanj, glwa, sajès, remèsiman, Onè, pisans, ak fòs, Pou Bondye nou an pou letan e pou letènite. Amèn!
- ¹³ Youn nan ansyen yo pran lapawòl, li di mwen: Moun ki abiye ak wòb blanch yo, kilès yo ye? Epi, kote yo soti?
- ¹⁴ Mwen di li: Senyè mwen, ou byen konnen! Epi, li di mwen: Se yo ki soti nan gwo tribilasyon an, ki lave wòb yo epi ki blanchi yo nan san Ti Mouton an.
- ¹⁵ Se poutèt sa, yo devan twòn Bondye a epi y ap fè sèvis pou li nan tanp li a, lajounen kou lannuit. Sila ki chita sou twòn nan ap kouvri yo anba tabènak li a.
- ¹⁶ Yo p ap janm grangou ankò. Nonplis tou, yo p ap janm swaf ankò. Solèy p ap janm frape yo nonplis. Yo p ap nan okenn chalè nonplis.
- ¹⁷ Paske, Ti Mouton ki nan mitan twòn nan ap pran swen yo. L ap mennen yo kote sous dlo lavi yo ye. Epi, Bondye ap siye tout dlo nan je yo.

Revelasyon 8

- ¹ Lè Ti Mouton an ouvri setyèm sele a, vin gen yon silans nan syèl la pandan yon demi è konsa.
- ² Epi, mwen wè sèt zanj ki te kanpe devan Bondye yo. Yo ba yo sèt twonpèt.
- ³ Epi, yon lòt zanj vini. Li kanpe bò lotèl la avèk yon lansanswa ann ò nan men l. Yo ba li anpil pafen pou li te ka ofri l ansanm ak priyè tout sen yo sou lotèl ann ò ki devan twòn nan.
- ⁴ Epi, lafimen pafen an soti nan men zanj lan, li monte devan Bondye ansanm ak priyè sen yo.
- ⁵ Epi, zanj lan pran lansanswa a, li plen l ak dife ki te sou lotèl la, epi li vide l sou latè. Konsa, vin genyen kout loraj, vwa, zèklè, ak tranblemanntè.
- ⁶ Epi, sèt zanj ki te genyen sèt twonpèt yo pare kò yo pou yo sonnen.
- ⁷ Premye zanj lan sonnen twonpèt li a. Konsa, vin genyen lagrèl ak dife melanje ak san. Yo voye yo sou latè. Epi, yon tyè latè boule, yon tyè pyebwa boule, epi tout zèb vèt boule.
- ⁸ Apre sa, dezyèm zanj lan sonnen twonpèt li a. Epi, se tankou se te yon gwo mòn kouvri ak flanm dife, yo jete nan lanmè a. Yon tyè nan lanmè a vin tounen san.
- ⁹ Yon tyè nan Kreyati nan lanmè ki genyen lavi yo mouri. Epi, yon tyè nan bato yo peri.
- ¹⁰ Apre sa, twazyèm zanj lan sonnen twonpèt li a. Epi, yon gwo zetwal ki kouvri ak flanm tankou lanp sot tonbe nan syèl la. Li tonbe sou yon tyè nan rivyè yo ak sou sous dlo yo.
- ¹¹ Non zetwal la se te Anmè. Epi, yon tyè nan dlo yo vin anmè. Anpil moun mouri ak dlo yo, paske dlo yo te vin anmè.
- ¹² Apre sa, katriyèm zanj lan sonnen twonpèt li a. Epi, yon kalamite frappe yon tyè nan solèy la, yon tyè nan lalin nan, ak yon tyè nan zetwal yo, dekwa pou yon tyè nan yo vin nwasi, pou lajounen pèdi yon tyè nan limyè yo, epi pou menm bagay la rive ak lannuit.
- ¹³ Mwen gade, epi mwen tande yon èg ap vole nan mitan syèl la. Li di ak yon vwa byen fò: Malè, malè, malè pou moun ki abite sou latè yo, akòz kout twonpèt twa lòt zanj yo pral sonnen yo.

Revelasyon 9

- ¹ Apre sa, senkyèm zanj lan sonnen twonpèt li a. Epi, mwen wè yon zetwal ki sot nan syèl la, li tonbe sou latè. Epi, yo ba li kle twou labim nan.

- ² Li ouvè twou labim nan. Epi, yon lafimen tankou lafimen yon gwo founèz dife monte sot nan twou a. Ni solèy la ni lè a vin tou nwa ak lafimen ki sot nan twou a.
- ³ Epi, yon bann krikèt soti nan lafimen an vin sou latè. Yo ba yo pouvwa tankou pouvwa eskòpyon genyen sou latè.
- ⁴ Yo di yo pou yo pa fè ni zèb ki sou latè, ni okenn plant, ni okenn pyebwa anyen mal. Se sèlman moun ki pa gen so Bondye a sou fwon yo, pou yo fè mal.
- ⁵ Yo pa ba yo dwa pou yo tiye moun yo, men, pou yo toumante yo pandan senk mwa. Touman yo lakòz la, se tankou touman yon moun, eskòpyon pike.
- ⁶ Nan jou sa yo, lèzòm ap chèche lanmò, men, yo p ap jwenn li ditou. Y ap anvi mouri, men, lanmò ap kouri lwen yo.
- ⁷ Sou aparans krikèt yo, yo sanble ak chwal ki pare pou fè lagè. Se tankou se te kouwòn ann ò ki te sou tèt yo. Figi yo te tankou figi moun.
- ⁸ Yo te gen cheve long tankou cheve fi. Epi, dan yo te tankou dan lyon.
- ⁹ Yo te gen kuiras sou lestomak yo, tankou kuiras an fè. Epi, bri zèl yo te tankou bri cha avèk anpil chwal k ap kouri nan lagè.
- ¹⁰ Yo te gen ke ki sanble ak ke eskòpyon epi ki te gen pikan. E, se nan ke yo pouvwa fè lèzòm mal pandan senk mwa a te ye.
- ¹¹ Yo te genyen yon wa alatèt yo: Se zanj labim nan. Ann Ebre, non li se Abadon. An Grèk, non li te genyen se Apolyon.
- ¹² Premye malè a pase. Gade! De lòt malè toujou ap vini apre bagay sa yo!
- ¹³ Apre sa, sizyèm zanj lan sonnen twonpèt li a. Epi, mwen tande yon vwa sot nan mitan kat kòn lotèl ann ò ki devan Bondye a.
- ¹⁴ Li di sizyèm zanj ki te gen twonpèt nan men l lan: Lage kat zanj, yo te mare sou gran rivyè Efrat la.
- ¹⁵ Epi, li lage kat zanj yo ki te pare pou lè, pou jou, pou mwa, epi pou ane a, dekwa pou yo te tiye yon tyè nan lèzòm.
- ¹⁶ Kantite sòlda sou chwal yo te de milyon fwa milyon. Se kantite sa a mwen te tande yo ye.
- ¹⁷ Men kijan mwen wè chwal yo ak moun ki monte sou yo nan vizyon an: Yo te genyen kuiras koulè dife, kuiras mov, ak kuiras jòn sou lestomak yo. Tèt chwal yo te tankou tèt lyon. Epi, dife, lafimen, avèk souf t ap soti nan bouch yo.
- ¹⁸ Twa kalamite sa yo tiye yon tyè nan lèzòm: Dife, lafimen ak souf ki t ap soti nan bouch chwal yo.

¹⁹ Paske, pouvwa chwal yo, se nan bouch yo ak nan ke yo li ye. Vrèmanvre, ke yo sanble ak koulèv. Yo gen tèt. E, se avèk tèt sa yo, yo fè moun mal.

²⁰ Lòt moun, kalamite yo pa t tiye yo, yo pa repanti avèk travay men yo fè. Yo pa sispann adore ni demon ni zidòl ki fèt ann ò, ann ajan, an bwonz, an wòch, oubyen an bwa, zidòl ki pa kapab ni wè, ni tande, ni mache.

²¹ Yo pa repanti avèk ni asasinay, ni maji, ni imoralite, ni vòl yo te konn fè yo.

Revelasyon 10

¹ Epi, mwen wè yon lòt zanj ki gen fòs ap desann sot nan syèl la. Li te abiye ak yon nyaj. Epi, yon lakansyèl te sou tèt li. Figi li te tankou solèy la. Pye li te tankou poto dife.

² Li te genyen yon ti liv tou louvri nan men li. Li poze pye dwat li sou lanmè a, pye goch li sou latè.

³ Epi, li rele ak yon vwa byen fò, tankou yon lyon k ap gwonde. Lè l rele a, sèt loraj yo pale ak vwa pa yo.

⁴ Lè sèt loraj yo pale a, mwen t apral ekri. Men, mwen tande yon vwa ki sot nan syèl la ki di mwen: Poze sele sou pawòl sèt loraj yo pale yo, pa ekri yo!

⁵ Epi, zanj mwen te wè kanpe sou lanmè a ak sou latè a leve men dwat li nan syèl la.

⁶ Li sèmannte sou sila ki vivan pou letan e pou letènite a, sila a ki kreye syèl la ansanm ak sa ki ladan l, epi lanmè a ansanm ak sa ki ladan l, epi tè a ansanm ak sa ki ladan l, li di: Pa rete tan ankò!

⁷ Okontrè, jou vwa setyèm zanj lan pale a, lè li sonnen twonpèt li a, lè sa a, mistè Bondye a ap akonpli, menm jan Bondye te anonse l bay sèvitè l yo, pwofèt yo.

⁸ Epi, vwa mwen te tande ki sot nan syèl la pale avèk mwen ankò. Li di: Al pran ti liv tou louvri a nan men zanj ki kanpe sou lanmè a ak sou latè a.

⁹ M ale kote zanj lan. Mwen di l pou li ban mwen ti liv la. Li di mwen: Pran l. Epi, manje l. L ap fè vant ou anmè. Men, l ap dous tankou siwo nan bouch ou.

¹⁰ Mwen pran ti liv la nan men zanj lan, mwen manje l. Lè l nan bouch mwen, li te dous kon siwo. Men, lè m fin manje l, li fè vant mwen anmè.

¹¹ Epi, yo di mwen: Fòk ou pwofetize ankò sou moun anpil pèp, anpil nasyon, anpil lang, ak anpil wa.

Revelasyon 11

¹ Apre sa, yo ban mwen yon bagèt wozo ki sanble ak yon baton. Yo di mwen: Leve mezire tanp Bondye a, lotèl la ak moun k ap adore nan tanp lan.

- ² Men, lakou ki sou deyò tanp lan, kite l apa, pa mezire l. Paske, yo bay nasyon yo li. Yo va pilonnen vil sent lan pandan karannde mwa.
- ³ Epi, m ap bay de temwen m yo pouvwa pwofetize pandan mil desan swasant (1260) jou. Lè sa a, y ap abiye ak sak.
- ⁴ Se yo menm ki se de pye oliv ak de chandelye ki kanpe devan sila ki se Senyè latè a.
- ⁵ Si yon moun vle fè yo mal, dife soti nan bouch yo pou devore moun ki lènmi yo. Depi yon moun vle fè yo mal, fòk se konsa pou l mouri.
- ⁶ Yo gen pouvwa pou yo fèmen syèl la, dekwa pou lapli pa tonbe pandan jou y ap pwofetize yo. Yo gen pouvwa sou dlo, pou yo fè l tounen san. Yo gen pouvwa frape latè anba tout kalamite, nenpòt lè yo vle.
- ⁷ Lè yo fin akonpli misyon temwayaj yo a, bèt ki te monte sot nan labim nan ap fè lagè avèk yo, l ap gen lavikwa sou yo, epi l ap tiye yo.
- ⁸ Epi, kadav yo ap rete sou plas gran vil la. Nan yon sans esprityèl, li rele Sodòm ak Ejip. Se la menm, yo te krisifye Senyè a.
- ⁹ Pandan twa jou edmi, moun tout pèp, tout tribi, tout lang, ak tout nasyon ap wè kadav yo. Epi, yo p ap kite yo mete kadav yo nan tonm.
- ¹⁰ Moun ki abite sou latè ap kontan poutèt kadav yo. Y ap rejwi. Youn ap voye kado bay lòt. Paske, de pwofèt sa yo te konn toumante moun ki abite sou latè.
- ¹¹ Men, apre twa jou edmi an, yon souf lavi sot kote Bondye, vin antre nan yo. Epi, yo kanpe sou pye yo. Yon gwo laperèz tonbe sou moun ki t ap gade yo.
- ¹² Epi, yo tandè yon vwa byen fò ki sot nan syèl la, ki di yo: «Monte isit la!» Epi, yo monte nan syèl nan yon gwo nyaj. Lènmi yo t ap gade yo.
- ¹³ Nan menm lè sa a, vin gen yon gwo tranblemanntè. Yon dizyèm nan vil la sot tonbe. Sèt mil moun mouri nan tranblemanntè a. Rès moun yo vin pè, yo bay Bondye ki nan syèl la glwa.
- ¹⁴ Dezyèm malè a pase. Gade! Yon twazyèm malè ap vini talè konsa.
- ¹⁵ Apre sa, setyèm zanj lan sonnen twonpèt li a. Epi, vin genyen vwa byen fò nan syèl la ki di: Wayòm ki nan monn nan vin pou Senyè nou an avèk Kris li a. Li va domine pou letan e pou letènite!
- ¹⁶ Epi, vennkat ansyen ki te devan twòn Bondye a epi ki te chita sou twòn pa yo a koube fas atè, yo adore Bondye,
- ¹⁷ yo di: N ap di ou mès, Ou menm ki Senyè Bondye Toupisan an, Ou menm ki la epi ki te la a. Paske, ou resevwa gran pisans lan, Epi, ou etabli wayòm ou.

¹⁸ Nasyon yo te fè kòlè, Epi, kòlè pa w vini; Epi, tan an rive pou w jije mò yo; Tan an rive pou w lonje rekonpans bay sèvitè w yo, pwofèt yo, Ansanm ak sen yo avèk moun ki gen krentif pou non w yo, Ni piti, ni gran; Tan an rive pou w detui moun ki t ap detui latè yo.

¹⁹ Apre sa, tanp Bondye a ouvri nan syèl la. Epi, lach alyans Senyè a parèt nan tanp li a. Epi, vin genyen zèklè, anpil vwa, loraj, tranblemanntè, ak gwo lagrèl.

Revelasyon 12

¹ Apre sa, yon gwo siy parèt nan syèl la: Se te yon dam ki abiye ak solèy la. Lalin nan te anba pye li. Epi, yon kouwòn douz zetwal te sou tèt li.

² Li te ansent. Li t ap rele anba tranche ak doulè pou l akouche.

³ Apre sa, yon lòt siy parèt nan syèl la. Twouve se te yon gwo dragon wouj. Li te genyen sèt tèt ak dis kòn. Epi, sèt kouwòn te sou tèt li yo.

⁴ Epi, li trennen yon tyè nan zetwal nan syèl yo avèk ke l, li jete yo sou latè. Epi, dragon an kanpe devan dam ki t apal akouche a, dekwa pou lè dam nan akouche, pou li menm, li devore pitit li a.

⁵ Epi, dam nan akouche, li fè yon pitit gason. Se li ki t apal gouvène tout nasyon yo avèk yon baton an fè. Men, yo transpòte pitit li a al kote Bondye ak kote twòn li a.

⁶ Epi, dam nan sove al nan dezè a, kote li te genyen yon plas, Bondye te prepare pou li, dekwa pou yo te ka ba l manje pandan mil desan swasant (1260) jou.

⁷ Epi, vin genyen yon lagè nan syèl la. Michèl ak zanj li yo fè lagè avèk dragon an ak zanj li yo.

⁸ Dragon an pa t gen ase fòs. Nonplis tou, pa t gen plas pou li nan syèl la ankò.

⁹ Konsa, yo pimpe l deyò. Se li ki gwo dragon an, ansyen sèpan an, sila yo rele djab ak Satan an, sila a ki t ap twonpe tout moun ki abite sou latè yo. Yo pimpe l sou latè. Epi, yo pimpe zanj li yo ansanm avèk li.

¹⁰ Epi, mwen tandè yon vwa byen fò nan syèl la ki di: Kounye a, delivrans, pisans, ak wayòm Bondye nou an Ansanm ak pouvwa Kris la, yo tout rive vre. Paske, akizatè frè nou yo, Sila ki te konn akize yo devan Bondye, Lajounen kon lannuit la, yo pimpe l deyò.

¹¹ Yo gen laviktwa grasa san Ti Mouton an, Epi grasa pawòl temwayaj yo a. Epitou, yo pa t renmen lavi yo, pa menm devan lanmò.

12 Poutèt sa, ou menm syèl, Nou menm ki abite nan syèl la, se pou nou rejwi! Men, malè pou tè a ak lanmè a! Paske, djab la desann sou nou. Li an kòlè anpil, Paske I konnen se yon ti kras tan li rete.

13 Epi, lè dragon an wè yo pimpe I sou latè, li pèsekite dam ki te akouche pitit gason an.

14 Men, yo bay dam nan de gwo zèl èg, dekwa pou I te ka vole al nan dezè a nan plas li a, kote yo ba I manje pandan yon tan, plizyè tan, epi mwatye yon tan an. La, li lwen figi sèpan an.

15 Epi, yon dlo tankou yon rivyè sot nan bouch dragon an. Li voye dlo a dèyè dam nan, dekwa pou I te fè rivyè dlo a charye dam nan.

16 Men, tè a sove dam nan. Li ouvè bouch pa I, li vale dlo dragon an te voye sot nan bouch li a.

17 Apre sa, dragon an fè kòlè sou dam nan. Epi, I al fè lagè avèk lòt desandan dam yo, moun sa yo ki kenbe kòmanman Bondye yo epi ki genyen temwayaj Jezi a.

18 Apre sa, mwen kanpe sou sab bò lanmè a.

Revelasyon 13

1 Epi, mwen wè yon bèt monte sot nan lanmè a. Li te genyen dis kòn ak sèt tèt. Te genyen dis kouwòn sou kòn yo. Epi, te genyen anpil non ki denigre Bondye ki te sou tèt li yo.

2 Bèt mwen te wè a te sanble ak yon leyopa. Pye li te tankou pye lou. Bouch li te tankou bouch lyon. Epi, dragon an ba li pisans li a, twòn li a, epi gwo pouvwa.

3 Apre sa, mwen wè youn nan tèt li yo tankou se blese li blese grav. Men, blese grav li a geri. Tout moun sou latè t ap admire sa. Yo pran suiv bèt la.

4 Yo adore dragon ki te bay bèt la pouvwa a. Yo adore bèt la. Yo di: Kilès ki sanble ak bèt la? Kilès ki kapab fè lagè avèk li?

5 Apre sa, bèt la resevwa yon bouch k ap pale gwo bagay epi k ap denigre Bondye. Li resevwa pouvwa pou I aji pandan karannde mwa.

6 Epi, bèt la ouvè bouch li pou I denigre Bondye. Li denigre ni non Bondye ni tant li a, sa vle di moun ki abite nan syèl la.

7 Epi, li resevwa pouvwa pou I fè lagè avèk sen yo epi pou I gen laviktwas sou yo. Epi, li resevwa otorite sou moun tout tribi, tout pèp, tout lang, ak tout nasyon.

8 Tout moun ki abite sou latè adore bèt la. Moun sa yo, non yo pa ekri nan Liv Lavi ki devan Ti Mouton, yo te tiye depi Bondye te kreye lemonn nan.

- ⁹ Si yon moun gen zòrèy pou I tande, se pou I tande!
- ¹⁰ Si yon moun gen pou I prizonye, I ap vin prizonye. Si yon moun dwe mouri anba epe, fòk li mouri anba epe. Se la andirans ak lafwa sen yo ye!
- ¹¹ Apre sa, mwen wè yon lòt bèt monte sot sou latè. Li te genyen de kòn ki sanble ak kòn yon ti mouton. Li t ap pale tankou dragon.
- ¹² Li aji avèk tout pouvwa premye bèt la devan li. Li t ap fè dekwa pou latè ak tout moun ki abite sou li, adore premye bèt la, sa ki te geri anba blese grav li a.
- ¹³ Epi, li fè gwo mirak-siy. Li fè menm dife soti nan syèl la, desann sou latè, devan lèzòm.
- ¹⁴ Grasa mirak-siy, yo te ba I pouvwa fè devan bèt la, li rive twonpe mezi moun ki abite sou latè. Li di moun ki abite sou latè yo pou yo fè yon estatè bèt ki te blese ak epe a epi ki te viv la.
- ¹⁵ Epi, yo ba li pouvwa bay estatè bèt la souf, dekwa pou estatè bèt la ka pale epi pou I ka tiye tout moun ki pa adore estatè bèt la.
- ¹⁶ Epi, li fè dekwa pou li tanpe mak bèt la sou men dwat tout moun oubyen sou fwon yo, kit yo piti kit yo gran, kit yo rich kit yo pòv, kit yo lib kit yo esklav.
- ¹⁷ Epitou, li fè dekwa pou pèsonn pa ka ni achte ni vann, si yo pa gen mak bèt la, sa vle di, non bèt la oubyen nimewo non li.
- ¹⁸ Se sa ki sajès la! Si yon moun gen lespri, se pou I kalkile nimewo bèt la, paske se yon nimewo moun li ye. Nimewo li a se 666.

Revelasyon 14

- ¹ Apre sa, mwen gade. Epi, twouve se Ti Mouton an ki kanpe sou Mòn Siyon. San karannkat mil (144,000) moun te avèk li. Yo te genyen ni non pa li, ni non Papa li ekri sou fwon yo.
- ² Epi, mwen tande yon vwa nan syèl la, tankou bri gwo dlo, tankou bri gwo kout loraj. Bri mwen te tande a te tankou jwè hap k ap jwe hap yo.
- ³ Yo t ap chante yon nouvo chante devan twòn nan, devan kat kreyati vivan yo, ak devan ansyen yo. Pèsonn pa t kapab aprann chante a, esepite san karannkat mil moun, yo te rachte sot sou latè yo.
- ⁴ Yo se moun ki pa t sal tèt yo avèk fi, paske yo vyèj. Yo se moun ki suiv Ti Mouton an tout kote I prale. Yo se moun, yo te rachte pami lèzòm tankou yon premye rekòt pou Bondye ak pou Ti Mouton an.
- ⁵ Yo pa janm jwenn yon manti sot nan bouch yo, paske yo san defo.

⁶ Apre sa, mwen wè yon zanj k ap vole nan mitan syèl la. Li te genyen yon levanjil etènèl nan men l, pou l anonse l bay moun ki abite sou latè yo, moun tout nasyon, tout tribi, tout lang, ak tout pèp.

⁷ Li di ak yon vwa byen fò: Se pou nou gen krentif pou Bondye! Se pou nou ba li glwa! Paske, lè jijman l lan rive. Se pou nou adore li. Se li ki fè syèl la, tè a, lanmè a, ak sous dlo yo.

⁸ Epi, yon lòt zanj, sa vle di yon dezyèm, suiv li. Li di: Li tonbe! Li tonbe! Babilòn, gwo vil la, tonbe! Li te fè tout nasyon yo bwè diven ki se raj imoralite l la.

⁹ Epi, yon lòt zanj, sa vle di yon twazyèm, suiv de lòt yo. Li di ak yon vwa byen fò: Si yon moun adore bèt la ak estati l la, si li resevwa mak la sou fwon li oubyen sou men li,

¹⁰ ebyen, moun sa a ap bwè diven ki se raj Bondye a, diven yo vide san dekoupe nan gode kòlè Bondye a. Epi, moun sa a ap sibi touman nan dife ak nan souf, devan zanj ki sen yo ak devan Ti Mouton an.

¹¹ Moun ki adore bèt la ak estati li a, epi nenpòt moun ki resevwa mak non l lan, lafimen ki sot nan touman yo a ap monte pou letan e pou letènite. Yo p ap janm poze, ni lajounen ni lannuit.

¹² Se sa ki andirans sen yo! Se moun k ap kenbe kòmanman Bondye yo ak lafwa nan Jezi a.

¹³ Apre sa, mwen tande yon vwa ki sot nan syèl la di: Ekri: «Apati jodi a, benediksyon pou mò ki mouri nan Senyè a!» Lespri a di: Se vre! Konsa, y ap sispann trimen. Men, travay yo te fè yo ap suiv yo!

¹⁴ Apre sa, mwen gade. Epi, twouve se te yon nyaj blanch. Epi, yon moun ki sanble ak yon Pitit Lòm te chita sou nyaj la. Li te genyen yon kouwòn ann ò sou tèt li ak yon sèpèt file nan men l.

¹⁵ Apre sa, yon lòt zanj soti nan tanp lan. Li rele ak yon vwa byen fò. Li di sila ki te chita sou nyaj la: Balanse sèpèt ou a pou w rekòlte. Paske, lè rekòt la rive. Epitou, rekòt la mi sou latè.

¹⁶ Epi, sila ki te chita sou nyaj la balanse sèpèt li a sou latè, li rekòlte rekòt latè a.

¹⁷ Apre sa, yon lòt zanj soti nan tanp ki nan syèl la. Li te genyen yon sèpèt file nan men l tou.

¹⁸ Epi, yon lòt zanj soti nan lotèl la. Li te genyen pouvwa sou dife. Li rele byen fò, li di zanj ki te genyen sèpèt file a: Balanse sèpèt file w la, keyi grap rezen latè yo. Paske, rezen l yo mi.

¹⁹ Epi, zanj lan balanse sèpèt li a sou latè, li keyi rezen latè yo, epi, li voye yo nan gwo basen pou kraze rezen an, ki se raj Bondye.

²⁰ Yo kraze sa k nan basen an deyò vil la. Epi, san sot nan basen an, rive jis nan brid ki nan bouch chwal yo, sou distans mil sis san (1,600) estad konsa.

Revelasyon 15

¹ Apre sa, mwen wè yon lòt siy nan syèl la. Se te gwo bagay, se te yon mèvèy! Siy lan se te sèt zanj ki te genyen sèt kalamite nan men yo. Se yo ki dènye kalamite yo, paske se avèk yo menm, raj Bondye fin akonpli.

² Epi, mwen wè tankou se te yon lanmè an vit ki melanje ak dife. Epi, mwen wè moun ki te gen lavikwa sou bèt la, sou estati li a, ak sou nimewo non l lan kanpe sou lanmè an vit la. Yo te genyen hap Bondye yo nan men yo.

³ Yo t ap chante chante Moyiz, sèvitè Bondye a, ak chante Ti Mouton an. Yo t ap di: Senyè Bondye Toupisan, Travay ou fè yo gran! Yo se mèvèy! Ou menm ki Wa sou nasyon yo, Chemen ou yo se verite ak jistis yo ye!

⁴ Senyè, kilès ki pou pa ta gen krentif pou ou? Kilès ki pou pa ta bay non ou glwa? Paske, se ou menm sèl ki sen! E, tout nasyon yo va vini, yo va adore ou. Paske, ou devwale jistis ou.

⁵ Apre bagay sa yo, mwen gade. Epi, twouve se tanp tabènak temwayaj la ki ouvè nan syèl la.

⁶ Epi, sèt zanj soti. Se yo menm ki genyen sèt kalamite yo nan men yo a. Yo te abiye ak yon twal ki pwòp epi ki klere. Epi, senti ann ò te pase sou lestomak yo.

⁷ Apre sa, youn nan kat kreyati vivan yo bay sèt zanj yo sèt bòl ann ò ki te plen ak raj Bondye ki vivan pou letan e pou letènite a.

⁸ Epi, tanp lan vin plen ak lafimen akòz glwa Bondye epi akòz pisans li. E, pèsonn pa t kapab antre nan tanp lan toutotan sèt kalamite sèt zanj yo pa t fin akonpli.

Revelasyon 16

¹ Apre sa, mwen tandè yon vwa byen fò nan tanp lan ki di sèt zanj yo: Al vide sèt bòl raj Bondye yo sou latè.

² Premye zanj lan pati, li vide bòl pa l la sou latè. Epi, move maleng ki fè mal leve sou moun ki te genyen mak bèt la ak sou moun ki te konn adore estati l la.

³ Apre sa, dezyèm zanj lan vide bòl pa l la nan lanmè a. Epi, lanmè a tounen san, yon san tankou san mò. Epi, tout bèt nan lanmè mouri.

⁴ Apre sa, twazyèm zanj lan vide bòl pa l la nan rivyè yo ak nan sous dlo yo. Epi, yo tounen san.

- ⁵ Epi, mwen tande zanj ki se zanj dlo yo di: Ou menm ki la epi ki te la a, Ou menm ki sen, Ou jis dèske ou voye jijman sa yo.
- ⁶ Paske, yo te vide san sen yo ak san pwofèt yo, Epi, ou ba yo san pou yo bwè. Yo merite sa.
- ⁷ Epi, mwen tande lotèl la di: Wi, Senyè Bondye Toupisan, Jijman ou yo se verite ak jistis yo ye!
- ⁸ Apre sa, katriyèm zanj lan vide bòl pa l la sou solèy la. Epi, yo ba li dwa boule lèzòm nan dife.
- ⁹ Epi, yon gwo chalè boule lèzòm. Epi, lèzòm denigre non Bondye, li menm ki gen pouvwa sou kalamite sa yo. Men, yo pa repanti pou yo ba li glwa.
- ¹⁰ Apre sa, senkyèm zanj lan vide bòl pa l la sou twòn bèt la. Epi, wayòm bèt la vin nan fènwa. Lèzòm mòde lang yo anba doulè.
- ¹¹ Yo denigre Bondye nan syèl la akòz doulè yo a epi akòz maleng yo. Men, yo pa repanti avèk travay yo t ap fè yo.
- ¹² Apre sa, sizyèm zanj lan vide bòl pa l la sou gran rivyè a, rivyè Efrat. Epi, dlo nan Efrat yo seche pou prepare chemen pou wa yo k ap soti kot solèy leve a.
- ¹³ Apre sa, mwen wè twa move lespri ki tankou krapo, soti nan bouch dragon an, nan bouch bèt la, ak nan bouch fo pwofèt la.
- ¹⁴ Vrèmanvre, yo se lespri demon k ap fè mirak-siy. Yo soti pou y ale kote tout wa ki sou latè yo pou yo rasanble yo pou batay gran jou Bondye Toupisan an.
- ¹⁵ Gade! M ap vini tankou yon vòlè. Benediksyon pou moun k ap veye epi ki kenbe rad yo, dekwa pou yo pa mache toutouni epi pou yo pa wont pou moun gade yo.
- ¹⁶ Epi, li rasanble yo yon kote ki rele Amagedon ann Ebre.
- ¹⁷ Apre sa, setyèm zanj lan vide bòl pa l la nan lè a. Epi, yon vwa byen fò sot nan twòn ki nan tanp syèl la. Li di: «Se fini!»
- ¹⁸ Epi, vin gen kout zèklè, kout loraj, anpil vwa, ak yon gwo tranblemanntè. Depi lèzòm abite sou latè, pa janm genyen yon gwo tranblemanntè ki gwosè sa.
- ¹⁹ Konsa, gran vil la vin fè twa pati. Vil nasyon yo tonbe. Bondye sonje Gran vil Babilòn pou l ba li gode ki genyen diven raj kòlè Bondye ladan l lan.
- ²⁰ Tout zile disparèt. Moun pa jwenn mòn yo ankò.
- ²¹ Grenn lagrèl, ki ta peze yon talan konsa, sot nan syèl la al tonbe sou lèzòm. Epi, lèzòm denigre Bondye akòz kalamite lagrèl la, paske kalamite sa a te terib anpil.

Revelasyon 17

- 1** Apre sa, youn nan sèt zanj ki te genyen sèt bòl yo nan men yo a vini. Li pale avèk mwen, li di: Vin isit la. M apral montre w kijan y ap jije gwo pwostitiye ki chita sou gwo dlo a.
- 2** Se avèk li, wa sou latè fè imoralite. Moun ki abite sou latè vin sou anba diven imoralite l la.
- 3** Apre sa, li pote m ann espri al nan yon dezè. Epi, mwen wè yon dam ki chita sou yon bèt wouj-fonse ki plen ak non ki pale Bondye mal. Bèt la te genyen sèt tèt ak dis kòn.
- 4** Dam nan te abiye avèk twal wouj-fonse ak twal wouj-vyolèt. Li te kouvri avèk lò, avèk wòch ki gen valè, epi avèk wòch pèl. Li te genyen yon gode nan men li. Gode a te plen ak abominasyon ak salte li fè sou latè nan imoralite l la.
- 5** Epi, te genyen yon non ki ekri sou fwon li. Se te: MISTÈ GRAN VIL BABILÒN MANMAN TOUT JENÈS MANMAN ABOMINASYON KI SOU LATÈ!
- 6** Apre sa, mwen wè dam nan sou ak san sen yo, ak san temwen Jezi yo. Alò, lè m wè li, mwen fè yon gwo sezisman.
- 7** Men, zanj lan di mwen: Poukisa w sezi a? Mwen pral di ou mistè dam nan ak mistè bèt k ap pote l la, bèt ki genyen sèt tèt ak dis kòn nan.
- 8** Bèt ou wè a, li te la, li pa la kounye a, men, li pral monte soti nan labim, epi l apral peri. Lè sa a, moun ki abite sou latè yo, moun non yo pa t ekri nan Liv Lavi a depi Bondye te kreye lemonn nan, moun sa yo ap sezi lè yo wè bèt la, paske li te la, li pa la kounye a, epi l ap reparèt.
- 9** La a, fòk lespri yon moun gen sajès. Sèt tèt yo se sèt mòn. Se sou yo dam nan chita.
- 10** Yo se sèt wa tou. Senk tonbe. Youn la. Lòt la poko vini. Men, lè l vini, fòk se pou yon ti tan li rete.
- 11** Bèt ki te la epi ki pa la kounye a, li menm, li se yon uityèm wa. Se youn nan sèt yo li ye. Epi, l apral peri.
- 12** Dis kòn ou wè yo se dis wa yo ye. Yo poko resevwa wayòm, men, yo resevwa pouvwa wa avèk bèt la pou inè d tan.
- 13** Yo genyen menm lide. Epi, yo bay bèt la pisans yo ak pouvwa yo.
- 14** Yo tout ap fè lagè avèk Ti Mouton an. Men, Ti Mouton an ap gen laviktwasou yo, paske li se Senyè tout senyè, li se Wa tout wa. E, ni moun li te rele yo, ni moun li te chwazi yo, ni moun ki fidèl yo ap gen laviktwasou ansanm avèk li tou.

¹⁵ Apre sa, zanj lan di mwen: Dlo ou wè yo, dlo kote pwostitiye la chita yo, se pèp, se foul, se nasyon, se moun tout lang yo ye.

¹⁶ Epi, ni dis kòn ou wè yo, ni bèt la, yo tout ap rayi pwostitiye la. Y ap dechèpiye l, y ap mete l toutouni, y ap devore chè li, epi y ap kankannen l nan dife.

¹⁷ Paske, Bondye mete nan kè yo pou yo aji dapre lide pa l, pou yo aji dapre menm lide a, epi pou yo fè bèt la wa jiskaske pawòl Bondye yo akonpli.

¹⁸ Dam ou wè a, li menm, li se gran vil la, vil ki wa sou tout wa sou latè a.

Revelasyon 18

¹ Apre bagay sa yo, mwen wè yon lòt zanj desann sot nan syèl la. Li te genyen gwo pouvwa. Glwa li fè l atè klere.

² Li rele avèk yon vwa fò. Li di: Li tonbe! Li tonbe! Gran vil Babilòn tonbe! Li tounen yon bitasyon pou demon, Yon prizon pou tout move lespri, Yon prizon pou tout move zwazo moun degoute.

³ Paske, tout nasyon yo te bwè Nan diven ki se raj imoralite l la. Wa sou latè te nan imoralite avèk li. Komèsan sou latè te vin rich grasa richès li depanse pou byennèt li.

⁴ Apre sa, mwen tande yon lòt vwa nan syèl la ki di: Pèp mwen an, soti nan mitan li Pou nou pa patisipe nan peche li yo Epi pou nou pa resevwa pa nou nan kalamite l yo.

⁵ Paske, li anpile peche rive jis nan syèl la. E, Bondye sonje mechainste li fè yo.

⁶ Ba li, menm jan li te ban nou an. Remèt li de fwa lavalè travay li fè yo. Nan menm gode li a, kote li te fè melanj pa l la, Fè yon melanj doub pou li.

⁷ Menm mezi glwa ak richès li te bay tèt li a, Se menm mezi sa a pou w ba li nan touman ak nan dèy. Paske, sa l t ap di nan kè li, se: «Mwen chita, mwen se rèn, mwen pa vèv, Epi, mwen p ap janm gen pou m an dèy.»

⁸ Poutèt sa, kalamite l yo ap vini sou li yon sèl jou, Sa vle di, lanmò, dèy, ak grangou. Dife ap boule l. Paske, Senyè Bondye k ap jije l la gen fòs.

⁹⁻¹⁰ Lè wa sou latè ki te nan imoralite ak nan banbòch ansanm avèk li yo wè lafimen dife k ap boule l la, y ap kriye, y ap rele pou li, y ap kanpe byen lwen, tank y ap pè touman l ap pase a. Y ap di: Ala yon malè! Ala yon malè pou ou, Gran vil Babilòn, Vil ki gen fòs la! Nan inè d tan, jijman an rive sou ou!

¹¹ Komèsan sou latè kriye, yo an dèy pou li, paske pa gen pèsonn ankò pou achte machandiz yo.

- 12** Machandiz yo te genyen se te lò, ajan, wòch ki gen valè, pèl, twal len, twal pou, twal swa, twal wouj, bwa santi bon, veso ann ivwa, epi tout kalite veso an bwa ki gen valè, veso an bwonz, an fè, epi an mab.
- 13** Yo te genyen kanèl, pafen, lami, lansan, diven, luil, farin, ble, mouton, bèf, chwal, charyo, epi kò moun ak nanm moun.
- 14** «Fwi nanm ou te anvi a, li pati lwen ou. Tout bagay delika ou yo, tout bagay klere ou yo, ou pèdi yo. E, ou p ap janm jwenn yo ankò.»
- 15** Komèsan sa yo ki te vin rich grasa vil la ap kanpe byen lwen, tank y ap pè touman l ap pase yo. Epi, y ap kriye, y ap an dèy.
- 16** Y ap di: Ala yon malè! Ala yon malè pou gran vil la! Li te konn abiye ak twal len, ak twal pou, epi ak twal wouj. Li te konn kouvri avèk lò, avèk wòch ki gen valè, epi avèk pèl.
- 17** Nan inè d tan, tout richès sa a vin yon devas. Epi, tout kapten batiman, tout pasaje, tout maren, epi mezi travayè ki travay sou lanmè, yo tout kanpe byen lwen.
- 18** Epi, lè yo wè lafimen dife k ap boule vil la, yo rele, yo di: Ki vil ki janm sanble ak gran vil la?
- 19** Yo voye pousyè sou tèt yo. Yo rele. Yo kriye. Yo pran dèy. Yo di: Ala yon malè! Ala yon malè pou gran vil la! Se nan li e se grasa richès li yo, tout moun ki gen bato sou lanmè a vin rich. An inè d tan, li vin yon devas.
- 20** Ou menm syèl, se pou w rejwi akòz vil la. Ni nou menm tou, sen yo, apot yo, ak pwofèt yo! Paske, Bondye jije l dapre jijman, nou te vle pou li a.
- 21** Apre sa, yon zanj ki gen fòs pran yon wòch tankou yon gwo wòch moulen, li voye l nan lanmè a, epi li di: Se avèk yon fòs konsa, yo pral fese gran vil Babilòn atè. Epi, yo p ap janm jwenn li ankò.
- 22** Ni jwè hap, ni mizisyen, ni jwè flit, ni jwè twonpèt, Yo p ap janm tandè yo nan ou ankò. Yo p ap janm jwenn okenn ouvriye pou fè okenn metye nan ou ankò. Yo p ap janm tandè bri moulen nan ou ankò.
- 23** Limyè lanp p ap janm klere nan ou ankò. Ni vwa lemariye, ni vwa lamariye, Yo p ap janm tandè yo nan ou ankò. Paske, se komèsan w yo ki te gwo potanta sou latè; E, se nan maji w fè, ou twonpe tout nasyon yo.
- 24** Se lakay ou tou, yo jwenn san pwofèt yo ak san sen yo, Ansanm ak san tout moun, yo tiye sou latè.

Revelasyon 19

- 1** Apre bagay sa yo, se tankou se te yon vwa byen fò mwen tandè nan syèl la, yon vwa tankou vwa yon gwo foul ki t ap di: Alelouya! Delivrans, pisans, ak glwa pou Bondye nou an!

- ² Paske, jijman li yo se verite ak jistis yo ye. Paske, li jije gwo pwostitiye la, Sa ki t ap kòwonpi latè avèk imoralite li yo; Epi, Bondye nou an tire revanj sou li, poutèt san sèvitè Bondye yo, men l te fè koule a.
- ³ Yon dezyèm fwa ankò, yo di: Alelouya! Lafimen li fè a ap kontinye monte pou letan e pou letènite!
- ⁴ Epi, vennkat ansyen yo ak kat kreyati vivan yo koube devan Bondye ki chita sou twòn nan, yo adore li, yo di: Amèn! Alelouya!
- ⁵ Epi, yon vwa ki sot nan twòn nan di: Nou tout ki sèvitè Bondye nou an epi ki gen krentif pou li, Kit nou piti, ki nou gran, Se pou nou fè lwanj Bondye nou an!
- ⁶ Epi, mwen tandè yon bagay tankou vwa yon gwo foul, tankou bri gwo dlo, epi tankou bri gwo kout loraj. Yo t ap di: Alelouya! Paske, Senyè Bondye Toupisan an etabli wayòm li a.
- ⁷ Annou kontan! Annou rejwi! Annou ba li glwa! Paske, maryaj Ti Mouton an rive. Epi, fyanse li prepare tèt li pou sa.
- ⁸ Epi, yo bay fyanse a dwa abiye ak yon twal len ki klere epi ki pwòp. (Paske, twal len an se zèw jis, sen yo fè.)
- ⁹ Epi, li di mwen: Ekri: «Benediksyon pou moun, yo rele vin nan resepsyon maryaj Ti Mouton an!» Epi, li di mwen: Sa yo se vrè pawòl Bondye, yo ye!
- ¹⁰ Epi, mwen koube nan pye li pou mwen adore li. Men, li di mwen: Pa fè sa! Se sèvitè mwen ye, menm jan avèk ou, menm jan avèk frè ou yo ki genyen temwayaj Jezi a. Se Bondye pou w adore. Paske, temwayaj Jezi a se lespri pwofesi.
- ¹¹ Apre sa, mwen wè syèl la ouvè. Epi, twouve se yon chwal blan ki parèt. Sila ki te monte l la te rele Fidelite ak Verite. Li jije ak jistis. Li fè lagè ak jistis.
- ¹² Men, je li te tankou flanm dife. Te genyen anpil kouwòn sou tèt li. Li te genyen yon non ki ekri. Men, pèsonn pa konnen l, esepite li menm.
- ¹³ Li te abiye ak yon rad ki te tranpe nan san. Non li se Pawòl Bondye a.
- ¹⁴ Lame nan syèl yo t ap suiv li sou chwal blan. Yo te abiye ak twal len byen blan, byen pwòp.
- ¹⁵ Yon epe de bò byen file te lonje soti nan bouch li, dekwa pou li te ka frape nasyon yo. Epi, l ap gouvène yo ak yon baton an fè. Epi, li kraze rezen nan basen pou bay diven ki se raj kòlè Bondye Toupisan an.
- ¹⁶ Li te genyen yon non ki ekri sou rad li ak sou kuis li. Se te: WA TOUT WA! SENYÈ TOUT SENYÈ!

¹⁷ Apre sa, mwen wè yon zanj ki kanpe sou solèy la. Li rele ak yon vwa byen fò. Li di tout zwazo k ap vole nan mitan syèl la: Vini! Rasanble ansanm nan gran resepsyon Bondye a

¹⁸ pou nou manje chè wa yo, chè chèf militè yo, chè vanyan gason yo, chè chwal ansanm ak chè moun ki monte chwal yo, chè tout moun, ni moun lib ni moun ki esklav, ni piti ni gran.

¹⁹ Apre sa, mwen wè bèt la, wa ki sou latè yo, ansanm ak lame yo rasanble pou yo fè lagè avèk sila ki chita sou chwal la epi avèk lame pa l la.

²⁰ Epi, yo arete ni bèt la ni fo pwofèt la. Se li ki te konn fè mirak-siy devan bèt la. E, nan konsa, li te konn twonpe moun ki te resevwa mak Bèt la epi ki te konn adore estatè l la. Yo lage tou de, tou vivan, nan letan dife k ap boule ak souf la.

²¹ Rèl lòt yo menm, epe ki lonje soti nan bouch sila ki monte chwal la, se li ki tiye yo. Epi, tout zwazo yo plen vant yo avèk chè moun sa yo.

Revelasyon 20

¹ Apre sa, mwen wè yon zanj desann sot nan syèl la. Li te genyen kle labim nan avèk yon gwo chenn nan men l.

² Li pran dragon an, sèpan ansyen an. Se li ki djab la epi ki Satan an. Zanj lan anchennen l pou mil an.

³ Li lage l nan labim nan, li klete l, epi li poze yon sele sou li, dekwa pou l pa twonpe nasyon yo ankò toutotan mil an yo pa fin akonpli. Men, apre bagay sa yo, fòk li lage pou yon ti tan.

⁴ Apre sa, mwen wè twòn ansanm ak moun ki chita sou yo. Bondye ba yo dwa fè jijman. Epi, mwen wè nanm tout moun, yo te tiye ak kout rach yo, akòz temwayaj Jezi a epi akòz pawòl Bondye a. Mwen wè nanm moun ki pa t adore ni Bèt la ni estatè Bèt la, epi ki pa t resevwa mak la ni sou fwon yo ni nan men yo. Yo reviv ankò, epi yo domine avèk Kris pandan mil an yo.

⁵ Lòt mò yo pa reviv toutotan mil an yo pa fin akonpli. Se sa ki premye rezirèksyon an.

⁶ Moun ki patisipe nan premye rezirèksyon an va beni, yo va sen! Paske, dezyèm lanmò a p ap gen pouvwa sou yo. Okontrè, se sakrifikatè y ap ye pou Bondye epi pou Kris. Epi, y ap domine avèk li pandan mil an yo.

⁷ Men, apre mil an yo, Satan ap lage sot nan prizon l lan.

⁸ Epi, l ap soti al twonpe nasyon ki nan tou le kat kwen latè yo, Gòg ak Magòg. L apral rasanble yo pou lagè a. Kantite y ap ye a ap tankou kantite grenn sab bò lanmè.

⁹ Yo monte sou mezi latè. Yo sèke lame sen yo ansanm ak vil Bondye renmen anpil la. Men, dife desann sot kote Bondye nan syèl, li devore yo.

¹⁰ Epi, Bondye lage djab ki te konn ap twonpe yo a nan letan dife ak souf la. Se la bèt la ak fo pwofèt la ye tou. Y ap nan touman lajounen kon lannuit pou letan e pou letènite.

¹¹ Apre sa, mwen wè yon gran twòn blan ansanm ak sila ki chita sou li a. Syèl la ak tè a pati devan l. Epi, yo pa t jwenn plas pou yo ankò.

¹² Epi, mwen wè mò yo, ni gran ni piti, kanpe devan twòn nan. Epi, plizyè liv ouvè. Epi, yon lòt liv ouvè tou: Se li ki Liv Lavi a. Epi, yo jije mò yo dapre sa ki ekri nan liv yo, dapre zèv yo.

¹³ Lanmè bay tout mò ki te ladan l. Lanmò ak peyi-mò bay tout mò ki te nan yo. Epi, yo jije yo chak dapre zèv yo.

¹⁴ Apre sa, yo lage ni lanmò ni peyi-mò nan letan dife a. Letan dife a, se li ki dezyèm lanmò a.

¹⁵ Si non yon moun pa ekri nan Liv Lavi a, y ap lage l nan letan dife a.

Revelasyon 21

¹ Apre sa, mwen wè yon nouvo syèl ak yon nouvo tè. Paske, premye syèl la ak premye tè a disparèt. E, lanmè a pa t la ankò.

² Epi, mwen wè vil sent lan, nouvo Jerizalèm nan, ap desann sot kote Bondye nan syèl la. Li te prepare tè li tankou yon lamarye ki byen abiye pou mesye marye li.

³ Epi, mwen tande yon vwa byen fò nan syèl la ki di: Gade! Tabènak Bondye a pami lèzòm kounye a. L ap abite pami yo. Y ap vin pèp li. Epi, Bondye, li menm, ap avèk yo.

⁴ L ap siye tout dlo nan je yo. Epi, p ap gen ni lanmò, ni dèy, ni kriye, ni doule ankò. Paske, premye jan bagay yo te ye a ap disparèt.

⁵ Epi, sila ki chita sou twòn nan di: Gade! Mwen fè tout bagay vin nouvo. Epi, li di: Ekri sa, paske pawòl sa yo se fidelite ak verite yo ye!

⁶ Epi, li di mwen: Se fini! Se mwen ki Alfa ak Omega a. Se mwen ki Kòmansman an ak Lafen an. Moun ki swaf, m ap ba yo dlo gratis nan sous dlo lavi a.

⁷ E, moun ki gen laviktwa, y ap eritye bagay sa yo. M ap Bondye yo, epi, yo menm, y ap pitit mwen.

⁸ Men, kanta pou moun lach yo, moun ki pa kwè yo, pechè yo, moun k ap komèt abominasyon yo, asasen yo, moun imoral yo, moun k ap fè maji yo,

moun k ap sèvi zidòl yo, epi tout moun k ap bay manti yo, pòsyon pa yo se nan letan k ap boule dife ak souf la li ye. Se sa ki dezyèm lanmò a.

⁹ Apre sa, youn nan sèt zanj ki te genyen sèt bòl plen ak sèt dènye kalamite yo nan men yo a vini. Li pale avèk mwen, li di: Vini m montre w lamarye a, madanm Ti Mouton an.

¹⁰ Epi, li pote m ann espri al sou yon gwo mòn byen wo. Epi, li montre m vil sent lan, Jerizalèm, ki t ap desann sot kote Bondye nan syèl la.

¹¹ Vil la te genyen glwa Bondye ladan l. Li te klere menm jan ak yon wòch ki gen valè, tankou yon wòch jas ki klere kon kristal.

¹² Li te genyen yon gwo miray byen wo. Epi, li te genyen douz pòtay avèk douz zanj sou yo antou. Te genyen non ki ekri sou pòtay yo, se te non douz tribi desandan Izrayèl yo.

¹³ Fasad Lès la te genyen twa pòtay. Fasad Nò a te genyen twa pòtay. Fasad Sid la te genyen twa pòtay. Epi, fasad Lwès la te genyen twa pòtay.

¹⁴ Miray vil la te genyen douz fondasyon. Epi, douz non apot Ti Mouton yo te ekri sou yo.

¹⁵ Zanj ki t ap pale avèk mwen an te genyen yon mezi nan men l. Se te yon wozo ann ò. Konsa, li t apral mezire vil la ansanm avèk pòtay li yo ak miray li yo.

¹⁶ Vil la te layite sou yon fòm kare. Longè l te egal ak lajè l. Zanj lan mezire vil la avèk wozo a. Mezi a te douz mil (12,000) estad. Ni longè l, ni lajè l, ni wotè l te egal menm bagay.

¹⁷ Epi, li mezire miray la. Li te san karannkat (144) koude, fason moun mezire, epi fason zanj lan mezire tou.

¹⁸ Miray vil la te bati an jas. Vil la, li menm, te ann ò, yon lò pwòp ki sanble ak yon vit byen

¹⁹ Fondasyon miray vil la te dekore ak tout kalite wòch ki gen valè. Premye fondasyon an te an jas. Dezyèm nan te an safi. Twazyèm nan te an kalsedwàn. Katriyèm nan te an emwòd.

²⁰ Senkyèm nan te an sadonis. Sizyèm nan te an sadwàn. Setyèm nan te an krizolit. Uityèm nan te an beril. Nevyèm nan te an topaz. Dizyèm nan te an krizopaz. Onzyèm nan te an yasent. Epi, douzyèm nan te ann ametis.

²¹ Douz pòtay yo menm te douz pèl. Chak pòtay te fèt ak yon sèl grenn pèl. Epi, plas vil la te ann ò, yon lò pwòp tankou yon vit ki klè.

²² Mwen pa t wè okenn tanp nan vil la. Paske, se Senyè Bondye Toupisan an ansanm avèk Ti Mouton an ki te tanp li.

²³ Epi, vil la pa t bezwen ni solèy ni lalin pou klere l. Paske, glwa Bondye te klere l, epi Ti Mouton an te lanp li.

²⁴ Nasyon yo ap mache grasa limyè, li klere a. Wa sou latè ap pote glwa ak onè nasyon yo ladan l.

²⁵ Epi, pòtay li yo p ap janm fèmen lajounen, paske la, p ap gen lannuit.

²⁶ Epi, y ap pote glwa ak onè nasyon yo ladan l.

²⁷ Ni bagay sal, ni moun k ap fè abominasyon, ni moun k ap bay manti, yo youn p ap janm antre nan vil la. Se sèl moun ki gen non yo ekri nan Liv Lavi Ti Mouton an sèlman k ap antre.

Revelasyon 22

¹ Apre sa, li montre m rivyè dlo lavi a. Li te klè tankou kristal. E, se nan twòn Bondye a ak Ti Mouton an li soti.

² Pyebwa lavi a te nan mitan plas vil la ak ni sou bò isit, ni sou bò lòt bò rivyè a. Li donnen douz rekòt. Chak mwa, li donnen youn nan rekòt li yo. Epi, fèy pyebwa a sèvi pou geri nasyon yo.

³ P ap gen okenn malediksyon ankò. Twòn Bondye a ak Ti Mouton an ap nan vil la. Epi, sèvitè l yo ap sèvi l.

⁴ Y ap wè figi l. Epi, non li ap sou fwon yo.

⁵ P ap gen lannuit ankò. Yo p ap bezwen ni lanp, ni limyè solèy. Paske, Senyè Bondye ap klere yo. Epi, y ap domine pou letan e pou letènite.

⁶ Epi, li di mwen: Pawòl sa yo se fidelite ak verite yo ye. Senyè a, Bondye lespri pwofèt yo, se li ki voye zanj li montre sèvitè li yo bagay ki dwe rive talè konsa yo.

⁷ Gade! M ap vini talè konsa! Benediksyon pou moun ki kenbe pawòl pwofesi ki nan liv sa a!

⁸ Se mwen menm, Jan, ki te tande bagay sa yo epi ki te wè yo. Lè mwen tande yo, lè mwen wè yo, mwen koube nan pye zanj ki t ap montre m bagay sa yo pou mwen adore li.

⁹ Men, li di mwen: «Pa fè sa! Se sèvitè mwen ye menm jan avèk ou; menm jan avèk frè ou yo, pwofèt yo; epi, menm jan avèk moun ki kenbe pawòl ki nan liv sa a. Se Bondye pou w adore!»

- 10** Epi, li di mwen: Pa poze sele sou pawòl pwofesi ki nan liv sa a, paske tan an pre rive.
- 11** Moun ki pa jis, yo te mèt pa jis toujou. Moun ki kòwonpi, kite yo ret kòwonpi. Moun ki jis, kite yo fè sa ki jis toujou. Moun ki sen, se pou yo kontinye sen.
- 12** Gade! M ap vini talè konsa avèk rekonpans mwen nan men mwen pou mwen bay chak moun dapre zèv yo.
- 13** Se mwen ki Alfa ak Omega a. Se mwen ki Premye ak Dènye a. Se mwen ki Kòmansman ak Lafen an.
- 14** Benediksyon pou moun ki fè sa kòmmanman li yo mande. Konsa, y a gen dwa nan pyebwa lavi a, epi y a kapab pase nan pòtay yo pou yo antre nan vil la.
- 15** Tout chen, tout moun k ap fè maji, tout moun imoral, tout asasen, tout moun k ap sèvi zidòl, tout moun ki renmen manti epi k ap bay manti, se deyò ki pou yo.
- 16** Mwen menm Jezi, mwen te voye zanj mwen pou li temwaye bagay sa yo ba ou pou legliz yo. Se mwen ki rasin ak ras David la. Mwen se etwal di maten ki klere a.
- 17** Lespri a ak lamarye a di: Vini non! Moun ki tande yo, se pou yo di: Vini non! Moun ki swaf, se pou yo vini. Moun ki vle, yo te mèt pran dlo lavi a gratis.
- 18** M ap temwaye sa bay tout moun k ap koute pawòl pwofesi ki nan liv sa a: Si yon moun ajoute sou yo, Bondye ap pran kalamite ki ekri nan liv sa a pou l ajoute sou yo pou li.
- 19** Si yon moun retire nan pawòl ki nan liv pwofesi sa a, Bondye ap retire nan pòsyon pa l la nan pyebwa lavi a ak nan vil sent lan ki ekri nan liv sa a.
- 20** Sila a ki temwaye bagay sa yo di: Wi, m ap vini talè konsa. Amèn! Wi, Senyè Jezi, vini non!
- 21** Gras Senyè Jezi Kris avèk tout sen yo. Amèn!

Esclarecimento

Trata-se de iniciativa particular, com os seguintes objetivos: (i) colaborar para divulgação dos diversos textos bíblicos disponíveis, e, (ii) facilitar o acesso a esses textos, inclusive por meio de download.

Todo esforço em tornar a Palavra de Deus acessível a todos, em quaisquer localidades e falantes das mais diversas línguas, precisa ser um objetivo de todos os que são guiados pelo Espírito Santo. Ele inspirou o profeta Jeremias a dizer “não ensinará jamais cada um ao seu próximo, nem cada um ao seu irmão, dizendo: Conhece ao SENHOR, porque todos me conhecerão, desde o menor até ao maior deles, diz o SENHOR” (Jer. 31:34).

Jesus, também, falou assim: “e será pregado este evangelho do reino por todo o mundo, para testemunho a todas as nações” (Mat. 24:14).

Muitas organizações foram constituídas com o propósito de fazer a Bíblia disponível nas diversas línguas. Não é uma tarefa simples. Anos de trabalho, dedicação e entrega são necessários para esta tão extraordinária missão.

O texto deste trabalho está disponível na internet, em páginas eletrônicas de organizações que produzem ou divulgam bíblias, sem acréscimos de notas ou comentários. Assim, reconhecendo e respeitando os direitos que possuem sobre seus trabalhos, incumbe a todos os que amam a Palavra de Deus, o esforço em contribuir para amplificar sua divulgação.

Se possível, faça download do texto, para que sejamos, também, guardiões da Bíblia, e, com isso, preservando-a para as futuras gerações.

Divulga a Palavra de Deus, ela mostra o Caminho e permite a todos, que se conheça Sua vontade, em todos os lugares e épocas.

Marcel da Glória Pereira
2021, Vitória/ES - Brasil